Шаўдырбай Сейтов

# ШЫРАШЫЛАР





*Шаўдырбай Сейтов*

# ШЫРАШЫЛАР

Роман, повесть.

Шырашылар

# ӨМИРДИҢ БИР АҚШАМЫ ХАҚҚЫНДА

РОМАН

*Бийшара ғана Бийбисарам-аў!..*

*Енди пайдасы не, усы романымды сениң естелигиңе ядыгарлық етип қалдырсам да, қалдырмасам да саған бәри бир емес пе?! Жақ, жақ, буны мен перзентлериңниң кеўли ушын емес, бир күнше болмай зымырап өтип кеткен он сегиз жыллық ырыл-тырыл өмиримиздиң ҳүрметине де емес, тирилердиң тирилерге тирилигинде оғыры итибарлы, меҳрибан болыўының оғада зәрүрлигин тағы бир мәртебе зинҳарлаў ушын айтып отырман. Бул, бәлким, жыллы сөз тирилерге тирилигинде ғана емес, өлгеннен соң-ҳәм керек екенлигин кешлеў болса да терең түсингенимнен шығар, буны маған Дәмегүл уқтырды.*

Автор.

*«...— Инсанның өмири жасаған жасы, өткерген күнлери менен есапланбайды, балам. Бир күнге арзымайтуғын жүз жас, жүз жылға татыйтуғын бир күнлик өмир бар. Мен буны өз көзим менен көрдим. Бизиң аўылда Есжан ата деген әри бағман, әри дийхан бир шырашы ғарры болды, басында тап елеге шекем шыра жанады. Әжелге сабыр берсе, мен соны саған айтып берейин...»*

(Анам Айсулуў Бағдияр қызының өзим менен ақырғы тиллесиўинен.)

*«...1973-жыл, 17-май. Анамның қайтыс болғанына бир жыл толыўына байланыслы қоңысы-қобалар, қурбы-қурдаслары, ағайин-туўысқанлар жыйналып еске түсирдик. «Бақаншақлыдан Аллаяр ағаң келди. Көпти көрген, жүдә гүрриңшил адам, сөйлете бер, сөйлете бер, оның өмири жазылмаған бир китап, сөнбейтуғын бир шырақ, қасына бар да гәпин тыңлап қал,» деди әкем. Аман-есенлик сорасқан соң-ақ: «Айсулуў кишем нақылсыз сөйлемейтуғын, турған бир шежире ҳәм тақыўа адам еди, не нәсийҳат айтып кетти?» деди Аллаяр аға. Мен анамның аяқлай алмай изи аўызында кеткен сөзине өкиниш билдирдим. «Тил көмилген менен сөз көмилмейди, даўамлаў керек, айтылмай сөз қалмасын...» деди де анамның үзилген жеринен сөзин жалғастырып кете берди ағай...»*

(Автордың күнделигинен.)

## 1

Тақырлық тамамланып, алдығы еки атлы менен бир ешекли майда тал аралас жыңғыллыққа сиңе бергенде олардан көз жазып қалыўдан қорққан Ғарлы бедеўининң жылаўын сәл селки жиберди. Бурыннан соңға алдында қараның жүргенин, изинен дүбирдиң жеткенин жақтырмайтуғын жүйрик ат, үйирлеслерине жылдамырақ жетип алып, жеккеликтен қутылғысы келди ме, қадемин жийилетип, шулғынып таслап еди, ийеси жылаўын тағы тартыңқырады.

Ғарлының қарама-қара аңлып киятырғанын түўў апаў қара сүлдерлери көринер-көринбес болып баратырған Аман менен Ораз сезип қойса Ғарлыға емес, екеўи бирден сәрдарға өкпелеўи мүмкин. Ҳөктем сәрдар өззиниң майда-шүйде өкпе-гийнесине итибар да бермес-аў, сонда да жақсы емес. Соның ушын Ғарлы аттың басын тағы да тартыңқырады.

Алдынғылар және аланлыққа шықты, және путалыққа араласты. Дәрья қайырында бундай алмасыў көп болып турады.

Оң таманда сиресип қатқан Әмиўдиң айдынлы музы, үстиндеги қары еримегенликтен түсликке таялған мынаў айдың ақ қағаздай аппақ нурларына да жалтырап атқан жоқ. Сен тығылғанда гедир-будыр болыўы менен тас болып қалған, музлары ҳақыйқат сендей соқлығысып, пәраўан ағатуғын бәҳәрин күтер едидағы, лийкин, бәҳәрге еле ертелеў, самал болмаса да Әмиўдиң музы еки жағалаўына еле салқынын салып тур. Шымыры аяз ашытқан бетин Ғарлы селкилдек қара шөгирмениң астынан шалған орамалы менен шымқаңқырады. Қараса, алдындағылар жер жутқандай бирден жоқ болып кеттидағы, буны ҳаўлықтырды.

Соның арасынша болған жоқ, алақлаған көзи ырашқа өрмелеп баратырған ешеклиге түсти.

Ешекли ғаррыны ортаға алған Аман менен Ораз ыраш басында ҳәўкиййсип узақ жүрди. Ыраш ығы менен дәрьялық таманнан аңлып киятырған Ғарлыға үш қара сүлдер ай нурынан сондай тасырайысып көринер еди, «үшеўин-әм мулт жиберместен ушырыўға бир қолай, бир қолай!.. Сөйтип, басымның аўған жағына кетсем бе екен?!.» деген бир жинли хыял келдидағы, тағы өзин басты. Кеткенде қайда бара жақ, қолында қызыллардың қаны бар, усланса — атады. Сәрдарлардың қолына түссе де, сатқынлықта айыплап, қашқаны ушын бәри бир, «ийттен шығарып салады»... «Бул дүнья мен ушын алақаннан да тар, қурып қалған дүнья!.. — Сарсылды жигит. — Маған енди тыпыш жасаў жоқ, бийтәреп жасаў жо-оқ! Әширдиң өлими күтеди мени, Әширди-иңң!.. Сәрдардың ўәдеси қәне, үйлендиргени қәне! Мынаў ғаррының қызын ҳәм мен түўе өзинен де қызғанып, Ағажан ийшаға инам етпекши!.. Бизге яр қушуў жо-оқ, Әширдей геллемиз бир жаққа, өзимиз бир жаққа жумалап, гөр қушыў, жер қушыў ба-ар!..»

Анаўларының ыраштан төмен түсип ғайып болыўы Ғарлының ойын жуўмақлатпады. Изинше ырашқа өрмелейин десе, бәленттеги диңгектей зеңирейген атлыны анаўлар көрип қоя жақ, өрмелмейин десе, қақаман қыстың кешки аязына қунысып, бағанадан берги аңлығаны бир пул — адасып қала жақ! Оннан соңғы сәрдардан көретуғын хорлығы өз алдына! Не қылса екен?...

Алдағы үшеўдиң издеги аңлыўшыдан түк хабары жоқ. Аман менен Ораз бир адамның баласы болғаны менен бирине бири түк дым усамайтуғын, бирине бири пикир жағынан да қайшы, жүрис-турыс, түр-сипет жағынан да басқа-басқа. Оразы оғыры гөрқаў, бир табақ асты қас қағымда жалап-жуқлап береди, Аманы дуўпияз, бир кеса чайды кәмине келтирип ишип боламан дегенше Ораздың ишин пистиреди, Оразы оғыры қарыўлы ҳәм тапалтас, Аманы ақыл-парасатлы болғаны менен-шылаўжын. Күнлердиң күнинде Аман өзиниң қалесин-қалемесин, нөкер болып кеткенин Ораздың озбырлығынан көреди. Шаржаўдағы шойынжолшылар менен болған бир төбелесте Ораз шаўдырлардың бир жигитин өлтирип, обаға қашып келип еди, қанның ийеси мылтығын оқлап келгенинде Ораз, абыра-ай, Жыланлы жақта жүр едидағы, орынына ағасы Аманды тутты. «Иниң тутылғанша Шаржаўда домзақта боласаң» деди. Абайлап қараса, булар кек қайтарыўшылар емес, ҳүкүўмет адамлары екен. Өзи маңлайларына жулдыз таққан, жылтыр қара хром бешбент кийип, омыраўларын қайыслар менен аршынлап, қамарлары беллерин қынаған алты атарлы ски ғана жигит еди. Ташаўыздан өте берген жерде бир топар атлы шығып, екеўин де туўрап-туўрап таслады. Қолын шешип қутқарғанлар Аманды обасына қайтармады. «Қайтқың келсе қайт, — деди усы күнги сәрдары Байрамәли сыңар көзин мысқыллы түрде сығырайтып. — Мойнында еки қызыл шәйтанның қаны бар, оларды қайерге, кимге, не ушын жумсағанын жумсаған адамлары жақсы биледи...» Әне, ол усы сөз бенен қалды да барды.

Әўелги күнлери балық көз болып қалған жүўериси, қорасында дорбасы алынбай қалған ешегин қайғырып жүрди. Сөйтип жүргенде бир топар қызыллар менен дусласып қалып, өлместиң илажын етип атысты, адам өлди! Бул адам өлтиргенине ҳаўлықты! Адам түўе таўық сойыўға қорқатуғын адам, адам өлтирди-әәй!.. Ең жаманы буның атқан адамы шийшеге қусаған бир нәрсени буларға зыңғытайын деп атырған қорқынышлы ҳалында буның көз алдында қалып қойды. Соннан ҳүрейленип жүрген күнлеринде бир аўыл топалып, өзи от берген үйден бесиктеги бир баланың шырқырап жылағаны еситилип атты! Үйленгенине бес жыл болса да еле перзент көрмеген бул ғана байғустың қулағынан сол шырқыраған сес кетсе қәне, түнлерде қулағына пахта тығып кеп көрди, бәри бир, от ишинде қуйқаны түршиктире шырқыраған нәрестениң даўысы!.. Соң-соң бундайлар көбейе келе, бәри бир, адам өлтирип атыр ма, жыңғыл шаўып атыр ма, бийпарық болып қалды. Сонда да күнлердиң күнинде ойланады, өзи үйде болғанында Бухара әмириниң ғайры елге қашып баратырған бес нөкери бирден ҳаялына басқыншылық етпеген, басқыншылық етпегенинде ҳаялы да қыйсық тораңғылға асылып өлмеген болар ма еди, әлле қайтер еди! Гүлдей жайнап киятырған хожалығы қапелимде өткен

кеткен қопаллардың аяғының астында женшилди де қалды!.. «Усының бәрине әўел-ҳа қудай, қала берди мынаў Ораз себепши! Бунын Шаржаўда да жумысы жоқ еди, жүрген жери даў, жәнжел, бул шатақ қыдырып барғанында таўығын соймағаны ушын Марыдағы дайысының бес ешкисин бирден баўызлап, қашып барған екен-дә! Қаштың, қаштың, үйге кел, бес ешкиси төлепер еди, төленбесе бир ашыўы дайысынан соралар еди! Жуўабынан қорқсаң, жинаяттыислеме-дә, иследиң, иследиң, жуўабын ойланып исле! Жаўыннан қашып, тамшыға жолығып жүргени мынаў, өзи менен турмай...»

Хожалығының қалай жент болып, ҳаялының асылып өлген хабарын да усы таўып келди. «Бүгин өлемен бе, ертең өлемен бе, кимниң оғынан қалай өлетуғыным намәлим» деп, күнде шыбын жанын жойтып қоятуғын аманаттай көрип жүрген Аманға бул гәплер әдебинде онша тәсир ете қойған жоқ еди, өткиншилердиң ҳаялын әўереслеген намысынын қумалақ-қумалақ ызасы соң-соң батайын деди. «Пайдасы не, жаў кеткен соң қылышынды тасқа шап, ким хорлағанын билмеген соң енди бәри бийпайда!» дедидағы, қолын бир силкти. Басып алған аўылынан ким қалегенин сүйреп баратырған мынаў ғулғулалы күнлери тағы үйлене қойыўы оған дәслебинде қыйын емес қусаған еди, келе-келе бул үмити де пушқа айнала жақ! Бул бүлинген еллердиң де «кеңес» деген ийеси табылып, аўыл-аймақларды қатты қорғағады, ҳаял таппақ түўе тамақ асыраў мүшкил болып баратыр. Бул ойлағандай узын бойлы, кең қушақлы қарақалпақ дилбарын табыў аңсат болғанда, аты аржақ-бержақтың бабакөкленине туў саналған Ағажандай ийшанға мынаў мужик гаррының қызын минәсип саўға көрип, Байрамәли сәрдар еки бирдей нөкерин жолламас еди-дә!.. Аман усы ҳаққында бас қатырып, өзиниң келешегинен өзи әри түңилип, әри қорқып киятыр еди, ешекке сарт еткен Ораздын қамшысының сести дыққатын аўдарып жиберди. Ғарры артына оқырайып қарады да: «Гөрине асығасаң ба, барасаң-ғо!..» деди, тамам. Аманның:

— Ораз тоңып киятыр, — деген сести инисин ақлаўдай көрингени менен, ғарры буны жөнлеп еситпеди де, не дегенин итибарға да алған жоқ. Ол өз ойы менен өзи бәнт еди, Есжан ғаррының бурыннан соңға әдети: қатты ойға берилип кеткенде арбасы қайсы жолға түсип, қайығын қайсы ағыс алып баратырғанын абайламайтуғын еди. Сол сапары да тап усындай болды.

Ымырт түсип баратырғанда бул шыра жағыў ушын дәскелерин алып, қайығына минип атырғанында я жергиликли халыққа, я орысқа усамайтуғын бир жаралы адам келип, арғы жағаға өткерип таслаўды жалынып өтинди. Ғарры буның қызыллардан екенин кийиминен абайлады.

— Мениң бир балам бар еди, Досжан деген... — деди де ғарры гәпиниң қуйрығын жутып қойды. «Набада қызыл болмай шықса, балама зияны тийер», деп қорқты. Оның үстине «қызыл болып кетти» деген хабарын Аллаярдың әкеси Бағдияр палўаннан еситкени болмаса, баласын еле өз көзи менен көрген жоқ. Қала берди, әкесиниң «аққа да қосылма, көкке де қосылма. Өзиң тиймесең сениң менен ҳеш кимниң иси жоқ» деп, сонша зинҳарлаған пәндиў-нәсиятын тыңламай «қызыл болғанда да қып-қызыл болды» деген гәпке, кесгеллем исенгиси келмеди. Себеби, Досжаны әкесиниң гәпин ҳеш қашан да еки етип көрген емес еди-дә!..

— Досжан болғанда сени тасалап турар едидағы, — деп, ғарры гәпиниң бағдарын бурып жиберди. — Ол қалаға кетти, — деди өтирик айтып.

Өзиниң бул жигитти арғы жағаға шығарып келиўге ўақтының жоқ екенлигин, қараңғы түсе берсе дәрьяның ортасына жүзип барып, қараңғыда шыра жағыў қыйын екенин, азмаз тасаланып турса, шыраларын жағып болып, түнлетип-ақ арғы жағаға өткерип таслайтуғынын айтпақшы еди; бирақ, жалынып өтиниўин өтинсе де ғаррының урықсатын, жағдай айтыўын күтпестен-ақ жигит тасыр-тусыр қайыққа жармастыдағы, дизерлигинен суў кешип қайықты ортаға омыраўлап жиберди. Оның бул өктемлигине ғаррының шартта ашыўы келип, жигиттиң жақлаўға артып атырған өңмениинен түйгишлеп жибермекши еди, қапелимде басына: «Мениң Досжанымдай биреўдиң ата-анасына реҳими келмей қашып кеткен өжети шығар-аў, ақлар көрсе де, көклер көрсе де өлтиреди-ғо буны!..» деген ой жылт ете қалды ҳәм усы жылт еткен ой ғаррының кеўилине реҳим сәўлесин шашып жибердидағы жигиттиң саў қолының қолтығынан көтерип, ишке тартты...

Ҳәзир Есжан ғаррының көзине сол жигит елеслеп киятыр: қуп-қуў болып, өли шырай енип кеткен жүзи, жулдызлы сопбашынан бир жағына буйраланып, бийтәртип шығып турған әреби шашы... Ғаррының бәринен де бетер есинде қалғаны — жигиттиң шеп қолтығына суға бергенинде қолына шылпықласып жабысқан қан!..

Ғарры атайы мерген ҳәм аўшы еди, өмириниң ишинде қасқырдан қоянға шекемги аңларды ата-ата, түлки, порсық қусағанлардың гә териси, гә майы ушын терисинен сылырда, я қонақ-қопсы, той-мерекелерге мал шалып, терисин жалаңашлағанларында оның усы қоллары талай-талай қанға батқан. Лийкин, булардың ҳеш қайсысы ғаррыға түк тәсир етпес едидағы, ал мынаў қан — адамның қаны оның етин түршиктирип жиберди!..

Жигит жандалбасы, зорға жеткен болса итимал, қайыққа миниўден еки ийни барып-келип, мазасы қашып сала берди. Көзлери өлип баратырган қойдың көзиндей мөлерип, уйқысырап баратырған адамды еслетер еди.

Ғарры не қыларын билмей албырайын деди, бирақ, бунық кимнен болса да қашып киятырған адам екенлиги санасына жеткени менен тезлеў қырғақтан қашықласыўы кереклиги санасына жетпеди. Оның барлық ойы қолына желимтиклене шәппиклесип, қуйқасын жуўлатып атырған мына қаннан қутылыў менен аўара еди, жуўып алыў ушын жақлаўға еңкейип, қолын суўға малый бергени де сол, қанаты сынған лашындай ултанда бийҳал, жантайып жатырган жигит саў қолы менен шапанының шалғайын жулқылады ҳәм бирден сергеленип:

— Ай-да-а бабай! — деди ҳәлсиз болса да нық, әри ҳөктем даўыс пенен. — «Кемеге мингенниң жапы би-ир!..»

Ғарры өзи көп айта беретуғын бул нақылдың мәнисин тез уқты. Ҳәзир қуўғыншылар гүўў ете қалса жигитти сирә қутқармайды, «қызылды алып қашып баратыр едиң» десе, ғаррының да ақланғандай дәлили жоқ. Бирден таяўға жармаса берип: «Хаўўа-ҳаўўа, — деди ғарры өзин мақуллап: —Сол доңызлар дәлил сорап ҳәлек! Атады да таслайды!..»

Ол қайықтың қуйрық жағынан бар пәрманы менен өңменлеп-өңменлеп таяўын асығыслық пенен сойқады. Таяўды ҳәр көтерген сайын таяў бойлап жоқарыдан сорғалаған суў қанлы алақанның ақ таяўдағы алабажақ излерин шайып кетип турды. «Суў деген жарқылықтың кетирмес дағы бар ма, қол шайып ҳәлек!..» деген ой кешти ғаррыдан...

Есжан ғарры усы киятырғанда сол кешти ойлап киятыр, негедур, ҳәр мәўритин, ҳәр сүўретин имкәниятынша толайым көз алдына келтиргиси келе береди. Ҳаўўадағы, ўақыт та бир тынымсыз ағып турған суўдай, ўақыттың суўдан парқы — ўақыт жақсы-жаман ҳәдийселердиң жүрекке салып кеткен дағын, ядқа сызып кеткен сүўрет-сүлдерлерин шайып кететуғын қусаған. Ғарры мың еслейин десе де Әмиўдиң сирескен сеңи жол тартқаннан соңғы қарлығашлар көплеп келип атырған бәҳәр әйямының сол бир ғул-ғулалы күниниң сүўретин толық елеслете алмай аўара. Күн дегендей күн де жоқ еди, ғарры сонда «Қуяштың буншелли қаңқызыл из қалдырып батыўын қара! Аманы жоқ, ҳәр күни усылай қанға шомылып шығып, қанға шомылып батады!... Ҳәр күни қанша қыршын жан қыйылып атыр, солардың көпирип атырған бийгуна қапларының сағымы бул! Усыншелли бирине бири өшигип, усы адамлар несин алыса алмай атыр екен, ҳе-е, пәрўәрдигар, гүнакар бенделериңди өзиң инсапқа шақыра гөр!..» деп, дуўа қылған еди.

Қайық қырғақтан ҳәдеўир узақласа бергенде онон бес атлы ҳәзир гана өзи кеткен жерге саў етип қуйылды.

— Сен, бала, буғып жат! — деп буйырды ғарры. — Биреўлери аттан түсип, жерди тимискеленип, из кесип атыр, изинде қан қалған болса, онда мен қурымдым! Дәрьядан өткен соң өз байдалыңа сен кетерсен-аў, мен қай гөрге қашаман, үйге қайтаман ғой!.. Анаңқара, анаў биреўи қыйғырып, қурашын былғап атыр! — Жигит, тап усындай болатуғынын билип, қарамаса да көрип атырғандай, бас көтерип қараўға қызықпады.

Әлле қашшан ескекке отырған ғарры қырдағы даўысқа жуўап иретинде орнынан ғаррыларға тән жайпарахатлық пенен турдыдағы қолындағы от жағылмаған папысты былғады ҳәм: «Мен дарға емеспе-ен, шырақшыма-ан, шырақларым!» деп қарлықпа даўыс пенен даўыслады...

Ғарры усыллардың ҳәммесин еслегиси келер еди,

онын өзин айдап киятырған издеги бирсүдиң:

— Аман, ҳа Аман, — деген даўысы бузып жиберди. — Маған мына жерлер таныс-ғо!.. Бир, шырашы ғарры бар еди...

— Билəна-ақ,- Ораз, умыттым...

— Ҳəзир есиңе саламан! Сонда мен айдындағы шырашыны шөгирмемди былғап шақырдым-ғо! Қанның изин көрсеттим-го саған?! Сен сонда: «оқ аяқтан тийген, қашқынның шеп табаны басқан изде қан бар, оң жақтағы изде жоқ», деп един-ғо?!.

— Билəн-ақ, Ораз, билəна-ақ!..

— Ҳə-ə, билмей өлə-ə! — деп ашыўланды Ораз ағасына.

Ғарры, өзи жөнлеп сөйлей алмайтуғын бул түркменше гəплерге түсинди. Сондағы қуўғыншылардың түрин енди бир анықлап көрип алғысы келип, артына бурыла жақ еди, тағы гүман туўғызыўдан қорқып, қарамады. Ораз еле өршеленип киятыр:

— «Қызыл камандир қайықта кетти» десем, исенбединлер? Ғаррының силтеген жағына ҳайт қойдыңызлар, самсамлар!..

— Қой, Ораз, геллени аўыртпа! Ҳа, ғарры, оба яқынмы!..

— Гөриңе асығасаң ба, барасаң-ғо!..

Аманның қамшысы ашыў менен ешектиң шоңдысын сабалады. Ешек қуйрығын қысып зиңкилдеген сайын ғаррының тепкиден саўсап қалған сүйеклери сырқырап, шашылып кетежақтай туйылды. Жаны қыйналған сайын: «...сол жигит ўəлий екен, айтқаны кел ди де турды...» деди ишинен.

Таң атқалы жорта-жорттан болдырған маңғал ешек, қамшының зəҳəринен анаўдайға шекем соқалап бардыдағы, соң: «өлтирсең де болғаным» дегенди адымба-адым жүриске өтиўи менен аңлатты.

Ешектиң бурынғы жүрисине қайтып түсе бергениндей ғаррының да ойы сол күнге орала берди. «Ораз тəнирдиң өлимин жепти! — деди ол ишинен. — Жигит шеп аяқтан емес, шеп ыйықтан жараланған еди...»

Силтеген жағына патырақласып шаўып, атлылар кеткен соң ғарры асықпады. «Дəрьяның дəл ортасыаў» деп шамаладыдағы, ескекти қоя берип, жигитке жәрдемге асықты.

Жигит те питегене сергекленип, омыраўын тиклеп



отырған еди. Биринши гезекте, ғаррыдан дəрьядан бир шəңгил суў әпериўди өтинди. «Менде шалап бар, — деди ғарры, — тамағыма жабысады демесең, аш өзегинди де жалғайды». Жигит «əкеле бер» дегенди саўсақларын былғап аңлатты. Ғарры қайықтың бас ушына шығып кеттидағы тасырлатып бир нəрсени алды. Бул айран қабақ пенен шети кетилген зерен еди. «Бай-бай, кемпири түспегир, шалап десем, айран қуйыпты-аў! Бул да шеп емес,» деп усынды жигитке. Жигит, өсип кеткен сақалларына сорғалағанына қарамастан ашкөзленип симирди, соң тағы, тағы...

— Қансырап қалған қусайман...

— Қансыраса шөллеймекен?! — деп таңланды ғарры. — Усы жасыма келип, соны билмеймен-аў! Қанынды тыйыў керек...

Ымырт еле түсе қойған жоқ еди. Ғарры жалма-жан жигиттиң омыраўының илгеклерин ағытып, қан шығып турған шеп ыйығын бийҳазар ғана жалаңашлап атыр еди, жигит «химм, — деп, бир ынырсындыдағы, — қойып тур, бабай!» деди ҳəм саў оң қолы менен етегин басына түрдидағы көйлекти бирден үстинен жулып таслады. Шеп ыйықтың қарына таманлаў тилдей салбырап турған гөшти, қалай болса солай жосып ағып баратырған қанды көрген ғарры: «бир, ийт жанлы жигит екен, буған қалай шыдап отыр!» деп таңланды ҳəм басындағы жылт өткен ойды əмелге асырғанша асықты. Қайықтың бас жағындағы шыра май қабақ, паныслар тығылған, үсти отырғышлы қуўысты тағы тасырлатты. Қуўанғаны соншелли, «таптым, таптым бала!» деп даўыслап жиберди. Жигит ғаррының қолындағыны ешектиң паланы шығар деп еди, жақ, ешейин бир гөне малақай екен. Ғарры жигитке аяғын жыйнаңқырап отырыўды буйырды ҳəм малақайды ортаға таслады да қабақтан уртламдай май қуйып, үстине отты берип жиберди. Өзине өзи ыразы кейипте: «Дəрьяның ортасында өртенип өлсек, ол да қудайдан шығар!» деди. Малақайдың гөне терисиндеги қуйқа менен тысындағы шүберек жəп-жаман көңирсиген ийис шығарып жанып атты.

— Сени үйге апарғанда, кемпирдиң питегене тəўипшилиги бар еди-аў, қорқаман! Жаңағылар таўып алса, тамаша ушын-ақ қылыштан өткереди, тентеклер!

— Тек мени еме-ес, — деди жигит ызғарлылаў

мыйық тартып. — Сизди де қылыштан өткереди!

— Менде әкесиниң ҳаққы жоқ! — деп-нықлады мына гәп аўыр тийген ғарры. — Не деп қылышлайды, я мен ҳеш кимге тиймесем, я қызыл, я ақ, я көк болмасам!

— Ақ деген қашшан кетти, көк деген вопщем жоқ!

— Жоқ болса жоқ шығар, мениң өзим, усы басбашыларды «көк» деймен. «Басбашы» деген, бул бир турпайы сөз. Қалаберди, буларды «басбашы» деў дурыс емес. Себеби, мусылман мусылманға басбашылық етсе шәриятқа шар келтирген болады, буларды «басбашы» деген-ҳәм гүнаға бата ма деп қорқаман. Булардың Ағажан ийшаны журт түнеп атырган әўлийе, сол садаған кетейин де булар анық басбашы болғанында жылаўдар болмас еди. Соның ушын «басбашы» деп, гүнаға батыў дәркар емес, балам, «көк» десең, ҳеш гәп, ҳаслың мусылман... дейин десем тилиңде мүкилик барлаў, «бабай» дейсең. Орысқа, я бабай орыстың баласына түк усамайсаң. Әй, бир өзбек пенен ноғайлан қосымтаң бар-аў...

— Мен мәдиярман...

— Мәдияр болсаң, мусылмансаң-ғо онда!

— Мусылман емеспен, венгермен...

— «Әлҳамдилулла»...» де, ашыў менен айта берме, балам! Мен таныған «Мәдияр» атлының бәри мусылман! Ҳа, бизиң дайымның да аты Мәдияр! Анаў анналарға жийен болатуғын Исимет дәўдиң әкесиниң аты да Мәдияр! Дәўлетмураттың шайырсымақ баласы да Мәдияр! Мәдияр атлының басқа диндегисин көргеним жоқ, сен-мусылмансаң...

— Жақ, мусылман емеспен...

— Енди кимсең?!

— Құмингер деген большевикпен...

— Ҳиммм, әбден келискен екенбиз, тағы кимсең?!

— Қызыл әскерлердиң командиримен, тағы саўал бар ма?!

— Сонда сен кәпирмисең?

— Кәпир де емеспен!

Ғарры бул жуўапқа қуўанды, егер «кәпирмен» десе де ашыў менен қайықты туппа-туўра жағаға бурғандай түри жоқ еди. Негедур, усыннан «мусылманман» деген сөзди еситкиси келди де турды. Үлкен үмит пенен:



— Ҳаў шырағым, — деди сыбырланып. — Кәпир болмасаң, мусылмансаң-ғо онда!

— Айттым-ғо баба, мусылман емеспен, кәпир емеспен, тамам! — деди шарта ашыўланып Құмингер. — Мен большевикпен, коммунистпен, адамман, тамам! Қалемесең, қырға шығар да басбашыларыңа бер...

— Сол, сол, — деп тутлықты ғарры. — Мениң басбашыларым ба?! Айттым-ғо саған, ағыңды да, көгиңди де, қызылыңды да танымайман деп!..

— Танымасаң, өмирдиң өзи танытады еле! Сени бир жақлы етпей қоймайды! Өмирдеги сен де бир қайық, баба, так что, билип қой, сени я оң жағаға, я сол жағаға, я теңизге бир шығарады!..

— Аман болсақ, көрермиз еле, — деди ғарры жеңислик бермей. — Мен ана жағаға да, мына жағаға да шықпайман, теңизге де қуймайман, тап, усы аўылда өлемен, тап... тап, усы аўылда мени биреўдиң шерткенин көрейин, өзиң урынбасаң, бәле жоқ! Тек... тек, балам себепли дәкки жемесем, бала жандырып тур, бала-а! — деп гүрсинди ғарры. Жигитке: «баласы басбашы» деген ой келди де руўҳы түсип кеткен ғаррыға:

— Не ушын балаңыз жандырады?! — деди сын нәзери менен қарап. Ғарры да гүдиклениңкиреп бақтыдағы:

— Жүўернемек, «қызыл болып кетипти» деп еситкенмен! — деди.

— Жүдә дурыс ислепти!!!

— Гөриңе қуўанасаң ба?! Сен де оңған ниттиң теззеги емессең-аў, әтеген-ай-әттегене-ай! Мендей әкең бар шығар-аў!

— Бар, бар, баба. Мамаша да ба-ар, ҳаял да ба-ар...

— Төрткүлледур?!

— Оннан да алыс.

— Мәскеў—Мәкәриядадур?!

— Оннан да алыс! Бул мәмлекеттиң ишинде емес, гайры елде. — Венгрияда. Ырас айтаман, Кеңес ҳүкиметиниң адамы емеспан!..

Ғарры кетик тисиниң орнын үңирейтип, күлкиси келмесе де кеңкилдеди. Соң бирден езиўин жыйып түрин суўытты ҳәм жигиттиң бетине үңилип турып:

— Ҳа-а-а соры ғана қайнаған балам-аў! — деди әри

аянышлы, әри мысқыллы даўыс пенен уяң ғана нықыртып. — Әкенди таслап, ананды таслап, ўатанынды таслап, басқа бир елдиң жаўлары менен жағаласып жин урып жүр ме сени?!..

— Айттым-ғо, баба-а, — деди Кумингер ғаррының түк түсинбегенине күйинишли кейип пенен. — Мен большевикпен, коммунистпен! Мен тек бир елдиң, бир халықтың мәпин ойлап жүргеним жо-оқ!

— Усейтип жүргенде, ғайры елде, мынаў Әмиўдәрья бойындағы бир қамыслықтың арасында оқ тийип, аўызыңа қумырысқа үймелеп, атаң-анаң дийдар қалған мынаў көзлериңе көк шыбынлар қонып, өлип қалсаң, үҳҳ, ким еслейди-и-и!..

— Пүткил дүнья еслейди-и-и, — деп созды Кумингер ғаррыны ермеклегендей күлип. — Пүткил дүнья еслейди-и-и-и, баба-а...

— Қашан, қай заманларда-а?

— Бизиң мақсетимиз иске асқан заманларда-а...

Кумингер сөзиниң изин даўамламақ түўе, қышқырып жибериўден сәл қалды; тысы, териси жанып, кийизине қарағанда жалынсыз, шоқсыз пысқып атырған, «малақай» деп айтылыўдан да қалған, отқа түскен күйик шөректей жап-жалпақ кийиздиң күйдириўлерине ғаррының ескек, бел, кетпен, балта қабартып, өгиздиң мойынындай шемиршекленип қалған алақаны да төтепки бермей, жигиттиң жарасының үстине басып жиберген еди. Ишинде пытыра қалмаған жағдайда, базда, қалған жағдайда да ўақытша қанды тыйыў ушын жергиликли жигитлер көп қолланатуғын бул әдис Кумингерге өткен урыслардан мәлим болса да мынаў өжет ғаррыны ескертпей, дағы етпей буншелли реҳимсизлик қылады деп түк ойламаған...

Есжан ғарры усы киятырғанда сондағы Кумингердиң көзлериниң қарашықлары бирден кеңейип кеткенлигин өзиниң қалай серлегенлигине ҳәйран, ақыры, ымырт тәўир-ақ түсип, әтирап геўгим тартып қалып едидағы! Әлле қашшан батқан Күн қырмызы «шымылдығы» түўе, шексиз бир кең соқпақ болып, айдынның үстин сайқаллап атырған қызыл-жолақ «паяндозынҳәм» жыйнап кетип еди. Ғарры шымшық көз шыт сәллесинен тақыясын алып басына кийдидағы, сәллени дәл ортасынан уза бойына «паррр» еттирип айырды ҳәм жигиттиң қанша тисленип туўлағанына қарамас-



тан кийиздиң сыртынан тырыстырып таңып таслады да «әне, балам, — деди үлкен бир ис питиргендей өзине қанаҳатланыўшылық пенен, — усыннан бир тамшы қаныңды тамызсам, маған кел! Онда кемпиримниң тәўип болғаны жалған! Мен соннан көргенимди ислеп атырман-аў, болмаса, бизде тәўипшилик не жесин-ә, бирақ... сүйегиң саў екен, оны тәўип болмасам да аңлады-ым.,.»

Жигит ғаррыға миннетдаршылық билдирип еди, «қойсаңә бала! — деди ғарры. — Мәдиярмысаң, Дәниярмысаң, балшоймысаң, маған бәри бир, түбинде адам қусаған адам болсаң болды, түбинде аман бол. Бирақ, шырағым, усы жараң аман-есен жазылғандай болса кемпир-ғаррыңның алдына қайт, пәкизе, келинге қаўыш, жас адамға жесирлик деген аңсат емес, күнде бес ўақ намазынан кейин тилегинди тилеп, ғаррыңның есигине боян таслар болса келин байғус тамбастан түспестен жолыңа қарап жүргендур, айралық-жаман, сағыныш-жаман! Мынаў турған Қыпшаққа базарлап кеткенниң өзинде кемпиримиз елеге шекем жыласып көрисейин десе, журттан уялады-аў! Елден шыққаныңа бес-алты ай болғандур?!

— Алты жы-ыл!

— Бай-ба-ай! — деп таңланып созды ғарры. — Қурып қалған екенсен-ғо онда! Ас-абатыңды да берген шығар, келинди-әм бир жек-жатыңа атастырғандур, отыра ма жас адам!..

— Келин мынандай болып отыр! — Кумингер бас бармағын шошайтып көрсетти, булманның жесир атастырыў дәстүрине қанық венгер, ғаррыны гәпине толық исендириў ушын «хат, сүўретин алып тураман» дегенди де қосып қойды. Ғарры бурынғыдан да бетер ыразы болып: «Келин онда Бийбипатпаның нағыз өзи екен! — Алты жылдан бери кемпир-ғаррыңның таҳрет суўын жылытып берип, жолыңа айдай қарап отырған болса-а,.. — дейди ҳәўес пенен. — Бир, қудайын күткен теберик нашар екен! Мениң Досжаным сендей болып, келин де жумсатып кетпеди-аў! Бағдыяр палўанның ғулғуласына ерди ме, басқа ким болатуғын еди-ә, сол бузды баламды, кетти де барды! Жақсы ғана шырашы болып киятыр еди, онын мергенлигин қайтерсең, меннен ҳәм өткизетуғын еди, жақсы ғана балықшы да болып киятыр еди, дийханшылықтың да көзин билету-

ғын еди... — Ғарры бузық түстен шоршынып оянған адамдай бирден апалақлады: — Бай-баа-ай, я ескек есиў, я қалашын дүзеў жоқ, тарта бериппен-ғо дәрьяның ығызған жағына қарап! — Бара ескекке жабысып, тасыр-тусыр қайықтың қулақларына қыстырып жүрип те сөйленип атыр: — Бай-ба-ай, Мәдияр балам-ай, гәпимди мақулламағаның мақул болған екен! Гәпимди мақуллағаныңда, мен быжық, бул ағыс қайда апаратуғынын да бир ойланып көрместен, та-ап, қайығым тик жарға соқлығысып, пашақ-пашақ болғанша көпирип кете берер едим-аў мен быжы-ық! Бай-бай-бай, енди қайтемен, мынаў қайтуслар еле? — Әтирапларды байқап алды. — Та-ап, жайсаң алты шақырым-ә, алты шақырымдай ықлап ҳәргизине кетиппен-ә!..

Ғарры қанша жантасласса да пәтли ағыс алға жылжытар емес. Азанда болып өткен күшли даўыл түс аўа питегене пәсейейин дегени менен самалы еле еңкинли еди. Өркеш-өркеш толқынларды аўнатып, әкелип, қайықты гә оң таманынан, гә сол таманынан урып, ишке шашырағаны менен турмай, қатты-қатты аўданлатады. «Бул найсап, қайықты аўдарып, ғарқ етпесе болғаны-ғо! Мениң ғой, он еки мүшем саў, саған қыйындағы балам, жүзип шыға алмай қаласа-аң!..» деп қаўетерлене сөйленди ғарры ескектен ентиккен қырылдақ даўысы менен. «Сен, бабай, меннен ғам жеме, — деди Кумингер. — Мен үлкен океанның ең күшли штормынан аман шыққанман!..» Ғарры «шторм» сөзин түсинбесе де онын пәтли бир былағай екенин абайлады. Еки ескекти суўға тең таслап, тең жулқынбаса қайықтың бир таманға қыялайтуғынын, қыялаған қайықты толқын ап-аңсат аўдарыўы мүмкин екенлигин ғарры билсе де сарқыты саўыла келген өмирдиң, өмир ийесиндеги күш-ғайраттың жетиспей атырғанын сезген Кумингер орынынан еплеп турдыдағы қайық қатты бир аўдаңлағанда жығылып кете жазлап барып, қайықтың қуйрығындағы дуўашықтай үш мүйешли отырғыш тахтаға отырды ҳәм рульди үлкен машақат пенен саў қолына алды.

Ымырт тәуир-ақ түскени менен жулдызлары жаңа туўа баслаған аспан сағымынан дәрьядағы пәсли-бәлент, есап-сансыз ҳәм тынымсыз ҳәрекеттеги толқынлар толқын емес, — тап, айдында сан-санақсыз көпеклер аўнап ойнап атырғандай туйылар еди, усы бир сезим,



негедур, ғаррының жылт етип мийине келди. Ол тәбиятты неге болса да усата алса өзинен өзи ләззетленип, шаршағаны шыққандай қуўнақланатуғын еди.

— Мәдияр балаа-м! — деп даўыслады Есжан ғарры. — Қайығымыз көп ийттиң үстинен басып баратыр!..

Бир дәрьядағы, бир қайықтағы еки жолаўшы бирине бири қарама-қарсы қарасып отырса да ғайрытәбийғый ҳалда роль ескеклерди басқарып, қайық бир бағдарға — екеўиниң де дийдилеген бағдарына қарай ҳағлар еди.

Жигит алға қарап, ғарры артқа қарап отыр еди, артқа қарап отырса да, усы отырған ҳалында қайық оны алға қарай сезилерлик дәрежеде гә ойға сырғатып, гә бәлентке өрлетип жылжытар еди, ғаррының соған-ақ ўақты шағ:

— Мусылман болмасаң болма! — деп бақырды көтеринки кейип пенен: — Рөлди бағдарласаң бола-ар! Сени де маған қудай жеткергенду-ур!..

...Тап усы пайытта, усы қақаман суўықта, түн ишинде, еки нөкердиң алдында, басында ықтыяры жоқ ҳалда өз үйине душпанын өзи баслап баратырған пурсатта мәдияр жигитке даўыслаған сол бир сести өзиниң қулағына қайтадан еситилип атырғандай туйылып, бәлент ыраштың басынан, пәстеги пәскелтек путалықлардың үстинен дәрьялық таманға көз жиберди. Қыстың ең соңғы суўықларының қысымында буғаўланып атырған айдын сеңлери сирескен ҳалында жалтырап ҳәм суп-суўық болып көринди. Ғарры енди қай туста қайсы бәкенин сеңниң жығып кеткенин, қай тустағы бәкениниң «алқымынан» сеңниң буўып таслағанына қарамастан қасарысып, бәҳәрин күтип турғанлықларын ядына түсиргиси келди. Тап усы туста биреўи бар, нәўбәҳәр келип, муздың қабырғасы сөтилип, сең жылысыўдан изинше шырасын жағып қайтпаса болмайды, өрден-ыққа гүўкилдеп қатынайтуғын катерлер қайырлап қалатуғыны даўсыз!..

Тап, сол сонда Мәдияр менен келип жаққан шырасы еди. Сонда ғарры өзиниң шырашылығын Мәдиярға үлкен мақтаныш етип сөйледи:

— Сениң хабарың бар ма, жоқ па, билмедим. Төрткүлде көп жыллардан бери «Кәпказ—Мәркурий» деген мәкама болды. Усы тусларға сонда мени шырашы етип

алып еди. Оннан бери көп жыл болды-аў, соннан бери шырашыман! Кеңес келип, ол мәкама жабылып, мәкамадағылар, ғайры елдиң адамларымекен, қашып кетти. Бизиң бир-еки айлықты да төлеместен зымғайып болыпты-ә! Сирә, олардың дағығанынан хабарым жоқ, шырамды жағып жүре бериппен. Бир күни солардың бир параходы усы дөгерекке, ҳоо ана-аў маңға көшки таслап жатты. Шырамайым шамаласып еди, сорап барсам, бир депең орыс: «Мен Шәйдакып дегенмен, командиярман. Сениң ол адамларың байлар еди, қашып кетти» деди. Бир- қыйналдым бала, бир қыйналдым дейсең! Бай болса гөр болсын, бир жақсы болып турып еди: жалҳақым ушын базда тийин-тебен бере қояды, бермесе, бир гелле қант, қант болғанда қандай, енапаттай, тап, он қадақ шыға қояр, бир қадақтай шыйратпа чай береди! Аўыл менен жалшып қаламыз, бизиң аўылда, өзи, жети үй бар еди ғой, жети үйге бираз болады, ол үйлер де мени қуры қоймайды, әлбетте, олар да мениң керек мүтәжимди питкерип турады, алыс-бериске не жетсин, адамның күни адам менен...

— Айына бир гелле қант, бир қадақ чай берсе, көп бермепты-и, — деп сөзин бөлип еди сонда Кумингер. — Бизиң кило есабынан он қадақ қантыңыз төрт килограмм, чайыңыз төрт жүз грамм!..

— Оны биреў бере ме?! — деди Есжан таңлақ даўыс пенен. — Екибастан, шыра жағайын, жақпайын, кешки салқында аў қарайман, еки жумысым бир питеди...

— Сонда да мийнет баҳаланыўы керек, аз ғой онысы!..

— Қәнәҳат қарын тойдырады, бийқәнәҳәт бийенди сойдырады, қәнәҳәтке берекет деген, балам! Жети үйге жетип тур еди...

— Сонда усы кәрада тек жети үй бар ма?! Болғаны ма?

— Сен енди, бала, мениң дәртимди қозғадың-аў! Жети үй аз ба, бир келата ел еди!..

— Не қылды, басбашылар шаўып кетти ме?!

— Онда көшсе, өкпем жо-ғаў! Бул, үйиң жанғырлар, жаў көрмей серпилип көшти-аў!!

— Не ушын!

— «Көктиң көги урады, қызылдың қызылы жуғар, енди оңғылықлы күн болмайды. Былай өткен де түртер,



былай өткен де түртер, берекет болмас» дейди. Ҳаў мен айтаман, «өзиң тиймесең, ҳеш ким тиймейди, тағдийр жазса жаўдан қашып қутыла алмайсыз, отыра берейик» деймен. Жа-ақ, қылмайды. Қурбандурдыға ҳәйранман, өзи яўмыт, ол неден қорқып көшеди, я көк емес, я қызыл емес, я артық-аспай малы жоқ! Енди ойланып қарасам, Қурбандурды қызыллардан қорқып көшкен екен-аў, яўмыт-ғо ақыры!..

— Яўмыттың бәри басбашы емес-дә:..

— Сонда да, балам, жетер-жетпестиң сөзи бар, Қурбанбайдың жыл садақасасында Зайырбай ләўзе менен Назарбай симсик «доғанларың қарыпақты пәтеңге келтирип атыр, елден көш!» деп, «қойың, ҳа қойын» менен зорға бастым. Буннан бир жыл алдын Әўезмурат қанхор менен тирйекке таласаман деп, ақыры атылып өлген Қурбанбайдың қазасын да соннан көрип атты, түўе! Ҳаў, Қурбанбайды атқан адам белгили-ғо, Әўез емей ким, атпаған болса Әўез неге басбашыларға қосылып кетти! Әўезге хот-хотты берип, қолтығына суў бүркип, Қурбанбайға айдап салған да Зайырбай ләўзе менен Назарбай симсик, алебесе, меннен гәп сорасаң! Енди тағы Қурбандурдыдан көреди-әй, енеғарлар! Қурбандурды деген, бир, дым сөйлемейтуғын, қызбайтуғын, қызса бир жағына шығатуғын яўмыт еди, жипежексиз жалаға шыдамай, басбашыларға Әўездей бул да қосылып кете ме деп, жаным қалмады! Аўылдан көшкенде еле қосылған жоқ еди, бирақ, кетеринде хошласыўға келди, бир қапшық дәнимди берип, пәндиўнәсийҳатымды айтты: «ашыў менен бир жаққа қосылып кетпе? Қай тәрепке қосылсаң да гүрес бар, адам өлтириўиң керек. Қолыңды қанға батырып алма, иним, яўмыт та болсаң тәўир бала един», деп қалдым. «Билемен қай жаққа қосылатуғынымды, бала-шағаны ағайинлерге тапсыра жақпан...» деп кетип еди, басбашыларға қосылып кетип, набыт болды ма деп, тап елеге шекем қорқаман-ә? Қай күнде де тек жүрген жақсы, тек жүрген тоқ жүреди...

Жигит сонда не ушын шақалақлап күлип жиберди екен, күлгени менен де турмай, «ўай, бабай-әй!» деп басын шайқады-аў! Мынаў күлкиден мысқылдың ызғарын сезген ғарры: «ең болмаса, сақалымды сыйласаң-о!» демекши еди-дә, ашыўдан тығылып, айта алмай қалды, айтыўы керек екен, айтқанында неге күлгенин

түсиндирер ме еди? Еки нөкердиң алдында ешегин жорттырып киятырған ғаррының ядына сол түсе береди, неге күлди екен?!.. «Ўа-а найсап, — деди бирден жумбақтың жуўабын тапқанына ишинен қуўанып. — Ўәлий екендағы! Тек жүрмей мен кимге урыныппан, кимниң салысын суўға берипен?! Қызылы өтсе де «әй, бәракәлләм!» менен чай-суўым тайың, гүжимимниң астында жазылысып отырып, шылымларын шегиседи, қылышларын қайрайды. Көги өтсе де жем толы дорбам қолында, атларына қыстырып жүргеним, кемпиримниң дуз-наны қолында, «ишиң, жең» деп жүргени! Сондағы жазығым не мениң, тек жүрип тоқ жүргеним қайдаа?... Менде сол ғайры елден келген баланың мийиндей мий болмаған, ғайры елдиң адамы қурлым өз аймағымның адамларының пейли-ықпалын билмегенмен-ә! Ўәлий екен найсап, ўәлий екен!..»

Ғарры өкинип киятыр, өкинген менен пайдасы жоқ, сол бийтәреплиги, биймәлеллиги менен жеделли жигитлик жыллары желип өтип кетти! Елиўден асқанда Есжан ғарры атайы бай болмағаны менен бағман атаның, өзинше журтқа қайыр-сақаўат көрсетип атқан болдыдағы, бирақ, негедур, басқа ғаррылардай жас минген сайын шуртминезленбеди, шатаққа айланбады, кем-кемнен мөҳминленип-мөҳминленип, «ендиги жағында бир қойдың өмириндей өмирим қалғандур, буннан былай да ҳеш кимниң пышығына пыш, таўығына төт демейин», деген сертинде беккем турғанлығы соншелли, тап усы бүгинлери мөҳминнен-әм мөҳминленип, пүткиллей ғәрипсимаққа айналған еди. Усынысына енди өкинип киятыр-аў, өкинген менен пайда жо-оқ «Өмир өтип кетти-ә! Өмир қайтып келер ме еди, урнығып жасар едим, өртенип жасар едим! Бир аяғым гөрде, ендиги жағында мен кимге керекпен? Шырағым, Досжандики күтә ғана мақул екен! Бағдияр палўанның еси бар!..»

— Ғарры-ы! — Есжанның ойын Ораздың өктем даўысы бөлип жиберди. — Жететуғын күн бар ма?!.

— Ҳа-ҳа, аўўа, жетемиз, шырағым, жетемиз...

—Ишлер қалтырап баратыр, иштен жыллы өте ме?!

— Ишиңнен, ҳа-а, аўўа, өткеремиз жыллыны!.. — деди ғарры еки ушлылаў етип ҳәм тепсинип-тепсинип ешегин қыстастырды. Ешек тағы да бираз жеделленди де аздан соң тағы адымын қойыўлатты. Ғарры оны



қайтып қыстаған жоқ. Шашыранды ойларын бир жерге түйиўи, қатты бир қарарға келип алыўы ушын оған ўақыт зәрүр, ўақыт! Үйине шекем қанша жол қалғаны ғаррының өзине мәлим, дым ғана аз қалды, дым ғана... Ким билипти, үйге шекемги аралық бул байғус ғаррының ақырғы жолы, талай қайғы-қуўанышларының гүўасы болған пақыр шатпасы — ақырғы мәнзили шығар!.. Дойнақлар тоңлы жерге дүрсилдесип тийген сайын сол ақырғы мәнзилге бир адым жақын-жақынластырып баратырған шығар. Тез бир ойдың басына барыўы керек еди, ғарры үйге асыққан жоқ, ойларын жуўмақлаўға асықты, бирақ, жол өнип баратыр, ой шуўмақланбай атыр еди... Қапелимде Ораздың «иштен жыллы өте ме?!» дегени, тамам...

Ғарры бир қарарға, ең соңғы қарарға келген еди.

«...Енди, тек Аллаяр албырамаса, қорқпаса болды! Бала ғой еле, бала, он алтысына да шыққан жоқ-аў, сокәрасынан қорқаман! — деп гүдикленди ғарры. — Доңыз атыў бир басқа, адам атыў бир басқа, сояқларынан қорқаман, болмаса, оны ғой, мулт жибереди демеймен. Не болса сол болсын, я-ааа дә-әс!..»

## 2

«Тек, Аллаяр балам албырамаса болды!» деген ой кешти тағы да ғаррыдан. Дурыс, баланың мергенлигине Есжан атасы ҳеш шек келтире алмайды. Баланың әкеси — Бағдияр палўан — тойдың хабарын еситсе «қалтыратпа кесели» тутып, үйде отыра алмайтуғын, жаз демей, қыс демей, нешше шақырым болса да атлы я пияда, шақырылсын я шақырылмасын, шапанының еки пешин қайырып, тойханаға тарта беретуғын, журттың тили менен айтқанда «арқасы бар» жигит еди. Аңшылық десе оннан да бетер. Әкеси өлип, хожалықтың бийлиги өзине қалған дәслепки күнлердеақ әкесинен қалған жалғыз тарғыл сыйырды Төрткүлли биреўдиң шақлы, қара мылтығына алмастырып алғанын Есжан ғарры елеге шекем айта береди. Әдебинде Есжан Бағдиярдың усы исин «бийдәўлетлик» деп билип, қатты түңилди. Ғарры, ол заманлары ғарры ма, дузақ салатуғын еди. Узақ күнге путама-пута шатқа тырналып қазанын я қайнатады, я қайната алмайды. Усындайда Бағдиярдың қамарына дизилип киятырған

қораз қырғаўыллар Есжанның ҳәўесин келтиретуғын болды. Сөйте-сөйте әдебинде туңилген Бағдиярынан: «маған бир аттырып үйретсоңо ғошшым!» деп өтиниш ете беретуғын болды. Биринши атқанында паңқылдысы қулағымды жарып кеткен шығар!» деп еди, жақ, қулағы аман екен. Екинши, үйинши атыўларында Есжан көкирегин пүткиллей басып алған еди, басқаны қурысын, мылтық атыўдың қумары тута беретуғын болды!

Ат-түйе қылып сорап алып, бир күн аўға шығып келип еди, Мәҳийда кемпир, ол ўақытта кемпир ме, Есжанның әкелген қырғаўылын түтип отырып: «қайдан шықса оннан шықсын, сен де бир мылтық ал, шабазым,» деди. «Өзи жүйрик қоян таяқ тийген соң ҳыңғып кетип» «Төрткүлден бир шығып еди, қайдан тапса оннан тапсын, бир сыйырдың пулына бул да бир мылтық асынып келди. Мылтық болғанда қанда-ай — жигирмаланшы аў мылтық, бес оғы бирден оқланады-ә! Қулағын шатырлатып шүриппени тартсаң болды, гүрп ете қалады!...

Сол күнлердиң өзинде-ақ Есжанның жүўери аңызының әтирапынан «Бабай қаланың» орыслары бир-еки доңызды гә арбалы, гә қайықлы тийеп кетип турды.

«Ешек ешектен қалса — қулағы кесик». Қара мылтықты қоя берип, Бағдияр да қайдан алса соннан алсын, сондай бир мылтық таўып келди. Парқы — тек қундағы жарықлаў еди, палўанның өзи мыс сым менен қайта-қайта орап қурсаўлап алды. Солай етип, еки мерген жарыспаққа аўға шығып, жарыспаққа мылтық атысқалы бери де арадан жигирмалаған жыл өтип кетти. Оның бержағында Есжаннан Досжан, Бағдиярдан Аллаяр туўылды. Аллаяры туўылғалы да Бағдыяр үш мәрте қамалып келди, неге қамалғанын биреў биледи, биреў билмейди. Жигит қатты жәнжелпаз еди. «Бул қараған түўе Төрткул менен Қыпшақ арасында бунының бетине тик қарайтуғын адам жоқ. Не бәле тапса күшғайратынан таўып жүр. Төрткүлге барса да, Қыпшаққа барса да төбелеспей қайтпайды!..» деседи журт. Бет әлпети де келисиксиз — быдым-быдым, бунның менен табақлас болған адамлар да аш қала береди. Усы тамақсаўлығына бола дийханшылық етсе екен-аў, оған да айналыспайды. Қайда той, ҳәзлик болса, жүргени жүрген. Гүресте жығып, байраққа алған қой-жанлығын да пәтиясын алып, ғаррыларға берип кете береди.



Минези де күтә биймаза. Қыпшақтағы биреўдиң қына тойында Ысмамыт деген нәшебент жорасы:

«...Бетиң быдым-быдым көкирегиң таза,
Минезиң бар Алшағырдай биймаза,
Төрт-бес жасаўылдан таппасаң қаза,
Яратқаннан өлим жоқдур, Бағдияр...»

деп қосық шығарған екен. Бағдиярдың таяқ жесе де тек полиция менен жасаўылдан жейтуғынлығы, минези менен түри-түсиниң басқа да оғаш-оғашлықлары қосықтағыға дәл келди ме, жигит-желеңлер аўыздан аўызға илип алды да кетти.

Үйине, үсти-басына қарамаған соң кийим-кеншегиниң жупынылығындай үйи де дым қорениш еди. Асқабақ, қаўыннан, дән-пәннен мудамы Есжаннан ғарезли. Есжанға жигиттиң ақ көкиреклиги қатты унайды. Сонлықтан да «бул қыдырмайдың бала-шағасында турған не бар!» деп, Бағдияр барыў-жоғыў Есжан ата қараса береди, ҳәтте, артық-аспай гешир-пиязынан дасмал қабағына шекем Мәрзия келини менен Аллаяр деген баласына таттырып турғаны, өзиниң кемпири Мәҳийданы: «сен усылардың қулымысаң!» дегизип, бажылдатып атырғаны.

Сарыбийде көтерилис болып, болыс өлтирилгенде Бағдияр аўылда жоқ еди. Адамлар: «ондай жәнжелден Бағдияр қала ма, ишинде бар шығар» десип еди.Ырасында да қатынасы болған қусайды, азы-кем күн қамалып қайтты. Соң бир-еки жылға шекем мылтық усламанды да, аңға шыққанды да қойып кетип еди. Сол жыллары бунның үйи ҳәптелик сорпа жағынан да Есжанға ғарезли болып қалды. Өзи де Есжанға көмеклесип, шыра жағысып, балық аўласып жүрди. Есжан: «саяқ жүрсең таяқ жерсең деген, қаңғыра бермей үсейтип, пахыр-пухарашылығыңа қара ғошшым», деп ақыл айтып еди, «усы ақылымды тутты» деген пәм менен ғарры мардайып жүрген күнлериниң биринде Бағдияр дәрьяда қайырлап атырған бир рус әскерлериниң пароходын шығарысаман деп жүрип, өзи де солар менен ҳайт қойыпты.

Алты-жети айға шекем бунның өли-тири хабары болмады. Есжанға ерип, әдебинде қызық ушын аңға шығатуғын Аллаяры соң-соң мергенликке бул да қуныгып,

өзиниң қазанын өзи қайнататуғын болып қалып еди. Бир күни төбеден түскендей, аўылға Бағдияр «дүрс» ете қалды. Орысша шәпек кийип, мурт қойып, нағыз орыс болып алыпты. Есжан сорап көрсе, бул Кавказ дей ме, Каспий дей ме, бармаған жери, баспаған таўы, қатынаспаған урысы қалмапты. «От ишинде де пахтаны аман сақларман» деген, сонша урысқа қатнасса да сирә бир жерин-ҳәм оқ жырмағанына Есжан ғарры күтә ҳәйран қалды. «Енди ылаға берме, келинниң де табы бар. Балаң да жас. Жайың да тозды. Машғалаңа қара» деди ғарры. Ақылды алғаны шығар, тағы биреки ай ғаррыға шыра жағысты, жүўерисин орысып, қырманын атысты. Бир күни тағы зым-зыя жоқ болып шықты. Биреўлер: «басбашыларға қосылыпты» десе, биреўлер: «қамалып атыр», тағы биреўлер: «сол түрмеге сыятуғынбеди, қызыл болып кетипти», дести.

«Халық айтса, қалпал айтпайды», адамлардың усы соңғы шамалаўы дурыс болып шықты. Аўылға нағыз қызыллардың әскерий кийиминде келди. Көп оқ дәри менен пытыра да әкелген екен, қапталында баўырдай наганы да бар. Буның шақылдап жүрис-турысларына, орысша араластырып сөйлеўлерине, бәринен де бетер наганына аўылдағы жигит-желеңниң аўызының суўы қурыды. Қайсысы болса сонысы буның менен бир майдан қыдырғанын, сөйлескенин мақтаныш етти. Ал, буның менен аңға шығыў бахты тек Есжанның баласы Досжанға, өз баласы Аллаярға ғана буйырды. Есжанның өзи бул жылы: «енди қайтып жан қыймайман, қудай усы ўақытқа шекем еткен гүнамды кеширсе де болар», деп, мылтық услаўдан бас пүткил ўаз кешкен еди, сол сертине берик болып, ғарры үйде қалды. Ал, олардың аңға шығыўы үш күн даўам етти. Төртинши күни Бағдияр қайтты, «кәмәндиярының урықсатлы күни питипти» деп, келген ҳаялларға Бағдиярдың ҳаялы Мәрзия мақтаныш пенен айтып отырды.

Арадан бир ҳәпте өтер-өтпестен баласы Досжан да аўылдан зым-ғайып жоқ болып, Есжан ғарры зар қақты да қалды. Буның Бағдиярдан келген «бәле» екенлигин Есжан билсе де «кемпир шаўлап, Мәрзия келинди мүжир, сәл жерде елдин бирлигин бузарман», деп, тисинен шығармай жүр еди. Қапелимде жети үйлик аўылда онысыз да ала аўызлық пайда болып, ең әдеп Әўезмурат қанхордың себебинен Қурбандурды



көшти. Соң Әўезмураттың өзи Зайырбай ләўзе менен Назарбай симсикти, Музаппар кәлди изине ертип, бир жаққа тартпақшы болды. Ғарры: «терек те бир жерде келер кемалға, көшпең,» деп, тәңирдин зарын етти, қылмады. Негедур, көшкенлер: «сизлер де жүре қойың», деп, я Есжан ғаррыға, я төсек тартып атырмаса да, көшкендей шамасы болса да Мәрзияға мирәт салмады. Тәўелле салғанында да ғарры көшпес едидағы, тек биреўиниң ең болмаса әкетиўге ыңғай билдирмегенине ашыўланды, өкпеледи. Бирақ, неге булай еткенин ақыл тәрезисине салып, сирә бир ойланып көрген емес. Ғарры сол күни де аўылласларының қумалақ-қумалақ ызасы бара-бара батып, өзинен өзи шыртылдап шығып еди, Кумингерге тап болып жүргени ғой. Бул да шеп болған жоқ. Дәртин, аўылласларына өкпегийнесин Аллаярға айтайын десе, — ол еле бала, кемпири Мәҳийдаға айтайын десе — көзиниң ағыў-қарасындай жападан-жалғыз қоңысысы — Мәрзияның кеўлине де ғулғула салыўдан қорқады, айтпайын десе иштеги гийне түйини кем-кемнен исинип, ғаррыны жара жақ!

— Ал енди, Мәдияр иним, тағы Мәдияр дегениме ашыўланып жүрме, — деди саўдырап, — сениң Кәменгер дегениңе тилим келе жақ емес, өзимсинип «Мәдияр» деп атырман. Ҳаўўадығы, Мәдияр, адамның зәҳәрин адам алады. Артына бәдар айналмастан, жалғыз бала бунда кетти, Бағдияр болса, бул жоқ. Шошқадай гүрк ететуғын жаман бир минези бар демесең, Әўезмурат та сөйлесиўге арзыйтуғын жигит еди, бул да баспүкил сөйлескенди қойды. Тап сол күнлери баланың қызыл болып кеткен хабары ызым-сызымнан анықланыңқырап, жәрия болып еди. Өзим жеккеликтен жабағып отырсам, Әўезмураттың басшылығында анаў үшеўи де жаў тийгендей арбаларын қосып, жүклерин тийеп атыр. Өлер болсаң, өл ширкин! Бурынғы жеккелик жеккелик пе, жеккелик енди келди! Ҳәр қайсысының көшине бир жуўыраман, жа-ақ, мени тыңлайтуғын ийтлерим жоқ! Кетти де барды, жүўерилери белбуўарға қаўып қалып еди, бәри де әдиран қалды! Үйлерин, жайларын айтпайсаң ба! Ең болмаса қулып урып та кетпеди-аў, сирә қайтып келемиз деген үмити жоқпекен заңғарлардың! Әўелги күнлери бүгин-ертең қайтып келетуғындай туйылып, ашық-тесигин бекитин-

киреп, қора-қопсыларына қаранқырап жүрдим. Жақ, келетуғын олар жоқ. Мениң өзим «жекке там» атаныи жасап көрген жоқ едим, елсиз гөне журтта жасаў қатты қыйын болады екен. Соң-соң буған да үйрендик. Сонша бир келата елаттан еки ғана морыдан түтин шығып турғанын көрип, бир муңаяман дейсең, иләж қанша, «буған да шүкир, мынаў жаўгершиликтен бир үй де аман қалмай серпилип көшип, пүткиллей гөне тамлыққа айналып атырған бағы-бостанлар аз ба? Маған ғой, анталап турған жаў жоқ, аз да болса бир қоңысам бар, гөне журтта жекке қалғаным жоқ-ғо!» деп, өзимди өзим жубатаман. Бағы жоқ демесең, ҳәўли-ҳәремлери әнейдей еди, неге көшкенине елеге шекем ҳәйранман... Меннен не жаманлық көрипти, аты мени-ки, мийнети мениki болғаны менен соншелли нурланған бағым писken-түскенинде солардың еркинде. Ең болмаса «ҳәў, көшемисең?» деп бир аўыз сорамады-аў мынаў Әўезмурат деген доңыз! Сонда да көшпеймен-ғо бәри бир, мәканды таслап қайда бараман!..

— Оларға сизиң көшпегениңиз керек...

— Не ушын?! Көшкенде алдындағысын жеймен бе?!

— Сизиң балаңыз қызыл гвардияшыларға қосылған-ғо ақыры...

— Сен көрдиң бе оны?! — Ғаррының кеўли жадырай түсти. — Түри-түси өзимнен айнымайды, мени көр де оны көр! Аты Досжан деген...

— Көргеним жо-оқ, бабай, өзиңиз айтып отырсыз ғой «қызыл болып кетти» деп. — Ғарры Кумингердиң көргенлигинен, баласының хабарынан үмитсизленип, салпаўсыды. — Демек, олар сизди де, Бағдиярдың үйин де бирге алып көшиўден қорққан...

Ғарры сақалын қайырып жалмап, ескегин есиў менен бола берди. Ақыры гәпке түсинди де гүрсинди, гүрсинди де: соларға да өкпелеп жүрмен-аў, — деди өзине өзи айтып атырғандай тақлетте сөйлеп. — Намәрт екендағы, үйиң жанғырлар, намәрт екендағы!.. «Қайда барсақ та қызылдың хожалығының қарасы жуғар,» деп, бизлерди таслап көшкен екендағы!...

— Еле де басбашыларға услап бермегенине қуўаны-ың!...

— Әй, я-ғә, олар ондай ақымақ емес! Мен «намәрт» дегенге жорттырып киятырсаң-ғо! — деп шаншыўланды



ғарры. — Демек, оларды бизиң жүўернемеклер екендағы ўатанынан бездирген!..

— Жа-ақ, олар ўатанынан безбейди, тек қара басын алып қашып жүрген адамлар.

— Ўатанынан безбесе, жайларына байыўлы үйелеп атыр ғой!

— Олар қайтып келеди, байыўлыны ушырып жибереди еле.

— Қаша-ан?

— Сизиң балаңыз жеңген күни.

Ғарры үндеген жоқ. бәкенниң тусына келип, шырасын жақтыдағы: «Мынадан мына жағында шыра жоқ, — деди. — Енди сени қайтемен?! Үйге барамысаң?»

Жигит басын шайқады:

— Мениң Қыпшаққа жетиўим керек.

— Қалай жетесе-ең?! — деп таңланды ғарры. Қараңғыдан Кумингердиң күлгенлиги тисиниң ағарып көрингенинен билинди.

— Ҳеш қалайы жоқ, ескекти қыстырамыз да ағысқа ерик беремиз! Қыпшақ деген не, мынаў турған жер!

— Оның болмайды!

— Болады-ы бабай, болмайтуғын нәрсе жо-оқ.

— Ҳаў, сен «аржаққа өтемен» деп един-ғо?!

— Тек айттықдағы душпаннан қутылыў ушын!

— Қутылдың ғой, енди өткерип таслайыншы аржаққа...

— Мынаңқараң, бабай! Биринш иден, аржақ еле душпандики. Екиншиден, мен Төрткүлден Қыпшаққа жәрдемге жиберилген командирмен. Жолда басбашылар менен атысып, атым өлди. Соннан қаша-қаш пенен қайығыңа жетип қалдым. Қалғаны өзине мәлим. Жеткермеўге иләжың жоқ, балаң қызыл болса өзиң де қызылсаң!..

— Айттым-ғо мен саған; «Мениң ҳеш қандай иреңким жоқ» деп! Енди маған «қызылсаң» деп жала жаппақшымысаң?!

— Сеен ғарры-ы, — деди нықлап Кумингер. — Балаңа қарсы гүресесең бе, гүреспейсең бе, балаңның жеңилгени керек пе?!

— Басыма сен де бир шықпас бәле болдың.аў! Қайықты бур онда!

— Қаяаққа-а?!

— Қыпшаққа-дә! Өзиң апарып тасла дейсең, және...
— Әне, жаңа болды! — деди Кумингер қуўанышлы, бәлент даўыс пенен.
— Болғаны қурысы-ын, кемпир қорқатуғын болаў!..
— Айдай бе-ер, бабай, бизиң ҳаяллар да отырғо алты жылдан бери жолға қарап!
— Ўай, сен бир, безбүйрек адамсаңғо! Ҳаялың түўе ата-анаңды аямай жүргенсең ақыры! Ролди оңға алыңқыра-а!
— Ықлағаннан аңсаты бар ма! — деди ғарры кери бурылған қайық ескексиз-дағысыз тәўир-ақ жүргеннен кейин желпинип отырып. — Ескектен қутылдық, ал енди, гәп тап, қулағым сенде?
— Гәп көп бабай, мен бир нәрсе сорарман деп едим. Гәпиңизди бөле алмадым. Қурбандурды дегениңиз дәпең қара яўмыт па!
— Оң алмалығының үстинде қара қалы бар. Қалының үстинде бир түйир қыл мудамы қатлырап турады! — деди ғарры бирден жанланып. — Усыны айтсаң, көрген адам сорамай таныйды!..
— Тап өзи онда!
— Сен соны басбашылардың арасында көрдиң бе?!
— Еси бар адам басбашыларға қосыла мәәә! — деди Кумингер бир нәрседен тискинип атырғандай «ә» ни созып. — Басбашыларға қосылыў, мынаў байларды қуўатлаў — бул қулап баратырған дийўалды тиклеймен деп сүйеў менен барабар, астында қалып өледи...
— Ояғы менен исим жоқ. Сен бизиң Курбандурдыдан хабар бер?
— Қурбандурдың жақында қыпшаққа келеди...
— Басбашылар менен бе?!
— Бай-бай-бай, бабай деймен-аў, қызыллар менендә!
— Ҳаў, яўмытты да қызыл ала ма екен!..
— Ырас-ақ яўмыттың қызылын көрмедиңиз бе?!
— Көрсем, көзим шықсын!!!
— Сизге түсиндириў ушын, онда көп гәп керек екен.
— Айта бердағы, Қыпшаққа жеткенше, дәп қағамысаң!..
...Әңгиме дүкан сол ақшам Қыпшақтың жағысынан шығып, жигит бунның менен хошаллияр айтысып, өз



жөнине кеткенше жыйналған жоқ еди. Мынаў еки нөкердиң алдындағы ғаррының көз алдына сол хошласыў мәўритлери елеслей берди.
— Бабай, билип қой, мен де шырашыман. Сен дәрьяға шыра жақсаң, мен адамлардың көкирегине шыра жағаман... — деген сеслери ҳәзир де қулағына талтал еситилип турғандай. Сонда ғарры шулғынып: «Ҳаўўадағы, — деп мақуллап еди-аў. — Адамның көкирегине адам шыра жақпағы керек. Көкиреги жақты адам қараңғыда да жол таўып, адаспай жүре алады. Жақсы менен жаманның парқын көкирегиндеги жақты менен көре алады,» дегенине жигит жүдә мәс болып кетип еди. «Сонда мен алдаппан байғус баланы, — деди ғарры ишинен өзине өзи. — Гәпине түк түсинбесем де түсинген болып алдаппан! Ол мениң көкирегиме сонда «шыра жақтым» деп, алданып кеткен екендағы! Урысайдың үңгириндей жетпис жылдан бери тас-түнек болып атырған мениң бул көкирегим бир ғана адамның жаққан жалғыз шырасы менен жақтылана қоя ма?! Не де болса өмир етти-и, өмир өтти-ии соры қайнаған аңгөдек Есжан! — деп, ғарры артындағыларға билдирмей өзиниң санын өзи бурады, ондырмай бурады. — Ендиги жағында айтқаныма Аллаяр көнсе болар еди-аў! Өлим өлим — бир өлим, алланың салғаның, тағдийрдиң жазғанын көрер едим-аў булар менен!.. — деп гижинди. — Аппырмай, келинниң жағдайы қағай екен, Аллаяры түспегир, ҳал үстиндеги анасын адамсыз қалдырып, аў-паўға алағада болып кетпеди ме екен, мың айтсаң да баланың аты бала ғой, оның үстине, өли көрмеген... Әй, кетип әнтеклик еттим-аў, усыннан Мәрзия келин, ийманы үйирилмей ҳарам өлип кетсе, гүнасы мойныма қалатуғын болды-аў, баласы түспегир бүгин не қылды екен!..»

## 3

Есжан ғарры ойланып киятыр, өмириниң соңғы жылларының, соңғы айларының, соңғы күнлериниң бәрин-бәрин еске түсиригиси келе береди. Хо-ош, өткендеги қыя басқан қадемлериңди не ушын еске түсириўиң керек? Басың жас болса екен, онда алдағы ўақытта алжасығыңды тәкирарламаўың ушын-ақ аңсыз

басқан қадемлеринди еслеўиң зәрүр, еслемедиң бар ғой, бул дүньяда есиңе сирә енбестен-ақ кете бересең. Жасарын жасап, асарын асап болған қарыяларға өтмишти еслеў, — өз қателигинен издегилерди сақландырыў мақсетинде айтып кетиў ушын дәркар. Тап, усы киятырғанда Есжан атаның жақын-жуўықта айтып кететуғын адамы да жоқ, болған жағдайда да соған ўақыттың табылмайтуғынын ғаррының кеўли сезип киятыр. «Қойш, басымды аўыртып ҳәлек!» дегиси келедидағы, тағы еслегиси келе берди. Бул еле оның өмирден үмитиниң барлығынан еди, ғаррының өзи буны сезген жоқ. «Ең болмаса, алжас қадемимди билип өлейиншин!» деген жалған сезим менен өзин өзи алдап киятырғанын да абайламады, ойлай берди, болғаны.

«Усы Досжанымды көргенли қылып тәрбиялай алмадым ба екен, бул неге бирден бундай болып кетти?» деген ойдың басына бир барды. Әри ойланды, бери ойланды, сирә бул саўалдың жуўабы табылмады. Анаў жаздың басында Қыпшаққа апарып салған Кумингер дегениниң айтыўына қарағанда «бала қызылларға қосылып күтә жақсы ислеген!» Сонда ғарры Кумингерге усы сөзи ушын жаўша қарап еди, булай қараўының да себеби бар.

Себеби, Есжан ғаррыға, негедур, әскер атаўлыға оқ тиймей қалмайтуғындай, оқ тийген соң өлетуғындай, әскер атаўлының бәри бул дүньядағы аманат жандай көринетуғын еди. Соның ушын да Кумингердиң анаў гәпи: «балаң жылдам өлиўди қәлеп, жақсы ислеген!» дегендей болып туйылды.

Кумингер кеткеннен соң еки ҳәпте өтти ме, өтпеди ме, түн жарпында дүсирлетип аўыл атанған бул еки үйге еки атлы келди. «уры-ғар, я қаңғымай басбашы шығар!» деген пәм бар, дүсирли еситилиўден-ақ еки үйдегилер де бирден демлерин ишлеринен алысып еди. Шабаланған ийттиң даўысына араласып шыққан:

— Қутла-яяқ! Жат, мен-ғоо! — деген баласының даўысын танып, қуўанғаны соншелли, Мәҳийда кемпир жылап жиберди, ал ғаррысы болса, дамбалын терис кийип сыртқа жуўырды. Онда төсек тартып жатпаған еди, албырамаған Мәрзия болды, сол сыртқа паныс жағып шығып:

— Көз айдын, ата-а, бизики де келди-и! — деп даўыслады уят-ийбели қысылшаң толқын менен.



Ўақыт күтә тар екен, қәдимги алдам-қалдам, едеп Бағдияр палўан, паныс-санысы, қатын, баласы менен, аттан түспестен Есжан ғаррының есигиниң алдына келди де «аманласпасақ болмас» деп, көлигинен қарғыды. Ишкерилиўин ишкерилегени менен еки жигит диз бүгип те жалшымады. Бир-бир кесадан қатық ишти, болғаны. Булардың отряды Төрткүлге өтип баратырған екен.

— Бизлер алдылаў кете берейик, сизлер жеткенше бала-шағаны көрип шығайық деп, Кумингерден зорға уруқсат алдық, — дегенди айтып салды Бағдияр. Кумингердиң атын еситиўден қулағы ербең ете қалған Есжан ғарры сол командирди Қыпшаққа шекем апарып салғанын айтып үлгерди, «жарасы аман-есен жазылып кетти ме?» деп те сорап, онша жазыла қоймаса да иске араласқанын Досжаннан еситти. Көрген-билгениниң болғаны сол, балалар атланып, булар тағы қара журтта қала берди. Бирақ, балаларды көрип, ғаррының да, кемпирдиң де тәўир-ақ кеўиллери жәмленди. Баласы Досжан демниң арасында бойға тартып, бели қыналып, шырайланып, өсип кеткендей көринди буларға.

Сол-сол екен, былай-былай өткенде, ҳәпте болмағаны менен еки ҳәптеде бир еки әскер үйлеринен хабар алып кетип турды. Еки үйдиң бала-шағасы да әскер атаўлының бәри өле бермейтуғынын, әскерликтиң де онша жаман талап емеслигин билип, үй машғалаларына арқайынлаў, емин-еркинлеў араласа баслаған еди. Питегене кеўли баласынан жай тапқан соң алағадасыз ғаррының иси де өнип сала берди. Нәҳән бир қамба ылай ислеп, Аллаяр екеўи әдеп Бағдиярдың жайының жыртық-тесигин сыбаўға киристи. Буған жүдә ыразы болып қалған Мәрзия келини:

— Қашшан-ақ сыбап таслайтуғын нәрсе еди, — деди зайыбына нарыйзалық кейип пенен. — «Дүньяның жыртық-тесигин питеп алайық; соң жайды қайтадан салып беремен», деп, мени әжиўалап күледи-әй! Дүньяның жыртық-тесигин питеў усыларға қалып па?

— Дүньяның жыртық-тесигин питеўди иргеден баслаў керек, соны түсинемекен солар! — деди ғарры да Мәрзияға муңласқансып. — Усы жайдың да, бизиң жайдың да тырнағына шеңгел көмип, қайин атаң пахыр екеўимиз баслап едик. Бул жайлар ызғарлы болса да, суўық болса да мәҳәлинде баспана болды-ы.

Мийнетимиз көп сиңгенге ме, келин, қулайын деп турса да, тап, пақсасы үстимизден басып қалатуғынын сезсек те сыбастырғымыз, питестиргимиз келе береди-аў буны! Соның ушын да «жай, мәкан» дейди буны. Буған Бағдиярдың да, Досжанның да мийнети сиңген жоқ. Өзлери бир жай салып, машақатын шексин, оннан соң сол жайларының жыртық-тесигине айналыспағанын көрермиз! — деп тоңқылданды.

Оннан сон Есжан ғарры өзиниң жайларын жылмыйтып сыбап таслады. Дийханлықтан қолы сәл жырылса бир тыным таппай бағы-ҳәремин, қора-қопсысын түртиниў менен болып жүрди.

Мийнеттиң атасын Есжан ғарры қасындағы бес қоңысысы сонша азап пенен кетпенлеп егип-тиккен егинлерин жайқалып турған шағында таслай сала, дәрьядан жыққын кеткендей тасыр-тусыр серпилип көшип кеткеннен кейин көрди.

— Бул ақымақлар, жөнине кеткен жоқ, маған арылмас азап таслап кетти! — деп, өмирде сөгинбейтуғын адам, азапқа шыдамай сөгинип те алатуғын әдетти шығарды. Бәринен де бетер, Назарбай симсик, қайда қунарлы, суўы тийип турған жер болса уры ийттей тимискиленип таўып, асқабақ бар ма, қаўын, мәш, лобыя бар ма, дасмал қабақ, суў қабақ бар ма, — еге берген, еге берген. Бул жигиттиң дийханшылыққа усындай питинелиги ғаррыға бурынлары оғыры унайтуғын, «ҳәммеңиз Назарбайдай болғанда биреўиңиз аш болмас едиңиз, түўе! Ала бәҳәрден жең сыбанып, жер тебиўдиң орнына қайда той бар ма, жиназа бар ма, шақыртсын-шақыртпасын, бир шуқым палаў береди деп, гөне шобытларыңызды арқалап, лапышларыңызды сүйреп, тентире йсиз түўе! Жазы менен жилиншигиңизди ылашықларыңыздың баханларына тиреп жатасыз түўе, жүдәмә кеп күнниң ыссысы да жақпайды, түўе, «күн өтип кетедиемиш!» Сөйтип, қысы менен Назарбайға көз сүзип отырғаныңыз! Ол жазы менен тинтинип қыстың әнжамын көрип жүргенинде «жан себил, симсик», деп оған күлесиз. Қыста бир кепшик дән қарыз бергенинде оннан жақсы адам жоқ, оннан мәрт адам жоқ, симсиклигин де умытасыз, түўе!..» деп, адамларға урсып жүретиўғын еди. Енди буны жандырып турған нәрсе — бәринен де бетер, сол Назарбайдың егин-тигини!



«Жұрттың симсик дегенинше бар-аў! Аштан өлип, көштен қалып баратырсаң ба? Ҳа, журт қатары ек те қой, өлерменниң көзи жаман деген усы!» деп, Назарбайдың ҳалал жерин қоймай сөге беретуғын болып қалды. Өйткени, ғарры дәрьяға шыра жағыўға баратуғын болса да салманы жағалайды, салма бойындағы шөллеп, гүлин төгип атырған қаўын атызға қарасакимдики? Назарбайдики! Домбықланбай атырған, жүдәма болық жүўери кимдики? Бул да Назарбайдики!.. Обалын-ай, обалын-ай! Соннан бул ғарры гәсине суў ашып, гәсин домбықлап жүргени жүрген. Буны жаңа бир жөнкил еттим-аў десе, мына бетте Әўез қанхордың жерине салма жығып кетип, бир өзи байла,й алмай, «Аллаяр!» лап, аўылға қарап қыйғырықты салып атырғаны! Аллаярдың да белин алып, еңкилдеп киятырғаны! Бир күн емес, еки күн емес, қутлы күни усындай!

Баланың да, өзиниң кемпири Мәҳийданың да әбден суўына тийип болды. Соннап Мәҳийда шешей: «Журттың әдиран қалғырларына буншелли қансорпа болып, бассыңа көринди ме?» деп бажалақлап атырғаны. Кеткен жыққынды байлап болып, желпинип отырып, ғаррының өзи де тоңқылданады:

— Бүйтип кетериң бар, егин егип не қыласаң! Ийт болмасаң үйди-ўатанды таслап қай гөрге бармақшысаң! Ийттей қаңғырып-қаңғырып, гүзде бир келерсеңаў, егиниңди писирип-түсирип қойғанымды көрип, тәңир жарылқасыңды я айттың, я айтпадың, ләттепәм! Күн «ызз» етсе, жайыңа тығылмай гөрге тығыласаң ба, тығылдың-тығылдың, қарақапына усы егиннен жемей, кесек жеймисең! Ектиң-ектиң, ең болмаса, журт асып кеткен болмасаң, ҳа бир хабар алып тур, ийт! — деп, адамларды сыртынан силейтип салып отырады.

Бәринен де бетер, ғаррының мынаў қараўсыз мийўа дарақтың, шөлиркеген егинниң тусынан қарамай өте алмайтуғын, көзи түссе айланыспай кете алмайтуғын «тутанақлы кесели» басына үлкен бир қара мийнет болды.

Жийде деген қай жер болса сол жерде булыттай болып тур, буны ким болса сол шанша берген, ол қараўды да талап етпейди, талап еткен менен де оған қарап атырған ийт жоқ, ғарры да қарап жалшытпайды, басқа мийўа дарақ дегеннен ҳәр үйдиң бес-алты түп ериги бар еди. Олардың да нәлин бул журтқа Есжан-

ның өзи қартайып ата атанбай турғанда берген, гәси тутқан, гәси тутпаған, тутқаны тутқандай нурланып сала бергендағы, тутпағанлары малы оты ушын бояиға қосылып, тигилген жылы-ақ орылып кеткен. Сол тутқанларынан ҳәр жер-ҳәр жердеги төрт-бес түп ерик ғалаба писип, өткен-кеткен жегенин жеди, жемегени төгилип қалып, былай-былай өткенинде ғаррының аяғын тайғанатып, бул да күйдирди! Әри-бери ший жайып, қақлап таслаўға кемпирин зорлап көрип еди, бәҳәрде баласына нийетлеп бир басқур тоқыўға өрмек қурған кемпир, турып кетсе мәеги суўып қалатуғынын сезген ғурық таўықтай сол өрмегиниң үстинен турып жалшытпады. Өзиниң ериклерин де ғаррының өзи қақлады, Аллаярға қақлатты. Ҳалының келгениние бийтаплығына қарамастан Мәрзия келини тырбанды.

Бир адам қай жағына болады, баяғылары қызық ушын-ақ әкесине ерип аңға шығатуғын Аллаяр да базда-базда ғаррының айтқанын қылмай аңға қашып кете береди. Келгеннен соң: «тап ҳәзир аңның қобы келип тур ма! Мынаў жұрттың сонша мийнети күйип баратыр-ғо, бүйтип тура бермес, өзлери бир жақтан келип қалар, соған шекем маған қарасып турсаң-о! Бундай дуўайбент бола бермесең! деп, бақырарман, урысарман, кейирмен деген нийетте отырадыдағы, жәп-жағын аўдыр-саўдыр етип, қоян-қырғаўыл алып киятыраның көргенде, тап өзиниң де арқасы қозып, аңға шығып кете бергиси келеди, бирақ, «бир қойдым деген нен кейин қоймақ керек, жас жетпистен өткенде қан төккен жақсы емес,» дейди де өзин өзи аңға шығыўдан зорға басып қалады. Таза сорпа менен тәмийин етип турған соң, еки ҳаял — Мәҳийда да, Мәрзия да ғаррыникинен баланың талабын пайдалылаў көрип, балаға аўлағында: «атаңның кеўлине тиймей-ақ қой, бирақ өзиң де талабыңнан қалма», деп сыбырлайды, булардың бундай аўыз бириктирип жүргенинен түк хабары жоқ, дийханшылықтан бир өзине жеккелик келген ўақытта: «бул да әкесиндей бийдәўлет болайын дедиаў! Ең болмаса аз ғана күн маған қарасып турғанда не қылады!» деп, усы еки ҳаялға баланың сыртынан тоңқылдайды, бала аўдан қайтса — тағы баяғысы.

Баланың усы жүрисин әкеси де мақул көрстуғын сыяқлы, өйдегени, соңғы келгенинде өзинин баласы Досжан да, Бағдияр да балаға базарлыққа енапаттай



мылтық дәри, оқлаўлы писенлер, пытыра, ҳәтте жалғыз оқ та әкелип берип кетти. «Пай-пай, жалғыз оғың жақсы болды-аў, мынаў қаўын пәлеклерди тумсығына қыстырып ойнап, доңыз бүлдирип турып еди!» деп, ғаррының өзи де қуўанғанын билмей қалды. Бирақ, сонда да өз кемпири Мәҳийда менен Мәрзияның: «ғаррыдан өзине де, еки үйге де түк пайда жоқ, журттың егинин қорып жүр. Мына бала болмағанда сорпасырап-ақ өледи екенбиз... Оғы түўесилип, бул да аңға шыққанды қойды,» деп, буннан алдыңғы сапары келгенинде еки әскерге ескертип жибергенинен бул ғаррының түк хабары болған жоқ.

Бала қанша көмеклессин-көмеклеспесин, ғарры қанша тырбансын-тырбанбасын, қыйналсын-қыйналмасын, бәри бир, ийесиз қалған бес үйдиң егини өзлери бардағыдай төрели егин қусап жалшыған жоқ. Ғаррының ўах-ўақына жер жаргызып, жүўерилерине падалы аўнап кетип атты, жер-жәҳанның қара ғарғасы усы аўылдың балық көз болған жүўерилигинде ғақылдасады, шымшықларға ғой, күнде той, мәш аңызларының қырғаўыллары «Мәрт болсаң мында кел!» деп, таң сәҳәрден Аллаярдың уйқысын қашырып атады.

Ғарры сақалын жалмап, басын шайқайды, қайда жүрсе де еки көзи жолда: «бул үйин жаңғырлардың үйден-ўатаннан бәдар безгениме-әй! Өйттим-бүйттим, жанымды жеп писирдим-ғо, ең болмаса пискенин жыйнап алыўға бир келмеймекен!» деп, шыйқылдап арба киятырса, тусына жеткенше галабын қойып күтеди, жеткен соң қараса — басқа арба, бул енди өзин «қара журтқа таслап кеткен» қоңысыларынан бурынғыдан да бетер түңилип, енди күтпеўге серт етедидағы, атлы-пияда биреўлер көринсе «солар емеспекен?» деп, тағы жолға қарағанын билмей қала береди. Гүдерин үзейин десе де дым үзе алмайды-аў, дым, дым!..

Сөйтип, жол қарап жүргенинде жаслығындай жадыраған жаз ғаррының тас төбесиндеги диң аспаннан муңлы бир қосық айтқан қуслар кәрўаны болып өте баслады. Буны ғарры, сезди, я сезбеди, — буны ҳаслында ҳеш ким билмейди. Бәлким, сезгени шығар, қасында ол-булына көмеклесип жүргенлеринде:

— Төрткүлден ыссы самал ессе, балам, — дейди Аллаярға, — ҳәўири бизиң жаққа-ҳәм келеди. Қыпшақтан ессе де сондай. Шымбайдан жыллы жел ессе,

леби бизге урады. Еки-үш күннен бери самал салқын тартайын деди-ғо! — деп, өзинен өзи қыстанады.

Ғаррының гәпинде де жан бар. Бул еки үйдиң шығысы — Төрткүл, батысы — Қыпшақ, арқасы — Шымбай. Ғарры Нөкистиң атын онша есите бермегенликтен аңында онша ояламаған, билетуғыны, еситкени тек — «Нөкис деген бир, патша заманынан бери әскерлер ойнайтуғын гезермен», ал, Хожелини, Қоңыратты көп еситкени менен елеге шекем дуз-несийп тартпаған, табаны тиймеген, бирақ, Хожелини бир көриў, озса бир сең-сең алып кийип қайтыў нийети жоқ емес, былай-былай өткен катердегилердиң гәпине қарағанда қайықлы ықлап кете берсе де Хожели деген мынаў турған жер қусайды-ғо! Тек, мына ел арасы тыншып, баллар үй машғаласына қайтса болды, қалған өмиринде хожалықтың ғалмағалынан қол жуўып, жер көрмекши, Хожели түўе Гөнени де көрип қайтпақшы-ә, тек баллар келмей атыр-дә, ел тыншымай атыр, ел тыншымаса, бунын постыңға жыйнап жүрген пулын жолда басбашы басып алса пәнти бар!.. Қыпшақ деген ғаррыға муштайынан өз аўылындай болып қалған, базарлайтуғын базары да сол. Балалар Қыпшаққа паян басып, сол жерде машқы етип атырғалы мына «жаўдай жумыстан» жырылып, еки мәрте барып қайтты. Дәрьяның дәл ортасы менен қайықлы тартып отырды, ортаға оқ жете ме, аржақтың басбашысы да, бержақтың басбашысы да жағада көринди, оқ жетпейтуғынын билген соң олардан бул қорққан жоқ, дәрьядағы ықлап баратырған жалғыз шырашы — балықшы менен олардың да иси бола қоймады. Қыпшақ қәўипсиз, қызыл қала еди.

Гүздиң басында аўдың гүжигенлиги соншелли, еки үйдиң аўысқан қоян-қырғаўылын қоржынның басына тығып, «қызыл балларын» көриўге барған Есжан ғарры Кумингерге апарып берди.

Алдыңғы барғанларында Кумингер бир топ атлы менен Нөкис, Шымбай жақларда жүрген екен, көре алмай қайтып еди, тап, соңғы барғанында оны бул ғаррры көрди. Көрсе, баяғы Кумингер емес! Ғаррының ойлағанындай өзи өлимнен қутқарған бул адам алдынан да жалбырақлап шықпады! Әскерлерди тартылған сымдай бир қатарға сирестирип қойып, кейип атыр ма, қатты-қатты бир нәрселерди айтып атырған екен, буны



көриўин көрсе де, дым көрмегендей, алдындағыларға қысыўметин даўам ете берди. «Ҳаслы мусылман болғанда бүйтпес еди-аў, жақсылығымды билер еди!» деген бир гийнели ой жылт етти де сөнди, оны сөндирген Бағдияр палўанның командиринин алдында шегедей шаншылып турыўы. Ғаррының дыққатын өз баласы Досжаннан да бетер «аты қарылпақта есин билгели бетине жан қаратпай, қурық тиймеген айғырдай дуўбақ, жолбарыстай еркин жүрген мынаў жабайы палўанның сиресиўин қара! Ҳимм, саған сол керек, тәртипке түспеймекенсең! «Тоқпағы күшли болса, кийиз қазық жерге киреди!» деген әри таңлақлы, әри «ҳай-ҳайлы» ойы болды.

Орысшалап сөйлеп турған Кумингер бирден: «Уллы Есжан бабаның ҳүрметине маршировкаға таярланың!» деп, қарақалпақшалап жиберди. Ғарры өзинин атын еситкенде селк ете қалды, себеби, «Есжан баба» деген сөз әри тосыннан, әри кейистей қатты еситилген еди, ал, «маршировкасына» түк түсинип үлгерместенақ, саптағылар тап бир адамдай лаппа бурылды, бурылдыдағы еки қолларын қапталларына «жабыстырып» таслап, бәри бирден Есжан ғаррыға жүзлерин жалт бурып, ҳәр атлаған сайын көтерген аяғының ушлары белдемесиниң деңгейине шекем келип, «урды ма де адымды! — деди Қыпшақтан қайтқан соң кемпирине. — Тап, бәри тең таслайды-аў, тап, мыңлаған кели бирден түйилип атырғандай жердиң солқындағаны соншелли!.. Ал енди, кемпир, буны айта алмайман, нешше жүз әскер! Бәри бир сапқа дизилип, дуппадуўры мени нәзерлеп келе берди ме де, қашпайын десем, женшип кете ме деп қорқаман, қашайын десем, еки диземде димар жоқ, ийнимде қоржыным, жылан дуўалаған шымшықтай бақырайып қатыппан да қалыппан! Кумингердиң өзи қатардың қапталында оң қолын шекесине апарып, бул да маған қарап, еки аралықты дүрсилдетип адымына санатып киятыр! Усы, саған өтирик, маған шын кемпи-ирр, тусымнан өте бергенде ҳәммеси тап бир адамның баласындай-аў, бир адамның баласындай үн қосып: «Здарава желаем товарищ Есжан баба!» деп бақырды ма де, мына даўыстан қулағым питим, мийимниң аўылжығаны соншелли, дүпдүзиў өтип атырған жигитлер бирден шайқалып сала бергендей туйылды! Соның арасында қатар өтип бол-

ды, Кумингердиң даўысы-аў деймен, биреў: «Шәлпайы-ың!» деп бақырып еди, ҳәмме суўдағы мешиндей жән-жаққа дағысып-дағысып кетти. Қарасам, Бағдияр менен Кумингер қолтығымнан сүйеп атырған екен, шамасы, жығыла жазлаған қусайман-аў мен ақымақ! Соннан жығылғандаға өзим менен турмай баламның да абырайын айрандай төгеди екенмендағы!..

— Сошелли журегинди жарғанша бақыра берип сенде не еши бар екен! — деди кемпирдиң қасында тыңлап отырған Мәрзия түк түсинбей. Аллаярға да, Мәҳийда кемпирге де сол кәрасы жумбақ еди, өзинше «таптымға» жорыған Мәҳийда кемпир:

— Буның барғанын жақтырмай қалған-ғо кәмандияр! — деп атыр. Ғарры жудәма мардыйып: «Жа-ақ, кемпир, бай-бай, дым билимсизсең-аў, олар маған орысшалап: «Мәҳийдаң аман ба, Есжан баба!» деп атырған екен, «шукир» деўдиң орнына қорқып журген, албырап журген мен ақымақты айт! Кумингер: «сени әскер балларын салтанат пенен күтип алып атыр!» дегенде елжирегенимнен көзиме лық етип жас келе қойды ма де, енди буны ирке алсам қане! Баланың абырайын төктим, төктим-аў! Енди, кемпир, сен барсаң-ҳәм сөйтип күтип алады, жаңағыдай: «Здрава желайым, товариш Мәҳийда мама!» деп бақырысатуғын қусаған, сен барсаң сөйдейтуғынын маған әскерлердиң биреўи айтты. Сен сол гәпти: «Есжан ғаррың аман ба, Мәҳийда мама!» деп түсинсең, сени дәў урмайды, жыламайсаң да, баланың да абырайын мендей болып төгип алмайсаң!..» дегенди ойнап та, шынлап та айта беретуғын болып қалды.

Соннан бери Мәҳийда мама да, Мәрзия да, Аллаяр да Қыпшақтағы әскерханаға бир бармаға ҳәўес болып журип еди. «Үйдеги саўданы базардағы нырқ бузып» шәраят бирден ҳаўа райындай өзгерип кетти.

— Қыпшақтан да, Төркүлден де, Шымбайдан да лып еткен жыллы леп жоқ, күннен күнге самал суўытып баратыр. Қыс күтә ерте түсетуғын қусайды. Тез жыйнап алмасақ, сонша мийнет пенен питкен жүўери доңыз жатаққа айнала жақ! — деп, ғарры бирден басқы тапты. Күни-түни орағы белинде, кемпири менен Мәрзиясы. Аллаяры кейнинде, биреўлери орақ орса, биреўлери бас қайырады. Биреўлери қырман қыршыса, биреўлери бас тасып атады.



— Усындайда Қыпшақтағы баллар келип. бир күн көмеклесе қойғанда! — деп әрман етеди шаршаған пайытлары Мәҳийда. Усындай гәплерин мақуллай қоятуғын ғаррысы: «Қойсаңә кемпир, қара басларын бағып, аман журсе болар! Буйырғаның алармыздағы!» деп, кейийтуғынды шығарды.

Азаннан қара кешке шекем төрт адам жабыла тийисе берсе, жумыс та қалып жалшымайды екен. Ҳәр үйдиң қырманы демниң арасында-ақ өз алдына қыршылып, баслары да кептирилип, әдеп Мәрзияның, соң Мәҳийданың қырманы Есжан ғаррының жалғыз ябысы менен түйекленип марданға қуйылды. Енди анаў бес үйдиң еби-жорық қолға илинген басларын түйеклеп қойыў дәркар еди, ғарры буған да арқайынлық ислемеди. «Қолдан келгенинше түйеклеп, телеклерине тасып қояйық, қудайдан наўмит болмаса келер, келмесе, өзлеримизге қалады-ғо!» деп, Аллаярдың адымын қыя бастырмай, шық кебиўден күн батаман дегенше ябыдан түсирмей, қырманды айландырғаны «Ўра берсең, қудай да өледи!» дегенди ата-баба билмей айтпаған. Күнде тыным таппай айнала берсе жалғыз туяқ та көп нәрсени жент етеди екен, ийесиз егинниң қырман деп не қырманы болсын, бес үйдиң барын түйеклеп, ҳәр қайсысынан алынған үш-төрт қап жүўерини, телеги барларының телегине, телеги жоқларының ураларына жайластырып таслаў жәми үш-төрт күннен асқан жоқ.

Қоңсылары келип: «малыңа жегизип болыпсаңғо, аўылда сен қалғанға күтә арқайын журип едик,» деп бопса қылатуғындай, өкпелейтуғындай көрине берген соң, ғарры: «бир мийнет қайда қалмайды, қоңысының қабармағаны жақсы. Орған бояны жоқ, төрт түйир шиңгириклерин тасып таслайықшы түўе!» деп, ҳәр қайсысиникинен шыққан еки-үш арба шиңгирикти, арбаға жегилген ябы ҳәлек, булар ҳәлек, ҳәр қайсысының қораларына тасытты, өз қолынан пәкизелеп суўынлады. Ғаздың пәриндей тамшы тайғанап кете беретуғын етип суўынлай алғанына усталық нәзер менен машқы етип қарап турдыдағы: «Енди маған бул елдиң өкпеси жоқ шығар!» деп, ғарры қораларының ергенеклерин тас қылып бекитти. Соннан соң барып: «алдында азаматы жоқ, Аллаяры бала көрине берер,» деп, Мәрзияның баспақлы сыйырына жетерлик бедеден ағ-

ла мырғам бояңды там басына жыйналған гүз қаўынның үстине гүдилеп берди. Мәрзия жазы менен өзи де жаңсақланып, баласының да боян ормағанына ашынып жүр еди, ғаррының бул қалыйс хызыметине не дерин билмей:

— Өйпей, ата, бизиң шиңгиригимиз-ақ болатуғын еди-ғо, — деп атыр. Ғарры болса: «Әскерлик маңлайына өмиринше жазылғандур деймисең! Бир күнде босанып келсе, Бағдияр бояңды, бәри бир, меннен сорап алады-ғо, қыста тасытқанша күнниң шуўағы барында берип қутылайын-шы!» деди де қойды. Өзиниң бояны менен ғаўышын оннан соң барып тамының басына шығарды. Сонда да ғаррының «ерте түседи» деген суўыгғы түсе қоймады. Октябрьдиң аяғында да күн жыллы еди.

Гүзги жыйын-теримниң баса-басынан ғаррының шыра жағыўға қолы тиймей қалып еди. Жумыс бир жеңкил болған соң енди айналысыўды ойлап жүргенде, түс мәҳәли еди, бир атлы келди. Ғарры кемпири менен кендир қағып атыр еди. Атлы олардың түслендириўге талапланып атырғанын сезип:

— Мен асығыспан, Есжан аға, — деди ғаррыны бурыннан таныйтуғындай. — Жолдас Шайдаковтың тапсырмасы менен келип турман. Дәрьяға шыра жағыўды сизге сол киси тапсырған екен. Мәкаманың буйрығы сол күнлери-ақ болыпты. Соннан бери айлық алмапсыз, мынаў айлығыңыз, — деп снапаттай пул услатты. Ғарры баяғы бир катердеги шыра жағып турыўды тапсырып кеткен дәпең орысты көз алдына елеслетти. Елеслеткени де сол, көптен бери шыра жақпағанына, сонда да пул алып атырғанына қысынып, пулды жигиттиң алдына қайтып қойды.

Басына селкилдек шөгирме, сыртынан шапан кийгени менен жигиттиң мойнында әскерий көйлектиң дуўашықлы ҳәм шытақлы қайырма жағасы көринип турар еди.

— Кеңес ҳүкүмети сизди пәтияға жумсамайды, — деди шаншыўланып: — Буннан еки күн алдын түнлетип, Шайдаковтың катери усы тустан өткен екен, қайырлай жазлап, зорға аман қалыпты. Сол катер усы жерде қайырлап, бир күн жатқанда Төрткүлдиң аўҳалы шатақ еди! Жумысыңыздың әҳмийетсиз емеслигин енди түсингенсиздур! Буннан былай шыра жанбаған



бир түн де болмасын! — деп, өтинип емес, буйырып кетти. Анадайға барғаннан соң атын тепсинип, тағы айналып келдидағы: — Уақтында шыра жанбай, бир де бир әскерий катер қайырлап қалар болса, әскерий трибунал алдында жуўап бересиз! Қорқытты демең, заң-закон сондай, дәўир қатал, биреўдиң еркелигин биреў көтеретуғын заман емес! — деп, әбден нықлады.

Ғарры оның «трибунал-прибуналына» түк түсинген жоқ, «ал ебесе, жақпағаным! Мени зорлай жақ-ғо бул!» деп, анаў кеткен соң аламнурханы шықты. Пулды алып қалғанына өкинди. Тап усы ўақытта тегине отырмай, кемпири Мәҳийда оған пәзне басты: «Жер қудайдики, қудайымның суўы, күш өзимизден, оягына қарағанда усы бизиң менен ҳүкүўметтиң не жумысы бар, Шәйдакиптиң не жумысы бар! Өгиз өзимиздики, қос өзимиздики, қара тамағымызға керек болды, шуқылап ектик, қудай берди, болды. Олардан биз жер сораған жоқпыз, тамақ сораған жоқпыз, ҳа, биз, жумыс сорапыз ба! Онысыз да жумысымыз басымыздан асып атыр! Кемеси бир күн емес, бизге салса неге бир жыл жатпайды! Шайдакип-пайдакиби менен неге сасып өлмейди, неге!!! Ҳаў, бул журт бизди өз жөнимиге де қоя жақ емес-ғо! Кимиси болса сонысы «азатлық әпереди-емиш!» Ҳаў, азат емей бизди биреў шынжырлап қойыппекен, қудайға шүкир, жағамыз бос, қолымызда кисеп, мойнымызда буғаў жоқ-ғо!..» деди, ғаррысы тыңласын-тыңламасын, өзине өзи айтып отырғандай етип. Бул басламасы екен, соң тандырдың отындай кем-кемнен гүўлей берди. Кендир сабаў қалды бир жақта, ғаррысына сабаўын шошайтып: «сенде ашыў, намыс деген жоқ!» деди. Сонда да бул ғарры дәрпене қоймады, дәрпенбегени қурысын, жаңағы биреўдиң, биреў болғанда да баласы Досжандай жапжас биреўдиң, ең болмаса бул ғаррының қуўдың қанатындай аппақ сақалын сыйламай, қамшысын дуп-дуўры маңлайына гөзеп турғанлары елес-елес берип, елеслеген сайын исиндирип, тығылдырып, ызадан сөйлетпей отыр еди, не десе де ғаррысының мыңқ етпестен, бақырайып отыра бергенине әбден жәҳли шыққан кемпир: «Әййй, — деди жеркенгендей мурынын жыйыра түңилген кейип пенен қолын бир силкип; — сенде ашыў ғой, ашыў, еркеклик те, ерлик те жоқ! Сениң орныңда мен болғанда ма, мен болғанда дуўры Қыпшаққа тар-

тар едим! Барар едим Кумингерге, айтар едим берген азапларын, Шәйдакип-пәйдакиби менен қосып жаңағы ширкинди жер тарттырар едим-ә! Шәйдакиби мынаў шыбық тиймеген палўаннан дуўбақ, сонша әскерден әўлийе емес, солардың бәрин алдында қақшыйтып қойғаны ырас болса, сен алдап жүрген болмасаң, тап сол Кумингериң жаңағының сыйынған Шәйдакибин деп тасласын-ә!» — деди кендирдиң қоғын қасаң геўишли оң аяғы менен тепкилеп-тепкилеп. Соң тағы: «Өзинде жүрек жоқ!» деп нықлады.

Әне, оған усы гәплер қамшы бола қойды. Кумингердиң: «биреўлер жәбир берсе тикке өзиме кел!» дегенин де есине түсип кетти. Енди ғаррыда отырып парасат болмады, кемпирге де қыйсайып қарамады, жаў кийимин жыйынлық шапаны менен де алмастырмады. Орынынан еплеп турып, қолының шаңын қақтыдағы дәрьялық таманга тарта берди, әдеп әсте-әсте жүрди, соң, тез кетпесе қыялланып, қалып қоятуғындай туйылдыдағы адымын шаққанлатты...

4

... Бәлент көктеги жулдызлар, ғаррының ойынша, күндегиден гөре тас төбесине жақынлаңқырағандай, онша алыс еместей, лийкин, суўық хәўижге минген сайын сәўлелери шатынаңқырап-шатынаңқырап, патыраңқырап-патыраңқырап шығып, аспан әлеминдеги түнектен жарқыраған бул сыйқырлы нур дәреклериниң қайсысы ири, қайсысы майда екенликлери де айқынлана баслағандай туйылды.

Ыраштан түскеннен соң зымыраған зәхәрли самалдан питегене ыққа түскенин ғарры да, суўықтан есеңкиреп киятырған изиндеги еки нөкер — Аман менен Ораз да абайлаған еди. Тап, усы пайытта суйық жыңғыллықтың арасынан жылтырап, өлимсиреген жақты көринди.

— Жеттик пе?! — деп, алды менен Ораз сергекленди.

— Жеттик, — деди ғарры, селқослаў. Оған асығыўдың түк кереги жоқ еди. Ядына бирден қуран текшениң оң таманында, текшеден зәрре жоқарылаўда қыстырыўлы турған сүўрет елеследи. Кумингердиң: «жолым түссе өзим бир соғып өтермен» деген гәпине бола, «келсе, алды менен сүўретти жоқлар» деген ойға



кетип, сүўретти ғаррының өзи қыстырған еди. Енди соны «мынаў еки доныз жыртып-жыртып тасламаспекен! Оннан соң Кумингерге не деймен?» деген ойы ғаррыны хәўлықтырды. Усы ўақытқа шекем күттикүтти, бул Кумингери келе қоймады. Сөйтип жүргенинде басына түсип атырған саўдалар ғой бул! «Тап усы пайытта келе қояр ма еди!» деп әрман етти. «Қасында Досжаным менен Бағдияр да бола қойса мына еки доңыздың пирин арқасына таңар еди-аў! Усы, бала, келип қала коймаспекен!» деп умитленген сайын кеўлине, әлле қаяқлардан бир дойнақ дүбири еситилип атқандай болып, жағын таңған шымшық көз шытты қулағының тусынан түриңкиреди. Негедур, дойнақ сести пышақ кескендей тыйылып, дойнақтың емес, жүрегиниң дүрсилдиси өзине еситилди.

— Кемпир еле жатпаған екен ғой сорлы! Күтип отырған ғой, базарлық орынына, баласынан жыллы хабар орынына басына қулпет апаратырғанымды ол бийшара қайдан билсин, — деген ойы көп жыллық қослас болған зайыбын ең кийели хәм әдиўли бир нәрседей аятып, жүрегин бурынғыдан да бетер дүрсилдетип жиберди.

Әйнектиң жақтысы кем-кемнен айқынласып, жолы қурығыр, хәкисине, кем-кемқен өнип баратыр.
Ал, буған болса жолдың өнгениниң тап усы сапары түк кереги жоқ еди. Бул айнаға сол сапары шәўкилдеп келген жүрек усы сапары қорқыныштан хәўлирип дүрсилдейди! «Сол күнлер де бир қайтып келер ме екен?! Кемпир тағы «хәўўа, ғарры, сен жин урғандай маңғурланып, кеттиң де бардың! Сөзиме шыдамай дәрьяға бойын таслап, өлип қала ма деп, жаным қалмады-аў, шабазым! Қорқыт, ққорқыт дегенге сөйтип қорқыт деп пе едим, дизимде димар қалмай, жығыласүрнигө дәрьяға жуўырып барсам, жағада я айдыңда сен жоқсаң! Қәдириң буншелли өтпес, алкелиншек жылларымда дийдарыңды ең болмаса бир көрнўге буншелли ынтықпаспан, шабазы-ымм, ынтықпағанман!» деп жылап жиберер ме екен!..» деген ойы көкирегин елжиретип, ешейинде елестирмей жүрген кемпирин хәршеңкиден бетер минут сайын, секунд сайын сағынып баратырғандай сезилди.

...Дуры-ыс, сол сапары кемпириниң қорққаны дурыс. Жағысқа жығыла-сүрниге келгени де дурыс, жән-

жаққа жуўырып, «Ҳә-ә ғарры-ы!» деп, даўысы тарғыл-ланып, жылап бақырғанларын сонда ол бул ғаррыға қәдирли екенин билип, кейисем жүрегимди айтпады, «қәдирли екенин билип, кейисем жүрегимди жарыў ушын-ақ дәрьяға жуўыра берер, нашар балаға сабыр сақламақ, салмақлы болмақ керекдур, ер адамға сыр алдырсаң, булар шыйыра береди, қорққанынды билсе, аяқ тапылдата береди,» деп, өзин зорға басып отырды. Қоян төсеп шәўле писирип еди сонда, бир өзиниң тамағынан өте ме, жабыўлы қақпақ жабыўлы күйинде тура берди. Кемпир болса гә сыртқа шықты, гә ишке кирди, сирә бир жерде қарар таппады. Мәрзияның үйине келди. Мәрзия азанлы берли төсек тартып жатып қалғанын, жаман түслер көргенин айтып атыр. Ғаррысы менен алағада кемпирдиң булар да қулағына кирмеди. Өзиңниң басыңның қайғысы қара қазандай болып турғанда биреўдиң қайғысы қулағыңа кире ме! Ҳаялға тил ушы менен: «ҳе, ҳе, жатып қала қойдың ба?» дедидағы, Аллаярға: «Дәрьяның бойынан хабар алайық, өлген болса да, тири болса да хабары дәрьядан шығады. Жүрегим бир түрли болып баратыр!» деп, зәўлим салып, қапылтқан еди.

Аллаярға кемпирдиң бул ҳалаты әдебинде күлкили көринсе де дәрьяға жетемен дегенше «аҳ-уҳ!» деп, «шабазым!» лап қамсығыўларын көрип, ҳаўлықты.

Дәрья бойы, тап усы бүгинги түндей, бирақ тасқаранғы еди. Суўаттан шыға шапқан бир дүркин падалы қорсылдасып тусынан өтип кетти. Кемпирди ҳәсиретинен қорқыў питегене сейилткени менен, көкирегине түпиринип алған соң «шабазым!» лап гүңирениўин тағы тәкирарлады.

Кемпир гүз түскели бүгиннен басқа күни дәрьяға изеп басқан емес, өрмек ҳәлек, бул ҳәлек. Жазы менен қайығы туратуғын жасқаға келип: «Мине, қайығы жоқ шабазымның, оған бир гәп болған!» деди даўысы дириллеп. Бирақ, гүзден бери былай-былай қатынап турған, белгили-белгисиз басбашылар, қашқынлар менен урылар минип кетиў қәўпи болған соң, көзиниң ағыўқарасындай жалғыз қайығын ғарры Аллаяр менен келип, адам бендеси билмейтуғын бир жерге бурынырақта келип тығып таслаған еди. Буны әдейин излегенде де басқалардың табыўы қатты қыйын. Қайықты бүркеп атырған торанғылдың тамыры тик жарда аспанға қарап атқаны менен, еки адамның қушағы жеткисиз жуўан өзеги тик жар ҳәм айдынды үш мүйешли қолтық жасап тутастырып атыр, торанғылдың уша басы суўға тийсе де берги жағындағы балтырдай-балтырдай ербек шақалары жамбаслап жатқан өзектен анаў аспандағы емески жулдызларға қыйсық-қыйсық қолларын созып атыр, ғарры усы өзектиң үш мүйешли қолтығына қайығын тығып еди. Кемпирдиң жаздағы орынын көрсетип, «шабазымлап» турғанын, қайық ол жерде емеслигин билсе де Аллаяр бирден айтыўға қорқты. Егер, жамбаслап жатырған торанғыл қайықты көпшиктей қолтығына қысып атырған болса, онда ғаррыдан үмит жоқ; үйине қулағырдан аш бүйирди таянып, ўай-ўайлап бара бериўге болады, мәгар, қайық жоқ болып шықса — онда кемпирдиң бул ғарры менен тағы да тақан шайысыўына туўра келеди, ақыры, суўға таслап өле жақ адамға қайықтың қаяғы дәркар!

Соның ушын Аллаяр қайықтың «уясын» көрип алыўы керек еди. Изине ерген кемпир: «Сен қаяққа баратырсаң, шырағым, не ой таптың?!» деп, үрейленип сораса да үндемеди. Дәрьяны өрлеп кете берди. Жантайған торанғыл суўдың үстинде гүдидей қараўытып көринди. Бурынғғы жасқасында қайықтың жоқлығынан «Қыпшаққа кеттиге» жорып, питегене өзин басқан кемпир, Аллаяр торанғылдың түбинен төменге үңиле бергенде: «Айтсаң-ә жүўернемек! Не сум хабар таптың?!» деп, аўызы мүйешленип бақырып жиберди. Кемпирге «ғаррым усыған асылып өлген!» дегеннен басқа ой келген жоқ еди. «Бул, ақылсыз адамды қоя бер, — деп ойлады кемпирге ашыўлы түрде дым үндеместен Аллаяр. — Ҳаў, ойламаймекен, ғаррысы асылып өлетуғын болса, үйдиң дөгереклеринде де, ыраштың аржағында да торанғыл көп едиғо, алабиле усы торанғылға салланбаса жаны шықпай ма сол ғаррының?!!» Лийкин, бала да ақылсызлық етип атыр, ақыры, түнде түўе күндиз үңилсең де бул жерден қайықтың көриниўи мүмкин емеслигин өзи де билетуғын еди ғой, сонда неге үңиле береди! Демин ишине тартып күткен дилгир, бала бир шақадан салланып, төмен түсе бергенде, ышқынды:

— Тилиң бар ма, жүўернеме-ек, не сум хабар таптың?!

— Қайықты усы жерге тығып едик...



4—5515

— Бар ма... қ..қайы-ық...

— Ҳаўә! Қайық турыпты-ғоо! — усыны еситиўи мәт дал, сүйеги гөшке айналып кеткендей, кемпир бирден сылқ ете қатты. — Шеше-е, қайық деп турғаным, жаңаракта қулаған жар екен! Шүйинши, қайық жоқ! — деген қуўанышлы сестин де кемпир еситпеди. Қулап атырған жардың үстине салланып түсип:

— Шеше, көрип турсаң баа, мине, қайық емес, тик жар екен! — деп, теўип көрсетип атыр, сонда да кемпирден үн жоқ. — Тап, атам усы бүгин минип кетпегенде қайық қулаған жардың астында қалады екен! — десе де ләммийм. Бул тынышлық, бул әтирап балаға бирден қорқынышлы туйылып кеткенлиги соншелли, тез қашпаса жайын я қурдым тартып кететуғындай жанталаса шақаларды тасыр-тусырлатып сыртқа шықты. — Шеше-е! — Жақ, кемпир жоқ! Бул ғулғулалы, қорқынышлы жерден тез житиў нийетинде ентелей берген ол бир нәрсеге сүрнигип, етбетинен жығылды, түсип қалған малақайын алыў ушын сүрниккен жерин қармаланған баланың қолы бир нәрсеге «былқ» ете қалды, бул, кемпирдиң ийттиң қулағындай жалпылдап қалған емшеги екен! «Мартыў басты, жүреги жарылып өлди!» дегенди көп еситкен бала тура қашарын да, арқалап қашарын да билмей албырап атырғанында кемпирден гүрсиниўге қусаған бир тиришиликтиң дәреги еситилди.

Қаралай өшип, кемпирди ыраштың басына омбалай-омбалай арқалап шығарғаннан соң барып, бундай тутанақтың бетине суў бүркse сергекленетуғыны есине түсип, ыраштан ентеледи. Суў қайтып, ыраштан дәрья еки жүз адымдай қублаға қашып кеткен еди. Қаралай өшип келген бала малақайын суўға толтырдыдағы, суў ағып питпестен бурын кемпирге жеткенше асықты. Бәри бир, кемпирге жеткенше тысын жазы менен гиркирениң қасында тыщқан тесип кеткен малақайда «ҳүп!» деп бүркерлик бир уртлам да суў қалған жоқ, баланы қыйналдырған бул емес; малпыйған малақайдың өзин силкккенде де бир ушықларлық ләм бар едидағы, оны қыйналдырған нәрсе — сонша жерден арқалатып әкелип, сонша бәлент ыраштан боплам топырақты омбалатып шығарып, сонша жерден суў әкелдирип болып, бурынғысынша сулық болып жатпай. кемпирдиң басын қақанлатып, бөз дәкенесин орап отырғаны болды! Де-



ген менен, ғаррысының асылып өлмей, Қыпшаққа кеткенлиги тақыйықланған хабары бираз кеўилин тоғайтып сергеклендирсе де кемпирде диңкилдеп басарлық шама қалмапты, үйине сүйеп әкелип, есигинен сүйеп киргизип кетти.

Кемпир диңкилдесе, ғаррысы келген таңның алдында диңкилдеп еди. Ғаррының сырттағы ийтине «күшимкүшимлеген», түкиринген даўысын еситип, еки көзи кесадаги көк шайдай ашылып кетти, уйқысы ғой базыбәдар!

Әне, сонда таза келиншек күндегисиндей аяғы шыйрақланып диңкилдеди, есикке шырпынып, сондағыдай тәмбини тайдырмақшы еди, өзине ҳеш кимниң қызықтпайтуғынын, өзин ҳеш кимниң қызғанбайтуғынын қарпайтуғынын, өзин ҳеш кимниң қызғанбайтуғынын аңлап, тая келе билген соң есикти тәмбилеўди де қойғаны, ҳәзир де жоқ тәмбини тайдырыў ушын мәзи қапыны қармаланып атырғаны санасына жетип, өзинен өзи тисиниң кетигин үңирейтип күлди кемпир. Ғаррысын көргенинде алкелиншек күнгисиндей еркелене жазлап, өзин зорға бастыдағы өз қылығына өзи ҳеш кимнен емес, өзинен уялып сала берди. Бирақ, қайтсе де бүгин жарасатуғын еди, себеби, ғаррысына бүгин шексиз сағынышта едидағы!..

Еки нөкердиң алдында айдалып, үйине апат әкиятырған ғаррыда тап усы минутта, усы секундта сондағы кемпириндегидей сағыныш бар. Сонда кемпири бүгин бир күнниң ишинде өзине соншелли дидар қалғанларын айтпаған, ҳәзир дийдар көрисиў несийп еткен мәўритлерде де айта жақ емес, айтыў ойында да жоқ. Себеби, булар ондай нәрсени ҳеш қашан, ҳеш ўақытта да айтыспаған, иштен күйген, иштен сүйген, иштен сағынған, «ўәй, сағыныш ҳәлек!» деп, бирин бири алдаған. Болмаса сол күни де Есжан ғарры кемпирин қуўантқанша асығып келип еди, себеби, оған кемпириниң қуўанышын көриўдиң өзи қуўаныш еди. Солай болса да сонша талып қалғанша қаўетерленип күткен кемпирин бирден қуўандырыўға асықпады. Алды менен қос өгиз бенен ябыға, ешекке от салынғанын-салынбағанын, басбақлы сыйырының саўылып жайғастырылғанын-жайғастрылмағанын, Қутлаяққа жуўынды қуйылған-қуйылмағанын, өзин түк қызықтырмаса да сорап билип алыў — жаңа түскен келиншекти ҳәржайы етип жибермеў ушын үйленген күнлеринде әкеси тәрепинен

ўәсият етилген дағды едидағы, сыртта бир мезгил жүрип келсе елеге шекем бузбай киятырған усы дағдысын ғарры бул сапары да орынлап болып ишке кирди.

Ери сырттан келсе, төрге силкип көрпеше салыў — кемпирдиң де еңкейип есикке түскели берги дағдасы. Кемпир кеўлине хат пенен қәлем болып қалған өз дәстүрине ғаррыдан да садық еди. Ғаррыны төрге шығарып, қонақтай шоштыйтқаннан соң мыс думшениң жамбасына от басты. Чай қайнайман дегенше ғаррысының түске шекем кендир қаққан жаў кийимлерин алмастырып кийгизиўди мақул көрди, әдеп, суў шабырыстырып, шылапшынға бет-қол шайдырды. Соң, жыйынлық болмағаны менен кирсиз кийимлерин алмастырыўға қарады. Әне, усы ўақытта Есжан ғарры шыйырылған бир қағазды қойынынан шығарып, ешек пештиң үстине қойды.

Әңгиме дүканы тырна көз көк чайдың үстинде ашылды. Ғарры балаларының дуўайы-дуўайы сәлемлерин айтты. Чайды ишкен сайын терлеп-тепшип, ҳарғыны шыққан ғарры дәшиўге қарады: «Кемпир жора, — деди айтпаған сөзин биринши мәрте тилине басып: — Бул сапары сен бизге дослық қылмадың. Сен бизге қоз бастың, — қоз басқанда да натуўры бастың! Мен алдымдағы жолбарысты жарып өтемен деп, тас болмаса азыўымды сындыра жазладым!..»

— Ҳаўўа, жудәма азыўың ҳәйран қалып турып еди, — деп бийҳазар дәлкек етти, ғаррысының кеўли шағлығынан әңгимениң изи қайырлы екенин сезген кемпир.

— Мен азыўымның жоқ екенин билемен-ғо, — деди ғарры да. — Сениң әбден түсиниўиң ушын бизиң жас күнимиздеги жалғызақ ҳикаясын есиңе салмақшы едим. Бай-бай, умытқан екенсең-аў, баяғы сен түскен жылында, әйне қаўын писик еди, есиңде бар ма? Сонда өзиң-ғо кемпир-ғаррыдан аўлағырақ қаўын қосқа барып жатайық деп қоймаған! Ҳә-ә, мақаў, күлесеңә! Сонда жолбарыстан бәсип, көткеншеклеп келген бир жалғызақтың бөксеси қосқа тирелгенин, өзиңниң томардың шоғына ғыжлап қызып турған әтөшкирди шийдиң арасынан жалғызақтың қуйрығын тусына «быжж» еттирип басып алғаның танда турып, анадай жерде қақ жарылып өлип атырған жолбарысты көрип, қосқа байбайлап қашып киргениң умытылғаны ма?!



Күлесең-ә, мақаў, сен қоз басыўға шебер зәңғарсаң. Бизге де сөйтип басқансаң қозды! Соннан, сениң басқан қозыңның ашыўына шыдамай, қайықты ортаға шығарып алып, тартып отырдым қос ескекти! Ғаррыңның ғайратын басқа билмесе де өзиң билесең, таяў таяўға, ескек есиўге Бағдияр палўаныңнан қалыспайман! Бағдияр палуаның қарыўлы болғаны менен таяўдан қайықтың ийин қандыра алмайды, оны өзиң де билесең...

— Мен қайдан билейин!

— Билмегениң ҳәм мақул... Ашыў менен жулқынып тартаман ескекти! Ағыстың пәти өзиңе мәлим, ағыс ықлатып ушып баратырған қайыққа қос ескектиң қысымы қосылған соң қайық ытқымай сен ытқыймысаң!..

— Ҳаў, мени қоймайды екен-әй!

— Сөйтип сергеклендирмесем, уйқылап қаласаң...

— Сен жудә қуўжыңлап отырсаң-ғо!..

— Сен бир тыңлап отыра бер, қуўжыңлағанның көкесин еле көресең, сөйтип не қылдың десе? Сөйтип, саған өтирик, маған шын, пәтли ағысқа ықлаған қайыққа еки ескек пәт берген соң, усы, бир сааттан аспай жеттим десем, маған исенесең бе?! Кеминде қырық бес шақырымды алдым деп шамаладым өзимше, ашыў деген жаман-ғо ақыры! Қыпшаққа жақынлай бергенде абайладым, дәрьяның арғы жағының бәрин басбашы қаплап алды ма деймен...

— Қапылтпаш!

— Солардың бәри берман өтсе, Қыпшақ түўе Төрткүлиңе қәўип, Мәскеўге-ғо барып жете алады деп ойламайман. Жолда Шымбай еглемесе жетсе жетип те...

— Қапылтпашш!..

— Не қапылтқаны бар, кеминде елли мың атлы шығар!

— «Мың сағал көрдим» дегендей болды-аў! Аржақбержақтың» барлық яўмытын жыйнағанда он мың шыға ма?

— Енди сен ежесе бермей, тыңлап отыра бер, бағанағы келген шабарманның гәпинде жан бар екен. Басбашы күшейип кетипти!..

— Баллар аман болғайдағы!

— «Қумингерге айтып жер тарттыраман!» деп барып жүрмен-аў, бағанағының Шайдакүп дегени Кумингериндей нешше мың сәрдардың кәмәндияры екен ғой! Ол тек Мәскеў менен хабарласатуғын кусайды, Ленин

менен сөйлесетуғын қусайды. Енди сен билдиң бе ғаррыңа кимлер ис тапсырғанын! Енди сен билдиң бе ғаррыңның кимлердиң дийдарын көриўге минасип болғанын! Бурынғылар «хан көрдим» деп мақтанатуғын еди, мен хан түўе ақ патшаны гөттерип урғанларды көрген екенмен-аў! Сен әне, бизге шоқ басып, сол адамды жер тарттыр деп жиберген екенсең!

— Усыны еси бар адам айтты ма, я бир «дейдидейдиниң» гәпи ме? Өзиң айттың-ғо «Бәриниң қудайы Кумингер екен!» деп.

— Буны маған сол Кумингериңниң өзи түсиндирди.

— Биреўдиң үстинен биреў қарап турған заман, не билиппиз!

— Қызыллар әси кетип атыр. Маған тап өзиңниң ғана Досжаның: «Патшаның үстинен қарадық, ханның үстинен қарадық, алынбаған бир қудай қалды, еле берин оның-ҳәм үстинен қараймыз, аға!» деп қара-ап тур. Оны тәўбеге келтире алмай атырсам, басқа биреўлери де: «бала дурысын айтып атыр, қудайдың-ҳәм үстинен қараймыз!» деп жабырласады, «булар адамды диннен шығарар!» деп қорққаным соншелли, қулағымды басып отыра қалдым. Тап, барғаныма пушайман жедим дейсең, барғаныма пушайман жедим! Сонымды сезди ме, я өкпелеп кетер деди ме, үстиме дөнип, наўаға таласқандай анталап атырған тентек текелерди «тарқасы-ың!» деп бир бақырғанда патыратып жибердидағы соң Кумингердиң өзи жайына ертип кетти. «Жигитлер айта береди, бабай, сизге дининизден без демеймиз, безбе де демеймиз», дейди, «ҳаў, Мәдиярaў, без демесең, безбе демесең, енди не дейсең?» деп атырман таң қалып.

— Дин мәселең өзиңниң жумысың. Бирақ, дәрьяға шыра жағыўың керек! Трибунал деген ниң билесең бе не екенин — әскерий со-от! Катер қайырласа сени де әскер сыпатында сотлайды, демек, сен де әскерсең, әскер болғанда да қызыл әскерсең! — дейди-әй сүйенейин деп барған адамымыз! Даўысында қаталлық бар, бизди әскери билгеннен соң буйырып атырғаны екен ойлап қарасам! «Жа-ақ, мен қызыл даа болмайман, көк те болмайман қартайған шағымда!» десем, ««қашан қызыл болдың, оны өзиң де билмей жүрсең!» деп өжетлесе береди. Көрип жүрсең-ғо кемпир, усы мениң қаерим қызыл!



— Қаның қызыл-ғо, соны айтып жүргендидағы!

— Қан ҳәммеде де, көклерде де, ақларда да қызыл. Олай емес, қызылға усаған бир жерим бар шығар. Әй, мәйлидағы, ким болғанда кимге қандай пайда-зиян тийгизе аламыз, ўа-а-ах дәрий-ға-ай, өтти дәўран, кетти дәўра-ан! Бир қойдың өмириндей өмиримиз қалды ма, жоқ па, оны бир алла биледи. Сол қалған өмирдиң ишинде қудайдың қоллаған бенделериниң бетинен алсақ, дозақы бола жақпыз! Ленинди қудай қуўатлап турған шығар, қуўатламаса ол патшаны қалай жеңди, мынаў қызыллар өзлерин «Лениңниң әўладымыз» дейди екен, билип қой, кемпи-ир, бирлиги сениң бала-ан! «Баламыз қызыл болса түбинде бизди қызартпай қоя ма! Мәйли ғошшым», — дедим Кумингерге. Олар мени аўхатландырды, қызыллар менен қызыллардай болып, гүрсиде отырып, темир қасық пенен ләккиден аўхат жедим, дәм татыстым, енди қызыл болмаған нем қалды. Балаң, Бағдияр, Кумингер үшеўи қайыққа мингизип, узотып салып еди. Өрлеў — бул ықлаў еме-ес, көп күш, көп ғайрат талап етеди, соннан көкирегим қарыс айырылып, ескекти есип киятырғаным!.. Айтпақшы, кемпир, сен усы Ленинди көрдиң бе?

— Ленин түўе Кумингериңди көрдиң бе десе маған!

— Жа-ақ, мен сүўретин айтып атырман! — Көрмесең, пештиң басына қолыңды соз.

Кемпир сүўретти жаздырып көрип: «Пешанасы кере қарыс, қәдди-қәўмети келисип қалған тайпақ бас жигит екен!» деп танлайын тақылдатып атыр.

— Кумингер айтты маған: «Ең қәдирли жерине қыстырып қой, жолым түсип, босағаңнан атлар болсам, төриңнен алды менен усы сүўретти излеймен. Лениңниң орны ҳәмме үйде, ҳәмме дәўирде мудамы төрде болыўы керек,» деп қалып еди; кемпи-ир. Әскер деген ниң жүриўиниң бәнти бола ма, бүгин келе ме, ертең келе ме, күндиз бе, түнде ме, ким билипти! — деп еди ғаррысы сынаў ушын, тап ҳәзир-ақ келип қалатуғындай кемпирге, пай, пуртылас тийди-аў.

...Әне, сонда сол сүўретти куран текшениң оң тамаӊына, кураннан бәлентлеўге қыстырып еди. Ғаррының уўайымы ҳәзир сол сүўрет: «Бул ғана доңызлар Лениңниң қәдирин билгенде үсейтип жүре ме, туўрар да таслар! Оннан соң Кумингер келсе не деймен!» деп бир қобалжыды. Демек, ғаррының еле өмирден, Кумингер-

ди көретуғын демлерден үмити бар қусаған. «Аппырмай, бала, балам қызыл бола турып, сүўретин өзим жақында көрдим, усы доңызлар Ленинди таныр дейсең бе, жыртпас-аў!» деп, тағы өзин басқысы келеди. Ғаррының басында бирине бири қайшы ойлар жылдырымдай қатынар еди. Қапелимде, мусылманның үйинде жанлы мақлуқтың сүўрети болмаўы кереклиги, болған жағдайда буны дининен безген кәпир сыпатында айыплаўы мүмкин екенлиги есине түсип, тағы ҳаўлығып еди. «Айыпласа айыплайды-дә! Бағанағы соншелли қамшыны айыпламай-ақ урды-ғо, не айыбым ушын урды! Өлдим бе соның менен, нәтинде тағы бир мәрте өлимши етер-дә!» деди тағы мәртсинип. «Таяғын жеп жиним бар ма, өлимши етиўге жетпесин булар! Жеткермейин буларды!.. Тек, бала айтқанды қылса болды!..»

— Аман, ҳа Аман! — деген Ораздың даўысы ғаррының ойын бөлип жиберди. — Билдиң бе, биз сол шырашы ғаррыникине киятырмыз, мынаў сол ғарры! Қызыл кәмандирди әкеткен усы!

— Билен-а-оқ, Ораз, билен-аақ!..

— Хә-әә, билмей өл-әә! Егер усы сол ғарры болса, үкиге апарып тирилей тығаман!..

Ғарры, үкиге сүңгип шыққандай бирден сергиди:

— Өлместиң иләжын биз де қылармыз, — деди ишинен гижинип, ғаррының бул ең соңғы қарары, ең соңғы ҳүкими, бул ҳүким ғаррының әжелине болса да, мынаў екеўиниң әжелине болса да, тап усы бүгин, өмирдин усы ғана бир ақшамында оқылыўы шәрт еди...

## 5

... Ғарры көп нәрсени өмирдиң усы бир ақшамында еслегиси келер едидағы, бирақ, оның еслеўге енди ўақты жоқ еди. Себеби, сол бир ақшамның да өзине боларлық машқаласы, азабы менен ләззети, қуўанышы менен қайғысы бор, бир ақшам, дәслепки нәўбетте өзине тийисли болған нәрсесин тиришилик ийесине ислетип алады. Соның арасынша өткен күнлеринди еслеўге, ҳәр бир ислеген жақсы-жаман ҳәрекетиңнен жуўмақ шығарып, алдағы қадеминди аңлап басыўға мәўлетиң бар ма, жоқ па — бул еки талай ис. Адамның адам менен қапелимде дийдарласып қалыўын, ойда жоқта олжаның үстинен түсиўине мензеген жекке-жарым ҳәдийселерди көзгир етип, ата-баба әлписақтан бери-ақ: «дийдар-ғайып, несийп-ғайып» десе керек, усының қасына: «әжел-ғайып» дегенди де қосқанда, бул ғарры таңнан оянғанынан төсекке киргеншеги қыбыр-сыбырына көз жуўырып, өзине өзи ҳәр күни есап берип жасар ма еди, әлле қайтер еди! Бәлким, сөйтип жасағанында жетпис үш жыллық өмирин өмирдиң усы бир ғана ақшамында, оның да санаўлы мәўритлери менен санаўлы демлеринде еслеп атыўдың ҳәжети болмас па еди, не қылар еди! Ақыры, жетпис үш жыл деген аз ба? Соның он екисин ойсыз жасасаң да елли бирин ойланып жасаўға болатуғын еди-ғо! Елли бир жыл-ҳәм аз емес, ақыры! Мынаў ҳәзир музлап атырған Әмиў Аралға бир тамбай елли бир жыл қырғаққа қашар болғанында дүньяның жарпысын ғарқәллезий етер еди! Ақыры, елли бир жыл-ғо бул, аз емес-ғо! Енди бунын бәрин еслеўге ўақыт қайда, мәўлет қайда!..

Болмаса-болмасын, буның менен дүнья жәбир шекпейди, өйткени, бир нәрсениң олқысын толтырыў ушын, тәбият екинши нәрсени-ҳәм жаратып қойыпты. Бүлбилге мың мұқамға қубылдырып сайраўды берген тәбият, сайраўын түсиндиретуғын тил-зибан берген жоқ, бул олқылығын толтырыў ушын сазенде-гүйенде, бақсы-жыраўларының таңлайларына гүмис қоңыраўдың ләззетбағыш сыңғырларын, тиллерине тилланың қуяшқа қубылыўларын берди. Набада, лава тасқынында күл болған Помпеядағыдай бир елаттың турғынлары соңғы мәрте жылап үлгермек түўе, тил тартпастан өлип кетсе, оларды жоқлап көп заманларға шекем қан жылап жырлаўды шайырларға жүклеген, Хийўа ханының сарайындағы адам соятуғын реҳимсиз жәлладқа жетиспеген реҳимлиликти Мунис пенен Агаҳийдиң жүреклеринен табасаң. Ал енди, «Есжан ғаррының еслеўге үлгермеген жақлары асырмай, жасырмай еслесин, тәриплесин» деп, бул тәбият бизди жаратқан екен, уқшатып болмасадағы уқсатып тәриплей беремиз-дә!..

Бирақ, дурысын айтамыз. Дурысын айтсақ, сол, Қыпшақтан Лениннин сүўретин алып қайтқан түннен соңғы күннин азабын өз сөзи менен айтқанда: «бул азап бинәй өмирде есимнен шықпас!» деп еди...

Түн жарпын аўдырып жатқанына қарамастан ғарры да, кемпир де сол күни күтә ерте турды. Күндеги

дағдысына бола маллардың айдаўға жиберетуғынларын жиберди, ешеги менен торы ябысына дорба жалатты. Усы жумысларын ислеп жүргенде де ойы бәкенкөшкилерди көшириў иләжлары менен бәнт еди. Алды менен дәрьяның сайызын табыў керек, соңғы күнлери дәрьяның қай туслары қалай аўып, қай жерлери қайырлана баслағанын есине түсиргиси келди. Тағы «барып көрермиз-дә, соған да бас аўыртып отырайын ба?» деп, ойын тереңлете қойған жоқ. Ишке кирди де шалақ-шулақ чай ишти. Кемпири жаңа саўған сүтин қазанға қуйып жиберип от жағып, өзи ғуби писиўдиң әнжамына кирисип атыр еди, бул дәстүрханның бир шетин қайырып шығып кеттидағы Аллаярдикине келди.

Күн қашшан шыққан болсадағы бул үйдиң тәмбиси еле тайдырылмапты. Бойын сүйреп сыртқа шыққандай шамасы болса бундай ўақытта Мәрзия жатпайтуғын еди. Еле ашылмаған ергенектиң аржағынан суў алыңқырап баратырса да мезгили менен саўылып турған сыйырының көзи, ийесиз қалған малдың көзлериндей ғаррыға жәп-жаман болып телмиргендей туйылды. Ғаррыны көрип, бузаўы мөңиреп сала берди. Сол ўақытта ғаррының ядына кеше Мәрзияның жатып қалғаны түсти ҳәм «ўаҳ-ўақ-ўахх, келин қатты қулаған қусайды-аў!..» деп гүңкилдеди де қапыны ийтергенде ашылмаған соң зулпын сыңғырлатты.

Тәмбини Аллаяр тайдырды, баланың қабағы уйқысызлықтан домбығып кеткен екен. Соны көрген ғарры «усы мәҳәлге шекем тири адам жатар ма?» деген үйреншикли гәпин айтпады.

Ырасында да Мәрзия қатты қулаған екен, ғарры кирип келгенде басын жаўып үлгергени менен орынынан турып үлгере алмай, қаңғалап дийўалға сүйенди де отырып қалды.

— Бай-бай, келин-ай, ақшам хабар алайын десем жаман ырымнан қорқтым, шынтлап аўырған қусайсаңааў! — деп атыр. Соң:

— Сен ертелеў турып, мал-ҳалыңа, чай-пайыңа қарасаң бой ма? — деп, Аллаярды тергеўге тутып киятыр еди:

— Түни бойы аяқ-қолымды уўқалап, жаңа көзи илинип еди, — деди ана баласын ақлап. — Сүйеклериме бир биз суғылып, бир биз суўырылып атыр еди, ҳәзир питегене тәўирмен...



— Тәўир бола гөр шырағым, — дейди ғарры тап, бул бир тәўир болғысы келмей атырғандай. — Мына жалғызыңның алдында ғаўқыйып аман отырғаныңның өзи ғаниймет, шамаллап қалма, сырттың жумысы питеди...

— Шешем пошалап бир-еки келип-кетип еди, қалай, мырзаға аманбекен? — Ҳаял мырзағасын сораса Бағдиярдың да хабарын айтатуғынын биледи ғой, шешесиниң қорқып, бийтақатланғанын да айтпады. Ғарры Қыпшақтың хабарын қысқа айтып, «Бизге берилген тапсырма сондай, тез шыра жақпасақ, әскерий кемелер қайырласа жән-жағымыздан найза шошайтып турып ғана бизди, әндамлы, әскерлердиң соты сотлайды екен! Сиберге күнсибир етип жиберсе де ҳеш гәп, атып жибереди дейди-аў!» деп еди, Мәрзия: «Өйтпей! Өйтпей!» леп, тап, ҳәзир атып жиберетуғындай албырады. «Сизге енди көмеклесетуғын да адам жоқ бул аўылда! Еңбеклеп жетсем де өзим-ақ шыра жағысар едим, тик аяғымнан тура алмай атырғаным мынаў!..»

— Яқ, келин, сен шалабыңды шайқама, бизге жәрдемиң сол — тезирек тәўир болып кет, мен мына Аллаярды алып кетемен, тап ҳәзир...

— Тап ҳәзир кете бериң, ата! Мени сирә уўайымламаң, мен ҳәзир-ақ тәўирмен... — дегени менен, ҳаял ғарры менен бала шығып кетиўден-ақ, сол тикейип отырғанын көтере алмай ҳәлсиреп, дастығына сылқ ете қалды.

Сырттағы салқын, таза ҳаўа баланың кеўлин серґеклендирип жиберди. Ғаррының нәзери ергенектиң аржағынан мөлийип турған сыйырдың көзине тағы түсти. Балаға да исенбегендей қораны өзи ашып, әдеп бузаўдың ноқтасын сыпырды, соң қазығынан шешпестен, шақының тусынан шешип, сыйырды баспағы менен сыртқа шығарып жиберди: «Өз аяғынан отласын-дә қазықта турғанша!..»

Үйине келген соң ғарры Мәҳийда кемпирге ҳәзир еглеңбестен Мәрзияға жетиўди, оған ыссы чай ишкизиўди, ғаңғыр-гүңгир сөйлесип, сәскелик жәрманы сол үйде писириўди тапсырды ҳәм: «Адам адамның кеўилине шыра жағады, адамның зәҳәрин адам алады. Бир өзи жекке қалған адам аўырыўын ойлап аза береди, уўайымлаўына пурсат берме, буған өзиңниң тәўипшилигиң жетеди,» деп марапатын берди.

Аллаяр ескекте едидағы, «дәрьяның қайери сайыз, қайери тереңлигин сен емес, мен билемен!» деп рульге Есжан ғаррының өзи шықты «Усыншелли ен жайып атырган айдынның сайыз жерин билсемдағы өзимниң сайыз жеримди өзим билмейди екенмен!» деди былайырақ шыққан соң ғарры. Ескектеги бала таңланды: «—Ата! Адамның да сайыз жери бола ма екен?!!»

— Адамның сайыз жери дым көп болады екен, балам! — деди ғарры өкинишли епкинде. — Сол сайыз жеринди билип жүрмесең, ығбалыңнын кемеси қайырлап қалады, талабын жүрмейди...

— Не ушын?!

— Себеби, талабынды да жүргизетуғын сол ығбал кемесидур, ол қайырласа, исиңниң аты жоқ, талабың қалай жүреди, исиң қалай өнеди, ис өнбеген соң талап жүре ме, бахтың ашыла ма?!!

— Ата-а, — деди бала ескектиң шалпылын еглеңкиреп. — Бир нәрсе сорайын ба?

— Сорай бе-ер, тартынба!

— Сиз сайыз жериңизди қалай билдиңиз?

— Билгеним жоқ, Кумингер көрсетти.

— Қайериңизде екен?! — деди бала көриўге қызыққандай бақырайып.

— Мына жеримде! — Ғарры көкирегин дүрс еттирди. — Усы қәрам ақты-қараны танымайды екен. Тағы қайеринде десеш?

— Бәсе-е, тағы қайериңизде?!

— Мына жеримде! — Ғарры суқ бармағына өзиниң геллесин шоқытты. — Усыным суў қабақтай бос екен, бунда мий бар десем, суў екен!

Ғарры бирден тунжырадыдағы басын шайқай берди. Бақырайып отырған балаға ғарры басындағы суўдың сыңғырлысын еситиў ушын бас шайқап атырғандай туйылды. Туйылғаны да сол, өзи де басын шайқап-шайқап көрди де:

— Ата-а! — деди өзинен өзи шоршынып. — Мениң де басым сылқылдайды-ғоо?! Суў ма?!

— Суў ғ-оой, шырағым, суўў!

— Онда не қыламан?!! — Бала шынтлап қорқты.

— Мийге айналдыр.

— Сиз айналдырып көрсетин?!

— Енди мениң оған өмирим жетпейди, сенин еле басын жас, — деп, ғарры тағы үнсиз қалды. — Мен



сайызды көрсетейин десем, сен тереңге ура бересең! — деди кейиснамадай. — Өрге ал!..

Бала қанша өрлейин десе де ағыс күш бере жақ емес. Түни менен шала уйқы болғанлықтан қыймылдаған сайын басы ашыған мәйектей сылқылдап, ғаррының жаңағы «суўын» еслете береди, еслеткен сайын сорағысы келип баратыр.

— Ата-а, — деди ақыры, тағы да шыдамай. — «Басың жас» дейсиз-аў, он бестемен-ғо, еле басым сылқылдайды, енди қашан мий болады?

Ғарры умытып баратырған әңгимесиниң аңғарына тағы түсти, түспесе, мына баласы түспегир қыла жақ емес:

— Жасай бергениң менен болмайды, сабақ алыўын керек!..

— Молла көшип кетти-ғо! — Баланың даўысы әри қорқынышлы, әри үмитсизленип шықты. Ғарры не дерин билмей, дағдарды.

— Олай емес шығар, — деди бала, бул ғаррыға «алдап турсаң», дегендей туйылды. — Сиз қуранды қырәхәтке салып оқый аласызғо! — «Сонда неғып мийиңиз суў ҳалында қалған!» дегенди усынысы менен аңлатты. Ғарры тикленип қараса, баланың сораўлы нәзери жуўабын күтип, масаладай жанып тур.

— Молланың сабағын емес-ес, балам, турмыстың сабағын айтып атырман, шырағы-ымм, — деди ғарры күйинип. Бала тағы таңланды:

— Оны ким үйретеди?!

— Турмыстың өзи-и-и...

— Қаша-ан?

— Ҳәр күни аз-аздан үйрете береди.

— Сизге неге үйретпеген екен-әй, ә?!

— Мен бе, мен,.. қалай түсиндирсем екен, мен усы аўылда қайырлап қалғанман, мен де бир өмирдиң дәрьясындағы тегеран дөңге қайырлап қалған кемедеймен... Мен былай-былай шыға алмаганман...

— Ығып кете алмаганман десе-е! — деп мақуллады бала. Ғарры.

— Ҳаўўа-ҳаўўа, — деп шулғынды. — Мен усы қайырда ширип кеткенмен! Былай-былай шықпаған сон, ҳеш нәрсени көрмегенмен, бир күн ғана жасағанман, ўәссалам!..

— Ҳаў-ҳаў! — Аллаярға бул ғарры делбеленип сөй-

леп турғандай, сандырақлап атырғандай көринди. — Ҳаў, олай демең, ата! «Жетпис үштемен» дегениңиз қәне?!

— Жетпис үш жасым қурысы-ын мениң! Сонда тек бир күн-ақ жасағанман, басқа күнлеримниң бәри тек соған усап кете берген. Ҳәмме күнимде тек азанда ерте турғанман, мал-ҳалға қарағанман, сәскелик жарма ишкенмен, түсленгенмен, кеште тағы мал-ҳал, қора-қопсы, тағы аўхат, тағы төсек... Ертеңине тағы сондай, арғы күни тағы! Көргеним бир дәрья, усы дәрьяның балығы, ана-аў шат-шабырдың арасынан аң аўлағанман, егин еккенмен, ўәссалам!.. Қурбандурды яўмыт: «бизлерди бай езип атыр» дейтуғын еди, «бул, езгени қалай, үсиркеўсен, алым-салық, закат-пәкат шәрияттың иси, буған байдың не қатнасы бар?» деп, буған да түсинбегенмен. Ақыры, бизиң аўылда бай жоқ-ғо, ең байы өзим, бул сөз, ырасын айтсам, маған батады. Ақыры, мен ҳеш кимди езип атырған жоқпан-ғо, дуры-ыс, қазыўдың ўағында белдарлыққа өзлеримиз бардық, ақыры, жеримизге суў керек-ғо, сонда езгени қалай?: Бизиң аўылдан мәрдикарға да адам алынбады-ғо! Сениң әкенди алажақ болып шақыртып еди, ол да қашып кеткен бе, бир бәле қылған, болмаса, қамала ма? Бағдияр не де болса былай-былай жүрип, жақсы-жаманды көрип, жақсылық-жаманлықтың не екенин билип, басындағы суўды мийген айналдырып алға-ан!.. Оған мен тап усы, кешеден бери түсинип атырман...

— Еле де былай-былай шыға берсеңиз болады екен.

— Айттым-ғо, мен усы қайырда ултаны ширип кеткен кемемен, биреў бул қайырдан шығарып, суўға салғаны менен де мен суўдың астына шөгип кетемен. Боларым болған, бояўым тозған мениң! Сениң болса, келешегиң алдында. Саған айтар пәндиў-нәсийҳатым, «сондай бир атам бар еди, пүткил дүньядан бөлинип, алақандай бир аўылда, гөр-гүмирашылығының айдынында атаўлап мың жыл жасаған адам-ҳәм «мың жасадым» демей-ақ қойсын дей беретуғын еди,» деп, еслеп жүргейсең, өзиңе жақсы болады...

— Ҳаў! — Гәпти бөлди бала. — Өзи мың жыл жасаса о қалай мың жыл жасадым демейди?!.

— Бай-бай, түсинбедиң-аў, балам! — Ғарры басын шайқады. — Ондай адам мынаў дүньяға қандай сада болып келген болса, сондай садалығында кетеди-ғо ақыры! Көзи ашылмастан, көкиреги нурланбастан, басындағы суў мийге айналмастан биздей болып өтә кетеди-дә! Ондай адам-ҳәм мынаў өмирдиң дәрьясында тереңин таппай қайырлап-қалған бир қайық! Мен жетпис үш жыл жасадым ба! Жасағаным жо-оқ, қурысын ондай өмири! Мен маңлайы қара, ең болмаса өмирдин сайызы қайсы, тереңи, қайсы, соны да билмеппен-аў! Бирақ сен ойлама, менинен ибрат алатуғын нәрсе жоқ деп, ондай нәрсе ба-ар!

— Не, мәселемкиден?

— Мәселен-мениң сайызлығым. Усыған келип, ығбалының қайығын қайырлатпасын деп саған айтып отырман буны, балам! Журттың кемесин қайырлатпаў ушын, мен өз сайызлығымда өзим шыра болып жанып жатаман, гөрде жатсам да сөйтемен...

— Мен бул гәплерге түк түсинбедим, ата?!

— Елеберин түсинесең, тек, усы гәплеримди умытпай жүр, тамам.

— Умытпаў ушын не қыламан?! — деди Аллаяр ырасы менен умытыўдан қәўетерленип. «Ертелеў түсинсең жақсы болар еди-аў», деди ғарры.

— Умытпаў ушын ба? — Бирден ақыл тапты. — Умытпаўың ушын «сондей бир атам бар еди, өз атаўына өзи қайырлап, ширип кетти» деп айта бер, айта бер. Мениң жаңағы гәплеримди көрингенге айта жүр, әне, сонда умытпайсаң!

— Онда сизди масқаралаған боламан-аў!

— Жа-ақ, ҳәр адам өзин өзи масқара қылады. Мен де сөйттим өзимди. Оны сеннен көрмеймен, дым қысынбай айта бер, яқшы ма?

Бала ийегин екшеди. «Ҳә-ә, сайызы да қурысын бунық! — деп ғарры бирден басқы тапты. — Өз сайызымыздан басқа тапқан еле бир де сайызымыз, көширген бир де бәкенимиз жоқ. Сәскелик жарманың ўақты болып қалыпты-ғо?!! — деди ғарры қуяшқа қарап. — Сен де гәпке айналдыра бермеш!»

— Апаў өрдеги бәкенди көрдиң бе?! — деди соң. — Сүңгиген үйрекке меңзеп турысын қара заңғардың! — Бала ғаррының шығысқа созылған қолының ушына қарады. — Көрмей турсаң ба, арты көтерелип, алды суўға шаншылып атыр! Қыяметтиң үлкени сол манда, соны нәзерлеп айда! — Даўысында буйрық бар. Оры-

нынан турды да қайықты қылтыллдата жүрип, рульге өтти. Қайық тап бир орынында турып қалғандай, ғаррының ишин писирди. Өрге баратырғаннан соң бала ескен қайықтың жүриси өнип не жалшысын!

Ғарры бир неше мәрте орынынан түргелип, гүманланған жерлерин таяўлап көрип баратыр; таяў бойламаса:

— Бәри усындай терен болса-дә! — дейди бала. Ғаррыда жуўап тайын:

— Онда дәрьяға шырашының не кереги бар! Шыра жағыў не дәркар?!. Анаўманның толқыны майдаланды, соннан қәўпим бар. Ийтқырланыўын көрмейсең бе, суў да қаралөтиреленди!.. Солай айдаш!..

Бала қайықты силтенген бәкенге бағдарлады да ескекке пәт берди. Қайықтың үстинде қылпылдаған ғарры еки қапталды алмагезек сойқалақлап-сойқалақлап:

— Баяғы заманлары дәрья кем-кемнен қублаға аўнап, ўа-ай ағатуғын еди-аў заңғар! — дейди хәўес пенен. — Қублаға барған сайын ырғалған бағлар, таранған таўыслар, мупарланған мешит пенен медиреселелер...

— Мен «таўысқа» түсинбедим...

— Мен де түсинбеймен, шырағым, ески китаплардан еситиўиме қарағанда бағларға бахыт бағышлап жүретуғын қус қусайды. Сол қус дәрьяның аўған жағына қарап аўа беретуғын қусайды... Илим-ҳикмет те, бәри де сөйтетуғын қусайды...

— Ата-а, — гәпин бөлди ғаррының. — Дәрья ҳәзир қалай аўып баратыр?!

— Соны ҳәзир билемиз! — деди ғарры қайықтың ҳәр қапталына таяўды бойлатып жүрип. — Дәрья ма?! Дәрья, арқаға аўып баратыр екен...

— Сонда, таўыс та арқаға ўшып өтип кете ме?

— Өтип кетеди! — деди ғарры түк ойланбастан, өзин өзи өтирикши етпеў ўшын-ақ. Жүдә исенимли етиў ушын бәнтин де басып қойды:

— Таўыстың арқаға ўшып өткени қашшан!!!

— Сонда неге сизиң бағыңызда жо-оқ?!

— Ҳәзир,.. — ғарры тубалады. — Ҳәзир, балам, айтаман... Таўыс па, таўыс бизиң бағды кишисинип, үстинен өтип кеткен...

— Бул жерде бағ барын билмей-ақ өтип кеткен шығар-аў!..



— Ҳаўўа, ҳаўўа! — Ғарры баланың өзи ойқыт таўып бергенине қуўанды. — Ҳаўўа-дә, аспан деген бәле-ент!..

— Ата-а, — бала қыйналды. — Таўыс енди сизиң бағқа дым келмеймекен?! Келсе, көрер едик-дә-ә!

— Көресең ғой, көресең!

— Қаша-ан?! — Бала бирден асықты. Ғарры тағы тубалап, тапты:

— Ҳәзир таўыс Мәскеў, Петирбор жақларда гурық басып атыр. Соның шығарған шөжелери бизиң бағларға қарап ўшады екен!

— Неше күн шайқайды екен маегин?! — Бала шырпынды, ғарры:

— Неше жыл десе-есе! — деп, балаға көзиниң тирисинде өтирикши болмаўдың иләжын излеп атыр. — Маегин жыллап шайқайды, соң шөжеси шығады, соң биз бетке келеди, қайда-а еле! Оған мениң өмирим жетпейди, бирақ, сен көресең, оған даў жоқ!

— Таўыс келсе не қылады, не береди бизге?

— Таўыс деген, бул, ертеклердеги жигиттиң басына қонатуғын бахыт қусы, әлбетте, бахыт берединағы, илим-ҳикмет береди, елге тоқшылық береди, адамларға меҳир-муҳаббет, инсап-қанаат береди, дәрьяға берекет, елге тынышлық, көлге балық, кеўилге нур,.. өзи бахыт қусы болған соң, не жоқ онда, бәри бар, бәрин де бере береди!.. Баа-ай-бай, мына дәрьяның арқаға аўнаўын қара! Қалай болса солай таяўды жутып баратыр, мынаңқара!..

Ғаррының қублаға шанышқан таяўының жарнысынан асламы суўдың үстинде зоррыйып турды. Бала буны түк көрген жоқ, оның ойы еле таўыс пенен бәнт еди, өзиниң үйиниң дәрьяның арқасында болғанына қуўанып киятыр. Баланы бир ой қыйнар еди: «сонда, дәрьяның қубласы таўыссыз қалса шатақ-ғо! Дәрьяның арқасы таўыссыз заманларда қандай болды екен, қай заманлар ол?..»

— Ата-а, — ойы тилиниң ўшынан зибан болып шықты. — Қублада қайсы ханның тусында таўыслар болған?!

— Искендер Зулхарнайн деген ғайры елдин патшасы басып алғанға шекем-ҳәм бул кәраларда илим-хикмет күтә күшли болған дейди ески китаплардан оқығанлар. Ҳәмир Темирдиң ўағында-ҳәм усы қарағанлардың айбатынан әлем титиреген деген гәп бар. Со-

ған қарағанда сол заманларда болса керек. Ол ўақытлары арқаның адамлары...

— Ҳаўа, ҳаўўа! Не қылады екен?!

— Бизлердей болып, жекке тамларда жасайды екен. Ал ҳәзир олар ҳәмме жерлерин шәҳәрлерге айналдырған да бизлер жер төлелерде, жекке тамларда қалып қойғанбыз...

— Не ушын?!

— Бахыт қусы-таўыс, солай қарап ушып кеткен, балам. Сен енди, балам Аллаяр, ескекти қуры жулқынып тарта берме. Жән-жаҳыңның тереңлигин байқап бармасаң, қайығыңның төсиниң пәт пенен бирден барып, қайырға дицк еткенин бир-ақ билип қаласаң! Сониң ушын, ендиги жағында күштен гөре тапқырлық, тәсил керек, балам, қайығың сонда қайырламайды. Сонлықтан, сайызды шаншып көрсетиў мениң менен болсындағы, сен терең таманнан жүз.

Ғарры баланы орнынан турғызып, әдеп қайырды көрсетип алды. Қайырлы жердиң толқыны майда, суўы қара лөтре. Майда толқын шегинген сайын кийиздиң орнындай қайыр жайыннан арқасындай бир зум көринип кетеди де тағы толқын менен жабылады.

— Әне, соннан сақ бол, соған урсаң, қайтып шығыў қыйын!

Енди олар ширенип тартылып турған ағаш бәкенге қарай қайықты бурып, пәраўан зымырады.

Бул бәкен усы турысында қала бергенде де зияны жоқ, асты терең, катер үстинен пашырлатып өтип кете бериўи мүммин, ғарры буны билмейди емес, билди, әттен, жаңағы қайырға көширетуғын ғаррының басқа бәкени жоқ еди-дә!

Жақынлаған сайын бәкенди ийтерип аққан суўдың сести таў сарқырамасының сестиндей ҳарылдап пәтли еситиле баслады. Арқанлы тумсығы суўға сиңип кетип, артқы тәрепи көтерилип қалғанлықтан пәт пенен келип оған урған суў бәкенниң де үстинен адам бойы жоқары шапшып түсип әтирапын қайнаўытландырар еди; шырашы ғарры быйылғы ағыстың ҳәршеңки жылдағы ағыстан да пәтли екенлигин абайлады, гүздиң бундай күнлеринде жазы менен туўлаған ағыс шабыла-шабыла сабылған асаўдай жуўасып, баяў ағатуғын еди, быйылғысы иләҳийда, демек, бәҳәри де иләҳийда бир бәҳәр бола жақ!



Жоқары шапшыған суў арасынан бәкенниң аламышы анда-санда көринип-көринип кетеди де ғаррының кеўилине шийшең үйге аламыш қулан сүйкенип турғандай сезилип кетеди. Ядына буннан бираз жыл бурын бәкенниң боялыў пурсаты жылт етип түсип, жылп етип шығып кетип атты. Онда ғарры буннан тәўир-ақ жас, сақал-шашына ақ енип те жалшымаған еди. Қайда боялса сонда боялсын, «Кавказ—Меркурий» компаниясының матрослары аламыш етип боялған усы кишкене пирамиданы қурып берип атты. Сонда ғаррының олардың көйлеклерине, дурысырағы, телнячкаларына таңланғаны есинде қалыпты: «Өзлери де жолбарыстай жигитлер екен, көйлеклериниң де жолбарыстай аламышын айт булардың!» деп таңланған. «Әне, бабай, — деди сонда бунын сақалын көрип ғаррыға жорыған, пишини қоладан қуйылғандай, булшық етлери билем-билем бир тышқан қуйрық сары муртлы матрос. — Сен енди, бәкеншик боласаң бизге! Бәкендей бир сайызға байланып жасаған адамсаң ғой, дәрья ағысын өзгертпегенше сениң бәкениң өзгермейди, бизге сайызды көрсетип турады. Сен-ҳәм бир бәкенсең бизге, бизден соңғы жолаўшыларға да өз сайызыңды көрсетип тур!» деп еди. Татарша айтылған бул гәптиң мәнисине түсинбесе де сөзлерине түсинди, лийкин, «ол неге мырс етип күлди!» деген саўалына қанша ойланса да таба алмады жуўапты. Әне енди, сол бәкенди өзгертиўдиң ирети бүгин келип атыр. «Сонда сол найсап мени астарлап урып кеткен екен-аў!» деген хыял да мийине ҳәзир жылт етти. Бирақ көп ойланыўға ўақыт жоқ, бәкен жақынлап қалды! Ўақыт болғанында, биринши гезекте, көширмекши болған бәкениниң жерге қалай бекитилгенин еслеп алыўы керек еди-дә! Ол усыны еслеместен Искендер Зулхарнайынның найзапазларындай таяўын оң қапталына беккем тутып алды, бунын шаныша жақ жаўын, егер ғарры тез жетип шаншып қалмаса, кәрамат бир күш суў астында турып-ақ ултанға сиңирип жиберип, ғаррыдан тасалаўы, бунын «душпанын» сақлап қалыўы ушын жанталаса сүйреп баратырғандай сезилип, сондай асықтырды ғаррыны!..

Балаға алқынғам даўыс пенен қайықты теңкерилген пирамиданың тип-тикке үстине айдаўды, ҳалының барынша ескекти есиўди буйырды да өзи шанышыўға шөкелеген жерин көзинен тайсалдырмай турды! Кеўилине,

қайықтың пәти, ғаррының пәти, таяўдың пәти — бәри жәм болып, дийдилеген ноқатқа бир тийсе тамам — бәкенди суў астына сүйреп баратырған сыйқырлы күштиң қолынан шынжыр сыпырылып шығып кетип, босанған бәкан жибин үзген қуландай ағыстың үсти менен нәраўан хағлайды да ғарры қайықлы қуўалап жүрип тутып алатуғындай көринди. Мине, жаслықтағы жигер ғаррыға әйне усы пурсатта керек еди! Пәт пенен зымыран келген бул батыр «жаўының» дийделеген қолтығына «найзасын» шаныша алды! «Найзаның» бир ушы «шаншылған» қолтықта, екинши ушы «мергениниң» омыраўында дирилдеди. Аяғын ултанға беккем тиреген ғарры «я пиримм!!!» деп, бир-ақ бақырып үлгерди. Тиссиз қызыл ийеги және бир ашылса ийегинен жаңы шығып кететуғындай қатты тислениp тасланғанлығы соншелли, қара шөгирмеге қосыла басы да, аяғы да дирилдеди. Ғарры менен бәкенди қабыстырып таслап айырып турған тал таяў тоғындай ийилип, серипесси жаздырылса тамам, я бәкенди, я ғаррыны шертип жиберe жақ. Ғаррыға бала ескекти дым тосаң есип атырғандай, лийкин, «қаттырақ ес!» деп қышқырайын десе жигере жасып қалатуғындай үнсиз зырылдеди де ишинен қаттырақ есиўин тиледи.

Бетин жуўған тер, бәкеннен шашыраған суў алдындағы бәкен түўе, ғаррыға айдынды да көрсетпей таслады. Ол терден уўдай ашыған көзин тарса жумған ҳалында басларын қалтыратып, сиресксн үстине сиресип теке тиресті. Әйне усы мәўритте бәкен сәл жылысқандай болып еди, жақ, ғарры таяў-паяўы менен өзиниң бурылып баратырғанын байқады, көзин жалп еттирип ашса — қайыққа таяў бойы қубладан қапталласып баратыр екен. Таяўдың тиреў ноқатынан тайып кеткенин билген ғарры суўға қулаўдан сәл қалып, зорға қәддин тиклеп үлгерди де балаға «өрлей кете бер!» дегенди қолы менен силтеп аңлатты. Өзи қайықтың өрлигине отырды да еки ийини барып келип, шөгирмеси менен бетин сүртти ҳәм «әрлеп кете бер, тәсилди өзгертемиз» деди балаға ентиккен даўыс пенен. Бала ҳәйран: «бәкен артта, қайда барамыз!..»

Бәкеннен еки жүз метрдей өткенде қайықты толқынға кесе қойыўды буйырды ҳәм питегене дем ала жағын уқтырды. Лийкин, дем алып жалшытпады. Бунының өзи бир қапталында көзине жумыс көринип турса



тақат таппайтуғын бийпарасат адам еди. Анаў көз ушындағы суўға шаншылған бәкен суўға емес, көзине шаншылып атырғандай бәле көринди. Қайықты қылтылдатып, баланың тусынан рульге өтти. Соң қайықты бурып, мергенлик көз бенен бәкеннин шашыранды суўдан қарайып көринип атырған сүлдерин қайыққа гөзлетти де:

— Муқым тыңлап ал, — деп түсиндире баслады ентиге-ентиге. — Таяўды маған қайымлап қой, ала умтылатуғын болайын! Рөлдиң былай-былай бултарыўына пурсат берме!..

Ғаррының не қылажағын түсинген бала: «Онда бәкенди қалай ийтеремиз, ҳаў!» деп еди: «Ҳаўына шортап! — деди ғарры. — Исиң болмасын, айтқанды қыл! — Бала ийегин екшеди. Ғарры даўамлады: — Жақынлаған сайын жаныңның барынша ес! Пәтли ағысқа пәтли ескек қосылса рөл бултармайды. Бултарттың бар ғой, кеттик биле бер! Оның жолы армаған, таяўды қолайлап қой да ескегиңе отыр!

Бала бунысын булжытпай орынлады. Ғарры абайлап барып, қайықтың өрлигине өттидағы, тасыр-тусыр таяўды алып, бағанағысындай етип гезенди ҳәм қайық дуппа-туўры зымыраған сайын биреў өтлеў тамырын таўып басып атырғандай балаға ыразы кейипте: «ҳәй бәрәкәлли балам!» ын жеткерип турды. Аралық отыз адымдай қалғанда:

— Жулқы-ын, жулқы-ын, жаныңды аяма-а! — деп қышқырды қырылдаған пыснақ даўыста; бала жин урғандай жулқынды, шынында пәтли ағысқа пәтли ескек пәт берип, қайық көз илмес дәрежеде қурдым тартқандай ыққа ытқыды. Таяў созым қалғанда жардай бир толқын келди де бәкенниң үстин басып кетти; көзи толқыннан басқа түк көрмей қалған ғарры тәўекел, таяўды силтеп үлгерди; қатты бир нәрсеге таяўдың ушы тийгенлигин ғарры дәстели алақанларының қалтыраўынан-ақ абайлап қалды, болғаны, сонын арасынша қас қағым ўақыт өтти ме, өтпеди ме, оны ҳеш ким билмейди, билгени тек — қайықтың өрлиги көтерилип баратырған екен! Соң аспан астан-кестен, аўдар-теңкер болдыдағы, тула-бойы жуўлап, қулағы герең, еки көзи көр, бир жутым ҳаўа жалғызынан-ҳәм татлы бир аўҳалда өзиниң суў астында екенлигин сезинди. Бул дүнья, усы дүньядан гүдерди үзиўи керек пе, керек

емес пе, бундай ой оның хыялына келип үлгермегениндей-ақ, «өлемен» деген ой да оның санасына жетип үлгерген жоқ, санасынан бийғарез, бәлким, биймақсет те шығар, бәлким, мақсетлидур, еле өлип үлгермеген аяқлар, қоллар тирилигинен дәрек берип, сермене берди, сермене берди! Бир ўақытта ол суў астында қатты бир нәрсени өзиниң теўип жибергенин сезди, ҳәтте аяғы «диңк» етти, бирақ, бул «диңк» еткен сести оның қулағы еситкен жоқ, жүреги еситти, соны еситиўи мәттал, өзиниң жоқары шығып баратырғанын-ҳәм абайлаған тәризли; лийкин, сол жоқарыға жарқ етип шығаман дегенше мына өкпесиндеги ҳаўа — ғарры ушын бир әсирге татыған ярым ғана минут алдын бул дүньядан соңғы мәрте жутып шүмген ҳаўасы жете ме, жоқ па, ийектен жан бурын шыға ма, я жақтыға өзи бурын шыға ма, — әне, усы кәрасын ол анық билмейтуғын еди; бир ғана жутым ҳаўа ғаррыны да, жанды да шығыўға асықтырар, жанталастырар еди. Ешейинде бес кулаш, бар-ә, он кулаш арқан емин-еркин жете беретуғын дәрьяның ултаны менен айдынның жүзиндеги аралық бес-он қулаш емес, бес жүз-мың шақырымға — адам бир өмирде пияда жүрип жете алмайтуғын аралыққа айналып кеткен тәризли.

Ғаррының зоңқ етип сыртқа шыққанын көзинен де бурын аўызы сезди; соншелли жан ҳәўлетинде жанталасып ынтыққан мынаў жақты дүньясынан «ҳа-ап» етип, бир симирим ҳаўаны ийттей жулқып алған да ғаррының кең ашылған аўызы едидағы, төбесинен шапшыған толқын көзлерин еле аштырмай атырған еди. Ығын кетпеў ушын асылғандай бир зат излеп сермеленген қолларына ағаштай қатты бир нәрсе илинди. Ғарры бунын ағаш емес, ултан менен бәкенди тутастыра шертилип турған шынжыр екенлигин, өзиниң усы шынжырға ешекке мингендей минип турғанын, ҳәтте аяқларының санасынан бийғарез ашырым алып таслағанын-ҳәм сезди; өйткени, өлдим азарда жутанып жутқан бир жутым ҳаўасы тек ғана жан емес, санасын де ендирип үлгерген еди; әне, усы сана айтқан сон, үкен машақат пенен болса да көзин ашты ҳәм шашырап атырған, үстинен ентерилип ақтарылып атырған суўлардың арасынан булдырап көринсе де, әжайып бир жақты дүньяны көрди, бул дүньяның әжайыплығы соннан ибәрат — бунда Күяш, Қуяштан-ҳәм бетер Ҳаўа



бар еди! Ол дүньядан бунын парқы да, артықмашлығы да усында еди-дә! Усы әжайып дүньядағы әжайып дәрьяның әжайып емес бәкенине төңкерилген қайықтын, тап бир сирисинен бақанға қыстырылған қасаң геўнштей илинип турғанын көргендеги әжайып сезимлерин айтпайсаң ба! Толқынның төңкерилген қайыққа, бәкенге шапшып шалпылдаған шаў-шуўының арасынан ғаррыға:

— Ата, ата-а! — деген сес буўлығып шыққандай болды, ғаррыға сол ўақытта ғана өзиниң жекке емес екенлиги ҳаққындағы ой сап ете қалды ҳәм әтираптан алақлап Аллаярды изледи.

Аллаярдың даўысы ықтан шықты:

— Ата-а, мен... қайықтың арқанын услап турман!

— Бек бо-ол! — деп бақырды ғарры ҳәм өзи төңкерилген қайықтың ҳаўада солтаңлап бос турған рулине жармасып шықты; шыға сала сес шыққан жаққа қараса, бала қайықтың бас жағынан бес қулаштай арыда. Ғарры асығып-албырап даўыслады: — Әсте-әсте саўмалап келе бе-ер... Қойып турр, саўмалама, мынаның шығып кететуғын түри бар! Мен үстине салмақ салып алайын, оннан соң саўмалайсаң! — Диңке-димары қурып қалған ғарры қайықтың рулиниң үстине кесе тасланған сең-сеңи тондай омыраўын арттыдағы: — Ал енди, саўмала, саўмала-а! — деп бақырды. Ғаррыда ық етерлик шама қалмаған еди; ол баланың саўмалап-саўмалап келип, қайықтың жалпақ ултанына жармасып атырғанын көрип атты, созайын десе, я диңке, я созатуғын зат жоқ.

«Шықпас жанға бир себеп табылады» деп, ата-баба усыны айтқан шығар; әйне усы мәўритте, қайдан келсе соннан келсин, ықтан еки қайық бирден зымырап келе берди. Дос па, душпан ба, — қызыл ма, көк пе, усы мәҳәлде ғаррыға бунын түк парқы жоқ, тек, мына апаттан қутқарса болғаны еди. Олардың ким екенин еки қайықтағылар жапа-тармақай келип, кими ғаррыға, кими балаға жармасқаннан кейин де абайлаған жоқ, дурысырағы, абайлаўға талапланған жоқ. Келгенлер буларды суўдан алып, өз қайықларына мингизди; соң ҳәммеси жабылып, бүккесине түсип атырған қайықты қайтадан шиккесине қойды, я ескек, я таяў қалмаған бул қайықты бир қайыққа тиркедидағы, жигитлер жағаға тартты. Ийеги ийегине тиймей сақылдап

отырған ғарры да, я жыларын, я қуўаныштан күлерин билмей отырған Аллаяр да тек мына нәрсени ғана абайлады: еки қайыққа бөлинип минген он жигиттиң түри-түси усамағаны менен барлығының да кийими бир таўықтың маегиндей бири биринен айнымайтуғын, гилең маңлайында жулдызлары жарқырасқан соппашлы, шинелли ҳәм мылтықлы, шетинен Кумингерди еслете беретуғын ғошшақлар еди.

Бир тамаша жери — булардың биреўи биреўине жағаға жеткенше де түк үндескен жоқ, не қылыўы кереклигин ҳәмме билип баратырғандай, ескекши менен ескекши үнсиз алмасады, ескекке дем берместен дөндирип еседи де онысы шаршап үлгерместен екиншиси тайын.

Сыртқа шыққан соң да апатқа ушырағанлардан сирә: «не қылған адамларсыз, не қыла жақ едиңиз?» деп сораған ийт болмады. Жамбаслап атырған тораңғылға қайықты да үнсиз әкелип байласты.

Ғарры менен баланы зирдеклетип қырға шығарды да: «Идите по домам!» деди биреўи. Ғарры өзин дөгереклеп турғанлардан: «Не деп атыр?» — деп сорады, лийкин, ҳеш ким: «пәлен деп атыр» деп түсиндирмеди. Тасыр-тусыр қайықларына минип, кетти де қалды. Ғарры менен бала да маектен шыққан шөжедей тик жарда зенирейисип излеринен узақ қараўға шыдай алмады, күн батар алдының кем-кемнен күшейип баратырған суўығы, кийимлерин сығып кийиўине де пурсат бермей, малпақ-салпағы менен зирдеклетип, аўылға қарай жуўыртты.

Буларды көрип қорқып кеткенинен әдебинде байбайы жер жарған Мәҳийда кемпир, бийшаралардың бул қурақым аман қалғанына кем-кемнен қуўанып, еки үйдеги үш бийтапқа мәкидей жылпыллап, табақ қатынатыў менен, ошақларыно томар қалап, еки үйди моншаға айналдырыў менен аўара болып жүрди.

Жас тулға жаслығына барып, Аллаяр ертеңине-ақ түк көрмегендей тик аяғынан басып, ғаррыникине келди. Жайдың ыссылығы сырттан киргеннин демин қайтарарлық дәрежеде тандырдай ҳәўирли еди, соған қарамастан басына Досжанның гөне әскерий соппашын басып кийип, сең-сең постынға оранып, торақ суў ишип атырған ғарры: «Бул қурлым тәўир екенсен, түпәләм!» деди ҳәм келининин ҳал-жағдайын сорап билип, соң



өзинин аўҳалының еле аўыр екенлигин айтты, қара курашын дәрьяның ығызып кетип, жаланбас қалғанына, лаәйлаждан Досжанның әскерий гөне соппашын кийип, «гүнаға батып отырғанына» қыйналды.

— Түни менен аяқ-қолым, сүйекпе-сүйегим от болып өртенип, кирпигим айқаспады! Түнде бир кәтир өттиғо, үш ирет бақырды, еситпедиң бе? — деп сорады баладан. Бала еситпегенин айтты, ғарры: — Онда денсаўлығың шүкир екен, уйқылай алыпсаң! — деди қуўанып. — Сол кәтир неге үш ирет бақырды, бурын бир ирет бақырса бақырып, болмаса тым-тырыс өте беретуғын еди; сен дәрьядан барып бир хабар ал, сол кәтир кешеги бизлер көрген қайырға тийип қалды ма деген гүманым бар! Үсти-үстине үш бақырды-ә, неге бақырады қайырламаса! Бар, балам, бар, кешегилердин кәтири болып жүрмесин, — деп, қыстастырды.

Дәрьялыққа кеткен Аллаяр түс болмай-ақ қызық хабар таўып келди:

— Қайырлап атырған кәтир жоқ, бирақ, кешеги бәкенди толқын қырға шығарып таслапты!

— О қалай?! — деп таңланды ғарры. Бала еки ийнинин қысып, алақанларын «қайдам?» деген пишинде жайды. — Бизлер сонша күш салып, қырылып қала жазлапек-ғо, «тамыры» беккем еди.

— Қатер өткен болса, сол сүрип кеткен онда!

— Әне, әне! Сен жаңа таптың! — Ғарры қуўнақланды. — «Тамыры» солқылдап турып еди, — деди әдепкисинен тайып. — Сонда да бизге күш бере жақ емес еди, орыслардың кәтири тамыр-памыры менен жулған екен-дә! Шынжыры бар ма?!

— Билмедим.

Аллаяр кеткеннен соң ғарры шөгирмесин де сорап көрмегенине өкинип жатты. Ақыры, сонша лабыр бәкенди қырға шығарып таслаған толқын оның қара шөгирмесин-ҳәм серпип таслаўы мүмкин еди-дә!

Күн батардың алдында Аллаярды кемпирине шақыртып:

— Сен сол бәкенди бир жерге байлап кеттиң бе, я өз аўанына қалды ма? — деп сорады. Бала өз аўанына қалғанын айтты.

— Суўда ма, қырда ма?!

— Суўда да, қырда да.

— Түсинсем, буйырмасын, жөнлеп айт!

— Бир жағы суўда, бир жағы қырда жатыр.
— Ығып кеткендей итималлығы жоқпеди?!
— Жа-ақ. Биреў ийтерип сала қоймаса, суўға өзи түсе ме? Дәрья болса, кешегиден де тәўир- ақ тап таслапты.
— Ҳимм, онда ҳеш гәп болмас. Ол бәкен еле керек. Ал енди, қырға өлип атырған қара ғарғадай бир нәрсени шығарып тасламап па? — деп күлди. — Атаң жаланбас қалды-ғо!
— Басыңыздағы да жарасады екен, — деп кетти бала.
— Түпи менен ғаррының ядынан баланың «дәрья бурынгыдан да тап таслапты» дегени шықпады. «Қайыр көбейеди, шыра жағыў керек, шыра-а!..»
Бирақ, оның шыра жаққандай шамасы жоқ еди, көзи сәл илинсе күни кешеги ғана өзин, баланы, қайығын, тап ертеклердегидей, дәстанлардағы Қыдыр аталардай ғайыптан тайын апаттан кутқарып кеткенлердиң катерлериниң қайырлап атырғанлары елес-елес берип, уйқысы чайдай ашылып кете берди.
Үшинши күни кештеги баланың әкелип берген қырғаўылынан ғарры сорпа таярлатып, өзи еккен қызыл бурыштан үшеўин дизбектен сыттыртып алдырды да ағаш қасықтың арқасы менен өзи бир табақ сорпаға уқшатып езди. Бурыштың ашыўынан қасында отырыўға шыдамаған кемпир «уўығып өлер бул!» деп қорқып еди. Жақ, ғарры арақ-арақ терге түсип, кептирип бериўи ушын көйлек-дамбалын шешип берди де үш-төрт көрпени үстине қабатлатып жаптырды. Сол сол екен, пырылдап уйқылады, уйқылады, таң алагеўгимде кемпир оянып: «Демигип өлип қалған жоқпекен!» деп, көрпелердиң қабатларын ашып қараса, орнында ғарры жоқ! Кийимлери де, постыны да жоқ! Соның арасынша тамбас дүсирлеп, «ҳалын билмейди, тағы аязлап қалатуғын болды-аў!» деген гүдик пенен кемпир геўишин салпылдатып, бешбентин жамылып сыртқа шықса — қыстың бир күни! Шымыры аяз зәрре ашық жерди шымшып алып атырған! Қарасын көрмесе де тамның басындағы ғарры таман ийегин көтерип: «Ҳа, түссең бой ма? Жаныңа реҳимиң жоқ па сениң?» деп даўыслады. Аржағынан келген ғарры, жуўап орнына:
— Қаша былай, басыңа түсип кетпесин! — деп бақырдыдағы, бир-еки гөне ескек ҳәм таяўды изли-изинен таслады. Кемпирге ишкерилеп, тез чай таярлаўды буйырды, өзи зәңгиден еплеп басып төмен түстидағы: «келиннен хабар аламан,» деп кетти.
Тап бир-еки күнликтеги көринис қайта такирарланды: сыйыр сондағысындай көзин мөлийтип қарады, ғарры бул сапары есиктиң тәмбисин тайдырытпастан бурын-ақ сыйырды да, басбақты да босатып жиберди. Бирақ, бул сапары үйдиң есиги ашық екен, демек, адамлар ояў, жаңаракта ким де болса сыртқа шыққан. Ғарры өз болжаўының дурыс екенлигине ишке кирип, төрдеги терлеп-тепшип чай ишип отырған аналы-балалыны көргеннен кейин исенди. Хаял ғаррыны төрге шығарып болып:
— Өйппей, ата, — деп қысыныспасын айтып атты. — Сизден хабар да ала алмадым, бүгин питегене қалқыйып отырман, ҳәзир кирип шығыў нийетимде бар еди, өзиңизди көрип қойдым-аў!..
— Сен өйтип, бизди қысындырма, келин. Мен де жетейин десем, жете алмай, кемпирден аўзы-жағым тынбай сениң аўҳалыңды сорап аттым. Сөйтип, дәтим шыдамай келгеним еди, қалай енди, шүкирлеўмисең?.. Ҳә, бәрәкәллә, усы отырғаныңды көргенниң өзи бизге ғаниймет, шырағым. Биз бир тозған адамбыз, жатамыз да, турамыз да. Сен ис қылып, өзиңди күт, балам, әйне қара жерди қайра-қайра басып жүретуғын ўақытларың, басың жас, қаран, күтип! Бизиң кемпирдиң тәўипшилигине онша исене бермей-ақ қой, оннан өзим зор болып шықтым, — деп, үш бурыш езип ишкенин, сөйтип тәўир болғанларын мақтаныш пенен айтып:
— Буннан да питегене дүзелиңкире, даяныңқыра, — деди. — Ешектиң үстинде отыра алғандай болсаң, орап-шымқап, Қыпшақтағы түркмен қыз тәўипке өзим көрсетип қайтаман, — деди жеделленип.
Булар чай ишиспени усы жерде тамамлады. Ғарры чай ишиў ушын өзиниң үйине кирген жоқ. Бала екеўи ешекти ертлеп, белине Назарбайдың журтында қалған еки гиркирени теңлеп, артып, ескек, таяўыларын алып, дәрьялық таманға келди.
Гиркирениң ҳәр жағы батпандай бар еди, ғарры теңди көтерип түсире алғанына мардыйып, қайықты шешип атырған балаға:
— Атаң еле өле жақ емес қусаға-ан! — деди, «усы кеселден қайтыс боларман» деген ойы қорқытып тас-

лаған ғаррының өзи ушын айтып турғаны үлкен бир жаңалық ашқандай туйылар еди. Бала ғаррының бул гәплерине онша итибар берген жоқ, жуўап та қайтармады. Жуўан қыл арқанды жаздырып, гиркирениң бир жағын қайыққа қарай дөңгелетип кетти. Ғарры ешегин тусап жүр.

Олар бәкенниң тусына қайықлы келди. «Дәрья кешегиден де тап таслапты-ғо! Кеше бәкенниң жартысы суўда жатыр еди, бүгин тасырайып сыртта қалыпты!» деди бала. Ғарры гүзде суўдың усындай болып қайтатуғынын, бәҳәрде және тасыйтуғынын айтып атыр.

Ғарры бәкенди аўдар-теңкер етип көрди. Тоғада шығанақ бойлы ғана шынжыр қалыпты, суў тасымастан алдын көп заманлар жерге тийип жатқан шынжырдың ширигенлиги соншелли, бир тоғасын ғарры қолы менен ысқылап көрип еди, қара ширик иримтик-иримтик болып, қалай болса солай тақандай езилип баратыр. Ғарры бунық қалай бәкенди услап турғанына, усы ширик шынжырды да үзиўге шамасы жетпегенине таңланды. Ғарры шынжыр өткерилген нәҳан тоғаға жуўан қыл арқанды байлады да бир ушын қайықтағы балаға зыңғытты. Соң өзи: «атаңда күш ба-ар еле, қартайса да қарекең шапшсын деген!» деп мақтанып жүрип бәкенди тарбаяқлап өңменлей берди, өңменлей берди, қашшаннан суў сиңип қалған лабыр бәкен ҳәр қыймылдаған сайын гәпи жаңағы; «атаң өле жақ емес еле, түпәләм!.. Күш ба-ар еле, түпәләм!..»

Еки-үш күнликтеги сонша машақт пенеп тапқан қайыры аңғардың арқаға тез аўнаўынын кесапатынан үйдиң орнындай дөңесленип қалыпты.

— Ақ-қарасы айырылған нәрсениң зияны жоқ. Буған соға берип, кемедегилердиң көзи жоқ па! Ҳәр бәле үстине суў жайылып атырған, сайызлығын жасырып атырған сайыздан келеди, кемени жылжытпайтуғын да солар, апат келтиретуғын да солар! Және, тереңге қусап алдап кесилиўин қара булардың! — деди ғарры көринген атаўшықтың шығысындағы бир жайылымды таяўлап көрип атырып: — Бул кәралар да бир-еки күннен тасырайып қалады, сонын ушын еле де арқаракқа ал!

Бала қайықты көрсетилген жаққа бағдарлады. Сәл жүргеннен соң:



— Тоқта! — деп бақырды ғарры. — Тап усы жерге таслаймыз.

— Бул жерлер тереқ-ғо, таяўдың жартысынан көби сиңип тур!

— Бүгин терең қусап турғаны менен, ҳәпте өтпей сайызланады! — Ғарры жуўан қыл арқанның бир ушы өткерилип байланған гиркирениң үстинги тасын ширенип көтерди де: «еңкейсем алып кетеди-аў!» деген пәм менен еңкейместен суўға таслап жиберди. Аспанға серпилген муздай суў тамшылары ескектеги баланың мойынынан жаўып, етлерин қус етиндей бөрттирип, түршиктирди. Қайық аўдаңлап-аўдаңлап, бәкеннен алысласа берди.

Бул — ғаррының қарамағындағы үш бәкенниң дәл ортаңғысы, енди усыннан үш шақырым өрде, үш шақырым ықта бир-бирден бәкени бар едидағы, ғаррының шырашылыққа зәрүрли бир қабақ майы, бир-еки шырасы өрдеги үлкен бәкенде. Ҳеш қандай стандарт-стандарт дегенди есапқа алмастан, Төрткүлдиң берги жағындағы «Бабай қаланың» усталары адам бойы етип соққан бул көшки-бәкен ғаррының шыра май, күкирт қусаған қыт нәрселерин тиленшилерден тыққышлап қоятуғын оорыны, бунын гилти қысы-жазы ғаррының ышқыр баўына салмағын салып жүретуғын еди. Ғарры ең әдеп, соны барып жағыўды мақул көрдидағы қайықтың басын өрге қаратты.

Олар бул бәкен-көшкиден жаңағы орнатқан бәкениниң сынған фансының орнына бир фанс та алды. «Ляқтағының да майы түўесилип еди-аў, тарса ядымнан шығып баратыр екен!» деп, қулыпты қайтадан ашып, тағыбир фансты майға толтырып шықты. Гилт тағы ышқырбаўдан, ғарры қайықтан орнын тапты.

Күн батўға мейилленгени менен еле әтиреп жақты болғанлықтан бәкендеги жанған шыраның жақтысы сыртқа анық билине бермес еди. Олар ең соңғы бәкенниң шырасын ымрыт жабылып қалған мәҳәлде жағып, жулдызлар патырай баслағанда қайықты жамбаслап атырған тораңғылдың қолтығына тықты.

Екеўи бир ешекке минип, ырашқа өрмелегенде таза бәкендеги шыра узақтан шоқтай ғыжлап көринер еди. Ғарры балаға:

— Ол шыра емес, мен! — деди мақтанып. — «Меннен аўлақ жүриң, мен терең емеспен, сайызбан! Мениң

сайызыма сүрнигип өлмең!» деп, айтып турыппан. Жақсы ма, жаман ба, бәри бир, адамның өмири адамларға шыра болыўы керек, қала-ай, атаң айта алмай ма, ойнама атаң менен, ҳимм! — деп күлди мингесиктеги балаға ойынлы-шынлы. Аллаярға ғаррының бул кеўил хошлығы қатты унап киятыр. — Алеке-е, қала-ай, — дейди өзинен өзи йошланып. — Атаңның кәйпи бәлент бүгин! Өмир дегенниң бәри кешегидей қапыла бермейди, усындай йошландыратуғын да күнлери болады!

Бирақ, ғаррыны да, баланы да йошландыратуғын бундай күнлер санаўлы ғана қалған екен сонда.

Екеўи гә ябыға, гә ешекке мингесип, ҳәр күни кеште шыра жаққан дәрьялығынан әжик-гүжик сөйлесип қайтып жүрди! Ол бир, бахытлы күнлер екен, ғарры сол күнлерин еслегиси келеди, әттең, ўақыт жоқ!..

Ийесиниң изиндеги бийсәўбет, бийтаныс еки жолаўшының ийисин узақтан сезиўден-ақ жатсыраған Кутлаяқтың мурынының ушы жыбырлап еди, олар дүрсилдеп гүдисине жақынлағанда шабаланып үрип жиберди!...

Енди, ғаррының еслеўге ўақты жоқ еди, лийкин, тийисли гәп айтылыўы керек...

## 6

«Қылышын сүйреп қыс келди» дейтуғын еди халықта. Ғаррының кеўлине усы быйыл бул аўылға — дурысырағы, аўыл аты қалмаған еки үйге қыс қылышын сүйреп емес, қылышын жалаңлатып келгендей туйылды. Ызғырық самал етекли елдиң қатарында қолтықтағы еки үйдиң тамларының басындағы от гүдилерин жулқып, ашық-тесигинен ишкериге ҳүўлейди.

Ғаррының Аллаярға айта беретуғын ыссы самалы Қыпшақтан да, Шымбайдан да, Шаббаздан да, Төрткүлден де бас пүкил ескенди қойған тәризли. Қайтама төрт тәманнан ысқырған ысырапыл күннен күнге ҳәўиж алып, күннен күнге гүжийди.

Енди, қыстың аты қысдағы, ыссы күтип бола ма, күннен күнге күн суўытады, бүгиннен ертең, ертеңнен арғы күни суўық бола жақ, бул ҳеш гәп, бул — пасылдың нызамы, нызамлы нәрсеге пәлен деп болмайды. Бирақ, дәрья қатпай атыр, қара суўықты қақ жарып, кешки қақаманларда суў кешип, шыра жағып қайтыў



күннен күнге машақат болып баратыр. Еки күнликте гүздиң басындағы келген, ғаррыны алампурхан етип, Қыпшаққа жоллаған адам тағы келип, қандайдур да бир мәкеменин мөри басылған буйрығына қоса ғаррының бир-еки айлығын да берип кетти. Мөри басылған соң, бул да нызамлы ис, буған да пәлен деп бола ма, ғарры ҳәлек, бала ҳәлек, қайық ҳәлек! Ғарры менен бала тула бойы ақ қыраў болып, қара қуптанда есеңкиреп келип, сүре жығылады. Оның менен, өтип атырған катер жоқ, ғаррының қулағы күни-түни дәрьялықта; көптен бери гүўкилдеген сес шыққан емес. «Катерин жүргизбейтуғын болса, шыраны жақтырып не қылады екен, муз қатса қутыла қояр едик бул машақаттан!» деп тоңқылдайды Мәхийда кемпир. Буны тоңқылдатып жүрген де қыстағы керексиз машақат, күннин суўығы, Ертең буннан да суўық бола жақ, ақыры!..

Суўытса суўытсын, күн жаманы кетер, бәҳәр жылт етсе бәри де умыт болар, саратанда елп еткен самал таппай желпингенлеринде, бул журт қыстың салқынын сағынады, суўытсын, мәйли!

Бирақ, буларды тондырып жүрген күннин суўығы емес, күнниң суўығы кийими, отыны, басында мийи, үстинде үйи бар адамға не болыпты, тондырады — жылынасаң — қояды. Буларды тоңдырып жүрген нәрсе — хабарлардың күннен күнге суўытыўы. Қыстың суўығы не, тәнди қалтыратады, жанды қалтырататуғын хабардың суўығына қалтырасаң, иши-баўырың, ақылҳуўшың, сағынышларын қосылып қалтырайды, буларды жылытыў дым қыйын, буларды от жақпақ түўе қумбызға өртеп-ҳәм жылыта алмайсаң, буларды тек ғана сөз бенен жылытыў мүмкин, еритиў мүмкин, оның ушын сол сөзлерден қуралған хабардың өзи жыллы болыўы керек. Ал, келип турған хабарлар, биринен бири қорқынышлы, биринен бири суўық еди, бир аўылдағы төрт ғәрипти усындай суўық хабарлар қалтыратады, тоңдырады, аҳлатады-үҳлетеди.

Жән-жақтың самалы соқпай өтпейтуғынындай, күн қатты суўытқалы жән-жақтың өткиншилери де усы үйлердин биринде бир жылынбай өтпейтуғын болып қалды. Өзлери жылынады, ал, буларды түрли-түрли суўық хабарлар менен музлатып кетеди.

Шыпшаң бир ай болды, Бағдияр да, Досжан да изеп басқан емес, өли-тирисин билдирген емес, үйде-

гилер толғанғанда да, тоңғанда да усылардың уўайымынан қаўстерленип тоңады, соны олар билмеймекен, «бир хабарып билдирсе болады-ғо!»

— Әскерлик деген бул қазыў емес, қазыўшылық емес, па-ай, сен-ҳәм сөйлейсең-әә! — деп жекиринеди сондайда ғарры кемпирине.

Мәрзия болса, ярым айдап бери тысқа шыққанды қойды, сынық қабаққа дәрет сыпдырып, есикке телмиргени телмирген! Лийкин, Бағдиярдан хабар жоқ.

— Усы, ҳәр кимнен бир гәп еситип, сары уўайымға батып жүргенше көзим менен көрип, кеўилимди әнжамлап қайтайын-шы! — деп пәтленди ғарры. Бала да бармақшы еди, «апаңа ким қарайды, аўыл-елге ким көз-қулақ болып турады!» деп, кейип тасладыдағы, қайыққа минип, ғаррының өзи атланып кетти.

Бул ғарры басқалардай емес, бир жаққа барарман болса жеткенше, барғаннан соң қайтқанша асығатуғын бийпарасат адам. Бундай адамға «Қыпшақ деген не, мынаў турған жер! Қайықтың басын бир бурса болды, ағыстың өзи-ақ ҳә дегенше Қыпшақтан шығарады!..»

Күн менен айдынға бирге шыққан ғарры, ырасында да сол күни күн бата аўылының жасқасына келип, жамбаслап атқан торaңғылдың қолтығына қайығын тықты.

«Қыпшақ деген не, мынаў турған жер!» деп, мың айтқаны менен, бул аўызға аңсат, қыс түскели толысы ортайып, баяўлап қалған ағыс барғанша да, қайтқанша да ғаррының қолын ескектен бир ели босатпады. Өрге жүзгенде ғой, ер сирә өрлигин көрсетеди. Солай да қыстың кир кеппес қысқа күнинде отыз шақырымға жуўық аралыққа әри барып, әри қайтыў ғарры түўе еки ийинин жулып жалмаған жас жигит ушын да үлкен ғайрат болғанлықтан шығар, ғарры: «барыўымнан қайтыўым тез болды!» деп келди.

Күн аўа күннинг суўығы катты кәҳәрге мингенин төртеўи де түўел биледи. Ғаррының өзи еситип, көкирегин басқанлықтан бунын қалтыратпасы қойса да Қыпшақтан келген суўық хабар қалған үшеўиниң қалтыратпасын еки еселендирди. Бәлениң бәри усы ғаррыдан келип атырғандай, қайда суўық хабар болса усы таўып келетуғындай көринген Мәҳийда кемпир: «барыўымнан қайтыўым тез болды деп мақтанады-аў жүдә кеп!» деп, ишинен бир тоңқылданды, әлбетте, ишинен тоңқылданғаннан соң буны ҳеш ким еситкен жоқ. «Басбашы алты мың ләшкер менен муз қатпастан бурын бери өтип алады деген ғаўасат бар!» дегенинде, «бийдәўлет базарға барса сум хабар табады!» деп, кемпир шаларақ еситтирип тоңқылдады. Шаларақтың аты шаларақ-дә, шаларақ тоңқылданған соң, ғаррысы да шаларақ еситти де, гәпин даўам ете берди:

— ...«Ҳиң» деўге пуршасы жоқ, сонша жерден қаралай өшип барғаным бир пул, мениң менен де жуўырып-жортып жүрип, зорға тиллесип өтти, түўе! Баллар қырта-қырт шабыспаға, тарса-тарс атыспаға таярланып атыр! Ақыры, урыс дегениң ылақ ойын емес, не бир гүмбирлескен-гүрсилдескен топ атыспаларда паналаған жайыңның дийўаллары топырақ болып бурқылдап, әйнек-қапылары аспанға шыңғытылып, өзиңниң тас төбеңнен тарс ете қалатуғын қусайды! — деген сайын кемпирдиң ҳүрейи ушып, даўысы шықпаға қарады:

— Өйпей, қудайым-әй, қудайым-әй! Өзиң аман сақлайгөр, жалғыздың жаны қудай менен! Басына қарамап қапы түспек муштай кесек тийсе де адам аман қалар ма? Бәри мына, атыңа шешек түскир, палўаннан болды! Балам әнейдей, ҳаўаланбай-ақ жүрген бала еди!..

Кемпирге бул суўық хабарды айтып қойған жеңилтеклиги ушын ғарры ерниниң тислеп үлгермей-ақ үлкен ҳәйўанның сыртқы қапысы «сыңсып» ашылып, аяқ сести өжирege қарай келе берди. Ғарры күтә асығыс сыбырлады:

— Келинди өлтирип аласаң! — деди әри ҳүрейли, әри өтинишли үн менен. — Ҳәргиз таталай гөрме, не хабар болса, өзим айтаман!

Бул үйдиң адамларына Аллаярдың аяқ сести қашшаннан-ақ таныс болып қалған, ғаррының күткениндей-ақ есиктен Аллаяр кирип келди. Бала Есжанды емес, әкесин көргендей қуўанып, бул қуўанышы терис кирпиклеў көзлеринде, ҳеш қандай сумлықтың нышаны жоқ бийгүна ҳәм бийғубар жүзлеринде ойнадыдағы, ип-ири тислерин жарқыратып көрсетти. Бул бийгүман ҳәм шадыман жүздиң күлкисин тыйўға көзи қыймай қалғанлығы соншелли, ғарры апасына айтпаўын ескертип, барлық ҳақыйқатлықты айтарман деген ойынан бир зумда-ақ ўаз кешти; келиниңиң аўҳалын сорады,

«түпәләм, шүкир екен!» Лийкин, бала Қыпшақтың, ондағы әкесиниң хабарын күтип, анасының дилгир болып атырғанын айтпақшы еди, айтпады. Буны, көп жасаған адам ғой, Есжан ғарры да айтпай-ақ түсинди.

Бала Қыпшақтан алып келген жақсы хабарын ушып-ушып қуўанып айтты анасына: «Жақында Қыпшақлы қызыл әскерлер Төрткүлге өтеди екен! Сонда ағамлар бир күн алдын шығып, үйде түнеп кететуғын қусайды!»

— Қашан екен?! — Аўырыў ананың басы қақаңлап кеткендей, сергекленгендей көринди балаға. Анасына әкесиниң қашан келетуғыны қай дәрежеде әҳмийетли екенин, жанынан гүдерин үзген байғустың сонша жыл қослас, отлас болған, турмыстың ашшы-душшысын бирге татысқан қостары менен ең болмаса соңғы мәрте ырзаласып қалыўды күтип атырғанын, жаны да тек сол ырзаласыў болып өткенше аманаттай сезилип атырғанын бала түк билмейди ғой.

— Жақында! — деди де ошаққа отын тыға берди. Ең болмаса қашан келетуғын шамасын ғаррыдан сорамағанына өкинди. Сорағаны менен ғарры байғус не десин, «Төрткүлге шығамыз» деген хабарды да ҳеш ким буған айтпаған, айтпайды да, егер отряд Төрткүлге өтетуғын болғанда да бул әскерий сыр, буны бул ғаррыға ҳеш кимниң айтпайтуғынынан да ғаррының хабары жоқ. Тек болғаны дәрьяда киятырып: «Қыпшақта қыйын болып атырса Төрткүлге өтсе болады-ғо, әскерсиз қалаға басбашы топылып не қылады!» деген ойдың басына барып еди, сол ойы санасына сиңип қалған екен. Балаға не дерин билмей, не деп қуўандырарын билмей албырған пурсатта тилиниң ушынан суўырылып шықты да кетти, тамам.

Олар ертеңине күни менен дәрьядан хабар алмады. Ақыры, жол — жазда ыраштың үсти болса, қыс түсип, дәрья тап таслағалы — ыраштың дәрья таманғы ығы — дәрьяның ғырра жағасындағы қайырлық жол болып тур. Усы күнлери өткинши де көп, туўрысынан урысы көп, ғары көп, басбашысы көптей көрине бергенликтен ғарры шыра жағыўға шықса да я күн батар алдында, я күнди батырып болып шығатуғын еди.

Сол күни Аллаярды ертип, тап бул да жағысқа келди, күн де уясына батты. Ғаррының өзи жамбаслап атырған торaңғылға жүре бердидағы, әдетине гөре



Аллаяр еки ескеги менен таяўын астындағы қамыслығына тығып кеткен пышық мурыны батпайтуғын жигилдиклиги таман кетти.

Таяўы менен ескеклерин аўдыр-саўдыр етип алып келсе, ғарры жантайып атырған торaңғылдың қолтығына үңилип, сығаланып жүр! Қайық турған жерден суўық самал ҳүўлейди! Баланың жүреги суў ете қалды. Бундай ҳәдийсе бурын жүдә көп болғанлықтан ғарры күтә албырамады, өзин жоғалтпады. Ескекти, таўыды орнына апарып тығыўды буйырды, сәң: «сен өрге шап, мен ыққа шабайын, қудайын күткен биреў әкелип байлап кеткен шығар, тап, усы жерде табысқайлы,» дедидағы, Қыпшақ таманға бет алды.

Олар бул жерде бир саатлардан соң үнсиз табысты, қараңғы түсип кеткенликтен бири бириниң тунжырасқан жүзлерин көрген жоқ...

Түни менен анасы қатал болды. Түни менен бала кирпик айқастырмады, таңның алдында анасы да уйқылады, өзи де уйқылап қалыпты. Көзин бир ашса, анасы сүйретилип барып, сөнип баратырған шоқтың үстине жалпылдақ салып, алыстыра алмай бүлип атырған екен; еңкейип, отты үплеп атырған ананың әтештенге тирелген жип-жиңишке қоллары ап-арық гөйдесин көтере алмай қамыстай қалтырайды. Бала көрпесин серпип таслап: «Өзим жағаман ғой, апа!» деп умтылды ҳәм анасын сүйеп, төсегине әкелип жатқарды. Соған-ақ шаршап қалған анасы, еки ийини барып-келип, өзиниң шыдамсызлық еткенине, баласының уйқысын бузып алғанына өкинип, үнсиз телмирди оған.

Бала отынды алыстырды да томарды қалап, сыртқа шығып кетти.

Ҳәйўаннан дигирманның гүрилдиси келип атты. Бүгин Мәҳийда шешесиниң нан жаўатуғын күни еди.

Ана айнадан қыя түскен нур дәстесинен қуяштың қай шамаларға келгенин, сәскениң пәраўан болып қалғанлығын абайлады. Далада тереклер сықырласып, самалдың пәтли болып турғанынан дәрек берер еди. Дийирманның гүрилдиси еле даўам етип атыр, ана биресе баласын аяды, биресе пақырлап төгилип, отты өшире баслаған қара қуманға алаңлап, баласын шақырған болды; онысыз да өлпең, зорға шығып атырған бийтаптың даўысын дийирманның гүрилдиси балаға

еситтире қоя ма! Кеше шала писип қалған қазан толы гешир де қақпақты көтере бырқылдап қайнап, анаға «динке-димар» деген нәрсениң әбден қәдирин өтирип атты. «Түби қарлығып қалатуғын болды-аў, суўы да қурып қалды-аў, питегене суў қашырғанда болар еди!» деп, көкиреги бәрин сайрап атыр, билип атыр, барып қақпақты алайын десе де дизде димар жоқ.

Усы ўақытта сырттан кемпир келип:

«— Бай-буў, байғус балам-ай, еле тартып болмапсаң-ғо! — деп өкиниш билдирди де: — Келин қалай? — деди ҳәм жуўабын күтпестен ишке кирди де алды менен қазанның қақпағын, соң дүмшени алды. Оннан соң барып Мәрзиядан: — Қалайсаң, питегене бетиң берман қарайын деди ме? — деп сорады. Мәрзия не десин, шүкирлик билдирип атыр. Кемпир: «шүкир ете бер, шырағым, шүкир ете бер, қырғаўылдай дүрлеп бир турып кетсең, бәри де бир күншелли болмас», деп, тәселле берип жүрип, мыс қумандағы суўды шабырыстырды, бийтаптың бети-қолын шайдырды, соң сынық қабақтағы эттей сарғайып кеткен женил дәретти төгип келип, қабақтың кеўип турыўы ушын жыллырақ жерге қойды. «Орынынан турыўдан серпип таслай қойса болады-ғо!» деп атыр баланы да гиналап.

Зағараларын қыздырып, алдына қойды. Чайнектеги чайды қайтарып: «ыссылай ғана шым-шым уртла, терлесең, питегене сергексийсен, аздан соң, ыссы жарма жеткеремен,» деп, асығып кетти. Таңнан турып, ғаррының қайығын излеп кеткенин, түни менен: «қайықсыз күн қалай кешер екен!» деп, уўайымлап шыққанын усыннан еситти булар.

Кемпир пуўы бирқыраған ыссы жарма алып келгенде Аллаяр қашшан чайнек-кесаларды жыйнап, бир самар геширди ағаш қасықтың арқасы менен езип, тек, қамырға қарып, ийлеп жибере беретуғын етип қойған екен.

Кемпир сыпараларын жайып, унды елеп, қамыр ийлеўге киристи.

Ана байғустың не иштейн қалып жалшып еди, сырты желимленген сынық кеса менен торақ қатылған жүўери жармадан көзи менен жалынып отырған жалғызын аяғаныпан-ақ бир кеса өлдим азарда жутты, болғаны.



«Тоңып қаласаң, балам, дәрьялықтан атаңның қандай мүшкил ис таўып келетуғынын қайдан билесең», деп, анасы баласына қалған жарманы зорлап ишкизди.

— Тандырға от қоя бер, бизиң қамырды жаўғанша бул да бойын алады, мен керсенди ыссы жерге жаўып, изиңнен жетемен, — деп жумсады кемпир баланы.

Мәрзия менен Мәҳийданың буннан үш жыл бурын кесектен өрген нәҳән тандыры Есжан ғаррының мал қорасы тамандағы дүмпекте еди. Тандырға отты берип, лаўлап атырған жалынның үстине ири томардан таслап атырғанда аўызы-аўызына жуўыспай, тоңып қалған ғарры үйиниң емес, туўры тандырдың қасына келип ешектен түсти де гүректей үлкен алақанларын ғалақғулақлатып жалынға шаўлады; сақалын шарпып кетпеўи ушын шалқыған жалыннан шалқая қаймығып атырып:

«— Шүйинши-и! — деди. Бала «ағам киятырмекен?» деп ойлап үлгерместен-ақ гәптиң изи еситилди. — Қайықты тапты-ым!..

Асығыс үйине келген кемпир сыртқы есигиниң аңқайып ашылып атырғанын көрди. Тандыр таманға қараса Аллаяр жоқ, тандырдың ҳәўири сағымдай буўалдырланып шығып тур. «Ҳе-е, майданлап жүрген шығар,» деди де ишке кирип, қамырын зуўалалаўға киристи; кемпирди еки үйдиң наны асықтырар еди, сонда да: «аллатала бендесин жаратқанда ылайды үсейтип зуўалалаған шығар-аў, әдеп, еркекти жаратқан шығар, буларды «аштан өлмесин, буларға тап өзимдей зуўала жасап, нан жаўып, жан ендирип турсын» деп, биз, бийшара ҳаялларды жаратқан-аў!..» деген ой келе берди, усыны биреўден еситти ме, я өзи тоқып отыр ма, буны кемпирдиң өзи де билмес еди, негедур, еки үйдиң еркегин көптен бери асырап отырғаны ушынақ өзин ылай зуўалалап атырған тәңирине усатқысы келе берди. Усындай ой-ҳыяллар менен бәнт болып, қамырды тез ийлеп болды. Енди «тандырдың басына көтерип апар» дейин десе, «мынаў баласы түспегердиң есиктен басын бир суқпаўын қара!»

— Аллая-аар, ҳа Аллаярр! Аллаяр-үўўў!!!..

Сес-семир жоқ. Геўишин салпылдатып, асығыс ишке кирди де нәҳән самарды мықшыйып көтерип шықты. Тандырға үңилсе еле оты шашланбапты, буны

шашлап атырып та жән-жаққа қарайды, еле Аллаярдан дәрек жоқ! «Ҳаў, бул балаға не болды?!!»

Нанды жаўып атырып та сол сөзди гүбирлене берди, жаңа зууаланы жалпақлап, суқ бармағы менен киндик ойып атырып та жән-жағына қарады, — жоқ, Аллаяр — жоқ, Аллаяр жоқ! Тандырға суў берип атырып та қарайды, — я ғарры, я Аллаяр жоқ! «Баланы, саралаўға шыққанында мартыў басқан жоқпекен!» деген ойы бирден шоршытып жиберди.

Пискен-писпегенине, аққан-түскенине қараған жоқ, тандырдан зағараны үзип атырып та мартыў киятырғандай артына бурылып қарайды! Я мартыў, я Аллаяр жоқ!..

Өзи ғаўасатшыл, ырымшыл кемпирдиң ядына ақшамғы түси сап ете қалды. Түсинде Бақаншақлыдағы әлле қашшан өлген Кудайберген дайысы арбасына мингизип баратыр еди. Кемпир енди баланың да, ғаррының да, анаў бийтап ҳаялдың да, ҳәтте, «тарса-тарс атыспада жүрген» жалғызының да аманлығынан қорққан жоқ, тап, өзиниң қара басының аманлығынан қорққаны соншелли, жабылған нанды қалай керсенге салғанын, үстин жаўған-жаўмағанын билмейди. Түрине өли шырай енип, Мәрзияның үстине кирип келди.

Узынына түсип, есикке қарап атырған ҳаялдың бақырайған көзи оған бир түрли көринди. Кемпир дәрриў есине енди де ҳаялды шоршытып алмаўы кереклиги санасына жетти ҳәм: «тез-тез зууалалап бола қояйын,» деп, жулқынып, зууала жасаўға киристи.

Айнадан ағылған нурдың ағымы кем-кемнен қойыўланып, төрден есиктиң күн шығар таманына жылысқанына қарап, Мәрзия күнниң тәуир-ақ батысқа қыйсайғанын ҳәм аспанның оғада ашық екенин сезинген сайын: «усы ашық аспанның астында тағы да нан жаўатуғын, Аллаяржанымнан палўанға «ыссылай жеп алсын» деп, тандыр басыннан нан жиберетуғын күнлерим бармекен,» деген әрманы елжиретип атыр еди, кемпир топа-торыстан:

— Мен өле жақ қусайман, кели-ин, — деди муңлы даўыс пенен ҳәм ақшамғы бузық түсин айтып берди. — Баламды бир көрип өлсем болар еди-аў! — Еки нашардың гүдиги, әрманы усы жерде ушласты, бирақ, Мәрзия «мениң де әрманым сол, — палўан менен ырзаласыў,» дегенди айтпады.



— Қойш, шеше, сен түўе өлим ҳалатында жатып, мен де өмирден гүдеримди үзгеним жоқ! Дениң сапсаў, түс деген бола береди, «түс түлкиниң теззеги деген,» — деп тәселле берип атыр.

Кемпир қарсы есикке қарайды, жақ, кирип киятырған Аллаяр жоқ, буны айтайын десе, байғус ананы шоршытыўдан қорқады.

Ушан теңиздеги атаўдай үлкен өмирден бөлинип қалған бул аўылдың халқы серпилип, азаў-ғазақ, азаматлардың ғаўқылдылары, азанлы-кешли маллардың шаўқым-шуўлары, балалардың гәкеклесиўлери, қойжанлықлардың жамырасыўлары, ҳаял-бала-шағалардың урысып болса да бажалақласып атыўлары, мал шақырысыў, ийт шақырысыўларға шекем қулаққа урған танадай пышақ кести тынып, жым-жырт болып қалыўлары қулазыған журттағы бул еки ҳаялды әдепки күнлери-ақ жинли қыла жазлаған еди; оның берги жағындағы жолбарыстың ақырыўлары, қарақулақлардың безилдеп улуўлары, бәринен де бетер, соңғы гезлери көбейген уры-ғар, өткен-кеткенниң ғаўасатлы ҳәм ғулғулалы хабарлары уйқыларын әбден қашырып, уйқы қашқан сайын изи ертең түнде де көрилe беретуғын әжеп тәўир қорқынышлы түслер күнде-күнде жүреклерин суўылдатып, сол дәрежеде қорқақ, сәтемшил ҳәм елжирегиш, гүманшыл ҳәм ашыўшақ етип таслаған еди, сәл нәрсеге қайсысы болса да шырт етеди, сәл нәрсеге шийрин жанларынан үмитин үзип атады, сәл нәрсеге «қызыл болып кеткенлериниң» тағдийиринен тәшўишленип, гә пинҳамы, гә екеўи қосылып жыласып, қамсығысып алар еди.

Бирақ бул сапары олардың муңласқандай ўақты болған жоқ. Сонда да: «кели-ин, мен өле жақ қусайман» деген сөзлери кемпирдиң даўысын дирилдетти, көзине «лық» етип, жас та келип үлгерди. Деген менен, тиришиликтиң ғалмағалы күшли, ол саған бирдейине өлимди ойлатып қоя бермейди.

Кемпир қалай асығыс кирген болса, зууалалы самарды ыйықлап, солай асығыс шығып кетти. Оның еле самардағыны жаўыўы, бийтапқа әкелип, себетине жайып берип кетиўи лазым, ақыры, адамға адам усындайда зәрүр емес пе, тик аяғынан жүргенде ғой, ҳеш кимниң ҳеш кимге сирә жынтығы жоқ. Оннан сон барып, сыйыр сауыўы, малларды жайғастырыўы, кейин

сүти писемен, суўыйман дегенше гүби писип, азанғы уйтқан қатығыннан гүзесин босатыўы, нанын жаўып бола салып, бәринен де бурын кешки улықпан ушын жыңғыл пуштарлаўы, томар айырыўы, моржа сыпырып, шыра жағыўы, аўхатқа айналысыўы керек еди! Ҳәр күни бир қолына қарап турған усы жумыслар бирден ядына түсип, Мәҳийда кемпирди асықтырды, албыратты. Усыншелли ғалмағал, ғалмағал болғанда да байыўың ушын емес, даңқ шығарыўың ушын емес, тиришилигиң ушын мына ҳаўадай оғада зәрүрли ғалмағал миййинди ғыр қылып турса, сол миййдиң өлим ҳаққында ойланыўға да, не нәрсени, не мүсийбетти болса да узақ уўайымлап сарсылыўға да я пурсаты, я имкәнияты болса-аў! «Қара миййнет адамлары нық болады, сонлықтан-ҳәм узақ жасайды,» деседи. Нық болмай не қылады, күни-түни тиришилик ушын қулшына берсе, өлимди уўайымлаўға, «өлемен» деп ойлаўға сирә бир ўақты болмаса ол узақ жасамай, ким узақ жасайды! Адамды қартайтатуғын — қайғы, уўайым, — буннан қутқаратуғын бирден бир нәрсе — бир мақсетти бәржай етип, келеси — оннан бийиклеў мақсетке қулшына бериў, усы мақсетлериң жолында шеккем азап-ақыретлериң, қайғы-уўайымыңның-ҳәм бир шийрин ләззети, жаныңды қайтадан жасартып жиберетуғын өмирбағыш қуўанышлы мәўритлери бардур. Усы мәўритлерге қулшынып жасамақтың өзи — жасаў ушын гүресиў, гүресиў ушын жасаў болса керекдур. Мақсетке қулшынып жасаған өмирди «биймақсет өмир» деп ҳеш ким айтпайды, лийкин, сол мақсет қандай, әңгиме усында?!

Мәҳийда кемпирдиң бир мақсети-оң жаққа отаў тигип, келин түсириў, ақлығын алдына алып отырып, бир «Түлкишек» айтып бериў, ҳөййиў айтыў. Оның бер жағында сол отаўдың баўшуўларын таярлаўы керек еди, сол мақсетте баслаған басқуры тоқылып болынбастан-ақ қыс түсип, өрмек жыйналып қалды. Бәҳәрге аман шықса, сол басқур тоқыўды қайтадан баслап, исин даўам етиў мақсети бар. Ал, оның берги жағындағы, тап усы күни, усы пурсаттағы геўишин салпылдатып жортыўы — сол қутлы бәҳәрге азбай-тозбай, ашырқамай, жүдемей, қорықбай-зарықбай жетиў ушынгы көп жортыўлардың бири еди. Кемпир буны «мақсет» деп билмейди, оның ушын бул тиришиликтиң мың да бир ғалмағалының бири, тамам.



Үсейтип, асығып-үсигип тандыр басына жеткен кемпир, өзиниң усыннан алдыңғы ғалма-ғалының ҳарамға шығып атырғанының үстинен түсти.

Ҳарамға шыққаны сол — «астында сүйек бар» деди ме, я «астыңғы зағара ыссы болады» деди ме, үстине жапқан гөне бөз жаўлықты былай жулқып таслаптыдағы, Қутлаяғы түспегир, көмик сүйегин ашажақтай самардың түбине шекем геўлей берсе керек, зағаралардың гәси күлдиң үстине, гәси самтықтың арасына жумалаптыдағы, арқасы көринип, гәси бүккесине, киндиги көринип, гәси шиккесине жатырыпты! Мына ийттиң өзи сирә айбынайын да демейди, бир зағараны еки аяқтың ортасына қысып алып, «нәйиннәйин» намасына ийегин екшеп, басларын ырғап келистирип атыр!

— Ҳа жи-ит! — деп, күйик көсеўге умтылған кемпир қолындағы самарды да тас болмаса таслап жиберип ҳарамға шығара жазлады. Бәри бир, ийт тегин кетпеди, бир зағараны тислеп алып қашты. Кемпирдиң не деп қарғап-силенгенлерин айтып отырыўдың ҳәжети жоқ, бунның бир жағы тек ийтке емес, ғаррыға да, өзин усыншелли азапқа қойып, ең болмаса журт қатарлы бир шүйке бас келинди де жумсатпағаны ушын баласы Досжанға да, усы азап-ақыретлерди көрсетип жасата бергени, дым көрмегени ушын «соқыр қудайға» да тийетуғын еди.

Кемпир екинши тандырды жаўып, еки үйге бөлгенде де бул еки үйдиң еркеклеринин өли-тирисинен дәрек болмады. Бирақ, кемпир олардың қайдалығын ойланып-ойланып өзинше шамалады. Бағана, суўып қалған екинши тандырына боян шөкир алыў ушын аттың ақырына келмеди ме! Қараса-ат жоқ, үстиндеги киййиз жабыўы ақырында жатыр. Ғаррысының өзи келип, атын ертлеп минип кеткенин кемпир сонда-ақ түсинди. Ешегин Аллаярға мингизген. Баланы тандырына да қаратпаған, бүйтип тосыннан зобалаң салыў — ғаррысының әдети. Не де болса Аллаярды мартыў баспағанын анық билген кемпир алағадасыз иследи. Бирақ, ат пенен ешектиң бирден не кереги болып қалды?! Панысының моржасын сыпырып отырып та ойланады, жуўап таппайды. Сөйтип отырғанда сырттан: «Еле сыйырды байламадың ба?!» деген ашыўлы айбарағы еситилди. Ғарры кемпирин көрместен-ақ үсейтеди, «үй-

де емей гөрде ме!» дегендей еситерлик етип айбарақ салады, бул да бурыннан пешеси.

Әдетине гөре кемпир сыртқа жуўырып шығып, биринши гезекте: «өйпбей, жаўрап қалыпсаң-го!» деп, ғаррысын аттан түсирди. Соң атына ғаррының өзи айналысты: жабыўлады, от салды. Қасында қара малларына қарап жүрип те: «қайда жүрсиз?» деп сорамады кемпир. Зәрре шыдаңқыраса өзи-ақ айтатуғынын биледи. Ғарры ашыўлы екен, тоңқылдап:

— Ўа-ай ўәлэтизинәәй! — деди. — Табытты ғана мингир! Арғы жағаға шығыўың керек екен, ҳа бир аўыз сорасаң да беремен-ғо! — деп, бермейтуғын қайығын да беретуғын болып атыр.

Кемпир: «бул не гәп?» деп те түк сорамады. Ғаррының пейилин биледи: «Ә-ә, сениң менен қай ийттиң иси бар-ә, өзимнен өзим сөгинип-сөгинип қояман-ғо? Маған көзинди мәшшийткенше исинди қылсаң-ә!» деп, бақырып жибереди, онда да дыңғырласаң өзиң де қосылып сөгилип кетесең.

Ырасында да ғарры сөгинип-сөгинип қойды, бирақ көп сөгинди, ондырмай сөкти! Кемпир бул сөгислерди қурастырып, мәни шығарыўға қурақ қурап көрпеше тигиўден де шебер еди, бул сапары да қурап-қурап қараса:...

Зәриў бир «ўәлэтизина» ғаррының қайығының үстинен шығыптыдағы арғы жағаға өтип кетипти. Ғарры зыр-жүгырып, дәрьяны жағалап жүрип, арғы жағада қараўытқанның өзиниң қайғығы екенин таныған. Таныған да «енди берман қарап биреў минип өткейдә!» деп, жүре берген. Сол «наўмиттиң» Есжан ескегин жасырып қойса да қаңыратпа жәнеўиттен ала сала қайыққа мингенин абайлады. Сонда да:

— Қаша-ан? — деди шыдамай шырпынып кемпир. Ғарры күйинип:

— Кудайдың мәрки саған! — деди. — Қашан екенин билсем, көзим менен көрсем, қырық жыл ирәҳәтин көрген қайығымды өлмей беремен бе?! Я алдындағы күни түнде бизлер кеткен соң, я кеше күндиз кеткен болады дағы! Ким де болса, сол ўәлатизина оңған ийттиң тезэеги емес, жәнеўит қада қан-қан...

— Өйтпей-әәй!

— Басына зор түспесе, ескексиз қайық пенен-ҳәм





аржаққа тәуекел ете ме?!! Ортаға шыққаннан соң қайық ыққа ықлап өтә-ә кеткен!..

Ғарры гәпин тыйып таслады, кемпир изин сораўға тәуекел ете алмады. Мал-ҳал жайғастырылып, ишкерилеп, шайға бөккеннен соң ғаррының өзи сораттырмай-ақ гәпин даўам ете жақ болды ма: «Бағана қай жерге дейин айтып едим?» деди қазан толы сүтти көтерип, түбилдиригин излеп турған кемпирге. Кемпир қазанын қойып болып, есине салды:

— Қайық ыққа ықлап, өтә кеткен...

— Өтә кетпей не қылады, ескеги болмаса!.. Мениң де түк хабарым жоқ, Қыпшақтан ешекли қайтқан бир ғарры насыбай сорап еди, менде насыбай не жесин, мен Қыпшақтың хабарын сорадым...

— Аманлық па екен?!

— Ҳимм... — Ғарры «атыспақ болып турғанын» айта жақ еди, «айтсам, келинди қорқытасаң-аў, найсап!» дегендей гүдиклене қарап: — Муз қатпай бәле жоқ! — деди.

Лийкин, бул ғарры «айтпайман» деп отырып-ақ айтып қоя беретуғын адам:

— Қайық пенен урланып-пурланып, бирен-саран бери өткенин өткендей баллар ушырып турған қусайды. Оннан урыс болып жалшымайды, нағыз урыс болыўы ушын бермаған кеминде мың атлы өтиўи керек! Сол мың атлыны бипәй өмиринде адам қайықлы өткерип бола ма?!

— Иләйым, онда муз қатпағай!

— Ҳимм, оннаныша соны тиле. «Қыпшақтың тусындағы дәрьяның арғы таманы дүбирлескен атлы, соның бәри өтер болса, жер-жәҳанға сыяр емес!» дейди жаңағы киси, «бир қызылға мың атлыдан қарайды!» деп қапылтады өлемпенғара кеп!

— Аўызына жылан жумыртқаласын-ә ширкинниң!

— Әй, онысы лап шығар...

— Солай шығар-аў, «жаман аўыз» деген болады-ғо...

— Әне, маған сол киси айтты: «Дуппа-дуўры кете бер, кете бер, бир-еки шақырым ығырақта, арғы таманда бир айланба бар. Сол айланбада қараңлаған бир қайық көринеди. Әй, айтып едим-аў, елсиз жерде негып турған қайық!» деп. Сеники екен-дә! Көзинди арғы таманнан айырма, кете бер, кете бер,» дейди.



Соннан кетип отырдым. «Ниети қайыр» деп, еки ескекти ешекке өңгерип алғанман. Әй, төрт шақырымдай жүрдим-аў деймен! Ырасында да арғы жақта, қула дүзде бир қайық тур! Өзимниң мүлким екенин жүрегим таныйды... Танып турман, қайтейин арман ушып өтсем, алып ғана қайта қояр едим, қанат қайда оған! Қайықтың тусынан биреў өтип баратырса «қайыққа мингей» деп тилеп турғаным. Силем қатты, қатты, күн де бүгингидей суўытпас, от жағайын десем шырпы қайда! Болмаса асықпай от жағып, жылынып отыра бериўге болатуғын еди...

— Ендигиде шырпы алып кет.

— Өлим саған, сонда тағы қайық урлансын ба?

— Урланбай-ақ қойсын-аў, шырпысыз жүрме деп атырман...

— Сөйтиўим керек екен, базда мийиң ислеп кете қояды. Мениң ойыма сол келменти. Соннан тоңған аяқты тепсинип күт-ә! Соннан тал түске шекем жан жуўымады. Шаңқай түстен аўыппеди, ўақытты шамаламаппан. Биреў келип қайыққа минди де берман қарап таяна баслады. Апық өзимниң қайығым екенин ескек еспегенинен билдим. Ортаға шығып, ағысқа түсип еди, буны да ағыс алып өтә кетти ме де! Ийтиң Есжан болмасын, еки ескекти қолтықлап жуўыр-ә!

— Ҳе, ешегиң не?!

— Байлап кеттим.

— Неге?!

— Базда усейтип, мийиң ислемей қалады сениң! Бери қайтысып қайыққа қалай саламан оны, суўды көрсе-ғо бул ешек сеннен де қырсық!

— Ҳаўўа-дә енди, мал ийесине усайды...

— Айпымайды десе «усайды» дегенше!... Соннан сақалым тоғанақтай айырылып, жуўырып отырдым. Қайықты ағыс ушырып баратыр, оған мен жете аламан ба, мениң ағысым бар ма?!... Қарасы көринбей кетти де барды. Изге қайтып, мине қояйын десем, ешектиң қарасы бунда көринбей қалды!..

— Сонда, әдептен минип кетиўиң керек еди...

— Әне, геллеңтағы ислеп кетти. Минип кетиўим керек екен!.. «Бул үйиң жанғыр, Қыпшақтан да шықпай кете берсе, ешекти тағы биреў минип, былай қай-

қайса!» деп қорқаман... Алдымнан атлы бирсӯ көринди, ол да жете қоймады, мен де...

Бул-жаўжарақ асынған бир қызыл әскер екен. «Усы қараганның дозорыман» деди. Бул, «барлаўшысыман» дегени екен. «Ол жақларда бийсәўбет жүрген атлыпатлы көрмедиң бе?» деп сорады. Көрмегенимди айтамандағы! Ол — атлы, мен — пияда жүрип отырдым..

— Мингестирмеди ме?!

— «Мингестирер едим, зәкүн көтермейди,» деди. Көтермесе, көтермесин, яўмыт та болса, дурыслы жигит екен, әне, сол айтты: кешегиниң алдындағы күни түнде Төрткүлден киятырған үш қызылдың биреўи сатқын шығып, бизиң үйдиң тусларында айтыў шамасы, қасындағы екеўин атып, қайыққа минип, арман қашып кетипти!

— Сол бизиң қайық екен-ғо онда?

— Бизики емей, екесиники деп пе един! Гәпти бөлмей тыңла. Атылғанлардың биреўи аяғынан, биреўи қолынан жараланып, сатқынға жете алмай қалыпты, бирақ, бир-еки оқ көширген қўсайды, тийген-тиймегенин билмейди... Атылған еки әскерди Султанбабадан зияратлап қайтқан биреўлер арбаларына мингизип, таң алдында Қыпшаққа жеткерипти. Әне, сол айтты...

— Не деп?!

— «Қайығыңнан қатиржам бола бер! Бизин ояқтагы жансыз берман минип өтти, сеннен гүдикленип, ықлай берипти! Үш шақырымдай жерде қайығың байлаўлы тур. Сеннен хабар алыў, жаў болсаң тутып қайтыў ушын мени жиберип еди, өзимиздиң шырашы екенсең-ғо!?» — дейди жаңағы. «Қайығына бүйтип жансыз тасытып қоя берме, тоғайға тығып тасла, енди бәҳәрге шекем катер өтпейди, шыра жағыўдың кереги жоқ» дегенди де сол айтты. Биз соңғы бир-еки күнде мәзи тырбанып жүр екенбиз...

— Жигит не қылды?

— Атын патырақлатып, шаўып кетти!

— Досжанды сорасаң болады-ғо?!

— Сол ядыма келмепти, соң өкиндим!

— Әттеген-ай, бир ирети келген екен, — деп кемпир ўақ-аўқын жеткерип атыр, өкинерин өкинип болған ғаррының буның ўақ-аўқы менен иси жоқ, чайынан шым-шым уртлап гәпин даўам ете берди:



— Қайыққа келип қарасам, ыррас қаңыратпа ақ жәнеўит екен, таяўы қан-қан! Услаған алақаны шарппа-шарппа жабысып қала берипти! Усы, маған жаманлық ойлаған адам, оңбайды, кемпир. Мен бул қанның қайықты бизиң жасқадан алып қашқан сатқынның қаны екенин билип алдым.

— Айтып бола ма, бери өткен жигиттиң қаны шығар бәлким.

— Бери өткен жигиттиң қаны болғанда билесең ғой, таза қан менен гөне қанды айыра алмай көзим көр шығар жүдә! Қойш, кимниң қаны болса, соның қаны болсын, урыс деген бул, урыс қансыз бола ма, ҳәр тамған қанды уўайымлай берсең жигериң жасыпақ өлесең! Соннан не қылдың десе! — дерин десе де, кемниринин: «ҳе, не қылдынып?» күтпей-ақ ғарры сайрай берди:

— Соннан есип отырдым ескекти, мениң ғайратым басқадан да бетер өзиңе мәлим... Кемпи-ир, бул дүньяда өрге жүзгеннен яманы, соннан қыямет-қайымы жоқ бунын! Солай-ҳәм болса, қайығымның қаўышқан қуўанышы жигер берди маған! Қуўанбай не қылайын, кемпи-ир, бир жағында өзиң-ҳәм барсаң, бармақ бүгип санасам, быйыл қырық жыл болыпты бул қайықты сатып алғанымызға-а, әкемниң көзин көрди бул қайық, атамның көзин көрди. Сениң менен бизиң жаслық күнлеримизди көрди бул қайық, — деп, кемпирине қыялаңқырап қараса, кемпири де қылымсыңқырап отырғандай болды, ғарры оннан бетер йошты: — Сениң есиңде бар ма, онда жигирмаларыңа шықсаң жаңа шығып жүрген, алкелиншек күнлериң еди. «Анаў атаўда пишен деген тынып тур екен, мынаў менен барып, ыңырандырып қайтаман» деп, ағамды алдап кетип, жалғыз атаўда жабайыларша екеўимиздиң тыр-жалаңаш жуўырысып жүргенлеримиз...

— Өййппей соры-ым! — Кемпир уядғанынан өрре турып кетип, қапыны нықлаңқырап жаўып қайтты, ғарры өз гәпине өзи елжиреп:

— Па-аҳ, сонда сениң әндазаңның әндамлылығы соншелли, тап сүтке шомылдырғандай аппақ-аппақ, — деп атыр ҳәўеси қурып. Кемпирге де жаға ма, ол да оқабасланыңқырап отырды. Бул оқабазланган сайын ғарры да жағаларын дүзеңкиреп журынтазлана шулғынды. — Сен есикти жаўып келип атырсаң, кемпи-ир,

ҳәзир сол атаўдағыдай бул тамда екеўимизден өзге қуданың бендеси жоқ. Сен шоршынбай-ақ қой, мен тек қайық гәп болғаннан соң айтып атырман. Жаслығымның ядыгарлығы жоғалғанға жаслық өмиримниң елеси де зым-зыя болғандай қыйналып едим, ол қолыма қайтып тийген соң мен дәшпей, ким дәшсин! Қуўатыма қуўат енип, ескекти есе-есе ешектиң тусына келсем, буннан отызлаған жыл алдын мен урысып, үйден қуўып шыққанымда, тамның ығында бир қунысып турдың-аў, есинде ме, қуўарымда қуўсам да «тоңып қалар» деп аяп, өзим үйге жетеклеп кирдим-го, кеўилиңди алып, күлдириў ушын мықшыйтып қушақлап, уўылжытып-уўылжытып жүзлериңнен, ләплериңнен сүйдим-аў...

— Ҳаў, ешегиңди айтса!..

— Өзим билемен, сөйтип қушағыма бассам, қанша ғазепленип турсаң да мумдай ерип, талықсып сала беретуғын един. Сонда да сен сөйттиң, сөйтип буўынсызлана баслағаныңда есиктен ағам кирип қалып, екеўимиздиң еки жаққа қашқанымыз есиңде ме?!

— Усы гәпти не ушын айтып атырсаң, шабазым-аў?!

— Билмеймен, кемпир, билмеймен. Соңғы күнлери: «усы мен бул дүньяда жасадым ба, жасамадым ба?» деп, көп ойлана беретуғын болып қалдым. Сонда мен ойлансам ядыма жаңағыдай ҳәдийселерим түсе береди, «усы мен биреўге ашық-машық болдымбекен» деп ойлансам да сен түскен күнлерги күнниң батпай зериктиргенлери...

— Қой, қой, бузайын деп киятырсаң, ешегиңди айт!

— Ешек тап, сол күнги тамның ығындағы сендей болып, суўыққа тоңып, қунысый-ыпп турған екен...

— Ҳаўўа, әйтеўир, мени ешегиңе теңей бер!

— Ҳә-әй, шабазым-ай, буны мен жаслығымызды еслеў ушын айтып отырман, жаслығымыз мынаў дәрьядан, ешектен, қайықтан басқа нени көрипти! Бири биримизди көрискенимиздиң өзи қандай жақсы болған...

— Ешек пенен бе?

— Бассыңа бәле-е! Сениң менен-дә!..

— Ҳимм, сөйтип?

— Сөйтип, путадан шешип, жибин ерине түрип едим, қайыққа мөйлийип қарап, тура береди, «ҳых!»,



«ҳыха бер!» десем, қулағын салпылдатып, басын шайқап-шайқап қояды...

— Ҳаўўа, — деди кемпири күлип. — Мендей ақыллы-ғо, айта бер?

— Ўәйй, сендеги ақыл болғанда ешек бола ма ол, адам болады-ғо!.. Сөйтип, бала, қайықты жылыстырып, ескекти есип едим, қайық пенен қапталласып, бир жортып берди ме де! Тумсығын жоқары көтерип кеп жортады-ә!.. Тап, бағана, сениң айтқаныңдай, минип бара бермегениме өкимдим, суў сиңип, тоңлап қалған еки ескекти көтерип сонша жерге пайыў-пияда солқылдап, бүлип жүрсем, бул ешек буншелли ақыллы шығар ма, ҳаў, бүлкилдеп өзи-ақ жорта береди екен-ғо, қайыққа минбейди деп жүрмен-аў!..

— Бай-бууў, сүтим суўып қалды-аў! — деп, кемпир турып кетти.

— Сөйтип, соннан келип, ябыны ертлеп, Аллаярды ертип кеткеним-ғо. Қайықты ырашқа шекем сүйреп әкелдик, ыраштан шығарғандай көликлерде де, өзлеримизде де шама болмады. Қуда қалесе, таңнан турып, тың күш пенен «ҳап!» деп бир көремиз...

Ырасында да Аллаяр екеўи күн шықпастан бурын табысып, «ҳап!» деп көриў ушын күтә ерте кетип еди. Түс аўа қайықты Аллаярдың есигиниң аўызына жеткерип, желпинисти. Ғаррының есигиниң аўызына жетиўи ушын тағы еки жүз адымдай жер қалып еди. «Усы жерде қалғанда ийт жей ме? Бүйтип, өлип-өше берип ҳәлексиз!» деди Мәхийда кемпир. Ғарры ойланып қараса, бул да дурыс. «Әне, басың ислеп кетти, — деп марапатлады еркелеткендей даўыс пенен. — Биринши-ден, Аллаяр не, өзимиз не?! Екиншиден, бул үй бизикине қарағанда дәрьяға еки жүз адымнан аслам жақын. Нәўбәҳәрде бунық еле дәрьяга тағы жетиўи бар!»

Бала кешеден бери болдырғанлықтан «енди үйге қайтаман ғой,» деп еди, ол үмити пуш шықты. Ғарры кемпирине жақында шапырашлаған жарғысын алдырды. Есигиниң алдында көп айлардан бери қаңырап атырған, узынлығы еки қулаштай, жуўанлығы балтырдай торанғылды теўип-теўип көрип: «сен мында кел, балам,» деди ҳәм жарғының бир қулағын оған услаттыдағы, қарыслап-қарыслап: «он алты қарысты төрт бөлемиз-ғо, төрт қарыстан кесемиз бе?» деп, баладан сорарын сораса да я мақуллаўын, я жуўабын күтпес-

тен, қарысын төрт атлатып: «сал мына жерден,» деди.
Ғаррының усталық ықласынан қыл жалаған жарғы боп-бос торацғыл түўе жийдени шыдатар ма, төрт ғола изли-изинен жумалап, екеўинин қолтығынан қайықтың қасына торс-торс тасланды.

Қайықты әдеп төнкерип қойды, кемпирди соң шақырды.

— Бизлер, Аллаяр жан менен бас бетин көтеремиз, сен мына жеринен бир ғола, мына жеринен бир ғола қоясаң, түсиндиң бе? — деп нықлады. Кемпир жақсы түсинген екен, ғарры жыр тапқан жоқ. Соң, тап усындай етилип, артына да еки ғола қойылды.

Узақтан қарағанға қайық төрт аяғында тик турған әбеший бир ҳәйўанға усар еди. Ғарры қайықтың түбине үйге келемен дегенше жуққан кебиртең ылайды қалақ пенен аршып-аршып таслады ҳәм: «бояўы бояған қәлпимде заўыттан шыққандай болып тур-ә? Өзим де қайық бояўға бенде емеспе-ен!» деп мақтанды. Шынында да Есжан ғарры еки нәрсеге өзин күтә шебер сезер еди, биринши — қайық майлаў, екиншиси от гүдилеп, шыңгирик суўынлаў, бул екеўине де тамған тамшы сирә егленбестен тамған ўақтында-ақ тарыдай шашырап кете береди, соған мақтанады.

— Әне, енди, — деди кемпирине, — мың жыл турса да мыңқ етпейди! Үстин қуяш қағып, баўырынан самал ҳаўлап турады. Аўылда баланың жоғын айт, бар болғанда «тақа-тақ» ойнап, жолы болып қалар еди!..

Балалығы тутты ма, негедур, Аллаярдың бирден «тақатақ» ойнағысы келип кетти де жораларының көшкенлигине налынды, бар болғанда да он беске шықты ғой, ойнай қояр ма екен, әй, қайдам? — Усы ойы балалық пенен хошаллияр айтысқанын есине салып еди, лийкин, «тақатақ» ойынның үлкени еле алдында екенин сирә ойлап көрмептидағы!..

## 7

...Ғарлы бәлент ыраштың түслик таманынан өрлей берип, атын лаппа иркти ҳәм өзиниң пәмсизлик, я ет қызыў менен ырашқа өрмелеп қоймағанына қуўанды. Ыраштың төменине түсип, қайларғадур кетип баратырған еки атлы менен бир ешекли, қайсысы болғанда не, ҳеш қайсысының да көзи соқыр емес, артына қараса, болды, буны ырашқа өрмелеўден-ақ көретуғыны даўсыз. Бержақта турса да ыраштың аржағындағылардың онша узақласа қоймағанын ғаңғыр-гүңгиринен сезип турған Ғарлыға Ораздың ҳөктем шыққан:

— Ғаррры-ы!.. — деген қыйғырығы «Ғарлы-ы-ы!» дегендей еситилип, жигиттиң жүреги өзине тоқтап қалғандай, дүрсилдемей қалғандай, әри аңсат, әри қорқынышсызтуйылып еди. «Қудаға шүки-ир!» — Ораздың соңғы сөгис сөзлериниң кимге бағышланып атырғанын билгеннен кейин «Ғарлы» емес, «ғарры» деп атырғанын болды.

Ендиги жағында көп турыўға болмайды, тез өрмелемесе, изди жойтады, өрмелесе, көрип қояжақ!.. Сөйтип турғанда олардың ыраштың арғы ығы менен жағалап баратырғанын дыбысларынан абайладыдағы, бул да түслик жақтан әсте-әсте шығысқа бағдар алды. Шеп жағы жарланған ыраш, ыраштың ойындағы өли суўдың геўдирек музы, оң жағында бәҳәрин күтип сиресип атырған Әмиўдәрьяның айдынлы музы, усы еки жақтың музы да еки ортада киятырған мына Ғарлының ишин қалтыратар еди.

Усындайда адам бир нәрсени қатты ойланса аштың ашлығы, тоңғанның тоңғанлығы питегене пәсейгендей болатуғыны Ғарлыға бурыннан мәлим. Сонлықтан, ыраштың арғы жағындағы ешектиң ҳәр ўақтағы бир пысқырныўына, ўақты-ўақты я Ораздың, я Аманның бир сөз қашырыўына қулағын түрип қойып, енди ағасы Әшир қараның жулынған геллесин елеслете баслағаны, әдеп ешектиң, соң еки атлының ырашқа қойтадан өрмелеп шығыўы елеслеп киятырған қорқынышлы елести зым-ғайып етип жиберди.

Ғарлы араны ашыңқыраў ушын тағы атын егленкиреп, соң өскинлеў жыңғыл, шат, путаның арасына сиңди. Енди ыраштың басындағы боздың қаўыныңдай тасырайысқан үш қараны узақтан бақлап бара берди.

Үш сүлдер сол жүристен ырашта зиңирейисип узақ жүрди. Бир мәҳәли, Ғарлы ойламаған жерден аңлынғанлар лаппа қублаға бурылып кетти. Ғарлы сол кәрада кишкене өзектиң сағасы барын өләмата жақынлап үлгерместен-ақ есине түсирди. «Усы салма бир гөне тамлықтың үстинен өтетуғын еди, солай жүрер болса, салманың ырашын жағалайды» деп шамалады ҳәм усы болжаўының дурыслығын, егленинкиреп, өзи ырашқа өрмелеген соң билди.

Артынан қарағанда бир атлыдай көринип, үш көликли салманы жағалар еди. Ыраштан сырғыдыдағы, Ғарлы атын қашшан, гүз ортасында-ақ таңқыйып қалған салманың ултанына салды. Енди арқайын. Еки тамаңнан салмаға жапырылған қамыс аралас боянлық буны тири жанға сирә көрсетпейди, ал, анаўлар болса, көз ушынан көринип баратыр. «Хә, нышанаға алармедиң?» деп, тағы көзи қызды нөкердиң:

Ырасында да есситтирмей жақынлаўға имкәният бар, әлла қашшан шаңғытып қалған сылдыр шегели ултан, ай нурынан алдында ақ паяндоздай ағараңлап созылып атады да, базда-базда қоян қолтық болып, жарқабақтағы қамыслардың үрпек басларының саяларының саялары базда-базда ақ паяндоз үстинен тарғыл пышық жуўырып өткенге меңзеп қалады, бул қумды еспелеп баратырған ат туяғының дыбысы сирә еситилмес едидағы, анаў жарды жағалаған атлардың тағалы туяқларының тоңға тийиўинен пүткил сай ләрзем алып атырғандай дүңкилдеп еситилер еди.

Сай қырғағының бояны тықырланған күн шығар жағасынан Ғарлыға қарабаханалық көринди, баяғы бир күндизинде өткенинде дым дыққат аўдармағанындай, Ғарлы бул сапары да дыққат аўдармайтуғын еди, оны қызықтырған берги тамның айнасынан жылтыраған шыра! Қараса, салма бойындағы қатара өскен үш түп гүжимнен зәрре арырақтағы жайдан да жақты шығып атыр. Әдетте, қысына қарағанда усындай ийесиз қалған жайларға лолылар кирип алатуғын, пақсаларының жарықларынан иште жаққан отларының жақтылары да көринип туратуғын, соған қарамастан бәҳәрге шекем жан сақлап, алабаҳәрден ешеклерине шатырларын теңлеп алып ҳайт қойысатуғын еди.

Үш сүлдердиң солай бурылғанын көрип, Ғарлы «бул аўылга тағы ел қонған қусайды-аў,» деп ойлады ҳәм усы ўақытқа шекем бир соғып өтпегенине өкинди.

Үш сүлдер берги шыққан жақтының тусынан арғы жақтыға қарап бетледи. Сәл жүринкирегеннен кейин тикжардан ийиниңиң жоқарысы ғана көринип баратырған Ғарлыға берги шыра жылтыраған жайдың басындағы от гүди, батыс тамандағы қададан ергенеклеген мал қора, ессигиниң аўызына оқ шалым жерге төңкерилип, қолалардың үстинде сүзежақ буғадай төрт аяқлап турған қайық ап-анық көринди. Қайықтың ас-



панға қараған ултаны, Ғарлы беттеги қапталы ай нурынан аппақ болып атқаны менен, астыңғы саясы қапқара, қап-қараңғы, қорқынышлы бир үңгир ғул-ғула геўгисин ишине симирип атқандай, «пуф!» десе, мына нөкерди көзди ашып-жумғанша ағасы Әшир қарадан да жылдам жоқ етип жибере жақтай ҳаўлықтырганы соншелли, жигит тусынан өткенше асықты.

Ол пәсли-бәлентли үш түп гүжимниң тусынан өте берип, артына ҳүрейленип қарап еди, қайықты там тасалаған екен.

Екинши жақты шыққан тамның аржағынан я ерик, я алма екенин бул кәрадан айырып болмайтуғын бағ көринип турды. Ғарлы сол бағдын арасына өтип кетпекши еди, ғарры да, Аман менен Ораз да жайдың салма тамандағы бийик жыңғылдан қыпсаланған, ишине бәлент шертек қурылған мал қораның қасына келип, көликлеринен түсти. Үриўдиң изин шақалыўға айналдырып, ийт те жым болды. Жым болганы қурысын, гүдиниң үстине барып жатты. Гүди болса, салмаға таяў, салманың иши менен атлы өтер болса, тағы шаўлап жуўыратуғыны турған гәп, соның ушын нөкер сыпырылып атынан түсти. Бес атары болса, аттың ериниң басында қыстырыўлы қала бердидағы, жақынлаңқыраў ушын Ғарлы алға буққышлап жылысты.

Үйге елиў адымдай қалғанда ғаррының үйинин қапталындағы жүўери аңызға қарап, салма шықты. Бир ўақлары қулаққа басылған, ҳәзир қуўрап қалған бир қолтықтай ширинди шөпти баўырының астына пышырлатып тарттыдағы, жигит қулақтын үстине өнмешин таслады.

— Ал, шырақларым, — деген ғаррының алағадалаў шыққан даўысы буған ап-анық еситилип турды. — Алдыңыздан шығып, атыңызды жылаўлайтуғын бул үйде жасы киши жоқ. Мен ишкерилеп, төсек-пөсек салдырайын, көликлериңизди өзлериниз жайғастырып кирерсизлер...

Қараман қапы шыйқылдады. Ғарлы ғаррының ишке киргенин көрмесе де абайлады. Ишке киргеннен кейин не қылғанын қайдан биледи!

Ғаррының ишкерилеп болғаннан соңғы бирниши жумысы — сыртта туяқ дүрсилдеўден-ақ «я бала, я ғарры келди, бәлким, бәри де бирге келген шығар?» деген

қуўаныш пенен апалақта-жумалақ ҳәйўанның панысын жағып, сыртқа шығыўға үлгере алмай атырған кемпирине ымлап-ымлап, ишки өжиреге кириўди буйырды; Соң бийжағдай бир қонақларды ертип келгенин, төбесинде шаңғалақ шақса да жыңқ етип сес шығармаўды, жақсылап күте бериўди, тап усы бүгин ғаррының дым аўызын жаеқамаўды, қолын қақпаўды сыбырланып-сыбырланып, зинҳарлап-зинҳарлап тапсырды.

Әйнне усы пайытта ҳәйўанның есиги тағы шыйқылдады, ишке кирип киятырған аяқ дүрсили ҳәм Ораздың:

— Таўық көп екен, Ама-ан! — Аманның:

— Тиймесе-әйд! — деген сеслери, изин ала қанатлардың патырлылары, таўықлардың қыйғырықлары еситилип, кемпирдиң қуйқасын жуўлатып жиберди. Ғарры: «Үндеме!» дегенди өзиниң аўызын өзи басып ымлады ҳәм төрге дүрсилдеп өтип, төрдеги Лениннің сүўретин ықтыятлылық пенен алдыдағы бүклеместен көйлегиниң ишине салып жиберди ҳәм түсип қалмаслығы ушын иштеги бешбенттиң сыртындағы бөз белбеўин қаттырақ буўды.

Қанша шыдайын десе де ҳәйўандағы бассыныўға тақат ете алмаған кемпир: «Бул не қылған көргенсиз доңызлар!» деп гүркилдеўи менен есикке пәтленип еди, ғарры алдына кесе шығып:

— Көрпешенди сал! Жаңа не дедим саған?! — деди әсте нықыртып.

Кемпир ашыў менен силкинип, төрге көрпешелерди де ашыў менен силкип-силкип сала баслады.

Ешек пеш күни менен ги үзилмей жанған томардан лаплап тур еди, ғарры ошақтың алдына дизерлеп отырдыдағы:

— Қонақлар қатты тоңып келди кемпир-ир, — деди астарлылаў етип. — Усы бүгин булардың қамаў терин аламан. Ендиги өмирдиң маған кереги жо-оқ!.. — Тағы не демекши екенин ким билипти, есиктен «Асссалааўмәәлейкүүмм!» деп созып, Аман кирди де сөз бөлинип қалды. Ғарры оған қарамастан: «Ўа-алейким... төрлей бер Аман ғошшым,» деди ҳәм ошаққа қаңыратба жонеўиттен тыға берди.

Аманның үстиндеги кийиминен, қолындағы сүмбеси жалтыраған бес атарынан Мәҳийда кемпир бул қонақтың тегин адам емеслигин абайлады ҳәм ғарры-



сының келгели берли неге безилдеп зинҳарлай бергенине бир нәўйе пәми жетискендей болдыдағы, түрине жылылық ендириўге ҳәрекет етип: «Төрлей бер, шырағым,» деп, жаймашуўақланды. Аман гүпалыдай:

— Ораз тентеклик етип, таўықларды шалып таслады, мама, — деди ҳәм өзи шоқайы менен көрпешениң үстине төрлеп кетти, мылтығып да ала өтти. — Сен опиў ет, оның өзи сондай!

— Сонысы мақул, бәри бир, өзлериңизге шалдыратуғын едим, — деди ғарры кемпирди «бузып қоя ма» деген пәм менен жорғалап, — Бәри бир, өзлериңизге шалдыратуғын едим, мениң жылым — таўық...

— Онда таўғынды қыйғыртты...

— Қыйғырта қойсын, шырағым, — деп епелеклеп атыр кемпир де. — Таўық сирә есимизде жоқ, майда малдың жоқлығына қысынып атыр едим, тәўир болдыаў қонагымыздың өзи есиме таўықты салғаны! — деп атырғанында үш таўықтың бирден қанын сорғалатып, есиктен Ораз кирдидағы, әташтанның бир қапталына «дүрс» еттирип таслады. Кемпирдиң жүрегине қоз басылгандай «жызз» ете қойды. Ол өзиндеги бул ҳалаттың дүньяхорлықтан емеслигин түсинип жалшымады, «не ушын» деп те ой жуўыртып атпады.

Аманның «бәри» дегени де, Ораздың «таўық көп екен!» деп, шалып таслағаны да еки қораз, бир мәйкен, болганы.

Олардың да биреўи мәҳәлинде тас кекил болса да ата қораз атанған, қартая келе кем-кемнен кишірейип, нәжмүрделенип қалган, сонда да жалғыз мәкийенге шамасын билмей қанатын тарақлап патырлата беретугын тирише ҳәм күтә ғарры, Есжанның бабасынан әкесине өткен қоразлардын тұқымынан; ал, ғарры мәкиен болса, жат үйирден қосылған, ғарры қоразга қарағанда бираз жаслаў; мынаў жаңы еле толық шығып үлгермеген әри жас, әри жалындай қызыл қораз бағдиярлардың таўықларының үйиринен. Ғарры мәкиен мәйекти жарып, жалғыз шыққаны менен усындай қақшаңлап жалғыз өскен емес, оның талай-талай қанатласлары болып, солар менен шөже гезинде пәллени бирге шоқысқан, өзи де көп шөже шығарған, олардың кимисин аламан тышқан, кимисин шағал алып қуртты, кимиси омыраўын көтерип, қанатлап жуўыра алмай-ақ кими иш бурыўдан, кими белгисиз кеселликлерден ке-

типп атты; солардан бир шөже қоразы ғана бул үйирден адасып еле ғарры мәкиенди сағындырып жүр еди, ким биледи, бәлким, бай-байлатып қос канатынан нөкер тутқан пайытта да сол шөжесин дарағашта буйыған, көрип атырғандур! Деген менен, бул мәкиен өмириниң ең қызықлы күнлерин мына қапталында өлип атырған ғарры қораз бенен бирге өткерген, өмирдиң самтықларын тиришилик ушын, шөжелерин қуўандырыў ушын бирге пешелескен, анаў қораз сонша самтықтан бир дән тапса жулдыз тапқандай қуўанып, өзи жеместен усы мәкийенди «ғоқ-ғоқлап» шақыратуғын, ол болса, өз гезегинде шөжелерине шоқып көрсететуғын еди. Кемпир усы үшеўинен орыны жоғалған таўықларын қайта өршитермен деп жүрген еди ғой, сол мақсетиниң иске аспай қалғанына қыйналды.

Таўық түтиўге булардың екеўи де бенде емес екен, үйтиўге оннан бетер! Екеўи бирден ийттей түтип, майларын шыжғыртып, өзлери үйтти ҳәм өзлериниң үйтиўге шебер екенликлерине мардыйысып пуштарласты.

Жийде, қақ, нуқылы ерик, кант, лампасый, писилген сары май қурақлы дәстүрханнын шырайын шығарып, гешир қарылған киндикли зағаралар жутап қалған еки байғустың өңешинен изли изинен кетип атты; қуманның изинен қуманлар оттан суўырылып, алабүйрек чайнеклерге демленип, бул да қумға сиңгендей зым-зыя болып атыр. Маўыздай ошақ отын геўгисин жалмап жутып, қаңыратпа жәнеўиттиң томарлары «қараптан қарап жанып кеткенше сизлерди ғана атып кетейин, өртеп кетейин!» дегендей, изли изинен партылдасып, шоқларын шоршытып мазаны алғанын айтпасаң отыраспа жүдә-ҳәм кәмине келип атыр еди.

Отырған қонақлар әдеп желпинисти, соң белбеўлерин шешисти, дым болмағаннан соң бешбентлерин де сыпырып таслап, шөгирмелериниң ишинен тақыяларын суўырысып алысып кийисти түўе. Жайдың иши де сол дәрежеде ысып кеткен едидағы ақыры!

Ҳәр гелледе бир ҳыял: Аман «қарақалпақ та болса бир тәўир адам екен, бизлерге де усындай кисиниң қызы дус болғанда ма, ўа-ҳей, әнейдей қатынасыўға болады екен! Бунын Мәҳийда деген жалғыз қызына да «Ағажан ийшанның нәзирине жиберемен,» деп, байрамәли сәрдардың қыл қаўып турғанын қара!..» дейди еле көрмеген қызын ишине қызғанып. Ораз болса: «жаңағы қызын әкелсе... Сәрдар аңлып тур ма, былай әкетип турып... ҳимм... қушып-қушып, өзи сондай шығар деймиз-дә!... Таўығы писти ме екен?!» деп қылғынып отыр. Кемпир: «ғарры жүдә аңқылдап отыр ғой, не ойлағаны бар екен?» деп, өзинше ҳәр нәрсеге жорыйды. «Келинниң аўҳалы қалай екен?, — дейди ғарры өзине өзи ишинен. — Азанда көре алмай кетип едим, Аллаяры түспегир де басын бир суға қоймады-ғо!» деп, қарсы есикке қарайды, сыртқа тың-тыңлайды, аяқ сести еситилмейди, қуман пақыр-пақыр... Отырғанлардың байрамәли сәрдардың алдындағы азабын арқасын осыған қамшының орыны тер менен ашыған сайын сезген ғаррының ғазеби пақыр-пақыр...

Қумандағы пақырлы тасып-төгилип отты өшире баслады.

Ғаррыдағы ғазептиң пақырлысы тасып төгилип, мынаў алдында отырған екеўине деген меҳир отын кемкемнен сөндирип баратыр еди, шегине жетти ме, ғарры ишинен «болды енди!» деди де орынынан түргелип, қалың кийине баслады. Отырғанлардың ҳеш нәрседен гүманланбаўы ушын: «Иләж қанша, терлеп тур едим, сизлерге Мәҳийданы көрсетпесек те таярламасақ бола ма?» деди. Өз атын еситкенде бир сергип түскен кемпирине мәнили қарады. Түк түсинбеген Ораз: «Жақ жақ, — деди басын шайқап-шайқап. — Мәҳийда қарындасты әдеп бизге көрсетсең! Ийшанымыздың тұқымына ылайық па, жоқ па, көремиз.» Ғарры сақалын қайырып жалмап, турып қалды, соң:

— Ылайық па, ылайық емес пе, бәри бир, — деди қарлықпа даўыс пенен. — Усы ел бойынша бир ғана Мәҳийда бар...

— Онда өзлеримиз барып көремиз!

— Жақ Ораз, — ғарры басын шайқады, — олай етсең, исти насырға шаптырасаң! Сен қызды зорлап әкеткен боласаң, соң қуда-қудағайдың қатынасы бузылады. Бағана сәрдарың да «мәмиле менен алып шық, кейин қатынасатуғынларда өкпе-гийне, кек-ыза қалып жүрмесин,» деди-ғо!

— Айта берсин, сол сәрдар биз жаман қыз апарсақ, «ийшан тұқымын масқараладың» деп атып таслайды!

Сәрдар түўе баяғыда мениң өзим де сөйткенмен. Билемен бул қарақалпақларды...

— Қойса, Ораз!

— Тек отыр, Аман, мен буларды билемен! Баяғыда деймен-аў, өткен бәҳәрде он жигитим менен усындай бир аўылға барғанман. «Керегинди ал, бизди шаппа» деди тап усындай бир ғарры. «Яқшы, онда маған қатқан бир қыз мингестир!» дедим. Олар әбден, басларын жегделер менен бүркеп, мингестирди. Жолға шыққаннан соң қарасам, тап мына мамалардай бир кемпир!...

— Изи не болды, шырағым? — деди кемпир шыны менен қызығып.

— Не болсын, сендей кемпир-аў, мен оны мама қыламан ба?! Аттан аўдардым да мойнына шылбыр салып, аўылына қарай атларды қамшылап, қылышларды жалаңашлап шабыстық!..

— Кемпир өлди ме?..

— Адамның мойны үзилмейди екен-әй! — деп гәпин даўам етти кемпирдиң саўалына дым итибар бермей Ораз. — Ғаррының есигиниң аўызына арғымақты тикке шаншылдырып болып, — артыма қарасам— кемпирдиң бөкседен төменги жағы жо-оқ!..

— Қудайым, еситкен жерден аўлақ! — Кемпир турып, шығып кетти, ғарры гәптиң түўесилиўин күтти, Ораздың сөзи аўызында:

— Бағанағы алдап жиберген ғарры қанға малынғанына қарамастан, кемпириниң омыраўын қушақлап, «қостарымлап» еңкилдеп атыр еди, ыррас шүй төбениң тусынан тарттым қылышты, қақ бөлини-ип тусти-ә, тап мына бабайлар балықты бөледи-аў!..

— Жүдә ерлепсен, Ораз балам, «жүйрикке томар, менменге заўал» деген, заўалын тартпасаң, ҳеш гәп болмас! — деди ғарры. — Ал енди, мени еглеме, гәптиң ақыйрын айта ғой?..

— Ақыйры сол, үйлерине от қойып, қызларын алып кеттик...

— Ерлепсен, балам! Биз ол дәрежеге апармасныз, мен кеттим.

— Әкеп көрсетпесең, болжықдәл! — деген Ораздың қыйғырығын есиктен шығып баратырып қулағы шалды ғаррының. Ҳәйўанда: «жүрегим бир түрли болып баратыр!» деген кемпирине: «атқа сүйретилгиң келмесе, жүрегинди бас, мен бир не ете жақпан, қолыма асылсаң



өлдим билебер!» деп әсте-әсте нықыртты да ҳәйўаннан шығып кетти.

Қыстың узақ түни еле жап-жарық. Ғарры сатып алажақ адамдай өзиниң тамын өзи узақлаўдан айланып көрди. Соң айнаның аўызына үлкен ағаш ийтжалақты әкелип, төңкерип қойды да әсте үстине минип, өзиниң айнасынан өзи сығалап қарады...

Салманың қулақ аўызында бағанадан бери усы айнаны аңлып отырған Ғарлы ғаррының бул ҳәрекетлеринен демин ишине жутып, қаўетерлене бақлады. «Жинли ме, өзиниң айнасынан өзи урланып қарап, қызын аңлығаны неси!.. Астына ийтжалақты қойып қорайды-ә! Усы қарақалпақта ес жо-оқ!..» — Ойы тек усы...

## 8

...«Таң атты, күн батты! Питкен ҳеш нәрсе жо-оқ!» деп көп датлаған Есжан ғарры, бир күн емес, есин билгели, әсиресе, қырықтан өткели датлап киятыр. Бул гәпте я өзине, я үйиниң ишиндегилерге мудамы нарыйзалығы жатар еди. Егер ғарры усы бүгинги таңнан аман шыға қойса, өмиринше бул ақшамды ядлап жүре жақ, бул күнди есинен шығара жақ емес...

«Күн шықты, күн батты!» — Айтсаң еки аўыз ғана гәп. Лийкин, өмирдиң ҳәр күни, ҳәр ақшамы таңның атқаны, күнниң батқан есабынан емес, сол күни, сол түни болған ҳәдийселердиң саны ҳәм сапасы менен баҳаланады. Ғарры усыны тап, усы бүгин түсинген яңлы, тап усы бүгин күн де, таң да жетпис үш жыллық өмириндей узақ ҳәм шабандай сезилди, бул күн өтпеди, бул таң да атпады...

Ҳәзир ғарры усы күнди «күтә көп ҳәдийсеге ушыраған күн» деп есаплады. Бундай күн бурын болды ма, жоқ па, есинде жоқ, бирақ, енди усы күнди еслемекши...

Усы күни, ырасында да қыбыр-сыбыр, азап-ақырет көп болды.

Буған да себепши-муздың еки күнниң ишинде сиресип қатыўы, муз қатыўдан атларын тағалатып алып, «арғы жағада бир де басбашы қалмай отыз мың нөкери менен Жөнейит ханның берги жағаға, онда да

Қыпшақ пенен Төрткүлге өтип алыўы...» ҳаққындағы ғул-ғулалы, бириnen бири қорқынышлы хабарлар.

Жақсы хабардан соң көрген түсиң де жақсы болады, жаман хабардың түси де бузық. Ғарры сол күни өткинши биреўден дым жаман хабарлар еситип еди. Көпке шекем кирпиги илинбеди. Қашан илингенин де билмейди... Әмиўдәрьядан тып-тынық суў ағып тур... Бул ескексиз қайықта қап-қараңғы бир қурдымға симирилип баратыр екен, баласы жарды жағалап, қолын созып ағалайды!.. Балаға бул, буған бала жете алмай қыян-кести болып атырғанда баланың арғы жағындағы бәлент аспан бирден көгала көк теңизге айналғандай бир былағай болып еди, қәпелимде от тийди ме, не қылды, теңиз дегени «лап» етип, қызыл жалынға айналды да кетти!..

Ғарры бақырып жибергени соншелли, бөксесинен шымшығанда оянбайтуғын кемпири өрре түргелди ҳәм ғаррысын жулқылады. Сол түстиң даўамын көриўден қорқып, ғарры енди жатпады. Шыраны жақтырып, аз-маз тикейип отырды. Соң, жаўдан қаша жақтай, апыр-тапыр кийиниўге қарады. Кемпир үйдеги қақ ерик, жийде, сөк-пөк, қаўын қақ, зағара менен-ақ қоржынның еки басын толтырып, гүржиледи. Ғаррысын жумбақтағы пияздай қат-қабат етип кийиндирип:

— Енди басыңа не кийесең? Маңлайыңнан өтип кетеди-ғо! — деп, өрден ыққа, ықтан өрге жуўырды. Пайдасы жоқ, үйде есапсыз кийим бар ма? Шөгирме суўға кеткели ғаррыға базарға түсиўдиң сәти түспеди. Үй ишинде, сырттың жумысына шыққанында басына ғаўқыйтып сәлле орайды. Бир жақсы жери, шөгирме кеткели уялғандай сыйлы жер тойға да шақырған жоқ, ағайин-туўған да аман шығар, аман болғаны гой, жиназаға айтып ҳеш ким келмеди.

Қаршында ақтарып отырған кемпирдиң қолына баласы Досжанның шошаймасы илинди. Бунын да бүйен желин ешкинин емшегиндей сүйир ушын оқ тесип кеткен. Бир келгенинде баласы:

— Мынаң қарай ғой, апа, бир өлимнен қалдым! — деп, қос бармағын тығып көрсетти де: «усы малақайды жойтпай алып қой, қартайғанда ғаррыларға көрсетип жүремен, маған жаңасын берди,» деген. Соннан бери анасы сақлап жүр еди, ғарры биринши мәрте шөгирмесин ығызған соң бир кийди. Бул дөгеректе буны көрип атырған, күлип атырған ҳеш ким жоқ, «бул бир, жумысқа киймеге қайым нәрсе екен, жеп-жеңил, әри жыйнақлы, әри жыллысын қайтерсең! Жағыннан орамал алып жүрмейсең, ийегиңниң астынан былайтип, илдиресең де қоясаң!..» Ҳимм, байқап қараса, ғаррысы отын-шөпке кийип жүре бере жақ екен, баласының жақсыға нийетлеген кийимин бул ғаррыға жаў кийим етип берип жини бар ма? — «Бери әкел!» — Алып қойды. Әдебинде бул шошайма жыңғыл қазықта турды, соң-соң, басбашының хабары дүмпий келе «бул жолдан жақсы да, жаман да өтеди! Жақсысы болмаса жаманы көрер, «қызылдың үйи!» деп, от берип кетер!» деген пәм менен қаршынға тыққаны да жақында ғана.

— Бул бир даўайы болды! — Ғарры көзине қуйылдыра кийип, алқымының астынан қулағын айналдырды да илдирип таслады.

— Енди дәў урғанын көрейин сени! — дерин десе де кемпир ғаррысының әжимлериниң сызатында жылтыраған терден қаўстерленди. Бир ен шәтленки бөзден нийетлип тоқыған шалмасын пухталап қабатлады. — Бүгинги күн менен ойнама, ғарры, тыслап келемен дегенше жети жүйремнен өтип кетти! Өзим бир муқыятлап орап берейин, сөйтпесем, маңлайыңнан оқтай тесип кете жақ! — деп, шошайманың сыртынан, мойынларынан, алқымларынан алып орай берди, орай берди. Гөнетоз сең-сениң кийген ғарры: «тез шықпасам, терлеп кете жақпан!» деп қапылтып, қоржын-қоланың қолтықлай есиктен шықты.

Ябысын мингенинде де алып қашып баратырған жоқ, сонда да ғарры өзиниң маңғал ешегине үйренген, минискe соны тәўир көре береди.

Кемпир баласына «дуўай-дуўай сәлем айтып», ғаррысының зәңгисин басып қалғанында таң еле ала геўгим, кешеўиллеген жулдызлар қараңғылық пенен қасарысқандай шақпасып турар еди.

Әмиўден сағa алып, аўылдың үстинен өтип кететуғын аяқ салманың ырашына өрмелеўден басы дәрьялыққа бағдарланған маңғал ешекке үлкен қашыға шыққанша я оңға, я солға түсетуғын жайпаўыт та, соқпақ та жоқлығы мәлим болғанлықтан шығар, ийесин ҳәлеклеместен жолды «өзим билемен ғой» дегендей ентелеп тартты.

Күн ырасында да қатты суўық екен. Қанша оранып-шымқанғанына қарамастан, ғаррының булай басқан көзлеринен жас парлатып, үлкен ырашқа шықпай-ақ аўызынан шыққан деми шыққандай бетин бүркеген шалмаға қыраўланып қатып атты.

Таң бир атыўға қараса әтирап ҳә дегенше-ақ рәўшанласады екен, ғарры үлкен ыраштын басы менен ешегин Қыпшаққа қаратып қыстаганда шеп жағында сиреcкен дәрья музы гүңгирет аспанның түсин симирип тартып атқандай көгис-гүреӊ тартып көринип турдыдағы, ыраштың оң таманындағы таўға шекемги майда жыңғыллықлы, қарабарақлы даланлық күн шығыўдан гаплет көрпесин серпип таслаўға талабы бардай, соған шекем асықпайтуғындай қол-аяғын көсилип атты.

Ғарры дәрьялыққа машқы етип қарады, айдынның көлемине, түсине қарап, өзинше: «быйыл тасқын күшли болажақ, мына ырашты пыт-шыт етип, аўылдың үстинен ақпаса, гөне тамлардын кесегине шекем жуўып кетпесе болар еди!» деп жорымаллады. «Қайткенде де дәрья сабасына түскен соң, қайырлар сүттиң қаймағындай сарғайып атады-аў! Оннан соң қайырға бир қаўын егип берейин, жарып жиберсең ишинен шопақ емес, ешек ақырып шықсын!» — Кеўилин усы ой пәлпәллетти ҳәм пәллеси менен қайсы қаўыннан қандай тұқым алғанын, оларды тышқан жеп кетпеcүи ушын қайсы қабаққа салып, аўызын беккемлеген-беккемлегенлерин есине түсире алмай алағадаланды.

Ешек жолдың дәрьялық таманын алып, қыйт еткен түсерлик табылса түсип кете жақтай алаңлап киятыр еди, «ешек қурлым ақылым жо-ғаў! Ыраштын басында түйе таўықтай өрлей бергенше, ҳа, ыққа неге түспеймен!» деп ойлады ғарры ҳәм мал сүрлеў еткен биринши түсерликтен-ақ қайырдағы туяқ қазған бир ен аяқ соқпаққа түсти. Сонда да, негедур, ешектиң Қыпшаққа табаны тартпай атырғандай жүриси қойыўланып, ғаррыны тепсиндире берди.

Күн там бойы көтерилгенде ғарры «бес-алты шақырым астым-аў» деп шамалады, соң ол жолды ешек емес, қуяш өндиретуғындай қарсы қуяшқа қарай берди, қарай берди.

Қуяш Қаратаўдың суп-суўық қара шоққыларын сайқаллай баслағанда ғаррыны азанғы чайдың қумары тутпаға қарады. Ғарры нәшебент болмаса да өл деген



чайқумар, «жыққып кетти!» десе де азанғы чайын бузбай ишетуғын, бир терлемегенше қурысы тарқамайтуғын, иши жылымайтуғын, чайы бир қонса күшине күш қосылғандай ғурышланып сала беретуғын, соннан соң кендир жипти белине буўып алып бир шықса «Қаратаўды қопар!» десең, қопара алмайтуғынын билсе де бара шайқай беретуғын қыйлыпан еди.

Чайдың мезгили өткен сайын геллеси шыртылдап, қунысып, иши қалтырап баратырғандай уруқапаты ұша берди. Жақын жерде үй болса, чай алқас еткендей де ыңғайы бар, бирақ, бул әтирапта елдиң жоғын өзи жақсы билгенликтен журттан сорамайды. Деген менен, мәшаба болғанда да жөн еди, оны да писирмей ақшамғы кемпириниң қуры чайға таңып, өт қаўдырып жатқарғаны бүгин есине түсип киятыр.

Сәскелик жарманың ўақтында ғарры артына пүткил тулғасы менен бурылып, тағы қуяшқа қарады. Тәўир-ақ көтерилген қуяш әтирапына шуғла шашыратпай тур ма, мисли бир айдай, қаспағына шекем ап-анық-аў, ап-анық! Оған шуғланың бәрин күнниң мына суўығының зарпы жутып атырғандай сезилдидағы, «Бай-ба-ай,, елс Қыпшақ қайда, биреў қайда-а! Иште дәнлетпе жоғында күнниң қутырыныўын айтсаң-ә!..» деди ешегине айтып атырғандай еситтирип. Бирақ, қос қулағы бирден мықлап шалма менен шандылғанлықтан өзиниң даўысы өзине геллесиниң ишинен гүңгирлеп еситилди ме, узақтан еситилди ме, еситилди әйтеўир. «Қыпшаққа кириўден биринши талабым — чайхана болар-аў!» деген ой кешти хыялынан. Ойына чайхана келиўден ядына кәбап түсти, сол баяғы сапары жеген кәбабы!.. Сонда базарда ақ патшаның пулы, ўақытша ҳүкиметтиң керенкасы, большойлардың пулы, үшеўи бирден сапырлысып, найзадай бир қапшық жүўерисин патшаның пулына сатып қойып, соң қуўырдақханада өткере алмай бүлип қалғаны, бир баў ашшы темекини большойдың пулына сатып, қуўырдақханаға бунысын жеткере алмай чайханаға түскени, бир шөрек, бир чайнек чай, үш собық жигер кәбап алып жегени есине түскен сайын кәбаптың сондағы дәми тилиниң ушына ҳәзир-ҳәм тийип атырғандай аўызының суўын шубыртты, ақыры, кәбапшы, шегирмеси селкилдегенше шорытты, ақыры, кәбапшы, шегирмеси селкилдегенше шоғын желпип, сирке сеўип берип еди-дә оған!.. Аманесен Қыпшаққа бир жетсин, кәбаптан өлгенше тойып,

чай дегенди изли-изинен алдыра бермекши, оған бул сапары ғаррының пулы ба-ар, оны анаў сапары шырақшылығы ушын ҳүкүўметтиң өзи берген, бул пул өтпей де бүлдирмейди ғаррыны, тек, Қыпшаққа жетсе..

Кәбапты ойлай бергенге ме, ғаррының мурынына сиркe себилген кәбаптың ийиси келгендей сезилди. «Кула дүзде кәбап не жесин-ә! Мени жин урған шығар!» деп, өзинен өзи қорқты ғарры. Соң кәбапты дым ойламаўға тырысып, ешегине қынаны басты, қына тийген сайын маңғал ешек анадайға шекем қуйрығын шыбжыңлатып жортадыдағы, тағы өзиниң баяў-бос, сылбыр жүрисине өте береди. Лийкин, кәбапты умытайын деген сайын мурынын кәбаптың ийиси жыбырлатып, танаўын тартып-тартып көрсе, кәбап түўе күйген қуйқаның да ийиси шығады!

«Ийтти байласа улытатуғын мына дүзде, мына суўықта не қылған кәбап! Мени жин урды, Қыпшаққа жеткермей урды!..» — Ғарры бурынғыдан да ҳаўлықты. Кәбаптың ийиси алдына бетлеген сайын өткирлесип, ақыры ешегин еглетти де ғаррыға тың тыңлатты. Ҳеш дыбыс еситилмеди, гүмбирлеп топ атылып атырмаса, басының мына шандылыўынан еситиўи де мүмкин емес еди. Ырасында да арқадан урып турған суўық самалға араласып, ыраштың арғы жағынан — ғаррының оң таманынан кәбаптың да, қуйқаның да ийиси келгендей болады.

Кәбаптың бары-жоғын билиў ушын емес, өзин жинниң анықлап урған-урмағанын билиў ушын ғаррының ыраштың үстине шығып, арғы таманларға бир көз жуўыртқысы келди; «Егер ҳеш ким кәбап қақлап отырған болмаса онда жинниң мени тас төбемнен урғаны!» деген ойы оны ырашқа өрмелегенше асықтырды. Шынжыр қамшының сартылдысынан пәт алған ешек тап бир суўдан зоңқ еткен қасқалтақтай шонтаң етип шықты да ыраштың басында адам-падамы менен жүўерин дингектей зеңирейип турды.

Әдебинде ғарры өзин жин урмағанына қуўанды, қуўанғаны сол — ол шынында да отты пысқытып, қой ма, ешки ме, қулласы, бир нәрсени үйтип атырған шоғырды, ҳәр жер-ҳәр жерде байлаўлы турған атларды көрип еди-дә! Көргени қурысын, кәбапқа иштейи шаппай қалды, дурысырағы, кәбап ҳаққында, оның тилдиң ушын суўластырып турған түршекилеў дәмлери ҳаққындағы ой-сезимлер үриккен қус киби басынан қас қағымда «ҳушт» етип ушты да кетти. Енди қурсақты емес, басты саўғалаў керeклигин бастың өзи дурыс түсиндидағы, пәрманды қолларға, қоллар темир қамшыға, темир қамшы ешекке берип үлгерди. «Пәрманға түсингенде ол ешек бола ма, ешектиң аты-ешек!» деген менен, ешекке жәбир бола жақ, темир қамшы ешекке жүриў кереклигин, асығыс қашыў кереклигин түсиндирди, бирақ, ғаррының албыраўдан қалтыраған қоллары жылаўды бура алмағанлықтан ешек ғаррының дийдиндегидей ыраштан төмен емес, ырашты бойлап күн шығарға қуйрығын қысып қос аяқлады. Изинен шыққан ат туяғының дүбирлилерин, «Дуррр, доғаныңның!..» деген кейиснама сөзлерди ешек еситсе де қулақлары тас қылып таңылған ғарры еситкен жоқ, оған еситилип киятырған дүрсилди де өз жүрегиниң дүрсилдиси еди...

## 9

Бул ўақытлары аўылдағы Аллаярдың үйинде аўҳал басқашалаў еди. Бул да ғарқ емес, деген менен, буларда еркинлик бар. Ҳеш ким буйырған жоқ, Аллаяр таңнан турып, белин буўынып, жеңин суғынып, биринши гезекте, сырттағы басбақлы сыйырын жайғастырды. Басбашының хабары күшейген сайын дүзде жүрген жеринен жем болыў қәўпи туўғанлықтан еки үйдиң де малы байлаўда, бурынғыға қарағанда қыпсаланыңқыраған еди.

Оннан соңғы жумысы — сөнип баратырған шоқты үрлеп от жағыў, анасына чай-пай берип, таңлайын жибитиў еди. Қабақтағы суў түўесилип қалғанлықтан, ең соңғысын дүмшеге сарқып қуйып, ошаққа қойды да от жақты, томар қалады. Соң қабағын арқалап, жаптың ултанындағы қудықтан күн шығаман дегенше-ақ суў алып қайтты. Пақырлап атырған дүмшени оттан суўырып алып демледи, дәстурхан жайды. Сонда да анасының еле сол жатысы — сылт етпейди, шайқап көрейин десе, уйқылап атырған болса уйқысын бузып аламан ба деп қорқады.

Бир чайнек чайды өзи ишти, бир чайнек чайдың үстине сүлги бастырып, ошақтың қуўысындағы жыллырақ жерге қойды.



8—5515

Бир жумыс таўып ислеп отырыўы керек еди, суў жылытып, қазан-табағын жуўўўға киристи. Ақшамғы писирген шәўлесиниң қаспағы қазанға бир ели қатып қалған екен, балықтың сағағынан жасалған қырғыш пенен қырды, дасмаллады, соң кешки аўхатқа атландыра беретуғын етип, талдың қайызынан есип өзи соққан түбилдирикке қондырды. Қасық-табақларын гебежеге салып, соң сипсениң ушынан суў бүркип, үйди сыпырды. Сонда да анасының еле сол жатысы.

Балаға бирден бул үй қорқынышлыдай туйыла баслаған еди, анасы еситилер-еситилмес: «әкең келмеди ме?» деди, анасының тирилигинен берген бул хабары баланы қуўандырды. Соң анасы «оны түсимде көрген екенмен-аў!» деп, созы-ып, гүрсинди. Кейин тағы қаязыған еринлерин жалап:

— Атаң келип кетти ме? — деп сорады. Бала келмегенин айтты. Күнде азан менен хабар алатуғын ғаррының келмегенине ҳәйранлығын билдиргендей де шама бийтапта жоқ еди. Усы пайытта бир тостаған ыссы сәскелик жарма менен Мәҳийда кемпир кирип келди де: «Ишип ала ғой, келин. Атаң таңнан турып, баллларға кетти, аманлық болса, күн батқанша бир хабарын жеткерер» деп қуўандырып қайтты.

«Бир уртласа, апа, бир уртла!» деп, қыйылып, жалынып отырған баласын аяғанлықтан ғана анасы жармадан бир-еки қасық уртлады, соң тағы баласын қыймай бир кеса көк чай да ишти. Соң жастығын есикке қарап жатыўға қолайластырып қойдырып алдыдағы қулағын сыртқа түрип, босаға жаққа телпирди де жатты.

Анасының аяғын уўқалап отырған Аллаярға мүйешлериниң бәрин қара қурым басқан, ағашларына шекем түтиннен ысланған усы жай да, күннен күнге шобыты шығып баратырған мынаў көрпе-төсеклер де, азаннан кешке шекем «гегирдегин» толтырып қойыўды талап ететуғын мынаў маўыздай ошақ та, усы үйде өтип атырған бири бирине усас, биринен бири қуўанышсыз, биринен бири балаға белгисиз бир үмитлерди күттире беретуғын күнлер де дым ғана кеўилсиздей туйылып кеткени соншелли, орнынан ушып турып, мылтығын ала сала әкесине қосылып кете берейин десе, әттең, мынаў анасы — ҳал үстинде жатырған ғә-



рип ғана анасы бар-аў! «Апам бир тик аяғынан турып кетсин, кетемен!» деп ойлады бала.

— Атамның қорасына қарап келейин, апа. Ешеги көринсе — келгени.

Бүгин кеткен адамның усы ўақытлары айналып келе алмайтуғынын баланың өзи де, анасы да биледи, билсе де ийегин үнсиз екшеди.

Даладағы да күндеги көринис: сары көпек боян гүдиниң үстинде қәдимгисинше топ болып, тумсығын баўырына тығып атыр, еки-үш таўық дәрис пешелеп жүр. Әтирапта өли тынышлық. Усындай ўақытта Есжан ата ең болмаса тықылдатып, қыйсық мыйықларды оңлап отыратуғын еди, усы тықылдыны сағынғаны соншелли, балаға Есжан ғаррыдан басқа адам усындай етип бул әлемде тықылдата алмайтуғындай, сол тықылдатып турмаса мынаў дүнья уйқылап қалатуғындай туйылып кетти. Гүзли-бәҳәр усындай кемпир шуўақларда астына пөстегин төсеп алып, Мәҳийда шешей жамбасына уршығын шыйырып, пилтели қолын аспанға созып отыратуғын еди, қыс түсип, күн бүгингидей оғыры суўытып кеткели бул көринис те гүз бенен бирге кетип қалған сыяқлы.

Баланың жүдеў кеўлин қорадан шошайып көринген ешектиң еки қулағы көтерип жиберди. Есжандикине қарай қустай қанатланып ушқанлығы соншелли, «бул ўақытта қалай айналып келе қояды, жолдан қайтқан шығар!» дегенди де ойлаўға пурсаты жоқ. Қораның тусынан өтип баратырып та, сол ма, басқа ма, ешекке қарамақ та ойына келмеди. Бирақ, үйге жуўырып кириў жаў я қутырған ийт қуўып киятырмаса — уят. Сол дәстүрге садық бала тамды айналыўдан-ақ адымына сабыр берип, босағадан жай-парахат атлады. Сонша ушып келгенин қайтерсең, узын сийрек сақаллы биреў!

Бала қол алысты, сон не дерин билмей қалды. Кемпир я «неге келдиң?», я «былай шық», демеди, бирын бүйтпейтуғын кемпирдиң бул қылығын бала да болса абайлады. Сонда да диз бүкпей тик келип, тик кетиў уят, диз бүкти. Ғарры балаға кийим пишежақ машиншыдай бастан-аяғына жаңа көз жуўыртып еди, биреўге шырамытқандай, енди тесирейип қарады да:

— Қай баласаң? — деди. Бала үндеп үлгерместен кемпир тискинген кейип пенен:

— Соның баласы-ғо!.. — деди силкине сөйлеп.

Бала өзиниң әкеси ҳаққында әңгиме кеткенин, жақсы әңгиме емес екенин соннан абайлады. Лийкин, бирден ашыўлана қоятуғын минез Аллаярда жоқ, ашыўланганда не деп ашыўланады, буған еситтирип ҳеш ким ҳеш нәрсе деген жоқ. Солай да болса, кемпирдиң хош көрмеген сылайын абайлаған соң турып кете жақ еди, мийман:

— Баарак әллəə-ә, балам, — деп, хошмулайым ҳал сорасты. — Мен көргенде кишкентай ғана дүгилдик единң, түпәләм, нардай жигит болып қалыпсаң!.. Сөйтип, Мәҳийда кише, Қыпшақ тас қамал! — деп, қызықтыратуғын хабарды баслап жибердидағы, баланы кетиў ойынан биротала аласлады. — Қамал болғанда-ҳәм күтә шатақ болып атыр! — деди бурышқа ашшылаған текедей басын силкип. — Кирген шыға алмайды, шыққан кире алмайды! Қызымның үйине көптен бери барған жоқ едим, барсам күйеў баламыз қашшан қып-қызыл әскер болып кетипти, басында шошайласы, бөксесинде баўырға усаған лағаны да бар! Әўели жаслықтың ҳәксери, тақса таққан шығар лағанды, қызыл әскер болғанда да симилтири емес, қоразы қусаған, енди сол қоразлығы басына бәле, тышқан тесигимың теңге болып атыр. «Жуўа берсең, қызыл шүберек те оңады, сен соннан қалайсан! Ҳә бурын қызыл болсаң, енди аққа дөнип, оңған-ақ бол, басыңа қызыллығың жетпесинен бурын қой усы талапты,» десем, мени қолынан келсе, атып таслай қоя жақ! Өлемненғара кеп көзин алартады-ә! «Ә, гөр бол-ә!» деймен ишимнен. Отырайын десем, тақатым жоқ, шығайын десем, сырт тарса-тарс атыспа! Соның арасынша бир қатын, шашлары уўдар-дуўдар болып жуўырып келди, бизиң қыз тапыйды екен, бул да өзиндей бир қызыл қурдасының келиншеги! Гәпин еситсең, тап қуйқаң жуўлайды, «қызылдың үйи» деп силтегендидағы, бул журттың садығынан сатқыны, көп, басбашы келиптидаги үйине от берип, қолындағы баласының сыйрағынан былғап, жанып атырған гүдиниң ортасына басбашылар атып урыпты!..

— Өйтпей, еситкен жерден аўла-ғәәй! Нәрестеди не гүна...

— Гүнә әкесинде-ғо, оған «қызыл бол» деп пе биреў!.. Еле қызығы бар изинде! Он-он беси бирден ҳаялға ийтшилик етип, салманың ишине бүккесине жатқарып, май бөксесинен теўип-теўип кеткен екен...

— Өйппей, уяттага-ай, оннан соң басбашыны ким жөнлесин!

— Тек жүрсең бәле жо-оқ, кише-е! Изин тыңласа...

— Изин айтпа, изи қурысын, қуйқам жуўлап баратыр...

— Таба емес, тоба! Айтып отырғаным ғыйбат емес, көзим менен көрдим. Жаңағы қатында уят дегеннен дым қалмаған, етегин көтерип жиберип еди, тап бизиң күйеўдиң белиндегидей үш «баўыр» ды салпылдатып, асынып алыпты. Бизиң қызға: «Жүр, өш аламыз!» дейди, «жөниңе жүр!» деп, қуўып жиберип едим, изинше бизиң есерсоқ күйеў келип, жаңағы ҳаялдың өзлерине барып қосылғанын айтты ҳәм маған: «бизге бола жәбир тартып қаларсаң, ғарры, бас саўғалап шыға алғандай болсаң, шығып кете бер», деп тағы шығып кетти.

Енди мен қалай шығаман, отырайын десем, жаңағы есерсоқтың кесапаты тийе ме деп қорқаман, шығайын десем, сыртта буршақ емес, пытыра жаўып тур! Ақыры өлдим азарда тамларды паналап, таса-таса менен тартып отырдым. Мени мына, — деп, қойнынан китап алып көрсетти балаға; — Қуран сақлады! Бери шыққан жерде бир нөкери тутып, әнтек-тәнтегимди шығарып, қурбасысының алдына апарып еди. «Намазға келип едим, молламан. Қәпелимде, бул ислер болып қалды, өлтирсеңиз ҳақ қаным мойныңызда кетеди. Мениң бурынғы заманым артық, дини исламға қуўат еди, мен қудайсызлардың тәрепдары емеспен», деп, ырасында да солай-аў, сөйдеп, нан теўип, қуран услап, зорға қутылып, усы жерлерге жетип отырғаным, жеңге! Есжан аға тап усы бүгин кетип, әнтеклик ете қойған екен! Та-ап, Қыпшақтан шыққаннан онлаған шақырымға шекем жолдың бәри жаўдай нөкер! Сығасып тур-аў, сығасып ғана тур, буны бул қызыллар қалай жеңемиз деп жүр, ҳәйранман! — дейди ғарры әбден үмитсизленип. — Биреўди биреў жолдан шығарып атырған зама-ан, женге, күйеў балам бир геўдиреген бала еди, қайта-қайта үйге түсип жүрген бир бузық орыстың геў-кеўине ере қойыпты, оны сол орыс қуртты!

— Сеникин орыс қуртса, бизикин тап мына баланың ғана әкеси — өзимиздиң қарылпақ қуртты! —

Кемпир мушы менен әташтанды мушлап, бирден гүўлеп алып, өтә кетти: — Балам бала болғанда қандай еди, сеникинен де геўдирек. «Ҳаў, қой шырағым, өзиң тиймесең, саған бәле жоқ. Урыс деген қашарман топ емес, тийген жерин аўыртпай қоймайды, өзиң жеккесең, урыста өлип атырғанлар да аз емес,» деп тәңирдиң зарын айттым. Питегене ырық бергендей де болып еди. Бәри мына, — деп, Аллаярдың пешанасына суқ бармағын наган етип гөзеди, — шаңарағы ортасына түскирдиң әкесинен болды! Өзин-ҳәм, баланы да, бизлерди де қуртты, уҳҳҳ!.

— Өзиме не десең де әке-шешеме тил тийгизбе, шеше жан!..

— Жақ! — Кемпир басын шайқады. — Сенде де, ананда да гәп жоқ. Барлық бәле әкенде! Неге бежирейесең маған!.. — Кемпир баланың жуўабын күтпестен қонаққа қолларын салмақлап мәнилетти: — Ҳаў, мырза-ғаў, мен күймей ким күйеди! Балам ҳаўаланбай-ақ дәрьяның шыра-пырасын жағысып, атыз-шелине қарап, аўызымызға ас салып киятырғанда айта берейин-ши, еки туўып бири қалғаным ба, мынаның атыңға от түскир, Бағдияр деген әкеси оттай қызыл болып кели-иип тур! Беллерине қамар байлап, омыраўларын аршынлап таслаған әбден, жаман! Шошайма сениң не теңиң, лаған деген бир орыс пенен яўмытқа жарасатуғын нәрсе, ҳалына гөр емес, шаш қойыптыаў, жаман, кеңсиригин жеп баратырғандай, ирикти аялап, шылым шегеди...

— Арақ ишпейтуғынбеди?!

— Мен сол нәрсениң өзин де көргеним жоқ, ийисин де билмеймен. Бир күни бир ақ шийшеден балаға «иштейиң ашылады» деп қуйып берип атыр екен... Иштейди ашады екен бирақ...

— Оны қайдан билесең? — деп таңлана қызықты мийман.

— Адамның өңешин қырып өтип, ишегиңниң қай жерлерине барып жеткенин билип отырады екенсең. Сөйтип, ишегиңниң бәрин қайырлап қалған салмадай қайырып қыршып кете берсе, иштейиң ашылмай не қылады! Сол ўақыттың өзинде-ақ пияз бар ма, қабығы бар ма, жалмап сала берипнен...

— Ҳаў, ҳаў кише, сен де ишип жүрмисең?!



— Дәри деди-ғо бизге!.. — Мына сөзге мийман ийинлерин селкилдетип күлди, үнсиз күлди. Кемпир шоршынды. — Еле сөйтип жүр ме ол ширкин?!! Жа-ақ, ол арақ емес, арақ дегенди «бурыштай ашшы болады» дейтуғын еди. Оның пыршыған қамырдың ийисиндей бәд бир ийиси бар, болғаны... — Ғарры жамбасын шаппатлап күлди. Соң көзиниң жасларын сүртип:

— Ем ушын адам қурбақаны, жыланның етин де жейди, емге ишсең, мәкириў емес, — деп еди, кемпир өзинен өзи тискинип, тап ҳәзир-ақ қайтарып қоя жақтай аўызын басты. Мийман ғарры: — Бағдиярды билемен-го, жаман жигит емес, — деди балаға жылтжылт қарап. — Бирақ, усы заманда түрмениң бәрин орыс алып кетти деп еситемиз, онда ол да түрмеге түсти деп еситип едим, жаман орыслардан үйренгендур...

— Үйретпей қоя ма, мырзаға-аў, бир түўе үш түсти-го! Сен бала, неге маған бежирейесең?!! Өтирик пе әкеңниң үш түскени?! Биринши мәрте, анаў қатынап туратуғын орысы кемениң атын сен тап, мырзаға?

— «Кәпказ—Мәркерий» ме?

— Ҳимм, тилиңнен айналайын. Әне, сол кемеде бунның жаман әкеси жөнине жүрмей патшаға, патша болғанда қай патша десе, ақ патшаға қарсы шығып, бир қамалып келди. Сол кеткенинен жоян болғанында аўылға буншелли апат дарымайтуғын еди, уйысып отырған ел де шалаптай шийқалмайтуғын, ғайры мәкан излеп, тентене болмайтуғын еди, бир жаманның кесири жети журтқа тийди-ә!..

— Айтып отырғаның әтирик, шеше!..

— Ҳимм, өтирик-емиш! Сен еле әкеңниң беридегисин еситип отырсаң, оның алдында көп жыл бурын Шорахандағы оязды өлтиргенлерге шатасы бар деп бир қамалды ма, — кемпир әташтанды атәшкир менен бир сызды, — қамалды-ы!... Ийй, — деди соң тискинип. — Көзин ашқалы қамақтан басқаны көрмей жүр-аў! Усы ширкинге ермегенде балама бәле жоқ еди!..

— Еле де ҳеш гәп болмас, кише-е. — Мийман тәселле берди.

— Ҳаў, мырза-ғаў, өзиң айтып отырсаң-ғо «аспаннан буршақ емес, оқ жаўып тур» деп! Соншелли буршақтың биреўи тиймес пе сирә! — Баланың тақаты шыдамай тасыр-тусыр шығып кетти. Мыйман:

— «От ишинде пахтаны аман сақларман» деген яратқан яббар ийем, ҳеш гәп болма-ас! — деп тәсееллесин даўам етип атыр еди, бала қалай кеткен болса солай тасыр-тусыр кирип келди де:

— Мына кисиге, — деди мийманның маңлайына бармағын гөзеп: — Гәпине түк исенбе, бул жаман адам! Бул өз қызын жаўға таслап қашқан душпан, бул олла-билләә душпа-ан!..

— Ҳәй--ҳәй бәдбақ! — деп-ақ үлгерди мийман, бала:

— Буны ҳүкүўметке услап берип, аттырыў керек! — деди де тасыр-тусыр шығып кетти. Ол кеткен соң:

— Бөриден туўған бөлтири-гәәй! — деп басын шайқады мийман. — Өзиң-ҳәм қуры, ҳүкүўметиң-ҳәм қурысын, жүўернемек!..

— Өйтип қарғама, мырзаға! — деп шоршынды кемпир. — Тилиң бизиң балаға да тийип жүрер. Ол «әскери қурымай ҳүкимет қурымайды» деп жүр ғой...

— Жақ, сениң балаңнан аўлақ, кише. Мен қайтайын,..

Қонақ бул үйдиң жыллы жайына муз қуйып кетти.

Бала бул үйден еситкен гәпин төменлеп атырған анасына айтқан жоқ. Бирақ, бир жерде отыра алмай қайта-қайта кирди, шықты, қайта-қайта өзине өзи «өтирик, қонактики өтирик!» дей береди, тағы «не ушын өтирик?» деп, шоршынады. Жуўабын сорарлық адам жоқ, Есжан ата да келмей атыр, бала жолға қараў менен-ақ кешти түсирди. Ол бағанағы пәти менен кемпирдиң үйине келмегенине, анасына бармағын шошайтып: «мениң баламды қызартып жиберген сенин байың!» деп, азар бермегенине қуўанды, буны кемпирден күтиў мүмкин еди.

Күн батып, қас қарайып баратырғанда жыңғыл майдалап отырып, Есжан атаның үй бетине қулақ түрди, ғаррының балтасы тоқылдамады, улуўма, бүгин буның баққаны усы үй, бул үйден ҳеш ким шығып отын айырмады. «Атам келсе, от жағып, жылыныўы керек ғой!» деген бир ой мийине жылт етти. Өзиниң отынын таслай берип, биреўди бара салып, гирш еттиретуғындай балтасын қысымлаўы менен Есжан ғаррыникине қарай кетти.

Гүдиниң үстинде сары көпек тумсығын бүйирине тығып, еле дөңгеленип жатыр. «Тап усы күнлери ийттен утқан адам жо-оқ, бунда уўайым жоқ, соның ушын да тап усы күнлери ийтлердиң ығбалы жеңип тур» деген бир жинли ҳыял келди басына.



Үйге қараса, еле шыра жанбапты. Таўықлар басын былай бир-былай бир қыйсатып қарап, ҳәйўанның шала жабылған есигинен еплеп ишке кирип атыр. Қорада ябы оқыранады, демек, жем қыстырыў, от салыў керек. Бала усы жумысларының бәрин ислеп болып, дүрсилдетип томар айыра баслады. Иштеги бүккесине түсип атырған кемпир, буның Аллаяр екенин билип, елжиреди. Бағанағы өзиниң ойланбай айтып, кеўилин хабартқан сөзлерине енди өкинип, орынынан турды да моржасын сыпырып, шырасын жақты.

Балтаның тоқылдысы тек кемпирдиң емес, кимниң болса да есиктен кириўин күтип, қараңғы жайда жатырған қастениң де қулағын ербеңлетип атты. Оның кеўилинде: «атам келген екен, томар айырып атыр-ғо!» дегеннен басқа ой, күйеўинен сол ғарры әкелетуғын хабардан басқа сағыныш жоқ. «Атаң келген қусайды, барып хабар алөссоңо — отын айырып атыр-ғо,» дейин десе, баласы есиктен кирмей атыр.

Бала Есжанның ошағының қолтығына бир қушақ томар әкелип таслап, кемпирдиң жүзине қараса, кемпир ашыўлыдан да бетер қайғылыға, қапаға усар еди. Домбығып кеткен еки көзи оның бүккесине түсип, көп жылағанын паш етип турар еди.

Бала үйден шығып, гүдиниң тусынан өте бергенде, топ гүрсилдеди. Сары май салынған бир кесаны ала шыққан кемпир: «Топ атылды-ғо?!!» деди бир орында қулақ түрип, тағы дыбыс күткен балаға. Бала ҳеш ойланбастан:

— Шеше, бизлер жеңемиз! — деди. — Мынаў бизиң ағамлардың тобы, көрдиң бе, басбашыларды қырып атыр!..

— Тилиңнен айналайын, шырағым, мә, мынаны апаңа жегиз!..

Бала кесаны ала бергенде, топ тағы гүрсилдеди. Асты ләрзем алды ма, сары көпек бүйиринен тумсығын жулып алды да Қыпшаққа қарата мурынының ушын жыбырлатып турды...

Бала өзиниң үйине келгенде айнаны зыңылдатып, топ бурынғыдан да бетер солқылды менен гүрсилдеди. Бала топтың емес, әкесиниң сестин еситип атырғандай,

топтың гүрсилин емес, әкесиниң жүрегиниң дүрсилин еситип атырғандай қуўанып:

— Апа, еситип атырсаң ба, бизиң ағамның тобы! — деди. Байғус ана:

— Урыстың басланғаны-ғо онда, — деди қаўетерленген үн менен. — Атаң усы топтың сести еситилип турған жерден еле келмей атыр ма?!..

Топ гүрсилдисиниң түнги тынышлықта неше шақырым жерден еситилетуғынынан булардың ҳеш қайсысы да бийхабар еди...

## 10

Әлле қашшан ешектен аўдарылып, еки нөкердиң жулқыўында баратырған Есжан ғаррыға шөп те-шар да басбашыға айналып кеткендей туйылды. Олардың гәси қылышын қайраса, гәси сүмбелерин тазалап, гәси лаўлап жанған отқа шулғаўларын кептирип, гәси бийтлерин қағып, жалаңаш етлерине постынларын, шекпенлерин жамылып, ғаррыға онша түсиниксизлеў шаўдыршалап лалаўласар еди.

Аламанның тағызлаў жеринде қазақлардың көшкенде чай қайнататуғын үш аяқлы мосысындай үш жаққа керилип, үсти қыйлы-қыйлы гөне-жаңа текийментлер менен жабылған, үш ағаштың ғана басы байланып соғылған қос тур. Қостан төрт-бес қадем былайлаўда, қосқа оттың дүти урмастай жердеги жер ошақта пақырлап тай қазан қайнап атырдағы, оның алдында биреў саққа жүгинип, гелле үйтип отыр. Ал, қазанның күн батар таманында қарабарақтың шоғын шөгирме менен желпип, қус мурын бир жигит кәбап қақлап атыр. Биреў менен биреўдиң онша иси жоқ, күнде көре-көре қызықтырмайтуғын болып қалған ба, түйгишленип киятырған ғаррыға ҳеш ким дыққатты аўдарып жалшымады. Тек, кимдур, биреў: «Әсте-ре-ек, Ора-аз! Сәрдарға жеткермей өлтирип қоярса-аң!» деди, болғаны. Тағы биреўи: «Жудә батырды тутыпсаң-ғо, Ора-аз!» деп, ғарқылдап күлди. Усының сөзин ғарры емески еситти ҳәм өзин тутқан нәкердиң биреўи Ораз деген екенин билди.

Ғаррыны қостың алдына әкелип, зорлық пенен дизерлетти. Қостың түрилген есиги қуяшқа қарағанлықтан ғарры төрде найлы шылым шегип отырған, жасы



елиўлерге жетип қалған, шеп көзиниң орынын алақандай қара былғары менен таңып қойған, тақыяшаң адамды көрди ҳәм соны «сәрдар шығар-аў» деп шамалады. Сол адам жаңағы Ораз дегенге: «тутқынды берилиў жақынлат,» дегенди алақаны менен бетин желпигендей етип уқтырды.

Ғарры ортадағы ғыжлаған сексеўилдиң шоғының қасына таман әкелинип, аўырыў атандай шөктирилди. Ғарры сәлемлесиўдиң орынына тисиниң кетигин үңирейтип, нәрестеге усап күлди, сәрдардың да сыңар көзинде күлкиниң ушқыны жылтырады. Ғарры буны: «мәккар түлки екен, абайлы болмақ керек!» деп сынадыдағы, сәрдар: «бир гәп бар, бул суўықта усы жастағы ғарры тегинликте жолға шықпайды, күлкиси келмесе де күлиўине қара, ҳәзир сайратаман сени!» деди ишинен ҳәм бәлент даўыс пенен:

— Хош келипси-из, мийман, обалар, шағалар есенаман ба? — деди көпшикти омыраўына тартыңқырап. Ғарры «қудаға шүкир, дәўлетиңиздиң саясында бәри аман-есен,» деп атыр.. Сәрдар күлимсиреп: — Мен қарақалпақша билемен, биз түркмен менен қарақалпақлар бурыннан... — деп атыр еди, ғарры гәпин бөлип, жорғалады:

— Дайылы-жийен боламыз, ғошшым, — деди ҳәм еситиўге таярман дегендей қулағының тусын түриңкиреп отырды. — Бул дайылы-жийенлик соңғы ўақытта жүдә күшейип, көбейип баратыр...

— Мен қарақалпақшаны дайыларымнан үйрендим. Салтын да билемен, жийенлериңиздиң дайыларын сабап ойнайтуғын жаман әдети бар...

— Ҳаўўа, ғошшым, сондай әдети бар екен...

— Әлбетте, сизге жийенлериңиздиң бул еркелиги унайды?

— Унағанда қанда-ай!

— Қаттырақ тийген болса, әпиў етиң, қызбалылары да бар.

— Қоллары да мықлы екен!

— Әзи жигитлер менен жолдас болмаймыз. Саўаш деген мәртлердиң майданы, яшуллы! — деди нықыртып қурбасы. Бул нықыртыўдан «ойнап болдық» дегенди аңлаған ғарры тисиниң кетигин көрсетиўи менен күлип, үнсиз мақуллап турды. Сәрдардың гәпи аўы-

зында: — Ал енди, яшуллы, ҳәзир урыс пайыты, усланғанлардан жол болсынды тежеп сораў бизге парыз.

— Әже-еп, тақсыйыр.

— Жаңа дүзлестиңиз, мен сизиң ғошшыңыз емеспен! Мынаў тас төбеңиздеги Ораз баҳадур дайыларын пушқақтай уўқалап, қытықлап ойнаўға наятый шебер.

— Рәмәуизин бир көргеннен-ақ билдим, тақсыйыр.

— Мен буның қасийетлерин айтып атырман, «тақсыйыр» дегениңиз шын жүректен айтылып турғам улуғлаўыңыз болса...

— Олла шыным!

— Онда тақсыйырдың гәпи бөлинбес болар...

— Аўызыма қум!

— Биз де май тығайын деп атырған жоқпыз...

— Майы қурысын, ушынып қаламан!

— Яқшы, яқшы, май бермеймиз. Ораздың өзине тән хусусыяты — бунын мудамы қанжары қансырап жүреди. Екиншиден ҳәзил--дәлкекти, өтирик сөйлегенди жақтырмайды...

— Тап, мендей екен! Дайысының дәл ғана өзи!

— Жүдә пәкизе! Енди өтирикти жақтырмайтуғын болсаңыз, ырасынан келиң, барыс қайдан, келис қайдан, мәнзил қайда, мәкан қайда?

— Мәкан Төрткүл таманда, Шаҳаббаздың тусларында, тақсыйыр. Мәнзилимиз — Қыпшақ.

— Усындай қыйын-қыстаўда не сүргин айдады сизди?

— Қыпшақта Мәрзия деген қызым бар еди, соны ҳал үстинде жатыр деп еситтим, перзент дағы жаман, тақсыйыр...

— Көзиңизге жас айналып кетти, исенбесек болмас енди. Тағы бир саўал: үйден қай шамала шықтыңыз?

— Соңғы жулдызлар бар еди.

— Ҳәзир қай мәҳәл?

— Сәскелик жарманың ўақты өтип баратыр. Демек, сәске...

— Демек, сизиң аўылыңыз айтқаныңызға қарағанда берилеўде. Үйиңизден шыққаныңызға еки ярым саттай ўақыт болған, еки ярым сааттың ишинде Шаҳаббаздың тусынан бул кәраға жете алмайсыз...

— Ешек жүргиш, тақсийыр!

— Ешегиңиз пырақ болса да саатына алты шақырым жол алар. Ықтыярыңыз Ораз жийениңизге өтип



кетпестен бурын ырасынан сөйлеп алың да бизге мынаны айтың: сақалыңыздың ағы менен ийманыңызды суўдай симирип, исламның күшиклерин алдаўға сизди не мәжбүр етти?

— Бир шыбын жанымның аманлығы, тақсыйыр! Үй берилеўде.

— Жаңа дурысладыңыз. Неше үйли аўылсың?

— Көп еди, тек еки үй қалдық.

— Басқалары қайда?

— Көшип кетти. Қызыллардан қорқты ма, сизлерден қорқты ма, билмеймен.

— Сиз неге кешпедиңиз?

— Мен бир ғарры адамман, мениң менен қызылдың иси бар ма, сизлердиң исиңиз бар ма! Көшкенде енди қайтип жай саламан, төримнен гөрим жақын, ата мәкан деген-дә, тақсыйыр...

— Балаңыз жоқ па?

— Бала бар, бөлек шығып кетти.

— Қайда?

— Сарайкөлде.

— Ояқта түркменлер турады.

— Қарақалпақлар — ҳәм ба-ар.

— Менде сарайкөлли жигитлер көп, шақырып сорасам, ҳәзир өтиригиңизди шығараман.

— Шақырың, мен де себеп пенен баламның аманлығын билейин.

— Яқшы, соң шақырарман, — деди сәрдар, ғаррының тайсалақламай, албырамай сөйлегенине исенип, оның үстине, бунда Сарайкөлден нөкер де жоқ еди. — Соң жүзлестирермиз, сен балаңның қызыллардың қайсы отрядында бизлерге оқ атып жүргенин айта қой?

— Уай-бай-бай-бай, тақсыйыр, — деп, басын шайқап күлди ғарры. — Сол жаман мылтық ата алатуғын болғанда! Атпақ түўе, даўысы шыққан жерде тура алмайды. Бирақ, дийханшылықтан еби бар, шийшилик те ете алады. Мал бағады, ояғын жасырмайман...

— Кимниң малын бағады?

— Өзиңиздей беглердин-дәә!

— Аўылыңыз бай ма?

— Байды қойды ма бальшойлар!

— Оныңыз дурыс. Мен сизге ҳағынан келейин, бир яқшы яшуллы екенсиз, бирақ, гәпти билмең. Ҳаслыңыз мусылман, бальшойлардың қудайсыз екени өзиңизге

мәлим. Биз исламның ақ жалаўын тиклеў жолында жанымызды шүберекке байлап жүрмиз. Бизлерди азық-аўхат пенен тәмин етиў мөхмини мусылманның бәрине парыз. Ләшкердиң алды үш күннен бери Қыпшақты қамап атыр, изиндегиси бизлер. Алдыңғы жүзликлер аўыл арасында, халық ишинде жасап атыр. Биз үш күннен бери усы жерде өт қаўып атырмыз, батырларым аш. Былай шығып, берсе қолынан, бермесе жолынан мал айдап қайтыў, қарқыратып шалыў бөриниң де қолынан келеди...

— Ой-ой, оған теперишсиз ғо-ой!

— «Бөри азығы жолда» деген, ақыры!

— Сонда айдап қайта бермей ме?

— Бизге Қыпшақ жақтқан шабарман хан ҳәзиретиниң буйрығын алып жетсе, мен мал қыдыртып жиберген нөкерлеримди қайдан табаман?!

— Оязы да бар екен-аў!

— Бизиң усы жерден табжылыўға ...қымыз жоқ. Мен изиңизге бес нөкер ерте аламан, қанша турады? Нырқын айтың?

— Нениң нырқы, тақсыйыр, түсинбей тураман?!

— Геллеңиздиң нырқын айтаман, неше малға баҳалайсыз?

— Бир ябыға, тақсыйыр, басқа малым болса, буйырмасын!

— Мен бир ябы ушын бес нөкер жибере алмайман.

— Нөкердиң кереги жоқ, өзим әкелип беремен.

— Яқшы-ы, яшуллы. Ҳәзиллесип болдық онда. Ора-аз!!!

— Ләббай тақсыр!

— Кәриңе кири-ис!

— Тап усы жерде ме?

— Тап усы жерде! Қаншелли ырасгөй екен, өзим көремен.

Басбашының ордасын биринши көрген ғаррыға әдебинде буның бәри ҳәзил гәптей туйылып, «әкесиндей адамман ғой, қыйнаўға уялар,» деген пәм менен бурынғысынша тисиниң кетигин үңирейтиў менен жымыйып отыр еди. Ораз қынынан қанжарын шығарып, алқымына тақағанда шалына жақ ешкидей «бә-әә!..» деп-ақ үлгерди, Ораз алқымын емес, алқымының астынан алған шалмасынан пәнжесин өткерип алып жулды да алқым менен шалманың аралығына пышақты



жарқ еттирип сүңгиткени де сол, тыйық тиймесе де ғаррының гегирдеги музлап, дем келмей қалды. Лийкин, пышақ шалманы бир дегеннен қыйып түсти де қынына тығылды, ғаррының да жүреги қанасына түсти. Қурбасы муртынан күлип, мысқыллады:

— Бизлерди басбашы деп өтирик айтады! Басбашы болғанда мына тап-таза шалмаңызды бүлдирмей алып, шулғаў етер едик, еситип турсаң ба, дайы?..

— Еситтим, тақсыйыр, сизлер төрели адамларсыз...

Ораз шалманы жаздырып-жаздырып жиберип еди, ғаррының сақалы қопыраған шошаймалы геллеси сомпайды да қалды. Бул енди, бағанағы молласымақ пәжмүрде ғаррыға емес...

— Бай-бо-ой, бул қызыл пайғамберге усап кетти-ғо, тақсыйыр! — деп таңланды Ораз. Сыңар көзи шарасынан шығып кеткен Байрамәли:

— Бул пайғамбар емес, пайғамбардан кетсин садаға! Бул өзлериниң Бөненийине усап кетти, ҳә, мен сүўретиң көргенмен оның! Ол да қартайса усы албаслыға усайды, муртының ҳәррийиўин қара-а! — деди муртына ушында шаласы бар көсеўди тийгизип. Шоқ тийген мурттап шыққан көңирсиген бәд ийис ғаррының танаўына урып, көзинен «пырт» еттирип, жас шығарды. Ораз ғаррының шошаймасын да жулып алып еди, Байрамәли:

— Соппашын басына кийгиз, сонда қызылға қәҳәр етип атырғандай боласаң, баҳадур, сопы да билмеймисе-ең! — деди ҳәм қасында көлеңкедей болып турған Аманға қойын-қонышын тинтиўди буйырды.

Соппаш кийгизилди. Аман Байрамәлиниң алдына төрт-бес қағаз пул шығарып қойды. «Ендигисин меннен сораманъ» дегени ме, я «баслай бериң» дегени ме, оған ғарры түсинген жоқ, сәрдар қолын бир силкти ҳәм «маймыл ойынын жақсылап бир көрип алайыншы» деп қумартқан адамша сең-сеңин ийининен жылыстырып, алға ентерилиңкиреп отырды.

Ғаррының көйлек-дамбалынан басқасының бәрин сырттан шақырылған бир нөкер менен Аман зорлап шешиндирди. Өзинен өзи хорланып, сақалын сыйламағаны ушын ашыўының келгенлиги соншелли, «түбинде бир өлим бар ғой, сол өлим қай ўақытта да жақсы болып келмейди, усы доңызларға мой берместен өлипақ кетейин!» деген беккем бир қарарға келген ғарры

ҳеш кимге жалтақламады да, бир аўыз жалынбады да. Қайта жинин тырыстырып: «Шериңизди бир тарқатып ала ғойың, шырақларым,» деп, тисиниң кетигин үңирейтип, тилиниң ушын шығарып күлди. Әне усы күлки Байрамәлиниң сыңар көзинен ғәзеп отын шашыратып:

— Қырық дүрре-е! — дегизип қышқыртты.

Ат арқанлайтуғын төрт қазықты балталап, Аман қақты.

— Қәне, дайы, — деди Байрамәли, мысқыллы. — Жата ғой, жийенлериң бойыңды шенеп көре жақ...

— Тәжирийбеңиз жоқ екен, кепинди қамыс пенен пишер еди...

— Жата бе-ер, өзлеримиз билемиз! — Ораз еңсесинен нуқып атырғанда, ғарры едирейип қарап: — Мендей ақ шашлы әкең бар шығар-аў, қол урып гүнаға батпа, өзим жатайын, — деди ҳәм еки қолын еки қазыққа, еки аяғын еки қазыққа керип жатқаны, ызғар алды менен жуўў етип, қурсағынан өтти. Қолын байлап атырғанда ғарры тағы сөйледи: — Тырыстыра бермей-ақ қойың, жулқынар шама болғанда қайда жүреримди билетуғын едим...

Қанша шыдайын деген менен қайыстан есилген дүррениң зарпы жаман еди, үш дүрреге шекем ғарры қоллары менен жер пәнжелеп, тисленип шыдады. Төртиншиден баслап ҳәр дүрре тийген сайын, «апа!» деп бақырайын десе, уялды, «Алла!» деп бақырайын десе, усы азапларға гириптар етип атырған алланың өзи болғанлықтан өкпелегенлиги соншелли, соның да атын қасарысып тилге алмастан дүрре «шарп» етсе: «Мәҳийда-а-а!.. Мәҳийда-а!.. Мәҳийда-аа!» деп, бир бап пенен қышқырар едидағы, шарпылды жигирмадан аса бергенде даўысы кемкемнен ҳәлсиреп, өлпеңлесип, пүткиллей шықпай қалды.

Нәмнәҳан адамның жас баладай «Мәҳийдалай!» бергенине әдеп Байрамәли күлди, сол заматы геллесине «жылт» еткен бир жылдырымдай ой жайлаўына кеткен езиўин лаппа жыйғыздыдағы:

— Тоқтаты-ың! — дегизип қышқыртты. Ораздың дүрре көтерген қолы бул сес мәрк болып жабысқандай салқ етип қапталына түсти ҳәм дүрре оң аяғы менен параллель турды.

Байрамәлиниң өзи орынынан ушып турып, мәсишең



аяғы менен «зиңк-зиңк» басып ғаррының бас ушына келип ийилди де, басын жулқып:

— Мәҳийдаң ки-им?! — деп, қайта-қайта қышқырса да ғаррыдан сес-семир болмады. Усы ўақытта Аман ғаррының қоржын-қоланын әкелип, оттың қасына қойды. Аштырып қарап, ишинен азық-аўхаттан бөтен ҳеш нәрсе шықпаған соң қоржын-поржыны менен ғаррыны жазалаўға мийнет синиргенлерге инам етти де, тағы оларға:

— Мына жерге әлпешлеп жатқарыңдағы, үстине ешегиниң жабыўын әкелип жаўың, — деп буйырды ҳәм өзи нөкерлерин аралап көриў нийети менен постының желбегей салып шығып кетти.

Буның изинше қоржын-қолаңға сүйекке таласқан ийттей бас салысқан үш нөкер тийисли-тийислилерин теңнен бөлисип алып, орынлы-орынына барып, биразын жалманып та үлгерип еди.

Түс аўа ғарры есиңе түсип, «өлип қалған шығар» деп келген Байрамәлиниң таңланыўында шек болмады.

Ғарры қашшан түргелип, бешбентлерин кийип, урықсат болса қайта беретуғын адамдай, пәкизе, Байрамәлини күтип, қолларын сөнип баратырған сексеўилдиң шоғына жылытып отыр!

«Я-аа тоба-а! Бул адам емес, жин-шәйтан шығар!» деген ой кешти сәрдардан ҳәм таңланыўын билдирмеў ушын әжептәўир етип күлди, ғарры да тисиниң кетигиниң орынынан тилиниң ушы көрингенше жымыйды. «Уялған тек турмас» болды ма:

— Жақсылап дем алғаныңызға исенимим кәмил, дайы, — деди төрлей берип сәрдар. Ғарры да бундайда кисиден гәп сорамайды:

— Енди, тақсыйыр, жийенниң дәргайында дем алмасақ, қайда жақсылап дем аламыз, — деп, сақалларын тарағышлады. — Бир кемисиңиз бар екен, айтсам мәйли ме? — Орынына отырып алған соң бетине бурынғы айбаты шыға баслаған сәрдар, «тыңлаўға қуштарман» дегенди ийегин көтерип аңлатты. — Айыбыңыз соннан ибәрат, мийманды дуз бермей күтеди екенсиз!

Сәрдар ғарқылдап күлди, сыңар көзинен аққан жасты сүртип:

— Сиз бир кеўилли адам екенсиз, сизден айырылыў қыйын енди! — Ғарры «ол жери шатақ екен!» деген-

дей төмен буқты. Сәрдар: — Бизде қабыл етилип кеткен дәстүр бар, дайы, — деди жымыйып. — Дәстүр соннан ибәрат: әдеп мийманға таяқ жегиземиз , соң аўхат жегиземиз!..

Ғарры гәпти бөлип, тағы илип қалды:

— Екеўин-ҳәм жегизбеўге болмайтуғынбеди?

Сәрдар бул сапары күлмеди, шамалы үнсизликтен соң:

— Урыстан соң өйтиўге болады, — деди салдамлы түс алып. — Ҳәзир биринши нәўбетте диннен шығып баратырғанларды динине қайта ендирип, исламның жығылып баратырған ақ жалаўын қайта тиклеў зәрүр болып атыр, дайы. Соның ушын қаталлық керек, Муҳаммед пайғамбар-ҳәм исламның жолында усы қаталлықты қолланған. Биз қанды төгейин деп төгип атырғанымыз жоқ, инсапсызлар тәўбеге келиўи ушын, кимниңдур, қаны төгилиўи зәрүр. Сондайда «қуўраққа араласып жас та жанады», өзиңиздей бирли-ярым бийгүна да жәбир көрип қалады, буны дини ислам ушын әпиў ет, әлбетте!..

— Дым ғана кеўилиме алып отырған жоқпан, — деди ғарры сыңар көзге сығырая қарап, ол усы сыңар көзден бунын не дузақ қура жағын билип алмақшы, «шықпаған жаннан бир үмит,» сақланбақшы. Сыңар көз болса, буннан еле аңқылдаған адамның келбетин көре алмай атыр, ғарры жалатайланып отырғандай сезиле береди. «Өзим аңқылдасам аңқылдар» деген үмит пенен бағана бираз нәрсениң ҳағыпан да келди. Шынында да нөкерлериниң үш күннен бери аш екени аш. Нөкерлер буған налынып та жүрген жоқ. Буларға тек алдыңғы саптан шеги түспесе болды, аштан өлмейди. Алдыңғы сапты қызыллардың тобы, оғы күтип тур, сол алдыңғы сап, оннан соңғысы, оннан соңғылары қырылып питкен соң, қызыллар әбден тыйтығына таялған соң булар ең сайланды атлары, жигитлери менен қалаға «аллалап!» лап қояды! Алдыңғы, соннан соңғы жүзликлерден өлгенлер өлип кете береди, қамалды бузған да усылар, қаланы алған да усылар, байрақланған да усылар болып қала береди! Лийкин, сол күн келмей атыр, қызыллар үш күннен бери теке тиресип атыр. Сол күн келгенше шыдаў керек, қорықпай,-тарықпай шыдаў керек, шыдаў ушын аўхат зәрүр, узаққа онлық



жоллайын десе, сәрдар буйрық күтип тур, жақында елдиң бары-жоғын да билип жалшымайды, дәрьядан бери өткени де жақында ғой, еле бул кәраның ойлышуқырын анықлап билип үлгермей атыр. Лийкин, жағдай солай» деп, нөкерлерди аш қойыўға ҳақысы жоқ, жағдайды түсиндириўге де болмайды, ишинде қай жақтың жансызлары жүргенин ким биледи! Түсиндирмейин десе сәрдар «нөкерлерим дағысып кете ме?!» деп қорқады, топалаң шығара ма деп қорқады. Топалаң шығарса да, дағысып кетсе де Жөнейит ханның алдында желкесин усынып жуўап береди! Қапылған күн болды бул! Үш-төрт нөкерин «тәўекел!» деп еки күнликте жақын-жуўыққа жоллап жиберип еди, мурынларына бармақларын суғысып келди, аз болғаннан соң тереңирек сиңсиўге қорқты ма: «ел жоқ!» деп келди. Соның арасынша, күни кеше-аў, дәрьяның қайыры менен Қыпшақ таманға өтип баратырған бир арбакеш булардың аўына түсе қоймағанда, аўҳалы күтә аўырласатуғын еди. Арбаның көкирегиндеги бес қой, еки ешки, арыстағы атандай өгиз жүзден аслам нөкерди булғурлым сақлап турыпты! Арбакешке болса, жан саўға, сонша таяқты жегенине қарамастан алғысын айтып, пәтиясын бере-бере, артына қарай-қарай қарасын батырды-ә! Соннан дәмиккен булар, қарсы жолға қарайды, қудайдың мына тарсылдаған суўығында ким өтеди бул ҳүўлеген даладан! Өтпей атыр. Ғаррыны көргенде: ««бундай кексе адам узақ жолға шықпайды ғой, жақыннан шыққан шығар, бес-алты жигитимди аўылына баслап барса журттың ең жарлысында еки ешки, тәўирлеўинде бес-алты жанлық пенен бир-еки сыйыр, гирдикарлыларында кем дегенде жүзлеген қой менен онлаған сыйыр, бес-алты жылқы бар! Жарақсыз аўылдың төрт жағынан төрт адам мылтық көширсе бир сүриў малды өзлери алдыларына айдап салып, пәтиясын берип қалады!» деген ой менен бунын жас емес, ғарры болғанына қуўанып еди. Бул да дым қайсар шықты, «дым болмағанда еки нөкер жоллап, жалғыз ябысын-ақ алады-дә,» «бул жалғыз дегени менен жалғыз бола бере ме! Бунда болмаса, қонысы-қобаларында бар шығар, жалынып аламыз ба биз, сорап аламыз ба!» Айдайды да қайтады, тек аўылын көрсе болды!.. Усы хыял менен ғаррыны «қасып» көрип атырғанда бул «Мәҳийда-аа!» деп зарлады ғой, қызы емес

пе екен, егер қызы болса, қол тийгизилмей усы жерге жеткезилсе, аржаққа өткеннен соң өркеши анаў таўдың жотасындай неше нар болатуғынын сәрдардың өзи биледи, өзи! Тек, бул ғаррыны жуўасытыў керек, жуўасытыў!..

— Сөйтип, дайы, кеўилиңизге алсаңыз да тәртип солай, тентек жийенлериңизди әпиў етиң?..

— Айттым-ғо, «дым кеўилимде мәлел жоқ» деп.

— Жүдә жақсы, аға, мәлелли жерди, қан төккенди мен де жек көремен. Жек көрмегенимде бул ўақытта Қыпшаққа қырғын берген болар едим! Тек сынықққа сылтаў таўып, усы жерде жатырман. Ҳәй бала, — деди ашық есиктиң алдынан өтип баратырған атқосшыға. — Мына дайың таяқ пайын жеп болды, енди аўхат пайын келтир! — Жигит көкирегине қолын басып, ғайып болды Сәрдар гәпин даўам етти: — Мәҳийда деген қызыңыз болса керек?

— Ҳаўўа, қызым! — деп шонтаң ете қойды ғарры. — Доңызларың өлтирип қойса, сол жас қалып қоя ма деп, жаным қалмады!Алыпсымда көрген аппағым еди...

— Ҳәзир жасыңыз нешеде?

— Әйй, жасым қурысын мениң, жетпис бестемен!..

— «Он бесте отаў ийеси» деген...

— Жақ, — деди ғарры гәптиң қалай бурылып баратырғанынан ҳаўлығып. — Жа-ақ, жетпис үштемен!

— Оның әҳмийети жо-оқ, қыз бала он екиде бәлә-әтке жетеди.

Атқосшы шылапшын менен мы. қуман алып кирип, гәп кесилди.

— Яшуллыдан болсын, — сәрдар алдына қойылып атырған шылапшынды ғаррыға нусқады.

«Пай-пай, жып-жылллы екен,» деп отырып, ғарры бети-қолын гүп болып искен арқасының аўырыўын сездирмеў ушын-ақ уқшатып жуўды, соң нөкер-қосшының ийининдеги сүлгини алып, сәрдар жуўынып боламан дегенше дуўпыязлық пенен сүртинип отырды.

Атқосшы нөкер дәстүрханлардың жыйрықларын жазып кетип, онлаған собық кәбап, қойдың тонлап қалған еки жилигин ләкки менен әкелип ортаға қойып еди, ғаррының аўызынан тағы суў шубырып сала берди. Қосшы нөкер тағы шығып кетип, бес-алты зағара, қаўын-қақ, жийде-ериклерди де дәстүрханның ҳәр жерҳәр жерине қойды. Ғарры өз үйинен шыққан нәрселерге қызығып қарады. Усыны сезген сәрдар:



— Қашшан дайыңның қоржынын тинтипсиз ғой — деди ҳәм жөги күлип: — дайың жийенлериниң бул ерkелигин кеширди қашшан, жазылысып отыра бериң, нәўкыранларым, — деп, гәпиниң изин жуўып шайды. Соң «алың, алыңыз» жеткерип, ғаррыны дәстүрханға қыстастырды.

Атқосшы нөкер тағы кирип, еки чайнек ыссы чай қойып кеткен соң:

— Нөкерлерим әдепли, — деди тағы да күле шырайланып — «Ас ийеси менен татлы» деген ўәсиятқа жүдә-ҳәм садық. «Сәрдарымыз бирге татыса қойсын» деп, екеўимизге пай алып қойғаны да...

— Бул да әдеплилик, тақсыйыр!

— Әлбетте! Булардан бийәдеплиликти де күтсе болады. Ақыры, ҳәр қайсысы бир үйдиң еркеси-дә! Аяқ тапылдатты демейсиз, яшуллы, мәкан жайыңызды ийттей тинттирип, таўып ала қойыў мениң қолымна келеди, онда өкпелей жақсыз, солай ма?

— Енди, тақсыйыр, инсап өзиңизде, сиз бир жақсы адамсыз.

— Дүньяда жақсыдан қорқпақ керек, жақсы адамның сабыр кесасы толса зулымға айналады да пүткил дүньяны қарап әйлейди.

— Мен билемен, сизден ондай жаманлық шықпайды, тақсыйыр...

— Қателесесиз.

— Қателессем, аўызыма қум. Бирақ мен жаман адамнан қорқаман.

— Жаман адамнан қорқпаң, оның жаманлығын билгеннен кейин қорғанып үлгересиз, лийкин, жақсы адамнан қорқпақ керек. Соның сабыр кесасын толтырмай алдын алыў керек.

— Айтқаныңызға түсиндим, тақсыйыр. Бирақ мен, қам сүт емген бендемен, сиздей бир жақсы адам, биздей бир ғәрип пухарасына жаманлық ойламайды деп үмит етемен.

— Әне, сиз жаңа дийдимнен шықтаңыз, кәбаптан алың?

Ғарры сәрдар созған бир собық кәбапты аларын алса да, бир түйирин сытып, аўзына саларын салса да

я шойнай алмай, я жута алмай аўызын сампылдата берди. Сәрдар күтә өлпең сөйледи:

— Жақсылығымды сиз билмесеңиз, қудай билер, сүйегиңизди бир ағарта жақпан, — дегенде, ғарры түсиниңкиремей, аўызы дә сампылдамастан бир ашылған қәддин сақлап қалып еди, сәрдар сезди ме:

— Қәте түсинбең, — деп, күтә әлпайым өтиниш етти. — Қарақалпақ тили түркменшем емес, түсиндире алмай атырман. Мен сизди ақ сүйек етпекши нийетимниң барлығын айта жақпан...

— Сөйдең-дә тақсыйр!

— Аты Бабакөклешиң атасы Ағажан ийшанды өзиңиз билесиз.

— Ол садаған кетейинди билмейтуғын адам бар ма, мусылман түўе орыс та биледи!

— Оныңыз дурыс, оған биз қусаганлар түўе, ханыңыздың өзи жүгинеди. Сол әўлийемиз ханымызға қулақ қағыс етипти: «еки халықты бир жақынластырайық, байдан болмасын, пухарадан болсын, қарақалпақлардың байынан пухарасы көп. Бизиң доғанныц улына жасы он беске жетпеген бир нашар табың, бирақ, жақсы нийетке зорлық жараспайды, келисим менен, ырзашылық пенен болсын,» депти. Соны ханымыз маған тапсырып еди, Мәҳийда қызымыз зор бир ботакөз болса, ақ сүйек болып турсыз, иншалла!

— Айтқаныңыз келсин. Ийшанымыз сораган болса, қыз ғой, қыз, күнде арқамызды тыр-тыр қасытып жүрген кемпиримизди-ҳәм беремиз.

— Кемпириңиз өзиңизге ардана болсын!

— Пай-пай, тақсийыр деймен-аў, сирәдағысын айтып атырман. «Арысланның арқасын сыйпасаң да жақпайсаң» деген усы екен-дә, сөйлемей-ақ қояйық онда! Сиз «нарыйза етпей аламыз» деп, усы бастан аўызымды қақпалап атырсыз-ғо, қыз әкеси мен болсам...

— Әпиў ети-иң, дайы, усындай алып қашпай минезим бар. Аўызымнан шығып кетипти, нөкерлерге өктем сөйлеп, жаман үйрениппиз.

Ғарры ҳәр аўхатқа қолын бир жуўыртып, ийегин екшеп мақуллады да, соң:

— Тәңир жарылқасын, тақсыйыр, — деди салдамлы түске енип. — Сизлер мынаў Қыпшағыңызды бир жөнкил ете бериң, қайтарсын үйге бир соғып өтерсиз...

— Үйиңизди қайдан табамыз?



— Керек десеңиз, бир нөкериңизди қосып жибериң, өзим аўхатландырып, үйди де көрсетип жиберемен. Сизлер қайтып соғаман дегенше мен қызды кемпиримe көндиртип, мурынға суққандай етип таярлап қояман қуда қалесе, соған келистик пе?

Сәрдар ғаррының жүзинен сын нәзерин айырмастан үнсиз басын шайқады. «Онда қайтемиз?» деген саўалды ғарры еки ийнин қысып аңлатты. Сәрдардың сыңар көзи шатынап, сондай қорқынышлы түс алды дейсең, тек: «жәлла-ад!» деўи-ақ қалып турған, енди қайтып ҳеш қашан, ҳеш кимге реҳим етпейтуғын газеп пенен жылтыраганы соншелли, елеге шекем дым албырамаған ғарры:

— Қудай салды — мен көндим! — деганди айтып қалғанша асықты.

Соннан қайтып сәрдар жибимеди. Шәртин сартасурт айтты:

— Қасыңызға Аман менен Оразды қосаман. Нөкерлеримниң бир тал шашы түссе тамам, мың қарақалпақтың геллесин қағаман! «Сабыр кесасы толды» деген, усы!..

— Жақ-жақ, сиз ғазепленбей турың, тақсыйыр!..

— Тыңланбайды, тыңланбайды-ы! Ора-аз!..

— Қанжарымыз қансыраған, тақсыйыр! — Есиктен кирип келип, Ораз қанжарын сатырлатқанда-ақ ғаррының алқымы шымлап, жанынан гүдерди үзип еди, сәрдар оң қолын жоқары көтерип:

— Қойып тур, тентек! Өйтип дайыңның жүрегин жара берме! Мәселе еле қанжарға жеткен жоқ! — деди ҳәм Аманды даўыслап қасына шақырды. — Енди гәпиме мақул қулақ салың: Ҳә-ззир дайыңыз бенен атланасыз. Дайыңыз Мәҳийда атлы перзентин ябысына мингизип, сизлерди жолға салып жибереди...

— Тек екеўимиз бе?!!

— Қорқпаң, батырларым, бир тал шашыңыз жулынса мың қарақалпақтың геллесин алмасам, Бабакөклеп урсын! Дайың менен соған ант ишистик! Туўры ма ғарры-ы?

— Ҳаҳҳ, ҳә-ә, туўры, туўры! Қәтиржам бола бериң!..

— Ораз, Аман?!

— Ләббәй! Ләббәй!

— Егер қызға қол тийгизер болсаңыз, екеўиңиздиң

де туқым-теберигиңиз бенен жоқ етпесем, Бабакөклен урсын!

— Әжеп тақсыйр, әже-еп!

— Билип қойың, баҳадурлар, ол қыз пийримиз Ағажан ийшанға келинликке жөнетиледи.

— Қуллық, қуллық!

— Сизге ўәдем, ғарры, Қыпшақты алғаннан кейин қыздың малын есигиңизге айдап барып, жүз нөкерим менен мәйшат қурып кетемен, көндик пе соған?

— Тақсыйыр, сиз қуда түсетуғын жаўшының шәртин, дәстүрин бузып атырсыз, — деди ғарры бирден тулланып — Сиз маған еле сәрдарлығыңыз бенен ҳәким етип атырсыз. Мен жетпис үш жасаған адамман, жаманлығы, ендиги жағын жасамай-ақ қояман, сизлер мени жарылқаған күнде де бир-еки жыл я жасадым, я жасамадым. Мениң биринши шәртим, мениң менен Ағажан ийшан тапсырғандай қуда болатуғын болсаңыз, егер алдап турған болмасаңыз, даўысыңызды азмаз жумсартыңқыраң. Егер өйтпесеңиз бар ғой, тап ҳәзир тик аяғымнан өлип кете беремен, сизлерди аўылға баслап барып, қызын қара басының аманлығы ушын яўмытқа мингестирип жиберди деген насаққа қалмайман, шерменде болмайман. Сонда, өз абрайым менен өлип кеткен боламан, онда сизлерге қыз түўе бир салым дуз да жоқ! Бул, бир, екиншиден, мынаў еки доңызыңыздың аўылды барып шетинен дүге бермейтуғынына ким кепил болады?!

— Мен, — деди сәрдар күтә әлпайым ғана ҳәм оң қолын көкигерине қойды. — Мен кепил боламан, дайы, мен. Исласы болса өзиңизден басқа тири жанға билдирмей атландырың қызды?

— Әне,, мен усыған келисемен. Ертең азанда биреў сораса: «Қызым қашып кетипти!» деп, жер тоқпақлап, айбарақты саламан да отыраман. Сизлер де жек көринишли болмайсыз, мен де!

— Мен ойлағанға қарағанда ақыллылаў екенсиз, дайы!

— Ақыллы болмай, ғошшым, — ғарры күтә еркинсиди, — ҳаў, ақыры, ғошшым, жетпис үш жылды мәзи жасағаным жоқ. Қыз алысқанды, қыз берискенди көрип жүрмиз, бир мәрт жигит екенсең, қызымның қалыны қырық нар, Қыпшақтан аман қайтсаң, сол күни демеймен, журтты жылатып алған малыңның маған



кереги жоқ, ийшанымыздың ҳалал малынан сол қырқ нарды бир ай мәўлеттиң ишинде қуўыстыр!

— Сиз меннен-ҳәм мәрт екенсиз, турдым адамгершилигиңизге! — деди сәрдар гәпке ийнедей де шубҳа туўдырмай ҳәм ғаррыға: — Әкел қолды! — деп, қолын созды. — Қайтқан қаты-ын! Бизики бир сөз!

Қол қолға шарпылдасқан соң ғарры еки ийининде тикейип турған Аман менен Оразға жаман көзи менен қарады да сәрдарға:

— Ең соңғы шәртим, — деди нықыртып. — Мынаў еки доңыз келгели маған көп азап берди, саў қабырғам қалмаған шығар! Усы еки доңыз ҳәзир жерге жығылып, аяғымды сүйсин де кеширим сорасын!

— Булар мениң ҳәмирим менен иследи. Жығыл десеңиз, аяғыңызға мен жығыламан да кеши... — Сәрдарға артын айттырмай Ораз ет бетинен таслап, ғаррының аяғын қушақлап жалынды:

— Кешир ата, кешир, сәрдар ағам буйырған жоқ, қуданың ҳәмири менен өзим иследим, өзим!

Садық нөкериниң бул ҳәрекетине сүйсинген сәрдар, Аманға:

— А-ма-ан! — деп оқыйыўы мәтдал, уйқыдан сергигендей шоршып түсип, Аман да Оразды тәкирарлады. Ғарры екеўиниң бирден арқаларынан қағып:

— Турыңлар, турыңлар, шерлерим, сизлерге ырзама-ан! Сизлер яшуллыңыздың, яшуллыңыз сизлердиң абырайыңызды көкке көтерди, бәрәкәллә, бәрәкәллә! — деп түргелтти.

Демниң арасында ғаррының ешеги, анаўлардың арғымақлары ертленип, жолға тайын турды.

Сәрдар шошайманы қолына услап турып:

— Буныңыз ят-ты! — деди қайырхомсып. — Буны киймей-ақ қойың. Нөкерлеримниң басына қараң да қалеген шөгирмеңизди тилең, бермесе, өзимдикин беремен, — деди.

Ғарры не дерин билмей, сам-саз болып қалды, оған енди көриў-көрмеси нагүман болған, дурысырағы, көриўден үмити үзилип баратырған жалғыз баласының ийиси сиңген шошайма бәринен абзал еди, соны қәне енди буларға айта алса!

Усы пайытта өскин қамарыдан тигилген сары-қоңыр селкилдек шөгирмесин басынан алып созды сәрдар:

— Батырдан саўға деген, жигитлеримди жалаңбас

қалдырғанша өзим жалаңбас қалғаным абзал, бизге шөгирме көп. Сиз мынаны кийип қайта қойың, басқа сарпайыңызды соң кийе бересиз.

— Жақ, жақ, — ғарры басын шайқады. — Мен олай ислей алмайман, батырдан қылыш, ханнан таж сауға етилсе ырымға жаман! Сиз де өз топарыңыздың ханысыз, жалаңбас еркекте де айбат болмайды, батырларыңыз да жалаңбас қалмай-ақ қойсын, мениң гөне соппашымды бере қойың, дәрьяда ығып баратырған жеринен тауып алып едим. Қызыллар усласа, «қызыллдың ғаррысыман» деп алдастырыуыма да қайым. Сизлер сирә усламайсыз, ақыры, енди қәуими-қарындас болған жоқпыз ба, жаманлығы «Ағажан ийшанның қудасыман» дермен, — деп еди, «сөз жуйесин тапса, мал ийесин табады» деген усы-дә, сәрдар:

— Қәуими-қарындас болғанда қандай! Ийшанымызды айтсаңыз дәрьяның еки жағасында сизге шыбын қонбайды, — деп, соппашты созыу менен бола берди.

Ғарры соппашын басып кийип, сыртынан қақ бөлинген шалмасының жартысы менен таңды да:

— Жақсыдан шарапат дегенә ақыры, иншалла, ийшанымыздың арқасында шыбын қонбаса, бизге-хәм рәуәж! — деди хәм өзиниң жолга тайын екенлигин аңлатты.

Зәңгисин сәрдардың өзи басты, ғарры сүйеклериниң сырқырағанын сездирмеу ушын тислене-тислене ерге отырды да зиңкилдеп ыраш тамаи шыға берди.

Еки нөкериниң ортасында ырашқа шыққанша узатып келген сәрдарға ыраштың басында турып:

— Мен де бир қартайған адамман, сиз де от ишинде жүрген баҳадурсыз, жағдайға бола көрисе алмасақ, биреу биреуге ырза болғайлы болсын, тақсыйыр, — деп, кеуилин елжиретип кетти.

Олардың қарасы сембей-ақ қосына кирген сәрдар:

— Ғарлы-ы! — деп дауыслады. Сырттан баганағы кебап, чай келтирген атқосшы нөкер кирип келип, алдына жүгинди. — Усылардың ишинде өзиңнен исенимли адамым қалған жоқ. Әшир баҳадурға сеннен-хәм бетер исенер едим, оны қудай бизге көп көрди. Ҳәзир атыңды ертле де жаңагылардың изине түс, көзлерине көринбе. Ағажан ийшанның апасының улына қыз әкелиуге кетти. Қызға ҳеш кимниң қол қатыуға ҳақысы жоқ, өзиң билесең, анаулардың екеуи бир туусқан.



Аманы тәуирдағы, Оразы озбыр ҳәм жалатай. Қызға сол қол урып жүрмесин. Қол урса да «урдым» деп айтама, ийшанның алдында қол тийген болып шықса, ханның шермендесин шығарады, соң хан бизиң геллемизди алады! Бул, бир, екиншиден, Аман да, Ораз да тек бир саҳыпжамал табылғанша жүрген адамлар болып шықса-ше, онда қызға көзи қызып, алып қашыуға тәуекел етиу Ораздың қолынан келеди.

— Ондай ҳалда не қыламан?!

— Екеуин-ҳәм байлап атасаңдағы, көликлерине қоса қызды берман алып қайта бересең.

— Әпиу етиң, тақсыйыр, жаман айтпай жақсы жоқ, мен бәрин билип алайын. Егер қызды жолда зорласа не қыламан?

— Соның ушын да сени аңлытып жиберип атырман. Соның ушын да күтә узақтан аңлы. Егер ондай еткенин билсең, дым сездирмей кел де өзиме сыбырла. Екеуиниң де геллесин қағаман да қызды өзиңе беремен. Тағы қызды алыу ушын зорламаса да «зорлады» деп алдасаң, онда сени Аман менен Оразлың қолына беремен!

— Қудай сақласын, тақсыйыр, өйтип өтирик сөйлемеймен!

— Егер қызға қол салғанын сениң көргениңди олар билип қойса сени табанда жоқ етип келеди. Соның ушын-хәм узақтан аңлы.

— Оны билемен ғой. Ал енди, «жаман айтпай жақсы жоқ», урыс болып кетсе-ше?!

— Уа-ха-ха-хааа! — Сәрдар ғарғадай ғарқылдап күлди. — Қайсы қарақалпақтың ауылында ауыл адамларының мылтық алып аңлып отырғанын көрдиң! Қызыллардың бәри ҳәзир Қыпшақта басы менен ғай!

— Сонда да тақсыйыр, билип алайын, болмас ис болса не қыламан?

— Онда адамлардың саныиа қарап көр. Бир-еки адам болса, әлбетте, өзлери еплейди. Төрт-бесеуи болса, онда Оразларға көмекке барасаң, егер оннан да көп болса, дәрҳал бери шап, атысып жүрме, онда қырық-отыз жигит пенен өзим жетип бараман. Билип қой, ондай жағдайда ол ауылға бизди сеннен басқа баслап баратуғын адам жоқ, ҳеш ким билмейди де. Егер сен де атыспада өлип кетсең, онда олардың бәри қутылып кетеди, сен соның ушын өзиңе бек бол, сақлан. Бирақ,

еки-үш адам болса, несине аянасаң! Ал, яқшы, жолың болсын! Тез атланбасаң, қарасын жойтып аласаң!

Көп өттей Ғарлының да арғымағы ыраштан асырылып түсип, дәрья қайырындағы майда жыңғыллықтың арасы менен тартып отырды...

## 11

...Ғарлыға пүткил әтирап, пүткил тәбият «тил тартапастан» өлип қалғандай туйылды. Әтирап сол дәрежеде жым-жырт! Я бир ешектиң аңқырғаны, я аспаннап ушқан қус қанатының сыпсыңы еситилсеш! Анаў гүдиниң үстинде ай нурынан ақ дөңгелектей дөңгеленип атырған ийт те я үрмейди, я басын көтермейди. Тиришиликтиң қулаққа келип турған жалғыз ғана нышаны— Ғарлының оң таманында-салманың жигирма адымдай сағалаўындағы атының шөпти сытырлатып жулғаны, гүрт-гүрт шәйнаған сести, тамам.

Тәўир-ақ ўақыт болды. Ғарры ийтжалақты аяғының астына қойып, өз айнасынан өзи үңилген соң, көп гидирмеди. Саға беттеги дәслепки шыра жанған жайға қарап жүўери аңыздың иши менена оқтай узын, арбаның арысындай кең шел шығады екен. Еки үйди тутсатырып атырған шел аппақ болап көринип атты. Ғаррының жүзи айға қарағанлықтан Ғарлы оның көлеңкелиликтен қараўытқан жаўырынан ғана көрип турды, негедур, оған ғаррының еңсеси көтериңкидей, жаўырыны кеңдей, ғарры бағана жортаға ғана ғарры болып көрипип, енди ҳаслы нусқасына қайтып, аяғын шыйрақ басып баратырғандай таңландырып кетип еди, ол еле кирген қапысынан шыққан жоқ.

Күни менен де шала қурсақ жигит, кешки аўхаттың ўақты өтип кеткен соң иши сырнайдай болып, әбден оңқылдаса да усы мәҳәлги шекемги барлық дыққатын аңлыў алғанлықтан ашлығын да, ҳәтте тоңғанын да умытып отырған екен. Еки қапының бир де биреўи шыйқылдап ашылмағалы, «тысыр» еткен сес болмағалы әдебинде дүньяның бәри усындай селтеңсиздей көринип бираз отырды, сонда да дыққатты алаңлатып бөлгендей ҳеш нәрсе болған жоқ, өзинде кем-кемнен арқайынлық ҳүким сүрип баратырғанын да абайламады, нашар балаға қусаған талдырмаш денели, ғаррыдақ да келтелеў, биреў оң қолына таяқ па, тандыр көсеў ме, сөйте-сөйте жалығыўға да қарап еди, дәслеп шым-шыма аяз өзин таныты, бара-бара иши қалтырап, ийегиңде майда дирилди, соң-соң қасқыр ийекленип сақылдады, сонда да буны ашлықтан емес, жупынылықтан көрди. Бетинен де қалың, суўық суўға жуўа бергенликтен қақ-қақ айырылып, сезимталлығын жоғалтып баратырған қоллары, суўықтан ийкемге келмей әтирапындағы ажырықларды «парт-парт» жулып, омыраўының астына басты, көкиректен өтип турған тоң шелдиң суўығы питегене пәсейгендей сезилди. Қолларын жеңлериниң ушларына қарама-қарсы тығып, жайласыңқырап жатып атырып, «ердиң басындағы мылтықты әкелгенде болар еди-аў,» деген ой жылт етти де аты таманға қарады, аты отлап, бурынғы жеринен алыслағандай көринди, барайын десе ериншеклик баса бергени, ғарры кирген қапының шыйқылдаўы барлық дыққатын бөлип, мылтықты да, тоңғанын да, аш болғанын да умыттырып жиберди.

Есиктен дәслепки шыққанның бетин ай жақтыртқаннан оның бағанағы ғарры екенин таныды. Изинде ғабир нәрсени услап, шел менен келе берди. «Усынысы қыз болса керек,» деп ойлады ҳәм усы қызды негедур, жат қушақтан қызғана баслады, қызғанған сайын гә сыңар көзли сәрдарының, гә өзине бийтаныс ийшан тұқымының аппақ жалаңаш әри жып-жыллы сийнеси аймалап атырғаны, смиренип атырғаны елеслеп сондай бир ҳәўесин келтирди дейсең, өзинен өзи елжиреп атырғанда... ғарры шыйқ еттирип, есикке ғайып болдығағы қасындағысы үн-түнсиз мүйештен айналып, айнаға қарай жүрди. Оның аяғының ушынан басыўлары да, қолындағы тандыр көсеўдей узын нәрсеси де Ғарлыны тук гүманландырмады, дурысырғы, ол еле қыялында елести аймалап атыр едидағы, татлы ләззеттиң сезиминен қутыла алмай атыр еди. Соның ушын-ҳәм келгенниң ийтаяққа минип, аяқларын керип, мәрдана турып атырғанына да итибар бермеди.

Ғарлыны ҳүўшына ендирген нәрсе — ийтаяқ үстиндегиниң қолындағы көсеўдиң қыймылы ҳәм көтерилип атырған көсеўден үлкенлиги гүмис манаттай ай сәўлесиниң жоқарыдан пәске сырғанап жүўырыўы болды! «Ҳаў, көсеўде де ай шағылысады екен-аў, мылтықтың сүмбесинде шағылысатуғын еди, дәл өзи!..» деген ойдың санасына жылт етиўи мәтдал, аяғының ушынан жүўыр-

ған муздай бир суўық сезим тас төбесинен «зыңң» етип шықты да жигитти бақадай бақырайтып, буўын-буўынларын бийҳал етти де таслады. Әйне усы ўақытта пашырлап айна сынды ҳәм сырттағы адам ишке «гүрп-гүрп» еттирип, еки мәрте оқ атты.

Бул айна сыныў менен мылтық көшириўдиң екеўиниң бирден жалғыз ҳәрекетке айналып, қас қағым ўақыттың ишинда болып өткенлиги соншелли, айнаның сынған шөлмеги еле ийтаяқтың үстине сыңғырлап төгилип атыр еди.

Бақырайып қалған Ғарлы мылтық сеслериниң жаңғырмастан «тарс-тарс» етиўине қарап, ишинен: «тийди!!!» деди ҳәм сол мәўритте кимге тийгенин аңлап үлгерди, үлгергени де сол, бойын салманың ултанына ата сала «оқ тийеди-аў» деп гүмаңланған көк желкесиниң шуқанағының туслары «шым-шымм» түршигип буққышлаўы менен атына қарап жуўырды. Оқтаң сетем алып, қайшықулақланып турған қаназат адам деп адам емес, ҳәйўан деп, ҳәйўан емес, өзи көрмеген әбеший бир мақлуқтың төрт аяқлап тапырақлап киятырғанынан зәрреси қалмастан салманың ишин қуўалап, сағаға қарай пысқырынып ала жөнелди! Енди буққышлаўдың бийпайдалығын сезинип үлгерген Ғарлы жаңа тик аяқтан тура бергени, изинен бир қатын даўысы «барқ» ете қалды. Жигит тикейген күйинде еки қолын бирден көтерип сүўреттей қатты, бирақ бул күткен оқ буның ағзаларының оқтың тийиўин жыбырлап күтип турған ноқатларына тез арада жетип тийе қоймады. Көзден аққан бир тамшы жерге «тырс» етип тамаман дегеншеги усы бир микромәўрит — өлимниң қорқынышы силейткен мынаў қара сүлдерге бир әсирден узақ көринди! «Қылт» етсе шүриппе басылатуғындай артына жалт қараўға жүреги даўамай турған усы бир микромәўритте оқ емес; «Бай-ба-ай! Бай-ба-а-ййй!» деп, айбарақлап жылаған қатын даўысы қулағына жетип үлгерди. Экрандағы қатып қалған лентаның бурынғы тезлиги менен жүрип кеткениндей Ғарлы да жығыла-сүрине атының изинен жанталасты...

Там жақтағы албыраўшылық, қорқыныш оннан да бетер еди.

Ойда жоқтағы гүрпилдиден зәрреси қалмай, ең биринши ийт гүдисинен шаўлап үриўи менен түсип кетти.



Буның «саңқ-саңқ» үрген сести саға жақтан атын излеп жүрген Ғарлыға да көпке шекем еситилип турды.

Оннан соңғы есин жоғалтып, есиктен шаўлап шығып кеткен Мәҳийда кемпир болды. Бундай ҳәдийсе болады, қой аўызынан шөп алмайтуғын ғаррысын усындай жексурынлыққа барады деп сирә ойламаған байғус, жүресине отырған Ораздың қалай шапшығаны, күшти қайдан тапқаны белгисиз, ғайрытәбийғий ҳалда қарымнан қарғымақшы қасқырдай тикке шапшып болып, ет бетинен таслағанын, малдас қурынып, чай ишип отырған Аманның көкирегинен қудай тепкендей шалқасынан таслап, басы дийўалға сақ ете қалғанын кемпирдиң бадырайған көзлери шолып үлгергени-ақ сол, бай-байлаўы менен есиктен шыға жуўырды. Бас ораўын пәскелтек қапының маңлайшасы қағып түсирип, шашлары ўудар-дуўдар болыўы менен шелди бойлап зыңғыды, кемпир өзиниң буншелли жуўырғышлығын бурын да билмейтуғын еди, ҳәзир де билип баратырған жоқ. Бир геўишиниң жолда түсип қалғанын да Аллаярдың үйине қутырған ийт қуўғандай жан ушыра жуўырып келиси менен төрде кесесине көсилип жатырған Мәрзияның үстинен қарғып барып, төрдеги мүйешке тығылғанында шеп аяғынан дым өтпей, оң аяғынан жуўў ете қалған ызғардың әламатынан аңлады, онда да бираз ўақыт өткен соң-аў! Сол бираз ўақытты: «атты, атты! Сырттан атты!..» деў менен өткерди. Буның ҳеш қайсысы Мәрзияны таңландырған жоқ! Себеби, жаңарақта гарры келип, ийнесинен сабағына шекем, усы таңда үйден шыққанынан тап ҳәзирге шекемги көрген азап-ақыретлерин, изине еки басбашының қыз алып кетиў ушын келип отырғанын сабыр-тақатлылық пенен дымын-дымын қалдырмастан айтып берген. Өзиниң пишип қойған жол-жобалары менен де мықлап таныстырған: тек Аллаяр мулт жибермесе болды, таң атқанша еки нөкердиң лашын салманың ултанына көмип таслайдыдағы тымпыйып отыра береди. Бир жақсы жери-изинде аңлыўшының жоғына гаррының көзи жеткен. Ал, бул жерде, бул таслан-ды гөне тамлықлардың арасында еки шыраның жылтырап турғанын нөкерлердиң сәрдары да, басқалары да түк билмейтуғынын исендирип айтқанлықтан, енди Мәрзия тек мылтықтың сестине қулақ түрип, оның дәл тийиўин, душпанның тил тартпай мүқ қабыўын-ақ алладан тилеп, жүреги уллы лүпилди болып атыр еди.

Еси-түсинен айырылғанша ҳаўлыққан кемпир: «Өлди! Қарап болдық!.. Еки нөкер тил тартпай тарса қатты!..» дей бергенде, «Шүкир,шүкир,..» деп сыбырланды да қаязыған ләплеринде питегене мыйық тартыўдың нышанын көрсетти.

Ҳәдийсениң ендиги жағынан қәтиржам ҳаял Мәҳийда кемпир жер тепсинип қанша қарғанса да, шаўласа да шыдап атыр еди.

— Ошағыма қан қуйылды! Ким атса да таңнан аман шықпағай алла! —деп барқылдағанында кемпирди көзи менен атып атты. — Қарақанларын ишип, жоқларым болатуғын еди, өзим тиймесем кимниң иси бар! Қай қутырған ийт екенин билмеймен, бир ийт айнаны пашырлатып, атты да жиберди! Қудайым, ким де болса оңбағай, оңбағай! — деп, әташтанды тоқпақлап атырған кемпирдиң шалғайынан ҳәлсиз қоллары менен тартып өзине қаратты да:

— Шеше, балаңды қарғай көрме! — деди ҳәм буннан артық сөйлеўге шамасы келмей жым қалды. Кемпирдиң санасына: «ҳе-е, балам Досжан келип, сырттан атқан екен- аў!» деген ой жылт етиўи мәтдал: «Аўызыма қум, аўызыма қум! Қарғысым қара бассыма болсын!» деп, қарғысы тап ҳәзир келе қалатуғындай ҳаўлығып бақыра берди, бақыра берди. Усы ўақытта бийтаптың тағы ләплери қыбырлап:

— Маңлайымдағы жалғыз ғана жулдызым еди, қарғай көрме, шеше жан!.. — деди, кемпир лықлыққа түйилгендей бирден тилекли сестин тыйып, бийтаптың бетине бақырайып қарады. Ҳаялдың қуп-қуў шекесинен бетине бақырайып қарады. Ҳаялдың қуп-қуў шекесинен жумбай-жумбай жумалаған жас қурақлы жастыққа тырс-тырс тамып атырғанын көрди де: «Ҳимм, әңгиме сениң жүўернемегиңнен екен-ғо!» деп, шыңғырып бақырып жиберди ҳәм Аллаярды жула жақ нийети менен есиктен жуўырып шығып кетти. Артын да жаппады, аңқайып қалған есиктен суўық ҳаўа селдей жапырылып келдидағы бийтапты тоңдырып жиберди...

Кемпириниң нөкерлер ғылжыйыўдан-ақ есикке жуўырғанынан ғаррының түк хабары жоқ еди, сонлықтан да даўысы қарлыққанша қорқынышлы сес пенен: «Кемпи-ир кемпир-ирр!..» деп даўыслады. Лийкин, кемпири емес, дүбирлеп Аллаяр кирип келди. Бала тутлығып, бираз сөйлей алмай турдыдағы: «Бизикипе кетти,» деди сынық сөйлеп, онда негедур, қорқыныштан да бетер, муң бар еди. Қараса өлди деген нөкериниң биреўи желкесин дийўалға тиреген қалпинде еки көзин бирден қәҳәр менен буған бақырайтып жатырған екен, бала тас болмаса мылтығын гөзлей жазлап өзин басты.

Ғарры ошақ басына қызыл жыландай ийреңлеп киятырған қанды басып алмаў ушын аяғын шөкелеп басып барып, екеўиниң тусындағы еки англичаны мылтықты жыйнап алды да аңырайып турған баланы түртип, қолына услатты ҳәм: «Есиңди жый, еркексең ғой, не болары болды енди!» деп ескертти.

Әйне усы ўақытта ийшаннан қашқан жинлидей шашлары ўўдар-дуўдар кемпир есиктен кире: «Журтты қуртқан жалмаўыз!» деп бақырыўы менен баланың жуп жағасына жулқылай берди.

— Кемпи-ир! — деп бақырды ғарры қәҳәрли даўыс пенен. Ешейинде көзин ақыйтса да жым бола қоятуғын кемпир жулпыстаўықланғанын қоя қоймады. Тағы бир бақырды, жақ, қояжақ емес. Бала не дерин, не деп ақланарын билмей, тап бир бийгүна нәрестедей ләплери мүйешленип-мүйешленип турды да еңиреп жылап жиберди. Баланың даўысы төўир-ақ ириленип қалған екен.

— Айналайын-ай, бунық не жазығы бар еди, мынаў қоя ма жоқ па?!. — Қатты қәҳәрге минген ғарры бала жулқыланған сайын сүмбеси шаша шошаңлап турған англичаны мылтықты жулып алды да:

— Сениң де душпаннан артықмашлығың жоқ ҳәзир! Атып ғана таслайын! — деп, мылтықты шатырлатыўы мәтдал, кемпир жалт қарады, сол жалт қарағанда-ақ ғаррысының қанталап кеткен көзлеринен усынша бирге жасап елеге шекем сезбеген бийреҳимликтиң, қайсарлықтың үзил-кесилликтиң нышанын анық көргени соншелли, тәўелле салып та, жалынып та үлгере алмасын билгеннен соң пешанасына гөзелген мылтықтың астынан ғаррының дизелери қалтырап турған аяғына бой таслады ҳәм: «Әпиў ет, бегим, әпиў ет!..» деп, бирден барқылдап жылап жиберди.

Ғарры кемпирин желкесинен көтерип түргелтти ҳәм: «дуппа-дуўры есиктен шық та келинниң алдына бар! Ҳәзир изиңнен жетемен! Бажалақлап, жылап зәрресин алсаң, өлдиң биле бер!!! Уқтың ба, ақымақ! Биз өлтирмесек, бизлерди өлтиретуғын еди, буның бәри әўел-ҳа



10 – 5515

қуданың, қала берди, мениң ҳәмирим менен болған әндийшелер, баланың жазығы — мениң айтқанымды қылғаны, сениң менен мени өлимнен алып қалғаны ма, соған неге түсинбейсең, ләттепәм!» деп нықыртып-нықыртып, есиктен шығарып жиберди.

Панavailableстың майы түўесилген бе, өлимсирейин деген шыраның пилигин шығарыңқырап қойды ғарры. Аманның қәҳәрли көзи еле буларға бақыраяр едидә, төменине таслаған Ораздың қақ жаўырынындағы кесаның аўызындай ойықты көрип, қарағысы келмей, баланың жүреги ҳәўлире берди, деген менен, қарамаўға илаж жоқ, бул ҳалат ғаррыда да бар. Өзи қорққанына қарамастан:

— Қорқпа, балам, қорқпасаң бәле жоқ, — деп сергеклендириўге тырысты Аллаярды. — Сен анаў қолынан усла, мен мынаў қолынан...

Ораздың еле сиресип үлгермеген аяғының ушлары Әўезмураттың гөне қудығына шекем бири бири менен қыйылыспайтуғын еки из сызып барыўы итимал едидағы, жер тоң болды.

Ғарры өликтиң бир жери аўырып қалатуғындай аяп, қудыққа күтә еп пенен түсирди. Қанның изин тимискиленип ийскеп жүрген ийтти әдеп урып қашырды, соң, өликке тийиўипен қаўипсинип, күшкелеп ертип әкетти.

Аллаяр екинши өликтиң оң қолынан шимиркенип услады. Шеп қолдан алып атырған ғарры Аманның шыра сәўлеси жылтыраған көзлерине реҳимшиллик пенен телмирип:

— Ә-ә, көзи ашық кеткен ессиз жигит-ә! деди елжиреп. — Бир тәўир адамның ийиси шығып еди сеннен, өзиңнен көр!..

Соң баланың жигерин жасытпаў ушын:

— Усы, душпанның несин аяп отырмыз?! — деп силкинди. — Тарт қолынан пәдәриңе нәлеттиң!...

Ай түсликке анық көтерилип, аспан әлеминиң асты сүтке малынғандай ағарып, жарқыраўық жулдызлардың-ҳәм жарқылдыларын емески тарттырып турған бир пайытта олар қудық әтирапындағы мың жыл қақамап болса да тоңламайтуғын кебиртең воплам топырақты гүреп, гелледей-гелледей тоң кесеклерди гөне қудыққа домалатып атты. Жыл сайын жар таслап көмилип, шөпшар шығып кеткен «Қудық анық бетлеме болды-аў!» дегенде Есжан ғарры Аллаярға: «Анаў гүдидеги боян-



нан үстине әкелип таслай бер, таза топырақ билинбей қалсын,» деп буйырды.

Гүди менен қудықтың арасы жигирмалаған адым еди, ҳәр қатынағанда төрт баўдан таслап турған бала гүдини жарылай келгенде шырпы әкелиў ушын үйине кеткен ғарры қайтып келди ҳәм:

— Бунша үйе берип не қылайын деп едиң! Олардың сүйеги дозақта өртенгей еди! — деди өкиниш билдирип. Бирақ, үстинен алып таслай қоймады, «пызз» еттирип, шырпыны тийгизип жиберди.

Ҳәпзаматта жалынның қызыл тили аспанда жаланлап, бул жақты айдың от әтирапына түскен жақтысын да пүткиллей көрсетпей таслады.

«Болды, болды» қылып кетип баратырған Есжан ғарры онлаған адым өтпей-ақ боян шөкирлериниң арасындағы қатты бир нәрсеге сүрнигип кетип, палапанға бой таслаған баладай ет бетинен жығылды. Қараса, бул қашшаннан усы кәрада қақсалы шығып қалған, иши әлле қашшанлары қашалып ислепген нәҳән ағаш наўа екен. Дизесиниң, шығанағының қыршылып, бетин боян түбир тилип кеткени ушын ғаррының ашыўы келгенлиги соншелли:

— Көтер аржағын, пайдасын эгам берсин!! — деп буйырды балаға. Бала усынша үлкен наўаны буншелли жеңил деп ойламаған еди. Екеўи еки жағынан услап, сәлленлетип-сәлленлетип, лаўлап жанып атырған оттың ортасына «торс!» еттирди, ҳәм ғарры күтә әҳмийетли ис питиргендей «Бәле-қада усының менен кетсин!» деп гүбирленди де Аллаярға: «Мен үйдеги қанды қыршып таслайын, сен бармай-ақ қой, қорқып жүрерсең. Анаў атларын босат та қамшылап-қамшылап қуўып жибер!» деп буйырды...

## 12

...Салманың иши менен жуўырып, дәрьяның ырашына шыққан Ғарлыға түн қатты ысып кеткендей көринди. Демин еки ийнинен алып ыраштың басында тасырайып қалған сорлы тез түспесе биреўдиң нишанға алыўынан қорқып, ыраштан ентеледи.

Қайырлықтағы қалың шабыраўыт жыңғылдың шырпылары бет демей, көз демей сабалап атыр, тап бунда шөптиң де-шардың да ала алмай жүрген өши бардай!

Лийкин, буның оны ойлағандай пурсаты да, парасаты да жоқ, ол биринши нәўбетте атын таўып алып, бул қаралы орыннан қайда болса да житиримге житиўи тийис еди. Бирақ, адам деген тас емес ғой, темир емес, усынша солқылдыға қашанғы шыдаўы мүмкин, дизесинен дәрман кетип, қаңғалап жығылып баратырғанында ол өзин пәрден де жеңил, самалдан да салмақсыз сезди. Әттең, ол самал болып ушып кете алмайтуғын еди, оған ушыўы ушын ат керек, ат!..

Көкиреги уўдай ашып, жер қушақлаўы менен қанша жатқанын билмейди, оның жерге төселген қулағы жақын жерден шыққан дүрсилдиниң сестин еситти. Бул, өзи жасынан из қуўғыш изшил, жер тыңлағыш жигит болып жетискен. соның ушын-ҳәм мынаў дүрсилдиниң шапқан аттың дойнағы емес, турған аттың дүрсилдиси екенин абайлады ҳәм қуўанғанынан жүреги қатты-қатты дүрсилдеди де анаў дүрсилдини еситтирмей таслады.

Жигит тағы сәл жатыңқырап, есин жыйған сақ орынынан турып, жаңағы «дүрсилди шықты-аў» деп шамалған жағына әсте-әсте жылысты. Қараўытқан қара болса, серлеп қарайды, атын даўыслап шақырса оқыранар еди-дә, бирақ, өйтиўге қорқады.

Оны сезими алдамады. Анаў жигилдик жийдениң түбиндегиниң кимниң аты екенин билмесе де түбинде ат екенин билди. Бирақ, муздай қурал қурсанған бир қызыл саралаў ушын болса да аттан түссе тәәжүп емес, сонлықтан шөптиң басын сылт еттирместен, пышық жүрис пенен жақынлап барса, өзиниң аты!

Оның қуўанышы өз шегарасын серпип таслағаны соншелли, барлық қаўип-қатерди, қорқыныш дегенди қас қағымның ишинде бас пүкил есинен шығарып жиберди де атына қарай жуўырды. Ат бул тосыннан топылыстан қаймығып қашпақшы еди, нәҳән жыңғыл томарға дузақланып қалған қыл шылбыр оны жаздырмады.

Жигит шылбырды жаздырып атырып есине түсирди, усындай бир жерде аңлыў дәркар болса, билегинен өткерип жатыў ушын аттың шылбырын жаздырып, ушын дузақлаў нөкер атаўлының жасына болмаса да усындай қақсалларына дәстүр, Ғарлы дузақлаўын дузақлап еди-дә, билектен өткериўге пурсаты болмады ма, зәрүрлиги болмады ма, анық есине түсире алмады, тек, дузақлағанын еслеп, сөйткенине-ақ қуўанды.



Атына қарғып минип, қараса... ердиң басында мылтық жоқ! Мылтықсыз барсаң, аўҳал шатақ, сәрдардың ашыўы жаман, «мылтығыңды таслап қашқанша, басыңды неге таслап қашпадың?!» деп, Ҳийўа таманда бир нөкерин атып таслағанын көзи менен көрди. Сол есине түсип, аттан тағы қарғып түсти де атын жетеклеўи менен әтираптан мылтық болса да, аттың келген изи болса да қарастырды, бирақ мынаў тоңғалақтан усы тоғайда, қанша жақты болғаны менен түн иши ғой, аттың изин көриўдиң дым итималлығы болмады. Сонда да ырашқа шекем излеп барып, ақыры үмитин үзген соң, «ҳаққа тәўекел, жазмыштың исинен қашып қутылмақ жоқ» деди; атына қарғып минди де Қыпшаққа қарай қамшыны басты...

Тың ат әдебинде шулғынып тасланды. Соң-соң жортаққа айналдырып, кем-кемнен адымын қойыўластыра берди.

Батысқа қанша бетлеген сайын топлардың гүрсилдилери жийиленип, қулаққа анықланыңқырап еситилиўге қарады. Булардың нәкери түнде урыспайтуғын еди, соны билгенликтен бул сеслер қызыллардың топлары-на дәрек екенлигин абайлады. «Я-а, алла-а, мен барағанша сәрдарлар урысқа түсип кеткен болғай-дә!» деп тиледи ҳәм атын да бурынғыдай өләмата тежестире бермеди, асықпады да.

...Суўыт жүрип киятырған еки атлының биреўи:

— Бағдияр аға, — деди қаўетерлилеў даўыс пенен. — Бизиң аўылдың үстинен бир сағым шыға ма?!

Екинши атлы зәңгиге аяғын тиреп тикейди де аўылы бағдарға қарады. Ырасында да аўылдың тусы басқа жаққа қарағанда жақтылаў ма, қалай-қалай?! Түк түсинбеген Бағдияр, қуйрығын тағы ерге басып:

— Таң бизиң аўылдың үстинен атып киятырған шығар, — дей салды.

— Жақ, еле таң узақ-ғо! Қышақтан шыққанымызға бир сааттай ўақыт болды, — деп есапқа қашты Досжан. — Пановтан жуўап алғанымызға да ярым саат дейик... Биз шыққанда сааттың неше екенинен хабарың бар ма?

— Панов мени жүз адымдай оза бергенимизде шақыртып алды ғой, не тапсырғанын айтбаппан-аў!

— Не тапсырды?! — деди Бағдияр таңланып.

— Нәҳән еки қазан жүўери жарма!

— Арақ тапсырған жоқ па?! — Бағдияр ўаҳаҳалап күлди. — Қызық адам екен-аў өзи!

— Кеширерсең, Бағдияр аға, «ҳаялы аўырыў болса айтпай-ақ қой, кемпир-ғаррың менен өзиң епле,» деп еди. Бай-бүў, айтып қойдым-аў!

— Зәлели жо-оқ! — Жайпаўсыды Бағдияр. — Айтпағаның менен, бәри бир, билер едим-дә! Сол жарма маған да керек болып киятыр-аў, азаннан бери дуз татпадық. Жигитлер бизлерден де бетер. Мен машақатын айтып киятырман...

— Ҳеш машақаты жоқ. Бизиң ҳайўандағы тандыр ошаққа асамыз да жиберемиз. Жарма болыўы шәрт емес, жүўерини өзим демде түйип беремен, ярым саат бытбылдаса, тамам! Торақ қатып урамыз ыррас!..

— Бул айтқаның жөнге келеди екен, атыңды теже!

— Тап усы жүрис пенен де жетемиз, — дегени менен атын тепсинди Досжан. — Олар «саат төртте жетемиз» деди.

— Ҳәзир сааттың неше болғанын шортым билсин!

— Саат бирден сәл өтти, шүў!

— Оны қайдан билесең, тап саатың қолында сыртылдап тур ма?

— Биз шыққанда он еки еди-ғо, шүў!

— Оны қайдан билесең деймен?!

— Панов мени шақырып, фонаригин саатына тутып турып айтты: «Та-ак, ҳәзир саат рровно он еки, рровно төртте жетип барамыз, сизлер екиде жетесиз. Еки саат та писеди» деп, есаплап таслады-ғо ол, Кумингер де хошлады соны...

— Онда еле ерте екен-аў!.. Ҳаў, ҳаў, мынаў бир атлар...

— Қайдан киятыр булар?! Басбашыники-ғо! — деп ҳаўлықты Досжан. Жолдасы оннан: «Оны қайдан билесең?!» дегенди сорай жақ еди, сорамады. Айдың мынаў жақтысында қызыллардың аты болғанда телетин ери жалтырап, гүзелген қуйрықлары шонтыйып турар еди-дағы! Ал, булар жал-қуйрығы дөкилген, қанжығасында шыйырылған бөктергиси бар, ери ақ баслы атлар еди.

Атлар жақынласқан сайын еки жолаўшы бирден мылтықларын шатырлатып сергекленди. Атлар, бирақ, булардың тусынан таяқ таслам ыраш таманырақтан қаймығып өтти. Бағдияр изинен бақырып та үлгермеди, Досжан атлардың изинен лап қойды.



Салтаң ат үстинде масылдай адамы бар атқа жеткере ме, екеўи бирден қустай ушып қашыға шықы да төмендеги тақырлық пенен қулдырады.

Нениң не екенин аңғараман дегенше арасы тәўир-ақ ашылған Бағдиярға ат емес, жолдасын тоқтатыў оғыры зәрүрли еди.

— Тоқта-а, ҳа тоқта-а! — деп, даўысының барынша қыйғырыўы менен бул да дәрья қырғағындағы тақырлықты дүбирлетти...

Төрт арғымақ изли-изинен тағаланған дойнақлар менен таслап баратырған соң, жым-жырт әтирап, жалтыраған музлы айдын, оң тамандағы қалғыған майда жыңғыллы тоғайлық қас қағымда ләрзеге келип, қорқынышлы бир дабыл қағылғандай сезилди...

## 14

... Ҳаўўа, Ғарлының сәрдарлар таманға дым табаны тартпай киятыр. Артына қайырылатуғын жол жоқ, алды гүңгирлеўик, тумғыйық. Жалғыз ағасы Әшир қараны да сол тумғыйық жутып қойды, негедур,
өзин де әжайып тағдийр, қуўанышы көл-көсир күнлер күтип турмағандай! улуўма, сәрдар өзине ерген жигитлердиң қайсысын жалшытты. Бир-бирден арыў ўәде етти, қәне сол арыў? Сондай үмит пенен ерген жигитлериниң бәри жып-жыллы арыў емес, муздай қара жер қушып атыр! Сонда қалай табаны тартсын?!..

Атын адымба-адым жиберип, ой толқынында киятырған жигиттиң көзине бирден ағасы Әшир елеслеп кетти. Әўеле жүўери қорып, усы сәрдардың сәрдар емес ўағын дағы қойын бағып жүрген балалық дәўирлери елеследи. Әлбетте, жетим-жесирлик буларды да қысты, деген менен, ол дәўирлер ғул-ғуласыз, әжайып бир дәўирлер екен! «Енди сизлерди шаңарақ етемен, яўмыттың қызларының неше нар екенин өзлериңиз билесиз. Ығбалы қызға семсериңизди сынайтуғын, жигитлигиңизди көрсететуғын таптырмайтуғын аласат келди. Енди сизлерге қараша ғой, қараша, тап ханның қызын қуштыраман!..» дегенде жан-тәни менен исенген ессиз көкireклерин айт!..

Әшир қара сол исениўи менен өлип кетти. Әнейи болып кеткен жоқ. Оңбастан кетти, қорқынышлы өлим менен...

Жигит еслемейин десе де яд, елес деген сениң ықтыярыңа көне ме?! Ғайрытәбийий ҳалда есинде қалған жақсы, жаман ҳәдийселер яд сандығыңнан суўырылып шығады да көз алдында одағайлайды.

Одағайлағанда да ағасы Әшир оңлы болып одағайламады. Сөйтип гәптен гәп шыға береди, бул айтылмаса бола жақ емес.

Булар Ийшанқаланың түслик батысындағы Қазаяқлы деген аўылды онлаған нөкер менен шабыўға барып еди. Сонда да тап бүгингисиндей усы сәрдар буларды жумсап, өзи Шағал тоғайында жер қайысқан топары менен күтип қалды.

Нөкерлердиң онлығы Әшир қара еди. Аўылға жақынлай бергенде майда жигилдик тоғайы басланды. Түйе сиңир менен бүркелген не бир доңыз жатақлардан өтип, арба жолдың қыснағынан өте бергенде елеспесиз бир бүктиң астынан пулемет тырылдап, алдағы сегиз нөкерди шыбындай қырды да таслады. Булар сонда ағайынли екеўиниң бирден қуўықлары қыстап, изиректе саралап қалып еди. Ышқырларын байлар-байламастан дәретиниң шаласын дамбалларына жиберип, атларына жармасты.

Алдыңғылардың гәсиниң атлары омақазан атып, гәсиниң атлары ийелерин зәңгисине сүйретиўи менен пысқырысып тым-тырақай болмақта еди. Солардан сәтем алып, зәрреси қалмаған булардың атлары да ийелери ерлерине асылыўдан келген изи менен қулдырасты. Сонда да Ғарлының усы төбел торысы, Әширдиң аты буннан да патлы еди. Бирақ, Ғарлы ағасын жигирма-отыз адымдай алдарырақ жиберип саралап атырғанда усы ҳәдийселер болды. Демек, изине кулдырасқан еки аттың аралығы да жигирма-отыз адым. Әйне усы ўақытта издеги Әшир қараның «Аллалап!» бақырған қорқынышлы даўысы Ғарлыны артына жалт қаратты. Қараса, қылышын жалаңашлап, шошаймалы бир жигит Әшир қараны өкшелесип қуўып киятыр! Оның изинен және биреўи көринди, усының бәрин бир қарағанда көре алғанына Ғарлы елеге шекем ҳәйран қалады. Ол пурсатта ҳәйран қалыўға ўақты болмаған, қамшы сүй-



мейтуғын арғымағын қамшылап, жан ушыра алға шапқан. Әширдиң «Аллалаған!» сестине илесе:

— Қа-айт, Бағдияр! Кереги жо-оқ! — деген ҳөктем даўыс, оған жуўап иретинде:

— Жа-ақ! Өлтиреме-ен! Өлтирмесем, ертең мени өлтиреди! — деген ири ҳәм айбарақлы даўыс еситилди. Бул Бағдияр дегениниң даўысы екенлигине Ғарлы ол пурсатларда пәм жуўыртқан жоқ. Ол ўақытта «байтал түўе бас қайғы» еди, оған соң пәм жуўыртты. Сол айбатлы, қәҳәрли даўыстың «өлтиременинен» ағасы Әширдиң тағдийри тәшўишлендирди ме, я өзиниң қара басын жалаңлаған қылыштан қаймықтырғысы келди ме, тағы бир мәртебе жалт қарады. Қараса... қоллары ербеңлеген ағасының бассыз геўдеси изинен ат шаўып киятыр!.. Сонна-ан «ўай-ўайлап!» бақырыўы менен урды қамшыны, басты қамшыны! Бул, шатқа тырналғаны қайсы, қурашы түсип қалғаны қайсы, тула-бойы түршигип, қуйқасы жуўлап жанталасты, тек алға жанталасты! Артында қуўғыншы бар ма, жоқ па, қайда баратыр, неге баратыр, буны ойларлық шама жоқ!.. Сол пәт пенен ат арнаға урды! Кегейли онша енли емес, оқ жетиўи мүмкин еди, берги жаққа өтип болып артына қараса жармыстың аржағында тикке шанылған арғымаққа, аспанда қалтырап турған ақ сәмсерге көзи түсти! Үстиндеги муртлы адан әтирапты ләрзеге келтирерликтей ири даўысы менен ўаҳаҳалап күлди, масқаралап күлди! Атынан бойын таслаған Ғарлы жата қалып нышанға асығыс алып шүриппени тартып-тартып жиберди. Аржақтағы: «Ақымақсаң!» деп бир бақырды да атын лаппа кейин бурып, шаўып кетти.

Ғарлы омыраўын ызғар жерге таслап селкилдеп жылады, еңиреп жылады, бул көзиниң ағыў- қарасындай жалғыз ағасын жоқлағаны, сәрдарға жаўдырған нәлети еди...

Пәт пенен берги жағаға өтип кеткен Ғарлы арғы тамаңға түнлетип өтти де сәрдарға жылап-еңиреп болған ҳәдийсени айтты. Сәрдар, әлбетте, қыйналды, қыраҳәтке салып ҳаят оқыды. Соң еле солқылдап жылап отырған Ғарлыға:

— Көте-ер басынды! — деп бақырды. — Қатынбысаң, несең өзиң?! Ағаң мәрт жигит еди, сен өлгенде ол сениң қаныңды алмай қашып келмес еди, намәрт! Және пырқылдап жылайдымыш! Әширдиң ҳақ қаны қызыл-

лардың мойнында кетти, соны ала алмасаң, өнбегейсең, өспегейсең! Әширден бетер болғайсаң, әўмийин! — деп еди, ҳәмме бирден сәрдардың гәпин қайталап, бетлерин сыйпасты.

Соннан бери дәрьяның аржақ-бержағында талай урысқа қатынасты, батырлығы менен көзге түсип, сәрдардың исенимине ерискени ғой, өзине атқосшы етип алды, сәрдардың бурынғы атқосшысының неге қашып кеткенине Ғарлы елеге шекем ой жуўыртқан жоқ. Оның қызылларға қосылып кеткенин-ақ билди, болғаны. Не ушын сәрдар: «тутсам тирилей терисин сылыйман!» деп қәҳәрленеди, сатқынлығы ушын ба? — Буны да анық билмейди. Бирақ, сол атқосшыдан кейин сәрдардан тағы төрт жигит бир түнде зым-зыя болып, олардың да қызылларға қосылған хабары бир-ақ жетти, олар жөнине кеткен жоқ, изиндегилерди ҳаўаландырып кетти. Сәрдарды бийжағдай қылған да усы ҳаўаланыўлар еди, болмаса, кеткенлердиң орнын жаңадан садалар келип, толықтырып атыр ғой.

«Бул да қашып кетер» деген гүман менен сәрдар Ғарлыны өзине атқосшы қылды, буны Ғарлының өзи билмейди. Сәрдар: «қашып кетер» деп те натуўры гүманланды, себеби, қашыў Ғарлының ҳеш қашан хыялына келген емес, келсе, тап усы киятырғанда келди. Бирақ, қалай қосылады, бурынғылар қалай қосылған, қызыллар буған исене ме, жоқ па?! — Соны билместен барып, көзкөреке мойнын жалаңашланған қылышқа жалаңашлап усынбаспекен?! Онда еки бирдей улынан бир де биреўи шырақ жақпай, әкесиниң шаңарағы бас пүкил опат болғаны!...

— Ә-әәй, жазмышта жазылған болса қашып қутыламыз ба? — Бул оның қызылларға қосылыў қарары. Лийкин, ҳәр қандай қарар иске асырылыўы менен ғана қунлы, иске аспаған қарарлар пәтиўасыз бир гәп. Хош, бул енди қалай иске асырады, қызыллар болса Қыпшақта табан жер ушын тиресип атыр, оларды қоршаған нөкерлердиң ҳалқасынан саңлақ таўып, бул қалай Қыпшаққа өтеди? А-ал, өтти дейик, сонда қызыллар тап усы сапары жеңиске ерисе ме, тап усы бүгин-ақ сәрдардың қолына қайта түсип, баяғы атқосшының орнына буның «териси тирилей сылынбай ма?!..» усы кәраларын билмей жигит дағдарды, дағдарған сайын аты





салпаўсып, өз байдалына киятырған ийесиз көликтей адымын қойыўластырды.

А-ал, тиккелей сәрдарға барса-ше!.. Жа-ақ, булар күннен күнге азайып, күннен күнге жеңилип баратыр. Түркмен аралары да ҳәзир ғалаба Кеңестиң қарамына өтип, ханға тилеклеслердиң де көбиси ҳүкиметтиң белсендисине айналып кетти. «Буларға жеңис жоқ, сәрдарға барсам, мени Әширдиң тағдийри күтип турррр!..» дегенди ишинен айтыўы мәтдал, артынан дүбир еситилип, үйренген ат бирден сәтем алды да турған жеринен алға кийиктей ырғыды.

Жан иймапы қалмаған Ғарлы артына да айналып қарамастан атқа қамшы шырпылдатты. Әйне усы пайытта:

— Тоқта-а — а, Досжа-ан! Кетси-иин! — деген қый ғырық қулағына бир емес, бир нешше мертебе қыранның шаңқылдысындай ап-анық, нақма-нақ еситилип Ғарлының қылыш шабыў, оқ тийиў итималлығы бар жерлериниң бәрин жыбырлатып, төбе шашы тик турғанлығы соншелли, шөгирмеси көтерилип баратырғандай сезилди. Ақыры, бул сес баяғы! «Өлтиреме-ен!..» деп, Әширди шапқан Бағдияр деген адамның сестине дым ғана усас еди-дә! Оның сондағы қорқынышлы даўысы, Бағдияр деген аты сонда-ақ Ғарлының бир өмирде есинен шыққысыз болып қалған!..

Бул атын қанша қамшыласа да шабандозсыз еки арғымақ бунық қасынан озып кетти. Тусынан өтип баратырғанда булардың Аман менен Ораздың атлары екенин Ғарлы таныды. Лийкин, арттан еле қәўип болғанлықтан атын жан ушыра қамшылаўда еди. Соның арасынша алдағы салтаң атлар ыраштан асырылып түсип кетти. Бир ўақытта қараса, бунық аты да ырашқа омбалап баратыр екен, арттан дүбир еситилмеди. Ыраштың ығында лаўлаған отлар, сәрдардың шатыры, жаңағы атлардың барып, турған атларға топалаң турғызып атырғаны көринди. Жигит ҳаплығын баса алмастан-ақ шатырдың алдына келип, аттан қарғыды.

Ойда жоқта тосыннан болған аласаттан «жаў шапты ма?!» деп жаны қалмаған сәрдар, алдына келип Ғарлы бой таслағанда түклери тебендей шаншылып, сыңар көзи дөңгелеп сала берди.

Ғарлы жылап-еңиреп болған ҳәдийсени айтты. Сәрдар сазырайып узақ отырыўға шыдамады. Қәҳәри қалтыратып, еки онлығының атын айтып шақырды. Есик-



тен жуўырып кирип қуллық еткен оларға дәрҳал атларға миниўди буйырды ҳәм әтирапты ләрзеге саларлық бир қорқынышлы айбарақ пенен: «Өзим бараман, өзим! — деп бақырды. — Сол ғаррының қанын симирмесем, қалтыратпам басылмайды-ы!..»

Арадан бир кесе чай ишим ўақыт өтпей-ақ еки онлықтағы жигирма нөкер, сәрдар ҳәм Ғарлы минген атлар дәрьяның бойын дүбирлетти.

Атлар әдеп қосаяқ, соң жортақ шабыс, соң тағы қосаяқлап жер танабын келепледи...

Жигирма еки ат бирден ыраштың басына шығып зеңирейисти. узақтан өлимсиреп жанып атырған оттың сағымы қызарып көринди. Енди адаспайтуғынын билген сәрдар:

— Мылтығыңды таслап басыңды алып қашыпсаңдә, намәрт! Мылтықсыз кимге керекпен деп киятырсаң! — деди де наганы менен Ғарлының өкпе тусына атып жиберди.

Нөкерлер ыраштан түсип, аўылға лап қойғанда сесспестен қатып ердиң бир жағына аўса да зәңгиден аяғы шықпай қалған ийесиниң жансыз денесин сүйреп, Ғарлының аты ыраштың басы менен Қыпшаққа қарай әсте-әсте адымлап баратыр еди...

## 15

... Аллаярды үйине жиберген соң Есжан ғарры белин тасламастан өзиниң ҳәйўанына кирди. Өзи шырашы болған соң, аўылдың басқа үйлеринде шытик жылтыраған түнлерде де бул үйде ҳәтте айтыўлы байлардың ҳайўанына буйыра бермейтуғын паныс жанып турады, сол паныс анаў таўықлардың бос қалған дараағашын, анаў пәтикке қыстырылған бой жүўериниң қармақтай иймек басларын, қай жер болса сол жерге шалынып қалған таўықлардың қанларын, нәҳән тандыр ошақта ушына шекем өзи жанып, өзи өшип қалған боян шөкирлердиң қалдықларын, қулласы, түйе жуўаз, ат қараз қурса да еминеркин айнала бертуғын терис ҳәйўанның ишинде не нәрсе болса соның бәрин алакөлеңке етип, гүңгирт тарттырып көрсетип турды. Бунық иши оғыры кеўилсиз болғанлықтан төрдеги жайға ғарры «кеўилимди көтеремен-аў, ол жай кеўилли» деп кирген жоқ, жумыс ислеў ушын кирди. Қалаберди, бул жайдың ҳәзир

гана қан қуйылып қалған жай екенлигин барынша еслемеўге тырысты. Деген менен, аппақ шыптаның, таза бойралардың үстинен ийреңлеп-ийреңлеп айна қапталындағы қара жер еденге шекем келип, демниң арасында қатыўашланыўға қараған қан буны еслетпей де қоймады. Ғарры еслеген сайын өзинен өзи ҳаўлығып, тез болып, бул ғулғулалы жайдан тез шығып кеткенше асығып иследи. Текиментлерди, шыпта, бойраларды ийт жатырған гүдиниң үстине апарып зыңғытты ҳәм адамның қанын ийт жалап патасламаўы ушын үстине ағаш айыр менен боян шөкир себелеп таслады. Соң тағы ишке сүңгиди, гәне жайыўды жайып таслап, белиниң шыра жақтысында жылтыраған жүзине усталық нәзер менен бир қарады да балалықтан берги әдетине гөре бас бармағын бел жүзине жанап-жанап көрди. Нешше жыл өткени кимниң есинде тур дейсең, әкеси Есжанға арнап соқтырып әкелгенинде бул он зыңғытылса бир арбаны толтыратуғын нәҳән намбар бел еди, енди мине, кишкене бир кепше бел болған да қалған. «Өмир деген-ғо бул, ақыры, буған темир шыдамай атыр, адам қалай шыдасын!» деген бир ой жылт етти ғаррының басынан. Усы жылт еткен ой ғаррының санасына, көкирегине ғул-ғула атлы саясын салып турған қорқыныштың қараңғы әламатын питегене жақтыртайын деди ҳәм ғарры өзин бурынғыдан мәрданалаў сезинди. Әкеси сол намбар белди соқтырып әкелген пурсатта да Есжан ғарры (гарры емес-аў, онда еле үйленген де жоқ) тап усындай етип бас бармағына жанап көрип: «полаты өткир екен!» деп еди. «Полаты еле де беккем екен, — деди бул сапары. — Сонша жыллардан бери бул бармаған қазыў, бул байламаған жыққын, бул аршымаған салма, бул геўлемеген гөне шөңге қалды ма, бул кепше болмай не болсын, еле де полаты полат-ақ екен! Бир тиймегениң адамның қаны еди... Ә-әәй, адам ба булар!..»

Соннан тийисип кетти ғарры, тийисип кетти. Демниң арасында еки жайыўды толтырып апарып, аяқ баспайтуғын шеңгелликтиң үстине шашып қайтты, таң атыўдан от берип жибериўи кереклигин де усы бастан кеўлине түйип қойды.

Үйине соңғы сапары бетлеренде негедур, көкиреги дүрсилдеп, өзинен ҳаўлығыў әламатын сезди. «Қорқлайын, қорпасам бәле жоқ!» деп, өзин ҳүрейден сер-



геклеткиси келген сайын ҳүрейлене берди. Көзине Аманның гә ақшыйып атырған қорқынышлы көзи, гә қудыққа таслап атырғанында «ҳыыыҳҳ..» деп дем шығарғандай болған Ораз елес-елес...

Қанша қорқса да, асықса да айнаның сынық көзине гөнекөрпешени жумбаршақлап тығыўды умытпады. Шыраны ешек пештиң үстине, пилигин қайтарыңқырап қойды. Еки мылтықты қолтықлап, есикке бетлей бергенинде өлгенлер мылтықларына жабысатуғындай ҳаўлығып, аяғын шаққан-шаққан басып шығып кетти. Усы жерден узақласқанша асыққаны соншелли, ишки есиктиң аңқайып ашық қалып баратырғанын сезсе де қайтып барып жабыўға тәўекели жоқлықтан, сезбегенсиди. Сыртқы қапының зулпын да илдирместен қайқайды.

Келсе, апасының аяқ ушында дым сирә ҳеш нәрсе көрмегендей, ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай, тек ғана әри машақатлы, әри қызықлы аңнан әбден болдырып келген бир сапарындағыдай Аллаяр шешинбестен, бети-қолын да жуўмастан қурылдысына ешек пештиң астын ләрзеге келтирип атыр. «Мынаў сирә жүрек жутқан шыға-ар! Я шоқ боларсаң, я жоқ боларсаң, ортадәрмиян болмассаң шырағым, түпәлем!..» деди ғарры ишинен өзине өзи ҳәм Мәрзияның бас ушына сүйеп қойды да: «Балаңның ерлиги-и! — деди ыразы кейипте сөйлеп. — Әкесиниң еки душпанын муққаптырдыә! Аллаяржан болмағанда, сол сырттан байлап атпағанында:

— Қәне, ўәде қылған Мәҳийда деген қызынды жеткер! — деп, зобалаңлы салайын деп атыр еди...»

— Сонда, — Мәҳийдаға жан кирди, — ҳаў сонда мени көрсете қойсаң болатуғын еди-ғо! Мени жарасына ем ете ме?!

— Ем етпейди, бирақ тирсегиңнен шылбыр менен беккем байлайды да...

— Сени қалдырар жүдә!..

— Мени де қалдырмайды. Екеўимизди еки атқа байлайды, соң гүдиме-гүди қоймай от береди. Оннан кейин сәрдарына жетемен дегенше бизлерди сүйретип ат шабысады... Дығын сөйтип алады...

— Сонда алдап бәле бар ма?! «Қыз жоқ» де де қой!..

— Онда мениң сүйегимди сен дүзден де табалмас един! «Өлим өлим бир өлим, жатып қалғанша атып қалайық,» дедикдә! Бунымыз шеп болған жоқ, ақырын берсе, — деп, ғарры жаңа мақтана баслағанда үй жа-

ғында үрген ийт бөлип таслады. Кемпир ғаррысына, ғаррысы кемпирине ҳүрейленип қарады.

— Есикти жаўып па едиң?!

— Умыттым, хабар алып қайта ғой, — деп илип сөйледи ғарры.

Соның арасынша болған жоқ, булар отырған тамның айнасының тусында да ат дүсирлеп, ғарры дәрҳал мылтыққа жармасты. Кемпир жан-төни менен Аллаярды жулқылады. Бийтап ҳаял елеңлеп есик бетке телмире берди. Апалақлап оянған Аллаяр, ғаррының қолындағы есикке гөзелген мылтықты көрип, бул да екинши мылтықты шатырлатты ҳәм айнаның аўызынан буққышлап өтип: «Апа, қорқпай жата бер,» деп ескертти де қорққанынан жинли болайын деп отырған кемпирге анасын арманлаў ысырып жатқарыўды, өзиниң де айнадан бир қапталлаў, диййўалға арқасын берип отырыўы кереклигин ескертти. Әне, усы ўақытта сырттан:

— Алла-ярр! — деген даўыс шықты. Әкесиниң сестин таныған бала: «ҳаў, ағам-ғо!» деп, есикке қустай ушты, мылтық орынында қалды. Ғарры Бағдиярдың дыбыс бергенине қуўанып, көкирегине түпирди. «Үнсиз келе бергенде гүрп еттире жақ едим! Қудай сақлап қалды!» деди есиктен кирип келген Бағдиярға. Бағдияр ғаррының қолындағы мылтықты көрип аң-таң болды. Салмақлап-салмақлап, анжер-мынжерге гөзеп-гөзеп көрди. «Шошайтсаң болды, өзи гөзелип кете береди! Англичанлар жаў-жарақ соғыўға беңде емес!» деп мақтап атырғанда есиктен Досжан да кирип келип, үйдегилердиң қуўанышлары мынаў тар жайға сыймай қалды. Кемпир: «сени көрер күнлер де бар екен-ғо! Усы бүгин сени көре алмай өлермен деп едим!» деп, болған ҳәдийселерди үзип-жулып, умытқанын: «ғарры, сен айтөссе?» деп айтып атты.

Бағдияр бундайда от жақпаў кереклигин, мәгар, адамларын излеп шықса түндеги оттан нөкерлердиң тез таўып келетуғынын айтып өкиниш билдирип атыр.

Ғарры булардың шегинип баратырғанын, Қыпшақты басбашының алып қойғанын еситкенде түре бирден сурланып: «Исенген таўымыз сизлер едиңиз. Сизлер де алған қалаңызда паянламай, басбашыға таслап қаша берсеңиз, бизлердиң күнимиз қыйын екен,» деп, сақалын қайырып жалмады, «әй, болмаған екен онда,» деди үмитсизлик пенен басын шайқап.



Бағдияр бунын ўақытша шегиниў екенин түсиндирип атыр еди, «жарма қайда, биреў қайда! Отряд келип қалатуғын болды!» деп, бирден алапасырлыны салып кемпири менен ғаррысын үйине қарай сүрмелеклестирди.

## 16

... Қыпшақтағы темир қурсаўдың бир буўынын үзип шыққан отызлаған гвардияшы жаў менен арысландай айқасып өлген сонша әскердиң сарқыты ғана еди. Бағдиярларды оздырып жиберген соң да олар жол өндирип жалшытпады. Қыпшақты беккемлеў ушын әйне ўақтында Төрткүлден жиберилген жаңа командир Панов, атының өлиги Қыпшақта қалыўына байланслы оқ-жарақлар салынған арбаның ортан белинде аяқларын оң жақтағы жанағаштан салбыратып отыр еди. Есап-китап қылайын дегени шығар, бармақ бүгип, шығынларын санайды: «Ең биринши Ғақабай, соң Палымбет, Эргаш, Әўезбай шүрқулақ, Жолдас, Титаренко, Тутқышбай, Орынбай қырғыз, Лацис, Қарасаев... «Бармақлар жетпейди, бул тек «шойын шынжырды» үзер гезгиси. Қалғанларын дизим бойынша анықлаў керек, былай да көбисин анықлаўы мүмкин еди, бирақ үзгенге шекемги көшеме-көше, дығырықпа-дығырық лашы қалғанларын есаплай бериўге командир жигерин жасытып алыўдан қорқты. Әскерий адам емес ғой, ақыры, «пианист боларман» деп жүрген кеўили бослаў адам еди, елжирегишликти қоя алмай жүр, үнсиз киятыр, үнсиз. Жаўынгерлер де үнсиз, үнсиз, үнсиз!.. Шаршаған аяқлардың сүйрелип басылғандағы сылпылдысы, туяқлардың дүнкилдиси, арбалардың сатыр-сутырлары... усылардан басқа бир аўыз кеўилли сөз, «жырқ» еткен күлки еситилсеш! Бири бирине әрманлары азы-кем болса да таныс, не бары буннан еки ғана саат алдын тиллескен, ҳәтте, базиларының мәлеллескен жолдаслары енди жо-оқ! Сонда күлкилер қайдан болсын, жырқылды қайдан шықсын!

Үш күннен берги уйқысызлық, инге таласқан айыўлардай ғайбарланысып айқасыўлар ҳәммесиниң де сылқымын шығарып, тыйтығына әбден таяған. «Усыларға бир ғана сутка дем берсе, бир ғана сутка, — деп ойлайды Панов, — тек бир ғана сутка дым оятпастан

уйқылатсаң! Соң жумса, Қаратаўды шайқап береди!..» Қайда сол ўақыт, усы пурсатларды уттырса да ҳәммеси набыт болажақ! Жақтыдан бурын бир адым да болса Қыпшақтан алысламаса шатақ, өндиргениң ғаниймет! Таң атты, тамам, Қыпшақты қамаған үш мың басбашының бес жүзи қунтыйып изиңе түсип алмасынан бурын жүриў керек, жүриў керек, өндирип жүриў керек. Сонша әскерден тири қалған усы бир уўыс ғана гвардияшыларды да шыбындай қырғызып алмай Төрткүлге аман жеткериўдиң бирден бир жолы тек усы ғана еди.

Панов жақсы ғана биледи, еле Төрткүлге шекем де усылардың өзин түўели менен аман жеткизиў қыйын, жолда қанша-қанша қыснақлар, қанша-қанша аўыллар бар, оларда қандай тағдийир күтип тур, бул жағы еле намәлим. Солардың бәрипен буларды «қутқарыўшыларым!» деп, бир себет наның қолына алып, аўыл адамлары ғана күте бермейди. «Қашқан жаўға қатып зор», шегингенниң жаўы көп, аз ғана әскердиң шегинип баратырғанын сезип қалса басбашылардың да «аллалап» ат салысатуғынын мынаў Кумингер де, анаў аўған жигити Нурахымет те жақсы биледи, олар жас болғаны менен «жаман баллар», бундайлардың талай-талайын көрген, базыларын женшип өтсе, базыларынан сытылып қашып қутылғанлар да көп булардың ишинде.

Ҳаўўа-дә, жарлы бар жерде бай бар, байы болмаса жарлының жарлылығын қалай билесең, бул дүньяда ҳәмме өз кеўилинше бай, шер. Аўыл бар, ел бар жерде тамбасларындағы гүдилердиң араларынан сүмбелерин үңирейтип, қыснақ өткелди аңлыйтуғын не бир сумтуяқлар ба-ар! Жол-жөнекей, гейда-гейде сондайлардың оғынан да не бир жигитлер биймезгил, бийжағдай сулап қалып атады.

Бирақ, бул сапары командирдиң үмити де, шәраяты да басқашалаў. Төрткүл менен Нөкис арасында ҳәзир ылыққан ийттей ылығып жүрген басбашы көп. Олардың бәри де тегине жүрген жоқ, азық-аўхаты, ат жеми, хәтте қатынына шекем елден болған соң өзлери берман өтип алған үш күннен бери ҳәммени пәтеңге келтирип үлгерди. Кимниң қызын, кимниң жесирин, кимниң анасын, кимниң әкесин қорлады. Усындайда кеклилердиң бәри қол былғап шақырмай-ақ қызылларға қосыла береди, оларға тек қысқа ўақыттың ишинде жаў-жарақ таўып берип, атыўды үйретсең болды, олардың басбашыларға



ғәзеби өз алдына! Сол есаптан шыққан «шығынның» орнын толтырыўы үмити басым! Тек елге аралсса болды! Оның ушын енди «шығын» шығармай Қыпшақтан алыслаў зәрүр, таңды қала әтирапында атырса апат күтеди! Бул ҳәммеге бирдей мәлим болғанлықтан ҳеш «дем алыў» дегенди тилине баспай киятыр. Арбаның артына ерип киятырған еки жигит арбадан қолларын жаздырмастан көзлери уйқыда, көкиреклери ояў, жүриўин даўам етер еди. Панов келгели пулемети менен аўара болып қалған Кумингердиң:

— Команди-ир! — деген даўысы оларды да оятып жиберди. Пулеметин изге қаратып қойып, арбаны айдап киятырған да Кумингер еди, артында отырған командир дым үндемегенге еситпедиге жорыды ма:

— Жолдас Пано-ов! — деди артына бурылып. —Мен «Интернацыональ» ды Париж коммунарларының өз тилинде айтып берейин бе, мынаңқараң!

Кумингердиң даўысы ири ҳәм тынық, тынық ҳәм шойындай зыңлағыш еди. Намасын көбиси ядтан билсе де, мазмунын уқса да сөзлерин билмейтуғынлар ғой булар. Арқа Кавказ фронтында аўғанстаннан өткен Нурахмед деген жигит әдебинде Кумингерге қосылып, мурынынан ыңылдап еди, соң ысқырып қосылмаға қарады.

Киятырғанлардың уйқылары сергекленип, арбалардың, туяқлардың, топ дегершигиниң сеслери усы бир сеске даўыс қосқандай, көкиреклерине жол өнип сала бергендей туйылды. Бир ўақытта нама тынды, үнсиз жүриспек тағы даўам етти. Нурахмед, бул тынышлыққа көнгиси келмегендей пытырлап:

— Жолдас Пано-ов, — деди арбадан қолын жаздыра берип. — Бир нәрсе сорасам мүмкин бе? — Жуўабын күтпестен сорады: — Мен билемен, бизиң аўғанстан да революцияға ақыры өтеди. Сонда усындай басбашылық бола ма, жоқ па?

— Оқ тийген қасқыр көре тура бир умтыла ма?

Түсиндим, жолдас Панов, — деди Нурахмед. — Өзим де солай ойлап едим-аў. Бизиң гүресимиздиң тарийхы жазылмай атыр...

— Бийкар айтасаң! — деди Кумингер. — Сен бүгин жаза салып, ертең аўғанға өткизбекшисең ғой, тарыйх олай жазылмайды...

— Қалай жазылады?

— Тап усылай жазылады. Усы жүрислер умытлады деймисең!..

— Атты теже, Куминге! Досжанның жармасына асы-ық!..

Гөне жап-салма, жаўгершилик көп болған, үстинен ели серпилип, егилмей әдиран қалған атыз-шелликке шыққан сайын жүриў кем-кемнен қыйынласты. Абайсызда дегершиклер «салт» етип қарыққа түседи, я шелге тиреледи де онысыз да жүйкеси қурып киятырған атлардың соңғы терин сығып алады.

Гөне жол — қара жол душпанда қалған. Уақытты утыў ушын да, дийдине тез жетиў ушын да булар тыңнан жол табыўға мәжбүр еди. Жаңа жол машақатсыз бола ма?! «Бул әтираплардан не де болса бизлер жүрип өттик-аў...» деген ой жаңа келгени, из беттен шыққан шаңғыр-шуңғыр сес, атлардың ышқына шыңғырғаны Пановты арбадан ырғытты:

— Не болып қалды-ы?!

— Пушка аўдарылды! Көпир сынып кетти, жолдас командир!!..

— Бир кемисимиз сол еди! Тфу!..

Ҳәпзаматта ҳәмме үлкен шойын топтың қасында ҳалласласты. Топқа жегилген аттың биреўи шоңқайып отырып қалыптыдағы, екиншиси қайысты дуўтардың тарындай шертилдирип, еле жер тислепип тартпақта еди. Биреўлер шоңқайған атты турғызып, былай шығарды. Сонша жылқыдан қалған төрт аттың да биреўин «мертилдиге» жорып, қатты қыйналған сейис ақбозының саўырысын, аяқларын сыйпап көрип, қуўанғанынан: «Нийшаўа, сынықтан ама-ан!» деп бақырып жиберди. Салмаға еплеп түсип атырған топшы ғарры:

— Нийшаўанды қойып тур, соң қуўанарсаң, — деди, соң: — Топты омыраўла-ас! — деп бақырып жиберди. — Көрдиң бе ҳәр ким өзиниң мүлкиңе жуўырыўын!.. Ҳәр кимге өзиники уўайым!..

— Сен былай шық, — деп буйырды командир. — Анаў ағаш та сынып кетсе тобың үстиңе қулайды! Бул жерге күштен де бетер интеллигенттиң басы керек!..

— А-ал, интеллигентлер! — деп үстин қағынып шығып кетти «интеллигент» сөзин «патшаның адамы» деп түсингенликтен дым жаман көретуғын топшы ғарры.

Зилдей топтың еки дегершигиниң екеўи бирден еки шетки ағаштың қосылған жүйине дус келиптидағы, топтың салмағы менен еки шетки ағаш еки жаққа жылысып, еки дегершик бирден гүпшекке шекем сиңген еди-дағы, топ көшери арқалы ортадағы үлкен еки арғытқа масылып салып турған еди. Куминге: «Мынаңқараң, десең айнала береди, табаны жер илмей тур! — деди дегершиклерди қолы менен-ақ зыр-зыр айналдырып көрсетип. — Демек, шығарыў мумкин емес. Запалын аламыз да кетемиз!..»

— Айта береди, — деди топшы ғарры. — Антилегентке бәри қыямет! Сонша адам, ат бир топты шығара алмай өли ме?!.

Ғаррының кеўили ушын ба, я үмит бармеди, сыңар ат қайта жегилип, ҳәмме бирден шойын топқа жармасты.

Сонша «ал-ҳа-ал, бос-ҳа-бас!», бәри бир пул, топ сирә дәрпенер емес! Панов топ музлатқан қолын үплеп турып:

— Бир ғана жолы — қазып шығарыў керек! — деди үмитсизленип. — Өйтиўге жер тоң, бул бир, екиншиден, бел жоқ. Үшиншиден, ўақыт жоқ, таң атып кетеди. Запалын алыңлар!..

— Ол не дегениңиз, жолдас Пано-ов! Топсыз қандай урыс ол!..

Топшы ғаррының гәпи тыңланбады. Запалы алынды.

— Бунысыз гвардияға мениң не керегим ба-ар, Пано-ов!..

— Бас аман болса, топ табылады! Болың, болың!...

Ғарры сатылып, деңгенеге баратырған арғымағы менен хошласқандай муздай топты қолғапсыз қоллары менен сыйпалып сөйленди: «Жаўдың жатқан жерин алавенен сыйпалып, аспанға шыңғытып, па-ах, ҳәз беретуғын майы менен аспанға шыңғытып, па-ах, ҳәз беретуғын едиң-аў! Хош енди, болмады...»

Пәт пенен киятырған қуўғыншы абайсызда үстинен шығып қала қойса зәрресин ушырарлық бир қорқынышлы айбат пенен уңғысы Қыпшаққа қарап үңирейген топ, салманың ақ ырашына мойынын төсеген үлектиң қара тайлағындай қараўытып қала берди.

— Саат неше, Куминге? — деди издеп биреў. Онын орнына Панов:

— Қышақтан шыққалы еки саат өтти, — деди фонаригин билегине тутып. — Топ көп егледи. Өмирдиң тағы бир ақшамы өтиўге аз қалды.

Гвардияшылар жүрисин суўыт даўам етти...

## 17

Отрядтагыларға жарма писиритиўге асыққан Досжан кемпир-ғаррысын сүрмелеклетип кеткен соң Бағдияр өз бала-шағасы менен жай-жайўат ҳал-аўҳал сорасты. Жигиттиң көкирегинде әндийшеси көп енди. «Енди узаққа бармай урыс тамам болады. Басбашы сапластырылады. Соң я Төрткүлге, я Қыпшаққа көшемиз. Аллаяр оқыўы керек, бул әрада мектеп жоқ. Бурынгыдай аўыл тегис отырғанында мектеп те ашыўға болар едидә, олар көшип кетти ғой! Есжан ата бағыҳәремин қыймайды, бизин бағымыз ҳәйран қалып баратыр ма?! Ендиги жағында баламызды оқытып алайық. Мен де бир заўытта ислермен, саған да жумыс көп, шабазым. Буннан былай партизанлық жүрмейди, саўат пенен аласаң истиң көзин, соның ушын баламызга бола-ақ мектепли мәканды жағалаймыз,» деп, айтып аўызын да жыйған жоқ еди, бирден сырт дүсирлеп, есиктен секирген Мәҳийда кемпир төрге дүрс етти:

— Жаў шапты, қурып қалдық! Шаў шапты-ы!..

— Кише, өзинди бас! — деп бақырды порхандай ырғып түсип атырған кемпирге Бағдияр. — Асықпаң, албырамаң! Ҳәзир бизлер Аллаяр екеўимиз шығып кетемиз! Тәмбини беккем бастырып отырың!

Бағдияр өзин күтә салқынқанлылық пенен тутты, жаў шаппақ түўе, адам жыққын кеткенде де өзин бундай арқайын тутпас.

Баласына бир қатар оқ пенен Ораздың мылтыгын тутқызды ҳәм: «мулт жибермеўге ҳәрекет ет, оқ гәҳәт! Англичаны мылтық тийгиш болады, билип қой. Өз мылтығынды да алып шық» деди де баласын алдына салып, сыртқа бетледи. Сол мәҳәли-ақ иштен Мәҳийда кемпирдиң жыланып тиленген тилекли даўысы, қапыға тирелген тәмбиниң тақырлысы еситилип атты.

Бағдияр изине айналып келип қапыны муштлады да: «Шыраны өшириң: Айнадан бир қаптал болы-ың!» деп даўыслап кетти. Алдынан одагайлап Есжан гарры шықты ҳәм бир мылтық пенен бир қатар оқ алып иште тағы оқтың қалган, қалмағанын сорады. Бағдияр Есжан гаррыны усыншелли сабыр-парасатлы ҳалында ҳеш көрмеген ҳәм усындай жан алқымға таялганда буншелли салқынқанлы болады деп ойламаған еди.



Ғарры басындағы сәллепи жаздырып жиберди де тақыядай жымпыйып қалган Досжанның гөне шопайымасын қағып-силкип, қомланқырап кийди ҳәм: «Енди қызыл болмаған нем қалды, қәне, бир қарап жибе-ер!» деди Бағдиярға, «Жаўға айбатлы болып көриниў ушын үсейтип атырман,» дегенди де ескертип қойды. Ғаррының мынаў асықпаўларынан Бағдияр душпанның еле саўлап келе қоймағанын, питегене таярлыққа ўақыт барын абайлады. Усы пайытта булардың қасына Досжан жуўырып келди ҳәм душпанның ҳәзир ларға жеткенин, сәлден соң гаррының үйиниң тусына келетуғынын айтып атыр еди. Бағдияр иркип:

— Көзиң менен көрдиң бе өзиң, я ғаўасат па? — деди.

— Апам, ағам үшеўимиз үйге жеткен ўақытта дәрьялық таманнан наган атылды, сизлерге еситилмеди ме?

— Жақ-жақ!..

— Әлле кимниң шыңғырған ашшы даўысы еситилди. Соннан атты минип, дәрьялық таманға салманың иши менен шаўып отырдым, тарпаўға жақып келип сығалапсам, атылған атлы атына сүйретилиўи менен ғалапсам, атылған атлы атына сүйретилиўи менен ырашты бойлап ары кеттидағы, қалғанлары ыраштың басында ғаўырласып, «мәрт болың, бәқуўат болың, ғаррыны, Мәҳийда деген қызын тири тутың! Тирилей терисин сылып, Ораз ушын, Аман ушын сабан тығаман, айтқаным келсин, әўмийин! десип, бизиң ғаррының ҳүкимин бекиштирип атыр...

— Мени алып, жаў қайтатуғын болса, алдына өзим барайын!..

— Сонна-ап, — деди Досжан әкесиниң сөзине итибар бермей. — Сонна-ап, салманың иши менен атты қамшылап қашып отырдым...

— Ўәй, қашыўға бенде емессиз-ғо сизлер! — Илди ғарры.

— Неше атлы?!

— Еки онлық па дедим...

— Санаўға да шамасы қалмаған, қаша берген!

— Қашқан емес, урыста тактика деген болады, ғарры! — Бағдияр даўысына қаталлық ендирип, нықыртты. — Большевик сыпатында команданы өз қолыма аламан. Айтқаным — буйрық, орынланыўы — шәрт.

Есжан аға, сен қайықтың астына кир, қаша алмай қаласаң!

— Усы буйрығыңды орынламайман, — деди ғарры. — Қашыў нийтимде жоқ. Жақ, буны қырсықтыға жорыма, кәмандияр. Қайықтың астына Аллаяржан кирсин, мен жасарымды жасап болған адамнан...

— Кир деймен, ғарры-ы!..

Еки мылтығын, қатарларын аўдыр-саўдыр, сатыр-сутыр еттириў менен Есжан ғарры Аллаярдың қолтығынан қолын откерип, қайыққа ентелеттиде:

— Кир балам, кир, — деди өлпең, дирилдек даўыс пенен. — Булар әскер болғаны менен билип турған жоқ. Аңлығаның есик болсын, апанды қоры, шырағым, апанды қоры! Биреў жайына от берип кетсе, апаң бийшара шыға алмай да қалады! Жайына от дарытпа, от дарытпа шырағым, от дарыта гөрме?!!

Бала не қыларын билмей әксесине жалтаңлағанынша болған жоқ, «Бол деймен, бала!» деп бақырды Бағдияр. Бала буққышлап қайықтың астына кирип баратырғанында:

— Басбашы жай өртемей урыспайды, — көзиңди жақтыдан алма! — деп зинҳарлады ҳәм қалған ексўин ертип бағанағы Ғарлы жатқан салмаға түсти. Бул — алда, гарры — ортада, Досжан — ең изинде еди.

— Булар сизиң үйдиң шырасына қайырылмай не ушын былай өтип кеткен! — деп сорады таңланған пишинде Бағдиярдан.

— Оларды Есжан ағалардың сүйек өртеген гүдиси қызықтырған.

— Не ушын?!

— Ийт биле ме, көрмейсең бе, отты айналысын шоғырланыўын!

Атлылар өртенген гүдиниң еле жел үрлеп аламайы менен қып-қызыл болып турған шоғын таяқ таслам жерден бир айналып көрдидағы Есжан ғаррының үйине қарап тобын жазбастан келе берди.

Арқа батыстан ескен суўық самал тоңазыған талларлың сайсүйегин сақырлатады. Әтирап әлле қандай қорқынышлы әламат күткендей, сол әламаттың ғулгулалы, бәдайбад даўысын ҳәзир-ақ қулағырдан жер жастанып тыңлап атырғандай демин ишине тартып, бир пәс жым-жырт, тым-тырыс болып қалды. Күшигинен асыраған Есжанының оң қапталына шоңқыйып отырған сары көпек тумсығын самалға тосып, мурынының



ушын жыбырлатып турды да үйге жақынлап келген атлыларға қарай шаўлаўы менен шаўып өтә кетти.

— Енди басланады, үйиңе шоғырланды, Есжан аға, — деп сыбырланды Бағдияр. — Та-ак, Есжан аға, жасы үлкенлигиң ҳәзир жүрмейди, шошайманды басыңқыра да төмен буғып отыр. Командасыз атпайсыз!..

— Мақул, мақул...

Айдың жақтысында ат сүлдерлери, үстиндеги адамлардың қыймыл-ҳәрекетлери, сары көпектиң гә анаўына, гә мынаўына былғаңлап барып шаўлап үрип жүргенлерине шекем ап-анық көринип турды. Бир адам аттан жумаланып түсип, қораның түбине қарай кетти. Есжан гарры Багдиярдың шығанағына түртип:

— Анаў биреўи саралай жақ па, я қораға кире жақ па? — деп сорады дым түсинбей. Багдияр мурынынан мырс етип күлди де:

— Ҳәзир көресең не қылғанын! — деди. Соның арасынша болған жоқ, қораның жаңағы адам барған жеринен қызыл-ала жалын лап ете қалды да тутылған жыңғыллардың ушына шаппышы, «Ҳаў, ишинде мал бар-ғо!!! — деп дәрпенди Есжан ғарры». Ал, жаңағы адам болса асықпай-албырамай қолындағы парлаған шомды қораның ҳәр жерине бир тийгизип баратыр еди, изине шабалана ерип жүрген ийтти аттың үстинен биреўи «гүрп!» еттирди, ийт қулақларды шыңланды-рарлық дәрежеде қатты-қатты қаңсылады да жым болды. «Өләдизна! — деди Есжан ғарры ҳәтте еситтириңкиреп. — Ийтте не жазық бар! — Өгизлерди айтсаң-а! Обалын-ай! Қәне, кәмандияр, басласаң басла, болмаса мен шыдай жақ емеспен!..» дегенше болмады, гырдөгерегин ҳалқадай қоршап жанған жалыннан жан иймәны қалмаған Есжанның ябысы қылындағы даўысына салып шыңғырыўы мәтдал, шом басып жүрген нөкерди ғазеп пенен нышанаға алып атырған ғарры жағы қарысқанша тисленип турып, шүриппени басып жиберди!

Оқ тийген нөкердиң қолынан шомы түсип кетти де жерде жаныўын даўам етип атты, нөкер болса қолынан түскен шомға тентиреклеўи менен қарап турып-турып, ақыры дүс төменине өңменин таслап жиберди, шом «лып» етип бирден өшип, нөкер де отты омыраўлаўы менен сылт етпестен қалды.

«Садаған кетейин жеңис!» — Биринши оғының сес-

пестен қатырыўы ғаррынын кеўилин қатты йошланды-рып жиберип еди, Бағдияр:

— Ма-ала-де-ес, Есжан аға! — дегенде, «маладеси-не» түсинбесе де мақтаў гәп екенин аңлаған ғарры салмадан шыға жуўыра жазлап қалды. Усы ўақытта көзди ашып-жумғанша Бахдияр, Досжан үсти-үстине оқты жаўдырды. Үш-төрт өлигин қалдырған атлылар патырақлаўы менен жайдың арғы тамаңына өтип кетти.

— Атпаң! Атпаң! — деп буйырды Бағдияр. — Оқ-тың қайдан шыққанын билмесин!..

Әйне усы ўақытта жанып атырған қораны жарып шыққан Есжанның ябысы, үстиндеги жабыўын лаўла-тып, шыңғырыўы менен Бағдиярлар жатқан салмаға таман жан ушыра шаўып киятыр еди, рехими келди ме, душпанның арасынан биреў атып жибердидағы ябыны омақазан аттырды. Жығылған ат өз жабыўына өзи өртенип атқанда издеги өртенген қораның иши-нен сыйыр менен баспақтың, қос өгиздин өкирген сес-лери еситилип, Есжанның қуйқасын жуўлатып жи-берди.

Есжанның шалғайын күш пенен басып отырған Бағдияр:

— Сабыр сақла, сабыр сақла! Ҳәзир олар берман, жақтыға шығады, соған шекем атпа! — деп жалынып атты.

Үнсизлик, аңлыспақ тәўир-ақ даўам етти. Басбашы-лар жаңағы бир оқлар жайдың ишинен үзилди ме, сыртынан үзилди ме, соны билмей жайды узақтан ай-налар еди. Шәпик қоллы биреўи зыңғытқан шом дин аспаннан жалын-палыны менен былғаңлап келди де Есжанның тамының басындағы боян гүдиге түсип, жайдың үстин демниң арасында тегис жалын қаплады. Ғарры: «алты ай жазлай егип-тигип, жыйнаған қаўын-ларымды айтсаңә!» деди ишинен ҳәм «соқыр қудай, не жазығым бар, бунша неге мийнетимди күйдире берe-сен!» деп налынды. Әйне усы пайытта тап ғарры менен тусма-тус, оттың аржағынан қапыға таман бир атлы келди. Берги жағындағы жалынның жақтысынан оған көзи түскен ғарры атлының шеп көзиниң үстинен таң-ған қара былғарыны көриўи-ақ муң екен, өмирде сө-гинбейтуғын адым: «Ҳаў, ҳаў, мынаў әкеңниң аўызын... сәрдардың өзи-ғо!» деўи менен дуўы-сыйына, команда-помандасына қарамастан «ғарс» еттирди« Лийкин,



сәрдардың арғымағы арғымақ-ақ екен, алдыңғы еки аяғын жоқары көтерип қазықтай тикке шапшыды да ғырра айналып, Аллаяр жатқан қайыққа қарай қул-дырады. Тап усы пурсатта қайықтың астынан мылтық гүрпилдеп, ат үстиндеги шабандоз қайықтың қарама-қарсы тамаңына аўды, лийкин, биротала аттан қулап та қалмады, ийиесин мылтық-сылтығы менен жерге сүйреткен ат қайықтың тусынан зуў етип, өтип кетти.

— Мала-де-ес, Аллаяр! — деп түртти Досжанды Бағдияр. Ғарры пытырлап:

— Сол өлодизнә өлдимекен! — дейди қызыққан үн менен. Ол сөйдегенше болған жоқ, жаңағы мылтық-сылтығы менен ийесин сүйретип өткен ат анадайдан тап биреў бурғандай лаппа артына қайырылды ҳәм сүйретилип киятырған ийеси де «қуданың ҳәмири ме-нен» дегендей, қас қаққанша атының үстинде тағы қа-зықтай қақайды ҳәм мылтығын жоқары көтериўи ме-нен атлыларына қарай қайықтың тусынан тағы зуўў өтип кетти! Мына ҳәдийсени көрип турған Есжан ғар-рының да, Аллаярдың да таңланыўдан атыўды ойлаў да санасынан шығып кетти. Шабандоз өз атлыларына жақынлай берип, атты тағы тикке шапшылдырды да артқы қос аяғында шыргүбелек айналдырып:

— Аттан түсиң, ақымақла-ар! Душпан лаўзанның тийинде! — деп бақырды ентиккен қарлықпа даўысы менен. Буйрық еситкенлер турған-турған жеринде ат-ларынан жумалапысып, салмаға қарай буққышлады-дағы, сәрдар атынын алдыңғы аяғы диңк стип жерге тийиўден күн шығар тамаңға, оқ жетпестей жерге ше-кем шаўып барып, атын өрден-ыққа, ықтан-өрге қор-сылдатып шаўып жүрип: «аты-ың! Аты-ың!..» деп буй-рық берип жүрди, салмадағы аңлыған үшеўи бирден соны шөкелеп бир-бирден оқ көширди де араның алыс-лығын, оқ жетпеслигин шамалаған соң барлық дыққа-тын алдындағы тоңқаңласып киятырғанларға бурды. Жақтыдағылардың қараңғыдағыларды көриўи қыйын, тек дусмал менен атып киятыр, ал, қараңғы тамандағы бағдиярларға жақтыдан киятырған жаўдың ҳәтте шө-гирмесиниң ағы-қарасына шекем айқын болғанлықтан оқ зая кетип жалшытпады. Әйне усы пайытта да ше-гинбеўине таңланған Бағдияр: «Ҳаў, бул қалай, Дос-жа-ан! — деди ҳәйранлық үнде. — Булар, бир-екеўи оқтан ушса қаша қоятуғын еди-ғо!..»

— Қашырып не қыласаң! — деди ғарры. — Өзлериниң отларына өзлери үйтилип өлсин! Бирақ, енди мениң мынаў өртенген жайды келеге келтириўим қыйын... — дегенинше болған жоқ, төбесинен «шўйк» еткен оқ ғаррының басындағы шошаймасын жулып кетти, ғарры шошайманың ишинде басы кетип баратырғандай үстине бойын таслады. Әбден кеўлин басқан ғаррының сирә урыс болып атыр ма, төбелес болып атыр ма, көрине келмес.

— Басым терлеп тур еди, аязлап қалар демейди булар! — деп тоңқылданып, Бағдиярды күлдирди. Соң Досжанға: — Шошайманың емшегин тағы жулып кетипти, балам, — деди суқ, бармағын сугып көрсетип атырып, командирден сөз еситти:

— Алаң қыла берме, ғарры дейме-ен! Буқ төме-ен!...

— Яқшы-аў, — деп буқты ғарры ҳәм шошаймасын басып кийип: — Жаланбас адамның айбаты бола ма! — деди де мылтығын қолына алды.

Усы пурсатта анаў жақтан сәрдар оқ көширди ҳәм жигитлерине қәҳәрли даўыс пенен қайық таманға қайтыўды буйырды. Бағдияр солай қарап аўысқанларды көрип, не қыларын билмей дагдарып атырган бир пайытта:

— Бағдияр аға-а! — деди Досжан түртип. — Сен еки кемпир бетке бар, бул жақты өзлеримиз еплеймиз!..

Бағдияр бир жерде жатып қалмаўды, ендиги жағында салманың иши менен жуўырып жүрип урысыўдың дәркарлығын уқтырып, тик жарды панапап, буққышлаўы менен үйи таманға асықты.

Бирақ, ол таманға душпан жақынлап қалған еди. Соны сезген Досжан «биз мындамыз!» дегендей еки ирет оқ көширди, узақтам сәрдардың тағы да кейин қайтыўды буйырған даўысы еситилди. Олар тағы кери қарап буққышласты. Усы пурсаттан пайдаланған Бағдияр өз жайының күн батар арқа тамапынан жылыслап жетти де жайдың ай сәўлесинен көлеңкели жағына ийек сүйеген ақ теректен соғылған зәңгиге зиңк-зиңк өрмелеп тамбасына шықты, соң иштеги еки ҳаялдың жүреклери жарылганша қорққандай дәрежеде дийўалды тақырлатып, тамның басына зәңгини шығарып алды.



Енди күшти екиге бөлмесе Досжан менен Есжанды басналатыўы мүмкин еди, бирақ, оқ жеткендей жерде қара көринбеди, оқты бийкарга заялагысы да келмеди. Тамның басында өрре турды да ири даўысы менен әтирапты гүңгирлетип:

— Ҳә-ҳә-ҳә-ҳәәәәйй! Мен мындама-ан! — деп бақырды ҳәм қайық таманға қарап: — Мәрт бо-ол, балам Аллаяр! Қапыға адам дарытпа! — деп даўыслады, әсте-әсте. «Меннен қорқпа, аға, қәтиржам бо-ол!» деген баласының даўысы Бағдиярды да жигерлендирип жиберди. Усы ўақытта қайыққа бир оқ тарс етип тийди. Оқ шалымда адам барын абайлаған Бағдияр бойын төмен таслады да жыйналған гүдиниң арасы менен дийўалдың жалаңаш жерин таўып, аяқларын еки жаққа керип таслады.

Жайдың төбесиндеги дүсирлиден иштеги еки ҳаялдың әдебинде жүреклери өзлерине тынып қалғандай сезилип еди, Бағдиярдың даўысын танып, там басындағының душпан емес, өзлериниң әменгери екенлигин соң қарсы есикке жуўырып барып қайтып турган кемпир де питегене парасат таўайын деди.

Лийкин, Бағдиярдың даўысына душпан кери қайта қоймады,Досжанлар таманда атыспақ күшейген үстине күшейди. Еки көзи өз жайының әтирапын аңлыған Аллаярға да қыбыр еткен қара қайықтың әтирапынан көрине қоймады. Сонда, жаңағы бир оқ қайыққа қайдан келип тийген, соган ақылы ҳәйран. Баланың кеўили не де болса атыспаққа гурышланып атыр, бирақ, тилегенде жаў дарый ма!..

Буққышлаган душпанларының жанып атырған өз жайына тәўир-ақ жақынлап қалғанын көрген Досжан: «Орынды өзгертпесек, тикке киятыр!» деди ҳәм жуўабын да күтпестен әкесиниң билегинен тартып, салманың иши менен зәрре Аллаяр таманлаўға бөденедей жорғалады. Екеўи бирден тик жарға омыраўларын берип, душпанның оң бүйиринен нышанага ала баслады. Ғарры сақалын қайырып жалмады, бул «ендигисин, өзим билемен» дегени екен, үсти-үстине оқты дөнсин, дөндирип-дөндирип жиберди. Лаўлаған жалынның жақтысынан ғарры оғы тийген еки адамның бирден аспанға секирсип-секирсип қулағанларын өз көзи менен көрди. Соның арасынша биреў салманы жағалап ентелеп келе берди. «Мынаў сорлыны әжел айдап киятыр-

аў!» деп үлгермеди ғарры, баласы «ғарс!» еттирди ҳәм «усы бесиншим!» деди мақтанышлы даўыс пенен.

— Меннен биреўиң ғана артық екен, — деп, ғарры да өз мәртлигин айтып қалды. — Абайла, келип қалды!..

Мылтық тағы үсти-үстине ғарсылдады. Душпанлар тобын жазбастан бир бүйирлеп артына шегинди де Аллаярдың жай бетине қарай қайтадан аўысты.

Есжан ғаррының жанған жайының, гүдисиниң жалыны Аллаяр жатырған қайықтың арқасындағы қара аспанды қара ала қызыл шайыға усатып жиберди. Айдың сәўлеси де оттың жарығынан гүңгирт тартып кетти, жулдызлар болса, бас пүкил көринбей қалды.

Оттың берги жанынан өзине қарай одағайласып киятырғанлар қараңғыда жолсыз қорсылдасып жортып киятырған бир падалыға мензер еди. Буннан сәл бурын ҳаўлап самал тартып турған қайықтың астында тоңып отырған бала, урда-тут ҳәрекет онша болмаса да қыйын пурсаттың қысылшаңлығынан болса керек, Аллаярға қайықтың асты қапырықланып, ысып кеткендей көринди. Оң жеңинен қолын шығармақшы еди, жақынлап қалған қара оған пурсат бермеди, үсти-үстине «шыңғытыўға» туўра келди.

Екинши, үшинши ушырғанлары есинде, бала аржағында есаптан алжасты. Есап гой, есап, ол өзине өзи есап бериўи дәркар ма, дәркар емес пе, бурыннан сүйегинде жоқ батырлық пенен батыллық демниң арасында, айда, жылда емес, өмирдиң усы бир ғана ақшамында қайдан, қалай, не ушын пайда болды, усыларды ойлаўы керек пе, керек емес пе, ол ҳәтте усыны да хыялына келтирген жоқ. Оның ядында еки ғана нәрсе: «душпан» ҳәм «оннан қорғаныў» деген уғым бар. Усы күнлер басқа түсип, усы уғым көкирекке беккем уялап алған пурсатта реҳимшилдиң жаўызға, жаўыздың оннан-ҳәм қаталырақ бир мақлуққа айналыўы ушын бир ай, бир жыл, бир ҳәпте, ҳәтте, бир күн-ҳәм емес, өмирдиң усындай әри қаўетерли, әри қорқынышлы бир ғана саатының өзи жеткиликли қусаған.. Әңгимениң түпдәрегин, енедәрегин айтқанда жаўызлық та, аш-әңгадалық та, жетимлик те, жесирлик те, қайғыдан төгилетуғын көз жаслары да, жүреклерди тарса айыратуғын қуўнышлар да басқа бир жақтан келмейди, инсаният жаўызлықты да, жыртқышлықты да ҳәйўаннан үйренген емес, сумлықты, тәсилди шәйтаннан үйренген емес, инсанның жыртқышлығы, сумлығы алдында ең жыртқыш ҳәйўан да, шәйтан да мәзи бир қуўыршақ! Инсан өзине қарсы жыртқышлықты өз қарсыласына өзи үйретеди, топылыўды өзи үйретеди, өлтириўди өзи үйретеди, сөйтип, өзи үйреткен өлтириў усылларының қурбаны да өзи болып кетип атады. Бундайда сен қурбан болыўға тийисли мақсет сенниң қуныңа арзый ма, жоқ па, сениң өлиўиңнен өзгеге, әсиресе, өзиңнен соңғыларға қайыр-сақаўат, жақсылық, айта жүргендей ибрат бар ма, жоқ па, әңгиме усында! Тири жүрип-ақ өлиден парқы жоқ, бул дүньяға мусаллат болып жүрген тирилер, өлген пурсатынан баслап өмирин мәңгибақый даўам етип кететуғын, өлгенлер қатарына ҳеш дәўирде де қосылмайтуғын, тирилер қатарында Ерназар алакөздей аты шығып жүре берстуғын өлгенлер бар. Усы атысып атырғанлар өзлерин солардың қай топарлары-жатқарады екен, ҳәзир буны да ойлап жүрген адам жоқ. Оқ излеп жүрген адам бар! Тығылғандай пана излеп жүрген адам бар. Мине, ол адам қайыққа жақынлап киятыр. Бирақ, қайықтың астын Аллаяр өлмей бере ме?! Инге еки арыслан усылай таласпай ма?! Бирақ, бул дәўирдиң айқаслары аса қудиретли күшли емес, тапқырлықты, мергенликти талап етеди. Одағайлаған қара енди он атласа қайықты төңкеретуғындай сезилди де бала шүриппени тартты. Лийкин, шүриппең «шырт» етти де қалды. Сонда барып ол коробкадағы бес оқтың бесеўин де атып болғанын түсинди ҳәм мәмент Аманнан олжа түскен мылтыққа жармасты, биринши оғының тийгенин ол анық көрди, тиймесе киятырған адам жалп етип қулай ма! Затворды тартып қалғаны, бос писен аспанға шыңлап ҳаўлады да қайықтың ултанына «шың» етип тийип, жерге «шық» етип түсти, бала буның бәрин өз қулағы менен еситти ҳәм мылтықтың қулағын екинши мәрте шатырлатып қайтарды да екинши қараны жалпайтты. Усы пурсатта оның ядына: «англичаны мылтық тийгиш келеди!» деген ағасының гәпи түсти ҳәм зәрре ертерек усы мылтықтан пайдаланбағанына өкинди.

Азмаздан соң атыспа тағы тынып қалғандай көринди. Досжанлар беттен де атылған оқтың сести сийрексиди. Қайықтан он-он бес адым арыда жүректи

зырқылдатарлық муң менен биреўдиң жыланып шыққан: «Шақам-ааў!.. Шақам-ааўў!..» деген әри әрманлы, әри қайғылы сести бир тынып, бир шығып атты. Бул сөзге түсинген Аллаяр, усы бир бийшараны атқанына негедур, жылағысы келип кетти, сөйтип, қараса, ол еле мылтығын тасламастан хәр ўақытта бир дәрпенип, қайыққа жақынлап киятыр!..

Ойпе усы ўақытта анасы қасте жатырған, үстинде әкеси атысып атырған жайдың қараман қапысы бирден тақырлап, баланың дыққатын бурып жибердидағы, бирден аңқайып ашылған қапының арғы тамаңындағы үңирейген қараңғыдан ес-ақылдан айырылған, шашлары ўудар-дуўдар Мәхийда шешей атлығып шықты хәм: «Ҳа-а ғарры-ы, жалғызың аман ба, хә ғарры-ы!» деп, қорқынышлы бир айбарақ пенен «шақамаў!» лап атырған қараның үстине қарай жуўырды. Төрт бес адым аттты ма, атпады ма, жаралының мылтығы «гүрп» етти де кемпир қулашын жайыўы менен жалп етти. Усының бәрин қас қағымда көзи шалып, санасына жеткерип үлгерген бала қатты тисленип, хәзир ғана өзи аяп отырған жаралының қыбырлап киятырған қарасын нышанаға алды да бир оқ пенен сеспестен қатырды хәм неге екени белгисиз, балаларға тән жылаў менен еңиреп жылап жиберди. Тамның басынан Бағдиярдың: «Не болды-ы, балам, оқ тийгеннен аманбыса-аң?!» деген қаўетерленген даўысы еситилди. Бала балаға тән садалық пенен: «Шешемди атып таслады-ы!» деди жыланған даўыс пенен. «Жеңгей есикти ашып кеткен болса, апаң шамаллап қалатуғын болды-аў! Бирақ сен орныңнан қозғалма!» деп даўыслады тамның басынан. Усы ўақытта қайықтың күн шығар қубласынан патырақлаған дойнақ сести еситилип, бағанағы атлы қайыққа үсти-үстине оқ жаўдырды, тамның басы да тасыр-тусыр болып, Бағдияр да сәрдарды оққа тутып атты, бирақ, бәри пайдасыз еди, жылмаңлаған жүйрик ат, шәпик жигит гә аттың баўырына түсип, гә ерине қонып атысыўы менен өрден-ыққа, ықтан өрге жүйткиди де оқ шалымға дарымастан:

— Даўыс шыққан тамды өрте-ең, даўыс шыққан тамды-ы! — деп, қайта-қайта қыйғырыўы менен ояқтан бир, буяқтан бир көрипис берип турды. Есжан ғаррының тамы таманнан Досжанның:

— Абайлы бо-ол, Бағдияр аға-а, душпан сен таманға аўысты-ы! — деген сести шықты. Бағдияр да өз гезегинде оны сергеклендирмекши болғаны шығар-ар:

— Көрип турма-ан, Досжа-ан! Шыда-ас, отряд жақынласқандур! — деп қышқырды. Бул сеске қайық астындағы Аллаяр түўе, иште жатырған қастениң де қулағы елең ете қалды:

— Тез келе қойса, жаў тым-тыракай қаша қояр еди-аў!..

Жайдың арқа күн батар тамаңындағы ай нурынан саяланған тәрепинен ентелеп келип қалған еки қараны я Аллаяр, я Бағдияр абайласеш! Олар қолларындағы майқабақтан таяқтың ушына байланған шобытқа лақылдатып май қуйды, соң тутандырды да гүдиге созды,

## 18

Гвардияшыларға Досжандикине жетиў муң. Сол кәраға аман-есен жетсе қаўип-қатерсиз, бир майдан от лаўлатып жағып, ең болмаса жыйырылып қалған шулғаўларын кептирип, озса бир-бир шайым жармадан қалтырасып киятырған ишлерине жыллы жеткизбекши. Бирим-бирим сақта турса да екеў-ара, үшеў-ара, жыллылаў жерде бири бирине арқаларын берип, бири бирине басларын сүйесип, жерде бири бирине арқаларын берип, бири бирине басларын сүйесип, кийимшеңақ шамалы-шамалы мызғып алмақшы.

Қыпшақ қамалындағы өлим менен өмирдиң арпалысында ет қызыў менен хеш ким де шаршағаның, болдырғанын, аш болғанын, үстиниң жупынылығын билмеген бе, я шынында да сабылмаған ба, әдебинде, — Қыпшақтан шыққанында хәмменин де аяқ басыўлары шыйрақ еди. Енди мынаў ат жетпес, оқ шалмас узаққа жырақласқан сайын еңселеринен тас басқандай, аяқлары да аўырласып, хәммени уйқы қысқанлығы соншелли, қыстың ызғырық аязы да, жолдың жуўапкершилиги де жабылып баратырған кирпиклерге тиреў бола жақ емес сыяқлы. Уйқы жаўдан жаман...

...Шашлары сарыдан ақшыллаў, мурынының үстинде өпепектиң маегиндегидей сепкили бар, он-он бирлердеги баспақ мурын баласы менен жап-жасыл көкорай көк шалғында гүбелек қуўып жүр еди ме... «Жолдас Пано-ов!» деген сестен селк ете қалған командир өзиниң зәрре қалғып кеткенин абайлады.

«Досжандикине өзим туўры апараман,» деп, арбаны пулеметши, бурынғы командир Кумингер айдап киятыр еди. Жаңағы соның даўысы екен, қамшысын шошайтып:

— Анаў қызыл сағымды неге жорыйсыз? — деди Пановқа.

— Қайдам? — Панов көзлерин уўқалап, солай қарап сөйледи. — Бул, таңның сағымы емес ғой, таң еле узақ! — Ол арбадан тикейип винокль менен қарады. — Өрт ғой мынаў, бир жайлар лаўлап жанып атыр!..

— Мынаў сес жаўынгерлердиң көзлеринен әйнек пердесин жулып таслады да ҳәмме бирден сергекленип, күн шығысқа алақласты. Кумингер ойшыл нәзер жиберип:

— Душпан алдымызды қалай орап үлгере қойды екен! — деди каўетерли даўыс толқынны менен. Панов қәтиржам жуўап берди:

— Мүмкин емес. Олар түнде урыса алмайды. Бирақ, қайдан шығып тур сол жалын?! Бағдиярдың аўылынан емес пе?!

— Сол туслардан шығады.

— Сол туста басқа аўыл бар ма?!

— Жоқ ғой! — деди Кумингер, исенимли. — Мынаў, тап сол үйлер!

— Бағдияр барып үлгерди ме екен?! — Бул, жаңа ғана арбаға маңлайын сүйеп уйқылап киятырған аўған жигити Нурахмет; өзин Бағдиярдың «өл деген жорасыман» деп есаплайды, шынында да екеўиниң арасынан қыл өтпейтуғын дос еди, командирди бирден асықтырды:

— Тез жетиў керек, жолдас Панов! Ҳаялы аўырыў. Баласы бар!

— Қойып, тур, Нурахмет, мен ойланып алайын! Егер олар көп болса, мениң қалған отрядты қырғынға бериўге ҳақым жоқ...

— Ант қайда «биреў ҳәмме ушын, ҳәмме биреў ушын» деген?! — Кумингер командирден жуўап күтпестен атларды шырпылдатты. Из беттен биреў: «Айналып өткенде болмаспеди?!» деп даўыслады.

— Па-ай, усындайда кавалерияның қәдири жоғаў!..



— Гәп-сөз тоқтатылсын! — деп буйырды Панов. — Жүрис жеделенсин! «Ҳәмме биреў ушын, биреў ҳәмме ушын!»...

— Ҳәмме биреў ушын, биреў ҳәмме ушын!»...

— Биреў ҳәмме ушын, ҳәмме биреў ушын!...

— Биреў ҳәмме ушы-ын!..

Усы сеслерге дөңгелеклердиң тақырлылары, туяқлардың дүңкилдилери, аяқлардың дүрсилдилери қосылып, ҳәзир ғана мүлгип атырған ғыр-әтирапты дүрдүр силкиндирип жиберди, жаўынгерлик дабыл деген, мине, усы еди...

Атлар басларын шайқап алға тасланды,..

Жигитлер шулгаўлар қабартқан аяқларын ҳәргинлықтан сүйреп алға тасланды. Жоллар қуўырылып баратыр...

## 19

... Сол сол екен, аспан шатынап, мәстан кемпир пөстегин қаққандай тарса-тарс, сатыр-сутыр бола қалды. Енди бунын изи тыйылмады. Қайыққа қарап буққышлаўшылар көбейген сайын Аллаяр жән-жаққа қараўға пурсат таппайды. Бос писенлер шыңлап ушып, затвордың шатырлаўы жийиленген үстине жийиленди. Бир ўақытта қайықтың астындағы қаранглылық әлле ким шом тутып үңилип атырғандай жақтыланып кетти. Оң таманына жалт қараған бала өз жайының арқа батыс дийўалына ғыррықланған боян гүдинин лаўлап жанып атырғанын, мынаў соның жақтысы екенин абайлады ҳәм тамның басында тарсылдатып мылтық атып атырған әкесиниң тағдийри тәшўишлендире берди. Еки қулағы сол жақта, там басынан мылтық тарсылдаса, әкесиниң тирилигинен дәрек таўып, кеўили питегене жәмленгендей болады. Бирақ, зәнги қай таманда еди, әкеси түсип кете ала ма, жоқ па?! Өртене баслаған жайдан анасы қалай аман шыға алады, ўай-ўай!..

Жай менен қайықтың арасы пәраўан жигирма бес адым! Бала жайдың Мәхийда шешей ашып, үңирейтип кеткен сыртқы қапысын нәзерлеп турды да, сонша күшти қайдан тапқаны белгисиз, қайықтың астынан суўырылып шыға сала, барлық қорқыныш-үркиниш, қардай борап турған оқ дегенин бир пул, еңбеклеўди де қоя берип, еки мылтығын бирден сүйреўи менен

жан ушыра қапыға жуўырды. Есикке бир-еки адым қалғанда бир оқ оның басынан малақайын ушырып кетти, екинши оқ оның жаўып үлгерген қараман қапысына тарс етип үлгерди.

Тасыр-тусыр иштеги қапы ашылғанда бойын суўық самал жайлағандай болып, аўырыў ананың жумуўлы көзлери «жалт» етип ашылды. Ана байгус, кирип келгенди: «басбашы шығар!» деп еди, «аға! Аға-а! Ағам келмеди ме?!!!» деген баласының қорқынышлы сести қаранғылық шөккен гулгуллалы өжирени гүңгирлетип жиберди.

— Даўысыңнан айналайын, ақудай! — деп жыламсыраған даўысы еситилди. — Тиримедиң қулыным!..

— Тирimен ғой, ағам қайда! Ағам?!..

— Есикти тәмбиле! Ағаң тамның басында дүрсилдеп жүр ғой! Көрмейсен бе, атысып атыр! Әне, тағы бир атты!.. Тәмбини...

— Сыртқы тәмбини бастым!

— Ишкини де бас!..

Қоллары қалтырап, бала мүйештеги белди қапының жоқарығы беллигине тиреп: «Ағам еле атып атыр!» дегенше болған жоқ, сырттан бир оқ айнаның бир көзин шылпәрше етип өтти де дийўалға тийип, сытырлап шыптаға түсти.

Бул үйдиң терезеси усы қарағандағы жайлардың бәриникинен де бәлентлеў еди. Баласының тырбанып, бойын жеткере алмай атырғанын абайлаған ананың тобарсыған ерини жупласып, кеўип баратырған тили: «Сабаяқ... сабаяқ!» деген сөзге гүрмелди. Бала сабаяқты емес, гөне-көкси, «бәхәрге өлмей шықсам қаплап аларман» деп, анасының көрпелик пахта тығып қойған қаршынын әкелип, терезениң астына торс еткизди.

Ананың қулағына баласы айнаға урған қундақтың баршылдысы, сынған шөлмектиң сыңғырлап жерге төгилген сести менен мылтықтың гүрпилдиси бирге келди. Мылтық дәриниң ашқылтым қышқыл ийисине қосыла танаўға кирген әлле қандай бир көңирсиген күйиктиң ийиси кеңсиригин қымыршытып түшкирди де, тамның басындағы өрден-ыққа жуўырып жүрген дүрсилдиге қулақ түрди. Кеўлинше, жүрегин сол тамның басындағы дүрсилди соқтырып тургандай, сол тынса бунының жүрегиниң де дүрсилдиси тынып қалатуғындай туйылып



жатты. Бахтына, там басындағы аяқ дүрсилдиси жийиленсе жийиленди-дә, еле тынған жоқ.

Баласының да еки қулағы әкесиниң сол дүрсилдисинде, еки көзи айнада. Коробкадағы соңғы оқтан кейин айнаның түбине жүресине отырды да қаранғыда оқты бирим-леп салып атырып:
«Хәә-әззир, апа, урыс хәзир тамам болады... Азырақ шыдас... Өзим таза хаўаға алып шығаман... Шөллеген де шығарсаң, чай қайнатып береме-е-ен,» деп, алдарқатып сөйлейди...

Көзди ашып жумғанынша қайықтағы торсылдының жайдың ишине көшкенинен там басындағы әкеси баласының мәкан жайы өзгергенин сезди, сезди де қулағын терезе таманға тосыў менен бола берди. Әдепки жаўған оқтан соңғы зәрре тыныспадан әкеси: «балаға бир ис болды ма?! деп тынышсызланған еди, усы пайытта айнадан тағы үсти-үстине еки оқ қатарынан зуў-зуў етип шықты да оның биреўи азанлы бери өрден-ыққа ат шаўып, аттың гә баўырына түсип, гә ерине қонып, буйрық берип жүрген атлыны ерден аўдырды, атлы бул сапары аўған жерине аўнап жығылып қалдыдағы, ийесиз аты өз байдалына ылағып кетти. Есжанның жанып атырған жайының қапталынан буны анық көрген Бағдияр, бар даўысы менен:

— Ма-ла-де-ес Аллаяррр! — деп бақырып жиберди хәм қыраўдан сүмелекленип қалған қарлығаштың қанатындай муртларын еки жаққа қанаатланыўшылық пенен айырып сыйпалады. Әйне усы пайытта аттан жығылған сәрдар орнынан тентиреклеп турды, жай таманнан оған қарап жуўырған шошаймалы сақаллының Есжан ғарры екенин Бағдияр оның узын шапанынан таныды. Әстен-әсте сәрдарды нышанаға ала баслаған оның қысылған көзлери еки қараның бирден қушақласып көрисе жақтай бирине бири қушақларын ашып қыйғыра жуўырысқанын көрип қалды. Еки тәрептен жуўырысқанлардың бирин бири узақ айралықтан соң көрип атырған сағынышлылардай бар-хә қушақласып қалғанын көрип үлгерген жигит, шүрипшеден қолын да жаздырып үлгерди хәм ишинен: «Қудай сақлады-ғо, тас болмаса Есжан ағаны атып ала жазладым-аў!» деп-ақ айтып қалды, аяқ ушынан лаўлаған жалын қарсы алдын күндиздиң күнигидей жақтырып жиберди.

Ендиги жағында ол өзиниң еркинен бийғарез ҳалда шапшып турып, наганын суўырып алды да қынабы менен қанысты шыңгыта сала үстиндеги узын шинельди шешип, алысып баратырған боян гүдини сабалай берди, сабалай берди! Ол иштегилерди тири сақлап қалыўдан басқа ҳәмме, ҳәмме нәрсени умытқан. Жерден бас көтермеўи керeклиги де, бас көтерсе мынаў жақтыда душпаның мылтықтың қараўылына байлап атыўы мүмкин екенлигин де, қапталында жатырған зәңгини де, сол зәңгини қоя сала, ямаса дийўалдан сықпапап-ақ түсип, иштеги ҳал үстиндеги ҳаялын сыртқа көтере жуўырыў итималлығы барлығын да есинен шығарған ол шинель менен сабалап, өртти апық өширe алмасын билгеннен соң гүдиге қақпақтай кең жаўырынын берип бар пәрманы менен ғурышланып гүдини арман итерди. Шошаймасының үстинен асырылып өтип шалқыған жалынның қызыл тили, мысалы бир ертеклердеги кәраматлы қызыл қораз тастөбесине қонып алып, қулаш жеткисиз қырмызы қанатлары менен баҳадурдың төбесин желпип турғанғa меңзер еди...

Сырттағы ҳәдийселерден бийхабар ананың бийтап жүреги әлле бир сумлықты сезингендей ҳәўлирди. Төбедеги дүрсилди тек мүйeште, онда да гүди турған мүйeште — бир орнында жер тепсинип турып қалғандай сезилди. Самал арқадан болғанлықтан жалын қублаға шалқып, сынық айнадан еле сыртқы түтинниң әламаты келе қойған жоқ еди. Айнадан буғып қарап, уғрын-уғрын бағып турған Аллаяр атыспаның пышақ кести тоқтап қалғанына жаңа таңлана баслағанда айнаның алдының бирден жап-жақты болып кеткенинен тамбасындағы енди болмаса умыта жазлаған өртиниң айнаға қарай өрис алғанын биле қойды!...

Ғурышланып қанша жанталаса итерген сайын гүдиге соншелли синип баратырғанын билген Бағдияр бирден есин жыйды да гүдиден алыслады.

Жайдан түсе сала ҳал үстиндеги ҳаялы менен атысып атырған жалғызын еле де былайлаў алып қашыў итималлығының барлығы жаңа ғана есине түсти ҳәм бирден сөйте қоймай бир өмирге татырлық қымбатлы мәўритлерди мәзи тырбаныў менен өткерип алғанына екинди. Қайткенде де жиберилген қателикти тез жөнлеп алыў дәркар еди. Зәңгини қойып атыўға пурсат жоқ, сыпырылып түсиў нийети менен асығып-албырап жаңа дийўалға жақынлай бергени, қудиретли бир күш гелледей тас пенен қақ жаўырынынан қойып қалғандай, қыр арқадан қатты иле турғызды да өзиниң демине өзин түйилдирип таслады.

Усыншелли саўашларға қатынасып жүрип, бир де оқ тийип, бир де тыйық өзин жаралап көрмеген ол өзиниң қақ жаўырынынан оқтың тийгенин ҳәм қулаш жайып қулап баратырғанын санасына жылт еттирип жеткерди, жеткерди де қайткен күнде де там басынан жерге қулап түспеўдиң иләжын ислеп бақты, бирақ аяқлары я шегиниўге, я бойын тиклеп турыўға себин тийгизсе-ше! Ол өзинде буўынсызлық, салмақсызлық ҳалатты сезди, «усы ең соңғы сезимлерим шығар,» деп ойлаған оның тосаттан ядына отряды түсти, «мүмкин, аўылға араласып жүрген шыға-арр... бәлким, түсирип алар, өлимнен қутыларман, әй, жа-ғә, өле беремен бе!» деген хыял менен бар жигерин салып, қырынламақшы еди, дийўалдан салбырап атырған қолынан наганы жерге «салқ» етип түсип кетти, ал, өзи болса шалқасына түсип қалды, енди оған қыймылдаў да, дыбыс шығарыў да қыйынласып, танаўы желбиреп, тынысы тарыла берди. Ол аяқ ушында лаўлап атырған жалынның арқадан ескен самал менен шалқып жулқыныўларын көрди, ядына, баягыда бир Ийшанқала таманларда ақ арғымақтың үстинде, қып-қызыл жалаўға оранып, өзиниң ат шаўып баратырғаны түсти. Қызыл жалынның ақ-сары сәўлесиў оның сонша саратанның сары қуяшы татықтырған қаралтым жүзин мыс иреңге дөңдирип, тегинликте отқа да күймейтуғын қоладан қуйылған кәраматлы бир мүсинге меңзетип жиберди. Аяғын күйдире баслаған от бетлерин жыбырлатып, шыйырылған муртларындағы сүмелекленген музларды еритип, ип-ири қылларын дирилдеткени менен, зилқара тасқа айналған нәҳән пилтабанларын жыйнап алғандай шама жоқ еди онда. «Жанып... атырған... усайман...» Анаў аспандағы алақандай-алақандай шағырайысқан жулдызларға үлкен бир ашықлық, дийдар қалдырған шексиз ҳәм сыйқырлы сағыныш пенен, аҳыўзарлық пенен «усыны мәңги көрип жатайын» деген-дей көзлерин адырайтып ашқаны да сол, қарашықлары кеңейип барып, телмирди де... әтирап бирден тас түнек,

тас қамал бола қалды. Баданадай-баданадай ашылып қалған көзлерин жалтыратып атырған жалын да оның өшкен шамшырағын қайтып жандыра алмады. Ол ең соңғы мəрте аўызларын арандай ашып-ашып, ҳақы қалып баратырған мына дүньядан ең соңғы ҳаўаны жулып-жулқып алды да... Енди оған бəри бир еди!..

Лийкин, тирилерге еле бəри бир емес. Тири қулақлар тамның басындағы дүрсилдиниң тынып қалғанын инге билип атыр. Тамның төбеси дүрсилдемей қалды! Барлық қəўип-қатери, гүдиги қорқыныш болып, ананы усы ўақытта есеңкиретти. Бирақ, еле де баласына сыр бере жақ еме-ес, дəстанларындағы қарақалпақ ҳаялларыы қаҳарманлықлары менен мəзи мақталмаса керек, ҳаял атын қарақалпақлар бийкарга уран етпесе керек! Бунаң тəрийпин жырлағанлар жырлай берсин, бизиң өз жумысымыз бар...

Артына бир қайырылып қараған баласы айнадан түскен жақтыдан анасының көзлеринен жылтыраған жас көрип қалды.

— Жылама, апа... Ҳəзир, ҳəзир урыс питеди!..

Урыс əлле қашшан питкен еди, буннан, əлбетте, баланың да, анасының да хабары жоқ.

Айнадан жумбаршақланып кирген ашшы түтин тамның ишин кийип кетти де ананың пəпесин тарылтып таслады. Соның арасынша болған жоқ, тамның басынан тарса-тарс оқ көшириле берди. «А қуда-ай! Аман еке-ен!..» деп еңиреп жиберди анасы.

— Агам тири! Тири! Енди не деп едиң! — деди қуўаныштан өзин қоярға жай таппаған баласы. — Еситтиң бе, апа-а?!! Атып атыр, ағам атып атыр! Сыртқа жуўырайын ба-а?!!..

— Жа-жақ! Атыспа күшейди-и!..

Анасының қыйылып жалыныўын қыймаған перзенти уша жақ кептердей талпынып барып, ушпай қалды да мылтығын қолайлап, тағы айнаға үңилди. Түтинге тун. шығып, қақалып-шақалып, ҳеш нəрсе көре алмады. Усы мəҳəлде изли-изинен тағы там басынан тарса-тарс оқтың сести еситилип, анасы бар ғайратын салып баласына:

— Буғып оты-ыр. оқ тийип кете-ерр! — деп даўысладады жалынышлы ырғақта. Бала буғып отырды. Буқпай қəйтсин, тамның басындағы тарсылды өртенип атырған əкесиниң омыраўын аршынлаған оқ қатарларындағы оқлардың от тийгендеги изли-изинен гүрпилдеўи екенин билмейди ғой, ақыры! Соның ушын оқ ҳəр гүрпилдеген сайын булар қуўанбай ким қуўансын!

Бирақ, алдамшының аты алдамшы, алдамшы бахыт та, алдамшы қуўаныш та узаққа бармайды, ҳақыйқатлығы анықланғанша ғана алдайды да соң сол қуўанышының орнын ҳəсиретке таслай қашады. Булардың да қуўанышы узаққа бармады. Жайдың арқа жағындағы гүдиниң астының тусының ағашы сынып, жалын ишке шарпыдыдағы, шийленбеген қара қурым пəтик тутана баслады. Соның арасынша тамның басындағы гүрпилди пышақ кескендей тыйылып, қайтып еситилмей қалды. Бунын бəринен қорқыныштлысы усыпысы еди...

Күйеўинен биротала гүдерди үзген анасы жөтел аралас, буўлығып жылады:

— Қаш! Қаш деймен, қа-аш! Ақ сүтиме ыразы емеспен, қашш!..

Бала буны тыңлаған жоқ. Қапының беллигине тəмби ушын тирелген белди тайдырып таслап, қапыны аңқайтып ашып жиберди. Ишке салқын, таза ҳаўа селдей жапырылып қуйылды. Жайдың ишин ҳеш нəрсени көрип болмаслық дəрежеде қаплаған түтин айнадан да суўырылып шығып атты. Аламнурхан түтинге буўлығып жүрип, жөтел аралас: «Қаш-аш, қа-аш!..» деп қайта-қайта тəкирарланып атырған анасының əри жалынышлы, əри аянышлы сеслерин қуўалай отырып, таўып алды да байғус ананың қуўарған шөптей семип қуў сүйеги қалған жеп-жеңил денесин төсек орыны менен қоса көтере сала есикке қарай бетледи.

Сыртқы қапыдан шығыўдан екеўиниң бирден лəплерине əри салқын, əри дəмсиз болыўына қарамастан адамның ҳеш қашан шөлин қанлырмастай бир ҳаятбағыш ҳаўа лып-лып ура қойды. Таза ҳаўа жутып, питегене сергекленген ана өртенип атырған өз жайының жақтысынан шықпай атырып-ақ:

— Таслап қашпасаң, ақ сүтиме ырза емеспен! — деп, ҳəлсиз қоллары менен баласының басына жылаңын мушлады. — Биреў атып салады-го-оо, таслап қаш дейме-ен! Бағдиярдың шаңарағын қурыта жақсаң дейме-ен, ҳа қашш!.. — Лийкин, буны тыңлайтуғын бала жоқ, солқылдап жуўырыўы менен Назарбайдың гөне тамын нəзерлеп баратыр еди, қапелимде қатты бир нəрсеге сүрникти де омақазан атып жығылды. Анасы

бир қапталға ушып түсти. Бала артына бурыла сала жатқан денени орнынан қушақлап көтере бергени, қараса, Мәҳийда кемпир көзлерин ақшыйтып, тислеп ала жақтай аўызын арандай ашып атыр балаға! Бала қорққанынан шалқасынан таслай жазлап, өлдим азарда есин жыйды да кемпирди қолынан сықпанатып түсирип жиберди ҳәм анадайда: «Қаш деймен, қаш!» деп тырбанып атырған анасын жөргеги менен алып қашқан қундақлаўлы баладай көтер-ә қашты! Ол сол жуўырыстан Назарбайдың қапысына бир тынбастан жетти ҳәм бир қолы менен Есжан ғарры қыстырып, шөп тығып ққойған зулыпты ашты да есикти тееўип жиберди.

Бул жай от та тиймеген, оқ та тиймеген, ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай пәп-покизе ғана болып турған екен. Қесектен узын етилип салынған ешек пештиң қуўысындағы марданның қасына анасын сүйеп отырғызды да жуўырыўы менен есиктен шығып кетти. Анасы шыға қашатуғындай есикти сыртынан зулыплап, шөбин қыстырып атырғанында иштен: «Кел бери-и! Енди қайда баратырса-аң!» деген жалынышлы, өлиң сести тағы еситилди. Бала еситпегенсиди де ҳәзир ғана пәтиги ортасына түскен жайына қарай қустай ушты.

Қорасының қасында бала әкесиниң теңкейип өлип атырған телетин ерли атың, жибин үзип, қораның ишинде айналып шаўып жүрген сыйырын, жалынға үркек нәзер таслап тыпыршылап турған баспағын көргени болмаса, бала булардың ҳеш қайсысына дыққат аўдармады. Тек көз ғана көргенлерин фотоаппараттай «Яд» деген негативине түсирип баратыр.

Жалын еле лаўлап жанып, жайдың пақсаларына шекем төбе менен жердиң аралығында қызыл баўырланған қара ала булыттай түтин жумбаршақланып атыр.

— А-ға-ға-а-а-ғаа-ҳа-ҳа-ҳааааа!...

Әтирафтағы гөне тамлар — жаўгершиликлерден журты серпилип, әдиран қалған гөне тамлар жаңғырықлап, баланың бәдҳайбат, қорқынышлы ҳәм жалынышлы даўысын таңғы тымықта тәкирарлайды:

— А-ға-ға-ға-ға-ғааа-ҳа-ҳа-ҳа-аааа!...

— Аға-ҳа-ҳа-ҳа-ааааааа!..

Гөне тамлардан үриккен байыўлылар жулқынып ушады.





— А-а-ға-ға-ға-ҳа-ҳа-ҳа-ҳааааа!...

Бүлбил ушып, зақ қалган Есжан ғаррының бағларынан ғаргалар қарқылдасыўы менен қаймығысып ушады!..

Бала жан ҳәўлетинде алакөлеңкеленген дийўалдан жанталаса зәңгини излейди. Жо-оқ! Турған жеринде жо-оқ!.. Ол елес қуўып жүр, көзине елес-елес, аннанмыннан көринген зәңгиниң елесин қуўып жүр. Бул жапсарда емес, зәңги анаў жапсарда ийегин сүйеп турғандай елеслеп, солай ҳалласлайды, жо-оқ!.. «Сирә, мына жақта шығар!».. «Жо-оқ!» Әтирап жаңғырады: «Зәңги қайда, аға-а?! Зәңгин қайда қойдың, ага-ааа?!.» Жоқ, там басынан сылт еткен сес жо-оқ!..

Жайдың басынан еле жалын шапшыйды. Дийўаллар қара ала, сары ала түтин шулғанады. Бала тамды айналып жуўырады, «аға-ааалап!» жуўырады...

Аяғы бир нәрсеге, — сыйпақлаў нәрсеге тайып кетти. Қараса-наган!.. Қойнына тығылган әкесиниң наганы баланың жыллы етине муздай болып басылды. Ол буны сезингени болмаса, парықлаған жоқ. Оның мийине сиңип кеткен бир ғанаа ой: те-тез зәңгини гөрден болса да таўып, әкесин түсирмесе, бул дүньядағы бирден бир арқа сүйер таўы — әкеси жанып, күл болып кете жақ! Ол соның ушын ҳаллас урып жүр, тек жайды айнала береди... Аягына илинип бир нәрсе салпылдап жүр ме! Бул не?! Қараса-қайыс, қәдимги, белинде наганы салпылдап жүретуғын әкесиниң қайысы! Наган қабы қыстырылған қайыс!.. Белине буўған жоқ, қолына услаўы менен анасын жатқарған Назарбайдың гөне тамына жуўырды!..

Самал ҳүўлеген есик жайдан атлай сала:

— Апа-а-а-а! — деп өңиреп жиберди. — Ла-ғам жо-оқ! Енди не қыламан, апа-аа?!.

Ийесиз қалған гөне там: «а-а-а-ҳааа!..» деп жаңғырды.

Анасы пақсаға арқасын берген күйи сазырайып отырды да баласына тәселле бере баслады, көзинде жас та, даўысында дирилди де жоқ...

Тағы тәкирарлап айтаман: қарақалпақлар ананың атын мәзи уран еткенеме-ес!

Тағы тәкирарлап айтаман: қай дәстанда мәртлиги жырланган ҳаял болса сол қарақалпақ ҳаялы!

Тағы тәкирарлап ант ишемен: Кәйхысраўдың геллесин қанлы меске салған Томарис — қарақалпақтың әрғы анасы!

Тағы тәкирарлап айтаман: Нәдиршаҳты пыт-шыт еткен Гүлайым қарақалпақтың қарапайым ғана бир қызы!

Тағы тәкирарлап айтаман: Ерназар алакөздиң геллесин алтын ләккиден алып, бир сүйип қайтарып берген Қумар аналық — мынаў сазырайып отырған ананың қанлас хапаласы! Даңқ саған қарақалпақ ҳаяллары, ҳәсиретке жер қайысса да сен ҳасла майыспағансаң, даңқ саган, даңқ саган! Балаң есиктен тағы жуўырып шығып кетти ме, кете берсин! Жолда жалғызың душпанның оғына уша ма, уша берсин, бәри бир, сен қайыспайсаң! Сениң жүрегиң бундай сумлықлардың талайларын көрген, еле де көре беретуғынына исенимиң кәмил! Лийкин, сен қамықпа, аналарыңның қаҳарманлық ҳәм қайсарлық дәстүрин сақла!..

Адамзаттың көзи бундай сумлықты көрмесин! Сениң көзлериң бундай сумлықты көрмесин!.. Аңырайып дийўалдың басына қараған жалғызың Аллаяр не көрип тур?! Пақсаның үстинен зоррыйып өсип шыққан әкесиниң жудырығын — тастай жумылған жудырығын көрди де барлық сес-семирди жутып жибергендей, лал болып қалды. Қызы-ық, бул киси усы дүньядағы кимлергедур, нәлет айтып, еле муш көрсетип, еле айбат шегип, қәҳәр жыйнап атырғандай, зәрре мызгып алып өрре туратуғындай ҳәм арысланларша жәпе жаңа айқасқа түсетуғындай!.. Тек мызгып атырған шығар, мызғып... «Оны оятыў кере-ек!..» — Усы бир күлкили, әри қайғылы ой жылт етти де: «Аға-а, ҳа аға-аа!!! Туррр!! Тур деймен, тур!..» деп бақыра берди, бақыра берди. Дийўалға шапшып бақырды. Қолы жетсе, мушынан тартып түсиретуғындай дийўалга шапшый берди, шапшый берди. Айға шапшыған арыслан усындай болатугын еди!..

## 20

...Сонша асығып-ақ еди, иләж қанша! «Әспейтуғын бала өнбейтуғын даўды даўлайды! «Шықпайтуғын топтың әтирапында бир саатқа шамалас ўақытты әбигерлик пенен өткергени де ҳәммесине енди аяздай батып

атыр. Топшы бабай ғарры усы апатқа ушырағанлардың ҳақ қаны өз мойнында қалғандай, көрингенге айыплыдай жалтақлайды, илож қанша! «Жаў кеткен соң қылышыңды тасқа шап!» Енди ғурышланғанның пайдасы не! Усы нәрсени гвардияшылар биринс бири үнсиз айтысады, бириниң көзлеринен бири үнсиз түсиниседи.

Гвардияшылар аўылга араласқанда қыстың узақ түни түгесилип, таң атып, этираи, дөгерек-даш ағарып қалып еди. Қып-қызыл болып жанып питкен жайлардың шоқларын самаллар үрлеп қызартады, гыжлатады. Енди оларды сөндириўге ҳеш ким де ҳәлекленбеди, ҳәлеклениўдиң ҳәжети де, пайдасы да жоқ еди. Булар жаў шабарын шаўып, өртерин өртеп кеткен аўыллардың үстинен талай-талай шыққан, талай-талай «жаў кеткен соң қылышларын тасқа шапқан! Өкинген, күйинген, биринен бири көрген. Өмир дегенниң өзи мудамы жеңис пенен салтанат, той менен мереке емес, күтиўлер менен кешигиўлерден, кешигиўлер менен өкиниўлерден, сағыныш пенен көз жасларынан, анаў самал үрлеген шоқтай қып-қызыл қан менен таңғы шықтай шапақ қызартқан мөп-мөлдир маңлай теринен, гәзеп пенен бийпәрўалықтан, рәҳимшиллик пенен жаўызлықтан, инсаныйлық пенен ҳайўаныйлықтан, ҳадалыйлық пенен ҳарамылықтан, от пенен суўдан, қулласы, әдалатлылық пенен әдалатсызлықтың ҳәмийше арпалысыўынан, жасаў ушын гүрестен, гүресиў ушын жасаўдан ғана ибәрат екенлигин булардың бәри күтә ерте түсинген. Сонлықтан-ҳәм өмирдиң усындай заңлы қубылысларына тегинликте таңланбайтуғын, тегинликте ҳаргынлық шөккен көзлерин жастамайтуғын нәўқыранлардан еди. Олар, әдеттегисинше, бул сапары — ҳәм жыламады да, жырламады да. Олар ушын буның бәри жыларлығы да, жырларлығы да жоқ, күн сайын көрип жүрген әшейин биркөп қубылыслардың бири, тамам.

Панов минген арба төңкерилген қайықтың қапталына туўарылды. Анадайда Багдиярдың әлле қашшан жанып болып, енди күйиктиң, күйген шүберектиң ийиси көцирсип атырған жайы турды, бирақ, еле буған ҳеш ким мәни бере қойған жоқ. Ҳеш кимге буның тамашасы да жоқ. Ақыры, олар бундай тарийхый дәўирдиң апатына ушыраган ўас-ўайран, өртелген, шабылған, қызлары ақ қуўдай сыңсытылып алынып кетилген, азаматлары өлтирилген елатларды ҳеш қашан да тамашалаў ушын емес, биринши нәўбетте жексурынларынан азат етиўге асығатуғын еди-дә! Душпанларының қыян-кести апат дарытып атырғанының үстинен дәл түскен пурсатларында тирилерге ең кереги, ең қымбаты жан-го, бирақ, буларда сол жаннан-ҳәм қымбат бир нәрсе — идея деген бар едидағы, усы нәрсе олардың барлық өмириниң, ҳүжданының мазмунын қурайтуғын, бул мазмун «азатлық» деген түсиникти аңлатқанлықтан да тоналып атырган, шабылып атырған аўыллардың дәрегин еситиўден қылышларын жалаңлатысып «аз-зат!» десип ат салысатуғын еди. Булар келемен дегенше «болары болып, бояўы сиңип кеткен» өкинишли пайытларда-ҳәм кеўиллерине хат пенен қәлем, ант пенен нызам болып қалған кийели ўазыйпалалары бар: бундай аўылда енди оларға кереги жараланғанлар, күйген, таяқтап әбден силеси қатқан, ямаса бир қундақ тиймей-ақ қорққанынан жан-ийманы бир қысым болып оқпанларға, ураларға кирип отырғанлар. Олар өзлери келемен дегенше усы кәрада шайқасып өлген қызыл гвардияшылар болса өликлерин жыйнайды. Қалталарын қарап, ҳүжжетлеринен атызатын биледи, мәкан-жайларын анықлайды. Өлмеслеринен бурын жазып қойса да жибериўдиң ыңғайы болмай жүрген хатлары болса оларды алады. Қасына бул нәўқыранның қашан, қай жерде, қалай, не ушын опат болған суўық хабарларын айтып, анаў хатларының қасына қосады да узақта жалғызының жолларына телмирип отырған ғәрип ата-анасы, туўған-туўысқаны бар ма, зия-зулыплары салынып, сағыныштан күнлер айға, айлар жылларға артып, түндеги көрген бузық түслерин әлле кимлерге жорытып жүрген аҳыў-зарлары бар ма, соларға жоллайды. Ҳүжжетлерин, жаў-жарақларын булардың жаўынгер досларына, командирлерине кеўил билдириў хатлары менен бирге жоллаў ушын жыйнап алып, бир арбаға тап-туйнақтай етип тақластырады. Соң матам салтанаты менен жерлейди. Буларды өлтирген душпанларының өликлерин болса соннан соң санап көреди. Ҳәр нәўқыранның нешше душпанын «жастық» қылып жастанғаны ҳаққында жыллы-жыллы сөзлер

айтылып атады. Ал, душпанларының өликлеринен қалдырмай жыйналып алынған қанжарлар, наганлар, қылышлар, мылтықлар, топлар болса буларға анаў жерленгенлердиң қандарларынан қанын алыў пайытларында қарсы жумсап, шерлерин тарқатыўы ушын ниети қайыр.

Жаўынгерлер аўыл атанған жети тамның араларын, қоралардың, путалардың түплерин үн-түнсиз, буйрық-сүренсиз тинтинип сондайларды жыйнап жүрди. Улыўма, солай ислеў кереклиги буларға буйрық-сүренсиз-ақ яд болып қалған, Анда-санда теңкейисип өлип атырған атлардың музлап сәррийип қалған денелеринен бул аттың еки-үш саат бурынырақта өлгенлигин, соннан берги тарсылдама суўықта ағаштай қатып үлгергенлерин абайлайды, ал, анаў бир еле жаны шықпай аягын серпип атырған ат жақынырақта оққа ушқан. Соған қараганда бул қорадагы урыстың тоқтағанына көп ўақыт болмаса керек деп шамаласады. Бундай ўақытта тек бири бирине қарасып ғана алады, бири бирине «түсиникли» дегенди көз бенен аңлатады да алға кетеди.

Бул үнсизлик шәрти тек қайықтың әтирапында ғана бузылды.

— Қурбандурды-ы! — деп даўыслады Панов анадайда бир басбашының көкирегине қулағын тосып атырған гвардияшыға. — Оны не қыласаң?!

— Тири болса, атып кетеме-ен! — деди ол жигит басын көтерместен. — Аржақтағы бизиң дайымның аўылынан!...

— Тири болса алып кел бери-и! — деп буйырды командир, жигитти атып сала ма деген гүдик пенен. Қурбандурды басын шонтаң еттирип:

— Ҳа-аў, буны не қыласаң?! — деди таңлақ даўыста.

— Емлеймиз.

— Оннан соң?!!

Қалесе, әскерликке аламыз, қалемесе үйине кетеди...

— Үйине жетпесин бул! Дайымның қызын зорлаған усы-ы!!..

— Наганды орнына ты-ық! — Буйырды командир. Соң өзи барды да аўызына айна тутып көрди. — Сениң атыўыңды күтпепти, өлип қалған! Ба-ар жумысыңа! — деп бақырып жиберди. — Жаралы болса жаўды да әкелиң!



Ҳаў, оны не қыласыз деймен?!

— Емлеймиз. Қәне, қәдемлеп жөне-е?!

Қурбандурды кеткен соң аўғанлы Нурахымет:

— Усы сиз, Панов, ойнап айтып турсыз ба?! — деди таңланып. — Емленип үйине барған соң, қурал алып қайта шабады-ғо!..

— Басында мийи болса, кимниң ким екенин сонда таныйды. Бизиң сиясатымызды өле өлгенинше айта жүреди, билдиң бе, Нурахымет? Булардың бәри түк түсинбестен алапаға шаўып жүрген гөдеклер; биз сөйте берсек, көзи бирден ашылып кетеди. Оның үстине, гөр аўызынан тирилтип жиберген адамына адам болса тағы қурал жумсамас.

— Әй, қайдам...

— Ҳеш қайдамы жоқ, Нурахымет...

— Егер аўғанда аўдарыспақ болып, елге қайта қойсам, әкемди урып өлтирген хожайынды туқым-тебсригин қыраман...

— Онда ақымақ боласаң, — Кумингер ежести. — Майда балалары...

— Айыпсыз дей жақсаң ғой, қыраман бәри бир!..

— Еле аўғанына аўдарыспақ барып алсын-дә! — деди Халмурат доктор. — «Қой ноғайда, сипсе тоғайда,» неге керилдесе бересиз?! Мен анаў жерде бир кемпир көрдим. Бетлери мыржым-тыржым, шашлары уўдар-дуўдар, өзиниң шашын өзи жула берсе керек...

— Тири ме өзи?!

Көзлери ақшыйып, аўызы қатептей ашылып қалыпты. Еки қолын бирден жерге пәнжелеп, топырақты қысымлаўы менен сиресип атыр. Өзи де бийжағдай жығылған екен, етегин мен жаўып кеттим...

— Кимниң кемпири екен? — деди Панов.

— Мен бир, кели-келсап алысып отырған шығарман! — Доктор күлди. — Досжанның анасы шығар, басқа ким болсын!

— Өзи қайда?! Өли-тириси жоқ па?

— Табылмай атыр.

— Қутылып үлгерди ме екен?! Бағдиярдан да дәрек жоқ па?!

— Анаў теңкейип атырған кимниң аты?! — Бул — Нурахымет. — Соның аты-ғо! — Ҳәмме аттың қасына келип басларын шайқасты. Панов ләбин тислеп қойды



Ци

да: — Демек, қутыла алмаптыдағы, ессиз жигит! — деп, айтып аўызын жыймастан-ақ, Кумингер гәпин бөлди:

— Мени мынаў тамның басынан шошайып шығып атырған тары қалақ қызықтырып тур? — деди.

Олар дийўалға таман келди. Нурахымет билгишсинди:

— Бул тары қалақ еме-ес, ыррас, бир урғанда төбени оятуғын шоқмар деген! Биз бетте бундай шоқмарлар еле урыста пайдаланылады. Басыңа бир тийди бар-ғо, өлдим билебер, сондай шоқмар бул! Мийинди солқ еттиреди!..

— Бәриңиздики де бийкар! — деди Панов ийегин тамбасқа созып. — Бул муш.

— Қандай му-уш?!

— Түйилген муш-дәә! Көрмей турмыса-аң?!

— Усамайды-ғо мушқа?! — деди Нурахымет сығалана серлеңкиреп.

— Ети жанып кеткен, скелети биригип, түйилиўи менен қалған....

— Ҳимм, Пано-ов! — Нурахыметтиң түри бирден өзгерди. — Бул кимниң мушы болды сонда-а?! — Гәпти жыңғыл қора таманнан көтериңки шыққан Халмурат доктордың даўысы бөлип жиберди:

— Қоманди-ирр! Тири адам табылды-ыы! — Усы даўысты еситиўи мәтдал, Панов, Кумингер, Нурахымет үшеўи бирден қармаққа шаншар ети жоқ, арық жүзлерине бақырайған көзлери түк жарасып турмаған шөпкештей қуў сүйек сүлдердиң үстине келип анталасқаны да сол, там басындағы өзлерине қарап еле түйилип атырған мушты бирден ядларынан шығарысып жиберди.

Еле ентигин баса алмай турған доктор арық аяқлары қалай болса солай орай салынған шобыт көрпеден зоррыйып шығып атыўына қарамастан, қуў сүйек қоллары менен жән-жағынан әлле қашшан, қайлардадур түскен шалғышын қарманып изленип атырған ҳаялды ийеги ийеги менен нусқады да:

— Сеп апар-шы, — деди Нурахыметке. — Мен шаршап қалдым...

— Сен демниң арасында қаяғымыздан кетип қалдың, журттың сени «желаяқ» дегенинше бар-аў, доктор! — деп атыр Нурахымет жөргегиндеги баладай



тырбанып атырған ҳаялды орастырып атырып. — Ҳәзир ғана қасымызда един-ғо!..

— Бизики басқа талап. Мен тек тирилерди табыўға асығыўым керек, сизлер ҳәр жерге бир үңилип тура бересиз! Тез шап, аўған, бийтапты аязлатып алсаң, бизиң исти қыйынлатасаң...

— Қайда шаўаман, әдеп соны айт?..

— Астып жақсылап төсестирип, мениң орыныма апарып жатқар, — деди доктор ушын Панов жуўап берип. Олар буның Бағдиярға дәрек ҳаял екенин сорамай-ақ уғынысып, я күйеўин сорарын, я көўил айтарын билмей атырғанда ол ҳәлсиз қоллары менен Нурахыметтиң көкирегинен ийтерди де еситилер-еситилмес дәрежеде уяң даўыс пенен:

— Мени қоя турың, — деди ыңқылды аралас. — Балам, ухх,... бар еди...

— Ҳаҳ?! — Панов бетине үңилди. — Қойып тур, Нурахымет. Қайда бала?!.

— Б-б-ар еди, уҳҳ!..

— Изленсин бала-а!..

Пановтың усы буйрығынан соң ҳәмме мешиндей пытырасып кетти.

Ҳаялды бөпедей көтерип баратырған Нурахымет жудырықлы жайдың тусынан өте бергенде ҳаял тағы бир нәрсе деп еди; аўған еситпеди, ме, итибар бермеди ме, үнсиз өтип кетти.

«Бизге де жумыс табылды,» деп, ере киятырған Халмурат доктор ҳаялдың төсек орының кезди ашыпжумғанша тақластырды, төсеклериниң жыйрықларына шекем жазды. Соң өз қолынан жатқызып: «Бағдиярдың қандай жоралары бар екенин тап усы бүгин уғасаң! Сени өзим оқтай етип бир қазыўға жиберейин. Жаққа-ақ, маған исене бер, биз деген Ҳәким улықпанды үш ирет көрген тәўипбиз... Шамаллап қалма... — деп үзип-үзип сөйлениўи менен ҳаялдың жән-жағын жылдам-жылдам қымтастырып атыр еди, ҳаял оның ыйығынан түртип бетине қаратты да: — Не демекшисен, кише?» — деген сораўына сам-саз болып, сазырайды да қалды.

Ҳаялдың қуп-қуў, қан-сөлсиз бетинен шексиз қайғы-ҳәсиреттиң, азап-уқуўбеттиң хатын оқыған жигит енди оның үндемесин билди ме, тостағандай ҳарғын

көзлери бийүмитлик пенен телмирген таманға қарады, қараса қубла таманында теңкейип өлип атырған ат — Бағдиярдың аты, арқа таманы жанып-жапып, ортасына түсип, енди еби-жорық суйық түтинин пысқытып атырған там, тамның қубла таманындағы дийўалдан шығанағына шекем өсип шығып, дәрьялық таманға түйилиўи менен қалған қорқынышлы жудырық...

Бул аўҳалды үнсиз көрип турған Нурахымет: «түсиникли, түсиникли-и апа-ай,» деп даўысын созды да анаў жақта шоғырланып атырған Пановлар бетке жуўырды.

Ол ҳәзир ғана панасынан өзи бийтап ҳаялды көтерип әкеткен жыңғыл қораның тусына келгенде көзлери анаў ҳаялдың қорқынышлы көзлеринен де үп-үлкен баспақ пенен сыйырға, тап бурын мал көрмегендей, негедур, таңланып қарады. Баспақ пенен сыйырдың көзлери де өзлери бурын ҳеш көрмеген усы бир ғана ақшамның жаўызлыққа толы ҳәдийселерине таңланатаңлана үлкейип енди ҳеш жумылмайтуғын да, киширеймейтуғын да болып қалғандай туйылды Нурахыметтиң кеўилине. Оның дыққатын тағы муш — түйилген муш бөлди. «Ә-әй, адамның өмири деген, бағана бар еди, енди жоқ, урысамыз, қырылысамыз усы бир өмир ушын...» деп, елжиреп киятырған кеўилин, үйреншикли әдетине гөре: «Әй, ерунда! — деди өзин жигерлендирип. — Та-ап, усындай болып, жанып туўылыў керек, жанып өлиў кере-ек! Дурыс айтады Панов!» деди де арман қарай кетти.

Ол қасына келгенде булар он бес, он алты жаслар шамасындағы бир баланы айналшықлап атыр екен. Баланың қаралай өшип, өрттиң гирти, түтини шалған жүзиниң буншелли қара емеслигин көзинен жылғаланып аққан жас табының қарагүреңлене ағарыңқырап турыўлары паш етер еди. Алмалықтың жоқарысынан шыға баслаған бир-еки безеўге қарап Нурахымет бунның даўысы ириленинқиреп, рәсийдаласқан бала екенлигин шамалады. Оның қабақлары исип кеткен көзлери, «дүньяның усы жексурынлықларын көрерге көзим жоқ!» дегенди аңлатқандай, тарса жумыўлы еди.

Бала ҳәзир ғана өткен жыллардан қалған шигин урадан шығарылыпты. Шамасы, жылап жуўырып баратырғанда жығылып түссе керек. Бул шыққан ура еле ымырт тартып қараңғылықты жутып атыр.



Булардың ишинде тамыр услаўды билетуғынлары жоқ екен. Баланың тирилигин бул сапары да Панов аўызына айна тутып билди де тез ансының қасына — докторға жеткериўди буйырды. Биреў алып кетти. Адамлар дағысып баратыр еди, ураға үңилип-үңилип, Қумингер:

— Қойып туры-ың, — деди бир өзи қалса қорқатуғындай ҳәм өзи ураның ишине диңк етип секирип түсти. — Урада бир зат аяғыма тийип еди.

— Тағы не таптыңыз?!

— Жылан болмасы-ын, сабанның арасында қыста да жатаа береди!..

— Ҳәзир көремиз, — Қумингер еңкейди. — Мына жерде қусаған еди... — Қумингер тикейгенде оның емшеклигинен жоқарысы жердиң жүзинде турды: — Маузер, жолдас командир! — деп созды оған қайыс-пайысы менен.

Командирдиң қолынан наган қабы, наганы, бәри сай турған зилдей шуўмақлаўлы қайыстыы алған Нурахыметтиң көзине «лық» етип жас келди. Ол қайыстағы «Б» деген ҳәрипти таныған еди, өткен жылы саратанда Бағдияр менен Шағал тоғайының тусында Кегейлиге шомылғаны ядына түсти, сонда қумға қыздырынып атырып усы «Б» ны лупа менен өзи қайысқа күйдирип жазып берип еди.

Сам-сазлық узаққа созылмады. Тоңлы жерге өкшелерин дүңкилдетисип, тунжырсыўы менен кеткен олар тобын жазбастан отрядқа жазда барып қосылған, бурын усы аўылда жасаған Қурбандурдының қол былғап шақырған жағына кетисти.

Қурбандурды: «Атаңның аўызын, Байрамәли! Қолын шеңгеллеп алыпты ә, Есжан ғаррыда ҳақысы бардай!» деп, хатқа жазыўға қолайсыз сөгислердиң дымын қалдырмай жыйнап сөгип, ғаррының алқымынан қатты қысымлаған басбашының пәнжелерин жаздыра алмай күшмийтек болып атыр екен, булар: «бул ким, бул ким, таныймысаң?!» десисип ҳалқа жасап анталасты. Қурбандурды усыларды танығанына мақтанған түрде:

— Мынаўысы — Есжан аға деген, танымай не! — деди, соң даўысын уяңлатты: — Ҳеш ким менен иси де, дәрти де жоқ, «мени урғанды қудай урсын» деген

бир мәҳмин, яқшы адам еди, бул ҳәм Байрамәли менен әшадийлесипти-дә! Булар әшәддийлестирмей қоя ма ақыры?!! Буны дайымның баласы излеп жүрип еди...

— Есжанды ма?!

— Есжанда не иси бар-ә?!! Мына доныздыдағы!! — деди Қурбандурды ашыўлы. — Дайымыздың қаны бар еди бунын мойынында, ҳа буны Есжан аға өлтирип қойыпты!! — дейди өкиниш пенен бас шайқап. — Өзим өлтиргенде де бир гәп еди...

— Ғаррының гегирдегинен сен ол қолды ала алмайса-аң! — Гәпти Панов бөлди. — Таңғы суўық пенен муз болып қатып қалған.

— Шом жағып жибитейик пе?!

— Онда бир гәп! Екеўин бирге көмгенде не қылады?

— Болмайды! — деди Кумингер. — Сонда басбашыны да салтанат пенен көмемиз бе?!

— Онда шом менен жибитейик, — деди Қурбандурды. Нурахымет:

— Болмайды, — деди бас шайқап. — Ғарры адамның сақалы күйгени жаман!

Екеўи бирден бириниң алқымын бири қос қоллап қысыўы менен өлип, сиресип қатып қалған бул еки өшпенлини елеслетиў ушын «П» ҳәрибин еслеў зәрүр. Екеўинин қолы да бири бирине барынша созылғанлықтан ғана бирин бири шәйнап таслай алмай қалған шығар. Екеўиниң де бир қырыннан параллель жатысы екеўиниң де бир ўақытта қулағанынан, екеўиниң де я аяқ серпер, я дәрпенер ҳалы қалмаған ҳалда сылқыйысқанынан дәрек берер еди. Екеўи де тиллерин айқара тислепти, екеўиниң де аўызынан жағаларына аққан қан қызылқарақоқшыл шөлмектей муз болып сүмелекленипти. Еки өшпенлиниң де көзлери уясынан атылып шықса бирине бири жолда дүгисежақтай бир қәҳәр-ғәзеп пенен бири бирине шақшыйысып-патлыйысып қалыпты. Лийкин, басбашының көзи сынар екен; бир көзиниң тусын таңған қара былғарысы пәки тықырлаған басынан бирге тайса керек, шөгирмесиниң ишинде жатырдағы, қазықтың уңғысындай ойық көзиниң үсти менен маңлайынан кесе тартылған былғарытаспаның көп жыллардан бери күн тиймеген орыны ағарып, усы бир ақ жолақ сәрдарды қасқамаңлайландырып атыр еди. Ғарры болса «емшегин» оқ жулған шошайманын қулағын уйпаланған сақалынын астынан шалып, илдирип алыпты. Әлле қашшан сөнип қалса да еки көзин бирден түн түнеги серпилген аспанның Қуяш шығаман дегеншеги әри суўық, әри ҳаўайы ақшыл түси жылтыратар еди. Оқ бунын шеп жамбасынан ойып бир қыялаў тийиптидағы жуўан санының алдыңғы жағын дамбал-памбалы менен жалбыратып өтипти. Шеп аяқтың мәссисиниң қоңышынан қуйылған қан қасаң геўишин толтырып, тарсылдама суўықтан геўиш пенен мәсси бир питкендей болып жымласып музлаған. Ғаррының шылқылдата басып келген шеп аяғынын изи жүзи қыраўланған тон жерде қанға малынып басылған мөрдей-мөрдей қызылгүренленип атыр. Қара муртлы, шешек дағы бар, жасы қырықларды алқымлаған Байрамәлиниң оң кебзесинен оқ тийсе де ғаррының алқымынан буншелли жаздырылмас дәрежеде пәнжелей алғанына тап қалысып атты жигитлер.

— Бул екеўи бирине бири бурыннан ғыжақлы адамлар, — деп билгишсинди Кумингер. — Бирин бири көриўден тура умтылысқан!

— Екеўинин де жаны бир мәҳәлде шыққан, — деди тағы биреў, тап, «қасында болып, ийманып үйирип қалғандай. Тағы бир билгиш шықты:

— Бирине бири тисин кайрап, бирин бири узақ жыл излескен!..

— Мусылман екеўи де! Бирин бирине буншелли не өшиктирген-ә! — деди Нурахымет бас шайқап. — Мен бир нәрсени түсинбеймен, Панов, бизин Аўғанстанда аўдарыспақ болса, усындай басбашылық гүжий ме?

— Оған даў жоқ.

— Тәәжүп емес, бирақ мен мусылманды мусылман үсейтип буўады дегенге исенбеймен!

— Қызы-ық! — Кумингер таңланды. — Қөзинди ашыңқырап қара кимлер, алдында буўысып атырған?!

— Мусылманла-ар. Бирақ, бунын себеби бар...

— Қозқарасларын қате-е, жолдас...

— Айтсын-дә себебин? — деди бир талыпилимге усаған ашөлен жигит. — Ески китапларда солай деп айтады. Себеби не, Нурахымет?

— Себеби... Айта берейинши. Себеби аўдарыспақ буларға басқа диндегилерден — Ресейден келди.

— Сениң Аўғанстаныңа да Россиядан барады, билип қо-ой!

— Сен даўысынды көтере берме, жолдас комиссар! Мен түсинбегенликтен сорап атырман..

— Мен сизлерге бир болған исти айтып берейин бе? — деди жаңағы ашөлең талыпилим. — Сен маған жаман көз бенен қарамай-ақ қой, жолдас Кумингер. Мен медиреседен қуўылғанымды жасырып жүргеним жоқ ғой. Оқығаныма исенсем, Нурахыметтики дурыс, мусылман менен мусылман жаўласпаўы керек...

— Сеники қате!

— Яқшы, мен жаңағымды айтып алайын. Ең әдеп, басбашылық басланған жыллары. Ийшанқаланы басбашылар шаўатуғын болды. Сонда ояқтың ийшанлары жаўшы жиберип: «иймамыңды жибериң, сизлер шәриятқа ғылап қыла жақсыз,» деп хат жоллаған екен. Сол бойынша еки жақтың уламалары ойласық төбеде гегирдеклесип, китап қарасып, ақыры басбашылардың уламалары бизиң уламаларды утып кетти ҳәм өзлериниң басбашылығын шәрият жолы менен ҳалаллап алды...

— О қалай?!

Егер патшасыз қалса жаңа патша тикленемен дегенше мусылман мусылманды да шабыўға шәрият қосадыемиш. Соның ушын-ҳәм бурыннан соңға мусылман патшалар тахтының мийрасхорын өзи тирисинде таярлайды екендағы, патша өлген мәўритте таза патша тахтқа минип, әдепки патшаның өлгенин дағазалайды екен. Николай аўдарылған соң журт Керенскийди патша деп мойынламапты. Әне, басбашылар усыны тилге тийек етиптидағы, бизиң уламаларды мат қылып, Ийшанқаланы шаўып кетипти. Бизиң бир мақсым ағамыз сол сөйлесиктиң ишинде болып айтып келип еди, мен соннан еситтим.

— Чепуха! — деди Кумингер. — Енди ҳеш қашан да Россияда патша тикленбейди. Сонда мусылман мусылманды мудамы шаўып жүре бере ме, бәри чепуха!

— Сениң чепухаңа түсинбедик-ғо?

— Түсинбек шәрт емес чепуханы, бирақ, мынаны түсиниўиң шәрт, Нурахымет, сен көзиңди ашыңқыраўың керек. Мына санаң менен еле берин елиңе аўдарыспақ апара алмайсаң.



— Оны ўақтында көре берермиз...

— Көрсек көрермиз.

— Кумингердики дурыс, Нурахымет, — Панов араласты. — Ҳәммемиз де көзимизди ашыңқыраўымыз керек. Ал, ҳәзир ерегисти қойың да мына еки өшпенлини бирин биринен айырың, буйырама-а-ан!..

«Пәнжелер салмақ пенен жаздырылар» деп ойлаған Қурбандурды Есжан ғаррыны емшеклигиниң тусынан қапсыра қушақлап алып, жедел менен тикейтип еди, анаў өлик те жан питкендей, бир көзи үңирейиўи, бир көзин патлыйтыўы менен тикленип киятыр!

«Тасла! Тасла-а!» — Ҳәмме ғаўырласып атырса да таслаўға қоңысысының бир жери мертилетуғындай Қурбандурды еки ойлылық пенен албырап турғанда еки өли бирден кескен геллектей бир жаққа аўып, салмағы менен өзин де ала кетти.

Усы ўақытта «зиңң» етип, Нурахыметтиң қынабынан қылыш суўырылды, ашыўлы аўған жарқ еттирген қылыш Байрамәлиниң билезиклигинен шаўып өтти. Лийкин, оның менен билек-билек жайында, пәнже — тутқан алқымында, өшпенлилер буўысып айқасқан ҳалында қала берди. Буларды жаздырыў ушын ғаррының да қолын шабыўы кереклигин бул жигит түсинди, бирақ, жасад «о дүньяға» мүшеси толық ҳалында барыўы лазымлығы да санасына жылт етип үлгерип, жигиттиң жоқары көтерилген қылышы төмен түспестен ғаррының билезиклигиниң тусында дирилдеп турды-турды, соң, қол шапса да қан жуқпаған суп-суўық қылыш ақ жыландай қынына сүңгиди. Соның арасынша әлле қайда жоғалып кеткен Кумингер: «Пош-по-ош, бул жерде интеллигенттиң басы керек!» деп келди. Қайдан тапса, соннан тапсын, қолында ғаз мойын мыс қуманы бар. Ол адамларды кейин шегиндирип, тапқырлығын көрсете баслады.

Сәрдар мурынының үстинен шөкеленген шүндикке қаҳәр менен қарап атты, оның сыңар көзиниң қарашығы бурқырған ыссы суўдың күйдиргенине шыдамай кем-кемнен кеңейип баратырғанға мензер еди. Қайнаған суў айқара тисленген тилиниң үсти менен ағып, сатпақланып муз болған қанды жибитти де гүрең ҳалынан қызыл түске кӧндирип, Есжан ғаррының биле-

зиклигине, пөнжелерине аға баслады. Қумандағы суўды ярымлап болды да:

— Ал енди, ғаррының қолын жаздыра берин, — деди ҳәм өзи ғаррының алқымында шонтық ешектиң зигиригиндей шонтыйып турған сәрдардың қолының үстине лық-лық суў қуйыўын даўамлады. Билезикликтиң шабылған жериндеги қан жибип, суўға қосыла Есжан ғаррының тилин айқара тислеп, қыя ашылып қалған аўызына қуйылар едидағы, ғарры өлсе де душпанының қанын ишип атырған бир нағыз қарақалпаққа меңзер еди.

Куменгер айтқан «интеллигенттиң басы» ырасында да өз ойының нәтийжесин көрсетти. Қурбандурды, көзине бөле көринип турған сәрдардың бири бирине өтлесип шеңгекленген бармақларын ғаррының алқымынан үлкен машақат пенен болса да жаздырып алды, алды да ийтке зыңғытқан сасық гөштей былай қарап томп-томп еттирип зыңғытып таслады. Ғаррының қолын болса:

— Не қыласаң усы ийтти, жибер, Есжан баба, жибер, — деп тирилер менен сөйлескендей гүбирленип жүрип анаўдың алқымынан Нурахымет босатты. Усы пайытта биреўлер палўан сүйеги пыт-шыт болып аўыр жараланған Досжанды булардың тусынан алып өтти, ол ес-түссиз.

Әтирaптан англичаны мылтықлар мақталған ғаў қылдылар еситиледи.

Биреўлер Бағдиярдың өрт шалған сүйегин жабыўға орап түсирди.

Онлаған жаўнгер, қадимги, үстинде сары көпек жата беретуғын өртенген гүдиниң шоқ аралас қоламтасын ысырып таслап:

— Усының астының тоңы жибиген. Басқа жерге бел өткериў мүмкин емес! — десип, өлгенлер ушын ғаўқылдасып гөр қазысып атты.

«Өлгенниң изинен өлмек жоқ.» Гегирдек пенен асқазан жутым талапе етип, тирилердиң тирилигин қалеген ўақтында еске сала береди. Жақын ўақытлардың ишинде усыннан басқа тыныспа болмайтуғынын билген Панов, бес жигитке мынаў үйлерден үлкен қазан таўып, суў қайнатыўды, өлгенлерди жерлеп болған соң, «сухой паектан» гвардияшылардың ыссы суў менен



жеп алатуғынын ескертти де қалған жумыслардың барлығын шатыр-шутыр тезлетиўди буйырды.

Бес жигиттиң үшеўи қараман қапысы жанып, төбеси ортасына түскен Есжан ғаррының нәҳән ҳәйўаның мүйешинде — үлкен төрт аяқлы темир ошақтың үстинде еле пуўы шығып атырған он еки қарыслық шүлен қазанды көрди. Бул усы жаўынгерлерге жарма таярлаў ушын Мәхийда кемпир, Досжан, Есжан ғаррылардың жаў келместен сәл ғана алдын атландырып, еле астындағы отынын да тутандырып үлгермеген қазаны еди. Отынды душпанлардың өзлери тутандырды.

Қолларына кийиздиң жуллықларын услап, үш жигит қоламатаны бурқылдатып барды да қазанды ошақпошағы менен сыртқа алып шықты. Ийт өлген жерден былайлаў, Досжанның өлген аты теңкейип атырған төбеликтиң күн шығарлаўына темир ошақты талтайтып қурды, қазандағы шөп-шар, күл, топырақ түсип қалған патас суўды төгип таслады. Биреўи ишке кирип кетип, жаңағы қазанның қасындағы от та тиймеген, сынбаған нәҳән суў қабақты арқалап шықты. Истиң қалған жағы жөнлесип кете берди.

Мурынының тусында бир елидей қара мурты бар, қайың қапталдан келген адырақ көзли қарақалпақ жигитин ҳәмме «Халмурат доктор» ямаса, тек «доктор» деп шақырысып жүрди. Ҳеш қандай есин жоғалтпаған Мәрзия, өзи усы аўыр жапсаққа жолыққалы «Бизиң әскерлердиң Халмурат деген докторы бар, соны бир әкелип көрсетемен. Қолы тийди, болды, аттай болып кетесең!» деп, күйеўи Бағдияр көп айта беретуғын «Халмурат доктор» дегенниң усы бала жигит екенин билип жатты. «Ҳәр нәрсениң ўақты-сааты бар. Сол көриўдиң ирети бүгин келген екен-дә! Енди мени көриўдиң не кереги бар, азаматым менен жалғызымнан қалып мен не боламан ол дуньяда болса да усы ғана еки ғайбанам менен бирге болайын», деп, қатты қарарға келип атырған ҳаялдың қасына жаңағы ақ кийимли Халмурат деген келип:

— Қолыңды бер, жеңге, тамырыңды услап көрейин, — дегенде қолларын соза коймады, лийкин, көзинен бийықтыяр жас шығып кетти.

— Бағдияр аға «жеңгенди бир барып көр» дегенде, «жеңгейдиң өзи, бир көрерлиги бар ма?» деп басқылай беретуғын едим, суп-сулуўа-ақ екенсең-аў ки-

ше! — деп қолын созды бала ҳәм: — Ҳәзир бир дегеннен аттай етип жиберемен! — деп мақтанды. Мәрзия доктордан қолын тартып алды ҳьм қапталында сулық болып атырған Аллаярға ийегин нусқап: — Кәраматың болса, балама көрсете ғой, шырағым, мен сап болып турған адамман, — деди ләплерин жаланып.

— Сен ҳеш қашан сап болмайсаң! Сени Төрткүлдеги госпитальға апарып, өзим емлеймен! Ҳәзир баланды бир деґеннен аттай етип жиберемен, оннан соң, мениң кәраматыма исенесең!..

Буның өзи адамларды исендирип сөйлеўи арқалы да сыйқырлағандай етип емлейтуғын, дүньяны от алып атырса да: «кәрамат халатта! Аўырыў мениң тегин адам емеслигимди халаттан-ақ билип сергекленеди!» деп, ақ халатын киймей жаралыны да, аўырыўды да көрмейтуғын әри тақыўа, әри қуўақы ҳәм әбжил жигит.

Сол уқыбын ҳәзир Мәрзияға көрсетип атыр. Көрсеткени сол, шаппаттай сийлени жыртып алды да ақ шийшеден суў тамызып, төрт бүклеп баланың мурынының тусына басып қойды ҳәм:

— Сен билесең бе, жеңге? — деди қолындағы шийшени шайқап-шайқап. — Мынаў әбизәмзам суўы! Жаны биротала шығып кетпеген болса, сен жүзге шекем сана, «тоқсан тоғыз» дегенде балаң тирилмесе, онда маған кел! Сен ишиңнен сана да, маған қарап тура бер, ҳәзир Досжанды да тирилтемен!..

Ана бар дыққаты, бар ықыласы менен өзиниң бул дүньяда бары-жоғын умытып, қапталындағы баласының бетине бир, жумыс ислеп атырған Халмурат докторға бир қарап қойып, ишинен: «я-а алла, жалғызыма өзиң яр бола гөр! Би-ир, еки-ии, үүү-шшш...» деп, еринин қыбырлатып, сыбырлана баслады.

Соның арасынша Халмурат доктор: «мынаны таңысып жибер-ер!» деп қасына бир жигитти шақырды.

Досжанды жигит тикейтиңкиреп отырғызғаннан соң көкирегин айырып жиберип жараның орынын жаңалаңашлады ҳәм жигитке қазаннан жылдам жыллы суў келтириўди буйырып, иши сырланған кишкене ақ кострюль берип жиберди.

— Барыўыңнан қайтыўың тез болсын! — деп изинен бақырып қалды ҳәм өзи ақ гүмис қысқыш пенен жи-



гилдиктиң қарамындай қыпқызыл бир нәрсени үңирейген жарадан қысып алып:

— Мына оқты көрдиң бе, жеңге! Бизлер деген иштен туўған хирургпиз! — деп, мақтанышлы түрде көрсетти, сөйтти де былай зыңғытып таслады.

Соның арасынша кострюлли жигит пуўын бурқыратып суў әкелип берди. Ишине бир нәрсени сеўип еди, суў лапламадай қызғыш дөнип кетти. Доктор: «суўыңқырасын,» деп шайқап-шайқап, оның ишине бир қамтым пахтаны басты да жараны жуўа баслады. Қалған жағы ҳаялды қызықтырған жоқ, ол кирпигин қаға баслаған баласының жүзине үнсиз телмирип, үнсиз жылар еди. Докторға деген шексиз миннетдаршылығын тамшыларында таң шапағын жылтыратыўы менен төмен жумалап атырған моншақ-моншақ көз жаслары аңлатар едидағы, бирақ доктордың бул көз жасларға қарарлық ўақты жоқ еди. Досжанның жарасын муқыятлап таңып, ҳөлленген, қан қатыўашланған кийимлерин жаңа кийим менен аўмастырды, соң үлкен еки постынға бирден орап-шымқап, геўдесин тиклеңкиреп отырғызды да арқасына душпанлардың ат ерлеринен алдырған көпшиклеринен бәлент етип сүйеп қойды. Кейин пахтаға «әбизәмзамнан» номай-номай тамызып, жигиттиң мурынына қайта-қайта басып ала берди, басып ала берди:

— Досжан-ан, ҳа Досжан-ан! : деген сеске ҳаял әсте мойнын бурып қараса, доктор жигиттиң еле пахта менен мурынын уўқалап атыр екен: — Көзиңди аш, Досжа-ан! Мен Халмурат докторман, таныП турмысаң? — Жигиттиң кирпиклери еле жаны бар қара гүбелектиң қанатындай әсте ҳәм өлпең елп еткенинде, ҳаял әлле не деп өзинен өзи гүбирленди де қайта-қайта өз көкирегине өзи түпире берди, түпире берди. Доктор дәсмиясын жыйнап атырып:

— Әне, жеңге-е, — деди мақтанышлы кейип пенен. — Көрдиң-ғо бизиң кәраматты! Биз деген, Ҳәкимулықпанның китабынан тәлим алған доктормыз! Ал, сен болсаң, маған тамырыңды услатпай жақсаң!

Еле сени саўалтып, қазыўға жиберемен өзим! Буның ушын бир нәрсени ислеўиң керек сениң, бириншиден, Бағдиярды көп уўайымлама, оннан түсер пайда жоқ! Оның өзи өртенип туўылған жигит еди, өртенип өлди! Өртенгенде не ушын десе, халық ушын! Қәнекей, мен

де сөйтип өртенип өлсем! Қолымнан келмейди, билип қой, бирақ, халық ушын өртенип өлгенлер бизлерден гөре жүз жыл көбирек өмир сүреди! Бул, бир, екиншиден, мениң гәпиме исен, мен Ҳәкимулықпан түсине бес мәрте, билесең бе, бес мәрте аям берген доктормаи! Соның ушын бар ғой, мениң гәпиме исенбей, мениң айтқанымды қылмай өлип кеткен адамлар-ҳәм дозақы болады, мениң айтқанымды қылмаған адамлар — ҳәм сондай, соның ушын мениң айтқанымды қыл, Бағдиярды көп уўайымлама, онда өзиң түўе мына Аллаярыңды да өлтирип аласаң. Келистик пе соған?

Ҳаял жуўап орынына созып гүрсинди, оның көзлеринен өмирден үмиттиң ушқынларын көрген доктор:

— Саған да айтарым сол, Аллаяр ғошшым, әкең жылайманды жаман көретуғын еди. Әкеңниң улы болсаң, оны гөринде тыныш жатсын десең, бириншиден, бул дүньяда жалған сөйлеўши болма, екиншиден, душпаныңнан албырап қорқыўшы болма, үшиншиден, өле-өлгенинше уўайымнан сарсылып, жылаўшы болма, «әкем ырза болсын» десең, жылама, келистик пе?

Бала үнсиз ийегин екшеди.

— Әне, азамат! — деди Халмурат оның арқасынан қағып. — Ҳәзир Бағдияр аға менен хошласамыз, ол өлген жоқ, ол тири, билип қой, ертең де, оннан соң да тири болып тура береди, сонда көзиңде жас көрсе, шата-ақ! — деп, бурышқа ашшылағандай басын шайқады. — Онда дым шатақ болады!

Еки адам анадайда Мәҳийда шешейдиң биреўи бас бетинен, биреўи аяқ бетинен көтерип, шашы уўдар-дуўдар болған ҳалында ағаштай сөррийген денесин таза топырақтан үйилген төбешик бетке алып кетип баратырды.

Тағы еки гвардияшы келип, жабыўға оралған Есжан атаны көтерип кетти. Бағдиярдың шала жанған сүйеклери оралған кийиз қашшан-ақ гөр таманға жөнетилген еди. Панов келип, Мәрзия, Досжан, Аллаяр отырған арбаны қосыўды буйырды, булар гөрдиң жийегине бармаса да арбада отырып-ақ узақлаўдан марҳумлар менен хошласып қалыўы керек екен. Ҳәп-заматта Кумингер солай қарап арбаға қосылған атларды жетеп кетти.

Марҳумларға өзиниң кереги жоғын доктор жақсы ғана билетуғын, өзиниң мына арбадағы үш бийтапқа



ҳәзирги аўыр ҳәм қайғылы пурсатларда көз қулақ болып, сергеклендирип турыўды керeклигин де жақсы түсинетуғын еди. Үш бийтапқа бирим-бирим, қайта-қайта жалтақлап: «Мәрт болы-ың, мәрт болы-ың, жыламаўға жаңа келистик-ғо!» деп, сергеклендириў менен ҳәлек.

— Марҳумларды өзим қушақлап аламан! — деди де ең биринши болып гөрдиң ишине Кумингер секирип түсти. Булардың ишиндеги мусылманшылығы басым Нурахымет деген аўған жигити Қурбандурдыға:

— Мен түсейин-ши! — деди. Ғайры диндеги адамға мусылманның жасадын қушақлап алыўда шәрият қоспайды!

— Ҳаўўа, ҳаўўа, сен шық, Кумингер! — деп тири-шеленди Қурбандурды. — Аўдарыспақ өз жолы менен, мусылманшылықтың мерасими өз алдына.

— Мен воопше, мусылман да емеспен, кәпир де емеспен, гәпиңди қой, Қурбандурды! — деп бақырып жиберди Кумингер. — Мен тек интернационалист большевикпен! Сөйтип жүрип, партияға өтпекшисең-аў!

— Тыны-ыш, жигитлер! — деди Панов. — Даўды қойың, мейли, Нурахымет-ақ түссин!

— Мен усы отрядтың комиссарыман, жолдас Пано-ов! — деп қызды Кумингер. — Мен партиялық тәртиптиң бузылыўына жол қоймайман! Досжанның әкеси Есжан ғарры да большевик болып өлди деп есаплайман, билип қойың, жолдаслар! Бағдияр сирә да большевик. Та-ақ, мениң тағы бир өтинишим бар: мен мыпаў Есжан ғаррыға тирисинде бир хызымет қарыздар едим, соны ең болмаса, өлгенинде өтейин-ши? Әкелиң ғаррыны!

— Бериң, берeңиз-дә! Ўақыт өтип баратыр!

Пановтың усы буйрығынан соң, Қурбандурды менен Нурахымет Есжан ғаррының жасады оралған кийиздиң еки басынан услап Кумингердиң паралель созылған қолларына кесе салды.

Кумингер оны гөрдиң ултанына әсте жайғастырды да ең әдеп үш адам еркин сыйғандай етип, кийиздиң орамын еки жаққа жайып жыберди. Соң ғаррының басындағы шошаймасын шешип алып сырттағыларға узатты.

— Мурынын қублаға қарат! — деп ескертти Нурахымет. — Белбеўин де шешип тасла!

Кумингер Есжаан ғаррының арқаға қарап атырған жүзин қублаға бурыўға талапланбады. Бирақ, белбеўин шешип, суўырып атыр еди, ғаррының шапанының шалғайы белбеўдиң тартылыўы менен астына қарап жыйрылды да көйлегиниң етеги қурсағының тусынан ашылыңқырап қалды.

Белбеўди сыртқа зыңғытып болып, етегин дүзестире бергенинде Кумингердиң қолы көйлектиң ишиндеги қандайдур да бир қағазға тийди. Таңланыў менен қызығыў деген тири адамды ҳеш қашан да, қуўанышта да, қайғыда да, арқайын-бийғамлықта да, қорқынышта да таслап кетпейтуғын қасийет. «Бул не екен өзи!» деген қызығыў Кумингерге өлген ғаррының етегин омыраўына шекем аштырды.

Күн шығыўға таялып, әтирапты рәўшан еткен жақты гөрдиң ултанын да жақтыртып үлгерген еди. Гөрге анталасып турғанлардың: «Ҳаў, ҳаў! Бул не өзи!!!» деген таңлақлы ғаўыр-ғаўыры күшейе берген соң шыдамай арбаның қасынан келген Халмурат доктор да:

— Не көрип турсыз?! Не, не өзи?! — деп үңилди.

— Көрмей турсаң ба не екенин?! Лениниң сүўрети-ғо!!!

— Былай ал, Кумингер?

— Алынбайды, қан менен қатыўашланып қатып қалыпты!

— Алсеш еплеп!!!

— Алынбайды деймен!!! — Кумингер оннан да бетер жекиринди.

— Бул сүўрет бизиң конторда туратуғын еди-ғо, ким берген?!

— Мен бердим, — деди бойын тиклеп Кумингер.

— «Басбашы жыртып таслар» деп, қойынына салса керек...

! Солай болғаны, — деди Кумингер. — Айттым-ғо, ғаррыны большевик деп! Сен оны мусылман етпекшисең, Нурахымет!..

— Бизиң аўған ғаррылары да усындай болармеди?!!

— Болады-ы, асықпа еле! Ал, сүўретти не қыламыз, қосып көмип жибере беремиз бе?! — деди Кумингер.

— Онда саясый қате болмаспекен?!

— Сүўрет алынсын!

— Көмиле берсин-дә!



— Лениниң, сүўретин қалай көмесең?!

— Ал енди, сен бул ғаррыны Ениннен қалай айыра аласаң, жыртылады-ғо!

— Көмилсин! Бул дүньядан бир сүўрет буйырмай ма!

— Көмиле қойсын...

— Онда Бағдиярдың жасадын әпериң!

Нурахымет пенен Қурбандурды әперген жасадты ғаррының оң жағына қойды да: «Бул усы турысында қала берсин, бунның партбилети де, кийимлери де жанып кеткен,» деди Кумингер.

Ғаррының шеп жағына кемпирин қойды да Кумингер гөрден шығып, үстиниң шаңын қағынды.

Ендиги жағында усы аўылдың адамы сыпатында Қурбандурды бийлик етти. Ол еки жигитке өзинен әдиран қалған гөне тамның еки қараман қапысын топсадан қопартып алдырды, Бағдиярдың да еки қапысын қопарып келиўди буйырды. Өзи қарымның гырдөгерегин бел менен аршытып, қапылардың жерге тирелген жийеклеринен ызғар өтпеслиги ушын баўлы қамыслардан жастық берип төсеп шықты да әдеп өзиниң еки қапысын, соң жигитлер ҳәзир ғана әкелген Бағдиярдың еки қапысын кесесине жапты, олардың үстине баў-баўы менен тағы қамысларды қалың етип қаластырып шықты.

— Жолдас Панов, биринши гезекте марҳумның балалары топырақ салыўы керек, — деди Нурахымет. — Бунның ҳеш диний тәрепи жоқ!

— Биз ол жағынан қорқпаймыз, бирақ, Досжан арбадан түсе алмайды ғой?

— Мени түсириңле-ер! — деген сеске жалт қараса Аллаяр орынынан дәрпенин атырған екен. Халмурат пенен Кумингер оны арбадан сүйемеллеп түсирип еди, баланың өзи-ақ салмақсыздай қаңғалап, гөрдиң басына қарай жүрди. Усы ўақытта ғаррының шошаймасын шегелең ызғар топыраққа толтырған Нурахыметте арбаға қарап жүрди. Шобайманың еки ирет оқ жулып кеткен «емшегинен» ләм топырақ сытыр-сытыр жерге төгилип баратыр.

Нурахымет топырақлы шошайманы Досжанның саў қолы таманға қойды да шинелиниң бир шалғайын жоқары жая көтерип:

— Досеке, — деди өлпең ғана. — Буденовкадан то-

пырақ алып, шалғайыма таслап жибер, өзим апарым саламан!

Жигит ҳәлсиз қоллары менен еки-үш қысым топырақ алып таслады. Биреў шошайманы Мәрзияның да алдына қойды, ол да сөйтти. Топырақ Нурахыметтиң етегинен гөрди қаплаған баўлы қамыстың үстине сытырлап шашылды.

Бир билгени бар шығар, анаў жақтағы төңкерилген қайықтың көкке қараған ултаның басбашылардан түскен қыл жаланған сүйек саплы қанжар менен Кумингер қуныға шуқластырып атты, оның не қылып атырғаны менен ҳеш кимниң иси бола қойған жоқ.

Шалғайын қағып таслаған Нурахымет:

— Мынаў биреў озиңе ғана қолай жеп-жеңил кепше екен, усының менен сала ғой, иним, деп, Аллаярдың қолына белдиң жәнеўит дәстесин услатты. Аллаяр топырақ таслап атырып абайлады: бул қәдимги, Есжан атаның әкесинен мийрас болып, соннан бери желинежелине кепшеси шығып қалған намбар бели! Не бары буннан бес-алты саат илгери Әўезмураттың гөне қудығындағы Аман менен Ораздың үстине Есжан ата екеўи алма-гезек топырақ таслаған да усы бел еди. Сонда ғарры ояқ-буяғы бес-алты саат-ақ соң усы бел өзиниң де үстине топырақ таслайтуғынын ойлады ма екен! Бирақ, жеркенилип көмилиў менен иззетленип жерлениўдиң парқын бала ойлай алган жоқ. Тез шаршап қалды да белди Қурбандурдыға берип, көзлери тынып, отырып қалды. Халмурат оны сүйемеллеп, арбаға алып кетти.

Усы мәҳәлде қайық таманнан қулақларды шыңлатарлық дәрежеде хулиганшылық пенен Кумингер ысқырды ҳәм онлаған жигиттиң тез қайықты алып кетиўи кереклигин айтып даўыслады.

Атылған топырақты атылғанындай жаўынгерлер қоллары менен аймалап гөрди қаплаған қамыстың үстине жайып атты, Қалыңлығы еки қарыстай болған ўақытта онлаған гвардияшыға қайықты көтертип. Кумингер жетип келди: «Болды, болды, енди топырақ салмаң» деп тоқтатты да, қайықты гөрдиң үстине сүлдер жасатып төңкертти. Сонда жигитлердиң саўаты барлары қайықтың көкке қараған ултанынан: «Бул жерге революция курбанлары — қызыл гвардияшы интернационалист большевиклер — Есжан ата менен Бағдияр



палўан жерленди. Бул шамшырақ адамлардың ҳеш қашан оты өшпейди, мәңги даңқ оларға!» деген рус тилиндеги сөзлерди оқыды.

Қара майы ағашына шекем ойылып жазылған бул ҳәриплер қара мәрмар тасқа қашалып ақ пенен сырланған таңбалардай патлыйып-патлыйып турды. Әлепше хат таныса да оқый алмайтуғынлары оқый алғанларынан, русша «гвардияшы, интернационалист, большевик» деген, көкирекке яд болып қалғанынан басқа сөзлерине түсинбейтуғынлары түсинетуғынларынан: «Не депти, не депти?! деп сораса, тағы биреўлери: «өзинен сорасаң, мени бир орыс туўып па!» деседи, я бирине бири ежелеп оқып, түсиндирип атырды.

Ғаррының жазда қаўын шертек соғыўға нийетлеп, пияздай аршып, үйден жырақлаў жерге тақлап қойған төрт бақаны бар еди. Курбандурды менен Нурахымет соның бирин қәбирдиң басына көмип, түбин «зиңкилдеп» нықлаў менен аўара еди. Панов оның бир айырына ғаррының басынан шешилген жулық шошайманы кийгизди де узақлап турып сырттан қарады. Шошаймадағы оқ жулған «емшек» усы бақаның ушы шығып турарлықтай етип шақланып, әдейи атылғанға меңзер еди. Усының менен «питти, питти» болып еди, ҳәмме аң-таң, ҳеш ким сөз де сөйлемеди, бундай салтанат болмасын билгенде «басбашы салтанат пенен көмилип кетеди!» деп, Есжан ғарры менен Байрамәли сәрдардың жасадын бирин биринен ажыратыў ушын сонша машақат, сонша ўақыттың ҳәжети не еди?! Ең болмаса сапқа дизгенде болар еди, өйтпеди де, саатына қарап турып, Панов:

— Жәми он бес минут ўақыт беремен! Аўхатланыўға он минут, арбаларды қосып, жолға таярлаўға бес минут! Дағысың! — деп буйырыўы мәтдал, ҳәмме турған турған жеринен тым-тырақай болып, кими котелегин, кими сарқумларын ала Есжан ғаррының төрт аяқлы темир ошағында бурқылдап атырған қара суўлы шүлен қазанға қарай жуўырысты.

Үш-төрт күнлик қамалда азық-аўхатын әбден түўескен аспаз жан басына бес тилимнен қатқан қара нанды бурын таярлап қойса керек, барғанның барғандай қолына услатып атырғанын анадайдағы арбаның үстинен

көрип отырған Мәрзияның есине бағана Бағдияр, Досжан келген пайыттағы «жарма, жарма» деген сеслер жаңғырып түсип атты.

Еки-үш тилим дәндан сындыратуғын қатты нан, темир чайнек толы қайнаған суў Халмурат доктор тәрепинен арбадағыларға да жеткерилди. Доктор жигит ҳәр қайсысына тийисли наны менең бир-бир саркум суўын берип атыр еди, гезек өзине келгенде доктордың нанлы қолын ысырып, Мәрзия:

— Доктор қәйиним, — деди өлпең даўыс пене. — Өзлериңиз же-ең...

Бағана келистик-ғо! — деп бақырды Халмурат. — Мине, суў, мине на-ан! Бир усағын түсирмей жейсең!

Мынаў бәдайбад даўыстан ҳаўлыққан ҳаял созылғанларды қалай услағанын өзи де билмей қалды. Бәри бир, тиси өтпейтуғын еди, доктор:

— Суўға бас даймен! Я аўызыңа шайнап салайын ба?! — деп, тағы бақырды.

Ҳаял қақалып-шақалып, ғаўзана баслады. Ал. Аллаяр болса, докторды түк қыйнаған жоқ. Досжанға доктордың өзи ишкизип атты.

Ҳаялдың ядына әдеп себетте желинбей қалған, бәлким күйип кеткендур, зағаралары, соң марданлар түсти. Бийшара ғарры «кеткенлер қайтып келсе не жейды!» деп, жазы менен сол мәрданлардағы дәнлерди қаралай өшип жетистирип еди-аў, кеткенлердиң қане келгени! Бир ғана Қурбандурды жүр! Усини ол докторға үлкен бир жақсылық ислей жақтай ескертип, «ҳәр үйдиң марданында дән қалып баратыр. Ең болмаса ат жемиңизге жарар...еди» деп еди, «кеткенлер келеди, — деди ол да.— Бундай адамсыз аўылды басбашы да титпейди. Дәнлер, нийети қайыр, ийелерин күте берсин...» Буны паныстың моржасын сыпырып отырған Кумингер де мақуллады. Шыраны докторға нусқап: «Мынаў сөнбейтуғын шыра!» деп, негедур, күлди.

Андайда:

— Сен аспаз емессең, бир бәлесең! — деп атыр биреў, қазанға тийген саркумлардың шақылдыларының арасынан даўысы ап-анық: — Тек суўың есапсыз сениң! Сениң орнында мен аспаз болғанымда анаў шала жансар атлардан биреўин шалып таслап, бир қазан гөш қайнатар едим!

— Оған ўақыт жоқ...



— Пуштарлап алып жүргенде ишиңе тебетуғынбеди сол атлар!..

Оған закон жоқ. Сен не, басбашымысаң?!

— Бәри бир, пуштарлап алып жүргенде болатуғын еди, — деди тағы биреўи налынып. Аспаз аңсат жуўапқа көшти:

—Оны Кумингер менен Панов шешеди.

Ерегис узаққа созылыўы мүмкин еди, ҳәммениң жаў-жарақларын қолына алып, сапқа турыўына буйрық болды, керилдескен сеслердиң орнын сатыр-сутыр, шақыр-шуқыр, дүсир-дүсир лилер аўмастырды да көзди ашып-жумғанша жаўынгерлер сымға тарткандай бир қатарға дизилди. Кумингердиң қолында жанған бир паныс, Панов Аллаярды жетеклеген, үшеўи саптағылардың алдына келди де:

Нәўқыран гвардияшылар, — деди өлпең болса да нықлап сөйлеп Панов. — Жолдас Кумингер жолдас Аллаяр Бағдияровичти гвардияшылар қатарына алыўды усыныс етип атыр, аламыз ба?!

Отызлаған жаўынгердиң бирден үн қосып:

— Аламыз!

— Аламыз!!

— Аламыз!!! — деген сеслери әтирапты жаңғыртып жиберди.

— Бүгин биз ең жақсы, ең ақ көкирек, ең баҳадур бир жаўынгер жолдасымызды большевик Бағдияр Қудаяровты жоғалтып алдық. Бунып өзи революция ышқында өртенип туўылған коммунист еди, революциялық гүресте өртенип өлди! Мәңги даңқ оған!

— Даңқ оған! — деп төкирарлады гвардияшылар.

— Даңқ-қ оға-ан!!! — деп жаңғырды Есжанның жаңа бағлары.

— Даңқ оға-аааnн! — Гөне тамлар гүңгирледи. Панов даўамлады:

— Бирақ оның жаўынгерлик жарағы ийесиз қалған жоқ. Орнына нәўқыран жас палапаны — Аллаяры келди. Сизлердиң атыңыздан буйыраман: гвардияшы Бағдияр Қудаяровтың жаўынгерлик жаў-жарағы жас жаўынгер гвардиямыздың ең жас ағзасы Аллаяр Бағдияровичке салтанатлы жағдайда тапсырылсын! Музыка!!!

Қыпшақтағы еки жүздей әскерлердиң маршларын жаңлатып жүрген бес ғана духовойшы еди. Үш күнлик

қырта-қырт қамалда оркестрге зәрүрлик болмай қалды. Оркестршилердиң кими граната, кими мылтықларын алып топылысқа шықты. Солардан аман қалғаны — шүлен қазанға бастырса емин-еркин қақпақ бола беретуғын үлкен барабанды алдына кесесине қыстырып, ўақты-ўақты таў гүңгирлегендей «дүңк-дүңк-дүңк» гүмбирлисин жеткерип жүретуғын, жүзи сепкил украин жигит еди, ол ақшамғы ҳалқаны бузып өтип баратырған жерде оққа уштыдағы, барабаны ыраштың басынан тап муз айдынының жары ортасына шекем жән-жақты гүлдирмамдай «даңғыр-дуңғырлатыўы» менен дөңгелеп кетип отырды, кетип отирды. Оның қай жерлерге барып қулағаны менен қизиқсынған адам болған жоқ, «байтал түўе бас қайғы!» Аман қалғаны — цыганға усаған молдаван. Қалған төртеўи набыт болды. Сол молдаван өзиниң суўөгизге усаған айлапбалы үлкен мыс гернайын гөр қазыла баслаўдан-ақ қанталынан қалдырмай жүр еди, Панов «музыка!» деген буйрықты да оның гернайы менен барып саптың басында турғанын көрип берсе керек.

Қурбандурды Бағдиярдың наганы салпылдаған камарын әкелип, Пановқа услатыўдан-ақ молдаван қәдимги таныс марш намасына уртын томпайтып, көзлери патлыйғанша пәтленип үрледи. Үлкен мыс гернайдың бир бап пенен, бир ырғақ пенен шыққан: «Ҳа-ҳа-ҳа, ҳа-ҳа-ҳа! Ҳа-ҳа-ҳа!..» деген сестинен, тап дәрьялықтан усы қәраға шекемги гәне сайлар, бупнан анаў таўға шекем созылған даланлықлар ләрзеге келгендей, Есжан атаның бағынан үркken бир топар қара ғарғарлар, дәрьялық таманға уўдашуў ғақылдасып, қаймығысып жалпылдаса баслады.

Баланың қыпша белине байланған палўан әкесиниң камары кеңлик етип, наганының салмағы қайыстың бир жағын бөксесине шекем қыйсайтып, онша жарасынқырамай турды. Жалғызының дыққатты усыншелли тартып атырғанына анасының кеўили кем-кемнен елжиреп, кемкемнен табаға түскен муздай ерип, ийеги кемсеңлей баслағанда «Өзинди бас, кише, өзинди бас!» деп буйырды доктор. Соның арасынша Қурбандурды қундағы жанып, темирлери ғана қалған Бағдиярдың бесатарын балаға усынып атыр еди.

— Оны қәбирдиң басына шанш! — деп буйырды Панов: — Жас гвардияшыға өзи олжаға түсирген анг-



личаны мылтығы берилсин! Душпанының өз мылтығын өзине қарап атсын!..

Мыс гернай әтирапты титиркендирип, тағы да аңқылдады.

Таза мылтықты алып, оң жағында муштай болып турған Аллаярға бурылып қарамастан, туўры сапқа қарап турып, Панов:

— Гвардияшы Бағдияр-ов! — деп қәҳәрли ырғақ пенен екшеди. — Сапқа турыў ушын қадемле-еп жөне-е!..

Буйрықтың бәри өзбек тилинде еди. Бала барып, дизбектиң ең кейнинине дизилди. Жалғызын халық қатарында көрген ана енди парасат болмады, қуўаныштан еңиреп жылап жиберди.

«Митинг усы менен тамам шығар» деп еди ишинен Нурахымет, митинг еле ашылмаған екен. Митингти Панов ҳәзир ғана ашық деп жәриялап, сөзди Қурбандурдыға берди. Булардың ишинде Қурбандурдының усы аўылдан екенин Қумингер де баяғыда Есжан ғарры айтпағанда билмейтуғын еди, Панов та билип атыр.

— Бирадарларым, доғанларым, — Қурбандурдының даўысы дирилдеп кетти. — Маған Есжан атаның басында сөйлеў оғада аўыр. Бирақ, қыямет күни қоңысыдан, айтпасам болмайды. Мен Есжан атаны көзимди ашқалы билемен. Усы Бағдиярлар менен жалаң пут бала күнмизде-ақ оның анаў әдиран қалып баратырған ерик бағына талай урлыққа барғанбыз. Сонда ол: «урыболып кетесизғо, урламай-ақ жей бериң, балларым. Есжан ағаң саў турса, дүньяның бәрин бағқа айналдырып береди еле»... дегенлери есимде. Оннан бағ қалды, бирақ, әрманына жете алмай кетти. Бир, қой аўызынан шөп алмайтуғын биймәлел, «Өзиң тиймесең саған ҳеш кимтиймейди» деп жүрген ғәрип адам еди. Оның бала, бүгинги сәрдар менен буўысып өлген қәҳәрин көрип жағамды усладым, әстаўпыралла-а, сәрдар болғанда да Ханжөнейттиң оң қолы, атақлы сәрдар еди...

— Сен қайдан билесең оны-ы?!

— Мениң анам сол аўылдың қызы. Бул сол аўылдың ханы Байрамәли еди, түсиндиң бе! Әне, кимди жастық етип кетти, Есжан ата! усы бала, бул ғаррыны буншелли өшиктерген қәҳәр-ғазепти айт! «Мен көк те болмайман, қызыл да болмайман, ақ та болмайман, сонда маған ҳеш ким тиймейди» деп кошпей қалған екен...

— Өйтип табаламаң енди!..

— Таба емес, тоба-а! Пах, тиймепти — аў, қане тиймегени! Қызыл болмағаны қәне! Гәптиң тоқ етери: заманы бирдиң ҳамалы бир, жәмийеттен узақта жасағаның менен жәмийетлик өмирден тысқары, заманның ағымынан бийтәреп жасай алмайды екенсең. Мен бүгинги Есжан ағаны көрип, соған исендим, доғаналар! Мен жаңа жыл қайтарып, есаплап қарасам, бул мениң әкем менен түйдей жаслас еди, жылын сонлықтан билемен, сөйтип... есаплап қарасам, быйыл жетпис үшин толтырыпты бул киси. Жетпис үш жылда ислей алмаған мәртлигин, көрсете алмаған батырлығын өмириниң тап усыбүгинге ең соңғы ақшамында көрсетипти-аў! Мен болдым...

— Жолдаслар! — Бул Пановың даўысы. — Қурбандурды қызық факт айтты. Буны бәримиз де ойлансақ арзыйды, мынанқараң: жетпис үш жасқа бергисиз бир ақшам, бир ақшамға арзымайтуғын жетпис үш жыллық өмир бар екен-дә! Демек, өмир өзиниң мазмунлылығы менен баҳаланады, өткен күнлери менен еме-ес. Сөз комиссарға.

— Мен дым аз сөйлеймен, — деп ескертти Кумингер. — Мен Есжан ата менен тек бир ақшам ғана болдым. Буның өзи, дәрьяның шырашысы екен. Мен — жаралыман, бул — саў, мен Төрткулден Қыпшаққа қашып баратырман, бул шыра жағып жүр екен. Бир ақшам дәрьяда жүзип, бакенлерге мынадай панқс жақтық, — деп панысты жоқары көтерип көрсетти. — Сол кисиниң сондағы мына гәпи есимнен шықпайды: «адам адамға шырақшы, адам адамның кеўилине шыра жағады. Мен жаман болсам бола қояйын, бәри бир, мен де шыраман, себеби, мен өзимниң қателигимди өзим көрсетип тураман, өзимниң қайырымды өзим көрсетип тураман. Сонда мениң қайырыма келип, өмирде жүзип жүрген басқа адамлар қайырламайды. Олардың жолында бул да мениң шырақ болып жанғаным, демек, оларға жақсылық ислегеним,» деп еди, бийшара. Ойлайман соннан бери, ойланып қарасам, бул бир өз алдына пәйласуф адам екен. Бул жаман болып өлген жоқ, буның мәртилигинин өзи әўладларға мәңги өшпей көринип туратуғын шамшырақ. Усындай шамшырақ адамларымыз көбейе берсин, биримизге биримиз шыра болайық, биримиздиң жолымызды биримиз өлсек те үсейтип жақтыртып турайық! Мен буны табаным тийген күни туўылған Венгрияма барып, сада дийханларға айтпай турмайман. Кәбириңниң басында ант етемен, қәсийетли Есжан ата, сени мен Венгрияма шырақ етпей қоймайман! Сен сөнбейтуғын шырақсаң, сен мәңги өлмейтуғын шырашысаң! Сениң өмириңниң тымсалы сыпатында қәбириңниң басына мына шыранды жағып кетпекшимен. Ҳәзир буның майы түўесилсе издеги әўладлар май қуйып жаға береди!

— Сөйтти де бақанның екинши ашасына панысты апарып қыстырды. Ҳәзир әтирап жақтыланып кеткенликтен ғана шыраның жақтысы онша билинбес еди. Ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ, Нурахымет ҳеш кимнен урықсат та сорамады. Турған жеринен бақырды:

— Интернационалистлермиз-ғо ақыры! Мен де сөйлейин-ши! Араңыздағы жалғыз аўғанлыман-ғо ақыры! Мен шынымды айтайын ба, мениң тап усы ғаррыдай болып, аўғаныстанымда өлгим келип тур! Кумингер таўып айтты, заңгар, қанекей, мен де аўғаныстанлыларымның көкиреклерин жақтыртып, шырақ болып өлсем! Мени қарғаңлар, «аўғаныстанына барып, басбашылары менен атысып өлгей» деп қарғаңлар!..

— Мылтықлар аспанға бағдарлансы-ын! — Панов бул. Барлық мылтықтың сүмберлери тап бир мылтықтай болып көкке шошайысты. — 1910-жылдан ВКП (б) ағзасы, душпанлар менен айқаста революция иси ушын қаҳарманларша қазаланған Бағдияр Қудаяровтың мәңгилигине салют!

— Отызлаған мылтықтан «зуў-зуў» оқлар аспанды гүмбирлетип жиберди. Панов түсирген қолын тағы көкке көтерди:

— Тап, усы өткен ақшамнан баслап ВКП (б) ағзасы, өткен түннен баслап қызыл гвардияшы, он тоғыз душпанды қыйратқан үш қаҳарманның ең кексе, ең ири жулдызы Есжан ғаррының мәңгилик өмириниң басланыўына, салют! — деп сермеп қалғаны да сол, оқлар гөне тамларға жаңғырықлап кетти.

— Он тоғыз душпанды қыйратқан үш қаҳарманның екеўин тәрбиялап шығарған Мәҳийда анамыздың ҳүрметине, салют! — Гүмбирли тағы да тәкирланды.

— Ең қаҳарман Аллаяр Бағдияровтың революциялық атланысқа қойған әри туңғыш, әри сәтли қадемине, са-лютт!!!...

Усы — салтанаттың eң соңғы гүмбирлиси екен. Буйрықтан соң арбалар тақырласып Төрткүлге қарай жаңа атланысқа жолсыз бағдар алды. Гвардияшылар Есжан ғаррының басбақлы сыйыры, қос огизи үйтпе болып, қоланса сасып атырған қорасының қоламтасының қасынан жылысты.

Ҳаял адамның артына қараўы қала ма: «Дуғдыр қәйним, — деди Мәрзия көзлериниң жасларын ғолабадай жеңлери менен сыпырып. — Баспақ пенен сыйырда не жазық бар еди, қорада қала берди-ғо!.. Аштан өледи-аў енди!..»

— Хаў, солай ма?! — Халмурат доктор бирден ҳаўлықты да Қурбандурыны шақырып: — Жуўырр, — деди. — Жеңгемниң басбақлы сыйыры қорасында қалып қойыпты! Ҳаў, Төрткүлге барған соң да кишеме ағарған кере-ек! — деп бақырып қалды оның изинен.

Ай-ҳай дәрийқа-ай! Келиншек болып, еңкейип түскен есик, ашына да, жалаңашына да қайыл, Бағдияр менен шайылжып-шалқып жүрген жаслық күнлер, ашшы-душшысын сонша жыл бирге татысқан өмир, тойларында күлип, азаларында азынасып ҳаяллар менен жоқлаўлар айтысқан қәдирдан елат, бүлбиллер ушып, зақ қонып, қара күйе күлге көмилип, кем-кемнен изде қалып баратыр-аў! Қыз күнлеринде көп айтатуғын, келиншек күнлеринде көп шертетуғын «Бозатаў» қосығын, негедур, еңиреп отырып айтқысы келеди, дәрти бар-дә дәрманы жоқ, ҳәр муқамында нәпес алған сайын «хып-хып» дегизип, еңкилдетип, шыңқобызың гә ғаздың хошласыўларына, гә аққуўдың сыңсыўларына салып шерткиси кеўилниң шерин тарқатқысы, ишин өртеген дебдиўди шығарғысы келеди, өйтейин десе шыңқобызы жоқ, ол анаў еле үстинен пысқып түтини шығып атырған жайдағы сабаяқта қалып қойған. Ҳаял жаслы көзлери менен гә Есжан атасының сонша арзыў-әрман менен Хийўадан соқтырып алдырған Қоқаны арбасына, гә оның қәбириниң басында жылтырап қалып баратырған жекке панысқа телмиреди, буўалдыр жастың арасынан жекке панус көзине гә екеў, гә үшеўге жиклengендей булдырайды. Мине, баспағы менен сыйырын қорсылдатып қуўып, Қурбандурды да жетип қалды. «Бул яўмытты басбашыларына кетти деп те жүрдик-аў, адамның көкиреги — доңыздың гүркеси...» деген хыял кешти ҳаялдан.



Патырақласып шаўып жеткен сыйыр менен басбақты ҳеш ким арбаға да тиркемеди, ҳеш ким усламады да, ҳеш ким қайтип қыстамады да, уўыз емген аўылы қорқынышлы көринди ме, әлле нешше жыллар желиниң уўқалаған қайырқом қоллардан қалғысы келмеди ме, екеўи бирден арбаның қапталында туяқларын шықылдатып киятыр.

Шаршап қалған Қурбандурды Досжанға қапталласып келди де: «Қалып қойыпты, сыйырға барғанда алдым. Әкеңниң көзи. Керек болады,» деп, Досжан менен жанағаштың арасына қәдимги намбардан кепшеленген Есжан ғаррының ата мийрас белин тығып қойды. Үйинен ең болмаса усы гурлым нәрсениң естеликке ергенине Досжан баладай қуўанып, езиў тартты.

— Япырмай, бала, — Қурбандурды таңлайын тықылдатып, басын шайқады: — Арбаң қала берди-аў! Айтайын да демейсең!

— Гөне арба ғой Қоқанның үлгисиндеги, — деди Досжан, өлпең.

Кереги жо-оқ, — деп сөзге араласты Кумингер. — Ҳәр дәўирдиң өзиниң арбасы бар, ҳәр дәўир өзиниң арбасын айдайды. Ал енди жолдаслар, мениң ишим пытырлап баратыр! Мен сизлерге венгерлердиң «Елди көрер күнлер бармекен!» деген қосығын айтып берейин бе?!

— Ол қосық Ҳажынияз шайырдики!

— Кимдики болса, соники болсын. Венгерлерде де бар сондай қосық!

— Бар болса, бар шығар, — деди Нурахымет. — Елин сағынған бирҲажынияз дейсең бе! Ондай қосық тап бизиң аўғанларда да бар! Айтып берейин бе?

— Айт, айт!..

Қайғылы қоңыр даўыс кең даланы гүңирендирип жиберди.

— Ал енди, сен айт, Кумингер? Сеники қандай? — деди Нурахымет. Ҳәзир ғана шулғынып киятырған Кумингер басын шайқады:

— Мен айныдым, айтпайман! — деди орнынан бир қозғалып.

— Ҳа-а, о неге?!

Ҳәр ким сағынышын айта берсе, дүньяны қаплап кете жақ, жигеримизди жасытып жибер жақ екен.

— Онда нени айтасаң?!

— «Интернациональ» дың орысшасын айтаман.

— Ал, айт?!

Қәҳәрли ҳәм жигерли даўыс толқынына алдыңғы арбалардан да даўыс қосыўшылар табылды. Буған үлкен мыс гернайдың ири даўысы қосылып бурынғыдан да бәдайбат қүдиретке мегзетип жиберди. Ақ терек бойы көтерилген қуяш көк жийектеги қап-қара булытларды кем-кемнен пәсте қалдыра баслады.

Тырналардың Қуяшқа қарап ушқанындай, бул тырна қатар да Қуяшқа қарап умтылар еди.

Ҳәйран қаларлық болды-аў бул! — деди қосықты тамамлап, тағы ойшаң қәлпине түскен Кумингер. — Есжан ғарры тири қалғанында алдыңғы жетпис үш жасын еслемей, өмириниң усы бир ақшамын айта жүрер еди-дә!

— Зәлели жо-оқ, Кумингер, — деди Панов. — Есжан ғарры айта жүре алмаса, Аллаяр айта жүрер. Оның жетпис үш жасындағы мәртлигин бул он бес жасында-ақ иследи-ғо, ақыры!

— Буның алдында еле мәртлик көп, — деп ежести Ҳуминегер. — Көп мәртликтиң арасында бунысы умытылып қалады.

— Олай болыўы да мүмкин. Қайткен күнде де өмирдиң бир ақшамы питти...

— Ендиги ақшамында не күтер екен бизди?!

— Әңгиме сонда-а!..

Қыпшақтан шегинген кишкене отряд Төрткүлдеги әри үлкен, әри шешиўши ҳүжимге асығыс сапарын даўамлады...

— Сөйтип, өмирдиң бир ақшамы питти деӊ!

— Ҳаўўа-дә, Кумингер, оны енди тарийхтан ғана табыўың мүмкин...

### Азаматым Аллаяр!

Еле бояўы кеппеген соңғы китабым менен қоса саған усы хатты да жазыўға туўра келди. Бул ой мениң басыма бурын келмепти, болмаса, өзбек қалемлеслеримдей «Хатима» деп, ямаса «Қатым» деп қарақалпақшалап-ақ китапқа қосып жиберетуғын нәрсе екен! «Ҳештен кеш» артық деген, не де болса жаздым, шырағым.

Буны жазыўға себепши болған да сениң өзиң. Саған деген мениң шексиз сағынышым. Еки жыл шамаласып қалды, мен сениң дийдарыңды көрмедим, даўысыңды еситпедим. Бәлким, естиярлы жигит болып қалғансаңдур. Бирақ, мениң көз алдымда вагоннан «Хош, Қарақалпақстаным, аман болсам, бир келемен!» деп, қыйғырыўың менен кетип баратырған, мурты жаңа тап берген тықыр бас баласаң. Сени еслесем, сол даўысың келе береди: «япырмай, бала,» аман болсам бир келемен! «дегени неси екен?» деп ойланып жүрдим әдепки күнлери. Соң Аўғанстаннан келген хатыңды көрип, тәўир-ақ қаўетерленгенимди, жаңағы бир сөзлериңди еслей бергенимди жасырмайман, мың айтсаң да әкемен ғой, ақыры!

Кеше жорамыздың баласын аэровокзалдан күтип алдық. Жорам оған: «пәмнаҳан жигит болып қалыпсаң ғой, тықыр басым-ай!» деп күлди ҳәм улының көкирегиндеги «Советлер Союзының Қаҳарманы» алтын жулдызын сыйпалап, «бес жыллық урыста мен ала алмап едим, «Әке баладан батпан кем туўады» деген бийкар!» деди. Соннан бери мен де сени сол бала қәлпиңде елеслете беремен, әлбетте, ҳәмме қаҳарман бола бермес, бирақ, ҳәмме ушын қаҳарманлық шәрт, ақыры, буғып жасайтуғын болсақ, не ушын шықтық дүньяға?! Әпиў етерсең, қате түсинбе, бирақ мен ҳәмме қаҳарманлық тек урыста деп есапламайман.

Бүгин ақшам, сени сағынып, көз алдыма елеслетип жатырсам, сегизинши класстағы бир ашыўланғаның есиме түсип кетти. Сениң есиңде ме, умытқан болсаң, ҳәзир есиңе түсиресең. Бул күн сениң ядыңда узақ сақланыўы керек Себеби, сен сол күни Ленин комсомолы қатарына киргенлигиң ҳаққындағы билетиңди алып келген екенсең. Енди ядыңа түскен шығар. Сен, негедур ашыўлы едың маған: «Папа-а, не ушын сиз мениң атымды Аллаяр қойдыңыз, ақыры?! Басқа ат қапылып па еди?!!» дедиң де есиктен шығып кеттиң, меннен саўалыңа жуўап күтпедиң де, мениң де ол ўақытта саған жуўап бериў нийетимде жоқ еди. Енди усы китапты оқысаң, не ушын «Аллаяр» қойғанымды өзиң түсинесең. Мен саған «Аллаяр болагөрсин!» деп қойғаным жоқ, иниңниң атын да мәзи «Бағдияр» деп қоймағанман, түсин соған!

Оның үстине, сен туўылған 1966-жылдың 5-апрели күни үйге Бақаншақлыдан Аллаяр аға келип еди. Сениң атаң, яғный мениң әкем Қазақбайдан жети жас

киши болса да екеўиниң жас жағынан парқын айырыў қыйын еди. Себеби, дүнья жүзилик еки урысқа қатынасыўы оның тек бетлерине әжим ғана емес, жүрегине аз дақ салды деймисең! Сонда да жигерли, гүўлеп сөйлейди екен! Ағама күтә қызық әңгиме айтып берди:

«... — Аппырмай, бала, бул дуз-дәм, тағдийр дегенди қоя бер! Венгрияны немец гитлершилеринен азат етип жүр едик. Штабтан жупыны кийиндирип, мени бир аўылды барлап келиў ушын жиберди. Орысшасын ғой, еки бастан билемен, баяғы Кумингер менен атланыста жүргенде изинен қалдырмай венгерше де үйрете беретуғын еди, оған да питегене тилим сынып қалған... Несине күлесең сен, Қазақбай аға?! — деп ашыўланды ол ағама. — Исенбестей неси бар, сен жас бала дегенниң аңы менен ойнама! Ол күнлери еситкен, билгенлеримиз, оқыған, көргенлеримиздиң бәри санамызға қатықтай жуғып қала беретуғын еди. Тап, веңгерше ҳәзир де түсине аламан, болмаса, елиў беске қарадық ғой. Мениң қандай қатықулақ екенимди билип турып күлесең-аў! Яқшы, гәпти тыңла!..

Сөйтип, гитлершилер жайласқан аўылды өлдимазарда барлап, штабқа келсем, орнында самаллар ҳүўлейди! Қашшан жоқарыдан буйрық болып, мен кеткен еки күнниң ишинде Будапештке өтип кетипти! Будапешт қайда, биреў қайда! Бизге оған баратуғын документ қайда! Гәпиме ким исенди?!!... Сөйтип, қашақаш, гитлершилерден де қашаман, венгерлерден де қашаман, өзимиздиң адамларды таба алмай тоғайда бир күн, бир түн сандалдым. Тамағыңнан бир нәрсе өтип турса аштан өлесең бе, жемис тоғайдан еплеп табылады. Сөйтип жүргенимде мени веңгерлер тутып алды, солар екенин кийимнен, тилинен аңламай ақмақпан ба? Мени бир жер төлеге апарды, қолым байланған, көзим таңылған, изимде еки адам, тутқынның не оңған күни бар!

Көзимди ашты. Қарасам, қарсы алдымдағы столда ким десе? Кумингер отыр!!! Арадан көп жыллар өтип кеткен, оның үстине, ол тап сизлер қатар-лы, меннен онлаған жастай үлкенлиги бар. Мен қуўанғанымнан жағым жайлаўына кетип күле берсем керек.

— Сизлер қайдағы бир жинлини тутып келипсиз! — деп бақырып жиберди айдап келген екеўге — Мениң ҳәзир усыны терген отыратуғын ўақтым бар ма, әкетиң де өзлериңиз сөйлесиң! — деп, өзи басқа жақ пенен сөйлесиў ушын телефонның қулағын бурап атыр. Анаўлар болса мени әнтек-тәнтегимди шығарып, есикке қарай сүйреп баратыр. Буйрықтың аты буйрық, сөйлетпек түўе артыма да қарата жақ емес. Төлениң қапысына жеткен ўақтымда қапыға табанымды тиредим де: «Тоқта-ат мени, Кумингe-ер!» деп бақырдым, қарақалпақшалап, жанымның барынша бақырдым. Сөйтпесем, есиктен бир шыққан соң маған Кумингерди көриўдиң жоқ екенин көкирегим сезе қойды, қара-а, бизиң геллениң ислеўин, сизлер болғанда албырар едиңиз!

Мени тоқтатыўға буйрық болды. Артыма қарасам, еле Кумингер аң-таңы шығып, бетиме бақырайып қарап отыр, танымайды. Аўылды яман-ә сағынып жүр едим, мен Кумингерди көрип қызық етиў ушын-ақ Ҳәжинияздың «Бармекен» қосығын ыңылдап едим, кемкемнен кеўлим елжиреп, дәўысым тарғылланып, ийегим кемсеңлей баслағанда.!! Бармекен, елди көрер күнлер бармекен?!.» деп, қосықтың изин Кумингердиң өзи алып кетти.

— Умытпапсаң-ғо. Кумингe-ерр!

— Умытылатуғын күнлер ме еди! Кел, сүйисемиз!..

Сөйтип, жаўды женип, журтлар елге қайтқанда да мен маңлайы қара Кумингердиң қасында: «Елди көрер күнлер бармекен»... деп, қала бердим-аў!

— Неге?! — деп таңланды сонда бизиң ағам.

— Өзимиздиң әскерлер келгенше биз Кумингердиң басшылығындағы партизанлар отрядында ҳәрекет еттикғо. Командования мени тағы таслап кеткендеги қыйналғанымды айтпайсаң ба?! Ҳәмме ғазлар жыллы мәканына қайтқанда бир ғаллығалақ қанаты талып, көлатта жалғыз қалып қойып, ғаңқылдамай ма?! Мен тап соған мегзер едимдағы, мениң ғаңқылдым Хәжинияз шайырдың «Бармекени» еди. Барлық бәле Кумингерден болған екен, соң билдим, мени Кумингер сорап алып қалыпты. Бирақ, оякта биздеги басбашылықтай контрреволюциялық ҳәрекетлер узаққа созылған жоқ. Соннан 1946-жылдың бәҳәринде Әмиўдиң суўын ишип, Абат жаптың бойына пахта ектим-ғо!

Сол Кумингер еле тири, өткен жылы бизиң әскерликтеги баламыз Есжан үйинде бир ҳәпте болып, аўнапқуўнап қайтыпты. Ҳаялы жүннен созба көйлек тоқып берипти. Балам елеге шекем кийип жүрипти. Сол бала-

дан берип жиберген хатында жазады-аў Кумингер, Нурахымет пенен Будапеште ушырасып қалыпты. Сонда бул өжет ауған жигитиниң Москвадан қайтыўы екен, Москвадағы үлкен бир партиялық кеңеске қатынасыпты. «Еле сол гәпи: ауғанстанға реголюция тасып жүрмен, басланған ўақытта жетип келемен, саған да, Аллаярға да хабар беремен, «Интернациональды» сизлер қосылмасаңыз уқшатып айтыўым қыйын! «деп атыр, қалмай, барамысаң?» дейди хатында Кумингер. Еле тым-тырыс...

— Револнция ауғанстанда басланса, Нурахымет ағаңыз шақырса барармедиңиз?! — деймен, мениң жазыўшылығым тутып.

— Бараман, бармай не қыламан?!! — деп жулқынады Аллаяр аға сонда. Жасы елиў беске қараған адамның ҳалын билместен жас жигиттей жеделленгенине күлип едим-аў сонда, әнтеклек етиппен балам, олар жүреги ҳасла қартаймайтуғын адамлар екен ғой!

Сөйтип, сол күни Аллаяр ағаға ағам өз қуўанышын-келини Бийбисараның «ат басындай ул туўып» бергенин айтып, соған ат қойыўды өтиниш етти. Аллаяр аға көп ойланып отырған жоқ:

— Мен балама Есжан атаның атын қойдым. Сен бизиң ғаррының атын қоя ғой, — деди ағама. — Жақсылардың шырасы да, аты да ҳеш қашан өшпеўи керек...

— Сен шыраны қойып тур...

— Сен мениң гәпиме еле түсинбей отырсаң, — деп сөзин бөлди оның Аллаяр аға. — Бизлер қызыл гвардияшылар менен кеткеннен бир ай өтпей-ақ Төрткул, Қыпшақ басбашылардан тазартылды. Бир өтип баратырсақ, түнниң иши еди, Есжан атаның басында еле шыра жанып тур! «Ҳаў, бул қалай! — деди Кумингерге Нурахымет. — Анаў шыраң еле жанып тур-ғо!» Кумингар әбден» мениң айтқаным келди ме?! Айттым-ғо, Есжан атаның басындағы шыра ҳеш қашан өшпейди,» деп, әбден, ўәлийсинип атыр. Соннан, шапқыласып барсақ, қашшан баяғы бизлерди таслап көшкен бес үйдиң төртеўи көшип келипти, Әўезмуратты Төрткүлдеги бир таланған аўылкеңестиң столын арбасына тийеп қашып баратырған жеринен өзим атып өлтирип едим! Өй, жаман-аў, өзиң болсаң басбашысаң, стол сениң не теңиң, столды бассыңа урасаң ба! Бунның балашағасы



да қайтып келепти. Панысқа түўесилген сайын қарсы май қуйып жүрген Назарбай симсик екен, енди, әбден кеңес ҳүкиметине — жаңа ҳүкиметке жаранбақшы болғаны, жаманның! Әй, жақса жақсын, бизиң немиз кетипти! Соннан бир күнлери Совет ҳүкиметиниң қырық жыллық мерекеси мүнәсибети менен қәбирдиң үстине район үлкен естелик салды, жән-жағын колхоз бағ етти. Ал, сол панис еле жанып тур! Инанбасаң, жолың түссе бир барып көре ғой, қайық та сол турысында тур, пионерлер келип, жылда майлап турған соң, оның үстине төбеси бастырылған соң дымы ширимейди екен. Қәне сонда жақсының шырасы сөнгени! Маған өз әкемениң атына баламның атын қойыўқолайсыз, сен бизиң ғаррының атына қой. Ал, мен кеттим...

— Ҳаў, қайда-а, аўхатқа қарасаңо! — деп атыр ағам.

— Жақ, — дейди ол. — Аўхатты Қаҳарман ағамның үйинен жермен...

— Өйдегениң ким?!

— Халмурат доктор-дә! Апамды гөр аўызынан қайтарып, жетпис беске шекем жасатқан адамның үйине биринши барыўым керек еди, алдымнан шығып, жолдан сен кайыра қойдың-дә, жезде! Еле мен Досжан ағаның да үйине барыўым керек, баласы әскерий ҳаўа академиясын питкерип, Байқоңырға кетти деп еситтим, уят ғой еситип отырып, қутлы болсынға бармағаным, — деди де тәўеллеге турмай кетип қалды.

Ол кеткен соң атаң:

— Тап усының тегин адам емес, — деди мени шақырып. — Гүўалыққа усының атын жаздыра ғой. Ендиги ақлығымның атын-ақ Бағдияр қойдырарман, — деп еди. Сол бойынша атың «Аллаяр» болды да кетти, балам. Сен маған мәзи өкпелеп жүрсең, бул «маған өкпелеме, атаңа өкпеле» дегеним емес. Бул ат өзиме де жақын болып қалған, себебин усы китабымды оқып көрип, бир түсинерсең. Сонда сен «Аллаяр» деген атынды «қызлер күледи» деп, комсомол билетине «Әлишер» деп жаздырғаның ушын да қысынарсаң.

Өзиң билесен, сен туўылғандағыдай емес, Аллаяр атаң ҳәзир тәўир-ақ қартайып отыр, жетпис бес деген аз жыл емес, ақыры. Сонда да тақат таўып, үйинде отыра алмайды, районы түўе Нөкистеги пионерлердиң де үлкен салтанатлары оның қатынасығысыз өтип отырға-

15—5515

ны шамалы. Әсиресе, оның менен усындай ушырасыўлар уллы Октябрь революциясы жеңисиниң жетпис жыллыгы алдынан гүжип кетти. Хәр көрген сайын: «Қалай, Нурахымет жораңыз шақырды ма? Аўғанстанда революция жеңип кетти ғой,» деймен. Ол мениң бунымды мысқылға жорымайды: «Өзим күтә қартайып қалғанлықтан аўған революциясының душпанын қыйратыў ушын сениң Аллаярыңды жиберип қойыппан ғой, қайсы Аллаяр болғанда не?» дейди.

Сол атаң буннан он жети күн илгери телевидениедеги «Мәртлик — мәңгилик» деген ушырасыўға қатнасты. Соң үйге келип қонды. Дуйым журт қызыл туў санап сыйлайтуғын бул кисиниң аманатын саған жеткериў маған ҳәм қарыз, ҳәм парыз, шырағым. Мақул тыңлап ал, усағына шекем түсирсем, ол кисиниң аманатын саған түўел жеткермеген бола жақпан.

— Аллаяр балама айтып жаз, — деди ол бир бармағын бүгип. — Биріншиден, өмирдиң адамға тек бир ирет ғана берилетуғынын мектептен жақсы биледи. Енди сол бир ирет берилген өмир тек өзине ғана емес, келешекке тийисли, онда келешек әўладтың да ҳақы бар, солардың ҳақын төлеп кетсин. Қарыз деген базда лөк төленеди, базда, көрпеңе қарай аяқ узатып, тапқан ўағыңда бере берсең. Кешеги урыста өлген Матросов, Космедемянскаялар лөк төлеп кетип еди, ҳәммеге оңдай тағдийр дус бола бермейди. Келешектиң қарызын тек урыстан излей бериў де шәрт емес. Бирақ, қай ўақытта да мойынындағы қарызын төлеп кетиўи лазымлығын билип жасаўы шәрт. Дуры-ыс, өмир адамға бир ирет бериледи, бирақ, өлим де адамға бир ирет бериледи, соны түсинип жасаса, батыр болып жасайды. Лийкин, өзиңниң инсаныйлық парызыңды, келешек алдыңдағы қарызыңды өтеп кетиў болмаған хәр қандай батырлық та, өлип кетиўлер де саналы өлим емес. Бул бир ғана ирет берилген өмирди қопаллық набыт етиў, майда-шүйде мақсетлер ушын жәнлик өлиминде өлип кетиўдур, соны түсинип жасасын, соны жаз Аллаяр балама.

Екиншиден, — деп ғарры ортаң бармағын бүкти, — мениң аўғанлы Нурахымет деген яшуллым қайдағы бир әрменлерге, әзербайжан менен грузинлерге, бизиң мынаў қарақалпақ пенен өзбеклрге өз хызыметин қарызға берген жоқ, ол тек адамгершилик парызын ғана өтеди.



Себеби, оның ушын инсанның бәри инсан, инсан — инсан ушын ғана жасаўы, оның тағдийри менен толғаныўы, ҳәмме бирдей «әдалатлық, жақсылық, бахыт-сәәдат» деген кийели нәрсе ушын гүресиек лазым еди, ол усы түсиниги бойынша ис алып барды. Жаз Аллаяр балама, мен Нурахымет ағама Аллаяр деген баламды аўған халқының душпанларына қарсы гүреске атландырғанымызды айтып жаздым. Мени ялғаншы қылмасын, мениң атымды жерге көмбесин, аўған революциясының жеңиси ушын ҳалал ҳәм қалыйс хызымет етсин, бизиң жеңисимизди беккемлеў ушын Нурахымет аға сөйтип хызымет еткен еди. Еле мен саған оның усы бизиң Пахтаабад райкомпартиясының биринши секретары ўағындағы пышақланғанларын, талай жыққынлардың басында қарабууранı арқасы менен тиреп турғанларын айтпай отырман. Онда мен Бердақ райкомпартиясының биринши секретары едим, талай бюроларда әдалатлықты қорғаў ушын естен танып қалғанша айтысқанларын билемен. О-о, қандай еди бизиң Нурекең! Сен де жазыўшыман дейсең, усылардың биреўин билмейсең. Неге күлесең?! Бизлер ушын большевиктиң түп нусқасы — тек Ленин ғана еди, бизлер бәримиз соған еликлеп жасағанбыз. Ҳәзирги ҳәр бир коммунист бизлердей болып, тек Ленинге ғана еликлеп жасағанда юристлериң қашшан талап таппай қалатуғын еди! Күлесең-аў, гәриңе күлесең бе, сенде де гәп бар!.. Сен мынаңқара, мен усы ҳалыма еле де бас судқа кеңесшимен. Өткен ҳәптеде пахта пункттиң исин қарадық. Сонда, айлығы жүз елиў манатқа жетпейтуғын бухальтерлердиң, пиремшиклердиң бәриниң аўызы толы алтын тис! Тап әбден тойға келгендей норки малақай кийип келеди-ә судқа! Сорастырып қарасақ, солардың бәри де партия қатарында болған! Ең болмаса бизлерге еликлеп жасағанда да сол бәдбақлар буншелли теззек қоңызға айналмас еди. Әбден елинде уры-ғар, бузықлық қалмай, гүл-лала гүл болып кеткендей НГУ дың юрфагин жаўыпты деп еситтим-аў! Әне самсамлық! Маған салса СССРдың орайлық юридиклик инсититутын Нөкистен ғана салдырар едим. Себеби, юристлер тек бизде ғана жақсылап шыныға алады, оларға бизде талап жүдә көп!..

Әне, үсейтемен, мийим қурысын, ғаррылық-дә, бирин айтып отырып, екиншисине өтип кете беремен. Ай-

тайын дегеним бул емес еди. Айтайын дегеним басқа еди. Балама қайтарына таман жазып жибер, Мурғап дәрьясының бойында Баламурғап деген аўыл бар. Нурахымет ағаның өзи сонда турады. Усы бизиң қыпшақта туўылған Есжан деген үлкен баласы Герируд дәрьясының бойындағы Дәўлетияр аўылында, оннан киши Бағдияры Гендиқуш таўы тамандағы Фараң аўылында, үшинши Қоңыратта ислеп турғандағы туўылған Қоңыратжан атлы баласы Түркменстанға жақын жердеги Сарыпул аўылында жасайды. «Усы аўыллардың қайқайсысына барып Нурахыметтиң баласының үйи қайсы?» десе, билмейтуғын адам жоқ. Аллаярынды жибер, барып балаларым менен таныссын, соң қарым-қатна асқа жақсы болады, бизлер өлип кетсек те олар қатынаса беретуғын болсын, қыйланбаса, Аллаярыңды биз де бир көрейик, — өзиңнен қалай екен?» деп жазыпты соңғы хатында Нурахымет аға. Ал енди, ғошшым, меннен батпан кем туўған болса, онда бармай-ақ қойсын, ал енди, бизиң абырайды төкпейтуғын болса балаң Нурахымет ағаның қолынан алып қайтсын. Мениң сөз бенен айтып жеткере алмайтуғын сағынышларымды айтсын,» деп кетип еди Аллаяр аға.

Балам Аллаяр, мен саған Аллаяр атаңның усы аманатын тапсырып отырман. Өзинди тек мениң емес, пүткил адамзаттың перзентимен, онда да ийгиликли мақсетлери жақсыларының перзентимен, жаманларының душпаныман деп санасаң аўған мийнеткешлери ушын жаман хызмет етпеген болыўың керек. Соның ушын мен сеннен әкең иретинде талап етемен: Аллаяр атаңның айтқанларының бәрин булжытпай орынлағайсаң, азаматым. Нурахымет атамызға, бизиң менен қаtаршығар әлбетте, оның балаларына меннен дуўа,-дуўай сәлем дәгейсең, мениң атымнан да, өзиңниң атыннан да Қарақалпақстанға шақырыўды умытпа. Дослыққа, инсанның инсанға умитылған жыллы жүрегине ҳеш қандай шегера тосқынлық ете алмайды. Усының менен хатымды тамамлайман. Нөкисте дийдар көрискенше хош, азаматым! 7-апрель, 1986-жыл. Нөкис.





## ТРИ ГЛАВНЫХ ВРАГА

*ПЕРВЫЙ ВРАГ —*
*КОММУНИСТИЧЕСКОЕ ЧВАНСТВО.*

*Коммунистическое чванство — значит то, что человек, состоя в Коммунистической партии и не будучи оттуда вычищен, воображает, что все задачи свои он может решить коммунистическим декретированием.*

*ВТОРОЙ ВРАГ —*
*БЕЗГРАМОТНОСТЬ.*

*...пока у нас есть в стране такое явление, как безграмотность, о политическом просвещении трудно говорить. Это не есть политическая задача, это есть условие, без которого о политике говорить нельзя.*

*ТРЕТИЙ ВРАГ —*
*ВЗЯТКА,*

*наконец, если есть такое явление, как взятка, если это возможно, то нет речи о политике. Тут еще нет даже подступа к политике, тут нельзя делать политики, потому что все меры останутся висеть в воздухе и не приведут ровно ни к каким результатам. Хуже будет от закона, если практически он будет применяться в условиях допустимости и распространенности взятки.*

*В. И. ЛЕНИН.*



Мен ырасын айтайын ба, ырасын айтсам, бизиң зайып жақсы емес, бирәдарлар. Бала-шағасын жаманлаған адамнан жаманы жоқ, сонда да бизиң ҳаял, бәри бир, жақсы емес! Бай-бай, оның бажылдысын сизлер билмейсиз-аў! «Қызымның қызына айтып кетермен-аў, есиң болса, жазыўшы менен илимпазға тийме! Дүньяда ериңниң итибарынан бийнесип қалғың келсе— соларға тий! Той-мерекелерге ериңниң изине мөлтилдеп ерип бара алмай, жесир ҳаялдай қақшаңлап, мудамы жекке барғың келсе, тап жазыўшыға ғана тий! Тамытасың жесир қатынның мүлкиндей аңсақ-саңсақ болып турсын десең, жазыўшыға тий шырағым дермен-аў!» Әне, үсейтип бажылдайды ол! Сонда да мен: «әй, ҳаялдың гәпидә!» деймен де машинкамнан ҳәрип шөплей беремен. Сөзиниң бәри қулағымның тусынан өтип кете бергенин сезген ол бурынғыдан да жулқынып, жер тепсинеди: «Адамның ең сорлысы — жазыўшы!»

Соңғы романым ҳаялымның усы гәпине мени бир пәўйе исендирип те таслады. Шынында да әбден тыйтығыма таялып шабылып қалғанман. «Журтлар отпусқасында ҳаялын қуўыршақтай жасандырып ертеди де курортқа кетеди, бунның түрине қара, үш ҳәптеден бери сақалын да қырған жоқ!..» Айтса айта берсин, сол күни романның соңғы ноқатын қойып, па-а-аҳ, йоштым-аў!

Бирақ, уйқым қашып кетти, көзимди жумсам болды — өлип атырған, күлип атырған, бети қыйсық, бети дүзиў биреўлер! Базда үстиме нефтобазаның нәҳән цистерналары жумалап киятырады да қашайын десем аяқ-қолым ләңленип кәтимде бақырып оянаман!.. «Жинли болыўына бес минут қалыпты!» деп күлди невропотолог қәйиним. Енди дем алыўым кереклигин өзим де би-

лип едим. «Романның да, повестиң де, гүрриңниң де атына бурыш-пияз! Бир-еки жылға шекем түк жазбайын!..» Сөйттим де машинкамды подвалдағы кладовканың қуўысына тықтым, көзим көрмеўи ушын ҳаялдың көрпешелик пахталарын үстине басып тасладым.

Арадан ҳәпте өтер-өтпестен Москвадағы солдат баламның изинен барыў планы туўылып қалды. Әлбетте, бул сапары да бизиң үйде әдеттегише пул кемис еди. Үйдиң қарсы манлайындағы қаңылтыр менен басырылған оң бир қабат жайы, қасқыр ийти, «ВАЗ—24» и бар складшыдан үш жүз манет қарыз алды да ушты дәкең! Жолға шықсам әдетим: «күтип ал, орын бронла» деп, журттың мийин айналдырып атпайман, туўра тартаман!

Туўра тартқаным қурысын, күним усындай, миймананың бәрин аралап шығаман да темир жол вокзалында түнеймен! Түнниң усыншелли узақлығын, адамның соншелли көп уйқылайтуғынын меннен көп билетуғын адам жоқ. Бир жақсы жери — бул қәрада телефон — автоматлар «безотказно!» Тийин салсаң «ғылқ» еттирип, таўықтай жутып қояды да гүўкилдеп достыңды шақырады. Ол, әлбетте, «хабарлағаныңда орын бронлар едим, орынсыз қалғаның қыйын болған екен. Орналасып алған соң, жолығарсаң, қурдасың менен бараман,» дейди де жаўып қояды. Ертеңине мәкаңыңды хабарласаң, әлбете, қурдасың менен жақсы кийимлерин кийинип келеди, «коне — ечно, за столом сөйлескен дым жақсы ғой..» — ресторанға барасаң, буның аўхаты жаққан менен жақпайтуғын таманлары бар. Сол таманларын билген соң «ден саўлығыма бола» бул сапары жораларыма звонламадым.

Темир жол вокзалындағы қатты диванда түнегенниң бир жақсы жери — ҳеш ким оятып ҳәлекке қалмайды, астыңа батып, төсек орыныңның өзи оятады. Сол ушын да Жазыўшылар союзындағы орын иретлестиретуғын адамымнан еки саат ерте келдим.

Ол ҳүжжетлеримди көрип. «Зеленый домга» бар Ол кәрада «Келгинди жазыўшылардың үйи» ашық,» деди де соған рухсатнама берди. «Жасыл там-Добролюбов 9/11» — мениң стдуентлик жылларғы жатақ жайым. Бунда мен кәсиплеслерим менен ғана емес, жасығым менен де ушырасып, жасарып қалдым.

Уақыт ол айтқандай кеш емес еди. Сонда да Голициноға барғаннан соң тағы жатақ жай излеў дәрдесери



жүрегиме түсип, кетпедим. Кеште қасымдағы бос кәткe меннен онлаған жастай киши, кәриснамай бир жигитти жиберди. Қабағы үйиңкилигине қарап, кем сөзли шығар десем, тұқымы азайып баратырған сөйлемшеклерден екен. «Мурынтаўдың мурыны» деген туңғыш топламы шығыўдан профессиональ болып кете қойыпты. Он алты китабым шықса да баспада ҳәр күни сегиз саат он еки минутты санап берип жүргенимди еситкенде ҳәйран қалғаны ҳеш гәп, түринен өзимди ақымаққа санап отырғанын сезип ренжип қалдым. Иренжидим дә тап усы бүгин Голыцыноға кете қоймағаныма өкиндим.

Шыра өширилген соң да қандайдур да бир судланған қарақалпақ инспекторының өз қолында жалпы дәптери барын, оқыйын десе түсинбей жүргенин, керек десем маған бере жағын айтып атыр еди. Сөйлемшектин: «классикалық дидактиканың үстине Наўайысынан баслап кресть қояр едим!.. Қосық деген ребустай шешиўи қыйын болыўы керек,» деген гәпи дым унамағанлықтан, дурысырағы, сөзлери жалықтырып жибергенликтен жалпы дәптер ҳаққындағы гәпи де түк қызықтырған жоқ. Таңнан турдым да Голиционға кетип қалдым.

Ертеңине кеште солдат улым менен келдим. Столдың үстинде үш-үштен тиркелип тигилген үш жалпы дәптер, оның үстине хаты, хатында: «Дәптерди саған қалдырып кеттим, дәртиңе жараса Наўайы қаласына бир бар, ийеси менен ушырастыраман, толықтырыўың мүмкин. Мынаў визиткам, мени усы адрестен табасаң...» депти де ушыраса алмағанына көп-көп өкиниш билдирипти.

Ҳәптениң дүйсембисинде улым менен Қазан вокзалында хошластым. Алдым бәҳәр болғанлықтан ата-бабам жайлаған Едил-Жайық бойларын шарлап ықласым кетти. Вогоным былқылдақ, дым жайлы еди. Қараңғы түскенше Ормамбет бий, Қотан ханлар жайлаған әтирапларға алақлаў менен болдым. Ҳәр қарағай бабамның шаншып кеткен бир найзасындай туйыла береди. Қараңғы түсти, аўхатланып алдым. Китап оқып көз талдырмай уйқыламайтуғын әдетим жаман, оқыйын десем, китап жоқ. Ақыры жалпы дәптердиң биринши-син алдым да шалқама таслап оқый басладым. Дыққатымды кем-кемнен суўдай симирип баратыр. Таң да атты, мен де биринши дәптердиң соңғы бетин жаптым, соң екинши, үшиншиси... Образ, характер, проблема —

бәри бар, мен ушын инспектордың өзи бәрин «ойып» таслапты! Енди тек оған машинкалап беремен. Адамлардың, мәканлардың атларын өзгертпесем, базы бир тасада қалғанлары қашып қутыла жақ!

Сыйқыршы шыбығы менен, дәрўазшы ләңгери менен ойнайды ғой, маған «жин шақыратуғын» — өз кабинетим, өз машинкам. Мен соған жеткенше асығып, шыбынлаған қулындай шырпындым-аў! Бундайын билгенде самолет пенен неге Нөкиске «диңк» ете қоймадым! Едил — Жайық та артымда қалды, көрдим бе, көрмедим бе, билмеймен, ойларым бәнт, инспектор менен бәнт...

Таң қараңғысында поездан түсип, үйге келгенимде еле күн шыққан жоқ еди. Бир портфельден басқа жүгим жоқ, салтаңман.

Илгиши сынық болғанлықтан веранданың есиги ашық қалыпты. Ишки қапы — тасқамал. Бала-шаға оянса да сыртқа шықпапты.

Бизиң веранданың подвалын өзлериңиз билесиз ғой, кладовкамыз да сол подвал, подвалдың үсти бастырма, оған өрмелеген жүзим шақаларынан жазы менен қолынды созсаң болды, солқым ала бересең. Есикти тартып көрип, иштен иликлигин билиўден ядыма машынка түсиўи мәтдал, өзимди подвалға урдым. Портфельди есик алдында қалдырғанда да таныр еди-дә, сол да есте жоқ!

Соң еситтим-аў, азанда сүтке баратуғын кишкене қызым биринши болып есикти ашыпты да қайтадан беккем жаўып: «подвалды биреў тасырлатып жүр!..» деп, «саўаш дабылын» қағыпты. Соннан дым хабарым жоқ, түпкирге тығылып тасланған машинкамды алыўым ушын көрпешелик көп пахталарды, түрли-түрли дузланған жемис банкларын былай көширип атырсам «Кимсе-ең?!» деп шаңқ етти бир даўыс. Жалт қарасам анаў есиктиң алдында үрпейисип бәри тур,, ҳаялдың қолында жалпақ гөш балта, қызымда оқлаў, балдызымда пол таяқ, тыржалаңаш киши ақылғымда ойыншық наган!

Аман-есенликти жол үсти сорасып, машинкалы ишке кирдим. Бир саатлардан өжиреге кирген жубайым: «жазыўшыдан сорлы адам жоқ,..» деп атыр, қулағыма дым кирмейди, дәптерди көшире бердим...



## БИРИНШИ ДӘПТЕР

Биринши мәрте судланғанымды есапқа алды ма, я ақ көкиреклигим пайда берди ме, ямаса заң орынында ислегенликтен тәртипке беккем билди ме, қулласы мени банчик, бизиң тил менен айтқанда моншашы етип қойды.

Бизинше мийнет пенен дүзетиў колониясын бул жердегилер қысқартып «ИТК» дейди екен. Бунын ишинде өзин ҳалына қарамай бек санайтуғын, бурынлары талай норка малақайларды дуканшылардан алты жүз манатқа шамалас «қалпақ» берип алып тоздырған, «аттан түссе де ерден түспегенлер» баршылық. Сошыққанда танымаған биреўлер «қайдансыз?» деп сорай қойса, «Ийтлерденмен» деп жуўап беремен. Шынында да мен өзимди ийттен артық санап жүргеним жоқ. Ийт болмасам, «Комсомол» совхозынын агрономшылығына неге бармадым, әнейдей өз кәсибим еди.

Бул дүньядағы ең жаман көретуғыным, — гүрим қазып болса да бир бийдайлап тапқанын инине тартатуғын гөртышқан менен теззек жумалатып жүретуғын қара қоңыз. Қазақлар буны «дүниеқоныз» деп күтә дурыс айтқан-дә! Бундағылардын көбиси сондай ийтлер. Өзим соншелли жек көрип жүрип, усындай дүнйиеқоңызлардың арасына қалай келип қалдым? Бунын да себеби бар, мақулы, бастан баслап соны айтайын.

### 1

Әкем Маҳмуд 1944- жылы урыстан майырылып келгеннен бир жылдан соң мен туўылғанман. Елиў екинши жылы усы күнги қарындасым Бийбайша туўылды. Пытырасы ойнап кетип әкем қайтыс болғанда қарындасым еле қырқынан шыққан жоқ еди. Еки аралықта Нурқасым деген инимиз болған екен, журттың маған бақырғанда айтыўларына қарағанда оны мен «жалмап» қойғанман, бул да аздай жети жасымда әкемди «жалмағанман».

Жети жас деген әнейи жас емес, ҳәзиргилер бул жастағы әширепилерин нәресте билгени менен бизлердики өз алдына бир күн болып өтти-дә! Бир шайыр боталаққа жазған қосығында:

«Сен ең болмаса жөнлеп
Емиўди үйрен,
Бизлер боталықты
Бозлап өткердик...» дейди-аў әрўана тилинен.

Мен де балаларыма усыны айтқым келер едидағы, лийкин, соны айтатуғын күнге бир жетермен деп жүргенде ИТКдан усы дәптерди жазып отырғаным ғой!

Мениң сол жети жас түўе оның арғы жағында өткерген күнлерим де ядымда тасқа қашалған таңбадай сайрам-сайрам болып қалған. Ядыма үңилип қарасам, биринши гезекте шашы-сақаллары қап-қара, қап-қалың, ашөлең, ақ қубадан келген байғус әкемди көремен. Оның жийрен сақалларының бетлеримди қытықлағанларын, шадыман болып күлгенлеримди бир өмирде умытаман ба? Ол жумысқа жарамаса да бәримиз бирден жақсы көретуғын едик. Аўылдың болдық балалары соның әтирапында. Ол бир төбешиктин үстине шығып алып, урыста көргенлерин, фашисти қалай өлтиргенлерин тамаша қылып айтады. Китаплардан ертеклерди, бахытлы балалықлар ҳаққындағы қосықларды оқып береди, бундай балалық тек қосықларда бардай көринетуғын еди сонда маған. Себеби, анам Бийбажар күни менен колхоздың жумысында болса түни менен я баслықтың, я бухгальтердиң дийирманын тартып, келисин түйип, үйдиң жетпесин жетирип турады. Сондағы колхозшылардың күнинен бизиң мына ҳәзирги ИТКдағы күнимиз мың есе абзал деп ойлайман күнлердиң күнинде. Әкем өлмегенде биз сол күнимизге де қайыл едик.

Әкемниң жылы берилген күни ағайинлер жесирдиң басын байлаўға жыйналысып еди, анам «еримниң төсегин ҳеш кимге патаслатпайман» деп шыққаны менен де көндириўи мүмкин еди, урысқа кеткенлердиң бестен бири де аман келмеген, жас қызлар ғаррыға да, майыпқа да өз ықтыяры менен-ақ кетип атырған, еркек киндиктиң басы аспан болып турған күнлери бизиң еки жетимли, минези ҳәўликпелеў, онша шырайлы да емес анамызға ким қыйсайып қарасын, кимниң қаны қатып тур! Анам да жыйналғанлардың дәстүрди бузбаў ушын-ақ жорта мират салып отырғанын билген соң өзин қәдирлеў ушын-ақ безекледи-аў сирә! Соның



менен өмиринше жесир болды да қалды, ойлап қарасам, сол оның ең соңғы жаўшылары екен.

Ол күнлери поселка ҳаққында гәп те жоқ, ҳәр жерде бир там. Бир елгезер ушын-ақ қоңысыникине барып қайтаман десең кеминде бир шақырым жол жүресең, басқа районларды ғой билмеймен, бизиң «Пахтаабад» районы усындай еди, бир жағы түркменлер менен шегаралас болған соң олардың қойды көбейтиў пешеси қарақалпақларға да дәстүр болып қалған.

Бизлерде қой жоқ едидағы, қой Жомартхан атаның үйинде көп еди, алыс-берис етип отырған да, ең жақын қоңысымыз да усы. Арқа жағымызда ярым шақырымдай шамалас жерде колхоздың кеңсеси, баслаўыш, мектеп, бағлы-ҳәремли баслық пенен бухгальтердиң, өндиристиң жайлары бар, бул қарағандағы ең шоқ аўыл сол. Сол аўылға барып отырыўға Жомартхан ағаның да кудирети келеди, бирақ, мал-ҳалының көп болыўына байланыслы елден ереклеў отырған өзи. Болмаса ислейтуғын мектеби де сол шоқ аўылда ғой. Өзи да ағамнан үш-төрт жас ғана кишилеў, урыстың ең соңғы жылына-ақ илесип, сап-саў болып келген ақ бозлақ, ботакөз, сулуў жигит еди.

Мени мектепке усы Жомартхан ағаның өзи апарды. Себеби, қойларын өз балаларынан да жақсы баққаным ушын мени жақсы көрер еди. Усы мектептиң директеры да, завучы да, муғаллими де өзи екен. Бир мезгил қойын бағып, бир мезгил оқыўымды оқып баслаўыш мектепти питирген жылым еди. Анам байғус бир күнниң ишинде сулыў-соқыр болып қалды да жетеклеп апармаған тәўибим қалмады. Жомартхан ағадан ешек сорап алып, ҳәтте көрмеген Хожелимдеги докторды да таўып әкелип көрсеттим. Олар әри-бери көрип: «бул глоукома деген, жазылмайды. Кудайдың қылғанына қайыл боласаң. О дүньяда «көзлилер» бейишке барады деседи-ғо мақсымлар,» деп, апама кеўил айтып қайтарды.

Бир есаптан, Жомартхан ағаның бизиң үйге ислеген жақсылықларын умытыўға да болмайды. Өйдегеним, сол адам болмағанда бизиң аўҳалмыздың оннан да аўырласатуғыны турған гәп. Апам колхоздың жумысынан бас пүкил қалды. Ол жыллары қалсаң қала бересең, пенсия дегенди де соң шығартып алдық, соған шекем сырттан кирген соқыр тийин болған жоқ. Бу-

рынғыдай апамды дийирман, келиге де ҳеш ким шақырмайтуғын болды. Дийханшылыққа мениң шамам келмейди, мал-ҳалдан әкем өлген жылы-ақ қол жуўғанбыз. Әне, сонда бизге Жомартхан аға жәрдем етти.

Үйден төрт шақырым жерден бир-еки жылдан бери кеңсе, дүкан, клуб, мектеп салынып, жаздың орталарында солардың қурылысы «питти, питти» болды да бәри көшип кетти. Азаўғазаў азаматы бар қоқтасынлылар болса қашшан-ақ көше-көше болып, жайларының ирге тасларын алабәҳәрден қаласқан екен. Қими шөкпер, кими атпадан жаз ортасында олар да жайларын ғаўқыйтып, пахта теримнен алдын-ақ биразы шала-шарбы питкерип кирип алысты. Гөне журтта бизиң үй, Жомартханның әкеси Нийетбай ата мал-ҳалы менен қалып қойды, өзлери де поселкаға көшти. Ал, жүзден аслам қойы, төрт-бес түйеси, еки-үш сыйыры менен булардың ояққа сыйўы қыйын, буларға усы дүз жақсы еди. Оқыў басланаман дегенше усылардың қойын бақтым.

Апам менен Бийбайша болса азан менен жетеклесип солардикине кетеди. Апама қолайлап, отырма дийирман қурып берип қойыпты. Соның басына дәнпәни менен әкелип бир отырғызса болды, еле отызға да шығып жалшымаған апам күтә қарыўлы, азаннан кешке шекем бир тынбай айналдырады да отырады. Үкемди де жатырқаған жоқ, балалары не ишсе оған да соннан береди. Балаларына таза кийим алса сәл гөнетозлары да бизлердики. Сентябрьде китапты балалары қатарлы маған да әкелди. Еле бир мезгил қой бағып, бир мезгил оқыўға қатынайман. Сабақ таярлаўға шопанда ўақыт аз болмайды, ешектиң үстинде жүрип те Аббаздың қосығын ядлай бересең, қой деген сыйыр емес ғой, ийирлери де көп, сондайда жазыўымды да уқшатып таслайман. Ақыры таза мектеп жүдә кеўилимди көтерип жиберип еди-дә, оның үстине бул — жети жыллық!

Ноябрьде мектептиң қаладан келген директоры, қандайдур да бир арзагөйлердиң себебинен шығып қалып, қаласына кетти. Мен буны Жомартхан ағаның үйинде болған соң, журттан бурын еситтим. РайонОНОның нәҳәнлерин де Жомартхан аға әкесиниң үйинде тай сойып күтти, өзи де Жомартхан дегенише



жомарт хан-дә, қой сойғанда да болатуғын еди ғой, келгени өзи төрт адам. Соларға мениң ең жақсы көретуғын қасқа тайымды сойып, геллесин алдыларына қойды. Хызыметтиң ҳеш кемиси болған жоқ, тек поселкадағы даңғырлаған жаңа жайында күтпей, әкесиниң гөне тамында журттан урлап күткени маған ерси туйылды. Тай берген соң даңғаранды журт билсе-дә! Ҳеш ким теңселискен, қосық айтысқан пияньларын көрмеген соң сонша берген арақ-шарабы да күйип кетти-аў деймен. Болмаса арақ көп ишилип атты. Буны мен тап сол бөлмеде болғаным ушын жақсы билемен. Себеби, олардың суўыған чайын төгип келиў ушын-ҳәм, қол шайдыртыўға да, сүмгиртиўге де, «ўәҳ!» дегендейи болса ләгенди алып жуўырыў ушын да мен керекпен, меннен басқалары бундайды келистире алмайды, сөйдейди яшуллымыз, мен буным ушын ишимнен мақтанып, өлгенимди билмей хызымет ете беремен. Олар Жомартхан ағаның узақ жыллар директор болыўы ушын узақ ўақытқа шекем кеса қағысып ише берди, ише берди, ише берди. «Усындай оңашада отырғанымыз жақсы болды, поселкаңдағы жайында болғанда бундай шағал мәслик қайда, қасқырдай улысып қосық айтпақ қайда?..» деп ишисти. «Бурынғы директордын үстинен арзаны ким жазса да берекет тапсын, уқшатыпты! Тас кести-ә!» деп күлип еди биреўи, шала мәс Жомартхан аға маған мәнили қарап қойды. Мен де яман баламан, дәрриў түсине қойдым, себеби, бул арзаны Жомартхан ағаның иресек-тирсек жаман почеркасынан өзимниң калиграфиялық почеркам менен тасқа басқандай етип өзим көширтип, конвертке де өзим салып желимлегенмен. Түнде Жомартхан ағаның өзи колхоздың почтақутысына ертип апарды да «анаған сал,» деди. Мен салдым. Өзи де мениң менен бирге қайтты. Не ушын бир конвертке еки адам керек болды, ҳәйран қалдым. Бирақ, «өле өлгенинше тисиннен шығарма» деген соң, директор жуўысқанлар арзагөйди соншелли мақтаса да «жазған ме-ен!» деп бақырып жибермей, өзимди өзим зорға басып отырдым.

Азанғы похмелден соң түске шекем бир қой жеп, тустен кейин бир-бирден қамар боярқа, бир-бирден костюм кийисип, машинасының артына бир тайдан шыққан қазыны тығып, кешки салқын менен жөнеп кетти.

Олар кеткен соң апам да, қарындасым да түрли-түрли аўхат жеп, шырайымыз шығып қалды.

Сол-сол екен, онлаған күн-ақ оқыдым, қайтып мектептиң қарасын көрген емеспен. Жомартхан ағамның өзи урыхсат берип қойыпты, «оқығаның сол, мал-ҳалың тыныш болсын, бул жағын өзим туўрылап қояман,» деди. Ырасында да туўрылағаны ғой, бизди сорап келген бир муғаллим, бир ийт болмады!!! Анам да тыныш, үкем де тоқ, бизики болса, үйренген талап. Қой бағаман қозы баўызлайман, онда да тек қамары туўылса ғана сөйтемен. Үсти-басым әкели балалардикинен де хот, кийип баратуғын жер болмаған соң еки жыллықта әперген костюмы еле шылт жаңа болып тур еди, мен жетиншини питкерген жылы да қағазы менен турған екен, кийип қарасам, жеңи шығанағымнан келип қалыпты. Жомартхан аға ири сүйекли, дәў тулғалы бола жағымды мақтап-мақтап, көз тийимеўи ушын түпирип, алып кетип еди, ертеңине дүканнан үлкени менен алмастырып әкелип берди, усы жақсылығын сирә умытарман ба, әкем болғанда да бүйтпес?!!

«Адам деген жақсылықты умытпаўы керек,» дейди апам зинҳарлап. Ал енди, жети жыллықты питирген гүўалыққа қоса мақтаў грамотасын әкелип бергенинде апам түўе, усы жақсылықларға елжиреп, өзим де жылап жибериппен. «Жылама қой, шырағым, — деди Жомартхан аға. — Саған ислейтуғын жақсылығымның бул еле үштен бири.»

Сөйтип жүргенде, жети жыллық мектебимиз он жыллыққа айналып, буған да Жомартхан аға директор болып қара-ап тур!

«Ҳәр қашан арақхор менен гиябенттиң қарғысы да, алғысы да қате кетпейди, қатықтай жуғады,» деген апамның гәплерине буншелли исенбеспен, ақыры, ойлап қараң, баяғы директор жуўыспадағы арақхорлардың «узақ жыл директор болгайсаң» деп кеса дүгистирип тилеген тилеклериниң қате кетпеўин қара! Айтыўына қарағанда буннан бир жыл алдын институтты сырттан питкерип алған дипломы күтә пайда берсе керек. «Сени де үсейтип сырттан питкертиўге болады, тек айтқанымнан шықпасаң, тамам,» деп дипломын көрсетип еди сол сапары. Соны көрип турып, айтқанынан шығып жинлимен бе, көп адам, әсиресе, колхозымыз совхозға айналған соң комсомол комитетиниң секретары Хожабай шақыртып: «сени мектеп директоры езип атыр, көзиңди аш!» деп еди, «көзим ашық, өзиң жөниңди тап, мен сениң комсомолың емеспен,» дедим де кетип қалдым.



Енди мениң қолымда жетиншини питкерди деген гүўалығым түўе мақтаў грамотам да бар, төрт жағым қубла, қудиретим жетсе қалеген техникумыма кириўиме болатуғын еди. Бирақ, соқыр анам менен еле үшиншиде оқып атырған қарындасым Бийбиайшам бар, оларды не қыламан, бийтаныс жерлерде кимниң үйинде қалай жатып оқыйман, сол жақларын қатты ойланаман. Ақыры, ғарежетти қалтаңнан шығарып, иштен, жатып оқыў түўе, сырттан оқығанның өзинде Жомартхан аға ҳәр сессияда бир тайды қазы қылып, қыры сынбаған пуллардан алып кететуғын еди, сол азығына кетип турғаны болса, бизиң үш жылға қанша тай, қанша пул керек, соларды ойланаман, болмаса, апам бул үйдиң хызыметин сыйпаланып жүрип ислесе де күнин көреди. Бул кәрадағылар соқырға да ылайық жумыс таба алады, мәселен, бул үйдиң қойы көп болғанлықтан ҳеш қашан түтетуғын жүни түўесилмейди, бизиң апам болса ғой, жүн түтиўден жарыстырғанда жәҳан чемпионы болыўы да мүмкин, ғөрек шығарыў, тары түйиўге оннан да бетер, бирақ, дүканларда ун көбейип, тартып ишиў қойылғалы дийирманшылық талабы жатып қалды. Сонда да ис баршылық.

Қатты еки ойлы болып жүр едим, Жомартқан ағаның Нөкистеги Қалий деген әмекиси еки баспақ әкелип қосты. Өзи Нөкистеги бир жем складта екен, жемнен мудамы усы қарасатуғын болғанлықтан: «Өй, Қалеке, басбақты өзим-ақ беретуғын едим ғой, сонша жерден мешин жаллап ҳәлексең,» деп, Жомекең де, Нийетбай ата да асты-үстине шығып, қойларын сойып, бүлип қалды.

Әне сол киси: «усы Әбилқасымыңа бек бол, диплом болса өзим әперемен,» деп кетти. Диплом болса анаўмынаў ис қолымнан келе беретуғынын өзим билемен, дипломлыларды да көрип жүрмиз ғой, малдың, дийханшылықтың жағдайын мен қурлым билмейтуғынлары да бар екен, көрип жүрмиз.

Сентябрьде: «алаң болмай талабыңды ислей бер, оқыўға онды питкерип барасаң,» деди Жомартхан аға, өзим де шулғынып турған жоқ едим. Сегизинши класс-

та бир ҳәпте бой көрсеттим, түк сызбайман, түк! «Қыйсық сызық, үш мүйешлик, тангенс, когангенс» дегенлердиң де анықламасы бар екен. Бирақ, малдың изинен жуўрып үйренип қалғанман ғой, физкультурада жуўырыў, секириўден алдыма адам салмадым. Ал енди, әдебиятта бунық Бердағы ма, Жийени ме, мениң оқымаған шайырым, жазыўшым қалмаған екен, мазмунын айт десе қосықты қатарын түсирместен ядтан айтып бере бердим. Тарийхы да қызық екен, мени қуртқан математика, биология, химия!!! Уҳҳ!.. Қырық бес минут емес, қоңыраў менен қоңыраўдың арасы қырық бес күн, мынаў класс емес, бир тар қапес болып, геўдем қысылып сала береди. Ақыры: «бурынғы күнимди көре берейин, мынаў қысыўметиңнен қутқар,» деп, Жомартхан ағаның кабинетине өзим бардым да буннан соңғы үш жыллық мийнетти жалынып тилеп алдым. Бул дүньяда нәрсе түсинбеген нәрсеңди тыңлап отыра бериўден қыйыны жоқ екен, неде болса жайлаўыма қайтып, малдың изинен жалаң аяқланып жуўырып, оңып қалдым! Жомартхан ағаның сол жақсылығын ҳеш қашан умытпастан деп едим...

Өтип баратырған өмир деген-дә, бир күни қарасам, онышы классты да питкерипшен. Оны Жомартхан аға аттестат әкелип бергенинде билдим. Бул жақсылығын еси бар адам умытар ма?!

Әйне сол күнлери «Пахтаабад» районынан бир патырат шығып, мал санаўдың ызым-сызым хабары келди де бизлер еки жүзден аслам қойды айдап, Нийетбай ата менен Үстирт жақтағы бир әмекисиниң үйине бардық, қула дүз, сирә бул жақларды еле ҳүкүмет сорамағандай. Қой, түйе дегенлери мыңғырып жүр. Ғарры бир ҳәптеден соң қайтып кеттидағы мен усы кәрада еки ай болдым. Қалийдиң бул үйге де қосып қойған маллары бар екен соған Бейнеўден киятырып соғыпты. Сол яшуллы мени түнде аўлағына шығарып: «көзиңди аш, Жомарттың қолында өлип кетесең! Үйиң менен көш те бизикине бар, өзим Аўылхожалық техникумына оқытаман, үйлендиремен, кемпириң менен қарындасыңның оңысығы да меннен болсын,» дегенди айтты. Мен, әлбетте, әкемдей болып қалған Жомартханның айтқанынан шыға аламан ба, сол урықсат берсе, баратуғынымды айтып қалдым.



Арадан бир ҳәпте өткен соң: «Қойды қалдырсын да өзи келе берсин,» деп, изимнен яшуллым «ВАЗ-69» машинасы менен баласын жиберипти.

Келсем, яшуллының сылайы төмен. Қашшан партиядан шығармағаны менен директорлығын алып қойыпты. Айтыўына қарағанда: «Өмиринше жумсап киятырған Әбилқасым Махмудов деген қулы бар» деп, биреў арза жазыпты, бул журт тынышына жүре ме, соған күймеген жерим қалмады! Ертеңине бир машинаға гөпе-көкси көрпе-төсегимизди, ол-булымызды тийеп, Нөкиске кетермен болғанымызда апамның Жомартханның анасы менен қушақласып турып жыласқан даўысы еле ғана есимнен шықпайды-аў! Баяғы комсомол комитетиниң Хожабай деген секретары: «Еле де абайлы бол, енди адам болатуғын жағына шықтың. Бирақ, сен булардың өзиңди езгенлиги, өмириңди қор қылғанлығы ҳаққында түсиник хат жаз,» деп қағазын созып еди, жыртып-жыртып ақ таўықтың пәриндей шашып жибердим де: «жөниңе жүр, мен сениң партиялық есабыңда турғаным жоқ,» дедим. Өй жаман, жақында совхоздың партком секретары болып еди, бәри усынын таўып жүргени екен, бул журт қотыр ешкиден де жаман, сүйкенбай жүре алмайды! Ақыры мениң туўылған жеримнен көширип тынды! Аўылдан баяғы ақ үйли болған байларға меңзеп алысладық, қарындасымды «оқыўын питкертип жиберемен» деп, алып қалды, буннан артық ағайиншилик бар ма?!

Әмиўдиң көпирине жете бергенде апам менен Жомартхан аға минген «ВАЗ-69» бизлерден озып, ерип отырыўды ишаратлап өтти.

## 2

Барлық ҳүжжетимде мен Аўыл хожалық техникумының агрономия бөлиминде студент едим. Буным ырас, бир мезгил тәлли-пәлли менен бой көрсетип қайтаман. Қалий ағаның жайы үлкен шарбақтың дәрўазасының алдындағы жаман там, жаман болғанда да дым жаман, төбесинде жөнли ший пәтик те жоқ, ыс басқан ийт арқа. Ғалы-гилем де көрмейсең. Усының бир қабат жайында апам екеўимиз турамыз. Отын, суў, аўҳат, бәри мут. Қалий аға қонақ келмесе де ҳәптесине бир қой, еки айда бир тай сойып алады. Тайы-қазы, қойы-

таза сорпа! Бетимиздиң сарысы бес ели болып, ҳеш қашан да шеңгекте нәўбет күткен емеспиз.

Күни менен ҳәм совхоздан машин менен қыйлы-қыйлы жем төгилип атады да понд-понд болып, брезинттиң астында жатады. Қалий аға «Москвичи» менен бир жақларға кетип жүреди, талабын өзинен басқа адам билип жалшытпайды.

Бизиң талап-малга қараў, әкелинген жемлерди оқыўдан келген соң дүбелейге, шымшық, кептерге сепситпей брезентлер менен жаўаман. Теңге деген ҳаялы не ислеў кереклигимди көрсетип жүреди. «Қапла» дегенин қаплайман, «сыпыр» дегенин сыпыраман. Бул кәрада кран не жесин, қудық, та жоқ, әўелги күнлери суўды еки фляганы теңлеп, дәрьядан ешекли тасып жүрдим. Төрт қалта гүнжараға бир шофер үлкен цистерна түсирип кетти. Тағы бир суў машин соны еки күнде бир қалта жем берсек, толтырып кетеди де турады. Биз оны еки күнге шекем тағы тақырлап қоямыз: шаңғытпаўы ушын складтың ишине Теңге жеңгей екеўимиз шелеклеп суў сеўемиз. Ушып кетпеўи ушын жемлердиң үстине де шашамыз. Буннан да тысқары жасы жигирма жигирма бирлердеги Ақша деген жесир ҳаялдың үйи бар, Теңге жеңгейдиң айтыўына қарағанда өзи жетим қыз екен, күйеўи де авариядан өлип ағайинлери Қалий ағаға зорлап басын шатыпты, «бул үйге қол көп керек, тағы ҳаял аламан десе де мейли,» дейди Теңге жеңгей. Ақша жеңгейдикинде Қалий аға тек шамалы арақ ишкен түнлеринде ғана қонып келеди. Бирақ, бундай ишиспек күтә сийрек болғанлықтан Ақша жеңгейдиң үйине барсам, еки көзи мени жеп сала береди, орынсыз-ақ сыңсып сөйлеп, сыңқылдап күледи. Бурынғы күйеўинен үш жасар баласы бар, өзи Тақтакөпир районының қыйырындағы бир совхоздан екен, жамбас муғаллимнен төртинши классты-ақ питкерипти. Мал күтиўге, ер күтиўге пул санаўға, аўхат писириўге бенде емес! Баққыға қойылатуғын қақсал өгизлер, арық сыйырлардың көбиси усы үйдиң қорасында бағылады.

Мал базары түбимизде. Семиргенин семиргендей базар күнлери Ақша екеўимиз таңнан турып алып кетемиз. Нөкистиң мал базары тек он бирге шекем ғана қызады, соған шекем өткени өтип, өтпегенлери я кетип атады, я хәр жер-хәр жерде қаңқыйысып турады. Бу-



ған шекем Ақша жеңгейдиң сумкасында семиз маллардың пулы болады. Әйне усы ўақытта қалий ағаның өзи баласы Шербекке «Москвичин» айдатып, жетип келеди, өтпей қалған қақсаллардын да оғыры арықларын бизлерге саўдалатып, Шербек екеўи дәлдалшылық етеди.

— Бир жетим бала екен, үйленип еди, ене сүтине қадеге апара жақ. Басқа дәртке аспайды мынаўың. Не қылды, тамның басында бақтың ба, баўыр қурттан да хабары бар-аў! Ала ғой бала, апарып таслағанынша жаны шығып кетпесе болар, — деп, әдеп мени үкитлейди. Соң: «Бере ғой,» деп, мал ийесине тәўелле салады. Саўда келиссе оннан бес манат, меннен бес манат, ширинкене алады, келиспесе «өзиң бил, саған анаў өликсе-ақ болады» деп, келеси көтеремге өтеди.

Қулласы, ҳәр базарда үш-төрт семиз малды пуллап, төрт-бес көтеремди алып қайтамыз. Бул көтеремлердиң үйге келгеннен соң бахты ашылып қалады. Арғы басы еки ҳәптениң ишинде топтың оғындай жуп-жумалақ болып, я базар ортасы Қалий ағаға еки-жүз, үш жүз манат «ишкен-жегенин» төлейди де алшаңлап басып деңгенеге кетеди, ямаса таңнан базарға барып, семизлигине қассаплардың таңлайларын тақылдатып, мурынын жалап маңқыйып турады. Саат он бир-он екилерде көтерем саўдалаў тағы даўам етеди, тағы тирсеги қағысып, қораларға көтеремлер кирип атады да бир-еки ҳәптеден соң ойнақлап шығып кетеди.

Бул үйдегилердиң үлкенинен кишиси, баласынан-шағасы, бәри мал ушын аллаталаның арнап жаратқан мақлуқлары ма дейсең! Малдың тилин билмейтуғыны жоқ, өмиримше мал изинде жүргенликтен мен де әнейи емес едим, бирақ, булардың ерке өсти деген баласы Шербекке шекем малға меннен түсимпаз келди. Ҳәммеси де не қылса да уқшатып ислейди, шаўқым, кейис дегенди бир де еситпейсең. Ҳәмме өз ўазыйпасын үнсиз уғынып, үнсиз ислеп баратырған, бир де бир быжықты, папаланды көрмейсең.

Шербек екеўимиз саўатқа да биримизди биримиз қойыспайды екенбиз, ол да бизиң техникумның бухгальтерлик бөлиминде, биринши курста оқыйды. Ол да мен қусап китаптың бетин ашпастан мектеп питкерип, «танкисиниң» күши менен техникумның «шегарасын

бузып» кирген, мен де сондай. Екеўимиз де түйдей жасласпыз. Ол да китаптың бетин бир ашпайды, мен де бир ашпайман (бурынлары оқыйтуғын едим). Солай болса-ҳәм ол да стипендия алады, мен де аламан. Байқап қарасам, бизиң Қалий аға бул шәҳәрдиң ең уллы адамының бири екен. Не бир милиционерлер, не бир доцент, профессорлар, бизлерге аўырмасақ та бюллетень беретуғын не бир врачлар таўықларына кепек сорап келгенлеринде байқайман, сирә буннан ғарезсизи жоқ шығар? Булардың таўық, мал сақламайтуғыны жоқ шығар? Бизиң техникумның айырым муғаллимлери Шербек екеўимиз бенен «сиз» деп сөйлеседи, пахта, отақ күнлеринде не кеселимиз барын өзлеримиз билмесек те тек врачтың өзи биледи, биледи де: «бөтекеңде тас бар,» дейди, тамам.

Сөйтип, ол да биринши курсты тамамлады, мен де питирдим. Жаздың басында ояқтағы малларынан хабар алыўға кеткен Қалий аға сол жылы жабандағы Жомартхан ағаның қолында сегизиншини питкерген Бийбайшаны алып келди де онлаған күн жумсағаннан соң: «бул қызым маған унады, малға да, үйге де жақсы қарайды екен, устап-тутқаны да минтаздай. Ендиги жағында өзим бир адам қылайын,» деп, бизиң техникумының бухгальтерлик бөлимине ҳүжжетлерин тапсыртты да екеўимизди бурынғыдан — ҳәм бетер миннетдар етип таслады. «Усы жақсылығын өле өлгенинизше умытсаңыз, ақ сүтиме ырза емеспен,» деп жылап жиберди бир күни Бийбайшаның мандаттан өтип, студент болған хабарын еситкенде апам. Бизлер де қамсығысып алдық ҳәм Қалий аға менен Жомартхан ағаға өлгенимизше садық боламыз!» деп исендирдик апамды ҳәммениң көзинше.

Бул жақсылықлардан бурынғыдан да бетер жигерленип кеткен апам сыйпаланып барып, суў толы цистернаның үстине отырып алады да Бийбайшаға суў әперип турады. Бийбайша болса усы бүгин түнде сатылады-аў» деген үйиўли жемлердиң үстине себелеп келе береди. Бир машин жем қапылғанда бир бочка суўды көрдим демейди. Аларманға билдирмеў ушын Шербек екеўимиз араластырып таслаймыз. Бунымызды тек журт көрмесе болды. Күни менен жеңил машиналар келип-кетип атады. Теңге жеңгейдиң бир жуўабы: «қараңғы түскен соң келе ғой, зәриў екенсең, питирмесек болмас. Бул, ақыры, жем дүканы емес-ғо, совхозлардың ўақытша сақланып турған жеми, саған тек бир-еки қапшықты қыймаслықтан беремен...»

Қараңғы түскен соң усындай қыймаслар күтә көбейип кетеди. Еки жүзлик лампочкалы өрениң түбинде былай қарап турған үйрекке меңзес нәҳән шойын тәрези бар. Келген адам шырўанын шытырлатып соның басында турады да Шербек, Бийбайша үшеўимиз кенебин толтырып тасып турамыз. Оған қол суғып көрип атырған ийтим жоқ, ҳөл ме, қуўрақ па, қолына тийгенине қуўанып, килосына жигирма тийиннен шыртып төлеп, легковойларының жүкжайына жайлайды да ҳайт қояды, соң екинши клиент, қулласы, түнги он екисиз аўхат ишиўге пурсат жоқ, ҳәр күни солай болған соң жем сатпаған күнлерде де он екиден бурын уйқымыз келмейтуғын болып қолған. Сонда да азанғы алтыда бир адам «тур!» демесе де ҳәммемиз бирден өрре-өрре турысып, жапа-тармақай мал күтиўге айналыса беремиз.

Әне, сондай жем сатыспақтың қызып атырған бир күнинде шәпеги қыйсайған биреў келип: «ОБХСС танман!» деп, маған ҳүжжетин көрсетти. Мен Қалий ағаның үстине кирип кеттим. Ол Ақшаның үйинде еди, келсем пижамышаң арқасын жалаңашлап Ақшаға «ҳәй-ҳай...» лап уўқалатып атыр екен. Суўық хабарды айтсам басын да көтерместен «бери ертип кел!» деп жиберди.

Мен ертип келсем, еле сол жатысы. Түргелип отырдығы былай шығыўды ымлады. Ол төрлемеди, гүрсиге отырды да хүжжетин созды. Ҳүжжетти Қалий аға алды, бирақ оқымады, түргелип барды да буфеттиң шкафына салып, қулыплап таслап: «Сен қайта бер, — деди жаңағы кисиге. — Ҳүжжетиңди ертең түстен соң полковнигиңнен аласаң! Ол киси арғы күни курортқа кетеди, менсоған пул таярлап атырман, еситтиң бе?!» бақырып жиберди. Ол жигит те қыза жақ еди: «егер айтқанымды қылмасаң, ҳәзир акт дүземен де төбеслес шығарғаның ушын мынаў жем өширтте турғанлардың бәрине қол қойдыраман. Арғы күни ийниңе аўырлық етип жүрген пагоныңнан сыптай болып, журттың гербишин қуясаң! Тез шықпасаң, топылғаның ушын ҳәзир байлатып таслайман!..» деп еди, жигит қатты албырап қалды.

Ол кеткен соң мен жигитти жүдә аядым, өзим де қорқтым. Сол күни Теңге жеңге баласы Шербекке «Москвичин» айдатып, Жомартхан ағаның ҳаялының туўылған күнине қатынасыў ушын «Пахтаабад» қа кетип еди-дә, жемди мен сатып тур едим. Тәрезиниң басында сонша клиентти шуўлатып, «сатпайман,» дедим де Қалий ағаның үстине кирип кеттим. Ол қашшан турып, кийинип, бир лаўабы кеса геширдиң суўын симирип атыр екен. «Жуўабын өзим беремен, инанбасаң, ертең көзиң менен көресең, мениң сеннен жасырын әңгимем жоқ, бар, сата бер!» деп жиберди. Мен келип Бийбайшаға: «сен өлшеп берип, пулын ала бер, өзим қаплап жеткиземен,» дедим, клиентлерим қуўанысып қоя берди.

Қолына тутқызған қалтаға апам қолы менен гүреп салып-ақ жарыдан аўдырады, соң бир ләгенди үйип толтырып қояды, соның менен найзадай бир қап тикленеди, мен тәрезиге сүйреймен.

Саат кешки онлардың ўақтында Қалий аға бир клиенттиң машинасына минди де кетип қалды. Енди мени бөри жейтуғындай қатты қорқтым. Жаңағы ОБХСС бес-алти милицонер менен қайтып келсе не қыламан?! Маған Қалий ағай қашып кеткендей көринди. Бирақ, ол қашпаған екен. Саррас бир ярым сааттан соң кеткен машинасы менен айналып келди де маған машинаның артына бир қап гүнжара салыўды буйырды. Салдым. Жигит:

— Хызыметиңиз болса айтып тура бериң, яшуллы, — деп, қайта-қайта жалбырақлаўы менен кетти.

Азанғы саат он бирден өте бергенде «милиция» деген жазыўы бар «ВАЗ-69» машинасы келген ўақытта мен, биллә, дамбалымды ҳөллеп ала жазладым! Қалий ағай дым қорқпайды, милиционер-шофердың қапталына мардыйып минди де артқы отырғышты маған нусқады.

Айтып қойса керек, аўыздағы милиционер де бизди онша иркпеди. Мен узын коридорда Қалий ағаның изине ерип баратырып, кешеги ОБХССтың жигитин көрдим, түрине өли шырай урып кетипти. Бизиң яшуллыға қол созып еди, суўық-селки қолының ушын берди де арман жүриўин даўам етти. Мен бул шақырыспақтың изи жайшылық екенин соннан билип, аяғыма диңке ене баслады.



Бурын кинафильмлерден көрип жүргеним болмаса тири министрди биринши көриўим. Биз кирип, аманесенлик сорасып болыўдан кимдидур, микрофоннан шақыртты. Кешеги жигит кирип келди де полковниктиң алдында шаншылып турды. Полковниктиң болса жигит киремен дегеншеги жүзиндеги жадыраңқылықтан түк қалмастан бирден түнерди де алдындағы қаққан қазықтай капитанға ҳеш итибар берместен микрефоннан тағы кадрлар бөлимин шақырыўы мәтдал, дәпең бир сары подполковник кирип келип, министрдиң қарсы алдыдағы столда жүзин жигитке қаратып турды. Министр бурынғыдан да сурланып:

— Назар Рейимов! — деди көзин айырмастан. — Удостворониеңизди столға қойың! — Жигит ләм-мийим, көзи бақырайып тур. — Мен сизге айтаман, капитан столға қойың!..

— Мына кисиде, — деди ийеги менен Қалийди нусқап.

— Өзиңиз бердиңиз бе, басып алды ма?

— Өзим бердим.

— Не ушын бересиз?! Не ҳуқуқыңыз бар биреўге услатыўға таслап кетиўге?!

— Алып қойды.

— Алып қойса жарағыңызды да бере бересиз бе?!— Жигит тағы тилин жутып қойғандай. — Не ушын сиз сатылмаған жемди «сатылды» деп, жала жаўып қорқытпақшы боласыз?!

— Сатылып атыр еди, Балтамурат Жамалатдинович!..

—Мен сизиң ушын полковникпен! Министрмен!

— Әпиў етиң жолдас полковник! Сатылып атыр еди...

— Не менен дәлиллейсиз, акт, гүўаңыз бар ма?!

— Жо-оқ...

— Ал, бунын гүўасы ба-ар, — деди Қалий ағаны ийеги менен нусқап. — Мың манат пара сорап, қорқытқаныңыз..

— Бул жала-а, жолдас минин...

— Гәпти бөлме-е! — Стол шарп етти. — Мың манат пара сорап, қорқытқаныз. Және: «Министр соратып жиберди» дегенсиз, мен қашан сораттым, неге мениң абыройымды төгесең?!!

— Олай дегеним жоқ, жолдас минис!..

— Тур, бала-а! — Министрдиң қәҳәрли көзи маған

жалт етти. Қалий де көзиме мәнили қарап үлгерип еди. — Айтты ма?!

— Айтты-ы! — Адамға жала жабыў, умытпасам, усыннан басланды.

— Сени «адамларды шақыр» деп жиберди ме?!

— Жиберди-и.

— Мынаў Теңге, Ақша, Шербек, Ертай, Нуртай, Нурым дегенлерди, — деди Министр азанда мен оқымастан қол қойған актти оқып отырып, — Ертип келсең, қапы иштен ырас-ақ илик пе екен?

— Илик екен.

— Қалийди түйип жиберип, капитанның шыға қашқаны да ырас ғой!

— Алды-артына қарамастан зытты! — дедим енди шынға усатпасам болмаслығын уғып. — Изинен қуўа жақ едик, қуўмадық...

— Оннан соң мына актти жазып, қол қойыстыңыз, солай ма?!

— Барлығы ырас, — дедим капитанның кем-кемнен кеңейип баратырған көз қаршығына қолайсызлана қарап турып. Ол маған уяң даўыс пенен:

— Сени де комсомолға алған шығар-аў! — деди нықыртып.

— Мен не деримди билмей қалдым. Министрдиң қарсы алдындағы подполковник уўыслап отырған басын көтерип:

— Хызыметкеримизди арзагөйдиң көзинше бүйтпеўимиз керек еди,.. — деп атырғанда оған жеп қоятуғындай адырайған полковник

— Бул сизиң хызметкериңиз, жолдас подполковник!— деди ашыўлы. — усындайларыңыз тағы да бар болса жыйнай бериң! Не ушын түсингиңиз келмейди сизиң, әңгиме мениң атымды патаслап, пара сорағанында болып тур. Соның ушын мен тап усы адамлардың көзинше, булар сондай пикирде кетпеслиги ушын ҳақлығымды көрсетип жибериўим керек. Болмаса сиз қурақым мен де билеме-ен этиканы. Не ушын мен сораўжуўапты магнитафонғонға жазып отырман?!.

— Жазып па едиңиз?!.

— Подпол-ков-ни-ик! Кадрлар мәселесинде мен онша, сиздей демей-ақ қояйын-дә, сада емеспен. Мынаў— хызыметкериңиздиң таслап қашқан удостовренияcы! Акт, магнитофон пленкасы, ҳәзирше, бизиң сейфте турады. Ҳәзир истен босатасыз да үстинен жинаятлы ис қозғайсыз, А-ал, отағасы-ы, — деди бизиң отағасыға жүзин жылытып. — Бизиң ишимиздеги нықапланып жүрген парахорды тутып бергениңиз ушын, раҳымет, Алдағы ўақытта да усындай жәрдем етип турың. Жолдас подполковник, бул киси менен мынаў балаға именной саат болса да бир сюрприз мәселесин қарас...

— Жолдас министр! — Капитан ышқынып гәпти бөлди. — Мени бир тыңлаң, ақыры, көп жыллық хызыметкериңиз бен-ғо!..

— Сизди тергеўде тыңлайды. Көп жылдан бери тута алмағанымыз өкинишли, сен ақымақ, — бирден сенсиреди. — Үсейтип, нешше министрди сыртынан параға саттың екен?! Сизиң көп жыл тутылмай ислегениңиз биз ушын жинаят, енди хызыметкеримиз емессиз, босандыңы-ыз, түсиникли ме, босандыңы-ызз?!!

— Түсинди-имм, жолдас минист! — Назар Рейимов бирден танланып кетти. — Түсиндим Бирақ, сиз де түсинип қойың, сизиң де босанатуғын ўақтыңыз узақ емес! Партия бүйтип сизди де қоймайды, «парахор» десем, мени тағы «жалахор» дей жақсыз...

— Тыңлай билиў де искусство! Айта бериң, — деп күлди министр басқа ҳеш нәрсе айтпады, капитан қолын бир силикти де кетип қалды.

— Онда сөйтемиз бе?

— Енди қайте жақсыз, подполковник, я басқа законыңыз бар ма?

— Яқшы онда, — қағазларын жыйнастырып, подполковник те шықты.

Қалий аға: «аман барып, саў қайт, иним, усындайларыңнан өзиң қорғамасаң, басқа арқа сүйеримиз жоқ», деп атыр. Ол да:

— Жети адамың шаймаламасын, «әўлийениң көрингени көринген,» қалай басласақ солай тамамлаймыз, — деп қалды, қәтиржам, өктем.

— Дийдимнен бир шықтың, балам! — деди яшуллы таксиге минип атырып. Оннан да, меннен де басқа саза шықпады.

Булардан бастың аманында қутылыў керклиги усы сапары биринши мәрте хыялыма келди. «Жаўыз, жаўыз екен булар! Тез кетиў керек, тез!...» деймен, лийкин,

қалай, қайда кетиў керек, алдым ылдый, артым жар. Жер сыйпаланып отырған апамды, жетимлик пешанасына жазылып туўылған, көзимниң ағыў-қарасындай қарындасымды қалай асырайман, қайларға жетеклеп бараман?! Биййбайша екеўимиздиң қырық манет стипендиямыз, апамның отыз манат пенсиясы жай кирейге жете ме, үш гегирдекке, мынаў кепинимиз болғыр кийим-кеншекке жете ме?! Биййбайша да қыз болып киятыр, енди оның да журтлар қатарлы жылтырақ кийингиси келеди, қапылған күн болды бул, қапылған күн!..

Көп узамай бир-еки мәрте тергеўге шақырды. Бир мәрте жүзлестирди. Қапитан келген күни үйде болмаўына қарамастан Теңге жеңге де, Шербек те бетлери жызз етпей «бапладық» десип шықты. Соң мениң менен жүзлестирди. Жардай капитан, көзлерине ҳарғынлық шөгип, демниң арасында қорығын қалыпты. Мен де қәдимги, үйретилген тоты едим, тутлығып-тутлығып болса да үйретилгенди сайрап шықтым. Қапитан жүзиме түпирип жиберди, мен питегене жеңил тарттым, урғанында оннан да жеңилленетуғын түрим бар еди, урғызбастан, еки милиционер қолларына кисен салып, прокуратурадан алып кетти.

Министр Балтамурат Жамалатдинович курорттан келгенде капитан Реймовтың көп жыл арқалап кеткенине еки күн толып еди, судтың алдында майда-шүйде бес бала-шағасының уў-шуў болып жыласқаны еле қулағымнан кеткен жоқ еди. ИТКда усы жүргенимде үрпе-шүрпелердиң қарғысына ушырғандай, көз жасы тутқандай сеземен өзимди, мениң жетими қарындасым, анам не қылып атыр екен, қайсы муңлы муқамлардың ырғағына салып, екшеп-екшеп жылап атыр екен. Усы өмиримниң ишинде анамның айтынып жылағанларын да, қарғанып жылағанларын да көп еситкенмен, қосық айтқанын көрмегеним менен қосық айта қойса даўысының да жүдә хош ҳаўаз, саз екенлигин жүдә ғана жақсы билемен, бул даўыслар мениң өзимди де талай-талай елжиретип жылатқан, бул даўыслар соныңдай муңлы, соныңдай тәсиршең, көкиректиң түпкиринен шығатуғын, ҳеш жасалмалылықтан қосымтасыз даўыслар еди. Солардың қайсысы менен жилап атыр екен көзи де, кеўили де соқыр байғус, биййшара анам?! Қулағымда тал-тал даўыс, анамның жылаған даўыслары, төрт жағым түксийген диййўал, ИТҚаның ИТК моншасының диййўалы, мен енди усы диййўаллардың ишинде жуўынып шыға жақпан.



### 3

...Мениң ушын бул тек ғана «дәптер» емес, дәртлерим, ҳәсиретлерим, жасаў ушын гүреслерим, өкинишим менен қуўанышларым. Ақыры, жигирма үш жас деген аз ба, усы жастың ишинде мен де жердиң астында емес, үстинде жасадым. Соның ушын-ҳәм жердиң үстиндеги нәрселердиң биразынан хабардарман, биразы күлдирген, биразы өкситкен мени, аз машақатты басымнан кеширгеним жоқ, солардың бәри «дәптериңе киремен» деп атыр, кирсе кирсин, мен не қылайын, дәртлериме айналған өмир дәптериме кирмей тура ма?! Соның ушын, ўақты-ўақты усындай алып қашпайым болғаны менен таба тутып, ҳәдийсениң изин қуўалай беремен, өмиримниң өзи сөйтип өтсе мен не қылайын, ядтан қосатуғын мен я бир жазыўшы емеспен...

Әңгиме жазыўшыдан шығады-аў! Техникумды тамамлап, енди, госқа таярланып жүрген күнлеримиз еди. Техникумның қәдимги, күн түспейтуғын ерик бағының асты қашан көрсең жүз пайыз. Кислород дегени теңиздиң ҳаўасындай қоп-қойыў, жутсаң ләбиңе суўдай билинип симириледи. Қараптан қарап отырып:

— Усы сен жазыўшы боласаң! — деди бирден Шербек.

— Ҳе, түсиңе аям берди ме?! — деп күлип атырман.

— Жа-ақ, жетим бала жазыўшы болады. Әдебияттан жазыўшылардың өмирбаянын оқысаң, бәри жетим болған. Горький жетим бе, жетим! Аймурзаев жетим бе, жети-им! Аббаз, Садық...

— Дурыс емес, — дедим мен ишимнен «иләйым» десем де оның сөзин бөлип. — Әдебиятқа исенсек, байдың баллары ақымақ болыўы керек. Жарлының баллары ақылдәне...

— Сен ақыллысаң-ғо! Ырас айтаман!

— Меннен ақымақ адам, бул дүньяда жоқ!

— Қалай дәлиллейсең?

— Қапитанды қаматқан-мен! Полковниктиң алдында «акттеги — өтирик» дегенимде балып турып еди,..

— Не, не?! — Шербек шоршынды. — Не болып турып еди?!

— Пай, билмейтуғындай.... Капитан қутылып еди-дә!

— Онда бизлер тутыламыз-ғо? Сеники ақыллылық болған.

— Ақымақлық?!

— «Ақыллылық етемен» деп, жарманды төгиў де ақыллылық емес. Оны сен «жалахарлық» деме, бизиң ағамшалап түсин, ол буны «жасаў ушын гүрес» деп түсиндиреди. Гүреспесең, күниң жоқ.

Гәп соның менен кесилип қалды.

Көп өтпей техникумды да питкердик. Маған өзим туўылған «Пахтаабад» районының «Комсомол» совхозындағы бир бөлимниң агрономлығы тийисетуғын болдыдағы «өзим жумыс таўаман» деп, Шербек ҳеш жерге жоллама алмады.

Көп өтпей ол бухгальтер емес, шобыт, тери-терсек жыйнайтуғын мәкемеге әкесиниң қатереси менен ширкет болып кирди. Аты ширкет болғаны менен қалтасы қопыраған пул, астында «Москвич» бир айдың ишинде отыз еки тисиниң бәрин алтыннан қаплатып алди. Усы бир айдың ишинде мен «Комсомол» совхозына еки мәрте барып келдим. Баяғы бизди «езилдиге» жорый беретуғын Хожабай деген парткомлықтан директор болған екен.

— Бул қурлым оқыў питкерген болсаң, адам болыпсаң, сеннен гүдерди үзип едим, — деп, қатты қуўанып қалды. — Жомартхан ағанда мал еле де көп, Үстирттеги адреслери де анықланып атыр .Келиўден соның жарғысын жаратуғын болсаң, бизге дарыма. Биз ол ящуллыңды «жыртық кемеге» таярлап атырмыз, — деп те ескертип қойды.

Солай да көп дузын ишкен жерим ғой, усылар болмағанда бизге Қалий қайда, Қалыйсыз техникум питкермек қайда?! Аманлық болса, еки жылдан Бийбиайша да «мине!» деген бухгальтер болып тур. Бир де жақсылықты, бир де жақсылықы, бир де жаманлықты умытпаған жөн, Жомартхан ағаның үйине гөне қоныстағы кемпир-ғаррысының қолынан алып болып айналып соқтым.

Жомартхан ағаның бурынғы жайтаңлаған қәлип, қапалықтың, уўайымның изи де сезилмейди, мәртмәрдана. Ҳаялын да пенсияға шығарып алыпты, өзи де айлығына қоса пенсия алады екен. Муғаллим емес, совхоздың шәрўасын басқарады. Маған: «бул совхоз ыдырайын деп тур, есиң болса Қалийдиң етегинен жаздырылма, сени сол адам қылады!» деди. Өз гезегимде сақланыўы кереклигин уқтырыўды мен де парыз билдим бе, директордың айтқанын тийип-қашты уқтырып едим, бир ғарқылдап күлип берди ме де?! «Айта береди, — деди күлкисин тыйып. — Есиболса, маған тийсин, өкшесине сабынды жағып турып, жылпылдатып жиберемен! Партком ўағынан күни бүгинге шекем фермадан өзи жеген, тирепберди — «танкларына» бергизген ирили-усақлы маллардың ағы-қарасы, шыққан қорасына шекем дизимимде. Бул дизим еме-ес, мениң алақанымда Хожабайдың шымшықтай шурқылдап турған жаны, қысып жиберсем, жанын шығарып жиберемен!..»

Мен буған, әлбетте, исендим. Кетип баратырғанымда: «саған қупыя тапсырмам бар. Мына конвертти Обкомның биринши секретарына тапсыр үйиниң дәрўазасының почта ящигине сал да кет,» деп берди.

Онда не барын оқымай жағып жибергениме елеге шекем өкинемен!

Бул айтқанын қылмағаным менен «Қалийдиң шалғайын жаздырма» деген ақылын алдым. Басқа иләжым да жоқ еди, аўылға соңғы барып келгенимде, өзим менен ойласпастан мәселемди полковник екеўи сыртымнан шешип таслапты. «Көзиң жақсылықтан басқаны көрмесин! Бар да полковникке жолық, пул дегенге мыйлығыңнан бататуғын болдың!» деди. Мен совхоз директоры Хожабайға ўәде берип қойғанымды айттым. Оның түри бирден қуўарып кетти:

— Сени ақыллы шығар десем, ақымақ бала екенсең! — деди силтене сөйлеп. — Бул маған мутқа түсип отырған жоқ, шығынды қайтарасаң!..

— Ўәде бар ғой, а-ғаўў!

— Сол директорыңның өзи пайдалы жер болса талай ўәдесинен таяды, ўәде жутпастай сен ким болыпсаң өйтип?! Айтқанды қыл да полковникке бар! Сондай директордың талайын жумсайтуғын жерге жибереди... Не қандайы бар, бара бер, өзи айтады...

Ертеңине азанда баласының костюмын кийгизип, тақпайтуғын галстук пенен мойнымды қарғылап, суўретке түсетуғындай жасандырып, машина менен өзи әкел-

ди де МВД ның кеңсесиниң алдына түсирип кетти.

Негедур, бул сапары полковникке айыплыдай аяғым қалтырап кирдим. Жүрегиниң тусын басып, уўқалап отыр екен.

— Сен бизиң арамыздағы нықапланған парахорды тутыўға үлкен жәрдем етип едиң. Саған исеним билдирмекшимиз, — деди қайдадур, кетиўге қолайласып. — Сен кадрлар бөлимине бар-шы, бәри келиселген.

Есиктен министрге ере шықтым. Қапыны өзи нусқап кетти.

Кирсем, баяғы подполковник, төрт-бес телефонның гә анаўсына, гә мынаўысына қол жуўыртып отыр екен. Есиктиң алдына таман, бир гүрсиде аманат ғана отырдым. Ол сөйлесип атырып, қолы менен қарсы алдындағы гүрсини ишарат қылды. Отырдым. Аман-есенликтен соң бирден иске өтип кетти:

— Сизди полковниктиң өзи усынған соң, билетуғын шығар-дә жолдас Маҳмудов, ол-булынызды сорастырып отырмаймыз. Басы бос қылмыслыларды мәжбүрий ислететуғын мәкеме ашылды, — деди хүжжетлеримди көрип отырып. — Капитан Назар Реймовтың парахорлығын әшкаралаўдағы хызыметлериңиз ушын...

— Ол хызыметимиз ушын саат алдық ғой...

— Әне-е, усы әдетиңиз жама-ан. Гәпти бөлмеў керек, биреўди тыңлай билиў де искусство!

— Кеширесиз.

— Зәлели жоқ, қызыў қанлылық та бизиң жумыста керек болып қалады базда. Қысқасы, сол мәкамаға сизди начальник етип таярламақшымыз. Алты айдан кейин лейтенантлық погонаңыз келеди.

— Исенимиңиз ушын раҳымет, бирақ мен ең болмаса звеновод болып та көрмедим-аў, адавы көп шығар?

— Үш жүздей болады. Шынын айтыўым керек, бәри де судланған адамлар. Ишинен не бир дуўбақлары да- үлкен-үлкен мәкемелерде директор, ҳәтте министр болып ислеген, анаў-мынаўды еле де менсинбейтуғын тәкаббырлары да шығып қалар. «Жаслық етер» десем, министр сизге қыл қаўып қалыпты, қылмай атыр...

Гәпиниң рәмәўизине қарағанда бул кисиниң де мени соншелли лаўазымға жибергиси келмей отырған сыяқлы. Мен усы ыңғайынан пайдаланып, майдалап жалына басладым. Өзимниң жаслығым ды, үйленбегеним ди, бәринен де бетер, жекке жигит екенлигим, бир «шақы сынбағанның» қолында өлип кетсем әкемниң жаққан шырасының сөнип, шаңарғы жоғалатуғыны да жалыныў-жалпайыўларымның ишинде айтыла берди, айтыла берди.

— Министрди де ирежитпейик, бизди де жарылқаң! усы жумысыңыздан басқа қалеген жумысыңызды ислейин, — деп жалындым. — Поста тур десеңиз, поста турайын, қол бура десеңиз, қол бурайын...

— Айтпақшы, неше шақырымға жуўыра аласыз?

Санап жуўырып көргеним жоқ. Жасымнан мал бақтым, күниге жигирма шақырымдай жүрип өскен шығарман-аў, соның ишинде, шопанның жуўырмаған күни бар ма?!.

— Тас көтерип көрдиңиз бе?

— Ол жағы мени қысындырмайды. Сексен бестоқсан килоны қолымның ушына көтере аламан. Елиў килолық уннан ҳәр қолтығыма бир қалтасын қолтықлап үйге әкелгеним бар, бирақ дүкан жақын еди. Еки пудлық тасты бир қолым менен қырық ирет...

— Онда циркашпан десениз-дә?! Бизге усындай карыўлы жигитлер керек! Присмды өзлеримиз үйретемиз. Яқшы, енди, полковник кейисе кейийди-дә, сизди «Тасқалаға» участкалық милиция қылып жиберемен. Бир жағы ункомбинат, бир жағы темир жол вокзалы, бир жағы товар складлары, нағыз урының ордасы! Ҳеш ким шыдамады. Қәне, күшиңди бир көрсет?..

— Көрсетемен! — дедим шын кеўилимнен өзиме исеним менен.

Кешқе шекем мени қайтарған жоқ. Докторлардан өткерди, өзлеринде поликлиника бар екен. Кеште буйрығымды қолыма берип:

— Азанғы ноль-ноль тоғызда «Тасқала» милиция начальнигиниң қабыллаўында боласаң, — деп, үйге қайтарды.

Қуяш артында әжептәўир жаман сағым қалдырып батып баратыр еди, Назар Реймовтай сөлекет емес, шақмақтың тасындай шақылдаған милиционер болыў, ҳарамылыққа қарсы жан-тәним менен гүресиў әрманым бар, усы нийетим мени ҳалласлатып баратыр еди, изимнен биреў жетип, женил машинасын «ғыйқылдатты».

Жемхумар клиентлеримиздиң бири екен, мен аты-жөнин билмесем де:

— Ми-ин, апарып таслайма-ан, — деди. Жол-жөнекей абайлап қарап, таныдым. Баяғы ОБХСС инспекторы келген күнги Қалий ағаны мингизип кетип, бир ярым саатың ишинде Назар Рейимовтың тағдийрин шешисип келген, актте қолы болмақ түўе, соны өз қолынан жазып та берген сәтең жигит екен, бирден қызықтым:

— Кеширерсиз, ағай, не болып ислейсиз?

— Әй, тек өзим-ақ. Таўығыңыз көп пе?

— Қырық бес. Қалада гөш дәфицит, шеңгекке жуўырмаймыз. Балашағаға маеги де айтып кетеди. Жас елиўге шамаласты, өзимизге де маек зәрүр...

— Не ушын?

— Жеңгең жас. Сен еле түсинбейсең, — деп күлди ол. Мен тилимниң ушына келип қалған саўалды ирке алмадым:

— Сиз жүректи даўалай аласыз ба?

— Даўалайман.

— Кеширерсиз, сиз жүректи жаралай аласыз ба?

— Ол мениң функцияма кирмейди! Бирақ, жүректи емлеў ҳәмрениң қолынан келмесе де жаралаў ҳәммениң қолынан келе береди. Ондай адамларды жексурын дейди.

— Баяғы үстинен акт дүзилип, қамалып кеткен капитанның жүреги жараланбады ма екен?!

— Жаман бала екенсең, — ол бийҳазар күлди. — Сен не, Қалекеңниң өзбаласымысаң, өгей баласымысаң?

— Былай десе де, былай десе де бола береди. Бир нәрсени билемен, врачқа өтирик сөйлеўге болмайды.

— Уқтым гәпиңди. Бирақ, бийтапты гөр аўызынан алып қалғандай күши болса, өтирикти де сулқыйтамыз. Врачқа өтирик сөйлеўге болады, алжасыўға болмайды...

— Неден?

— Есаптан. Маған шыррыйған мың қораздан, туўып турған бир мәкиен пайдалы. Түсиндиң бе?

—Түсиндим.

— Түсинсиң тыныш отыр. Жол жаман, ойлы-шуқыры дым көп!

— Жақсы жолды таңлап жүриў керек.

— Соны билмеспен жүдә? — Мырс етти. — Таңлайын деймен-аў, қасымдағылар алаң қылып, жолдан



шығара береди. Еле өзиң де машина айдап көрерсең.

— Меннен жақсы шофер шығады.

— Оны машиналы болғаныңда көрермиз. Таксишилер де жаман шофер емес, ойлы-шуқырына қарамай машинаны аямай қуўады-ә!

— Машина ҳүкүўметтиң есабынандағы, ақыры!

— Ҳаўўа-дә, биреўдиң есебынан жаңылысыў аңсат. Әне, келдиң, ғошшым, ирети болса, бир қапты зыңасаң, пәтиясын таўық береди.

Бир қапты, мен емес, өлшеместен, дағы етпестен Теңге жеңгей менен Бийбайша машинасының жүкжайына таслады. Үстим азада болғанлықтан, мен урынбадым. Врач пенен Қалийдың оңаша гәпи бар қусаған.

— Сен Ақшаға чай таярлат, өзиң де сонда бол, ҳәзир бараман, — деп, врачты Теңгениң жайына ертип кетти.

Дийўал шерик болғаны менен Ақшаникине күтә сийрек киремен. Шынымды айтсав, бул жап-жас, бүлдиршидей суп-сулыў ғана нашардың өзиме ышқы тола көзлери менен жутанып қарай бериўлеринен қатты қорқаман. «Жигитшилик-ийтшилик» деген. Ийтшилик етип, әкемдей қол жаўып отырған адамымнан шермендешилик пенен қол үзисип қалсам, бул журттың бәри бетиме түпиреди! Болмаса, Ақшаның өзи-ақ өз ыңғайын көзи менен билдирип жүр, мен де өзимди өзим жалағысы келген ийтаяғына шынжыры жибермей турған қасқыр ийттей сеземен, мен нәпсимди, нәпсим мени шынжырлап қойыпты. Сонда да усыны көрсем, диңкедимарым курып сала береди. Өзи де қызға бергисиз, қылығы басым жер жутқыр-дә үйиң жанғыр!

Бүгин жуқа шифен көйлегин кийип, өзи жуқа жүзли сулыў оннан да үлпилдеп отырған екен, жутып жибергиң келеди! Алпысты алқымласа да нәпсиси жаман бизиң ғаррының, қара қаны болсын! Чай қуйып отырып, бир қыйылып қарайды дейсаң, мыйық тартқанының. жаўдыр ала көзлериниң, жүзиниң ақлығын паш етип турған қап-қара бурымларының бири жаўырынынан, бири оң жақтағы әнарының үстинен сулап, зия-зулпы салынып отырыўларын айтсаң-ә!

— Мен бир «Шаңғалақ» деген китап оқыдым, мынаңқара, — деп маған он еки бетлик дәптердиң қалыңлығындай жалпақ, сүўретли китапты усынды. Лев Толстодың балаларға арнап жазған гүрриңлери екен.

«Ҳаў, сен китап оқымайтуғын един ғой,» деп атырман. Ол китапты баласының алып келгенин ҳәм соған оқып бергенин айтты да: «Кишкене қус» деген гүрриңин оқы, тап, дым қызық, баламның көзинше жылап жиберип-пен!» деди күлкиси келмесе де күлип.

— Өтирик! Сен жыламайсаң.

— Жа-ақ, шыным. Сен билмейсең кимниң қалай жылайтуғынын.

— Сен қалай жылайсаң, яқшы?

— Үнсиз жылайман.

— Онда қыйын екен, — дедим де китапшаны көрпешениң астына тығып қойдым. — Сени үнсиз жылатпаў ушын «Кишкене қусты» өзим алып кетемен.

— Сөйтсе-е, — деп, жилўа менен күлип атыр еди, Қалий аға кирди де үйдиң иши бирден салқын тартып кеткендей болды. Ақшаның да күлкиси тыйылып қалды. Қара чай үшеўге қуйыла баслады. Қалий аға өтирикли-раслы күлип:

— Баяғыда бир жөҳит баласына бир манат берген екен, еки манат етип келсе, «неге үш манат етип келмедиң?!» деп сабаған екен, — деди. — Сени өйтип сабамайман, еки манат етип келсең де болады, қанаҳәтке берекет, гәпке түсиндиң бе?

— Онша еме-ес.

— Онда мынаны билип қой, таўық тумсығы тоқылдамаса жем жедим демейди. Соның ушын бағанағы врач таўықларына жемди қаңылтыр ыдысқа салып береди. Мен сениң усы жумысың ушын «ата қоразға» мынаны бердим, — деди бес бармағын тәррийте қолын жоқары көтерип. — Сен соны еки айдың ишинде мынаў етип, деп бир шаппатын бир шаппатына урды. — Қайтарасаң!

— Оны ким береди маған?!

— Ким беретуғынын өзим айтаман, тыңлап отыр: он сегиз күннен «Аяқ көпир» районының райПОсында баслық болып ислеген биреў, тағы бир совхоздың бурынғы директоры, «Омар Ҳаям» райПОсының баслығы Ешмат аға оннан зәрре соңлаў қолыңа келеди, тағы да үш адам бар, әне, солардан аласаң. Бир күнине үш күннен жаздырасаң, оның менен сениң белиң аўырмайды, — деп атыр еди, мен өзимди «Тасқалаға» участковой етип жибергенин айтқанымда өз гәпине өзи түйилгендей бетиме бақырайды да қалды.



— Бара бер онда, — деди әллен ўақыттан соң. — Майғалаққа бир батыра қояйын деп едим, «ата қораз» антың бузған екен...

— Өзимнен болды, ол «бар» деп еди...

— Не қылып қойды-ың?!

— Усыны қолайлаў көрдим.

— Мийнетти өзиң қүйдирген екенсең онда! — деди басын шайқап, таңлайын тықылдатып. — Пай, не етесең-әй! Бундайыңды билгенде Шербекке әперетуғын едим.

— Еле де әпериң.

— Болмайды, гәп еки шықты. Бирақ, билип қой, қыл арқан мойыныңда, ширитпей маған еки арқан етип бересең. Уқтың ба?!

— Уқтым.

— Уқсаң онда анаңның қасына бара ғой, бизлердиң сөйлесетуғын шәрўамыз бар.

Мен турып баратырғанымда: «Китабың қалды-ғо,» деп, Ақша көрпешениң астынан алып, китапты созып еди; «Бери бер!» деди ашыўлы Қалий; ҳаял маған созған китабын оған берди. Яшуллымыз: «ишинде пул кетти» деди ме, силкип-силкип көрди де: «Ендиги бир кемисиң усы шығар!..» деди маған. Мен китапты алдым да шығып кеттим, бирақ, үйге барыўдан емес, ертеңине азан менен «Нөкис-Тасқала» автобусында кетип баратырып оқыдым. Гүрриңде бир бала палапан ба, кишкене қус па, услап әкеледи екен. Әкелип торға қамайды. Анасы: «босатып жибер, еркинликте пәрўаз етип үйренген қус қамаққа шыдамай өлип қалады,» дейди. Бала босатпайды. Бир күни тор ашық қалады да кишкене қус шығып кетеди. Қараса кең жәҳан, азат дүньяны көреди. Жүреги шәўкилдеп жулқына ушқан қус, терезениң шөлмегине соқлығысып, азатлыққа, кең жәҳанға шыға алмай-ақ өлип кетеди.

Мен, әдебинде, бұннан жыламақ түўе, жүрек елжиретерлик те ҳеш нәрсе таппадым. Лийкин, «неге Ақша жылай қойды екен?» деген саўал мийимнен шықпады.

Қапелимде, көзимниң алдына пәнжерели терезеден мен жумыс ислеп атырған таманға Ақшаның урлын-урлын бағып турған бир пайыты елеселеди. Онда ҳеш итибар бермегенмен. Оннан соң да түски пайытларда түрли-түрли буйымлар менен талай-талай Ақшаның үстине кирип барғанларым бар. Сонда ол бе-

тине ақ капрон шалғышын жаўып, айнаның ғана түбинде ақ маралдай керилип, уйқылап ататуғын еди. Мен сондайда оның капроннан бүлкилдеп көринип атырған ақ буғағына жутынып, оны кимнендур, қызғанатуғын, оянып кетиўинен қорқып, керек затымды аяғымның ушынан басып барып алып шығып баратырып та сыйқырлы бир қумарлық пенен оған аш нәзеримди таслап кететуғынман. Сонда киргендегиге қарағанда оның дем алысы жийиленип, биз қусағанға несийп етпеген әндамлы аршын төси шығып баратырғанымда бурынғыдан жийи-жийи көтерилип-басылғандай туйылатуғын. Ҳәзир сол жатысларын хыялымнан көрип киятырман. Пәнжерели айнаның алдында созылып атырған сол бир ақ марал маған айнаға урылып, азатлыққа шыға алмай подоконникте өлип атырған ақ қусты, шөлмекти сындыра алмай азатлыққа талпыныўы менен жан тәслим еткен кишкене ғана қусты еслетер еди...

Кең трассадан «Икарус» зымырайды. Көгилдир аспандағы ақ булытларды бир пәрше сурғыл булыт айдап баратыр — ҳаўайы аспандағы ақ тулпарларды бир ғана сур көкжал қуўып баратыр. Бул, мине, кишкене қус пәрўаз етиўге талпинып, ышқында өлип кеткен жақсыллыққа да, жаманлыққа да толы кең жәҳәнның бир ғана паршасы едидағы, арамызды тек автобустың айнасы бөлер еди. Тек ғана айнасы, қалыңлығы үш ғана миллиметр келетуғын айнасы-ақ бизди сыртқы дүньядан ажыратып, түсемен дегенше-ақ кеңисликти сағындырады. Сыртқы шексизлик пенен арамыз тек үш ғана миллиметр, үш миллиметрдиң аржағы еркинлик, бержағы — қапес. Бузып өте алмаймыз, не деген әззилик, не деген бийшаралық!.. Айнаның бер жағында биз, аржағында азатлық қапталласып шаўады, те-ек айна-а!..

Айна болсын, а-ал, не болыпты! Маған бир жинли хыял келди дейсең, мынаў мықлы жудырығым менен айнаны шыл-пәрше етип жибергим келип турады, лийкин, кимлердиндур күлиўинен, кимлердиндур, өзимди жазалаўларынан қорқаман, қорқаман ба, демек, кете беремен-дә үсейтип!..

Мен «Тасқалаға» келип қалған екенмен...

Аты-жөним кеше-ақ хабарланыпты, начальник курортта екен, мени «зам. нач. майор милиции Қыят Авезханов» деген қапыдағы күтип алды да участкам менен өзи таныстырыўға алып кетти...



## 4

Биринши буйрық алып ислеген жумысыма қатты қуныгып кирискеним соншелли, таңның қалай атып, күнниң қалай батқанын билмеймен. Қай жерде тәртип бузылып атырғанын қулағым шалса болды, мениң участкам ба, басқаники ме, маған бәри бир, күндиз бе, түнде ме, бул да бәри бир! Өтип баратырған машина ма, мотоцикл ме, гез келгенине бармағым менен жолдың шетин нусқайман, көрсеткен жериме «шүйк» етип, табанда тормозлайды. Минемен де: «Кеттик!» деймен. Айтқаның усындай табанда орынланып турған соң көкирегиң ямана өседи екен! Қырғын болып атырған жерлерге жасылдай түскенинде не бир қудай бийзар гелле кесерлрдиң тым-тырақай болып қашқанларын көргенлеринде өзиңе сондай исеним пайда болады екен, көкирегиң жаңа шайқасларды күсеп тура береди.

Самбаның барлық усылларын он бес күнге бармай меңгерип алғанымды еситкенде Қыят Әўезхановичтиң өзи «Сеннен талантлы УРА шығады! Тапқырлық, шаққанлық, қара күш, батырлық — бул, әкеңди тыңламайды, усының бәри милиционер ушын оғада зәрүрли. Буның бәрин сениң қолыңа жәмлеп берген,» деп көтермелеп, маған жаңа бир жумыс тапсырды. Бул жумыс тийкарынан мениң функцияма да, участкама да кирмейтуғын еди. Буған бурыннан ислеп атырған жынаятты излеў инспекторларының тек «Тасқала» түўе басқа жақтың атақлы рецедифистлерине де аттың қасқасындай танымалылығы да себепши болды. Маған формасыз, жарақлы жүриўге урықсат етилди. Қолыма рецидифистиң түрли таманынан түсирилген сүўретлери берилди. Мағлуматларға қарағанда ол «Тасқалаға» көкнар писикте Тәжикистаннан келип, Түркменстанлы биреў Зоя Космедемянская көшесиндеги бир үйде табысады да тирийек алып кетеди. Қалған жағы шегарадағы республиканың контрабандашылары менен ушласа жақ. «Мийман» жарақлы, қатты сақ болыў тапсырылды.

«Операцияға министрдиң қатынасы бар», деп ескертти Қыят Әўезмуратович. Қалалық атқарыў комитетинен сол көшеден маған жай қарастырып көриў өтиниш етилип еди. Тап сол күнниң өзинде-ақ қуўанышлы хабар алынды.

Бундай қолай келер ме?! Биреў бүгин-ертең кеңейтилген жаңа квартираға көшиўи керек. Ҳүжжетлерим бир күнниң ишинде таярланып, атқарыў комитетине тапсырылды да ол адам көшип атырған күни телефон сымы тарттырылды.

Бир ҳәйран қалғаным, бул көшип атырған адамның түри-түсиниң өзимнен айнымаўы емес, адам адамға усайды, буған таңланыўдың кереги жоқ, қызығы сонда, бунның анасы да еки көзинен бирдей сулуў соқыр! Меннен парқы — ҳаялы муғаллим — математикадан, өзи «Тасқала» УМОсында капитан болып ислейди, қарындасы Нөкистеги медтехникумда оқыйды. Кеңейтилген квартира бермегенде де болатуғын түри бар екен, бунның топа-торыстан арзасы қанаатландырылыўы тәәжүп емес. Өйткени, «Тасқалада» қурылыс үлкен, өсиўшиклик адам есабынан онша көп емес, техниканың ҳәзирги қудирети тутас дийўал түўе, айнақапысына шекем қурылған толық өжирениң өзин көтергиш кран менен этажба-этаж қондырып баратырғанын күнде көзимиз бенен көрип жүрмиз. Сөйте тура таңланныўдың өзи ерси. Оның үстине көшкиншиден гүманланатуғын дым орыным жоқ, «мийман» күтилетуғын жай маған силтелинген, ол бизиң күн батарымыздағы төтинши жай, онда Бабамурат деген жекке баслы, радиотехник жигит турады.

Жайдың ийеси түс аўып баратырғанда-ақ көшин жөнетип, гилтти берди де:

— Бизикине барамыз ба, я сизикинде жуўамыз ба? — деди.

— Бизикинде-ақ жуўайық, бирақ мен ишпеймен.

— Онда бири биримизге баланс береди екенбиз, мен де сол нәрседен бийнесиппен. Бирақ, таныспадық, атым Ярылқасун, фамилиям Яўмутов, Қаршының өзбегимен, кәсибим — гидромилератор, Бас Түркмен каналының қурылысы басланғанда әкемиз келген екен. Ол киси усы жайда дүньядан өтти,—деп, саўдырып сала берди.

Мен аты-жөнимди айттым да қайда ислейтуғынымды айтпадым, ол да қызықпады. «Қонысыңыз жайлы болсын,» деп тилек тиледи де кетти.

Мен майка, трусиден басқасының бәрин шешип таслап, жайларды қурымладым, полларды жуўдым, үйдиң дөгереклерине шекем аймандай етип сыпырдым. «Жаңа



жайда ванна бар, бизден ядыгарлық», деп, душын бузбай кетип еди, муздай суўға жуўынып алып едим. ақшамғы аңлыспақта көзим илинбегенин де умытып, сәдденңдей болдым да қалдым. Усының бәрине бир ярым саат-ақ ўақтым кетти. Күн батаман дегенше, мынаў турған Нөкиске он барып қайтса болар! «Тасқалаға» иске келгели апамларды бир-ақ көрип қайттым, болғаны. Онда да жол үсти. Бирақ, сонда да ўақтым бар еди, кештеги жем сатыў жынаятын көзим менен көрип отырып, шыдай алмай қаларман деп қорқтым да еглеп бестен қайттым. Не көп, сылтаў көп, өтирикти де үйрендик ғой! Жынаятшыны излеп жүргенимизде гә токарь, гә етик маишы, гә финагент, гә шаштәрез болып шыға келемиз, солардың жаргонында сөйлеп, минезине еликлеймиз. Адамның кәсибине усайтуғынын заң хызыметкерлери ҳәммеден жақсы билеци.

— Қопып кет, сөйлесетуғын гәп бар, — деп, жатып жабысқан Қалий ағаға:

— Буларда сынақ узақ болады екен, изимде, аңлыўшым бар, — деп едим, қарасы жуғар «деп қорқар» десем,!. аңлыса аңлыйды-дә. Назаровтан әўлийе ме, арқаң тамда, недеен қорқасаң?!» дейди. «Түнде тапсырма бар» деп көнбедим.

Ақыры бир бийтаныс машинаның кабинасына мингизип жиберди. Соннан бери апамды көргеним жоқ. аўырыў-сырқаўдан аман ба, оңысығы қалай, ол жақларын да билмеймен. Мениң қапелимде бахтым ашылып, жайлы болғанымнан да бийхабар, бунайдан жақын жыллар ишинде ийеги де қышымайды. Мен, бәринен де бетер, сол байғус анамды қуўантқанша асықтым. Биреў менен?! Уштым-аў!

Өткен машинға далбақлап жуўырман да «голосоват» етемен, биреўи тоқтасеш! Па-ай, форманың қәдири өтти-аў!

Ақыры бир шылт жаңа, перегон «ВАЗ — 24» машинасы тусымнан өте берип, табанда тормозлады. Тез жетпесем, жүрип кететуғындай келип жуўыраман-аў! Бирақ, шофер ол айтқандай тәкаббыр да емес екен, қайтама күлип:

— Тусында тоқтаўға да болатуғын еди, пиядалардың солқылдап жуўырғанын көрип бир ҳәз етемендә!— деди қапталынан орын нусқап атырғанда. Бир жаман әдетим: кимниң машинасына минсем, соған өзимди ға-

резли сеземен де куўжыңлап ығын шала беремен, сәлемлесип болған соң:

— Инсабыңыз бар екен, бир шақырым өтип тоқтасаңыз-ҳәм жуўырғандай ыңғайым бар еди, — деп атырман әбден. — Тиришиликтиң өзи тынбай жуўырыпжортыўдан ибәрат...

— Әдеп геллени ислетип алсаң, онша жуўырыўдың кереги жоқ, — деди машинаға тезликти бериңкиреп. — Физвосты питирген жылларымда чемпионлықтың ышқында жанып, азаннан кешке шекем жуўырған есабым...

— Чемпион болдыңыз ба?

— Болыўын болдым-аў, не пайдасы бар?! Мақтаўлар, грамотала-ар,.. ҳәзир бәри үйимде тур, биреўине бирсў бир булка нан бермейди! Соның орнына гешир еккенимде балларым қырыўға еринсе жамбасына сүртип уратығын еди! Соң ойланып қарасам, утырын таўып, пайдалысын таўып, геллени ислетип, бир жуўырыў керек еке-ен, қолыңа тийгенин таўықтай ала қашасаң...

— Кимне-ен?!

— Қуўатуғын адамнан-дә! Бала екенсиз-аў! Қолыңда олжа көрсе, қуўатуғынлар көөп...

— Түсинбедим.

— Басың жа-ас, еле берин түсинесең, жасаў дегенниң өзи қашыў менен қуўыўдан ибарат. Жетсең де утаса-аң, қашып қутылсаң да утасаң, жетсең — биреўдиң қолындағыны аласаң, қашып қутылса-аң — ол жаң қолыңда кетеди...

— Усы, сиз, ағай милицияда ислемейсиз бе? — дедим оны сөйлетким келип. — Қашыў, қуўыў соларда көп деседи...

— Оларда қашыў болмайды, қуўыў көп. Бирақ мен солардан патырақлап қашып көргеним жоқ.

— Ирети келмей жүрген шығар.

— Талай келди-аў!.. — Бирден бетиме гүмансырап қарады. — Кәсибиң не?

— Тис технигимен, — дедим оның қызыл алтыннан асты-үстин қаплатқан тислерине көзим түсип кетип.— Мен де талай қаштым.

Қашпай не қыласаң қолыңда тиллә болса?!!

— Уәлий екенсиз? Сол-аў «милиционер ме» деп гүманланганым.

— Атына бурыш-пияз!



— Тап, мендей екенсиз. Қайда ислейсиз?

— Кәсибимиз усасла-аў, бирақ, бизиң темирлер сеникиндей жарқылдамайды, — деди биротала сенсиреп.. — Тат басқан темирлер. Металломдаман. Складшы.

— Теңгеси жалтыраса болды-дә!

— Ояғы уқыбыңа байланыслы, нан таппай жүргенлер де ба-ар.

— Сонда да жампыйған дүңниң, ийленип қалған қаңылтыр кузовлардың кимге кереги бар?! Журт «мутқа алып кет» дегенинде алып кетпейди соны! Мусоросвалкаға барсаң жайрап атырған темир-терсектен көп нәрсе жақ, әпиў етерсиз, мен «сол жерде ислеймен» деўге уялар едим....

— Сен солай дейсең, қәне, ҳәмме сөйдесе! Мениң орнымды пара берип ала алмай жүргенлер ба-ар!..

Мен оның еңсесин тырыстырарлық дәрежеде кеңкилдеп күлдим.

— Металлоломды ма?! — тағы күлдим. — Ол айтып жүргениңиз узГУМстың складлары шығар?..

— Я мен жинлимен-дә, я сен жинлисең!

— Мениң деним саў. Мәселеп, не кереги бар маған, айтайық, «пан» болып қалған «Волганың» кузовының?!

— Оны түсиниўиң ушын мендей көз байлаўыш болыўың керек, сонда сол жампыйып атырған кузов, — деди сигналын «ғанк» еттирип, — тап усындай майы кетпеген таза «Волга» болады!..

— Көз байлаўшылық өнериңизди үйретсеңиз-ғо, аға, мен де «Волга» минейин?

— Онда сен де мениң орныма талабан боласаң! Соның ушын да үйретпеймен.

— Билип аламан, бәри бир!

— Усы ақылың менен билерсең қудайдың мәргумишин! — деди ойын-шыны аралас. — Мине, — Нөкисиң! Төрт жағың — қубла. Мен былай кетемен, — деди машинаны тормозлап. Мен алғыс геўгисин жаўдырып, түсип баратыр едим, «ғаңқ» еттирди де жалт қаратты:

— Бери ке-ел!

— Сөйте ғойса, аға, асығыс едим, — деп, қайта бас суғып атыр едим:

— Тоқап тур, — деди мырсылдап күлип. — Неге бузаўбастай басыңды тығып киятырсаң?! Соз үш манатты! Сен не, пәтияға миндим деп пе единң?!.

— Бир манатым бар, — дедим басымды тартып алып, ҳәм мыжымырланған бирликти создым. Ол алды да бетиме бежирейип:

— Сен тис техникке усамайсаң! — Қапысын жапты да мени асфальт жийегиндеги шаңға көмип, айдап кетти. Мен сырберип қойғаныма өкиндим. «Бул да бир сабақ, — дедим ишимнен.-Кәсибимди айтқанда да қалтама қарап айтыўым керек екен?..» Онын менен ат сорасып та үлгермедик-аў!..

5

Өмиринде кран дегенниң не екенин, краннан суў ишип көрмеген көзли апамды кранға үйретиўим қыйын болды. Сәл ашсам, көзи болмаса да сарылдысын еситиўден: «бай-бай, тамды суўға алдырасаң!! Жап деймен, дийўалдың астында қалармыз!» деп, бақырып атырғаны. Канализация дегенди түк түсиндире алмай бүлип қаламан, бир ҳәпте — билгенге аз өмир емес, «көзин» үйреткеним менен өзин үйрете алмай-ақ қойдым. «Мынаўың кран емес, бәле бул! Қашан көрсең шалшық суў ағады да турады, мени ғана тезирек өлтирип, қутылайын деген екенсең!» деп бир ҳәўлирип шығады дейсең, «ҳаў, хлор қосады, апа!» деймен, түсине жақ емес. «Мени Қалийдиң үйине апар, дәрьяның ғана бойында еди. Не ушын Қалийдикине изеп басқың келмей қалды?!.. Онда Жомартхандикине апар!..»

Бир ярым шақырым жерде дәрья бар еди. Усы күнлери каникул болыўына байланыслы үйде болып атырған Бийбайша әдебинде ийин ағаш пенен еки шелеклеп соннан суў тасып жүрди. Қарындасымды аяғанлығым соншелли, есиктиң аўызынан бир күнди «жоқ» деп, қудық қазып едим, оның да суўы сор татыған шеребе шықты.

Былай өтсем де, олай өтсем де аңлығаным Бабамурат Сейтаковтың үйи, түнде де соның есиги көринетуғын жерге төсек салып, далада жатаман. Айдың толысқан түнлери еди, кирген-шыққан түўе ҳәжетханасына баратырғанда Бабамураттың пижамасының жолағына шекем көрип атаман. Ал, есигиниң алдындағы адамның көкрек аўызынан келетуғын нәҳән қумның сырына болса күндизлери қуяш, ақшамлары ай нурлары шағылысып көринип турады. Бүгин де сондай.



Жайымның бурынғы ийеси Ярилқасун, аты қалалы болғаны менен жүдә бир пайызшыл жигит екен, үй қапталындағы еки сотихтай жердиң кебирин аяқ ушына шығарып үйипти де ортаны еки тебиктей төмен түсирип, түрли-түрли гүллер, баклажан, болгар бурышы, помидор, пияз дегенди қыябағышлап егип таслапты, бунысы ушын меннен пул да алған жоқ, «доңыз аўнаған жерде түк қалады» деди де кетти. Мен бул фразаны бузып айтқанын оның қарақалпақ емеслигинен көрдим де қойдым.

Атыздан шыққан сол ыраштай бәлент топырақтың үстин тегислеп, кәт қурып қойыппан, төрт сырығым, керилген пешшехана кәтимниң үстинде узын бақай ақ арғымақ аппақ жалларын төгип, сылт етпестен турғанға меңзейди.

Түнниң қай мәҳәли екенин билмеймен, узақтан еситилген сарылдыдан оянып қарасам, Бабамураттың өзи, тағы бир адам сол қумға алма-гезек суў әкелип қуйып атыр екен. Еки қатынағанша тыныш жаттым, соң жүрегим дүрсилдеп кетти. Трусишең жол таманға шықтым. Кабинасының үсти жалтырап, геўмис суў машин турдағы, бул екеўиниң суўды соннан тасып атырғаны мәлим болды.

Мен өзимди өзимиздиң тамның тасасына тартып аңлып турдым. Ай — батыста, машинаны тумсығы да батысқа қарағанлықтан артқы номери саяланып, көринбейди. Бабамурат шоферға қалтасынан пул шығарып созып атыр. Шофер алды да кабинаға отырды. Бабамурат жақын келип: «Тағы он бес күннен хабар ал, соған шекем жетеди,» деди машинаның гүрилдисинен еситилерликтей өктем даўыс пенен. Иштегиниң не дегенин еситкеним жоқ.

Суў машин алдындағы алаңнан бурылып, бизиң тамның тусынан өтип кетти. Номерин көрип қалдым. Гуманлантуғын түги жоқ, өзимиздиң «Тасқала» көшелерине суў себ етуғын саночистканың сары машыны.

Барып орыныма жатқан соң, биринши гезекте, анамның шаўқымынан, Бийбайшаның желкесин аўыр мийнеттен қутқарыў иләжы табылғанына қуўандым. Мен де сондай бир ыдыс таўаман да суўға толтырып аламан, анамның жалғыз өзине кеминде бир ай болады, Бийбайша екеўимиз кранның суўын ишсек те дәў

урмайды! Сондай қумды қайдан табар екенмен, кеминде жүз литр!.

Саатым фосфорлы еди, қарасам — үш ярым! Әйне усы ўақытта суў сатыўға не мәжбүрледи екен буны,.. уйқым ашылды да кетти. Таңнан барып: «бизиң апамның аўҳалы усындай, маған қум керек,» десем, аңлыўда екенин билдирип қоя жақпан.

Ертеңине бул аўҳалды ҳеш кимге айтпадым, ҳеш ким сорамады да.

Соңғы күни Әўезханов шақырып алып: «тынышлық па?» деди. «Тынышлық,» дедим. Арғы жағы түсиникли еди. «Көкнар писик, қашшан өтип баратыр, тирйек тилетуғын ўақыт та кетти, — деди үмитсизленип. — Я сеннен сезикленди, я келип кетип қалды!»

Усы гәптен соң мениң де руўҳым жүдеди. Сүўретине көп үңилгеним соншелли, енди маған бул сүўреттиң де кереги жоқ, суўық, шүңирек көзлери, қыйсықлаў ис мурыны, пешанасындағы еки әжим, мурынының тесигинен шығып туратуғын биреки қыл ядыма бул өмирде шықпастай болып, сызылып қалған. Мен оны ашығымды сағынғандай сағындым, себеби, бул маған даңқ, мәртебе, атақ, қулласы, милицонарлик хызыметтен неге ериспекши болсам, соның бәри еди.

Тағы бир ҳәпте өтти. Еле тым-тырыс. Ақыры шыдамай кешқурын бир бос шелекти алдым да Бабамураттың үйине кеттим, жары ортада ойлапып, тағы кери қайттым. Суў сорасам, қумды аңлығанымды сездирип қоя жақ екенмен.

Қапым ашық қалып еди, апам, еки күн болди, Қалий ағаның үйине қыдырып кетти. Үйге жақынласам, иштен биреўдиң: «Хозяйин!» деп бақырған сести еситиледи. Көрмесем де кавказлы екенин акцентинен таныдым. «Мындаман!» деген даўысымды еситип, сыртқа шықты да кеширим сорады. Ырасында да, азербайжан ба, осетин бе, сүўретши екен. Бастан-аяғыма шолып бир қарады. Соң: «портрет заказ етпейсиз бе?» деп сорады. Портретти не қыламан, кетти.

Түни менен соның көзлери маған тынышлық бермеди. Нағыз баў кеспе урының көзине усайды! Қапылған күн болды бул, ҳүжжет көрсетип, оның кимлигин сорай алмайман, үстиме пәлек бастырылған ғой ақыры?!

Әўезханов тағы шақырды. «Тынышлық па?» «Тынышлық.» Бирақ, мен бул сапары кешеги сүўретшини айттым ҳәм угрозыскадан адам жибертип, сол сүўретшини, егер қаладан кетпеген болса, таўып, тексертип көриўди өтиниш еттим. Оған бул қулақ асқан жоқ. «Не көп, қаңғымай көп, қайсы бирин тексересең», деди де қойды. Соң маған бир тамаша хабар айтты:

— Полковник шақырып еди, сени угрозысқаға өткериўди тапсырды. Себеби, өзиңе түсиникли. «Мийманнан» полковник еле үмитти үзген жоқ. Участковой болсаң, форма кийиўиң керек, ҳәмме танып қалады екен, әўелги күнлери форма кийгизип қойғанымыз да қатты әнтеклик болыпты!..

Мен бирден қуўанып кеттим, енди адымды керип таслаўға болады. Лийкин, маған кеңсе әтирапында ен болмаса «қонақ» жайғастырылғанша көп көрине бермеў тапсырманы түнде, ямаса телефон арқалы алып турыў тапсырылды. «Сөйте турмасақ, қала дым кишкене, биреўдиң қазанында биреў неше мәш қайнағанын биледи,» деп қалды.

Үйге қатты ой үстинде қайттым, қате ойлайды замнач! Усы кишкене қалаша процентли көрсеткишлерге иесенсек, СССРдағы қалеген үлкен қаладнан жинаятының өртиниң, түрли-түрли транспорт катастрофасының көплиги жағынан алдыңғы орынлардың биринде турады. Мағлуматтан буны мен өз көзим менен көрдим, замнач «мәш қайнағанын» билетуғын болса, жинаятшыларды тутып ала бермей ме, не ушын булай?!

Кеште үйге «Москвичи» менен Шербек келди. Көрмегениме бир айдан асып кетип еди. Түри-түсиндеги, жүрис-турысындағы өзгерис бирден көзиме тасланды. Шашын битлис етип, мурт қойыпты, бурынғы малтабар кийимлери жоқ, сыптай американы жинси, фиков көилек жарасады-ақ екен, жүзи де ағарып, шырайланып кетипти. Өзинен өзи ырсаланлап күлип:

— Мен саған қыз алып қашып келдим, — деди. — унатсаң, қалдыраман, унатпасаң, әкетемен. Бунын ушын маған, әлбетте, мың манат бересең. Я екеўимиз басқашалаў есапласатуғын боламыз...

Мен бул дәлкегине дым итибар берместен қулпты ашып, ишке кирдим де светти жақтым. Буның үйинен аўлақ болса арақ ишетуғынын билемен, дукап жабылмастан бурын бир-еки шийше алып қойыўым керек еди. Торқалтамды алып:

— Сен отыра бер, мен ҳәзир... — дей бергенимде, не

қыла жағымды түсинди ме: — Мен де бараман, — деп шапшып түргелди.

Дүкан көшениң басында болса да машинасын ходлады.

— Керек еме-ес, мынаў турған жер...

— Мине бер, мен ойнап айтып атырған жоқпан. Ол да сол дүканның қасында тур...

Қыз бенен сөйлесиўге жүда шорқақ ҳәм ғәриппен, диземнен димар кетип, қорққаныман жүрегим ҳәўлирип сала берди, алдымда қыз емес, бир албаслы күтип турғандай ҳаўлығаман-әй!

Ол мени машинадан түскен соң дүканның алдындаақ таныстырды. Өзим орта бойлы жигитпен ғой, меннен қыз төрт елидей бойшаң, толық ғана палўан денели, каслары керилген, ақ бозлақ, ала көз қыз екен, қабағы қалқыңқылаў. Усының шамалы жылап алғанын сезбесем милицияда ислеп не қыламан?! Қыз сездирмеймен дегени менен де сездим, усыны өзимниң сезгенимди сезингеним мәтдал, оныша албырамағанымды, алдымда күтип турғанның да албаслы емес, пәкизе ғана жасы өтиңкиреп, уўылжыңқырап баратырған қыз екенин де абайладым.

Бурыннан таныслардай дүканға ойнап-күлисип кирдик. Милицияда ислейтуғынымды қайдан билсин, он манат ақшама еки шийше ақ арақ бердидағы, төрт манат қайтарды. Ядыма бирден неше тийин жегени «сап» ете қойды, солай да болса қыз алдында қыйқымшылық еткен уят ғой, қалған төрт манатына шоколад, еки буханка нан алдық та машинамызға минип, үйге келдик.

Әдеп мен, соң Шербек машинадан түстик. Қыздың соңынан түсирип, ишкерлеттик. Еле сирә «үйленемен» деген ойымда жоқ, чай-пайды да тез таярлап, үйдеги барды алдына қойдым. Бир ўақытта қарасам, бир кеса чай ише салып, Шербегим: «қосағыңыз бенен қоса ағарың, ендиги жағында сизлерге кесент етпеймен, ойнаң күлиң», деп, турып баратыр. Мен не деримди билмей албырадым, ҳаўлықтым. Соның арасынша сырттан машинаның «ғырқылдап» ходланған сести еситилди де де сыртқа жуўырдым.

— О-кей! — деди машинасын бәстирип атырған Шербек бир қолын шығарып. — Бәри орынында болады, ҳаўлықпа!



Машина жүрип баратырғанда да аўызыма сөз түссе болмай ма, тек: «ҳәй, тоқат!» дей бериппен, тоқтай ма ол?!

Кеўилим бир түрли болып ишке кирсем, қызыл капрон орамалын бетине бастырып, қыз жылап отырған екен.

— Қорқпа, Запыран, чайыңды иш, өзим апарып таслайман, меннен бийтәртиплик шықпайды, — деп едим, қыз бурынғыдан да өкирип жиберди. Деген менен, қашанғы жыласын, ақыры солығын басты. Кем-кем саўалларыма жуўап берип, бара-бара мыйық тартып та ашылыса баслады, күлгени гүлдиң ашылғанындай дым ғана пәкизе екен, егер «усы бахыт шынтлап маған қонар болса бир бийәрмен боларман!» деймен өзимше.

Еки ғана өжире, оның алдында жабыстырып соғылған қақыра шертек, газханамыз сол. Жеңимди түрип таслап, гөш түўраўға кирисип едим, қыздың өзи шықты да қазан-табағыма үнсиз араласа берди.

Аўхатқа күтә шебер екен. Гөш түўралған картошка қуўырдақты жегим келип өлип баратырсам да сыпайылық сақладым. Шийшени аштырмады. Аўхаттан соң тағы чай иштик. Жатыў мәселеси мени еле қыйнап тур. Буған турмыс мәселесинен еле «иллә» деп аўыз ашқаным жоқ. Оны-буны сөйлесемиз.

Әкесиниң еки ҳаялы бар екен, бул сүйгилигиндеги қызы. Бунысынан да ул бала болмаған соң әкеси үлкен ҳаялы менен Тосқырман әўлийеге шыйықшы болып кетипти де Нөкистеги жайы усы қыз бенен анасына қалыпты. Сонда да базар-ошарға келгенинде ғаррының өзи де, бәйбише де усылардың үйинде қонатуғын, баспақ-саспақларын жабан жағында сыйыр етип берип, отын-шөптен де қарасатуғын екен. Қызы беске келгенинде анасы үйиниң қасындағы мектепке арқалап барыпты да бир муғаллим сиңлилерине: «Бизиң Запыранды қосып оқытшы, қолы шыныға берсин,» деп таслап кеткен екен, соннан қыз класс қалдырмай үлгерип, өтә шығыпты! Он бесинде мектепти питкерип, жигирмасында пединституттың физматын тамамлап турысы екен!

Мен, негедур, бул бахытқа пешанам тарлық ететуғындай көрдим. Үйимде керек десең, пышығым жоқ, қалтамда он еки манат ғана пулым бар, қалың мал ҳаққындағы статья кодекстен өшкели қыз түўе қайт-

паның өзи қымбат! Адам ылағы жойтылғанда да излейды, қызын излеп келсе, не деймен?!.

— Ал онда, төсегинди сала бер,мынаў төсегимиздиң жағдайы, — деймен жамыйған жүгимизди көрсетип. — Ҳасылын сен ал, жаманын сыртқа алып кетемен. Кәтим сыртта.

— Ўай-ўай, бир өзим қорқаман! — Қыз шоршынды. Албырадым.

— Дым қорқпа. Менде пистолет бар...

— Писто-ле-еет!! — Бурынғыдан да шоршынды.

— Бандит емеспен, милиционермен. Арқан тамда, қорқпа...

— Саған иште жатыўға болмай ма?!

— Болады-ы...

Туўылғалы қыз бала менен туңғыш уйпаласыўым усы! «Дәслепки түн қызға жан берген менен барабар, жигит те сабылып өледи!..» деп қапылтатуғын еди жеңгейлер, бизлерге бәле де келген жоқ, азанда уялысып түргелистик.

Сыртқа шыққан соң да, жуўынып атырып та «қонағым» тап усы ақшам келип кеткендей туйылып, өкиндим-аў, сыртта жатпағаныма өкиндим! Радиотехниктиң үй бетинен қандайдур да бир ғайры ел музыкасы магнитофонда шертилип атты...

## 6

Закон өз жолы менен, дәстүр өз жолы менен, законды орынлаўдың дәстүрге айналыўы ушын еле көп жыллар керек шығар. Заң адамыман ғой, сонда да мен дәстүрден шыға алмадым, куўғыншы ол ўақтта жоқ еди, ана сүти, палтай-шалтайлары мойнымда қалдыдағы, Қалий аға қалынына балтадай мың манатты оң ийининен санап өткерип қайтты да: «арзан, мың манат дегенге түйе бермейди,» деп тынышланбай қайтемен, арзан екенин өзим де сездим, сол ўақытта да орта қыз еки мыңға шығып еди. Ҳәзирги «подарок» деп, жең ушынан кетип атырғаны сегиз мың, он мыңнан аз емес!...

Қанша «арзан-арзан» дегени менен Қалий ағадан тойтомалағым, қаде-қаўметиме үш мың манат қарыз алдым. Дурыс, тойға мың манат түсти, оны сол күни яшуллыға санап берип, қарызымның бир «доғалағынан» қутылдым.





Мынаў ИТКда жүрип те сол күнлеримди еслесем, елеге шекем ҳәйран қаламан: сонда сол үш мың манатты қашан, қалай жыйнап төлеймен деп ойладым екен? «Той қудайдың ғазийнеси, өзин өзи көтереди»,.. дейтуғын еди. Айырым адамлар жарлыланып баратырса той берип белин тиклеп алады. Әлбетте, бундайда ҳәммеси есаплы: ағайин-туўысқанға да апарғаның қайтады, соқыр анамды жетеп, мен бир қай ағайинимниң мерекесине барыппан?! «Тасқалада» жаңа адамман, маған пул әкелип, қол ушын созатуғын досты еле таўып үлгермегенмен. «Сатырласқан милиционерлер толып кететуғын шығар,» деп едим, олай да болмады. Жергиликли комитетимиз ҳеш кимге белгисиз машинистка еди, соннан бир шифанер жөнетип «аржағына өзи түсинеди», деп жиберипти Әўезханов.

Обалы неге керек, Жомартхан аға сойыслығымды көтерди, арақ-шарабыма Қалий әкелген еки жүз манат жетип қалды. Бақсы айттырыў ойымда да болған жоқ. Бабамурат жән-жаққа даўыс күшейткишлерди қурып, той басланғаннан тарқайман дегенше пленкадан буның Кәмилжаны ма, Есжан бақсысы ма, Пугачевасы ма, жаңғыртты да турды.

Соның менен той солай болып өтти. Үйде көп отырған жоқ, Запыран Нөкис пенен есап-китабын жасап келип, орайдағы жаңа мектепке математика муғаллими болып кирди.

Азаннан кешке шекем мектепте болады, оқыў басланыўына еле ўақыт бар болса да мектепте жумыс усындай екен, күни менен сол дөгеректен ислейтуғын ис табылады әйтеўир. Мен, азанда кеткеннен кеште көрискенимше сағынып жүргеним. Ол болса мен келетуғын ўақытлары күнде кеште жолға шығып, жайымыздың көше таманына, машина өтип турған жолларға да «шаңғытпайтуғын болады» деп, суў сеўип жүреди. «Қудайым, бул бахытты көп көрмегей!» деп, апамның қашан көрсең еки қолы жағасында. Келининиң бетинен сыйпалап: «суп-сулуў екенсең, балам, мениң де әрманым усындай келин еди. Бизиң Әбил де әкеси не тарқан, сулуў! Екеўиңизден туўылған қыз пери болады!..» деп атқаны. Апамның көзлилиги тап усы күнлери бизлерге де шеп болып турған жоқ, шорпылдатып сүймегеним менен үнсиз еркелетип отыра беремен.

Усындай күнлердиң биринде түнлетип Қалий аға келди, отырғызарға жер таппай апам апалақлап атыр, мен мийманды отырғызып болып, кухняға шықсам, Шербек Запыранның қасында сыбырлана дәлкеклесип атырған екен. Иштегилердиң еситип қойыўынан қаўетерленип, есикти мықлап жаптым да жорам менен аманластым. Запыранға қолын жуўыртып:

— Мынаў жаманың дым шырайланып кетипти, бир сүйейин десем, сүйдирмей атыр, — дейди. Оның шырайланғанына мен де мәсирип:

— Сүйдирсеш, бетиңниң мөри шайыла ма! — деймен шын жүректен. Ол баўырына тартқан сайын: «қойса, қойса,..» деп, Запыран да тығылып баратыр. Шербек Запыранды мейирленип бир сүйди, уқшатып сүйгенлиги соншелли, тап өзим сүйгендей ҳәз етип турып шын жүректен күлдим. Соның менен ишке кирдик. Жүзлеримизден күлки онша тыйыла қойған жоқ еди.

— Қарыз-қаўелимди, несийе-қарамды жыйнап киятыраман, нәўбет сеники, бала? — деген сөзи кейпимди ушырып жиберди. — Пул таўатуғын ўақтың болды, журт не қылса сен де соны қыл.

— Мен де соны қылып атырман, бирақ, айлықтан аўыспайды.

— Журттың қылғанын қыл деймен! Айлық деген, бул бир, насыбай пулы ҳәзир. Усы күнде ким айлыққа қарап отыр!

— Журтты ғой, билмеймен, бирақ, мениң өзим «диниме» беккеммен...

— Онда бизиң пулды бинәй өмиринде төлей алмайды екенсең. Қанша екенин билемисең? — Жети мың!— Мынаў сөзден апам бирден шоршып түсти. Мен жайпарахат:

— Еки мың, — дедим. — Биреўден қарыз алсам да... қутыламан...

— Жети мы-ыңн!!! — деп бақырды ол. — Әўелги бес мыңды кимнен аламан?!

— Берген адамыңыздан аласыз...

Апамның соқыр көзи бир нәрсени көре жақтай кемкемнен адырайып баратыр, я ол, я мен «иллә» деп аўыз ашпадық.

Қалий өрре турып: «Сеннен пәнт жесем, атамның төли емеспен!..» деп, шықты да кетти. Отырған орыным өзимдики, сазырайыўым менен мелшийдим де қалдым. Машина дырылдағанда:

— Әбил, Әбил! — деп бақырды апам қатты даўыс пенен. Қасында отырғанымды билмесе керек, «мен қасындаман», дегенимде:

— Ҳаў! Ийт болмасаң, узатып салсаң-о! — деп, жекиринип жиберди.

— Запыран кетти-ғо!..

— Сениң орының бир басқа, жама-ан! — деп атырғанда Запыран кирип келди, түрине өли шырай урып кетипти.

— Кетти ме, келин?

— Кетти...

— Әбил, бармыса-аң? Ол не бес мың манат?!

— Өзим билемен... — Бирден телефон шыңғырлап, түргелип кеттим.

Әўезханов екен, кимдур, әўлийени өртеп кетипти. Хабар алыўым керек, «чем-то пахнет!» деди орысшалап.

Милицияның машинасы мени водоканал мекемесиниң алдында күтип алды. Кеттик.. Жары жолға барған ўақытта рациядан:

— Фараны жақпаң, — деп буйырды Әўезхановтың өзи. — Жақынла да машинаны тасаға таслап кет...

— Түсиндим, жолдас майор!..

Жалын әўлийениң берги шетиндеги, былтырдан бери қойылабасласа да қарабарақ, сексеўиллер қаплап кеткен таманынан шығып атыр. Барсам, қашшан өрт сөндириўшилер келипти, өрттиң арғы таманынан берман қарап, бродоспойдлардан урып тур.

— Алла, алла, өлилерде кимниң қасты бар екен!— деп, дигилдикей жуўырып, жаңа болған, бурын колхозда бухгальтер болып ислеген жас шыйықшы жүр. Мениң жүрис-турыслары тарта берди, ҳәрекетлери жалғандай..

Өртшилер өрттиң алдын бөлип таслап: патырлап жанып атырған табытларды, сексеўиллерди зыр жуўырып өширип жүр еди, кимдур, ашық гөрге ойылып кетип, гөрдеги қуў гелле аяғын тислеп алғандай шыңғырып бақырып жиберди.

Қорққанынан естен танып қалған жигитти еңкейип омыраўлығына қол соза бергеним, қойын қалтамдағы пистолетим гөрдиң ишине түсти де кетти! Соның арасынша қолым қорқақтың жағасына тийди де оны сыртқа суўырып шығардым. Бир жолдасы келип, оны былай сүйреп кетти. Мен гөрге үңилиўим менен қала бердим,



өлемен бе, қояман ба, сирә мениң менен ҳеш кимниң иси жоқ! Суўшының естен таныўына байланыслы қорғансыз қалған мен таманға өрт кем-кемнен өрис алып киятыр! Түсейин десем, қорқаман. Түспейин десем, енди санаўлы минутлардан кейин мен қолымды сойқалап отырған гөрдиң үстин өрт қапласа, ишинен пистолет атылып, ҳәммениң жүрегин жара жақ, суўшы шақыраўын десем, мениң кимлигимди билип қоя ма деп қорқаман! Өрт арқамды қыздыра басағанда ақыры гөрдиң ишине секирип түстим. Аяғым сыйпақ бир нәрсеге таўып кетти, мен үңилмесем де оның қуў гелленің маңлайы екенин сезиндим.. Өликтиң аяқ ушы таманынан пистолетимди алдым да сәл буғып, қойныма тықтым.. Сөйттим де гөрден қарғып жоқары шықтым. .Соның арасынша мен таманға да суўшы келип, жүрегимниң ҳәўлириўи басылайын деди. Негедур, шыққан гөриме жалт қарадым, қарғаным да сол, жаңағы аяғым тайған жерден бир нәрсе жалын менен шағылысты ма, жылтырап көринип еди, тағы қорқып кеттим де узақласқанша асықтым.

Жаңағы гөрден шыққан жигиттиң қасына бардым. Жолдаслары бетине суў урып, есине ендирсе де жумысқа араласатуғын түри жоқ. Қайта, «На хрена... жумыстан шығаман?» деп, сөгинип отыр: «Бир күн дүкан, бир күн склад... енди әўлийе!.. Керек емес, на хрена... кетемен!..»

Өртшилер мени мингизген жоқ, «кимсең?» деп те сорамады. Бирақ, олар кеткен соң шыйқшы сорады. Мен өрттиң дәл ортасындағы бир дүмпекти көрсеттим:

— Анаў жатырған әкем еди, — дедим. — Мына аўылдан өтип баратырсам, өрт шығып атыр, жаным қалмады! Өртшилерди сиз шақырдыңыз ба?!

— Әўлийеге жүдәмә бир телефон қурып берип қойған шығарр! — деди де «усы ярымес пенен де сөйлесип турман-аў?» дегенди даўыс ырғағынан аңлатып, мешити таманға кетти.

Жән-жағым мыйдей далаңлық еди, жым-жырт, жым-жырт! Жым-жыртлық та адамды қорқытады екен, көзиме жаңа бир ҳәзирде аяғым тайған гөр, жылтырап қалған гелле елеслеп, машинаға қорқа-қорқа жеттим.

Сол ақшамғы дежурный замначтың «күтсин» деген буйрығын айтты. Лийкин, ол ярым ақшамға шекем кел-

меди, звонлап та ҳеш жерден таба алмадық. Дежурный күлди:
— Звонламаған тек бир жеримиз қалды.
— Звонласеш!
— Қорқаман, ертең бақырады ғой. .
— Маған айт, өзим звонлайман...
— Айтпайман, бәри бир, аттан түсип, телефонға келмейди...
— Аты не, телефоны не, түк түсинбедим?!
— Иппадромда-дә, ҳәзир жалына жабысып, ақ ғунаншаны мықшыйтып шаўып атырған шығар, ҳәзззетип! — дейди өзинен өзи ҳәўес пенен ғурышлана аўызының суўы қурып. — Ҳимм, шапасаң!..
— Сен силте, барайын. Қай таманда?
— Таба алмайсаң, ҳәлек болмай-ақ қай.
— Сонда сен қайдан билесең?
— Ақ ғунанның өзи телефоннан сыңсып шақырды! Енди түсиндиң бе, мен де лейтенент едим, ашнам, ат шаўып жүргенинде, қайдан билейин, атты аяп едим, зәңгисине жабысаман деп, яшуллының аяғы тийип кетти...
— Оннан соң не қылды?
— Не қылатуғын еди, бизиң жулдызды жулып кетти, пәтли аяқ қоя ма сени!..
— Бизиң исимизге қуяңылық жараспайды! — дедим де шығып кеттим.
Кеңседен тәўир-ақ алыслап, асфальтқа мине бергенимде узақтан зымырап киятырған бир «Волға» баяғы металломшы!
— Ассалаўмаәлейкум, — дедим қасына отыра берип.
— Ҳә, техник, — деди да машинасын өширди. — Қайдан қайттың?
— Ат шаўып қайттым.
— Бурын минилген бе екен?
— Ал енди, аға, шынымды айтайын, өмиримше тайға бас үйретип көргеним жоқ, бир әрмандаман дейсең, бир әрмандаман!..
— Әрманыңа жеткерейин сени, шырўан көп пе?
— Неғыған шырўан-әә! Алтын жоқ, алтын!
— Алтын деген жолда шашылып атыр. Тек оны жыйнай билиў керек. Усы, сениң атың ким, баягыда сорамаппан? Мениң атым Жуманазар, фамилиям Шәмеков.



— Мениң атым Нурқасым, фамилиям Мамутов. Ал енди, аға, паспорт көрсетейин бе? — дедим жортаға қалтамды қарманып. «Көрсет» десе, «Анаў костюмымда қалыпты-аў!» деп өкинемен.
— Жо-ға, кереги жоқ, — деди Жумекең қолын силкеп. — Исенбестей жигит емессең ғой!
— Исенсең, аға, маған жаңағы алтынның дәрегин көрсет, мен сорлы бир пулдан жалшымадым ғой?!
Қабинаның плароның жақты да бетиме сын нәзер салды:
— Түриңе қарағанда, ырас айтып турған сыяқлысаң. Яқшы, мен саған исенейин, бирақ, буның ушын биреки сыннан өтиўиң керек, жаман, жерге, пайдасыз иске жумсамайман.
— Қайдам, — дедим өзимше ойланған болып. — Ис дегенниң бәри пайдалы бола бермейди, мен майғалақты емес, ең жаманлығына қайыл болып турып, исти баслайтуғын қыйлынанман...
— Әне, бул гәпиң маған унады! Енди сениң менен ат қашыртысыўға болады. Қалай, шамаң бар ма, я тақыйың талып қалды ма?..
— Қайдағыны айтпаса, аға-а?..
— Кеттик онда, Нөкиске-е! Өзим де баратыр едим!..
— Ал енди, менде кәпек жоқ!
Оянынан ғам жеме ғошшым, кәпеги өткерилген. Сениң ғәрипшилигинди бир умыттырмасам, болмайды екен, — деди ақ көкирегинен аңқылдап, жолдан көзин алмастан. Көзимниң алдына бағанағы Қалий ағаның жаман кейипли, ашыўлы түри елеслегени де сол, «усы адамнан неге узақ мәўлетке қарыз ала турмайман?! Сөйтип бир, Қалекеңнен бийғарез жасамайман ба?!» деген хыял келди де:
Биринши гезекте маған еки мың манат ақша керек, — дедим.
— Не ушын?!
— Он күн мәўлет берип қойыпты, геллемди сатып аламан!
— Қурып қалыпсаң ғой онда! Тынышлық па?!
— Тынышлық емес. Бир осетиннен еки мың манатлық алтын алып едим. Мениң есабымнан, бес-алты мың пәйда қалыўы тийис еди, қудайдың айтқаны болды, — деп, узақ тын алып, гүрсиндим. Ол бетиме жалт қарады да аяныш пенен:

— Не қылды, — деди. — «урыны қарақшы басты ма?!»

— Жа-ақ, күшке қараса бес милиционеринды табанда...

— Самбистписең?

— Қаратистпен.

— Та-ап, маған керек адам екенсең! мен санбистпен. Самбо деген не, ҳәзир оны билмейтуғын ҳәтте, бала жоқ.

— Қаратэни үйрететуғын тренер жоқ.

— Еки мыңды соз.

— Сонда не болады?

— Үйретемен. Отыз адамға шекем қыйратып саласаң!

— Сондай-аҳ күшлимисең-әй?!

— Бир ирети келер, сонда көрерсең:

— Сонда неғып еки мың манатлық алтыныңнан айырылып жүрсең?!

— Шаржаўдың көпирин билемисең?

— Билмей не?!

— Көпирдиң еки басынан мени қамады. Дәл ортада маймылдай көпирдиң пәнжересинен жоқары өрмеледим де шүй төбемнен суўға аттым! Мен ақымақ болмасам, шүй төбемнен атып не қыламан-аў, әй, я-ға, сөйтпегенде қамалатуғын едим! Ығып баратырған жеримнен қайықлы жетип услады, милиция қутқара ма?! Қалтамды тintти, алтын жоқ! Қуўанарымды да, қыйналарымды да билмедим!

— Қайда кеткен, жер жутқан ба?!

— Суў жутқан! Жер жутқанда таўып алыўға болады-аў оны, суўдан қалай табасаң?!

— Сонда шүй төбеден таслаўдан еки қолды бирден шалбардың қалтасына урыў керек еди!

— Ал енди, сол ядыма келмепти! «Жутып қойды ма» дегени ғой, аппарат пенен ишимди тексерип көрди, ақыры, ҳеш нәрсе таппағаны ушын көпирде жаяў жүргенлигимди сылтаўлап, он бес сутка берди де соны өтеген соң бөксеме бир теўип: «жоғал!» деди. Жоғалмай жатайын деп атырман ба, кеттим.

Әне, Жуманазар аға, сол алтын осетиним излеп келип, «он күннин ишинде я алтынды, я пулды таппасаң, телленди аламан»... деп кетти. Мен ғой, оннан қорқып жүргеним жоқ, биреўин өлтирип қойып, қамақта шириўден қорқаман! Қаратэ деген басыма бәле болып жүр, биреў урса да тиймеўге мәжбүрмен, үйренбай-ақ қойыўым екен!



— Өйтип қайыса берме, иним, бир ҳәптениң ояқ-буяғында бир исласын табармыз. Жеңгеңдикине де келдик. Бир пайдалы талап бар, оны соң айтаман...

Бизлер төртиниши этаждағы бир дерматин менен қапланған есиктиң қоңыраўын бастық, бир емес, бир-еки.

— Әне, оннан соң, ғошшым, — дейди сыбырланып.— Сол талап бир жүрип кетсе, ийтаяғың алтыннан болады!..

Иштен шыққан «кимсе-ең?» деген нәзик даўыс гәпти бөлип таслады. Жуманазарт аға мурты тийгенше аўызын қапыға тақап, әсте ғана: «Ғарийбиңме-е-ен!» деп сыбырлана созды.

Гилит сытырлап есик шалқайдыдағы мениң мурыныма мынаў түн көйлекли сулуўдың жып-жыллы, жағымталлы жалаңаш бедениниң хош ийиси «лып» еткендей болды. «Қарақаның болсын, Жуманазар!» Мықшыйтты-аў, мықшыйтып сүйди-аў! Уялмақ түўе мени адам есабына алып турған да ҳеш қайсысы жоқ булардың! Ол «периштесин» алақанына салып көтериўи менен коридордан төрледи. Онысы да еркеленип баратыр. Жумекең қай жайға апаратуғынын өзи биледи екен. Мени аўыздағы жайда қалдырды да өзи сол турысында төргиге өтип кетти. Көп егленбеди, демниң арасында трико, тапочка кийип алыпты, тез шықты да: «ҳәзир чай қояман,» деп, қазанханаға өтти. Денесиниң үлкенлигине қарағанда ҳәрекети шаққан, ҳә демей бети-қолларын, буйра шашларын муздай суўға жуўып, түкли сүлги менен сүртине шықты.

— Жуўынып, шайынып, арқайын отыра бер. Ванна да тайын, бундай ваннаны «Тасқалада» пулыңа таба алмайсаң.

— Маған қолайсыз болып отыр. Қайтсам қайтеди, үшинши аўысық» дей ме орыслар?

— Ә-әй, орыслар не демейди, ғошшым. Меннен ҳеш қашан адам аўыспайды. Бар, бар, жуўынып кел, бул не, гөрден шыққандай үсти-басың шаң-шаң!..

— Ҳаўўа, ҳаўўа, гөрден шықтым, — дедим ойынлы-шынлы, бирден «бул билип қойған жоқпекен?» деп

ҳаўлықтым, лийкин, билдирмедим. — Пул беретуғының ырас болса, гөрден шыққанымға!

— Кес геллем, жалған сөйлемеймен, бизики бир гәп!

— Әкел қолды? — Қолын қатты қыстым да ваннаға кирдим

— Бәри жып-жыйнақлы, бәри азада. Бизиң үйдиң ҳәтте табағы да мына ваннадай гирбиңсыз, жалтырап турған жоқ. Қалийдиң үйи-ғо, бизиң үйден-ҳәм патас, журт усындай азадалыққа қалай үйренеди екен, ҳәйранман? Усындай жыйнақлы жерге келсем, мени этираптың азадалығы қысады, ләззет бермейди. Қысқаны сол, өзимди күтә ләттепәм сезип, бир нәрсесин тасырлатып алыўдан қорқаман, бундайдан маған, қәне, жабан болса? Лийкин, жабайылықты күсей бермей, мәдениятқа умтылыўым керек ғой, өзимде ғоқ деликатныйлықты келистире алмай, бүлип жүргеним. Бундай үйлерден сонша аўхат үйилип турғанына бийғарез, аш қайтаман, сөйтип, үйге барған соң Запыранды, я Бийбиайшаны оятып, уай қайнаттырып, пөлке напды, ўаай, тийеймен-аў, үсейтип ҳәз көремен. «Өз үйим өлең төсегим» деген усыды-дә, «бир нәрсесин бүлдирип алмай мынаў үйден де тез кете қойсам» деймен.

Ырасында да үстим шаң-шаң екен, гөрдиң шаңы! Қолыма щетканы алдым да: «Жабаннан бир жүк машинға минип қайтып едим, — дедим ваннадан шығып баратырып. — Шаңы көмип таслапты-ға!..»

Басқалтаққа түсер жердеги палаңдай аланда уқшатып щеткаланып алдым. Соң ваннаға кирдим, жуўындым, тарандым, енди пистолетим уўайым, бир ели жаздырылыўға қорқаман! Адамлардың не бир түлки қыйлы болады, иши-баўырыңа кирип отырып шалқаңпан салады!

Ваннадан буны жасырғандай жер табылмады. Пиджагимди шешпестен шықтым «шешип кел» демесинен алдын:

— Әпиў етерсиз, — дедим, — аязлаңқырап жүр едим, шешинбедим.

— Еситтиң бе, аппағым, — деди Жумекен столға толы бир табақ таўықтың шылғый қуўырылған сатанларын қойып атырған аппағына. — Бул жигит аязлапты, қыз булаўға салыў керек, табасаң гөрден болса да!

— Сонда ерте келсеңиз болады-ғо, енди таң атсын...

— Мени қысындыра берме, аға, — деп өтиниш етим Жуманазар ағаның алдына икраны ысыра берип.— Келеси иретлери-ақ болар. Бүгин танысып алайық, кишем менен...

— Сеннен басқалар инсаплы-аў, — деди аппағы мыйықтың қуйрығын жымыйтып. — Тек сен ғабырғубыр еттиресең де турасаң.

— Тиси шықсын, дәмиксин, ғабыр-ғубырды усы баладан көр! Бул дегениң, о-о деген тистехник! Енди гәпке түсинген шығарсаң, буған тилла тислилериң керек емес, тисти өзи салып алады. Сен тек тилла суўлыққа ҳәўес болып жүрген тайыншақ тапсаң болды, тисин қуйып келип отыр!

— Паҳ, сен де жорттырсаң-аў, — деди аппағы маған лийкинлилеў қарап, анаған ғыжақ пенен. — Тиси өлшенбей протези қуйыла ма екен! уттырдың, Ғарийбим, бирге пол!..

Аппағы орынына отырып болып та, аўхат жеп отырып та сылқылдап күле берди. Жумекең утылғанды дым жаман көретуғын адам екен. Мениң бетиме мәккарлана қарады да:

— Қәне, сен айт, тис техник, — деди. —Қуйыла ма?

— Ол енди, — тубаладым, билмейтуғын едим, — ол енди, технигине байланыслы. Қеңлеў етип қуйып қойсаң тарайтыўың қыйын емес!..

— Әне, еситтиң-ғо, сен тайыншағыңды таўа бер.

— Жақ! — Қымбат сырғасын жалт еттирип, басын шайқап күлимсиреди, сүйкимлисин-аай! —Тайыншақ көп, әдеп қуйып келген тисиңди көрсет.

— Тап... усы... — Тутлықты Жумекең. — Көрсетейин бе?!

— Көрсете алмайса-аң, — деди созылып жиңишке даўыс.

Жумекең шыдамай орынынан турып кетти де жаңағы кирген жайынан бир мушын тас қылып түйип шығыл :

— Мине! — деди. Аппағы бурынғыдан да сыңқылдап күлди:

Алақанында дым да жоқ, а-аш қәне?

— Мине! Мине саған тилла тис! — Оның алақанында ҳәр қыйлы онлаған тис жарқырап турды. — Қып-қызыл алтын, билесең бе, қып-қызыл алтын! Жумекең ҳеш қашан бәсекиден утылған емес, билип қой! Мине,алтын ба?! Көр, техник! Көр де айт мынаған,

один нолемиш, өзиң шығар нол! — деп тоңқылданыўы менен тислерди мениң алақаныма төкти.

Кысқа ўақыттың ишинде мен ол тислердиң биреўиниң желинген, гөне тис екенин абайлап қалдым, бирақ, сыр берместен қайтарып бердым де: «Даўды қойың, аўхатты жейик,» дедим ҳәм өзим кишкене ләккиге таўықтың жуп сатанын шүнишким менен салып алдым.

Еле нерви жайына түспеген Жумекең қалтыраўын баса алмай, рюмканы да қоя берип, фужерге коньяктан толтырып, усти-устине еки мәртебе тартып жиберди.

Еркелетип айтып отыр десем, Аппақ деген мынаў қыздың өз аты-ақ екен. Утылғанын абайладыма, қыз ҳәр фужердан соң гәўҳар қаслы, тилла жүзикли майыскак саўсақлары менен ләккидеги икрадан қара тары шөплегендей бир атымдайын алақанына шөплеп салып, Жумекеңниң қалың еринли, жайық аўыңына наз бенен барып аттырып тур еди.

— Тентек, — деди Жуманазар оның еки езиўинен еркелете қысып, — Мениң жайын аўызыма төрт түйир икраң не болады, банкасы менен бер!

— Түўесилди...

— Тап деймен!

— Яқшы-аў, яқшы-аў, тағы шеп жағыңа шығып қалармыз, — деп, былық-сылық турып кетти де ашар менен қаңылтыр банканы әкелип, мениң алдыма қойды. — Ағаңа ашып бер, усынысыз күни жоқ, ха-ха-ха..

Неге күлди, ҳәйранман. Банканы аштым, жоқарыдағы бес жүз манатлық хрусталь қандилден төгилген нурға шағылысып, суў маншақтай қап-қара уўылдырық иркилдер еди. Өмирим туўып, усы үйде аўызыма бир салдым, онда да анаў ләккидегиден-аў! Дым мазасын таппадым,

— Усының неси жақсы? — дедим Жумекеңе созып атырып.

— Жеўин биз жеймиз, мазасын Аппақ биледи, соннан сора.

Қыз, негедур, бетин басып, сылқылдап күлди. Мен нedendур, гүманланып, икра жөнинде аўыз ашпадым.

Соның арасынша күн шығып, шыра өширилди. Отырыспа еле даўам етип атыр еди. Ақсақал «Белый айстың» қашшан биреўин ушырып жиберип, екиншисиниң сақыйнасын алып атты.



Аппақ, анаў тамнан қандайдур да бир телефон номерлерин терип, кимлердидур, шақырып атыр. Жүрегим бирден дүрсилдеп кетти, өзимди өзим жақсы билемен, мениң бундай нәрселерге мейлим онша соқпайды, ешейинде қақаңласам да қыздың алдында қысынғанымнан қыз болып қаламан. Қалай болмасын, сол масқарашылықтан бурын сыптырылыўым керек еди.

Аппақтың изинен барып, телефонның трубкасын қолынан алып, басып тасладым. Бундай турпайылықты меннен дым күтпеген қыздың бетине бирден қаны шапшып:

— Ҳаў! — деди ҳәйранлық пишинде. — Мен сизиң ушын....

— Түсинип турман, мени әпиў ет, Аппақ, ойнаслыққа дым мейлим шаппайды, мени қысындырып аласаң...

— Ояғынан ғам жемең, қысындырмаймыз...

— Тағы бир қолайсыз жағдай бар, анходиспансерде жездем ҳал үстинде жатыр. Ақсақал қашан босар екен?

— Енди... кешке шекем... уйқылайды. Ҳәптениң тек усы күнинде ғана бизики, басқа ўақытта анаў ҳаялында....

— Мен ишки жумысларыңызға араласпайман. Таак, кешки тоғызда келсем бола ма?

Ол лийкинли етип, еркелене күлди. Соң: «ҳәптениң усы күнинен басқа күнлери... тек өзиңе есик ашық, әлбетте, кеште...» деп сыбырланды, ышқы тола көзлери жети жүйремнен өтип, қалай болса солай жыбырлатып жеп баратыр. Төс қалтама бир қағазды тықты да: «Бизиң телефонның номери,» деди.

— Мен келгенше, ақсақалды жаздырма, кешлетип келемен, — дедим де аўхатлы жайға шықтым. Яшуллы, қолыда бир фужери ишилген «Белый айстын» қысымлаўы менен мүлгип отыр екен, бирден сергип: «Ха, қайда?!» деди таңланды.

— Кеште хабар аламан, дем ал, аға...

— Аппақ биледи оны...

— Беккем болмасаң, аға, «Белый айст» қолыңнан ушып кетейин деп тур...

— Сыйрағынан қатты услап отырман, гөрге бармайды...

Мен жолшыбай бир «Колхиданың» кабинасына отирып, туўры «тас қалаға» тарттым. Келиўден замначка кешеги өрттиң жағдайын хабарлап шықтым.

Қыят Әўезхановтың: «ким, не ушын звонлады, ең болмаса, соны билсеңо?» деген сести қулағымнан семер емес. Үйге барып жигарма минут, тек жигирма минут ғана көз шырмын алсам еди, ҳәзир геллем жүн тыққандай...

## 7

Бурыннан дағдым — нешеде тураман десем, сол ўақытта тураман, милицияға иске киргели ўақыт мәселесинде бурынғыдан да сәддеңдейлестим. Саррас бир саатты мөлшерлеп жатып едим, бирден көзимди ашсам, саат саррас он бир болыпты.

Телефон аўыздағы өжиреде еди, айнаның аўызындағы жалғыз столға китапларын жайып таслап, бир нәрселерди көширип отырған Запыран биреўдиң Ярылқасун дегендикин сорап келгенин, көзи жән-жақты жеп баратырғанын, өзиниң ҳаўлыққанын, тек ғана соқыр анамның болғанын, болмаса, қорққанынан бақырып жибере жазлағанын айтты. Түри-түсин сорасам, мен күткен мийманға усайды, бирақ, Бабамураттың үйи жақтан келипти! Әне, саған жаңалық керек болса! Сорасам, ҳеш ким звонламапты да.

Бул — күн жаңа шығып киятырган, мен еле Аппақтикинде отырғандағы саўда. Сонда да келиў пәттен еситкенимде бир иләж етиўим мүмкин еди. Келгенимде Запыранның мектебине кеткенин биле тура: «келиўден неге айтпадың?!» деў, әлбетте, надурыс.

Шайға ўақыт жоқ, сақалымды да асығыс қырдым, гөрден шыққанман ғой, кийимим, кирлеп кеткен, сонда да алмастырмадым, себеби, үйге келип кеткенимди Аппақтың билип қойыўынан қорқтым.

Орыслар: «азанғы гелле кештеги гелледен ақыллырақ» дейди, уйқылап турған соң ақыллы болмай не қылады?! Бабамураттың үйине барыўға тез сылтаў таўдым.. Дийўалда заңқылдап турған радио-сөйлегишти мыйығынан жаздырдым да вилкасын суўырмастан жулқып тартып жибердим. Вилка орынында қалдыдағы «ийеклигинен» үзилген сөйлегиш қолымда кетти. Дәрҳал вилканы суўырып, шнурын шуўмақлаўым менен Бабамураттикине түрдим.

Көшемиз де, тротуарымыз да асфальтсиз. Жай менен салма аралығындағы тротуар орынынан ҳәр ким



өз мейлинше қора-қопсы, гөр-жер қоятуғын орынға айналдырып алғандағы, салманың жайға өтетуғын тусын тоңыртқалаған, солай да болса тоңыртқа менен тоңыртқаның аралықларына егилген қара таллар шаңқай түстиң шағырайған қуяшын да айналарға түсирмей түсликтеги өжирелердиң ишлерин әндамлы қоңыр салқын етип туратуғын еди. Бабамураттың көпириниң үстинен бир автомашинаның нағышларының қыры сынбаған излерин көрдим де ҳәзир ғана қандайдур машинаның бәсип кеткенин абайладым. Сирә «девять» болса керек деп шамалайман. Дәрўазасы сирә жоқ, жайдың батыс тәрепиндеги фотографлардикиндей қара перде тутылған айнаның тусынан өте бергенде қәдимги үлкен геўмис қумның көк шырша сырлары сәскелик қуяш пенен «мен мындалап» шағылысып турды.

Ойлағанымдай болмады, қапысы аңқайып ашылған; Бабамураттың өзи де үйде екен. Буйымымды көрип: «Чепуха-а! — деди, — асықпасаң, ҳәзир-ақ жалғап беремен».

Мен соң бир айналып соғатуғынымды айттым. Нан қойды. «Керек десең жүз граммнан қыйттай-қыйттай қуйып та жиберемен,» деп атыр, жүзинде сирә ҳаўлығыўдың изи жоқ. «Бағана бир машин көргендей болып едим, Гөне Үргениш таманға жүрсе минип кетермен десем, жылысыптыдә қашшан!» деп өкиниш билдирип атырман. «Кешиктиң, — деди Бабамурат. — Тап, ырасында да Гөне Үргеништиң машинасы еди. Усындай бир чепухаға келипти, машинасынын радиосы бузық екен, бизиң қол тийди, болды-лә!..» деп изимнен сөйленип киятыр.

— Бизиң апам кранның суўына көнликпей бүлдирип жүр...

— Ол жақында келди ғой, ол түўе өзим көнликпей, усы қумды Ташаўыздан алдырдым. Өткен әсирдики дейди, шортым билсин, елли манатқа алдым...

— Ҳәзир билемиз қай әсирдики екенин! — Мен қумды айналып көре басладым, кум ырасында да геўмис, пухта соғылған ҳәм күтә сулуў. Ондағы арап графикасындағы жазыўларға түсинбедим.

— Нешше бабаларымыз суў ишкен шығар-аў?! — дедим таңланып.

— Таслардың өмири узақ. Сынбаса, еле де нешше

әўладты өлтиреди. Сениң суў ишкиң келип турғо? Соң «усындай бир қум таўып бер» демекшисең...

— Ырас, ырас, — деймен таңланып. — Ырасында да суўына аңсарым аўып тур. Сен оны қайдан билдиң?

— Мен шөлдиң халқынанман, шөллеп турған адамды түринен таныйман. Ишкиң келсе, иш. Керек десең, қумды да беремен...

Қумның үсти фанер менен бастырылған, оның үстинде жасыл сырлы сарқум тур. Мен фанерди аштым да үлкен сарқумды жарыланып қалған қумға батырдым. Ишип турман, ишип турман, сарқумдағы суў түўесилди-аў, фанерин жаўдым да орнына қойдым.

— Ырасында да муздай екен?

Сен жаныңа жәбир қылдың, шөллеп турғаның жоқ еди...

— Ўәй, жа-ғә-ә!..

— Сен шөллеген зат ол жерде жоқ, кетти қашшан?

— ...

— Кирпигиң неге қыпылықлай береди, мен қателестим бе?! Енди үйиңде жата бер, алдың гүз, тоңып қаласаң, жолдас инспектор!..

— Сен буны қайдан билесең?

— Өзиң айттың, қопал ҳәрекетлериниң айтты. Сендей талантсызлар не жинаят аша алады?! Ырас айтаман, сен излеген нәрсе қашшан кетти!

— Қашан? Ким менен?!

— Биз — түркпенбиз. Ҳеш кимди сатпаймыз. Бирақ, бир нәрсени айтып қояйын, сен мени аңлып ўақтыңды мәзи өткерме. Мен ислеген жинаятымды өтеп, ондай жолдан жүргенди баспүкил қойған адамман. Саған мени аңлытып жүргенлер де ақымақ! Ҳәзир мине, арамызда гүўа жоқ, мен ашығын айтып турман. Жинаятшы қасыңда жүр, оны соң билесең. Ал енди, сақ бол, сен оннан утыласаң, жақын күнлерден утады. Один-ноль боласаң! Буннан артық бир аўыз да гәпим жоқ, сорап та ҳәлек қалма, қай-қай! — деди де ишкери кирип кетти. Соң тағы шығып: — Қумды әкете бер, — деди ҳәм есикти иштен сыңғырлатып илип таслады. Мен сонда ғана есиме енип, бул жерден тез кетиў кереклигин сезди.

Әўезхановқа бул ҳаққында ҳеш нәрсе айтпадым. Ақшамғы өрттиң жөнин түсиндирдим, оны тек кимниң



звонлағаны шамалы қызықтырды: «ийй, сол гөрстанда не болатуғын еди!» деди де: «онда талабыңнан қалма» деп, қайтарды. Жаңа тапсырма болмағанына қуўанып, түрли-түрли бланкалардан бүклеп қойын қалтама тықтым да «Тасқала—Нөкис» трассасына шықтым.

Және өткен машинаның бәрине «голосовать» етип, микрорайонға жеткенимде күн түстен аўып кетип еди. Жумекеңниң «Волгасы» қойған жеринде қайқайып тур. Айнасынан, кимниндур, магнитофон лентасынан:

«...Жить то будь то хороша-а,
Оболдей моя душа-а!..
Никогда не унывай-ай,
Песню запе-ва-а-аай!..»

деп қутырынып айтқан қосығының қайта-қайта еситиле бергенлиги соншелли, жоқарыдағы қатарлары яд болып қалды.

Өзим чайханада болғаным менен көзим солардың айнасында. Кирип барайын десем Аппақтың «мийман қыз» шақырыўынан, оннан соң пиджагимниң қалтасындағы пистолет пенен бланкалардың билинип қойыўынан қорқаман. Сол отырыстан саат жети болды, тәўекел, түргелдим.

Қәдимги таныс этаж, таныс қоңыраў, таныс есик ашыў.

Ақсақал төрги жайда тас болып уйқылап атыр екен. Кешеги стол кешеги жеринде, кемирилген сүйек, шала тисленген жемислер. Хор болған Аппақтың кешеги жилўа-назлары, үмидиўар көзлери, ҳәтте өз ҳаялыңнан гүманландырарлық дәрежедеги телмириў...

— Меннен нәтийже шықпайды, — дедим шаншыўланың қырап. — Яшуллының кеўлин таўа бериң. Мен тек, ўәде еткен соң келип қалдым. Кесент етсем, кетемен...

— Жа-ақ, яшуллың бизди бүгин зериктирип жиберди, — деп күлди. — Енди турыўдан коняк сорайды. Дүканға ушаман...

— Мен-ақ ушайын. Бирақ, қалтам жеңил.

— Әңгиме қалтада емес, кирип шығатуғын жерим бар. Мен ҳәзир бир чайнек чай келтиремен, — деди стол үстин тәртиплестирип атырып. — Биймәлел дем ала бер, басқа адам кирмесин. «Ташкент» мийманханасында биреўдиң он бес минутлық жумысы бар, пити-

ремен де қайтаман, ол жолыма қарап, дилгир болып отыр...

Ол духиларын буркыратып, салланып шығаман дегенше газханадағы чайнектиң қақпағы сыңғырлап мени шақырды. Өзим демлеп алдым. Сүтке шомылғандай аппақ, жупқа додақ арыўдың жуқа жүзлерин қымбат косметика бурынғыдан да шырайландырып төрге қапыдан қызыл ала шифен көйлекке доланып шыққанында негедур, ишимнен бир түрли қызғаныш пайда болғанын сезиндим. Ол «мени көрдиң бе, енди қалай екенмен?» дегендей алдымнан аққуўларша илбип, қыя бағыш, сыйқырлы тәбәссүм менен өтти де сыртқы қапыны жаўып кетти. Сәлден соң басқалдаққа тық-тық тийген дыбыс оны меннен алыслата берди.

Орынымнан турып, «Жумеке, Жумеке!» деп, әстеәсте даўысладым. Онық сирә қорылдысы бөлинер емес. Еплеп басып үстине кирдим.

Ортаға қурылған бәлент қаслы еки адамлық қәттиң сол таманында, ақ көпшиктиң үстинде қара шашлары қопыраўы менен дүстөменине түсип, урып атыр қорылдыны. Қулағын кесип әкетсем де оянажақ емес. Ҳәзир ғана назәлим кийинип шыққан шифанер ашық қалыпты, Жумекеңниң ақшамғы ақ пиджагиниң бир шалғайы шифанердиң шала жабылған таманына «өсип» шығыпты. Көзимди тири өликтен айырмай турып, қойын қалтасына қол урдым да тиллә тисли ҳәмиянды алдым ҳәм аўыздағы өжиреге шығып журнал столының қасындағы былқылдақ креслоға көмилдим.

Бирим-бирим услап, көзиме тутып көрдим, алдыңғы төрт гүрек тис желинген. Қалған үшеўинде де тыйықтың жырған изи бар. Бир азыў тис, қалай болса солай омырылыпты, сүйеги менен жүр!

Тилла тислерди ҳәмияны менен, тап бурынғысынша орынына әкелип қойдым. Тағы аўыздағы өжиреге шықтым, қол жуўып келдим де чайнекти жарыладым. Аппақтың гүманланбаўы ушын жегим келмесе де пискен гөштен, алма-жүзимнен ғаўзанып, муртын шақтым.

Аппақ он бес минуттан емес, саатқа қарап отырдым, бирсаат жигирма бир минут дегенде есиктен кирди. Кирди де:

— Еле оянған жоқ па? — деп таңланды, столдың үстине еки шийше «Белый айсты» шығарып қойып атырып. — Кирип оятсаң болады-ғо?



— Яшуллының үстине қалай киремен, тартындым, — деп уялшақ болып атырман, жүдә. Дегенимдей-ақ гүманланбағанын сезиндим.

Төрги жайға киргени де сел, «Жить то будь то...» тағы жаңғырды. Ол үй кийимлерин кийинип шығып, аўхаттың әнжамына кирисе бергенде: «Тағы отырамыз ба?» дедим жорта ҳаўлығып.

— Меникинде асыққан адамды биринши көриўим,— деп күлди.

— Дәўдиң уйқысындай екен, мына шаўқымға да оянбай ма?!

— Оянбайды, ўаҳаҳа-ҳа! Шаршаған, ғарры жан...

Оны саат он бирлерде, аўхат таяр болған соң өзи оятты.

Отырыспа тағы даўам етти. «Сиз ише бермен, — деп жалындым. — Тағы кете алмай қаламыз?..»

— Мен асылып болса да, рульге отырсам болды, көзим шайдай ашылады. Сениң өзиң еркекписең?! — Үндемедим. Оның сөзи аўызында. — Бул коньяктиң бүгин ислейтуғын иси бар, саған бир пайдалы талапты көрсетемен...

— Сөйт, аға. Бирақ, ГАИ услайды ғой!

— Оған да бир нәрсе услата қоямыз.

— Мәселемкиден, не?

— Қызыл онлық. Сен... — жән-жағына қаранып, Аппақтың газханада екенлигине исенген соң: — Сен өлген адамнан қорқасаң ба? — деди сыбырланып. Мен болжаўымның дурыс шығып киятырғанына қуўандым да сыбырландым:

— Тириден қорқаман, өлгенниң не зияны бар?!

— Дурыс айтасаң, өлгенниң тек пайдасы бар...

Аппақ ишпеди. Саат бир ярымға шамаласқанда биреўиниң түбин сырықты да екиншисин маған услатты:

— Машинаға бар бер, ҳәзир жетемен.

Биз түнги еки болмай-ақ «Нөкис — Тасқала» трассасына шықтық. Машинаны ушырып баратыр. Гезлесиўши транспорт та аз, ГАИ түўе пияда жүрген тири жан көрместен-ақ көпирден өтип кеттик.

Қаңылтыр менен шиферланған үлкен жайдың «Хийўа дәрўазасына» тумсығын тиреп, машинасын тоқтатты да: «шыға бер,» деп сыбырланды ҳәм өзи де түсти.

Дәрўазаның англичаны қулпының гилти қалтасын-

да екен, ашты. Машинаны киргизди, соң багажнигиниң қақпағын көтерип, қолыма бир сакваяж услатты, жапты, илди, дәрўазасын да жапты, илди, соң: «кеттик,» деди. Кеттик.

Елиў адым шығар-шықпастан-ақ: «Бай-буў, коняк қалып қойыпты-ғо, мен әкелейин!» деп бурыла жақ еди, қойын қалтамды услаттым да: «Мында, коняк!» дедим.

— Бундайда ниниң жигерлендиретуғынын биледи екенсең, молодец! — деп қуўанды ол.

Бизлер дуппа-дуўры әўлийешиликке тарттық. Әтирапта тири жан жоқ, мени шынлайын дегени шығар, сөйлей береди:

— Усындай мәҳәллери өли түўе тирисин шалып кетсең де билмейди бул журт! Тилла деген шашылып атыр, өзиң тис технигисең, сөйтип жүрип, аш жасағаныңа ҳәйранман! Бизлер темир-терсектен-ақ «Волга» минип жүрмиз-ғой!

— Лотереяңыз утқан шығар?

— Мен сол бир лотереяны өзиң қусаған бир аштан отыз бес мыңға сатып алдым!

— Отыз тийинлық нәрсени, ә?! Оннанша, базардан алғанда болмай ма, «Волганын» майы менен турғаны Ташаўызда жигирма бес мың манат!

— Оны билеме-ен! «Сол жигирма бес мыңды қайдан таптың?» десе, мен не деймен! Оннанша, кетсин он мыңы, мениң бир, өгизимниң мойыны исип пе?! Темир планын толтыра алмаған мәкемелер пул береди. Меннен ким металломды өлшеп алып атыр!

— Өлшейтуғын болса, шатақ екен.

— Онда да қыямети жоқ, бир автокран, бир «КамАЗ» бенен шықсам, бир күнде кеминде үш машина темир-терсекти үйип таслайман, ояғынан ғам жеме...

— Мени қасыңа алсаң-о, аға...

— Онда... сениң менен бөлисиўим керек, сен не қыласаң онда?

— Темириңди жыйнап-ақ жүремен...

— Жа-ақ, саған алтын жыйнатаман, соны жыйнай алмасаң, темирди де жыйнай алмайсаң. Тек сен бек бол, аўызыңа бек бол, алтынды пуллаўды бил, тамам, миллионер болып турсаң!

— Әй, қайдам!



— Ҳеш қайдамы жоқ, алтынды қорытасаң да ҳәр тисти жүз манаттан жарқырата бересең, тек, жүрек керек буған, жүрек!

Биз кешеги өрт болған жерге жақынластық. Ол қалың бир майда жыңғыллықтың арасын тинтинип, сабы шығанақ бойлы бел тапты да! «усынымды таўып ала ма деп, жаным қалмады? — деди белди маған берип атырып. — Кешегиниң алдындағы ақшам, геўлеп атыр едим, қойымгершиликтиң орта таманынан бир сыңсыған сес шығады! Жаным қалмады, белимди алып, тура қаштым! Мениң дыққатымды қара сен, усы кәраға қашып баратырып-ақ зыңғытып едим, алжаспай таптым-ә!..»

— Мен қорқып баратырман, аға?

— Елден-ақ па?!

— Жаңағы сыңсыған не екен?!

— Оннан қорқпай-ақ қой, анықладым, жалғыз баласы авариядан өлген бир жесир ҳаял екен, жинли болып кетипти, бийшара, кеше Аппақтикинде бир шеригимнен еситтим, оннан дым қорқпа.

— Қорқпаўға ҳәрекет етемен...

«Ақшамғы өртшилер: «звонлаған ҳаял адам» деп еди, сол бийшара екен ғой,» деген ой кешти кеўилимнен.

— «Ҳәрекет етемен» дейсең-аў! Қорқпа, қорқсаң жин урып кетеди!

— Қалай қорқпайсаң, жолы бар ма?

— Жолы бар. Қалтаңдағы коньякти аш! — Ашып, колына услаттым. — Стакан алмаппыз-аў! — деп өкиниш билдирди. Соң ийегин аспанға шошайтып, бир-еки жутты да маған усынды:

— Бир-еки жутып бер...

— Ишпейтуғынымды билесең-ғо!

— Ишпесең болмайды!..

Тилимди тығын еттим де шийшени басыма көтерип турдым-турдым, тағы қолына услатым. Ол ғылқылдатып және жутты, және усынды, және бердим. Тағы усынды да: «Тығынын тығып қой, қалғанын гөрдиң басында ишемиз,» деди аўызын сыпырынып.

Айсыз түн тастай түнек. Қойымгершиликке жақынлаған сайын узақтан еситилиген байыўлының налышы да жақынласа берди.

Кешеги өртши машина турған жерге келгенде өрт

тиймеген ақ дүмпеклерге қарағанда өрт шалған жерлер қараўытып көринди.

— Мынаў жағы неге қараўытып тур? — деймен садасырап.

— Қуданың өзи кеширсин, өртеп кеттим...

— Қаша-ан?!

— Өткен ақшам. Сөйтпесек, болмады. Ашылған гөрдиң топырағы билинип турады, онда бизиң изимиз бар, ақыры!

— Өлгенлерге обал болған екен!

— Обалы жоқ, булардың бәри дозақы!

— Жа-ақ, шыным! — Тағы тастыйықлады ол, мениң: «әси кетпе» дегениме қасарысып. — Дозақы! Булардың ишинде домалақ арзашылар, ОБХССшылар, жәлеплер көп. Булар бул дүньяда өртенип кеткенлерден еме-ес, өртеп кеткенлерден, шәриятта бундайлар дозақы.

— Бизлер өлсек ким болып өлемиз? ,

— Әлбетте, дозақы! Көп гәп, бос гәп, иске кирисемиз. Өзиңди беккем тут, — деди де аяғын аңлап басып, тап кешеги мениң пистолетим түскен гөрдиң басына келди: — Усыған жаңа түсип, ыржыйған қуў телледен алтынды жаңа жарқырата бергеним, жаңағы бир қақсалдың даўысы шығып, па-ай зыттым-аў, «Ну погоди!» деги қояның табанда қалды-ә, «өзимде бундай жүйрикликтиң бар екенин жасымда билгенимде жәҳан чемпионы болады екенмен-аў!» деп, елеге шекем ишимнен күле беремен. Қоньякти бер! — Ғылқылдатып жарылады да маған берди. — «Батырлық ушын жүз грамм», дейди орыслар, көзиңди жум да тарт!..

— Иске сәәт! — Ырасында да бир-еки жуттым, бәлким, көп жутқанмандур, ишеклеримниң қай жерлеринде баратырғанын сезгеним де сол, геллем «ғуўў» ете қалды. Өзимде шамалы батырлық та сезинейин дедим. Ол саквояжды ашып қолыма еки қарыстай узын фонарик услатты ҳәм: «Мен түсемен, сен гөрди жақтыртып турасаң,» деп ескертти.

Бурыннан көкирегин басып қалған ийт екен, сирә ети шимиркенбестен ашық гөрге «диңк» етип секирди. Секирди де үстиндеги пиджагин шешип берип: «Тазалаў жерге қоярсаң,» деп ескертти. Мен шыжланлы қалтанын тусын басып-басып көрип, өрт шалмай қалған бир бейиттиң үстине қойдым.



— Қайда кеттиң? — деген гүңгирли шықты гөрден. — Мында кел!

— Ҳәмме жер қара күйе, таза жер зорға таптым, — деп сөйленип келдим. Шонтаң етип басын көтерди де ҳаўлыққан даўыста:

— Қалтасындағы түсип қалмады ма?! — деп сорады.

— Не нәрсе еди?!

— «Шийкабир атадан» алынған-ше?!

Түсинбедим, не алып едиңиз Шийкәбирден?!

— Тис-тә, не болатуғын еди! Барып көр, шыжлан бар ма?!

Мен барып, шыжланлы қалтаны көрип қайтсам, ол еле сол турысында гөрден ийегин созып тур екен, бирден қорқып кеттим, кеўилиме, тап, Жуманазар емес, оның аяғының астындағы қуў сүйек тикейип кеткендей туйылды, жақыннан тағы байыўлы бытпылдады. «Бар екен,» дедим даўысым дирилдеп. Гөр гүңгирледи:

— Солай болсын, бизиң бир ақшамғы уйқысыз түн, ақыры! Жақтысы сыртқа түспесин, фонарикти туўры гөрдиң ишине бағдарла! — деп буйырды да өзи еңкейип, бир нәрселер қыла баслады.

Гөрдиң ернегинде жүреме отырмастан алдын шалбарымның кисесиндеги кисенди шығарып, бир қапталыма қайымлап қойып алдым. Соң фонарикти тас түнек гөрдиң ишине туттым. Гөр еле гүңгирлеп атыр:

— Тап мынаў туста еди, — дейди қолы менен қарманып. — Биреў қозғады ма деймен, бизден басқа да талапкер бармекен?! Қолым қайда жуўырса, сол точкаға нур түсир, сәл былайрақ ал!...

Бармағындағы алтын жүзиктиң гәўҳар қасы нурға шағылысып, жуўырған пышықтың көзиндей былай-былай атласып турды да, бирден: «Тапты-ым!» деп даўыслады:

— Тап, мынаў жерге нур түсир, мынаң-қара! Мынаў мурынының уңғысы, мынаў көзлериниң уңғысы! Бәрине қум тығылған, бәри де қумға толған, ҳа-ҳа! Тирисинде көзи дүньяға тоймаған складшы еди, енди қумға тойыпты-дә! Бирақ, бийперзент еди, байғус! Басына сақана салатуғын да тырнағы қалмады, отыз еки тиси алтыннан еди, отыз еки-и! Мениң менен өл деген бақталас, ҳәмел талас азыўлы еди бул, ҳәзир енди мен сол азыўларын суўыраман, таба емес, тоба-

а! Мени сергизден еткен сулуўымды да қушып қойды бул, бунда пул мендегиден көп едидағы, ақыры бул меннен де жермен еди, ҳәзир енди сол тисти суўыраман! Сен маған оны теңге қылып бересен, пул қылып бересең, мине, мине-е!.. — Жарқ-жарқ ете қалды, қуў гелле тилла тис емес, алтын билезик тислеп атқанға меңзер еди. — Алтын болғанда да қып-қызыл алтын! Сен буның ушын маған еки мың манат бересең! Ал, өзиң, үш мың еки жүз манат қуратасаң, әне, саған пайда деген! Саквояжда плоскогубцы бар,.. жа-ақ, онда желинип кетеди, атаўызды әпер! Жа-жа-ақ, сен маған айбалтаны әпере ғой, геллени шаўып алып шығамыз да жақтыға апарып, асықпай-албырамай, бүлдирмей аламыз алтынын! Тез-тез!..

Шүйдеси шөккишли айбалтаның мен тыйығынан, ол дәстесинен услаған ҳалда қаттық та қалдық...

Қойымгершиликтиң орта таманынан саз даўысқа салып, жоқлаў айтқан сес «өлилер қалашасының» жым-жырт, өли тынышлығын бузып жиберди:

«...Жеттим-жеттим дегенде.
Жез қанаттан қайрылып,
Жалғызынан айырылып,
Жер таянған, мениндей
Бахты қара бармекен, а-аҳ-ҳа-ҳа-ҳа-ҳа-аа...»

Ғыр дөгерек, жансыз әтирап ләрзеге келгендей «ааа-ҳҳ-ҳа-ҳа-ҳа-ҳа-ааа...» деп жаңғырады, қуяшқа қақсаған, самалларға, жаўын-селлерге мүжилген саханалар, ашық гөрлер «о-о-оҳ-ҳо-ҳо-ҳо-ҳооо!..» деп гүңиренеди. Бул дүнья маған бирден қорқынышлы туйылып кеткенлиги соншелли, «Кетейик, аға!» дей берип-пен балтаны тартып.

— Чепуха-а! — деп гөрди гүңгирлетти оның даўысы. — Қатыйра апа-ғо, жибер балтаны!...

Балта қолдан кеткен соң барып өзимниң инспекторлығым, умыта жазлаған планларым жылт етип санамды жақтыртты.

Дүньядағы гүллан сағыныш, айралықларды, аналық меҳир-муҳаббетти, қайғы-ҳәсирет пенен ғам-ғуссаны өзине синирип алған, нешше әсирлерден әсирлерге, ядлардан ядларға өтип талай-талай қыршынлардың азасында мың, миллион мәрте еситиле-еситиле түк жаңалығы қалмаған болса да жүреклерди елжиретип, егитилдирерлик күшин жоғалтпаған мынаў жоқлаў, ақ ботасынан айрылған әрўананың мынаў бозлаўы әкем өлгендеги еки жетим менен отызына шықпастан-ақ жесир қалып баратырған алкелиншик анамның азнаўына сол дәрежеде усар еди, сол дәрежеде... Көкирегим кем-кемнен суўға түскен пөлке нандай былбырап-былбырап, мынаў гөрдеги тонаўшы гөрбарды жек көре бердим, жек көре бердим. Ақыры, ҳәр нәрсениң де шеги бар... Ақыры, жаўызлықтың да шеги бар... Шыдамның да шеги бар... Қуў сүйекке тийген балтаның сести тосаң еситиле баслағанда... кисенди қайымладым да, бақырдым:

Уай-ўай, Жуманазар аға! — Тарғыланған даўысыма селк ете қалды. Фонарикти лаппа сөндирдим де:
— Қолыңды со-оз! — дедим. — Биреўлер келип қалды-ы!..

Албыраған ол балталы, балтасыз қолын соза бергени де сол, еки билегине бирден кисенниң еки жағын кийгиздим де «шырт» еттирип, балтаны қолынан жулыў пәттен бар пәрманым менен ыйығынан арман теўип жибердим! Басы гөрдиң арғы жағына сақ ете қалған ол отырды ма, жығылды ма, билмедим, аяғының астындағы шөпшек болып қалған қуў сүйеклердиң сықырлысы еситилди. Фонарикти жағып, гөрге қараттым. Қәҳәрли, әри ҳүрейли көзлери апандағы қасқырдың көзлериндей шатынап, Жылтырап көринеди, еки ийининен демин алып:

— Орныма өзиң кетесең, ийит! — деди ентиге. — Мен үлкен өремен, қуласам-астымда өлесең! Ақ көкирегим сени урмай қоймайды, ийт! Сен бүгинги күнди түсинбейсең, ийт, бүгинги күн меники, сениң күниң еле шыққан жоқ!..

— Оны орнында сөйлесемиз, өзиң шықпасаң, атып кетемен!..

Сөйдедим де дәскелерди асығыс жыйнастыра бердим. Бәрин тақлап, тек фонарикти алып қалдым да гөрге тутып:

— Өзиң шығамысаң, я атып таслайын ба?! — дедим әсте ғана нықлап. — Мен угрозыскыдан емеспен, алтынқумар, тирийекқумар контробандистпен! Бул алтынды сениң менен бөлиспеймен! Бул аймақлардың

алтынларының бәри меники, гөристанды өзимнен басқаға геўлетпеймен! Мен сениң тергеў алып отыратуғын милиционериң емеспен, атаман да таслайман, шық дегенде шық! — деп, қойынымнан пистолетти шығарып едим, ол менде «жарақ жоқ» деген қусайды-аў, шүйелип, орынынан турмақ пенен бола берди.

Бас ушы таманынан адам сыйғандай етилип ойылған гөрдиң күн батар таманғы ернегинен еки шығанағын бирден шығарып, омыраўын артты да бир-еки мәрте дәрпенди, шыға алмады.

— Тез шықпасаң, бел бар, шеңгел бар, бир оқ жалынсын, атаман, соң үстинди бастыраман, кейин, от берип кетемен. Маған ҳәзирше, пиджактағы алтын-ақ болады. Сени бул кәралардан ийтим излемейди, бақталасың менен бир гөрде жатамысаң, я шығамысаң?!

— Көрип турсаң-ғо, қудадан тапқыр-аў, — деди жыланып. — Шыға алмай атырман ғой, тарт қолымнан!

Алдына жоласам, билемен, бундайлар аяғыңнан тартып жығып, өзиңди буўып өлтиреди, соң кисениңнин гилтин алып, қолын босатады да ҳәйт қояды. Соның ушын оның арт жағынан шықтым, гөрдиң ойылмаған жағында талтайып турдым да ярым белине шекем шыққанша қолтығынан деместим, арғы жағына тырбанып, өзи шықты.

— Ал, енди, қолыңа саквояжынды, пиджагинди, белинди ал да жоқлаў шыққан таманға жүр! Артыңа қарасаң, қашыўға талаплансаң, атып таслайман!

— Нурқасым, деди даўысы дирилдеп. — Сен анық угрозыскадан болмасаң, келисейик. «Алтын үйден жан татлы», маған абырайымның сақланғаны жаннан да артық. Анық алтынқумар болсаң, үйге апар, жудырықтай алтын беремен, биллә! Бирақ, жақынлаған жерде қолымды босатасаң, буны адам бендеси билмесин! Басқа алғанша өзиң ал, мәгар, сол алтынды жумсасам, угрозыска болсаң да, бәри бир, мен қутылып кетемен...

Жүр дегенде жүр! — Май бөксеге теўип жибердим. Мен жаңағы өтирикти айтқаныма енди өкиндим, оны тек гөрден аңсат шығарыў, атып таслайтуғыныма исендириў ушын айта қойып едим. Ол саквояжды, белди алды, бирақ, пиджагин алмады. «Ал» деп те зорламадым, алтынды зыңғытып жиберсе, оны қай гөрден табаман, маған ҳәзирше, айғақлы гүўа да сол қалтасындағы тилла тислер. Соның ушын пиджакти өзим алдым да тағы бир гөрге түсип кетпеўи ушын қапталынан тайдырыңқырап, жолына нур сеўип бара бердим.



Биз даўысын қуўалап барып, қаралы ҳаялды тез таптық. Ҳаял қабирдиң үстиндеги таза соғылған табытын қабирге параллель қойып, соның үстине гөне кийиз төсепти де бир қырынлап жатысы менен жоқлаўды салтырып атырған екен. Мен фонарикти бир тутқанда-ақ усылардың бәрин көрип үлгердим.

Ҳаял бизлердиң келгенимизге шоршынбады да, дәрпенбеди де, даўысын да тыймады. Буны тоқтатыўдың бирден бир илажы ҳаят оқыў екенин билемен, марҳумның бас ушына дизерледим де әкем өлген жыллары-ақ анам үйреткен қуранның сүўресин қыраҳәтке салдырып жибердим, даўысымның ҳүўық қустың налышындай муңлы шығып атырғанын абайлайман, ўақты-ўақты ҳаялға көз қырын жиберип қарайман, ол тым-тырыс болды да тикейип отырды ҳәм узақ тыныс алып, созып гүрсинди. Мен ҳаялға кеўил айттым, «өлмектиң келмеги жоқ, өлмектиң изинен өлмек жоқ, ендиги жағында белиңди беккем буў, апа, перзент сенде болмаса, журтыңда бар, солардың бәри сениң перзентиң, ҳәзир баяғы заман емес, қаңғалап жүрген жалғыз баслы жоқ,» деп тәселле бердим де келген буйымымды айттым. Ҳаял бирден шоршынып:

— Мениң жалғызымның да тислери алтын еди! Бул ширкинлер тирини тонағанды қойып, енди өлгенди тонаўға қарап па?! — деп, шаўлапсала берди. Жумысымды питкериўим ушын ҳаялдың гәпин желиги басылғанша тыңлаўыма туўра келди, ол еле берин қояр емес, ерини еринине тиймейди: — Жалғызымды алабиле жерменлер өлтирди, келин болмаға жетпегир, келиним өлтирди! Ол саллақы еле исполком болып, шалқып жүр, бул болса, жердиң астында ширип атыр...

— Балаңыз ким болып ислейтуғын еди, апа?

— Исполкомның байы әнайы болсын ба, пахта пункттиң баслығы еди! Күнде: «атызларда пахта жоқ, колхозлар пахта емес, пул тапсырып план толтырып атыр! Алмайын десем, үстимдегилер ҳәмир етеди, пулын аламан да соларға беремен, олар пулларды узақ қалалардағы комбинатларға апарып, пахтаға айналдырып келеди. Түбинде олар алдамаған, ҳәмир етпеген, мен алдаған болып шығатуғыным турған гәп. Кимнен

қашан, неше манат алды, неше тонна пахтаға қол қойғанымды жазып жүрмен. Бир жерге билдирейин десем, қорқаман, өзимди қаматып, я өлтирип жибере ме деп қорқаман-аў апа!..» деп сырнаға беретуғын еди, байғус балам. Айтқан жеринен шықты да турды! Бунның бир жерлерге билдириўге талапланып жүргенинен ҳаялы хабардар еди, «бәри соннан болды-аў!» деймен де тураман. Усы ўақытқа шекем кирмеген тесигим, бармаған есигим қалған жоқ. Қайда барсам да исин алдырып көрип: «ГАИдиң қағазы бар, доктордың керек жигит еди, авариядан кетти де барды, машинасына урған «КрАЗ»дың шоферы сегиз жыл алыпты, енди кимди жазалаймыз, өкпелейтуғын түк иретиңиз жоқ, пенсиясын алың да белиңизди беккем буўың,» деп, ылпылдап-жылпылдап, арқамнан сыйпап, есиктен шығарып жибере береди! Соннан тағы жоқары жақлардан келип тексериўин өтинип жазаман арзаны, күтемен жуўабын, келеди бир күни, бәриниң жуўабы бир қыйлы: «разобрать по существу, приобщить к делу!» Болғаны. Арзам ақыры айналып, өлтириўди шөлкемлестиргенлердиң қолына түсетуғынына ғана күйемен-аў, солар «по существу» шешетуғынбеди?!

— Апай, не питкергенсиз?

— Уәәй, питкергеним қурысын менин! Алпысыншы жылы techinstitut — пединиституттың русязлитин питкердим. Питкергеним қурысын менин! Жалғыз баланы «ҳақ сөзли қыламан, дурыслы қыламан, дурыслы қыламан,» деп, тапқан бәлем мынаў, журтлардай жырындықор, келисимпаз болғанда бәле жоқ еди! «Төрели адам» десем, мынаў ширкин де усындай ма еди еле! — Ҳаял қызып киятыр еди, «өзиңди бас, өзиңизди басың, апай,» деп, жалынып-жалпайып зорға бастым да мешитке ертип барыўын өтиниш еттим.

— Бул шыйықшы да бир бухгальтердан аўған жалатай, — деди ҳаял мешитке баслап баратырып. — Тап мына менин изимдеги жалатайдың сортынан! Пийшембиде сәлле орап отырып, зиятшыдан пул алады, түни менен жалаңбасланып отырып, вино ишеди, піянчу ҳаяллардың әкеледи. Қолының бәри татировка! Бунда не жумысыңыз бар еди?!

— Протоколға қол қойдырыўым керек.

— Мениң қолым өтпей ме?



— Өтеди, неге өтпесин, соның ушын ертип киятырман.

— Журт жинлиге шығарып қойыпты ғой, күлгенниң алдына...

— Жыламаң, аўызы бослар не демейди, апа...

Ҳаял-ең алда, ортада — Жуманазар, изинде — төрт-бес адымдай кейинлеў мен баратырман. Фонарик те жанбай қалды, батареясы өлсе керек. Әтирап тас түнек, таң алдында усындай бир қараңғылық болатуғын еди, сол шығар. Жолды тек шамалап киятырмыз, Қатыйра апа болмағанда жол таўып жүриўимиз қыйын бола жақ екен. Ол қыйыр-шыйыр, ашық-жабық гөрлердиң арасынан емин-еркин жүрип баратыр, жалғызының қәбири менен бул еки орталық оған яд болып қалған ғой, шамасы! Ўақты-ўақты тоқтап, бизлерди күтеди, бизлер шамаласыўдан «үҳҳ!» деп созып гүрсинеди де «ҳә-ә, ессиз ғана жалғызым-аў, айтылмайтуғын ҳақыйқатлықты айтыўға жулқынбағаныңда саған да бәле жоқ еди-аў, ўа-а-ай, жалғызы-ы-ыеемм!..» деп гүңирениўи менен тағы узақласа береди.

Мешитке шекемги аралық маған бир әсирлик жолдай сезилсе де, ақыры жеттик-аў! Мешиттиң пақсасы ағараңлап, пәскелтек қапы жай барлық қараңғылықты ишине тартып турғандай ғул-ғулалы түс алып үңирейип көринди. Мен «қапы жоқ шығар,» десем, зилдей қараман қапы бар екен. Жабық гөр, иләт те буннан питегене жақты шығар, түнектиң үлкенин ишкерилегеннен соң көрдик. Мен еки көзи бирдей соқыр анамның соқырлық аўҳалын бир зум басымнан кеширдим де есикке кепленип турдым. Әйне усы ўақытта әлле қандай қус па, жарқанат па, бир емес, бир неше кишкене нәрсе қанатларының епкинин елпилдетиў менен «цып-цып» сес шығарып, қулақларымның тусларынан абайсызда ушып шыққанда қорққанымнан қышқырып жибериўге сәл қалдым. Қатыйра апа қармаланып жүрсе керек, қолына тийген шырпы шөптиң сытырлысын қулағым шалды. Изинше шартасы «шарқ» етип, шырпы шағылды да ешек пештиң тусындағы узын еки көлеңке гөрден суўырылып одағайласқан әрўақ тақаббил дийўалда қараңласты.

— Бул ийттиң баласы пийшембиден басқа күнде де шыра жағып қойғанда түсирими жетпей баратыр ма?!

— деп гүбирлениўи менен печьтиң үстиндеги моржасыз шыраның пилигине от басты.

Өли шырай урып кеткен Жуманазардың онысыз да қара жүзинен бақырайған көзлери төледеги пышықтың көзлериндей қорқынышлы жылтырап көринди.

Көзлеримиз үйренисти ме, сәлден соң өлилердиң бул ҳүрейли қараўылханасы питегене жақтыланғандай көринди. Мен Жуманазарды өзимнен төр таман алыслаттым да қалтамнан «Тутылғаны ҳаққында протоколдың» бланкасын суўырып алып, қуран китаптың үстине т»седим ҳәм болған ҳәдийсени сытырлатып жазып тасладым. Соң даўысыма бул гөне тамды гүңгирлетип оқып бердим ҳәм усының дурыслығына олардың қол қойыўын өтиндим. Қатыйра апа қәҳәр менен жулқынып қол қойды, ал, анаў болса, қол қойыўдан бас тартты. «Шыйықшыға да қол қойдырарман» деген үмитим пуш болған мен бул жерден шыққанша асықтым.

Қайтадан жығылып-сүрнигип, гөристандағы қарабарақ, сексеўиллердиң аралары менен сызып отырдық.

Көпке шекем жалғызының қабириниң басында қалған Қатыйра апаның:

«...Жеттим-жеттим дегенде,
Жез қанаттан қайрылып,
Жалғызынан айырылып,
Жер таянған, мениңдей
Бахты қара бармекен...» деген әри та-

ныс, әри муңлы даўысы еситилип турды, басқа қатарларын билмей ме, ол тек усы ғана бес сәтирди қайта-қайта айта-айта бизди гөристаннан узақластырды.

Биз милиция бөлимине киргенде еле таң атқан жоқ еди, иске жақында алынғанлықтан маған еле бийтаныс дежурный бала гөристанлықтан шыққаннан соңғы көрген биринши адамымыз болды. Мен оннан иште тағы бир адамның дәрегин еситкендеги қуўанышымды хатқа түсирип уқшата алмайман! Ол, ақыры, Қыят Әўезхановтың өзи еди-дә! Ҳәзир ғана өзи басқарып жүрген қыйын бир операциядан келип, кабинетине кирген пайыты екен! Бул да бахтым шығар, енди бизге «маладес!» демей ҳәдди бар ма, бундай жексурын жинаятшы Тасқала милициясының тарийхында биринши тутылып атырған болса да тәәжүп емес!



Дежурный звонлап еди, тиккелей үстине жибериўди буйырды. Асығыс екен, тергеўханада мениң усланыўшыға түсиник хат жаздырыўыма да қаратпады. Сонын менен, Жуманазарды алдыма салып, өзим кирдим.

Ырасында да ақсақал шаршап отырғанға усады: көзлерине пүткиллей ҳарығанлық шөккен. Буған да аңсат емес: әри начальник, әри зам, угрозысканы да өзи басқарады. Начальник алабәҳәрде, усындай тас қараңғы түнде машинасыз бир жақтан қайтқан екен, биреўдиң суўға бой таслағанын көрип, «қутқараман» деп, бул да изинен суўға таслапты. Он жети ғана жасар қыз екендағы, бир балаға өкпелеп өзин өзи өлтирмекши болған ол самсам бир ҳәптеден соң-ақ сол жүўернемеги менен БАМға зым-ғайып болған; начальник болса өкпесин суўыққа алдырып, елеге шекем келе болмай жүр, курорт та пайда етпепти, иске келгели бери мен ҳәтте оның түрин де көргеним жоқ, усы сапары қатты қуласа керек, «бес-алты ай емлеўханадан шығармай емлейди,» деген гәп бар, буның да жүгин қосып арқалағаннан соң Әўезханов сабылмай ким сабылсын! Ҳәзир де көзлери ҳарғынлықтан гиртийип:

— Алжасық жоқ па, Тасқаланың ең төрели адамын тутыпсаң-ғо! — деп күлди. Алдына қойылған усланыў протоколына көз жүўыртты да: «Не ушын усланыў протоколына қол қоймағансыз?! Мынадағыларды мойынлайсыз, бәри бир, — деп бирден қатал түс алды. — Жаўыз екенсиз-ғо өзиңиз! Түсиник хат жаздырып ал! — деди маған. Усланыўшы мырс етип күлди де:

— Буған түсиник хат бермеймен, өлтирсеңиз де бермеймен! — деп, кисенли қолларын мушлап-мушлап силкип сөйледи. — Сиз кимниң жаўыз екенин көрмей турсыз, мине жаўыз! — деди маған бармағын шошайтып. — Мине, тепкен жери! — Жағасын айырып жиберди. Омыраўының оң жағында мениң бәлент өкшели туфлийимның өкшесиниң изи көгериўи менен мөрдей патлыйып көринип турды. — Мен буны бул турысында қоймай ман, шаңғытаман, шаңғытаман еле!...

— Шаңғытыңыздың астында қалып-ақ қояйық, мәйли, — Әўезханов маған оқырайып бир қарады, ондырмай қарады. — Кеўилиңизде не болса, соны жазбайсыз ба, ақыры?!..

— Мен мынаў қанхорды көрип отырып, ҳеш қандай

жаза алмайман, көрерге көзим жоқ буны! — Бирден қалтырап кетти. — Ҳәзир көз алдымнан жоғалтпасаңыз, жүрегим жарылып кете жақ!...

Сылқ етип, гүрсиде бийҳал отырды. Не айтса да тилин жутып қойғандай басын үнсиз шайқай береди. Әўезханов маған:

— Геўиш өзиники ме?! — дегенге жалт қарасам, еки аяғында еки геўиш! «Ўай, сумырай-ай, туфлийии қайда зынды екен?!» — деп, бақырып жибериппен өзимнен өзим. Әўезханов аң-таң, маған ызғарлы күлди:

— Сениң өзиң не бағып жүрсең?! Шәмек-оов, туфлий қайда?!

— Мынаў... тонаўшыңды қуўў... бәрин соң айтаман, — деди ентигип.

Әўезханов маған: «шығып тура бер,» дегенди ишарат етти. Мен тилла тисли пиджагти, саквояжды Қыят ағаның қасына қойдым да шығып турдым. Иште гүңк-гүңк сөйлесиў, қапы еки қабат еди, сырты да дермонтин менен қапланғанлықтан сөзлери анық еситилмеди. «Не деп атырған екен?!» — Ишим питирлап, дежурныйдың қасына келдим де Әўезхановқа звонладым: «Крейин бе, турайын ба?»

— Кирме де, турма да, өзим шуғылланбасам бола жақ емес. Тик аяғыңнан зорға турсаң, — деди меҳирли даўыс пенен.

Алғысымды қайта-қайта айта-айта есиктен шықтым. «Бундай мийирман адам болмас, — деймен өзиме өзим. — Зорға шыдап турғанымды абайлаған екен! Түри-түсиңнен-ақ не ойлап турғаныңды, аўҳалыңды биле қояды,, әне саған психолог! Енди сен буннан қутылып көр, қудай.. екенсең!» деймен Шәмековке ишимнен гижинип. Бундай шортанларға Қыят ағадай акула керек, бәри бир, меннен сытылып кетер еди-дә!...

. Қай мәҳәл екенин билмеймен, өз үйим екенинен де бийхабарман, кимниндур, жулқылағанын билемен, көпшиктиң астына қолымды жуўыртқтым, ояныўдан сөйтиў қашшаннан пешеге айналып кеткен, қолыма пистолетим тийди, бирақ, суўырмадым. Қарсы алдымдағы Бабамуратты көрип қойдым, қол жуўыртқандай болса теўип жибериўге қолайласып, көпшикти қолтықлаўым менен бетине бақырайдым.

— Мақул тыңлап ал, — деди асығыс сөйлеп. — Саррас бес сааттан кейин күткен «қонағың» Шегениң тусындағы земнасостан қайыққа минип шығады, қайықтың БМКа болыўы да, моторлы болыўы да мүмкин, жарағы жоқ, бар болса, көпшигиңниң астындағыдай пистолет...

— Сен қайдан билесең көпшиктиң астындағы не барын?!

— Мен милициядан жасымда көп қорғанғанман. Қорғаныў ушын қарсыласыңның биринши гезекте қуралын, екинши гезекте жүрис-турысын, дағдылы пешесин билиўиң шәрт, болмаса қармаққа түсесең. Көпшигиңниң астына қол тығып, пистолетиң барын өзиң билдириц қойдың. Ҳәзир қылт етсем қай жериме қалай тебетуғыныңды да, өзимниң қай жерге қалай қулайтуғынымды да билемен. Бул исте сеннен мен илгеримен — деп күледи маған. Демек, мен олардан ўаз кешкен екенмен, олардың жеңилиўи мени апаттан қутқарады. Ойланыўыңа ўақыт жоқ, тез жөнелмесең қаласаң, бир сааттан соң Шегеге АН-2 самолеты ушады. Неге усы жайға көширилгениңди земнасосқа барған соң билесең. Мен саған ҳеш қашан ҳеш нәрсе билдиргеним жоқпан, мен сени, сен мени көрген жоқсаң. Гүманланып жүр един, тексерип қарай бер, қумды әкелип қойдым. Сәтли сапар тилеймен, — деп, шықты да кетти.

Инанарымды, инанбасымды билмей, ойларым сәлпәл гибиртикледи де телефоннан Әўезхановтың номерин тердим. Сондай-Сондай сигнал барлығын хабарлаўдан: «ҳәззир қанат байлап аэропортқа уш, звонлап самолетты ирке тураман, берман келип ҳәлек болма!» деп трубканы қойды. Мен қол кисенимниң жоқлығын айтып, тағы звонладым. «Бийғам бол, кисениң сеннен бурын аэропортта болады!» деди. Өлгейлиден аш едим, чай ишиўге де ўақыт жоқ, саат саррас бир. Бабамураттың айтқаны ырас болса саат алтыда «қонақ» атланыўы шәрт, оннан соңғы маршруты намәлим. Әўезханов операцияны планластырыўдыда өзиме салса керек, айтпады. Ўақыт тығыз, тығыз!

Холодильниктен бир собық колбаса алып кемириўим менен есиктен шықтым. Апам тағы бир жаққа атлана жағымды сезинген екен, төрги қапыдан мен шығыўданақ: «усы жүрисиң болса, қатының да кетип қалады, қашан көрсең өмириң қыл үстинде, сен өлип кетсең Маҳмудтың шырасы бас пүкил сөнгени! Сен мени тыныш отырсын десең, усы талапты қой!..» деп қақсай

баслап еди, «яқшы, яқшы,..» деўим менен сыртқы қапыдан шыққан ўағымда бақанның түбине пухталанып қойылған қумға көзим түсти.

Шығыўдан былайлаўда биреў менен сөйлесип турған бир «Москвичтиң» шоферын қолындағы гилтинен таныдым да удостоверениемди көрсетип, дәрриў аэропортқа жетип қалдым.

Қағазға ораўлы кисенди угрозыскадағы шеригим трапқа баратырғанда қолыма услатып кетти.

Планды мен самолётта кетип баратырып дүздим, әлбетте, бир емес, биренешше вариантым бар. Солардың қайсысы мақулырағын шәраят көрсетеди, бирақ, бәри де биринен екиншисине өтип кетиўи аңсат, жылысқақ планлар, жалғыз өзиме мөлшерленген планлар. Егер, земнасоста болса, онда халық маған көмеклеседи, улуўма, бизиң арқа сүйеримиз халық болыўы тийис, әлбетте, земнасостың насоссшыларсыз болыўы мүмкин емес. Бирақ, арақ мәселеси қыйын, бирге ишпесең ишкенлер исенбейди, ишсең, операция орынланбайды. Соның ушын Шегеге жеткен соң аптекаға кирдим де баслығын оңашаға шақырдым ҳәм адамды мәсиртпейтуғын иләжын ойлап көриўди өтиндим де удостоверениемди көрсеттим. Ол маған кишкене бир флакон берди ҳәм гелле ғуўлай баслағанда еки-үш тамшыдан ярым стакан суўға тамызып, жутып жибериўди қайта-қайта уқтырып жиберди. Буны ишип көрмегеним менен усындай нәрсе болатуғынын жақсы билемен.

Шегениң участкалық милиционери қурсағын май басып кеткен бир ғарры капитан екен. Жәрдемге алыўды мақул көргеним жоқ, бирақ земнасосқа жақынлатып таслаўды өтиниш еттим. Ол басын шайқады да.

— Мениң менен даңқ шерик болғың келмей тур ғой, — деп күлди. — Жақында пенсияға шығайын деп турман, сен мениң жаслықтағы қатемди тәкирарлап алмасыңнан бурын буйымыңның ушлығын айт?

Мен ҳеш нәрсе деместен қасымдағы сүўретти көрсеттим ҳәм не бары еки сааттан соң усы адамның Шегеден жөнетилетуғынын уқтырдым. Ол земнасостың капитаны тасқалалы бир әбжил өзбек жигити екенлигин, оған өзиниң қатереси жететуғынлығын, егер мен қалесем, «қонағым» менен екеўимизди суўдан болса да, қырдан болса да бир көликке мингизип жибериўге болатуғынын айтты.



Ол форма киймеди, бирақ, жарағын алды. Дүканнан еки шийше арақ та алып шықты. Бизди жеткерген жүк машинасы земнасосқа еки шақырымдай жердеги қалың қамыслықтың арасында капитанды күтип қалдық. Гүман туўдырмаў ушын аржағына биз пиядалап кеттик.

Биз шағал мәсликтиң емес, қырта-қырт жумыстың үстинен шықтық. Онлаған жигит бар екен, ҳәр ким өз утасткасында бәнт. Капитанды сорап едик, олар каютаны силтеди.

Жолдасым есикти қаққанда, негедур, есик емес, мениң жүрегим дүрсилдегендей сезилди. Сонша жылдан бери сонша оператив хызыметкерлерге туттырмай жүрген «акула» ғой, ҳәр не шәриятқа қайымласыңқырап, пистолетимниң де сыртынан сыйпап қойдым.

Қапыны бизге ким ашты десеңиз дә? Ярылқасун, қәдимги: маған жайын таслап кеткен, мениң менен тағдийрлес — соқыр кемпири, қарындасы, математик ҳаялы бар Ярулқасун ашты! Мен оң жағыма ел көшип келгендей, бирден өзимди арқайын сездим. Капитан менен де, мениң менен де ырсалаңлап күлип сәлемлескен Ярылқасун «Душанбели жийеним, — деп таныстырды «мийманды». — Елликқаладан өтип, бизикине барған екен, сменада екенимди еситип, көрмей кетпесем болмас деген ғой, өткен ақшам мени таўып келди...» деп сайрап атыр. Көп сөйлеўинен-ақ Ярылқасун артының қуўыс екенин аңлатып қойды. Айтыўына қарағанда Шегениң самолетына билет ала алмапты, бүгин ушпайтуғын күн екен. Қоныраттың тусына шекем, бир иләжын таўып, бүгин атландырмақшы...

— Самолеты бар болсын! — деп атыр бизиң капитан да жүдә налынып. — Кишкене поселка болған соң ба, күнде ушыра бермейди. Кишкенениң де үлкен буйымы болатуғынын Нөкистеги авиаотряд есапқа алғанда ҳеш гәп-аў, мениң де мынаў Бийбажар апамның баласы келе қойып еди, азанлы берли усыны жөнелтиў ҳәлекшилигинде жүрмен. Сизлердиң УМОңыздың бир жуқа жалатай бухгальтери бар ғой, соны көрдим...

— Ўаҳ-ўаҳеей, көргенимде мынаў Дошматты соғанақ мингизетуғын едим-ғо!..

— Оған мен де мингизетуғын едим, алмады. Қасында, анаў бир Нөкистеги дүканшы мамақаймағы бар ғоой, сол бар екен...

— О-оой, онысы болса, қасына анасын да алмайды!!

— Будкасына ала жақ еди, қалай енди мен сонша абырайым менен Әбилқасымды будкаға мингиземен?!

— Бай-ба-аай, бизиң қонаққа сол будка қолай еди, бир шийшени жартылаған соң, жамбасына темирдиң де батқанын билмей, уйқыны урып бара беретуғын еди. Сениң қонағың, бирақ, ишпейди. Әне, сол бухгальтер айтты ма, бизден БМКа кететуғынын?!

— Тап... үстинен түстиң, бала! — деди бизиң капитан бирден қуўанып. — Мынаны енди, ишпесек, болмады! — Стол үстиндеги жартыланған шийшениң қасына қойнындағының биреўин шығарып қойды. Биреўин маған услатты. — Қатерщиге beресең...

— Жақ, ол өзимиздиң бала, — деди Яўмутов. — Сен оны маған бер, жигитлерге таттыраман. Бул кәрада арақ табыў алтын табыўдан қыйын, Шегеге барып келетуғын да көлигимиз жоқ. Пияда барып та гилең қызыл арақтан басқаны таба алмай келип атыр. Қатерщиниң болса, жолының бәри дүкан, керек болса, таўып ишеди...

Бизлер жайғасып отырар-отырмастан аспаз ылақаның шыжғырған бир поднос қуўырдағын әкелип қойды. Аш едим, мениң иштейим ашылып сала берди. «Кел енди, болмады!» деп, Яўмутов өзине де арақ қуйды, бизиң капитанға болса «штраф» деп, бес тийинлық қырлы стаканды шимпилдетти. «Яқ» деп атырған ол жоқ. Қайта:

— Аўхаттың астында қалсын, Дошмат иним, — деп, қонақты қыстастыра баслады. Ол бир терлегиш, пәжмүрде адам екен, сүгретинде дәпең көрингени менен тулғасы киши, қапландай ҳәрекетшил, кем сөзли жигит шықты. Стаканға созған оң қолына өзине сездирмей абайлап қарадым, онда батып баратырған қуяштың сүўрети болыўы керек еди, жалтыраған тыртық қалыпты, демек, күйдирип жиберген, «өзиниң излениўде екенин биледи,» деген сөз.

Ярылқасун Яўмутовтың бурын «ишпейтуғын едим,» дегенлери де бийкар қусаған, ирге жуўыспақта сөйдеп еди ғой, ал ҳәзир ишип отыр. Ишкен сайын көп сөйлеўге ҳәрекет етеди, бәри бизиң жумысымызға пайдасы, өзине зияны жоқ қөдирең гәплер. Бундайлардың талайын көргенбиз, жортаға жеңил минез, саўдырақ болып көринеди де сөздиң көбигин үплеп, зил түбин сыртқа шығармайды. Деген менен, Шегениң кексе капитанынан да, меннен де гүманланып, я қорқып-үркип, ғарезли сезинип отырмаған тәризли. «Жигитлерге таттыраман,» деген шийшени де үшеўи босатты. Сирә алжылы-булжылы сөйлеп, тили булдуўлаған адам көрмедим. Нашатыр ийискеген бийтаптай Дошматымыз ишкен сайын сергекленеди, шып-шып терлеп: «Кем-кемнен қуўанып баратырман, улуўма, мен ишкен сайын умытқанларымның бәри есиме түседи. Ишкен сайын жигерим тасып, ғайратлана беремен, маған тек ишип отырғанда суўық нәрсе тиймесе болды, түк ҳәлсиремеймен», деп, бир ҳәдийсени мақтаныш пенен айтып берди. Жигитлтер менен бир сапары шойын жолдың ресторанында еки шийшеден арақ ишипти. Сонда да усындай мақтанған екен, бир қырсық шығып: «жигериңниң тасқанын көремиз, мына кәрадан ийиниңе бир қалта цемент саламан, үйге сүрникпей жеткерсең қорадан бир қой арқалатып жиберемен,» деп қанын қыздырыпты-мыш. Соннан бул арқалап тартып отырыпты, үйи бир шақырымнан да алысемиш, отырыспадағылар топарын жазбай изинен ере берипти. Бир ўақытта әкелип таслапты, ол да мәрт екен, бир қойын берип, «ал енди, арқала да үйиңе тарт, қатын көрсе шатақ шығарады,» депти, жаңағы жигитлер қойды арқалатып, тағы изине ерипти. Жақынлаў биреўиниң үйине апарып, сойып жепти. Азанда өзиниң сөйткенине журт айтса да өзи, исенбепти. «Мен сөйтип дупл болсам да санасыз-ақ жүре беремен, бирақ, ертеңине не ислегенимди билмеймен», дейди. Мен бул гәпине исендим, бундай ишсе ғайратланатуғынлар бар. Бирақ, бунның бул қасийети мени қуўандырған жоқ, сақлығымды арттырды.

Бабамурат айтқан ўақытқа жигирма минут қалғанда узақтан гүрилдеген даўыс еситилди де соң БМКаның өзи көринди.

Биз оннан соң түк отырғанымыз жоқ. «Қонақлар кете берсин, мен саған бир ылақа берип жиберемен,» деди Шегениң капитанына Ярылқасун:

— Несийбеси бар екен, — деп гәпин даўам етти. — Қайдан келгенин билмеймен, бизиң аўымызға бир бекире түсипти. Соны Әбилқасымға беремен...

— Оны қонаққа бериң, биз аўыл-елдиң қонағы...

— Оған үш кило банкалы икрам бар. Бул ағайинимиздиң «телефон аппараты» истен шығып, соған ем

ушын излеп» келген екен, буған соннан артық базарлық болмайды. Бирақ, бул көп ишти, Қоңыратқа шекем сен услап жүр, — деп, мениң қолыма әўели уў қағазға, оның сыртынан цалофанға оралып, шызым менен шандылған зилдей бир нәрсени услатты. Ийиси шығып турмаса да мен буның тирийек екенин, мени гүманландырмаў ушын мәзи ғана услатып атырғанын абайладым. Соның менен, ол бизге тийисли бекирени, мен оның уўылдырығын услап, БМҚға отырдық та толқынлардың жиклерин қақ айырып, жүзип отырдық.

Алдымыз гүз болғаны менен ыссының ырайы онша қайта қоймаған күнлер ғой, жән-жағымыздан салқын самаллар ҳүўлеп, көкиректи ҳалласлатарлық бир йош берер еди. Катершимиз Сағынбай деген, түри қап-қара, көзлери шуңгилде жатырған, қоқаңлап жүретуғын үрпек бас, дым үндемейтуғын бала екен, шылымды үстиүстине тутандырып, бизди Қоңыраттың территориясына жақынлатқанын хабарлағаннан басқа, буның даўысын еситип жалшымадым. Ол екеўи алда, мен артта — екеўиниң де желкелериниң шуқырларын көрип отырман. Енди тез ҳәрекет етпесем, шатақ бола жақ.

— Сағынба-ай! — деп қатты бақырдым гүўилдиниң арасынан. — Комсомолда бармыса-аң?! — Ол басын шайқады да әсте-әсте рульди Қоңырат жағасына таман ала баслады. Кисенниң еки жағын бирден аштым да еки аяғымның үстине қойдым. Сөйтип, алдымдағы Дошматтың қулағына еңкейиңкиреп:

— Икранды а-ал! — деп бақырдым. — Ҳәзир енди түсесең ғой!

— Ҳа-а, ҳаўўа-ҳаўўа! — Көзинде қуўаныш жайнап, орынынан турмастан тулғасын тутасы менен шала бурып, еки қолын бирден артына созды. Усы қас қағым ўақытта қайымлап турған кисенди созылған билеклерге шарта кийгизе салдым ҳәм оның орынынан турып кетпеслиги ушын бар жигерим менен ийининен нуқып басып, көзлери адырая баслаған Сағынбайға:

— Туўры Тасқалаға тарт!.. Угрозыска инспекторы Маҳмудовпа-ан! — деп бақырдым. Бул — екеўине бирден өзимди таныстырған бәдайбат даўысым еди. Бирақ, мен ойлағандай «қонақ» туўламады. Қайта өзинен өзи мысқыллы бир ҳалда ўаҳаҳалап күлди де:

— Қолыңызды тартың, — ақыры-ы, — деди ири даўысына мотордың дырылдысын жендирип. — Көрип



турсыз ғой, қарсыласып атырғаным жоқ, — жән-жағымыз суў, ҳеш жаққа қаша алмайман...

Ойлап қарасам, ырасында да солай. Рульди қайтадан дәрьяның ортасына таман ала баслаған Сағынбайдың еңсесинен еңтерилдим де көзиниң алдына удостоверениемди тутып көрсеттим. Ал, мынаўысына көрсетиўдиң әҳмийетин көрмедим, ҳүжжетти қалтаға бастым да жеңимпазлана арқама шалқайып таслап, бир «үҳҳ!» дедим-аў!

Дошмат артына бурылмастан маған тислене сөйледи:

— Сен мени уттың, ийттиң баласы! Жүримиң бар екен, үйиңнен табылмай шықтың! Оның үстине... ең болмаса, бурын сүўретиңди көргенимде ме... сени бағана-ақ шалатуғын едим! Сениң үйиңе билмей кирип қойдым... Билип қой, бизде сатқынлар узақ жасамайды, ҳүкимин шығаратуғынлар ба-ар. Ким силтеди саған, оны мен кешиксем, тамам, ҳәмме биледи, бир саат кешиксем... тамам.

Мен енди ойлана басладым, не ушын мени басқаның емес, тап ала-биле Ярылқасунның тамына көширгениниң парқына түсиндим. Қыят аға да, министр де қатты сум адам, бәлким, ырасын айтқанда, ким билипти, өзимди излеп келетуғын апаттан қорқып-ақ ол жайға көшип бармаспедим, «алтын үйден жан татлы!» Мен болмағаным менен апамлар бар, солар ушын да қорқыўым мүмкин ғой, ақыры...

Ойларымды «қонақтың» бирден өрре турыўы бөлип таслады. «Отыррр!...» деп жекирингенимше болмады, салмағынан шашыраған суў катердиң ишине серпилди.

Мийим баспүкил ойлаўдан қалды ма, билмедим, дәслепки ой: «гөрге бармайды! Басы көринсе тамам, шашынан сүйреп катерге мингиземен!..»

Катерди зымыратып киятырған Сағынбай: «Ҳаў! Ҳаўў!!!» деўи менен тезликти бирден пәсейтип, соң өширип таслады да бетиме аңырайды. Соның арасынша катер бираз жерге озып кеткен екен, бизден елиўалпыс метрдей артымызда оның шашы, ашылған аўызы бир көринди де ғайып болды. Сағынбай катерин лаппа кейин бураман деп; тикейип турған мен суўға қулай жазлап, қаддимди зорға тиклеп үлгердим. Сағынбай катерге ярым шеңбер жасатып кейин бурылды да изге зымырады. Оның бой таслаған жерине келип,

және бир майдан алақлап турдық, лийкин, енди қайтып «қонақтың» басы да көринбеди, биз секирген жерин де жоғалтып алдық. Қатерди өширди, бир жақтан сес беретуғындай қулағымызды түрип, үнсиз тыңластық. Қатердиң жақлаўына соқлығып, бесиктей тербетип турған Әмиў толқынларының сестинен басқа «сылт» еткен дыбыс шықпады. Қуяш толқынлардың үстин қан қызыл шуғлалары менен сайқаллап, мениң соңғы үмитлеримдей батып барар еди. Мен я Қоңыратқа, я Тасқалаға тартарымды билмей тәўир-ақ дағдардым. Сағынбай қунжыйып, үсти-үстине шылым тартады.

— Сағынбай, Қоңыраттан неше шақырым өттик?

— Он алтыншы шақырым басланып еди, — деди алдындағы щитке үңилип. Қорққаным былай турсын, мениң руўҳым түсип кетти:

— Тарт, иним, Тасқалаға, — дедим уяң ғана. — «Тас түссе талайыңнан,» деген, көрермиз-дә!

Не бир жақсыны да, жаманды да баўырына сыйдыра беретуғын Әмиў ҳеш нәрседен бийхабар, бийпарўа, пәраўан ағады. БМҚаның артына сыйқырлы бир үш мүйешлик ерип киятыр, сүйир тумсығы катердиң қуйрығында, аржағы барған сайын жайықланып кеңейе береди. Ол гә үш мүйешликке, гә кәрамат бир оқ жайдың сүйир мүйейшли исине усап, сол катердиң артынан ийтерип, алға жылжытар едидағы, катер артыда үш мүйешли «сүдигар»ды қалдырып, алға зымырайды. Сағынбай тым-тырыс. Үсти-үстине «Примасын» тутандырады. Бул дүньяда жеккедей, бул дүньяда ҳеш нәрсе оны қызықтырмайтуғындай, тек сигарета...

Айдындағы толқынлардың үстинде еле ымырт түспеген аспанның гүмис ирең гүңгирт сәўлеси жылтырап айдынның қызғыш ирецин ҳарам қандай шайып жиберди де балық қабыршақландырды. Жулдызлардың патыраўы ертеңги күни аспанның күтә ашық ҳәм бийғубар болатуғынынан дәрек берер еди.

— Сен де жүрмесең болмайды, — дедим саат он екилерден аса бергенде Тасқала жағысына тумсығын тиреген катердиң айдаўшысына. Ол «яқшы,» деди, тамам. Бөлимге келгенше гәпке араластырғым келип, не сорасам да дәрпенбейди-аў, заңғар! Еситетуғыным бир ғана сөз: «аўа», я болмаса «жақ». Бундай адамлар менен сөйлесиў де, ислесиў де қыйын. Бундайлар ишинен күйеди, ишинен жылайды, өзи ашылыспаған соң буларға да ҳеш ким ашылыспайды, өзлерин өмиринше жекке ҳәм бийғарез сезеди, гүманшыл ҳәм жаўыз келеди. Соны ойлап, қолымдағы алты балық консерва банкасына салынған үш килолық тирийектен гүманлана-гүманлана киятырман. Ақыры, бунын ҳәр килосы арзан базарында он мың мана-ат, буннан гүманланбаўға бола ма?!

Бирақ, мен мәзи гүманланыппан. Жағыс пенен бөлим арасындағы төрт шақырым жолда үш сигарета тутандырып шекти де дежурныйдың көрсеткен скамейкасына мөмин ғана шөкти.

— Шеф бар ма?!

— Жорта сорап турмысаң?! — деп таңланды дежурный. — Сениң үйбетиңнен ҳәзир ғана үйине барып звонлады-ғо!.. А-а, «Шегеден келдим» де. Онда гәп басқа! Бабамурат деген радиотехникти «пыхх» еттирип кетипти, — деди бас бармағы менен өзин шалып көрсетип.

Мен Қыят Әўезханов пенен дәрҳал тутастырыўды өтинип атырғанымда өзи кирип келди де: «Алып кир!» деп, жол жөнекей буйырыўы менен жоқарғы этаждағы өзиниң жайына өрлеп кетти. Сол минутта-ақ Сағынбайды алдыма салып, оның кабинетине өкшелесе кирдим. Қатты ашыўлы екен, мени тыңлап-тыңлап болып:

— «Ғарқ етипсең жүдә-ә! — деди тискингендей терис қарап. Соң сыңғырлатып сейфин ашты-да: — Қолыңдағыны бери әкел! — деп буйырды. Санап-санап, ийискеп-ийискеп көрди. — Бундағы тирийек емес болыўы да мүмкин, не деп еди саған?

— Икра! — дедим таңланып. — Ашып көриўге болмай ма?!

— Азанда ашамыз, — деди сейфине салып атырып. — Мынаў ким?

— Моторшы.

— Моторшың усы жерде қонады. Сен қайта бер, азанда он ярымға шекем дем ал. Уйқыңды мақул қандырып, он бирде усы жерде бол. Сүўретти бери бер, сен де бери кел, моторшы? — Екеўи бирден сүўретке үңилди. — Шыныңды айт, моторшы, суўға кеткен усы адам ба?

— Ҳаўўа.

— Не ҳаўўа?! Дурыслап айт?!

— Тап, өзи.

— Болды, сен кете бер, бала,буның менен өзим шуғылланаман. Саған айтаман, неғып отырсаң?!

— Протоколласпаймыз ба?

— Мен саған не дедим жаңа?! — Он бирде ке-ел!!.

Қапыны тарс еттирип, шығып кеттим. Ол «моторшықонақ жайына әке-ет!..» деп, телефоннан дежурныйға бақырып атыр еди.

Уйқысы ашылып кеткен Запыран аўылды милиционер қаплап алғанын, министрдиң өзиниң де келгенин, тәнинен бөлекленген қорқынышлы геллени Қыяттың қолына услап жүргенин жүреги суўлап турып айтып берди ҳәм бул жумысты ада-жуда қойыўымды талап етти. Тап бул да аздай: «Және бир жаман хабар, — деди. — Шербек бийкешти алып қашып кетипти! Әкеси келип, түк уялмайды-аў, «балаң менен қутылыстық, енди алғышалғым жоқ,» дейди бети былш етпестен! Ол ширкиннен биз пул сораппыз ба, өөө, ийт сениң!..»

Негедур, қарындасымның қашып кеткени маған дым тәсир еткен жоқ. «Оның несине қызасаң?» деп, мырс етип күлдим мен. Ҳаялым бирден от тийген қамыстай гүўлеп:

— Сен намыссызсаң! — Сен намыслы болғанында ең болмаса «ишиңдеги бала кимниң баласы?» деп сорар едиң, қатының аздай, ол енди қарындасыңды қатын етти!..

— Не, не, түсинбедим?

— Саған келгенде мен Шербектен еки айлық ҳәмиледар едим, сен жатып жабыспағанында мойнына түсип тур едим?...

— Үниңди шығармай ғана-а, кемпирдиң қасына барып жат, болмаса, биллә-ә, атып жиберемен!..

Қатты жинкөзленсем керек, ол қашқалақлап есиктен шығыў менен бола берди. Мен үстине кирсем, апамның қасында қарыны шәмпийип жатып атыр екен. Қайтадан ишке киргизип, билегинен туттым да: «Егер усы сөзиң тисиңнен қайтып шығар болса, өзиң айтқан Бабамураттың геллесиндей қолыма услап, сениң гелленди мен бөлимге алып бараман! Бала өзимдики, тамам, тур жоғал!» деп қулағына сыбырладым да май бөксесине бир теўип қалдым ҳәм дүстөмениме көпшикке таслап, солқылдап жылай бердим, мениң ишимде дәрт бар еди, дәрт! Бул жерге ҳеш қандай драматизмниң кереги жоқ, ҳәр ким басына түссе биледи, бирақ, бул



бахтықаралықты меннен басқаның басына салмағай! Қайтып Шербектиң түрин көрмегеймен...

Уйқы қайда, таңның түнегин қолым менен тырнап атырдым.

Әтирапқа жол силемин алғандай жақты түсиўден тири жанға билдирместен есиктен суўырылып шықтым да пистолетти қайымлап қойып Тасқала—Нөкис трассасына түстим. Жән-жақ жым-жырт, жалғыз өзимниң табанымның асфальтқа тийген шарпылдысы-ақ әтирапты шарпылдатып жаңғыртады.

Көпирге бираз қалғанда бир жүк машинасы жетип еди, «голосовать» еткениме де қыйсайып қарамастан өтә кетти.

Пайыў-пияда көпирге жеткенимде шығыс қызарды. Удоостоверениемди көпирдеги постовой милиционерге көрсеттим де бир «Қолхиданы» соған еглетип, кабинасына минип кеттим.

Мен келсем, Қалий, теке сақалы салбырап, шарбақтың ишинде қуман услап жүр екен. «Кел-ха, нарым!» деп, марапат пенен күтип алды. Мен ата-бабасынан бермаған қайтарып сөктим, сөккен сайын ол ыржыйып, күлди. Мен күйген сайын буның рәҳәтленетуғынын абайладым да дәрҳал өзимди бастым.

— Қазаныңа қан қуйылғай! — деп, қарғаныўым менен шығып кеттим. «Қолхида» қашшан кетип қалған еди». Сонша жерден сонша азап пенен усы бир аўыз қатын қарғысты айтыў ушын келип пе едим?!» деген сайын өзимнен өзим хорланып, ызам ишиме сыймай баратыр. Бирақ, мың айтсаң да угрозыска инспекторыман ғой, тап усы пурсатта Джержинскийдиң сөзи менен айтқанда маған «жалынлы жүрек, салқын гелле керек» екенлигин сезиндим де Қалийди атып қойыўдан қорқып, өзимди өзим қолға алдым, өзимди өзим басыўға урындым, урындым-аў!...

Буны мен сол ўақытта жаңғанымда жеткериўим мүмкин еди, көринген дуўбаққа «мә, жуўынып ала ғой, кириң көп екен,» деп, изинен ләген алып жуўырып жүрген банчиклик ўағымда толық жеткере алмай атырман, оның үстине қашшан ашыўым басылған, сезимлерим гөнерген, қала берди, мен жазыўшы да емеспен, ИТКдағы бес тийинлық қуны жоқ бир банчикпен, қулласы, соның ушын-ҳәм ириғабасын ғаўзап баратыр-

ғанымды оқығанлар кеширер-дә, кеширмесе де өзлери билсин!..

Милиционерге форманың қәдирин ҳәр қашан шоферлар, соң гүдибузарлар билдиреди, шоферлар тоқтамайды, гүдибузарлар арашаға түскен пайытында-ақ тумсығына таслап жибереди, әлбетте, булардың екеўи де адамға жағатуғын нәрсе емес.

Қисемде бир тийин пулым жоқ еди, Төрткүл гүзарына шекем жаяў келдим, автобусының кешикпейтуғынын ҳеш қала да мақтаныш ете алмайды. Келеси автобусқа қалмаў ушын қуйрығымды қапыға шымшытып минип кеттим. Табанын тийген соң қоясаң бай ортасы жайлаў екен, шығып алдым.

Микрорайонға жақынлағанда ядыма Аппақ түсти. «Бир соғып кеткенде болар еди-аў? деген қыял да жылт етти. Оған ўақыт қайда, он бирде Әўезханов күтеди! Деген менен, угрозыска инспекторының көзи мудамы излеўши көз, қулағы тыңшы қулақ. Буны мен усы иске кирместен көп жыллар алдын Жоорж Сименонның комиссар Мэргесин оқығалы бери-ақ билемен. Усындай тың тыңлап тинтиниў өзимде де бинә болғанына жәнә бир мәрте исендим. Буған исендирген нәрсе — чайханаға қарсы қараған айнаның астында төсин ақ қуўдай керип, қайқайып турған «Волга»? Буған бирден итибар бере қойған жоқпан, қарасам, айнадан бир қапталлаўдағы балконда үстинде қәдимги мен көрген спорт костюмы, аяқларын еки жаққа керип таслап, Жуманазар, қамақта жатқан Жуманазар-ше, сол жүнлес көкирегин сыйпалап тур!!! «Мени жин урды ма?!» деймен, өз көзиме өзим исенбей, кирпиклеримди қайта-қайта жыпылықлатып қарайман, қай көзиң менен қарасаң қарай бер, мынаў — соол!!! Бирден «бул қашып келген!» деген ой келди де өзимди есикке урдым! Есик пенен арамыз мынаў тығылыста бир талай бар еди, журт маған жол берип атыр ма, машина тоқтай қоя ма?! Биреўлери «жинлимисен, аяғымызды бастың-ғо!», тағы биреўи тағы бир нәрсе деп атыр. Соның арасынша ол тустан еки шақырымдайдағы ГАИдың постынан да өтип кеттик. Мен енди басылған дуўбақтай жым турдым. Кондуктор билет тексерип келди, мендебилет не жесин, удостоврениемди көрсеттим. Жаңағы «жинлимисең!» дегенлер де мениң оншелли жинли емеслигимди билдиме, тумсықларын былай таўлап турды.



Қызғанлығым соншелли, бөлимге қатты қалтыранып кирдим. Көрсем, Әўезхановты сөге қоя жақпан! Ақыры, бунын жинаяты мойнында еди-ғоғ, жаўыз еди-ғо бул, өлгенди балталады-ғо!..

Бахтыма, Әўезханов жоқ болып шықты. Кешеги Сағынбай катерши, тағы Нөкистен шақыртылған еки адам менен дәрьядан өликти излеў ушын ба, Шегеге кетипти. Оның өзимди ертпей, әри «еки күн дем алыс беремен, жақсылап демин алсын,» деп кеткени мениң ашыўымды басайын деди. Басшы деген өз коллективиниң әкеси, оған қайырхомшылық еткени — демек, Қыят агада үлкен адамгершиликтиң болғаны...

## 8

Үйге келип, қурсағым жайылғанша тойып алдым да кәтке — дурысырағы — диван кроватьқа бойымды аттым. «Ҳеш ким оятпасын!» деп қатты тапсырдым үйдегилерге. Соннан, сизлерге өтирик, маған ырас, ертеңине саат тоғызда ояндым.

Апам, Запыран үшеўимиз ҳиндлердиң сөк чайынан демлеп, жаңа ортаға алғанымыз, үйге Ақша кирип келди. Усқыны қуйылып кеткен. Бириншн келиўи еди, дәстүрханы да жоқ. Тегин жүрис емеслигин соннан-ақ билип едим-аў! Ойлаған жеримнен шықты: Шербек Бийбайшаны алып қашап апарған жеринде биреўди атып алыпты! Қалий Таскөпир районындағы шәрўа ағайинлерине кеше түстен соң кеткен екен, оннан дәрек жоқ, Теңге шешей: «бизге бала болғаны менен оның да баўыр ети ғой, хабар алсын,» деп жиберипти. Қайта-қайта жан-иманымыз қалмай: «кимди атты, ҳа кимди?!» деп сорап атырмыз, Ақша түк билмейди. Мениң де гүманым бар еди, апам: «Ол ғана ширкин, Әйшени ғана атқан!..» деп, барқылдап жылап жиберди.

Чайдан бир-еки кеса уртлап, турдым да атландым. Қайда екенин әлбетте, билемен, Жомартхан ағаникинде. Бул кисини бир көргенимде: «Журттың пейили тарылып кетти, малҳалларымды сатыстырып атырман, Марыдан жай алдым, жеңгең ҳәзир сонда. Жумысын да тапсырдым, бир жүз жигирма манат пенсия шығарттым, мен көшкен соң бул журт кимди түртер екен! Хожабай деген бәле болды, совхозға директор болатуғын түри бар, әзелден-ақ ойынлы-шынлы «сени қамат-

пай қоймайман, сен езиўшисен, ҳәзиргиниң формасы өзгерген байысаң, Плючкинсең!» дегенди айтып жүр, сол жүўернемек дийдине жетпестен бурын зыта жақпан, бирге көшемен десең, алып кетемен,» деп еди. «Еле көше алмай атырып-ақ үйинде сондай адам атыспақ болса, көше алмайтуғын болды-аў!..» деген ой менен аўылға жақынласам, үйиниң әтирапы қарашор адам!

Дәстүр бойынша аш бүйирди таянып, узақтан жибердим ўай-ўайды! Ишимнен: «журттай төртеў-бесеў де емеспен, жалғыз ғана муңлы өскен қарындасым, буның да тағдийри бундай болар ма?!» деген сайын ойбаўырым үзилип, егитилип баратырман. «Қарындасым атылғанда усы үйден шығарыла ма?» деген ой да келмепти. Алдымда да биреўлер бозласып баратыр екен, соларға илесип, перделеген жастан көзим жер көрмей Жомартхан ағаның үлкен залына кирдим.

Бир ўақытта қарасам, қарындасым мойыныма асылып жылап тур! «Тири ме едиң, баўырым!» деп, бурынғыдан да бетер өкирип жибериппен.

Бизлерди «қойың, қойыңлап» сыртқа шығарды да: «нан аўыз тийиң,» деп, кәтқудалар дизим алып отырған столдың басына апарды. Ким елиў сом, ким жүз сом берип, дизимнен өтип атыр, ҳәмлениң көзи менде, мениң қалтамда болса «ийт, үрип тур!» Биреўлер: «ҳаўўа, ғошшым, тағдийр-дә!» деп, сыбырлаўы мәтдал, ҳәмме орынларынан турып ғоддасласты да анадайға келип тоқтаған жасыл «ГАЗ-69» дың алдына шығып кетти, қарасам, директор дегени — Хожабай! Ол даўыс шығармады. «Бәринен де бетер саған қәдирли еди,..» деп, лийкинли қарады да маған кеўил айтты. Мен енди кимниң өлгенин билдим.

«Нөкистен келген қол баласы,» деп, мени директор менен бир жайға киргизди. Жайда тағы да бир-еки ҳәмелдар бар екен, солардың өз ара гүррициңен балған ҳәдийсени еситтим.

— Сен аўылдың участковойысаң, лейтенант, — деди Хожабай мен танымайтуғын, бетиниң тыртығы бар жигитке. — Журттын айтып жүргени ырас па?

— Ырас-өтиригин билмеймен, қанхорды услап, түсиник хат алдым.

— А-ал, не деди? — деп атыр таза партком секретары. — Гәп сенде?



— Буннан бес-алты жыл бурын бес сыйыр, он қой қосқан екен...

— Ким?

— Жинаятшының әкеси — Қалий деген. Айтыўына қарағанда сыйыр отыз бес, қой жүзден асса керек. Булардың көшиўге таярланып атырғанын Қалийдың баласы үш-төрт күнликте билипти, үйине қыз алып қашып келмегенинде ол да билмейди-ақ екен. Бала барып әкесине: «Ал енди, Жомартхан қаша жақ!» депти. «Қолында өлсең де қутқарма, Жомартхан деген өзин өзи батыр, мәрт, мәрдана етип көрсетип жүргени менен қыйқым, намәрт, суўатақ адам, дым болмаса, «атаман» деп қорқыт,» депти. Бала ишип келген екен, «сондайсондай әкемиздиң алыс-бериси бар еди, соны төлейсиз», десе, «қосып қойған түги жоқ, ондай жаланы қой! Не қылған бәлесең өзиң! Қыздың аяқ-қолын байлап әкелгениңди айтсам, өзинди қамақта шиританемен!..» деп, айбарақ урыпты. Бала шыдамай, ыраслап атып салыпты. Түсиник хатының мазмуны усындай...

— Федор Достоевскийдиң «Ағайинли карамазовлар» романында «Мейли, бир ўәлатизина бир ўәлатизинаны өлтире қойсын, нәтинде бир ўәләтизина дүньяда кем болады,» деген сөз бар...

— Жолдас директор, — деди бирден шаншыўланып участковой. — Сиз совхозға басшы бола тура жинаятты ақлап, негативти мақуллап атырсыз, буныңыз жарамайды.

— Мениң негативти мақуллалаған-мақулламағаным, басшы болсам да ҳеш нәрсени шешпейди. Сиз закон адамысыз, закониңызға сиз беккем болың, сонда бизиң мақуллаған, ҳәтте, мәжбүрлеген негативимизди де болдырмай таслайсыз, законның сақланыўы деген, мине, усы. Сонда ел бузылмайды. Ал, сизлер болсаңыз, жақ-жақ, қызбай-ақ қойың, сиз емес, сизиң гейпара кәсиплеслериңизди айтып отырман, «жыңғыл» десе, «қырғын» дейсиз, жоқарыдан биреў ым қақса соның тасасында өзлериңиз де бираз патыратты ислеп таслайсыз. Жинаяттың ирисин көрмей майдасын көрип, жәнe күйдиресиз...

— Мәселемкиден?!

— Мәселемкиден, дырдай бир капитан базарда насыбай сатып отырған кемпирди қуўыў менен ҳәлек, пахта пунктлеринде, салы қабыллаўда, гөш, май тапсырыў-

да шийкизат тапсырылмай-ақ пул менен алынып атырған процентлерди көрсе де көрмегендей. Бул, ақыры, арысланның тышқан аўлағанындай ис-ғо?...

Уарра-ўарра узаққа созыла жақ еди, «салааты жиназа-а!» деген даўыс, биреўдиң келип намазға шығыўды хабарлаўы кесип таслады да ҳәмме орынлы орынынан асығыс түргелисти.

Табыт кетип баратырғанында Бийбайша, бәлким, қолынан сонша дуз ишкен адамы болғаны ушын шынтлап жылаған шығар. Табыт кеткен соң ҳаяллар уўласып-шуўласып ишке кирип еди, бир ўақытта сыртқа үш қатын: «Ҳә бахты қара, тур жоғал! Әртистей жеги жылаўын қара! Қадеми қайырсыз қара жол!..» десип бажалақласыўы менен Бийбайшаны жулқылап сыртқа шығарды.

Қарындасымды қалай әкетиўге сылтаў таппай турған маған әне, усы нәрсе қолай түсти де «Нөкиске кетиўим керек еди,» деп пошалап жүрген Хожабайдан: «Мингизип кет, Тасқалада түсип қаламыз,» деп өтиниш еттим.

Баганағы гәпти участковой ушын емес, сениң ушын айттым, — деди директор аўылдан алысласқаннан соң. — Жомартхан деген ҳәзирги заманның байы, бурынғылар билдирип езсе, бундайлар билдирмей езеди, соның ушын-ҳәм езилгениңди сезбестен миннетдар болып жүре берсең, бирлиги — өзиң. Енди сен-ҳәм угрозыска инспекторы емиссең!...

— Мен нанымды ақлап жеп жүрмен...

— Ақласаң неге усылардың бет пердесин ашпадың, билмедиң бе?!

— Басқалары да жетип атыр, жақында еки жинаят аштым, — деп, өли тонаўшы менен тирийек мәселесин айтып бердим. Ол дыққат пенен тыңлап: «Ғарқ қылыпсаң? Сен саўалмайтуғын сада екенсең! — деди мысқыллы. — Усы садалығың ушын я өлтирилесең, я қамаласаң! Бириншиңди алтынына қоса көп парасын алып, босатып жибереди. Босатпайтуғын болса не ушын тергеўге араластырмай сени қайтарып жиберди?!..»

— Мен шаршап едимдә, жинаятшы да болмаўымды талап етти...

— Демек, ол сениң менен келисимге келе алмайтуғынын билген. Екиншиң оннан да бетерирек. Үш кило



тирийек отыз мың манат турады! Банкаларының қашшан балық консерва, ямаса уўылдырық банкасына алмаспағанына исенемисең?!

— Қыят Әўезхановтың өзине өз қолым менен тапсырдым-ғо, ақыры!

— Қыятының перишге екенине көзиң жете ме?!

— Жақсы коммунист екенин билемен...

— Жомартхан менен Қалийин де коммунистемиш...

— Усы жерде тоқтатың, бизлер түсип қаламыз...

— Таласлы өмириң енди басланажақ, сергеклик тилеймен! — деп кетти ол.

Үйге жақынлаған сайын мени қорқыныш бийлей берди. Ақыры, мен Хожабайға Жуманазардың қашшан балконда сәўирлеп турғанын айтпап едим-дә, ҳәдийсе оның айтқанына сәйкеслене жақ!

Бийбайша менен апам да, Запыран да уллы-шуў да қым-қуўыт жыласып көристи. Ҳеш қайсысына тәселле де бермедим, мейли, дебдиўлери шықсын, қашып кеткен қыз, қыз бала болғанына налынып, үйи менен үсейтип көрисер болар. Буларға аңсат, жылайды-сықлайды — шерин тарқатады. Бизге қыйын, бизге-е!..

Қыяттан пәнт жесем онда өлгеним! Күни менен ең болмаса звонламапты да, демек, керек болмағаным, Хожабай — ҳақ!...

Күн батыўға бираз бар еди, тикке әйўлийешиликке тарттым. Мәгар, Жуманазарды босатқандай болса Қыятқа даў урғандай дәлил керек еди. Келиўин келдим, бирақ анаў күнги ашық гөрди таба алмай, пай, аўара болдым-аў! Соның арасынша шыйық келе кетти, оның бул кәрадан жинаятшы тутылғанынан хабары бар шығардағы, бирақ, қай қәбирден тутылғанын билмейди ғой. Деген менен, мен анаў өрттиң жийегин шамалап. ашық гөрди анық таныдым, оның үстине әлле кимлер қашшан бетон қуйып, белги салып таслапты, әне кереги соң болса! Енди оннан изин таўып көр!.. Ендиги бирден бир исенишим — Қатийра апа.

— Ақсақал, — дедим шыйыққа. — Қатыйра апа бүгин бар ма?

— Еки күнликте жинлиханаға алып кетти, бийшараны.

— Не ушын?! — дедим шоршынып. — Жинли емес еди-ғоо?!

— Жинли болмаса, қойымгершиликти өртей ме, бий-

шараға аллатағала бир арылмас дәртти берген-дә, мәҳәлинде «кимсең, Қатыйра!» болып еди, хошүрейлиликке де, билимге де! Әўелин берме, ақыйрын бер деген усы екен-дә!...

Аржағын тыңларлық шама болмады. Бөлимге жеткенше, Қыят Әўезхановтың бетине түпиргенше асықтым. Соң, мейли, мени не қылса сол қылсын!..

Мудамы журт кетерде кеңсеге келетуғынын билемен. Қараңғы түсип, шам жағар мәҳәлинде кабинетине урықсатсыз-ақ сүңгип кирдим. Бул бир, сусы қатты басым адам еди, тақлап барған сөзимниң бәрин умытып кеттим. Сын көзи менен қарап:

— Ҳаўўа, жолдас Маҳмудов, — деп күлешырайланды. — Қай шәҳәрди алып келдиңиз?...

— Мен шәҳәрди аламан-аў, сиз тағы жаўға бере бересиз! Мениң ҳәзир ойнағым келип турған жоқ...

— Ҳаўўа, мениң жүдә исимеригип отыр еди...

— Ояғын билмеймен, мениң билгим келетуғын нәрсе бар, Шәмековты неше манат пара алып босаттыңыз?!

— Көкирегиңе суў бүркиңкире, ҳәўири қайтсын, иним. Мен парахор емеспен, оның үстине саған тергеў бериўге де тийисли емеспен. Барлық ис жайында, сен үйиңе барып жат, шаршапсаң. Ертеңге шекем дем алысың бар, арқайын уйқыла, бул мәселени ертең сөйлесермиз, — деп арқамнан сыйпап еди, «бәри жайында» дегенге исенип, қайта бердим-аў мен сорлы! Жол-жөнекей қуяңқылығы ушын ишимнен Хожабайды қатырып сөктим, сөге бердим.

Азанда «кел» деген ўағында кабинетине кирсем, барлық составты жыйнап отырған екен. Ҳәммесиниң түри суўық, көзлери жаўша қарап, шетинен мени жеп баратыр. Дәрҳал қолға ала қоятуғындай еки кәсиплесим еки жағыма келип турды. Қыят:

— Жарағыңызды тапсырың, жолдас Маҳмудов! — деп буйырды. — Соң қалғанын сөйлесемиз!

Көзиме бирден баяғы министрдиң алдындағы Назар Рейимов елеслеп кетти. Тапсырмаўдың иләжы жоқ еди, пистолетти столдың үстине қойдым, қасымдағылардың биреўи Әўезхановтың ымы менен удостоверениемди де тинтип алды. Қыят шашын өрлеп:

— Отырың, — деди гүрсини нусқап. — Енди сөйлесемиз сизиң менен, та-ак, жолдас Маҳмудов, мәселе



мынадай: Сиз «Волгаң» ды тексертемен, жайыңды тексертемен, жумысыңда металломнан қанша түсирим алып турғаныңды, еки ҳаялың барын билемен. Еки мың манат бермесеңиз, қуртаман!» деп Шәмековты қорқытқансыз...

— Жалға-ан, жалға-ан!..

— Яқшы, тыңлап отыра бериң, Аппақ деген қыз, тағы еки ҳаял буны еситкен, мине, қол қойған түсиник хатлары! Сиз буның менен де шекленбегенсиз, әўлийеге барып өлген биреўдиң тислерин қағып алғансыз да «алтын сатаман» деп, буған барғансыз. Жолдас Шәмеков сизиң бузық ислериңизди әшкара етиў ушын ҳаяллар болып атырған Аппақтың үйинне сизди ертп барған. Оған раҳымет, сиздей сырғыяны тутып берип, үлкен жәрдем етти...

— Жалға-ан, жалған деймен, жалға-ан, жолдаслар!..

— Мине, мынаў экспертизаның жуўмағы, қағылған тислердиң бәринде сизиң қолыңыздың изи бар, енди мойынлайсыз ғой?

— Барып турған суржылан екенсиз, Қыят Әўезханович!..

— Әлбетте, жалатай, парахорларға оннан да суўықпан....

— Гөрди қашшан бетонлатып тастапсыз-дә, сумырай!..

— Намысқа тийген сайын статьяңыз аўырласады, тағы бир аўыз сондай сөз айтсаңыз, акт жасатаман да мына отырғанлардың бәрине қол қойдыраман, айтпады демең. Қала берди, гөрди биз емес, әменгерлери бетонлап белги салды. Бирақ, биз өз исимизди бежердик, жабылмасынан бурын гөрге изертлеў жасадық. Гөрдиң ишинен Шәмековтың емес, сизиң тап ҳәзирги аяғыңыздағы кийип турған туфлийиңиздиң изи табылды. Туфлийиңиз 41,5 — размер баҳасы 17 манат қырық тийин, Қоқанда тигилген, оннан бери азған болмасаңыз салмағыңыз 76 килограмм 300 грамм. Қолыңыздың изи бас сүйектен де табылды. Бул бойынша сиз« мородерство» статьясы менен қамаласыз, Бул, бир, екиншиден, сиз жинаятшыны дурыс тутқансыз, Дошматты айтып отырман, бирақ, бизге аман жеткере алмағансыз. Өлигин таўып тексерип көргенимизде оның Дошмат исиминде жүрген Нейморон деген контрабандист екенлиги

анықланды, бунызыз ушын рахымет айтар едик, әттең, тирийек деп тутқан банкаларыңыздағы, ырасында да қара икра болып шықты...

— Өзиңиз алмастырғансыздағы! Үш кило тирийек отыз мың манат турады екен, оны сиз қолдан жаздырасыз ба, сур ж... Қыят!

— Сизиң сөйтип жала жаўатуғыныңызды билип биз, ашпастан тексерттик. Мине, техникалық экспертизаның жуўмағы. Банкаларыңыз сейфте тур, керек десеңиз, көрсетемен...

— Көрсетилсин, ақыры, бала алжасқан шығар, — деди фронтовик капитан. Қыят Әўезханов сейфин сыңғырлатып ашып, банкаларды столдың үстине қойып еди...

— Күтә шебер фокусник екенсиз, Әўезханов! — деп бақырып жибериппен. — Мынаўыңыз қызыл қағазлы ғой, мениң бергеним кө-ө-өк!...

— Сиз утылдыңыз, Маҳмудов! Бизиң формамызды кийип, совет адамларын бундай шалжалаға салғансызә! Жуликшилигиңиз тамам. Ҳәзир КПЗ ға басылсын, аяқ кийими айғақлы зат иретинде шешилип алынсын. Тергеўди министрликтегилер жүргизетуғын болды. Мәжилис тамам, жинаятшыны алып шығың!..

Еки жағымнан еки кәсиплесим беккем тутып алды. Көз алдыма Назар Рейимов, жеңис салтанатындағы полковник тағы елеследи. «Бәлким, бундайлар көп емес шығар-аў, азынын өзи бул дүньяға көплик етеди, азының өзи де жәбир-аў!..»

Усы ой маған енди келип атыр, не ушын баяғыда Назар Рейимов басқаның емес, тап өзимниң жала гәпимнен жанып баратырғанында усыны ойламадым екен?! Обалым жоқ мениң! Бәлким, тағдийр мени Рейимовтың шуўлап қалып баратырған бес баласының көз жасларын натуўры төккеним ушын жазалап атырған шығар? Сонда ол полковникти көзи менен атып: «Сизиң де қуўылатуғын ўақтыңыз алыс емес, партия, ҳүкүмет бар болса... сизди бүйтип қоймайды!.. деп, шақшыйыўы менен кетип еди-аў, еле жүр-ғо бул! Соннан бери де нешшениң басына жетти екен, бәлким, мен ең соңғы қурбаныда емес шығарман!.. Усылардың бәрин мен өзим талай-талай адам қамаған КПЗ да жападанжалғыз жатып ойландым. Лийкин, ке-еш!..

Аяқ кийимим айғақлы зат иретинде алынып қойылғанлықтан, басқасын таўып кийиўим керек еди, соған бола Нөкиске алып кетпесинен алдын, жарылқады ма, билмедим, үйге кирип шығыўыма урықсат етти.

Апам менен Бийбайша үн салысып жылап атыр еди, «мен ҳақпан, бир алжасық болып атыр,..» деп жубатқан болдым. Ҳаялыма, негедур, ишим жылымады, қарап турсам, қыйналған, күйинген ҳәрекетлериниң бәри жасанды көрине берди, сонлықтан шығар, үйден салқын сыныmды бузбай шықтым.

Шыға беристеги жарқ ете қалған нәҳән дүң Бабамураттың «...жинаятшы қасында жүр...» деген сестин қулағымда жаңғыртты. Қасымдағы еки милиционер асылысып еди: «мың қарғасаңыз да күни кешеги кәсиплесиңизбен ғой, қоя турың!» деп тоқтаттым да дүңди төңкерип тасладым.

Жақында ғана таза алибастр менен сыбалғанлықтан оннан ҳәтте марҳум Бабамураттың бармақларының изин де көриў мүмкин еди. «Ишимде гүптикей кетсин, ашаман,» дедим жигитлерге. Олар мениң шөккиш услаўыма урықсат етпеди. «Онда бир шәрт, — деп жалындым оларға. — Мен емес, сизлер-ақ ашың, бирақ, не болса да биринши мәрте өзим услайман.»

Олар көнди. Ләттепәмлеў биреўге дүңниң түбиниң дәл ортасын «дүңқ» еттирип еди, төңкерилген дүң де «дүңңн!:.» етип өз атын тәкирарлады ҳәм шөккиштиң шүйдеси сиңип кетти. Ләттепәмин пәмлилеўи: «қоя тур, бул искуство деген, ашнам!..» деп былай ысырды да шөккиш тескен орынға бармағын тығып, қалған сыбаўын маек аршығандай қабыршақландырып алып таслады. Дүңниң түбинен кесеның аўызындай тесик ойылды, «мәрҳамат!» деди пәмлиси орынын маған берип. Мен кетектен маек қараған баладай қолымды тесикке создым. Қолым отыз сантиметрдей синди-аў дегенде бармағым қағазға, тырнағым дүңниң сыйпақ сырына тийди.

Бул бир хат екен. Хат шақмақ дәптердиң бетине лапламай сыялы яғный пасталы зырламай ручка менен жазылыпты. «Не, не екен?!» десип атыр еки ийинимнен үңилген еки «периштем». Мен дым үндемей хатты оқый бердим.

«...Енди маған бәри бир, жолдас инспектор, бул хатты жазған менен мениң утатуғыным да, уттыратуғыным да жоқ! Бүгин-ертең изимнен жәлладымның ке-

летуғынын биле тура қорғаныўға да талпынбадым. Себебин мен айтқан менен сен түсинбейсең ғой, буны да жазбаўым керек еди, тек анаў-мынаў ис болса ишимде кетпесин деп атырман... Сениң зийрек жигит екенинди билемен; сен дүңниң жаеын дәл айтпасаң да шамаладың. Бурын буған ҳеш ким итибар да бермеген, буның мениң нешше атамнан қалғанын қуда биледи! Туўў арғы бабам Ақсақ Темирдиң гелле кесери болған екен. Әмирдиң исенимли адамы гүлал оңлаўшы сипетинде келеди екен де әкемизге тийисли тапсырманы — қай шаҳзаданы тонап, қай султанды гелле қылыўы кереклигин жазған ишәра қағазды усы ойықтан берип, оны орынлағаны ушын тилланы да өз заманларында ата-бабам усы ойықтан алып турған. Бул талап маған әкемнен кәсип болып, байғус әкем маған «бизиң тұқымымызға дуўа кеткен» дер еди. Мен ата-бабамнан киятырған сол шәртти буздым. Олардың руўҳына, кәсиплеслериме бийопалық етип, өтмишке талай мәрте қол силкип көрдим, лийкин, маған исенетуғын ийт болмады! Қашан көрсем, аңлыўдаман! Жинаятым ушын жазамды өтеп дүзелип келсем де аңлый береди, әдебинде мен соларға қырсығып талай жинаятты иследим. Бара-бара бул маған кәсип болып кетти, изге қайтыўдың итималлығы беклене берди. Кәсиплеслерим мени Ярылқасун менен жақсылап таныстырды. Қасынан усы жайды алып берди. Комбинат баслығы менен келисип, жумысқа орналастырған да өзлери. Буны органның сезгенин сен көшип келген күни-ақ түсиндим, бирақ Ярылқасунға сездирмедим, сездирсем, ол ҳеш қашан тутылмай жалжақлап жүре бере жақ! Оннан ала жақ өшим өз алдына еди, енди үлгермеймен бе деп қорқаман! Егер кәсиплеслерим қашып келип тығылған қуўысымнан да таўып алып, тағдийримди сол жаўызға тапсырмағанында, дүзелиў ушын түскен жолыма сол кес-кеслеп шыға бермегенинде еле де дүзелип, халық қатарына қосылар ма едим, әлле қайтер едим?!. Әри-бери сезер десем, сен де сезе қоймадың, ақыры жаныма тойғанлықтан өзим силтеў бериўге мәжбүр болдым. Билип қой, бул мениң мәртликке атлаған ең соңғы қадемим, себеби, бизиң исимизде сатқынлыққа жол қойылмайды, оның жазасы тек биреў — ол өлим! Сени жибериўге бел байлардан алдын бунда биреў келди, атын айтпайман. Дошмат кешиксе гелле болатуғынымды сол ескертти. Ол кеткен соң усы хатты жазып, дүнди сеникине әкелдим. Тағдийр солай екен, көнемен, мен өлген менен қапылмайды. Соның ушын, өлтириле қойсам мениң жәлладымды излеп ҳәлекленбеўиңизди өтинемен. Себеби, әдептен усы жолды таңлап, мен өзиме өзим қылған адамман, «мен өзимди өзим өлтирдим,» деп есаплайман, сен еле жас ҳәм жақсы баласың, иске жаңа араласып атырсаң, нәсиятым: ҳарамылық, бузықлық, бәринен де бетер сатқынлық ҳеш қашан кеширилмеўи керек!

Бурын тирийек сақланған «сандыққа» өзим ушын ең қаўипли болған хатты таслап кеттим, бунда хат барын қай заманларда уғатуғынынды, қашан ашып оқыйтуғыныңды билмесем де солай еттим, усы кетисиннен аман қайтсаң, түбинде бир оқырсаң. Бул дүньяда ҳеш кимге исенбей тәнҳа жасағаннан жаманы жоқ, ҳеш ким саған исенбесе оннан-ҳәм жаман! Усыннан өлип кетсем, ҳеш кимге исенбей, өмиринше ҳеш кимниң исенимине ериспей тәнҳалықта өз ҳүжданын өзи жеп жасаған биймақсет өмиринен ўаз кешипти,..» дең де қойың, жападан-жалғыз тилегим — тек жәлладымды излей көрмең, өз өмирин өзи хорлап өзине өзи жәллад болғанлардың ең соңғысы мен болғайман, әўмийин!

Мийнетиңизди жеңиллетиў ушын тағы бир нәрсени айтып қояйын: мәгар мен өлип кетсем ҳәзир излениўде жүрген Ёлдаш Пирнияз уғлы, Әширмат махсум, Шерали Омар, Чортан Аккуловларды излемей-ақ қойың, булардың бәри — мен — Баҳадур Қараев, сонда биз «Бабамурод Атагелдиев» деген лақап пенен өмирди жуўмақлаған боламыз. Тағы да көп нәрсе айтар едим, «жалладым бурын-ақ келип қала ма, хатымды тығып үлгере алмайман ба!» деп асығып атырман. Усы ўақытқа шекем ашылыспағанымызға өкинишли бийшара Бабамурадың».

— Не екен? — деди анадайда турған пәмлилеў кәсиплесим.

— Әй, ҳеш гәп, — дедим де хатты қойын қалтама салып алдыларына түстим.

Бөлимге кирип киятырған жерде Қыят Әўезханов пенен бетлесип қалдық. Оның маған итибар берместен кете жақ түри болды.

— Бир минутқа, гражданин майор!.. — деп егледим. Артына түксийип қарап: «Тағы не жаңалық аштың?!»

деди «жаңалық» сөзине мысқыллы мән берип. Қалтамдағы хатты бермей жақ болып турдым, бирақ, буған өкпем болғаны менен улуўма ишки ислер хызыметине, законға өкпем жоқ ғой! «Жекке ислердиң жәмийетлик мәпке кесент еткени — бул да жинаят!» деген ой «сып» етти де хатты қалай услатқанымды өзим де сезбей қалдым. «Оқымас,» деп едим, басын бир көтерместен оқыды-ә! Соң дежурныйға «ҳәззирден кешиктирмей мынаның үйиндеги дүң алдырылсын!» деп буйырды да, маған:

— Мағлуматың ушын раҳымет, бизди көп мүшкилден азат еттиң, — деди жүзин жылытып. — Нағыз бизге керек, талантлы инспектор едиңдағы, — басын шайқап, өкингенсип таңлайын тықылдатты. — Әттең, нызамды бузып қойдың-дәә, ақымақ! Не де болса бир Бабамурад ушын төрт--бес фамилияны излеў мүшкилинен азат еттиң...

— Онын үстине, гражданин май-йор! Сизди, полковнигиңизди көп алтын, көп тирийек пенен де ғарқ еттим-ғо, я?...

— «Ийт үре береди, кәрўан жүре береди!» «Ҳәзир қабырғаларыңды саўсаттырып таслар едимдағы, аяп турман. Апарып басып таслаң! — Майор қаҳәр менен есиктен шықты.

Изинен сөгинип бақыра бергеним, пәмли ҳәм пәмсиз кәсиплесим қолымды артыма қайырып ырасында да «басып таслады». Аздан соң пәмсиз кәсиплесим мен танымайтуғын тағы еки жигитти ертип келди де майорға тил тийгизгеним ушын булардың аяғына жығылыўымды өтинди. Сол мәўритте-ақ пәмсиз кәсиплесимниң басын дийўалға сақ еткиздим...

Түн жарпында көзимди ашсам, ҳеш жеримде қан жоқ, дақ жоқ, қәддимди тиклерлик шамам да жоқ, басқа бир КПЗ да жатыр екенмен, қасымдағы адам:

— Милиционерлерге күш жумсап не қылайын деп едиң? — деди ашынып. — Енди тағы бир статья қосылатуғын болды-аў, милиционерлерди, де урамекен!...

— Олар милиционерлер емес, милиционер урмайдығо!

— Олар ким сонда?!

— Билмеймен...

Пәмсизинен басқасын, шынында да ҳеш көрмегенмен, танымадым...





...Мениң жинаятларым статьяларыма дым ғана муўапық ҳәм зәрүрли ҳүжжетлер менен тас қылынып тастыйықланған екен. Буны мен усы кәрада — яғный ИТК «көзи ашықлары» санама жеткерип түсиндиргеннен кейин шынтлап түсиндим. Деген менен,» — я-ғәй, қалай енди, ҳақпан-ғо ақыры!..» деп өжетлесемен де түсинип турып дым түсингим келмей жаза беремен, жаза беремен! «Жаза бе-ер, — дейди Назар Рейимов. — Биз де талай қағазды заялағанбыз! Бирақ, дурыслық ашылмай қоймайды, жаза бер!..» Тағы жаза беремен, та-ап, ақланыўдан үмитим биротала үзилгенше жаза бере жақпан, әттен, үмити бар болғыр, үзилмей атыр, үзилсе қоя қояр едим-аў!..

Адам, ақыры шаршайды екен, үмитим үзилсин-үзилмесин, «Исине қосылып тигилсин!..» деген биргелкили жуўаплардың жалықтырып жибергенлиги соншелли, арза жазыўға қолымда бир силкип, биротала ўаз кешип едим. Еки айлықта Назар ағаның тосыннан ақланып кетиўи үмитимниң арқаўын тағы жалғастырып жиберди де бурынғы жазыў жазыў ма, жылап отырып жазатуғын кеселге ушырадым! Себеби, дурыслықтың төбесин көрип қалдым, көрип турман ақыры, тек... сағымдай булдырап туттырмай атыр, жеткермей атыр.

«Исине қосылып тигилсин!..» деген сөзлер жуўап хатларга еле де серкелик етип келип тур. «Тигилсе тигиле берсин, тигилип қала бермейтуғын шығар!..»

Назар ағадан келген хатлардың бири екиншисинен қуўанышлы:

«...Мени жаңдырған сениң Қалийиң еди, — деп жазыпты барғаннан соңғы биринши хатында. — Усы ўәлэтизина менен бир ушырасарман деп едим, бахты бар екен! Мениң ақланғанымды көрмей өртенип өлип үлгерипти. Жайына от тийипти, еденинен пул көмген жерин таба алмай жүргенинде өзи де өртенип, шыпаханада жан тапсырыпты. Теңге деген ҳаялы көшеде көрингенниң изинен жуўырып «бир сом берши, бир сом бер!..» деп, жинли болып жүрипти, буны өз көзим менен көрдим.

Ал енди, иним, саған суўық хабар айта жақпан: келиншегиң Запыран Шербектен туўған баласын ийинине қағып салып, қашшан Қырантаўдағы төркинине кетип қалыпты. Апаң қараўсыз қалмапты, Қалийдиң Ақша

деген ҳаялы: «балаң келгенше қараса турайын, мен де өзиңдей бахты қараман,..» деп келген екен, соннан қалып қойыпты. Буны маған «жазба» деп еди, өзиң «не көрсең жасырмай жаз,» деген соң жазып отырман иним;

Қарындасың Бийбайшаны болса, еситкен шығарсаң, техникумды питкериўден-ақ Аббаз Дабылов районындағы шәрўашылық совхозына жумысқа жиберген ғой, булгальтер екен, жақында бир шопан жигитке турмысқа шығыпты. Мен барсам «кемпирди көширип әкетемиз,» деп, күйеў балаң менен келип отыр екен. «Жақ, бизлерди қозғамаң, Әбилқасым келгенше еки ғәрип оңыса беремиз, еки жерде сипсекеш болып ислеймен, мениң де өз табысым өзиме жетип атыр, апайдың пенсиясы да бар, жетеклеп кирип-шығып, көзи жоғында көз болғаныма дым қыйналмайман,» деп, қарындасыңның машынасын Ақша бос жиберди. Сен оған кейимей-ақ қой, бул дүньяда сениң менен мен ойлаған идеаль да бар қусаған!..»

Арадан көп күн өтпей Ақшагүлдиң өзинен де хат алдым. «...Кишкене қус терезениң шөлмегине соқлығысып әлген жоқ. Торы өртенип кетти. Сол қус ҳәзир сениң ҳәўлиңде уялап атыр. Сен оған өкпелеме, өзиң келип «киш» десең, кетердағы, қайтеди енди! деп астарлапты да соң тиккелей Назарға өтип кетипти. — Жақында мени тергеўге шақырып еди, барсам Назар аға жүр; «Полковникти партиядан өширди, усының иси бойынша тергеў берип жүрмен, мендей наҳақтан кеткенлер баршылық екен, күте бер, Әбилқасым да келип қалар...» деди мени жигерлендирип. Сон тергеўге кирдим, сорайтуғыны баяғы бәримиз қол қойып берген акт, Назардың үстинен дүзилген акт-ше! Сүмирейип бир врач та жүр, ол сени «Жигули» менен әкелип таслапты ғой үйге!..» деп жазыпты. Мен бул врачты таныдым.

Усы қуўанышларымды ишиме сыйдыра алмай жүргенде Назардан тағы хат алдым. «Ал, иним, бир тамаша ислер болды! — деп үндеў белгисин қойыпты ол. — Мен келсем, Әўезханов республика бойынша БХССтын начальниги болып ислеп атыр екен, полковникте ҳеш тергеўде оған шаң жуўытпай тур еди. Өзин айта беретуғын Жуманазар Шәмеков алтын менен тутылып, Әўезхановқа пышыққуйрықтай жабысып атырғанда Әўезхановтың бирден жүреги жарылып өлип кетти. Үйин тинтиўге қалыс гүўа сыпатында мен де қатынастым. Пулы болар емес! Аманат кассаларында ҳәр баласы, дайы-жийенлериниң атында нешше-нешше мың манатлар-ар! Тинтиўшилер алтынды таба алмай кетип баратыр еди, тап, бала, сениң менен ИТКда дузәмек еткен тағдийрди айта бер! Қарасам, шарбағында нәҳән дүң тур! Сен айта беретуғын Бабамураттың дүңи есиме түсти де: «Сизлер қурал менен таба алмаған алтынды мен жай көз бенен-ақ көрип турман, анаў қасқыр ийттиң қасындағы дүңди төңкериң!» дедим. Ырасында да алтын сол дүңниң түбинен шықты. Ертеңине мени жаңа министр — генерал Охотников шақырып алып:

— Сен оны қайдан билдиң? — деп сорады. Мен сен ҳаққында айтып бердим. Ол аты-жөниңди, адреслериңди жазып алып қалды да: «чекист ҳәмме ўақытта, барлық шараятта да чекист!. Бизге сендей адамлар керек, Тасқалаға замнач болып барасыз ба?» деди. Басымды шайқап: «мен қартайдым, Тасқаланың келешектеги замначы ИТКда банчик!» дедим. «Оны да көрермиз, банчик ҳәзирше жуўына турсын,» деп күлди. Соң жасыңды сорады. Мен сениң еле отызға да шықпағаныңды айттым. Ол бирден қуўанып кетти. Әне, иним, жуўына бер, жуўына бер...»

Мен еле жуўынып атырман, моншадан гириштей болып гирбиңсиз шығатуғыныма гүманым жоқ. Тек, сизлер жалықпаң, ҳәзирше күте турың. Екинши дәптеримди күтиң. Тағы еки дәптерим бар, бул тек биринишиси... Қой енди, гәпти балалата бермейин, әпиў етиң, ўақтыңызды көп алдым, көрискенше саў болың!

## МАЗМУНЫ

Шырашылар *(өмирдиң бир ақшамы ҳаққында роман.)* 5
«Исине тиркелип тигилсин!..» *повесть* . . . . . . . 225

*На каракалпакском языке*

**Шаудырбай Қазахбаевич Сеитов**

**ФАҚЕЛЬЩИКИ**

Роман об одной ночи жизни и повесть

*Издательство «Қаракалпакстан»*
*Нукус — 1986*

Художниги **В. Ф. Қотанов**

Редакторы *Ш. Аяпов.*
Қарап шығарған *Қ. Ерназаров.*
Худредакторы *Қ. Рейипназаров.*
Техредакторы *Г. Нурматова.*
Қорректоры *У. Мадреимова.*

ИБ № 2815

Териўге берилген уақты 3.07. 1986-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 17.012 1986-ж. рк.33714.Қағаз фэрматы 84 × 108¹/₃₂. Көлеми 10,5 баспа табақ. 17,64 шәртли баспа табақ. 17 ,13 есап баспа табақ. Заказ № 5515. Тиражи 7000. Бахасы 1м 30т.

„Қарақалпақстан" баспасы. 742000. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси, 9.